

SAKRÉMAN GÉRIZON YO ÉPI RIT FINÉRAY YO

---



# **SAKRÉMAN GÉRIZON YO ÉPI RIT FINÉRAY YO**

*Pro manuscripto*  
Port-au-Prince  
6 out 2014  
Nan Transfigirasion Granmèt la

© Conférence des Évêques d’Haiti (CEH)

Rituèl Pénitans la <i>Ordo Paenitentiae</i> (1974).....	5
Rituèl Onksion malad yo avèk souin pastoral yo <i>Ordo Unctionis infirmorum eorumque pastoralis curae</i> (1975) .....	221
Rituèl Finéray yo <i>Ordo Exsequiarum</i> (1969).....	351

Yo inprimé tèks *pro-manuscripto* tradiksyon kréyòl sa-a ak  
otorizasyon

S. Em. Chibly Card. Langlois  
Évèk o Kay  
Prézidan Konfèrans Évèk Ayiti yo

30 juiyè 2014

S. Piè Krizològ


# RITUÈL ROMIN

ÉTABLI DAPRÉ DÉKRÈ TRÈ SIN KONSIL VATIKAN II-A  
PROMILGÉ ANBA OTORITÉ PAP PÒL VI

# RITUÈL PÉNITANS-LA

ÉDISION TIPIK

1974





Gian Luigi Uboldi

**Editio typica, mense februario 1974.**  
**Reimpressio emendata, mense martio 1974.**



## KONGRÉGASION SAKRÉ POU SÈVIS BONDIÉ-A

Prot. n. 800/73

### DÉKRÈ

Rékonsiliation ant Bondié ak lèzòm, Granmèt nou Jézu-Kri réalizé-l nan mistè lanmò-l ak rézéréksion-l (cf. *Romin* 5, 10). Granmèt la konfié ministè rékonsiliation sa-a bay Égliz la nan Apot yo (2 *Korintyin* 5,18 ss), Égliz la akonpli ministè sa-a antan-l poté bay lèzòm anons sovè yo sovè-a ki favorab la épi antan li batizé yo nan dlo ak Éspri Sin-an (cf. *Matié* 28, 19).

Min akòz féblès lèzòm, rivé, krétyin yo « abandoné premié charité yo-a » (cf. *Apokalips* 2, 4), san malgré tou yo pa kasé rélasion avèk Bondié-a antan yo péché-a. Sé poussa, pou rimmèt péché yo ki fèt apré Batèm nan, Granmèt la té mété sakréman Pénitans la yon fason spésial (cf. *Jan* 20, 21-23), sa Égliz la sélébré fidèlman nan déroulman sièk yo, nan divès fason, min antan-l konsèvé éléman ésansiyèl yo.

Konsil Vatikan II-a minm té desidé sa-a : « Sé pou yo révizé rit ak fòmul Pénitans la yon fason pou yo montré pi klè sa Sakréman-an yé épi sa-l réalizé ».<sup>1</sup> Antan-l konsidéré sa, Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an té préparé avèk atansyon yon nouvo *Òrdo Pénitans*, pou fidèl yo konprann aksion Sakréman-an plis an-plin.

Nan nouvo *Òrdo* sa-a, an plis *Òrdo pou rékonsilié chak pénitan-an*, pou yo mété aspè kominoté sakréman-an nan limiyè, yo ranjé *Òrdo pou rékonsilié pliziè pénitan*, nan li yo mété konfésion-an avèk absolusion chak moun nan sélébrasion paròl Bondié-a. An plis, pou sètèn ka, yo fè yon *Òrdo pou rékonsilié pliziè pénitan avèk konfésion épi absolusion jénéral*, dapré Règ Pastoral osijè fason òdinè pou bay

<sup>1</sup> Conc. Vat. II, Const. *Sacrosanctum Concilium*, n. 72: AAS 56 (1964), p. 118.

absolusion sakramantèl la, sa Sakré Kongrégasion pou Doktri-n Lafoua-a té bay nan jou 16 juin 1972 la.<sup>2</sup>

Égliz la gin préokipasion sa-a pou-l rélé fidèl li yo pou tout tan y-ap chanjé kè yo, y-ap rénouvle-l. Min antan-l vlé pou batizé ki tonbé aprè bingn-nan rékonèt péché yo fè kont Bondié épi frè-yo épi pou yo gin vrè pénitans-la nan kè yo, antan l-ap fè éfo pou préparé yo pou sélébré sakréman Pénitans la, Égliz la invité yo pou yo patisipé souvan nan sélébrasion pénitansièl yo. Sé poutèt sa Sakré Kongrégasion sa-a établi règléman pou fè mòd sélébrasion sa yo épitou li propozé kèk égzanp oubyin modèl pou yo, Konfèrans Épiskopal yo kapab adapté yo dapré nésésité pròp réjion yo-a.

Sé poutèt sa, ak otorité-l, Souvèrin Pontif la PÒL VI té aprouvé *Òrdo Pénitans* la, sa Sakré Kongrégasion ou Kult Divin-an té préparé-a, épi té bay lòd pou yo pibliyé-l pou-l kapab ranplasé sa-k té konsèné tit sa-a nan Rituèl Romèn ki té an vigè jous kounié-a. *Òrdo* sa-a yo préparé nan lang latin-an dépi-l parèt li komansé an vigè, nan lang pèp yo minm l-ap kòmansé apati jou Konfèrans Épiskopal yo pral établi-a apré yo fi-n aprouvé tradiksion nan lang pèp yo épi yo té jouinn konfimasyon Sièj Apostolik-la.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa.

Nan kay Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an, jou 2 désanm 1973, prémié dimanch Lavan.

DAPRÈ LÒD SPÉSIAL SOUVÉRIN PONTIF LA BAY

IOANNES Card. VILLOT

*Sékrètè d'Éta*

+ A. BUGNINI

*Achévèk tit. Diokléysin.*

*Sékrètè S. K. pou Kult Divin-an*

---

<sup>2</sup> Cf. AAS 64 (1972), pp. 510-514.



# RIT PÉNITANS LA

## AVÈTISMAN JÉNÉRAL

### I

#### OSIJÈ MISTÈ RÉKONSILIASION-AN NAN ISTOUA SOVÉ NOU SOVÉ-A

**1.** Papa-a montré mizérikind li antan-l rékonsilié tè-a avèk li nan Kris la, antan-l fè ni sa ki sou tè-a ni sa ki nan sièl-la vi-n nan lapè pa lintèmédiè san koua li-a.<sup>1</sup> Pitit Bondié-a antan-l tounin moun, vi-n rété nan mitan moun yo pou-l kapab libéré yo anba ésklavaj péché-a<sup>2</sup> épi pou-l rélé yo sot nan fènoua yo vi-n nan bèl limiè li-a.<sup>3</sup> Sé poutèt sa, li kòmansé mision li-a sou tè-a antan-l préché pénitans la épi antan l-ap di : « Fè pénitans, kouè nan Bòn Nouvèl la » (*Mark 1, 15*).

Invitation sa-a pou fè pénitans la ki té déjà rézoné souvan pa lintèmédiè profèt yo, li té préparé kè moun yo pou Péyi roua Bondié-a k-ap vini-an pa lintèmédiè voua Jan-Batis, ki té vini « l-ap préché yon batèm pou moun yo chanjé fason y-ap viv, pou péché yo padonnin » (*Mark 1, 4*).

Mìn Jézu pa-t sèlman invité moun yo fè pénitans pou yo kite péché-a épi pou yo konvèti vi-n jouinn Granmèt la ak tout kè yo,<sup>4</sup> min tou antan li résévoua péchè yo, li rékonsilié yo ak Papa-a.<sup>5</sup> An plis li géri malad yo pou-l kapab bay yon sign pouvoua li ginyin pou-l padoné péché yo.<sup>6</sup> Anfin li-minm minm li mourì pou péché nou yo, épi li résisitè pou fè nou vi-n kòrèk.<sup>7</sup> Sé poutèt sa, lannuit yo t-apral trayi-l la, antan-l kòmansé soufrans ki sovè nou-an,<sup>8</sup> li établi sakrifis Nouvo Alians la nan san-l pou padon péché yo,<sup>9</sup> épi apré rézireksion-l nan li voyé Éspri Sin-an nan Apot yo pou yo té kapab gin pouvoua padoné oubyin kinbé péché yo,<sup>10</sup> épitou pou yo résévoua fonksion préché nan non li, pénitans ak padon péché yo nan tout nasion.<sup>11</sup>

---

<sup>1</sup> Cf. 2 Cor 5, 18 s; Col 1, 20.

<sup>2</sup> Cf. Io 8, 34-36.

<sup>3</sup> Cf. 1 Pt 2, 9.

<sup>4</sup> Cf. Lc 15.

<sup>5</sup> Lc 5, 20. 27-32; 7, 48.

<sup>6</sup> Cf. Mt 9, 2-8.

<sup>7</sup> Cf. Rom 4, 25.

<sup>8</sup> Cf. Missale Romanum, Prex eucharistica III.

<sup>9</sup> Cf. Mt 26, 28.

<sup>10</sup> Cf. Io 20, 19-23.

<sup>11</sup> Cf. Lc 24, 47.

Antan-l obéyi kòmandman Granmèt la, Piè, li-minm Granmèt la té di : « M-ap ba-ou klé péyi roua sièl yo, épi ninpòt sa ou t-a maré sou tè-a, ap maré nan sièl yo, épi ninpòt sa ou t-a lagé sou tè-a, ap lagé nan sièl yo » (*Matié* 16, 19), jou Pantkot la, li té préché padon péché yo pa lintèmediè batèm-nan : « Sé pou nou konvèti épi pou nou chak batizé sou non Jézu-Kri, pou padon péché nou yo » (*Travay Apot yo* 2, 38).<sup>12</sup> Dépi lè sa-a, Égliz la pa janm sispann rélé moun yo soti nan péché-a vi-n nan konvèsion-an épi li té manifesté viktoua Kris la sou péché-a pa lintèmediè sélébrasion pénitans la.

**2.** Viktoua sa-a sou péché-a kléré an premié nan batèm nan ki fè ansyin moun nan klouré sou koua-a ak Kris la pou kò péché-a kapab détoui épi pou nou pa ésklav péché-a ankò, min pou antan nou résisité ak Kris la kounié-a nou viv pou Bondié.<sup>13</sup> Sé poutèt sa Égliz la déklaré lafoua li nan « yon sèl batèm pou padoné péché yo ».

Nan Sakrifis Mès la, soufrans pasion Kris la vi-n prézan ankò, épi Kò yo té rinnèt pou nou-an ak San ki té koulé pou padon péché yo, Égliz la ofri-l yon lòt foua bay Bondié pou tout moun sou tè-a sovè. Éféktivman, nan Ékaristi-a, Kris la prézan épi yo ofri-l kòm « Viktim pou rékonsiliasion nou-an »<sup>14</sup> épi pou nou-minm, pa lintèmediè Éspri Sin-l nan, « nou rasanblé fè youn ».<sup>15</sup>

Min an plis, Sovè nou-an Jézu-Kri, antan li té bay Apot li yo ak siksésè yo pouvoua padoné péché yo, li té établi sakréman Pénitans la, pou fidèl yo ki tonbé nan péché apré premié lavaj la, kapab rékonsilié ak Bondié ak renouvèlman gras la.<sup>16</sup> Éféktivman, Égliz la « gin ni dlo-a ni ‘dlo nan jé-a’ : dlo batèm nan, ‘dlo nan jé’ pénitans la ».<sup>17</sup>

## II

### OSIJÈ RÉKONSILIASION PÉNITAN YO NAN LAVI ÉGLIZ LA

**Égliz la sin épi an minm tan li doué toujou ap purifié**

**3.** Kris la « té rinmin Égliz la épi li té rinnèt pròp tèt li pou li, pou-l fè-l vi-n sin antan-l pròpté-l » (*Éfézyin* 5, 25-26), li fè-l fè youn ak li tankou

<sup>12</sup> Cf. Act 3, 19. 26; 17, 30.

<sup>13</sup> Cf. Rom 6, 4-10.

<sup>14</sup> Missale Romanum, Prex eucharistica III.

<sup>15</sup> Missale Romanum, Prex eucharistica II.

<sup>16</sup> Cf. Conc. Trid., Sessio XIV, De sacramento Paenitentiae, cap. 1: Denz.-Schön. 1668 et 1670; can. 1: Denz.-Schön. 1701.

<sup>17</sup> S. Ambrosius, Epist. 41, 12: PL 16, 1116.

épouz li ;<sup>18</sup> Égliz la ki kò-l ak plénitid li, li ranpli-l ak kado-l yo<sup>19</sup> épi pa lintèmédiè-l l-ap fè vérité-a ak gras la rivé jouinn tout moun.

Min manb Égliz la ap sibi tantasion épi anpil foua yo tonbé yon fason mizérab nan péché. Sé sa-k fè « antan Kris la ‘sin, inosan, san tach’ (*Ébré 7, 26*), li pa-t konnin péché-a (*2 Korintyin 5, 21*), min li té vini pou-l té fè péché pèp la sèlman jouinn padon (cf. *Ébré 2, 17*), Égliz la minm, antan-l anbrasé péchè yo anndan-l minm, li sin épi an minm tan li toujou doué purifié, antan l-ap kontinié chèché pénitans la ak rénouvelman-an ».<sup>20</sup>

### Pénitans la nan lavi ak nan litiji Égliz la

**4.** Nan anpil fason ak nan divès maniè, pèp Bondié-a kontinié fè épi réalizé pénitans sa-a san rété. Éféktivman, antan pa lintèmédiè pasians li, li fè youn ak soufrans Kris la,<sup>21</sup> antan l-ap konvèti pròp tèt li pi plis jou an jou dapré évanjil Kris la nan pratiké aksion mizérikòd ak charité-a,<sup>22</sup> li vi-n tounin sign konvèsion al jouinn Bondié-a sou tè-a. Égliz la éksprimé sa nan lavi-l épi li sélébré-l nan litiji li-a, lè fidèl yo rékonèt yo sé péchè, épi yo mandé padon Bondié ak frè yo, jan sa fèt nan sélébrasion pénitansiel yo, nan proklamasion paròl Bondié-a, nan priyè-a, nan éléman pénitansiel anndan sélébrasion ékaristik la.<sup>23</sup>

Min nan sakrèman Pénitans la minm fidèl yo « jouinn padon apati mizérikòd Bondié-a pou ofansé yo té ofansé-l épi an minm tan yo rékonsilié ak Égliz la yo té blésé nan fè péché-a, épi k-ap travay pou yo rivé nan konvèsion-an ak rinmin-an, ak égzanp la, ak priyè yo ».<sup>24</sup>

### Rékonsiliasion ak Bondié épi ak Égliz la

**5.** Poutèt péché-a sé ofansé Bondié nan détoui amitié nou gin avèk li-a, pénitans la « ap chèché pou finalman nou rivé rinmin Bondié épi rinmèt li pròp tèt nou ak konfians nèt alé ».<sup>25</sup> Donk péchè-a ki antré nan chémin pénitans la, pa lintèmédiè mizérikòd gras Bondié-a, li rétonnin kot Papa-a ki

<sup>18</sup> Cf. Ap 19, 7.

<sup>19</sup> Cf. Eph 1, 22-23; Conc. Vat. II, Const. Lumen gentium, n. 7: AAS 57 (1965), pp. 9-11.

<sup>20</sup> Conc. Vat. II, Const. Lumen gentium, n. 8: ibid., p. 12.

<sup>21</sup> Cf. ; Pt 4, 13.

<sup>22</sup> Cf. 1 Pt 4, 8.

<sup>23</sup> Cf. Conc. Trid., Sessio XIV, De sacramento Paenitentiae: Denz.-Schön. 1638, 1740, 1743; S. Congr. Rituum., Instr. Eucharisticum mysterium, 25 maii 1967, n. 35: AAS 59 (1967), pp. 560-561; Missale Romanum, Institutio generalis, nn. 29, 30, 56 a. b. g.

<sup>24</sup> Conc. Vat. II, Const. Lumen gentium, n. 11: AAS 57 (1965), pp. 15-16.

<sup>25</sup> Paulus VI, Const. Apost. Paenitemini, 17 febr. 1966: AAS 58 (1966), p. 179; cf. Conc. Vat. II, Const. Lumen gentium, n. 11: AAS 57 (1965), pp. 15-16.

« té rinmi nou an prémié » (*1 Jan 4*, 19), kot Kris la ki té rinnèt pròp tèt li pou nou,<sup>26</sup> épi kot Éspri-Sin-an yo vidé nan nou an abondans.<sup>27</sup>

Min « apati distribision sékrè mistè kaché ki byinvéyan-an, moun yo fè youn antré yo nan yon rapò surnaturèl, ki fè péché youn nui lòt yo tou, minm jan tou sinteté youn poté byinfè pou lòt yo »,<sup>28</sup> épi konsa pénitans-la toujou poté avèk li yon rékonsiliasion ak frè yo tou, yo minm péché-a poté nuizans ba yo san rété.

Pi plis toujou, anpil foua lèzòm aji ansanm tou lè y-ap komèt injistis. Nan minm fason-an, yo édé youn lòt nan fè pénitans la, pou antan yo libéré anba péché-a pa lintèmediè gras Kris la, an minm tan yo travay ansanm ak tout moun bòn volonté yo pou jistis ak lapè sou tè-a.

### Sakréman Pénitans la épi diféran pati-l yo

**6.** Disip Kris la k-ap proché apré péché-a al nan sakréman Pénitans la antan Éspri Sin-an ap pousé-l, doué toudabò konvèti-l al jouinn Bondié ak tout kè-l. Konvèsion anndan fon kè sa-a ki gin ladan-l kontrision osijè péché-a épi promès fè éfò pou yon nouvo lavi-a, yo éksprimé-l pa lintèmediè konfésion (déklarasion péché yo) yo fè bay Égliz la, pa lintèmediè satisfaksion-an épi ak koréksion konduit lavi-a. Bondié minm bay padon péché yo pa lintèmediè Égliz la ki aji atravè ministè prèt yo.<sup>29</sup>

#### a) *Kontrision-an*

Nan pami aksion pénitan-an, prémié plas la sé pou kontrision-an ki « soufrans nanm nan ak régrè poutèt péché yo fè-a, avèk désizyon pou pa kontinié péché ankò ». <sup>30</sup> Éféktivman « li posib pou nou antré nan péyi roua Kris la sèlman ak ‘metanoia’-a, sètadi transfòmasyon tout moun nan sou paranndan, ki fè minm fason nou pansé-a, nou jijé-a, nou minnin lavi nou-an kòmansé maké ak sinteté sa-a épi rinmin Bondié-a ki té manifésté an dènié nan Pitit la épi yo té ba nou an plénitid la (cf. *Ébré 1, 2; Kolosyin 1, 19*, et passim; *Éfézyin 1, 23*, et passim) ». <sup>31</sup> Donk vérité pénitans la dépann dé kontrision kè sa-a. Éféktivman konvèsion-an doué afékté moun nan sou

<sup>26</sup> Cf. Gal 2, 20; Eph 5, 25.

<sup>27</sup> Cf. Tit 3, 6.

<sup>28</sup> Paulus VI, Const. Apost. Indulgentiarum doctrina, 1 ian. 1967, n. 4: AAS 59 (1967), p. 9; cf. Pius XII, Litt. encycl. *Mystici Corporis*, 29 iunii 1943: AAS 35 (1943), p. 213.

<sup>29</sup> Cf. Conc. Trid., Sessio XIV, De sacramento Paenitentiae, cap. 1: Denz.-Schön. 1673-1675.

<sup>30</sup> *Ibid.*, cap. 4: Denz.-Schön. 1676.

<sup>31</sup> Paulus VI, Const. Apost. Paenitemini, 17 febr. 1966: AAS 58 (1966), p. 179.

paranndan, pou-l kléré-l plis an profondè chak jou épi fè-l vi-n pi konfòm ak Kris la chak foua pi plis.

### b) *Konfésion-an*

Konfésion péché yo fè pati sakréman Pénitans la, li vi-n soti apati vrè konésans pròp tèt fidèl la dévan Bondié épi apati kontrisyon poutèt péché yo. Égzaminin fon kè sa-a épi akizasyon sou pa déyò-a doué fèt nan limiè mizèrikòd Bondié-a. Min konfésion-an égzijé pou pénitan-an gin volonté ouvri kè-l bay minis Bondié-a ; nan jijman spirituèl sa-a minm, antan l-ap aji onon Kris la (*in persona Christi agens*) pa pouvoua clé yo, li prononsé santans péché yo padoné oubyin yo kinbé.<sup>32</sup>

### c) *Satisfaksion-an*

Vrè konvèsion-an vi-n akonpli pa lintèmédiè satisfaksion poutèt péché yo, pa lintèmédiè koréksion lavi-a (chanjman konduit la) épitou réparasion domaj la.<sup>33</sup> Aksion pou yo fè-a ak mézi satisfaksion l-ap mandé-a doué korésponn ak kondisyon chak pénitan, pou-l kapab réparé chak dézòd li té kozé, épi pou maladi k-ap toumanté-l la vi-n géri ak rémèd ki kontrè-a. Sé poutèt sa pèn-nan doué vrèman yon rémèd pou péché-a épi rénouvlé lavi-a nan yon fason kèlkonk. Konsa pénitan-an « antan-l bliyé sa ki dèyè yo » (*Filipyin* 3, 13) l-ap antré nan mistè sovè nou sovè-a yon fason tou nouvo épi l-ap redi pou-l jouinn bagay ki gin pou rivé yo.

### d) *Absolusion-an*

Lè péchè-a manifésté konvèsion-l bay minis Égliz la nan konfésion sakramantèl la, Bondié ba li padon-l pa lintèmédiè sign absolusion-an épi konsa sakréman Pénitans la fi-n réalizé. Éféktivman dapré dispozision Bondié té vlé ki fè bon jan ak byinvéyans Bondié Sovè nou-an té parèt yon fason vizib bay moun yo,<sup>34</sup> Bondié vlé ba nou sovè nou sovè-a pa lintèmédiè sign vizib yo épi rénouvlé yon lòt foua kontra nou té kasé-a.

Donk pa lintèmédiè sakréman Pénitans la, Papa-a résévoua pitit ki tounin vi-n jouinn li-a, Kris la poté mouton ki té pèdi-a sou zèpòl li, épi minnin-l tounin nan patiraj la, épi Éspri Sin-an sanktifyé tanp li-a yon lòt foua épi abité ladan-l pi byin, anfin sa manifésté gras a rénouvlèman patisipasyon nan

<sup>32</sup> Cf. Conc. Trid., Sessio XIV, De sacramento Paenitentiae, cap. 5: Denz.-Schön. 1679.

<sup>33</sup> Cf. Conc. Trid., Sessio XIV, De sacramento Paenitentiae, cap. 8: Denz.-Schön. 1690-1692; Paulus VI, Const. Apost. Indulgentiarum doctrina, 1 ian. 1967, nn. 2-3: AAS 59 (1967), pp. 6-8.

<sup>34</sup> Cf. Tit 3, 4-5.

tab Granmèt la ak plis chalè ki fè pou pitit la ki tounin sot byin louin-an, vi-n gin gran kè kontan nan manjé fèt Ègliz Bondié-a.<sup>35</sup>

### Osijè nésésité ak itilite sakréman sa-a

**7.** Minm jan blésu péché-a fè yo diféran épi yo anpil nan lavi chak fidèl ak nan lavi kominoté-a, sé konsa rémèd pénitans la bay la yo diféran. Éféktivman, moun ki séparé yo ak kominion rinmin Bondié-a poutèt yon péché grav, yo rélé yo vi-n tounin nan lavi yo té pèdi-a pa lintèmediè sakréman Pénitans la. Min, moun k-ap tonbé nan péché vénièl yo, antan l-ap ékspérimanté féblès li chak jou, yo vi-n gin fòs antan yo répété sélébrasion pénitans la, pou yo kapab rivé nan plénitud libètè pitit Bondié yo.

a) Pou-l kapab résévoua rémèd sakréman Pénitans la k-ap sové-l la, dapré dispozision mizérikòd Bondié-a, fidèl la doué konfésé (déklaré) bay prèt la tout épi chak péché grav li sonjé antan-l byin égzaminé mémoua konsians li.<sup>36</sup>

b) An plis, sa itil anpil pou yo sèvi trè souvan épi avèk souin ak sakréman sa-a minm pou péché vénièl yo. Éféktivman sé pa yon sinp répétision mékanik (ritualist) ni kèk égzèsis psikolojik, min yon éfò san rété pou grandi nan gras batèm nan, yon fason pou antan n-ap poté soufrans Kris la nan kò nou, lavi Jézu-a vi-n manifésté chak foua pi plis nan nou.<sup>37</sup> Nan mòd konfésion sa yo, antan pénitan yo ap akizé pròp tèt yo pou péché vénièl yo, sé pou yo fè éfò sitou pou yo konfòmè pi byin ak Kris la épi suiv voua Èspri-a ak plis atansion.

Min pou sakréman sa-a ki sové nou-an kapab égzèsé fòs li réyèlman nan fidèl Kris la, li nésésè pou nan tout lavi yo, li t-a kòm pousé rasi-n épi pousé yo sèvi Bondié ak frè yo ak plis chalè (élan).

Donk sélébrasion sakréman sa-a sé toujou yon aksion koté Ègliz la proklamé lafoua li, li rann Bondié gras pou libèté-a Kris la libéré nou ladan-an<sup>38</sup> épi li ofri lavi li kòm sakrifis spirituèl pou louanj gloua Bondié-a, antan l-ap maché présé al rankontré Kris la.

<sup>35</sup> Cf. Lc 15, 7. 10. 32.

<sup>36</sup> Cf. Conc. Trid., Sessio XIV, De sacramento Paenitentiae, can. 7-8: Denz.-Schön. 1707-1708.

<sup>37</sup> Cf. 2 Cor 4, 10.

<sup>38</sup> Cf. Gal 4, 31.

## III

## OSIJÈ FONKSION YO AK MINISTÈ YO NAN RÉKONSILIASION PÉNITAN YO

## Osijè fonksion kominoté-a nan sélébrasion pénitans la

**8.** Tout Égliz la, kòm pèp sasèrdotal, ap travay nan divès fason nan réalizé travay rékonsiliasion-an Granmèt la konfié-l la. Non sèlman l-ap rélé vi-n nan pénitans la, pa lintèmédiè prédikasion paròl Bondié-a, min tou l-ap priyé pou péché yo épi l-ap édé pénitan yo ak souin yon manman t-a bay, pou li rékonèt péché-l yo épi konfésé yo, épitou pou-l rivé jouinn mizérikind Bondié-a, li minm sèl ki kapab rimmèt péché yo. Min pi plis, sé Égliz la li minm ki tounin instriman konvèsion ak absolusion pénitan-an pa lintèmédiè ministè Kris la té transmèt bay Apot yo ak siksésè yo.<sup>39</sup>

## Osijè minis sakréman Pénitans la

**9.** a) Sé Évèk yo ak Prèt yo ki égzèsé ministè sakréman Pénitans Égliz la, sé yo ki rélé fidèl yo nan konvèsion-an pa lintèmédiè prédikasion paròl Bondié-a, yo sètifié épi yo bay padon péché yo nan non Kris la épi nan fòs Éspri Sin-an.

Nan réalizé ministè sa-a, Prèt yo aji an kominion ak Évèk la épi yo patisipé nan pouvoua-l ak fonksion-l, li minm ki réponsab pou réglé disipli-n pénitansièl la.<sup>40</sup>

b) Minis ki gin konpétans pou sakréman Pénitans la sé prèt ki gin fakilté pou bay absolusion-an dapré loua kanonik la. Min tout prèt, minm si yo pa aprouvé-l pou-l résévoua konfésion, li absoud validman épi lisitman ninpòt ki pénitan ki t-a an danjé pou-l mourir.

## Osijè égzèsis pastoral ministè sa-a

**10.** a) Pou konfésè-a ranpli fonksion li yon fason kòrèk épi fidèlman, sé pou-l konn disèné maladi nanm yo épi poté rémèd ki adapté pou yo, épi sé pou-l égzèsé fonksion jij la avèk sajès, sé pou-l vi-n ginyin sians ak prudans ki nésésè pou sa, antan-l étidiè san rété, anba diréksion Majistè Égliz la, épi sitou antan li priyé Bondié anpil. Éféktivman, disènman éspri yo, sé konnin afon travay Bondié nan kè moun yo, sé yon kado Éspri-Sin-an épi frui charité-a.<sup>41</sup>

---

<sup>39</sup> Cf. *Mt* 18, 18 ; *Io* 20, 23.

<sup>40</sup> Cf. Conc. Vat. ii, Const. *Lumen gentium*, n. 26: aas 57 (1965), pp. 31-32.

<sup>41</sup> Cf. *Phil* 1, 9-10.

b) Sé pou konfèsè-a toujou dispozé pou résévoua konfésion fidèl yo chak foua fidèl yo mandé sa yon fason rézonab.<sup>42</sup>

c) Antan-l résévoua péchè pénitan-an épi li kondui-l nan limiè vérité-a, sé yon fonksion patènèl li réalizé, antan-l révéle kè Papa-a bay moun yo épi li montré imaj Kris la kòm bon Pastè-a. Sé pou-l sonjé tou Kris la konfié-l réponsabilité, li minm ki té réalizé ak mizérikòd travay rédanmsion-an pou-l sové moun yo épi ki prézan ak puisans li nan sakréman yo.<sup>43</sup>

d) Antan konfèsè-a konnin sé kòm minis Bondié li té vi-n konnin sékrè konsians frè li, li oblijé kinbé sékrè sakréman-an ak yon respè ki sakré nan pi ro degré.

### Osijè pénitan-an li-minm

**11.** Ròl fidèl pénitan-an li-minm ginyin-an inpòtan anpil nan sakréman-an.

Éféktivman lè li byin dispozé pou-l vi-n nan rémèd sa-a k-ap sové-l la Kris la té établi-a épi li konfèsé péché-l yo, aksion-l yo fè pati sakréman-an minm, ki vi-n fèt nèt ak paròl absolusion-an minis la prononsé nan non Kris la.

Konsa, fidèl la, antan l-ap ékspérimanté mizérikòd Bondié nan lavi li épi l-ap proklamé-l, l-ap sélébré ansanm avèk Prèt la litiji Égliz la k-ap rénouvélé pròp tèt li san rété.

## IV

### OSIJÈ SÉLÉBRASION SAKRÉMAN PÉNITANS LA

#### Koté pou yo fè sélébrasion-an

**12.** Sé pou yo administré sakréman Pénitans la nan koté ak nan plas yo établi pou sa dapré règléman yo.

#### Tan pou yo fè sélébrasion-an

**13.** Yo kapab sélébré rékonsiliasion pénitan yo nan tout tan ak tout jou. Min sa konvnan pou fidèl yo konnin jou ak lè koté prèt la prézan pou égzèsè

<sup>42</sup> Cf. s. Congr. pro Doctrina Fidei, Norma pastorales circa absolutionem sacramentalem generali modo impertiendam, 16 iun. 1972, n. xii: aas 64 (1972), p. 514.

<sup>43</sup> Cf. Conc. Vat. ii, Const. Sacrosanctum Concilium, n. 7: aas 56 (1964), pp. 100-101.



ministè sa-a. Sé pou fidèl yo pran abitud vi-n nan sakréman Pénitans la andéyò sélébrasion Mès la, sitou nan orè ki établi-a.<sup>44</sup>

Tan Karèm konv nab nan pi ro dégré pou sélébré sakréman Pénitans la, paské déjà nan jou Sann yo gin invitation solanèl la k-ap rézoné dévan pèp Bondié-a : « Fè pénitans épi kouè nan Bòn Nouvèl la ». Li konv nab donk pou yo établi pliziyè sélébrasion pénitansièl nan tan Karèm nan pou yo ofri tout fidèl yo okazion rékonsilié ak Bondié épi ak frè yo épi pou yo sélébré mistè paskal la ak yon kè rénouvlé, nan tridiòm sakré-a.

### Vètman litijik

**14.** Pou sa ki konsèné vètman litijik yo nan sélébrasion Pénitans la, sé pou yo suiv prinsip Òdinè-a établi chak koté.

## A

### Òrdo pou rékonsilité pénitan yo chak moun apa

#### Préparasion prèt la épi pénitan-an

**15.** Antan y-ap sélébré Sakréman-an, prèt la ak pénitan-an préparé yo toudabò nan lapriyè. Prèt la minm invoké Éspri-Sin-an pou-l kapab résévoua limiè-l ak charité-l la ; pénitan-an minm konparé pròp lavi-l ak égzanp épi kòmandman Kris la épi li priyé pou-l mandé Bondié padon pou péché-l yo.

#### Résévoua pénitan-an

**16.** Prèt la résévoua pénitan-an ak charité fratènèl épi, si sa nésésè, li salué-l ak paròl ki gin anpil jantiyès. Apré sa, pénitan-an fè sign lakoua-a sou sou pròp tèt pa-l antan-l di : Onon Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an. Amèn. Prèt la kapab fè minm jan-an ansanm avèk li. Apré sa, Prèt la ak yon fòmul tou kout, invité pénitan-an pou-l gin konfians nan Bondié. Si konfèsè-a pa konnin pénitan-an, sé la-a li t-a bon pou pénitan-an indiké-l kondision lavi-l, épitou ki dènié foua li konfésé, ki difikilté li ginyin pou-l minnin lavi krétyin-an, épi tout lòt bagay ki t-a itil pou konfèsè-a konnin pou-l kapab égzèsé ministè li.

#### Léktu paròl Bondié-a

**17.** Lè sa-a, prèt la oubyin pénitan-an li minm, li kèk tèks nan Liv ki sin yo, si sa konv nab, min yo kapab fè sa tou nan préparasion sélébrasion

<sup>44</sup> Cf. *S. Congr. Rituum, Instr. Eucharisticum mysterium*, 25 maii 1967, n. 35 ; AAS 59 (1967), pp. 560-561.

sakréman-an minm. Pa lintèmediè paròl Bondié-a éféktivman, yo kléré fidèl la pou-l disèné péché-l yo, yo rélé-l pou-l konvèti épi pou-l gin konfians nan mizérikind Bondié-a.

### Konfésion péché yo épi akséptasion satisfaksion-an

**18.** Apré sa pénitan-an déklaré péché-l yo antan-l kòmansé ak fòmul konfésion jénéral, koté ki gin abitud sa-a : Dévan Bondié ki gin tout pouvoua-a... (**Confiteor**). Si sa nésésè, prèt la édél fè yon konfésion konplè ; li ankourajé-l an plis pou-l régrèt sinsèman sa-l té fè ki ofansé Bondié ; apré li ba-l kèk konsèy ki adapté pou-l kapab kòmansé yon nouvo lavi épi, lè sa nésésè, li instoui-l osijè konduit lavi krétyin-an.

Min si pénitan-an té kòz yon domaj oubyin yon skandal, sé pou konfèsè-a kondui-l pou-l promèt pou yon réparasion ki adapté.

Apré sa, prèt la indiké pénitan-an satisfaksion li doué fè-a ki pa sèlman pou ékspiasion bagay ki pasé yo, min tou ki doué édél pou yon nouvo lavi épi ki doué yon rémèd pou maladi-a, épi sé poua, nan mézi sa posib, sé pou li korésponn ak gravité épi nati péché yo. Yo kapab réalizé satisfaksion sa-a jan sa konvtab ak priyè-a, détachman parapò a nou-minm minm, min sitou ak sèvis prochin-an épi aksion mizérikind yo ki montré aklè aspè sosial ni péché-a ni padon péché-a gin ladan-l nan.

### Priyè pénitan-an épi absolusion prèt la bay la

**19.** Apré sa, pénitan-an manifésté kontrision li épi rézolusion-l pou yon nouvo lavi nan yon priyè koté li mandé Bondié Papa-a padon. Li bon pou yo sèvi ak yon priyè yo konpozé apati paròl Liv ki sin-yo.

Prèt la minm, apré priyè pénitan-an fè-a, li lonjé min-l sou tèt pénitan-an, oubyin li lonjé min douat li sèlman épi li di fòmul absolusion-an koté paròl sa yo ésansiel : **MOUIN-MINM MOUIN PADONÉ-OU SOT NAN PÉCHÉ-OU YO, O NON PAPA-A, AK PITIT LA, AK ÉSPRI-SIN-AN**. Antan prèt la ap di dènié paròl sa yo, li fè sign lakoua-a sou pénitan-an. Fòmul absolusion-an (cf. n. 46, p. 28) indiké sé nan mizérikind Papa-a rékonsiliasion pénitan-an soti, li montré rapò ki ginyin ant rékonsiliasion péchè yo ak mistè paskal Kris la ; li byin montré fonksion Éspri Sin-an nan padon péché yo ; anfin li mété aspè éklézial sakréman-an an limiè poutèt sé pa lintèmediè ministè Égliz la yo mandé épi yo bay rékonsiliasion-an.

### Aksion-gras la épi ranvoua pénitan-an

**20.** Apré li fi-n résévoua padon pou péché-l yo, pénitan-an proklamé mizérikind Bondié épi li rann Bondié gras ak kèk invokasion tou kout yo pran nan Liv ki sin yo ; apré sa prèt la voyé-l alé an pè.

Pénitan-an minm ap kontinié konvèsion-l épi l-ap éksprimé-l ak yon lavi ki réfômé dapré évanjil Kris la épi ki plin chak foua pi plis ak rinmin Bondié-a, paské « charité-a kouvri gran kantité péché yo » (*1 Piè 4, 8*).

### Rit ki pi kout

**21.** Lè gin yon obligasion pastoral ki konséyé sa, prèt la kapab kite kèk pati nan rit la oubyin abréjé yo, min a kondision yo toujou kinbé intégralman : konfésé péché yo épi aksépté satisfaksion-an (yo doué fè-a), invitasion pou kontrision-an (n. 44), fòmul absolusion-an épi fòmul ranvoua-a. Min si t-a gin danjé lanmò k-ap ménasé pou rivé tousuit, sa sifizan pou prèt la t-a di paròl ésansiel fòmul absolusion-an, sètadi : **MOUIN-MINM MOUIN PADONNIN-OU SOT NAN PÉCHÉ-OU YO, O NON PAPA-A, AK PITIT LA, AK ÈSPRI-SIN-AN.**

## B

### Òrdo pou rékonsilié pliziè pénitan ak konfésion épi absolusion chak moun apa

**22.** Koté pliziè pénitan rasanblé ansanm pou résévoua rékonsiliasion sakramantèl la, sa konvtab pou yo préparé yo pou sakréman-an ak sélébrasion paròl Bondié-a.

Min lòt fidèl tou ki pral résévoua sakréman-an yon lòt lè kapab patisipé nan minm sélébrasion sa-a.

Sélébrasion an komin-an manifésté karaktè éklézial pénitans la pi klè. Paské fidèl yo kouté ansanm an minm tan paròl Bondié-a, li minm ki antan l-ap proklamé mizérikòd Bondié-a, li invité fidèl-yo nan konvèsion-an, épi an minm tan pou yo pèsévéré nan konfòmé lavi yo ak minm paròl Bondié sa-a épi pou yo édé youn lòt antan y-ap priyé. Apré yo chak konfésé péché yo épi yo résévoua absolusion-an, yo tout ansanm fè louanj Bondié poutèt mèvèy li fè pou byin pèp li achté ak san pròp Pitit li-a.

Sé pou gin pliziè prèt ki prézan, lè sa konvtab, pou nan koté ki adapté, yo kouté pénitan yo individuèlman épi yo rékonsilié yo.

### Rit pou kòmansé

**23.** Lè fidèl yo rasanblé, si sa konvtab yo chanté yon chan adapté. Apré sa prèt la salué fidèl yo épi, si sa nésésè, li minm minm oubyin yon lòt minis introdui yo nan sélébrasion-an épi instoui yo osijè jan li pral déroulé-a. Apré sa li invité tout moun pou yo priyé épi apré yon moman silans li fè priyé-a.

### Sélébrasion paròl Bondié-a

**24.** Yo doué kòmansé sakréman Pénitans la apati kouté paròl la, paské pa lintèmediè paròl li-a Bondié rélé nou fè pénitans épi li kondui nou nan vrè konvèsion kè-a.

Yo kapab chouazi youn oubyin pliziè léktu. Si sé pliziè, sé pou yo mété yon psòm oubyin yon lòt chan adapté oubyin yon tan silans antré yo, pou yo kapab konprann paròl Bondié-a pi afon épitou pou yo dakò avèk li nan kè yo. Si sé yon sèl léktu y-ap fè, li bon pou sé apati Évanjil la yo pran-l.

Sé pou yo chouazi sitou léktu koté :

a) voua Bondié ap rélé lèzòm pou yo konvèti épi pou yo toujou pi konfòm ak Kris la ;

b) yo mété dévan jé fidèl yo mistè rékonsiliasion-an pa lintèmediè lanmò ak rézéréksion Kris la épitou ak kado Ésprî Sin-an ;

c) yo transmèt jijman Bondié osijè sa ki byin ak sa ki mal nan lavi moun nan pou kléré konsians la épi rédrésé-l.

**25.** Prèch la, antan-l kòmansé apati tèks Liv ki Sin yo va kondui pénitan yo pou rédrésé konsians la, pou yo viré do bay péché-a épi pou yo konvèti al jouinn Bondié. Sé pou yo raplé fidèl yo péché-a aji kont Bondié, kont kominoté-a ak prochin-an épitou kont péchè-a li-minm. Apré sa li konvtab pou raplé :

a) mizérikòd san limit Bondié-a, ki pi gran pasé tout péché nou yo ki fè li minm li toujou ap rélé nou chak foua pou nou tounin vi-n jouinn li ;

b) nésésité pénitans nan fon kè-a ki fè nou dispozé sinsèman pou nou réparé domaj péché-a tou ;

c) aspè sosial gras la ak péché-a, ki fè aksion yo chak réjyayi nan yon sètèn fason sou tout kò Égliz la ;

d) travay satisfaksion nou-an ki résévoua fòs li nan satisfaksion Kris la, épi ki égzijé toudabò, an plis travay pénitans la, égzèsis rinmin tout bon vré-a pou Bondié épi pou prochin-an.

**26.** Lè yo fini oméli-a, sé pou yo ofri kèk tan silans konvtab pou fè égzamin konsians la épi pou minnin nan vrè kontrision pou péché yo. Prèt la li-minm oubyin diak la oubyin yon lòt minis kapab édé fidèl yo ak kèk fraz tou kout oubyin yon priyè an fòm litani, antan-l konsidéré kondision lavi fidèl yo, laj yo, etc.

Si yo t-a ouè sa konvnab, égzamin konsians an komin sa-a épi minnin nan kontrision-an, t-a kapab ranplasé oméli-a ; min, nan ka sa-a, li klè sé apati tèks Liv sakré yo té li anvan yo pou yo pran premié fraz yo.

### Rit rékonsiliation-an

**27.** Antan diak la oubyin yon lòt minis invité yo fè-l, tout moun mét ajénou oubyin inkliné yo épi yo di yon fòmul konfésion jénéral (parégzanp Dévan Bondié ki gin tout pouvoua... **Confiteor**) ; apré sa, antan yo kanpé, si sa konvnab, yo résité yon priyè an fòm litani oubyin yo pran yon chan ki adapté ki éksprimé konfésion péché yo, kontrision kè-a, démann padon-an oubyin konfians nan mizérikòd Bondié-a. Alafin yo di priyè Granmèt la (Papa nou ki nan sièl la), yo pa doué janm soté.

**28.** Lè yo fi-n di priyè Granmèt la (Papa nou ki nan sièl la), prèt yo alé koté yo établi pou kouté konfésion yo. Pénitans ki vlé fè konfésion péché yo, al kot prèt yo chouazi-a, épi, antan yo aksépté satisfaksion ki korésponn nan, yo résévoua absolusion-an dapré fòmul pou rékonsilié yon sèl pénitans-an.

**29.** Lè konfésion yo fini, prèt yo rétounin nan plas yo bò lotèl la. Sa k-ap prézidé sélébrasion-an invité tout moun pou aksion-d-gras la koté fidèl yo déklaré mizérikòd Bondié-a. Yo kapab fè sa ak yon psòm oubyin yon imm oubyin minm ak yon priyè litanik. Anfin prèt la fini sélébrasion-an ak yon priyè, antan l-ap fè louanj Bondié pou charité ékstraòdinè li rinmin nou avèk li-a.

### Ranvoua pèp la

**30.** Lè aksion-d-gras la fini, prèt la béni fidèl yo. Apré sa diak la oubyin prèt la li-minm ranvouayé asanblé-a.

## C

### Òrdo pou rékonsilié pénitans yo ak konfésion épi absolusion jénéral

#### Osijè disipli-n absolusion jénéral la

**31.** Sé konfésion intégral épi individuèl la ak absolusion-an ki sèl fason pou fidèl yo rékonsilié ak Bondié épi ak Égliz la òdinèman, sof si imposibilité fizik oubyin moral t-a anpéché mòd konfésion sa-a.

Sa kapab fèt éféktivman, poutèt kèk sikonstans patikilié ki té rivé yon lè konsa, pou li t-a lisit épi minm konvnab pou yo t-a bay pliziè pénitans absolusion-an yon fason jénéral san yo pa konfésé anvan individuèlman.

An plis ka koté sé osijè danjé lanmò-a, sa lisit pou pliziè fidèl ki fè yon konfèsion jénéral sèlman yo ba yo absoulusion jénéral la ansanm an minm tan, min sé si yo té invité yo yon fason adapté pou yo fè pénitans, si gin yon nésésité grav ki rivé, sitou lè yo konsidéré kantité pénitan yo, konfèsè ki t-a la yo pa sifi pou jan sa doué fèt la yo t-a tandé chak pénitan pou kont li nan yon éspas tan konvnan, ki t-a fè pénitan-yo – san fot sou bò pa yo – t-a fòsé pa jouinn gras sakramantèl la, oubyin kominion sakré-a pandan lontan. Bagay sa-a kapab rivé sitou nan péyi mision yo, min tou nan lòt koté, nan kèk group moun koté yo t-a konstaté nésésité sa-a.

Min sa pa kapab fèt, lè konfèsè yo kapab la, sèlman poutèt yon gran rasanbléman pénitan, tankou parégzanp yo kapab ginyin nan yon gran fèt oubyin yon pélérijaj.<sup>45</sup>

**32.** Poté jijman pou konnin si kondision yo bay pi ro-a yo ranpli, épi apati sa dékrété ki lè li lisit pou bay absoulusion jénéral la nan fason sa-a, yo rézèvé-l pou Évèk diosézin-an, apré li fi-n pran konsèy ak lòt manb Konférans Épiskopal la.

An déyò ka Évèk diosézin-an t-a établi yo, si kèk nésésité grav t-a parèt ki mandé pou bay pliziè moun ansanm absoulusion sakramantèl la, prèt la doué fè rékou anvan, chak foua sa posib, kot Òdinè koté-a, pou-l kapab bay absoulusion-an lisitman ; otréman, osijè mòd nésésité sa-a épi osijè absoulusion li té bay la sé pou-l mété minm Òdinè-a o kouran pi vit li kapab.<sup>46</sup>

**33.** Kanta fidèl yo minm, pou yo kapab jouin absoulusion sakramantèl yo bay pliziè an minm tan-an, fòk tout bon vré yo byin dispozé, sètadi pou yo chak fè pénitans pou mankman yo, pou yo pran désizyon kanpé louin péché-a, pou yo délibéré réparasion pou skandal ak domaj yo t-a kozé pétèt épi an minm tan pou yo pran rézolisyon konfésé péché grav yo individuèlman lè tan-an ap pèmèt, sa yo pa kapab fè konsa nan moman-an. Osijè dispozision sa yo ak kondision sa-yo, ki nésésè pou validité sakréman-an, sé pou prèt yo avèti fidèl yo avèk souin.<sup>47</sup>

**34.** Sa yo, yo t-a padoné péché grav yo té komèt ak absoulusion an komin-an, sé pou yo al nan konfèsion bouch ak zòrèy la, anvan yo t-a résévoua yon nouvo absoulusion konsa, sof si t-a gin yon rézon kòrèk ki anpéché sa. Min antouka, yo doué al kot yon konfèsè pandan ané-a, sof si yon imposibilité moral t-a anpéché sa. Pou yo minm tou kòmandman-an an vigè, sa-k mandé pou tout fidèl krétyin yo konfésé yon foua nan ané-a an

<sup>45</sup> S. Congr. pro Doctrina Fidei, Norma pastorales circa absolutionem sacramentalem generali modo impertientdam, 16 iunii 1972, n. III: AAS 64 (1972), p. 511.

<sup>46</sup> Ibid., n. V: l. c., p. 512.

<sup>47</sup> Ibid., nn. VI et XI: l. c., pp. 512, 514.

privé ak prèt la tout péché yo, omouins sa ki grav yo, yo po-t ko konfésé individuèlman.<sup>48</sup>

### Rit absolution jénéral la

**35.** Pou rékonsilié pénitan yo ak konfésion épi absolution jénéral la jan sa établi dapré règléman yo, yo fè tout bagay jan yo té di pi ro-a osijè sélébrasion rékonsiliation-an pou pliziè pénitan ak konfésion épi absolution individuèl la, antan yo chanjé sa yo pral di kounié-a.

a) Apré yo fi-n fè oméli-a, oubyin nan oméli-a minm, sé pou yo avèti fidèl ki vlé profité absolution jénéral la, pou yo dispozé yo kòrèktéman, sètadi pou yo chak régrèt mankman yo, pou yo pran désizyon kanpé louin péché-a, pou yo délibéré réparasion pou skandal ak domaj yo t-a kozé pétèt épi an minm tan pou yo pran rézolisyon konfésé péché grav yo individuèlman lè tan-an ap pèmèt, sa yo pa kapab fè konsa nan moman-an ;<sup>49</sup> an plis y-ap propozé yon satisfaksion pou tout moun fè, chak moun minm ap kapab ajouté kichòy si yo vlé.

b) Apré sa, diak la, oubyin yon lòt minis, oubyin prèt la li-minm, invité pénitan yo ki vlé résévoua absolution-an pou yo fè yon sign ki montré yo déklaré yo vlé jouinn li (parégzanp antan yo bésé tèt yo, oubyin yo mété ajénou, oubyin ak yon lòt sign dapré prinsip Konfèrans épiskopal la établi yo) antan yo di ansanm fòmul konfésion jénéral la (parégzanp Dévan Bondié ki gin tout pouvoua-a... **Confiteor**), apré sa yo kapab fè yon priyè litanik oubyin yon chan pénitansièl, épi y-a di oubyin chanté ansanm priyè Granmèt la (Papa nou ki nan sièl la), jan yo té di pi ro-a, n. 27.

c) Lè sa-a prèt la fè kèk invokasion ki mandé gras Ésprì Sin-an pou padon péché yo, ki proklamé viktoua sou péché-a gras a lanmò ak rézirkéksion Kris la, épi ki bay pénitan yo absolution sakramantèl la.

d) Anfin prèt la invité fè aksion-d-gras la, jan yo té di pi ro-a, n. 29, epi antan-l kite priyè konklizyon-an, tousuit li béni pèp la épi li voyé-l alé.

## V

### OSIJÈ SÉLÉBRASION PÉNITANSIÈL YO

#### Karaktè ak strikti yo

**36.** Sélébrasion pénitansièl yo sé rasanbléman pèp Bondié-a pou kouté paròl Bondié-a k-ap invité yo konvèti épi chanjé lavi yo épitou sé anons

<sup>48</sup> Ibid., nn. VII et VIII: l. c, pp. 512-513.

<sup>49</sup> Cf. ibid., n. VI, p. 512.

libérasion nou anba péché-a gras a lanmò épi rézireksion Kris la. Strikti yo sé minm ak sa yo kinbé nòmalmman nan sélébrasion paròl Bondié-a,<sup>50</sup> épi sa yo propozé nan *Ordo pou rékonsilté pliziè pénitan*.

Li konvtab, donk, pou apré rit pou kòmansé-a (chan, salutation épi priyè) yo proklamé youn ou pliziè léktu yo pran nan Liv ki sin-yo, antan yo mété chan oubyin psòm oubyin moman silans nan mitan yo, sa oméli-a ap ékspliké épi apliké pou fidèl ki rasanblé yo. Min anyin pa anpéché ditou pou soua anvan léktu Liv ki sin yo soua apré yo, yo t-a kapab fè lòt léktu yo pran nan Pèr yo oubyin nan ékrivin ki kapab édé kominoté-a épi chak moun réyèlman pou yon vrè konésans péché-a épi pou vrè kontrision kè-a, sètadi pou provoké konvèsion-an.

Apré oméli-a épi méditation paròl Bondié-a, li bon pou rasanbléman fidèl yo priyé ak yon sèl kè épi ak yon sèl voua, ak yon priyè litanik oubyin yon lòt fason ki adapté pou ankourajé patisipasyon fidèl yo. Alafin sé pou yo toujou di priyè Granmèt la pou Bondié Papa nou, « padoné sa nou fè-l tankou 'nou padoné moun ki fè nou kichòy' ... épi délivré nou ak sa ki mal ». Prèt la, oubyin minis k-ap prézidé asanblé-a, fè konklizyon-an ak yon priyè épi li fè ranvoua pèp la.

### Itilité épi inpòtans

**37.** Sé pou yo véyé pou nan opinion fidèl yo sélébrasion sa yo pa vi-n konfonn ak sélébrasion sakréman Pénitans la minm.<sup>51</sup> Sélébrasion pénitansièl sa yo itil anpil pou favorizé konvèsion-an ak purifikasyon kè-a.<sup>52</sup>

Yo établi sélébrasion pénitansièl yo yon fason konvtab sitou :

- pou favorizé éspri pénitans la nan kominoté Krétyèn nan ;
- pou édé fidèl yo nan préparasyon yo kapab fè individuèlman apré, nan tan ki konvtab ;
- pou édiké timoun y-ap fòmé ofiamézi pou pran konsians péché-a nan lavi moun épi osijè libérasion anba péché-a gras a Kris la ;
- pou édé katékumèn yo nan konvèsion-an.

An plis, koté pa gin okinn prèt prézan pou bay absolution sakramantèl la, sélébrasion pénitansièl yo itil anpil anpil, nan mézi yo bay sékou pou rivé nan kontrision-an apati pèfeksion charité-a, ki pèmèt fidèl yo, poutèt yo anvi pénitans sakramantèl la k-ap vini-an, rivé jouinn gras Bondié-a.<sup>53</sup>

<sup>50</sup> Cf. S. Congr. Rituum, Instr. Inter OEcumenici, 26 sept. 1964, nn. 37-39: AAS 56 (1964), pp. 110-111.

<sup>51</sup> Cf. S. Congr. pro Doctrina Fidei, Normae pastorales circa absolutionem sacramentalem generali modo impertiendam, 16 iun. 1972, n. X: AAS 64 (1972), pp. 513-514.

<sup>52</sup> Ibid.

<sup>53</sup> Cf. Conc. Trid., Sessio XIV, De sacramento Paenitentiae, cap. 5: Denz.-Schön. 1677.



## VI

OSIJÈ ADAPTASION RIT YO POU DIFÉРАН RÉJION  
AK SIKONSTANS

## Osijè adaptasion Konfèrans Épiskopal yo kapab fè

**38.** Konfèrans Épiskopal yo gin konpétans, nan préparé Rituèl patikilié yo, pou yo akomodé Òrdo Pénitans sa-a dapré nésésité chak réjion, yon fason pou, antan Sièj Apostolik la aprouvé désizyon yo, yo sèvi ak yo nan réjion ki konsèné yo. Sé poutèt sa sé ròl Konfèrans Épiskopal yo :

a) Pou yo établi prinsip osijè disipli-n sakréman Pénitans la, sitou nan sa ki konsènè ministè prèt yo épi rézèvasion péché yo.

b) Pou yo détèminé prinsip pi détayé parapò a koté ki adapté pou sélébrasion òdinè sakréman Pénitans la épi parapò a sign fidèl yo doué fè-a nan absolusion jénéral la (cf. pi ro-a n. 35).

c) Pou yo préparé tradiksyon tèks yo ki doué vrèman adapté dapré karaktè chak pèp épi lang yo, épi minm konpozé nouvo tèks pou priyè soua fidèl yo soua minis yo, antan yo konsèvé fòmul sakramantèl la intégralman.

## Osijè sa ki konsèné Évèk yo

**39.** Sa korèsponn pou Évèk dioséz-in-an :

a) Réglé disipli-n pénitans la nan diosèz li <sup>54</sup> minm avèk adaptasion konvnan dapré prinsip yo propozé nan Konfèrans Épiskopal la minm.

b) Disèné, antan-l pran konsèy lòt manb Konfèrans Épiskopal la, kilè sa lisit anba kondision Sin Sièj la établi yo pou yo bay absolusion sakramantèl la nan fason jénéral la. <sup>55</sup>

## Osijè akomodasyon ki korèsponn a minis la

**40.** Sa konsèné prèt yo minm, sitou kiré parouas yo :

a) Nan sélébrasion rékonsiliasion-an, soua pou yon sèl soua pou kominoté-a, pou yo adapté rit la dapré sikonstans konkrè yo, antan yo konsèvé strikti ésansiyèl la épi fòmul intégral absolusion-an, kèk pati, si sa konvnan pou yo pa fè yo, oubyin pou yo fè vi-n pi rich, tèks pou yo chouazi

<sup>54</sup> Cf. Conc. Vat. II, Const. Lumen gentium, n. 26: AAS 57 (1965), pp. 31-32.

<sup>55</sup> Cf. S. Congr. pro Doctrina Fidei, Normae pastorales circa absolutionem sacramentalem generali modo impertiendam, n. V: AAS 64 (1972), p. 512

oubyin léktu yo oubyin priyè yo, koté ki pi adapté pou sélébrasion-an, dapré prinsip Konférans Èpiskopal yo établi, yon fason pou tout sélébrasion-an vin anrichi épi an minm tan bay frui.

b) Pou yo propozé épi préparé avèk konkou lòt moun, minm layik, kèk sélébrasion pénitansièl pandan ané-a, sitou nan tan Karèm, yon fason pou tèks yo séléksioné yo épi déroulann sélébrasion-an vrèman adapté parapò a kondision épi sikonstans kominoté-a oubyin group la (parégzanp : timoun, malad, etc.).

c) Si ta gin yon nésésité grav, Évèk diosézin-an pa-t prévoua, si li t-a inposib pou rivé jouinn Évèk la, sé pou-l desidé osijè absoulusion sakramantèl pou bay pliziè moun an minm tan avèk sèlman konfésion jénéral la anvan, min avèk obligasion pou li infòmé minm Òdinè-a pi vit li kapab osijè mòd nésésité-a ak absoulusion yo té bay la.

## CHAPIT I

**ÒRDO POU RÉKONSILIÉ CHAK PÉNITAN****Pou résévoua pénitan-an**

41. Lè pénitan-an proché pou konfésé péché-l yo, pè-a résévoua-l avèk byinvéyans épi li salué-l avèk paròl byin jantiy.

42. Apré sa pénitan-an, épi tou dapré situasion-an ni pè-a tou, fè sign koua-a, antan-l di :

**Onon Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an. Amèn.**

Pè-a invité pénitan-an pou-l mét konfians nan Bondié, ak paròl ki sanblé ak sa yo :

**Bondié ki kléré nan kè nou yo,  
sé pou-l fè-ou rékonèt nan vérité  
péché-ou yo ak mizérikòd li-a.**

Pénitan-an réponn :

**Amèn.**

Lòt tèks yo kapab chouazi, nn. 67-71.

**Léktu paròl Bondié-a (jan yo vlé)**

43. Lè sa-a atò pè-a, dapré situasion-an, li oubyin résité pa kè kèk tèks Liv ki sin yo, koté yo anonsé mizérikòd Bondié-a épi koté yo rélé moun nan nan konvèsion-an.

Yo jouinn tèks yo nn. 72-84.

**Konfésion péché yo avèk akséptasion satisfaksion-an**

44. Apré sa, lè-l fi-n di fòmul jénéral konfésion-an, koté sé abitud la (parégzanp Dévan Bondié ki gin tout pouvoua), pénitan-an konfésé péché-l yo.

Pè-a, si sé nésèsè, édé pénitan-an akonpli konfésion-an an-antié, li ba-l konsèy ki adapté, li ankourajé-l pou-l gin kontrision fot li yo, antan li raplé-l krétyin-an réfèt tou nèf nan mistè paskal la antan li mouri épi li résité avèk Kris la pa pouvoua sakréman Pénitans la. Apré sa li propozé yon aksion pénitans pénitan-an aksépté pou réparé péché-a épi pou korijé lavi-a.

Sé pou pè-a fè atansyon pou-l adapté-l ak kondision pénitan-an nan tout bagay, soua nan fason l-ap palé, soua nan konsèy l-ap bay yo tou.

### **Priyè pénitan-an épi absolusion-an**

45. Apré sa, pè-a invité pénitan-an pou-l montré kontrision-l, pénitan-an kapab fè sa avèk paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé ak yo :

**Bondié mouin, ak tout kè mouin mouin régrèt épi mouin pran lapinn pou tout sa mouin té fè ki mal épi pou tou sa mouin pa-t fè ki byin, paské antan-m fè péché mouin té ofansé-ou, ou minm ki bon anlè nèt épi ki dign anlè nèt, ki mérité yo rinmin-ou anlè tout bagay.**

**Mouin pran fèm rézolisyon, antan gras ou-a édé-m, pou-m fè pénitans, pou-m pa fè péché ankò, épi pou-m évité okazion péché.**

**Pa pouvoua mérit soufrans Sovè nou Jézu-Kri, Granmèt la, pran pitié.**

Dòt tèks yo kapab chouazi, nn. 85-92.

46. Lè sa-a pè-a, antan-l lonjé min sou tèt pénitan-an (oubyin omouin antan-l lonjé min douat) li di :

**Sé pou Bondié, Papa mizérikòd yo,  
ki gras a lanmò ak rézireksion Pitit li-a  
té rékonsilié tè-a avèk li-a  
épi té vidé Éspri Sin-an pou padon péché yo,  
pa lintèmediè ministè Égliz la  
ba-ou padon ak lapè.**

**ÉPI MOUIN-MINM MOUIN PADONNIN-OU SOT NAN PÉCHÉ-OU YO  
O NON PAPA-A, AK PITIT LA, ✠ AK ÉSPRI-SIN-AN.**

Pénitan-an réponn :

**Amèn.**

### **Proklamasion louanj Bondié épi ranvoua pénitan-an**

47. Apré absolusion-an, pè-a kontinué :

**N-ap fè louanj Granmèt la poutèt li bon.**

Pénitan-an fini :

**Poutèt mizérikòd li pou tout tan.**

Apré sa, pè-a ranvouayé pénitan-an ki rékonsilié-a, antan-l di :

**Granmèt la padoné péché-ou yo. Alé an pè.**

Dòt tèks yo kapab chouazi, n. 93.

## CHAPIT II

**ÒRDO POU RÉKONSILIÉ ANPIL PÉNITAN  
AVÈK KONFESION ÉPI ABSOLUSION POU CHAK MOUN APA**

**Rit pou kòmansé****48. Chan**

Lè fidèl yo rasanblé, pandan pè-a ap antré nan légliz la, yo chanté, si sa nésésè, yon psòm oubyin yon réfrin oubyin yon lot chan ki adapté, parégzanp :

**Kouté nou, Granmèt,  
paské mizérikòd ou-a byinvéyan.  
Daprè kantité pitié-ou yo  
voyé jé sou nou, Granmèt.**

**Oubyin :**

**An nou proché avèk konfians kot tro-n gras la,  
pou nou résévoua mizérikòd la,  
épi pou nou jouinn gras la  
nan sékou nou bézouin.**

**49. Salutasion**

Lè yo fi-n chan-an, pè-a salué asistan yo, antan-l di :

**Gras pou nou, mizérikòd ak lapè sot nan Bondié Papa-a ak Kris  
Jézu Sovè nou-an.**

**℟. É avèk ou minm tou.**

**Oubyin :**

**Gras pou nou ak lapè sot nan Bondié Papa-a  
ak nan Jézu-Kri ki rinmin nou  
épi ki lavé nou sot nan péché nou yo nan san li.**

**℟. Gloua pou li pou tout tan gin tan. Amèn.**

Dòt tèks yo kapab chouazi, nn. 94-96.

Apré sa pè-a minm oubyin yon minis avèk avètisman ki kout ranségné asistan yo sou inpòtans ak rézon sélébrasion-an épi sou lòd pou yo konsèvé nan li.

#### 50. Priyè

Apré sa pè-a invité tout moun pou priyé ak paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo :

**An nou priyé, frè-m yo, pou Bondié, ki rélé nou nan konvèsion-an, ba nou gras yon pénitans ki vré, ki donnin frui.**

Épi tout moun priyé an silans pou yon ti moman. Apré sa, pè-a di priyé-a :

**Kouté priyé moun k-ap insisté koté-ou yo, tanpri, Granmèt, épi padoné péché moun yo ki mét konfians nan ou-a, pou, avèk byinvéyans, ou ba nou alafoua padon ak lapè. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

Tout moun :

**Amèn.**

Oubyin :

**Mété Éspri-ou la nan mitan nou, Granmèt, ou minm ki nétouayé nou antan-ou lavé nou ak dlo pénitans la, ki préparé nou pou ou kòm sakrifis ki vivan, pou, antan-l ba nou lavi, nou mérité tout koté fè louanj gloua-ou épi déklaré mizérikòd ou. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

Tout moun :

**Amèn.**

Dòt tèks yo kapab chouazi, nn. 97-100.

### Sélébrasion Paròl Bondié-a

51. Lè sa-a atò yo kòmansé sélébrasion paròl la. Si gin pliziè léktu, y-a séparé yo ak yon psòm, oubyin yon lòt chan ki adapté oubyin minm yon tan silans, pou chak moun antré nan paròl Bondié-a nan éspri yo pi fon épi pou yo ofri konsantman kè yo. Si yo fè yon sèl léktu, li nésèsè pou yo pran-l nan évanjil la.

PRÉMIÉ ÉGZANP :

« Plénitud loua-a sé rinmin-an »

LÉKTU I. Détéronòm 5, 1-3. 6-7. 11-12. 16-21 a; 6, 4-6: « Sé pou-ou rinmin  
Granmèt Bondié-ou la ak tout kè-ou. »  
Nan jou sa yo : Moyiz konvoké tout Israèl... [p. 120].

CHAN RÉPONS. Baruk 1, 15-22.

R (3, 2) : « Kouté, Granmèt, épi pran pitié, paské ou sé Bondié  
mizérikòd ». [p. 158].

Léktu II. Éfézyin 5, 1-14 : « Maché nan rinmin-an, tankou Kris la té rinmin  
nou-an. »

Frè-m yo : Sé pou nou pran modèl sou Bondié... [p. 167].

VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA. Jan 8,12 : « Mouin sé limiè tè-a ; moun ki suiv  
mouin pap maché nan fènoua ».

ÉVANJIL. Matié 22, 34-40 : « Nan dé kòmandman sa yo tout laloua-a pandié  
ni profèt yo. »

Lè sa-a : Antan Farizyin yo tandé Jézu té fèmin bouch Sadoséyin yo...  
[p. 186].

Oubyin : Jan 13, 34-35 ; 15, 10-13 : « Sé yon kòmandman nouvo mouin ba  
nou. »

Lè sa-a, Jézu di Apot li yo : « Sé yon kòmandman nouvo... [p. 199].

DÉZIÈM ÉGZANP :

« Rénouvlé éspri kè nou »

LÉKTU I. Izayi 1, 10-18 : « Sispann aji avèk méchansté, aprann fè sa-k  
byin ».

Kouté paròl Granmèt la... [p. 128].

CHAN RÉPONS. Psòm 50 (sitou vv. 18-19).

R (19 a) Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri ki krazé. [p. 149].

LÉKTU II. Éfézyin 4, 23-32 : « Rénouvlé éspri kè nou ».

Frè-m yo : Rénouvlé éspri kè nou... [p. 167].

VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA. **Matié 11, 28** : « Vini koté-m, nou tout k-ap rédi épi k-ap poté chaj ; m-ap réfè nou ».

ÉVANJIL. **Matié 5, 1-12** : « Ala kontantman pou sa-k pòv yo nan éspri-a ». Lè sa-a : Antan Jézu ouè foul yo, li té monté sou mòn nan... [p. 181].

Dòt tèks yo kapab chouazi, nn. 101-201.

## 52. Oméli

Oméli-a vi-n apré sa. Antan-l kòmansé apati tèks léktu yo, li kondui pénitan yo nan égzamin konsians épi nan rénouvelman lavi.

## 53. Égzamin konsians

Li konvnab pou konsèvé yon sètin tan silans pou fè égzamin konsians épi pou provoké véritab kontrision péché yo. Pè-a oubyin diak la, oubyin yon lòt minis, kapab édé fidèl yo avèk paròl tou kout oubyin yon priyé litanik, antan yo fè atansyon kondisyon moun yo, laj yo, etc.

## Rit rékonsiliation-an

### 54. Konfésion jénéral péché yo

Sou invitasyon diak la, oubyin yon lòt minis, tout moun mét ajénou oubyin yo bésé tèt, épi ansanm yo di fòmul konfésion jénéral la (parégzanp Dévan Bondié ki gin tout pouvoua) ; apré sa, antan yo kanpé, dapré nésésité, yo fè priyé litanik la oubyin yon chan ki adapté. Alafin yo ajouté priyé Granmèt la. Yo pa doué janm kité-l.

### PRÉMIÉ ÉGZANP

Diak la oubyin minis la :

**Frè-m yo, rékonèt péché nou yo,  
épi priyé youn pou lòt pou nou kapab sové.**

Tout moun ansanm di :

**Dévan Bondié ki gin tout pouvoua  
épi nou minm tou, frè-m yo,  
mouin rékonèt mouin fè anpil péché  
nan sa-m pansé, nan sa-m di, nan sa-m fè,  
nan sa-m réfizé fè :**



épi antan yo frapé pouatri-n yo yo di :

**Sé fot mouin, sé fot mouin, sé fot mouin vré.**

Apré sa yo kontinié :

**Sé pousa mouin mandé Mari ki sin ki toujou rété Vièj,  
tout Anj yo ak sin yo  
épi nou minm tou, frè-m yo,  
lapriyè Granmèt Bondié nou-an pou mouin.**

Diak la oubyin minis la :

**An nou priyé avèk anpil siplikasion Granmèt mizèrikòd yo, pou li minm ki nétouayé kè moun ki mét konfians nan li yo, li bay koupab yo padon épi sa-k blésé yo li ba yo gérizon.**

— Pou-ou ba nou gras vrè pénitans la.

**R: N-ap lapriyè-ou, kouté nou.**

— Pou-ou aksépté bay sèvitè-ou padon épi laché dèt péché lontan yo.

**R: N-ap lapriyè-ou, kouté nou.**

— Pou pitit ou yo, ki té kité rout douat Égliz ki Sin-an antan yo fè péché-a, yo rétonin vi-n san fot antan yo résévoua padon moun yo yo aksépté-a.

**R: N-ap lapriyè-ou, kouté nou.**

— Pou sa yo mak péché-a sal batèm yo-a, yo rétonin nan klètè lontan-an.

**R: N-ap lapriyè-ou, kouté nou.**

— Pou sa yo ki rétonin kot lotèl ou yo ki sakré yo, yo réfòmé nan éspérans gloua tout tan-an.

**R: N-ap lapriyè-ou, kouté nou.**

— Pou yo pèsévére nan sakréman-ou yo antan yo kòmansé rinnèt tèt yo nèt yon fason sinsè épi pou yo rivé kolé kò yo tout tan sou ou kòm Granmèt.

**R:** N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

— Pou sa yo ki rénouvlé gras a charité-ou la, yo sèvi charité-ou la témouin sou tè-a.

**R:** N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

— Pou yo pèsévére avèk fidélimité nan kòmandman-ou yo, épi yo posédé lavi k-ap vini-an san rété.

**R:** N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

**Diak la oubyin minis la :**

**Koulié-a an nou priyé Bondié Papa nou-an avèk pròp paròl yo Kris la té aprann nou-an, pou-l padonnin péché nou yo épi pou-l délivré nou anba tout mal :**

**Tout moun ansanm kontinié :**

**Papa nou ki nan sièl la :**  
sé pou yo réspékté non-ou ;  
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;  
sé pou volonté-ou fèt, sou tè-a tankou nan sièl la.

**Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;**  
**padonnin sa nou fè-ou,**  
**tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy ;**  
**pa kité nou pran nan pièj ;**  
**min délivré nou ak sa ki mal.**

**Pè-a fini :**

**Rét prézan, Granmèt, kot sèvitè-ou yo,**  
**pou sa yo ki rékonèt yo péché nan Égliz ou-a,**  
**antan yo libéré anba tout péché pa lintèmédiè li,**  
**yo mérité di-ou mès, ak yon kè ki rénouvlé.**  
**Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou.**

Tout moun :

**Amèn.**

DÉZIÈM ÉGZANP

Diak la oubyin minis la :

**Antan n-ap sonjé bon kè Bondié Papa nou, an nou konfésé péché nou yo, frè-m yo, pou nou résévoua mizérikind li.**

Tout moun ansanm di :

**Dévan Bondié ki gin tout pouvoua épi nou minm tou, frè-m yo, mouin rékonèt mouin fè anpil péché nan sa-m pansé, nan sa-m di, nan sa-m fè, nan sa-m réfizé fè :**

épi antan yo frapé pouatri-n yo yo di :

**Sé fot mouin, sé fot mouin, sé fot mouin vré.**

Apré sa yo kontinié :

**Sé poua mouin mandé Mari ki sin é ki toujou rété Vièj, tout Anj yo ak sin yo épi nou minm tou, frè-m yo, lapriyé Granmèt Bondié nou-an pou mouin.**

Diak la oubyin minis la :

**Kris la, Sovè nou-an, li minm nou ginyin kòm avoka ki kòrèk kot Papa-a, an nou priyé-l avèk umilité, pou-l padonnin péché nou yo, épi pou-l pròpté nou anba tout fot.**

— **Ou minm yo voyé poté Bòn Nouvèl la bay pòv yo épi géri kè ki krazé yo.**

**R: Granmèt, pran pitié pou mouin péchè.**

**Oubyin : Granmèt, pran pitié.**

— **Ou minm ki pa vini pou rélé sa-k kòrèk yo, min péchè yo.**

**R: Granmèt, pran pitié pou mouin péchè.**

**Oubyin : Granmèt, pran pitié.**

— Ou minm ki té vlé padonnin sa-a ki té rinmin anpil la.

**R:** Granmèt, pran pitié pou mouin péchè.

**Oubyin :** Granmèt, pran pitié.

— Ou minm ki pa-t réfizé antré nan konvèsasion avèk piblikin yo épi péchè yo.

**R:** Granmèt, pran pitié pou mouin péchè.

**Oubyin :** Granmèt, pran pitié.

— Ou minm ki té ramné sou zépòl ou nan pak la mouton-an ki té pèdi-a.

**R:** Granmèt, pran pitié pou mouin péchè.

**Oubyin :** Granmèt, pran pitié.

— Ou minm ki pa-t kondané madanm adiltè-a, min ki té fè-l alé anpè.

**R:** Granmèt, pran pitié pou mouin péchè.

**Oubyin :** Granmèt, pran pitié.

— Ou minm ki té rélé Zaché piblikin-an nan konvèsion ak nouvo lavi-a.

**R:** Granmèt, pran pitié pou mouin péchè.

**Oubyin :** Granmèt, pran pitié.

— Ou minm ki té promèt paradi-a bay bandi-a ki té régrèt fot li yo.

**R:** Granmèt, pran pitié pou mouin péchè.

**Oubyin :** Granmèt, pran pitié.

— Ou minm ki antan-ou chita adouat Papa-a, ou vivan tout tan pou-ou ap plédé pou nou.

**R:** Granmèt, pran pitié pou mouin péchè.

**Oubyin :** Granmèt, pran pitié.

Diak la oubyin minis la :

**Koulié-a, tankou Kris la li minm té kòmandé nou-an, an nou priyé Papa-a ansanm, pou, antan nou youn padonnin lòt dèt nou yo, li minm li padonnin nou péché nou yo :**

Tout moun ansanm kontinié :

**Papa nou ki nan sièl la :  
sé pou yo réspékté non-ou ;  
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;  
sé pou volonté-ou fèt, sou tè-a tankou nan sièl la.**

**Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;  
padonnin sa nou fè-ou,  
tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy ;  
pa kité nou pran nan pièj ;  
min délivré nou ak sa ki mal.**

Pè-a fini :

**Bondié, ou minm ki té préparé sékou konvnab pou frajilité nou,  
fè nou favè, tanpri,  
pou rézilta réparation-l nan,  
li résévoua-l avèk kontantman,  
épi li kalkilé-l nan bon frékantasion.  
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou.**

Tout moun :

**Amèn.**

Dòt tèks yo kapab chouazi, nn. 202-205.

**55. Konfésion épi absolution chak moun apa.**

Lè sa-a atò, pénitan yo proché kot prèt yo ki instalé nan koté ki adapté, yo konfésé péché yo ba yo, épi chak moun résévoua absolution nan min yo, apré yo fi-n bay chak moun yon satisfaksion konvnab yo résévoua épi yo aksépté. Apré pè-a fi-n kouté konfésion-an, épi si ka-a prezanté, apré yon konsèy adapté, antan-l kité rèz bagay yo yo konn abitué fè nan rékonsiliasion yon sèl pénitan-an, pè-a lonjé min-l sou tèt pénitan-an, omouin min douat la, li bay absolution antan-l di :

**Bondié, Papa mizérikòd yo,  
li minm ki té rékonsilié tè-a avèk li-a  
pa pouvoua lanmò ak réziréksion Pitit li-a  
épi ki té vidé Éspri Sin-an pou padon péché yo,  
pa lintèmediè ministè Égliz la  
sé pou-l ba-ou padon ak lapè.**

**ÉPI MOUIN-MINM MOUIN PADONNIN-OU SOT NAN PÉCHÉ-OU YO  
O NON PAPA-A, AK PITIT LA, ✠ AK ÉSPRI-SIN-AN.**

Pénitan-an réponn :

**Amèn.**

**56. Proklamasyon louanj pou mizérikòd Bondié**

Lè konfèsion chak moun fini, pè-a k-ap dirijé sélébrasyon-an, antan-l gin-yin lòt pè yo bò koté-l, li invité pou aksion-gras épi li bay konsèy pou fè bòn aksion k-ap montré gras pénitans la nan lavi chak moun ak kominoté-a. Li konvab donk pou tout moun chanté psòm oubyin imn oubyin pou yo fè priyè litanik pou yo déklaré puisans Bondié ak mizérikòd li. Parégzanp Kantik la sint Vièj Mari-a, oubyin Psòm 135, vv. 1-9. 13-14. 16. 25-26 [p. 207].

Dòt tèks yo kapab chouazi, n. 206.

**57. Priyè final pou aksion-gras la**

Apré chan louanj la oubyin priyè litanik la, pè-a fini priyè yo fè ansanm nan :

**Bondié ki gin tout pouvoua, ki gin mizérikòd,  
ou minm ki té kréyé moun nan yon fason ékstraòdinè  
épi ki té réfè-l yon fason pi ékstraòdinè ankò  
épi ki pa abandoné péchè-a,  
min ki rapousuiv li avèk rinmin yon papa :  
ou té voyé Pitit ou-a sou tè-a  
pou-l té détrui péché-a ak lanmò-a nan soufrans li,  
épi pou-l té rinmèt nou lavi-a ak kontantman-an  
nan réziréksion-an ;  
ou té vidé Éspri-Sin-an nan kè nou yo  
pou nou té kapab vi-n tounin pitit ou avèk éritié ou ;  
sé tout tan ou-ap rénouvlé nou ak sakréman yo k-ap sovè nou-an**

pou nou libéré anba ésklavaj péché-a  
 épi pou nou transfòmé jou-an-jou pi byin  
 nan pòtré Pitit ou-a ou rinmin-an.  
 N-ap rann ou gras  
 pou mèvèy mizérikòd ou yo  
 épi n-ap fè louanj ou avèk tout Égliz la,  
 antan n-ap chanté yon kantik nouvo  
 avèk voua, avèk kè, avèk aksion.  
 Gloua pou ou, pa pouvoua Kris la, nan Éspri-Sin-an  
 koulié-a ak pou tout tan.

Tout moun :

**Amèn.**

Oubyin :

Papa ki sin,  
 ou minm ki réfòmé nou dapré pòtré Pitit ou-a,  
 fè nou favè, tanpri,  
 pou, antan nou résévoua mizérikòd la  
 nou vi-n tounin sign rinmin-ou nan sou tè-a.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou.

Tout moun :

**Amèn.**

Dòt tèks yo kapab chouazi, nn. 207-211.

### **Rit final**

58. Lè sa-a atò pè-a béni tout moun antan-l di :

Sé pou Granmèt la dirijé kè nou yo nan rinmin Bondié-a  
 ak pasians Kris la.

Tout moun :

**Amèn.**

**Pou nou kapab maché nan nouvoté lavi-a épi fè Bondié plézi nan tout bagay.**

Tout moun :

**Amèn.**

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua,  
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an  
béni nou byin béni.**

Tout moun :

**Amèn.**

Dòt tèks yo kapab chouazi, mn. 212-214.

**59.** Apré sa diak la, oubyin yon lòt minis, oubyin pè-a minm, ranvouayé asanblé-a :

**Granmèt la padoné péché nou yo. Alé nan lapè.**

Tout moun :

**Mèsi Bondié, mèsi.**

Oubyin yon lòt fòmul ki adapté.



## CHAPIT III

**ÒRDO POU RÉKONSILIÉ ANPIL PÉNITAN  
AVÈK KONFÉSION ÉPI ABSOLUSION JÉNÉRAL**

**60.** Pou rékonsilié anpil pénitan avèk konfésion épi absoulusion jénéral nan ka doua-a prévoua-a, yo fè tout bagay tankou yo di pi ro-a nan sélébrasion rékonsiliasion pou anpil pénitan avèk konfésion épi absoulusion pou chak moun apa, yo sèlman chanjé bagay sa yo ki suiv la.

**Avètisman**

Lè oméli-a fini, oubyin anndan oméli-a minm, yo avèti fidèl yo ki vlé réservoua absoulusion jénéral la, pou yo dispozé tèt yo yon fason konvtab, sa vlé di pou chak moun régrèt néglijans li, épi pou-l pran rézoulusion kité péché yo, pou-l désidé réparé skandal yo avèk domaj yo ki t-a kapab rivé, épi an minm tan li propozé pou chak moun konfésé péché grav li yo nan tan yo doue-a, péché sa yo yo pa gin posibilite konfésé koulié-a ; an plis li propozé yon sètin satisfaksion pou tout moun fè, chak moun a kapab ajouté kichòy ladan-l si-l vlé.

**Konfésion jénéral**

**61.** Apré sa, diak la oubyin yon lòt minis oubyin pè-a minm invité pénitan yo ki vlé réservoua absoulusion-an pou yo fè konnin yo mandé-l ak yon sign. Parégzanp :

**Moun yo ki vlé réservoua absoulusion sakramantèl la koulié-a, sé pou yo mét ajénou épi sé pou yo fè konfésion jénéral la.**

**Oubyin :**

**Moun yo ki vlé réservoua absoulusion sakramantèl la koulié-a, antan yo bésé tèt yo sé pou yo fè konfésion jénéral la.**

Oubyin li propozé yon lòt sign dapré règ Konfèrans Épiskopal yo fiksé.

Pénitan yo di fòmul konfésion jénéral la (parégzanp Dévan Bondié ki gin tout pouvoua) apré sa yo kapab mété priyè litanik la oubyin yon chan ki adapté, tankou yo palé pi ro-a osijè rékonsiliasion pliziè pénitan avèk konfésion épi absoulusion pou chak moun apa (n. 54). Alafin sé pou yo toujou ajouté priyè Granmèt la.

## Absolution jénéral

62. Lè sa-a atò pè-a bay absolution-an, antan-l di, ak min-l lonjé sou tèt pénitan yo :

**Bondié Papa-a,**  
**ki pa vlé lanmò péchè-a,**  
**min pou-l konvèti épi pou-l viv,**  
**épi li minm ki té rinmin nou an premié**  
**épi ki té voyé Pitit li-a sou tè-a**  
**pou tè-a sové pa lintèmediè-l,**  
**sé pou-l montré nou mizèrikòd li-a**  
**épi sé pou-l ba nou lapè.**

**R: Amèn.**

**Granmèt Jézu-Kri,**  
**li minm yo té rinmèt pou fot nou yo**  
**épi ki té résisté pou jistikasyon nou**  
**li minm tou ki té vidé Éspri-Sin-an sou Apot li yo**  
**pou yo té résévoua pouvoua padonnin péché yo,**  
**li minm pa pouvoua ministè nou sé pou-l libéré nou anba mal la**  
**épi sé pou-l plin nou ak Éspri-Sin-an.**

**R: Amèn.**

**Éspri Paraklè-a,**  
**li minm yo ba nou pou padon péché yo**  
**épi li minm nou jouinn posibilite proché kot Papa-a nan li-a,**  
**sé pou-l nétouayé kè nou**  
**épi sé pou-l fè-l kléré ak klètè-l**  
**pou nou anonsé puisans li yo**  
**li minm ki rélé nou sot nan ténèb yo**  
**al nan limiè-l ki plin mèvèy la.**

**R: Amèn.**

**ÉPI MOUIN-MINM MOUIN PADONNIN NOU SOT NAN PÉCHÉ NOU YO**  
**O NON PAPA-A, AK PITIT LA, ✠ AK ÉSPRI-SIN-AN.**

**R: Amèn.**

Oubyin :

**Bondié, Papa mizérikòd yo,  
ki té rékonsilié tè-a avèk li  
pa pouvoua lanmò ak réziréksion Pitit li-a  
épi ki té vidé Éspri-Sin-an pou padon péché yo,  
pa lintèmédiè ministè Égliz la  
sé pou-l ba nou padon ak lapè.**

**ÉPI MOUIN-MINM MOUIN PADONNIN NOU SOT NAN PÉCHÉ NOU YO  
O NON PAPA-A, AK PITIT LA, ✝ AK ÉSPRI-SIN-AN.**

**R: Amèn.**

**63. Proklamasyon louanj épi konklizyon**

Apré sa, pè-a invité tout moun pou aksyon-gras pou déklaré mizérikòd Bondié, épi, aprè yon chan ki adapté oubyin yon imn, antan yo kite priyè final la, li béni pèp la osito épi li ranvouayé-l, jan sa indiké nan Òrdo pou rékonsiliasyon pliziè pénitan yo avèk konfésion épi absoulusion pou chak moun apa-a, nn. 58-59.

**RIT PI KOUT**

**64.** Si nésésité-a présé, Òrdo pou rékonsilié pliziè pénitan yo avèk konfésion épi absoulusion jénéral la kapab rakousi avèk avantaj. Lè sa-a, dapré sikonstans, lè yo fi-n fè yon léktu kout sot nan Ékritu Sint la, épi apré avètisman òdinè-a (pi ro n. 60) épi satisfaksion yo égzijé-a, yo invité pénitan yo osito pou fè konfésion jénéral la (parégzanp Dévan Bondié ki gin tout pouvoua), épi pè-a ba yo absoulusion jan sa indiké nan invokasyon pi ro-a n. 62.

**65.** Si gin yon danjé lanmò présé, sa kont pou prèt la anplouayé fòmül absoulusion-an, fòmül sa-a, nan ka sa-a, yo kapab fè-l pi kout konsa :

**MOUIN-MINM MOUIN PADONNIN NOU SOT NAN PÉCHÉ NOU YO  
O NON PAPA-A, AK PITIT LA, ✝ AK ÉSPRI-SIN-AN.**

**R: Amèn.**

**66.** Fidèl ki jouinn padon pou péché grav yo pa lintèmédiè absoulusion sakramantèl yo bay yon fason jénéral, sé pou-l fè èfò pou-l konfésé yo chak, nan premié konfésion individuèl li rankontré.

## CHAPIT IV

**DIVÈS TÈKS YO KAPAB ANPLOUAYÉ  
NAN SÉLÉBRASION RÉKONSILIASION-AN**

## I. POU RÉKONSILIASION YON SÈL PÉNITAN

**Invitation pou mét konfians nan Bondié**

67. Proché avèk konfians kot Granmèt la  
ki pa vlé lanmò péchè-a,  
min pou-l konvèti épi pou-l viv. (Ézékièl 33, 11)

68. Sé pou Granmèt Jézu résévoua-ou,  
li minm ki pa vi-n rélé moun kòrèk yo min péchè yo.  
Fè-l konfians. (Luk 5, 32)

69. Sé pou gras Éspri-Sin-an  
kléré kè-ou,  
pou-ou konfésé péché-ou avèk konfians  
épi pou-ou rékonèt mizérikòd Bondié-a.

70. Sé pou Granmèt la nan kè-ou  
pou-ou konfésé péché-ou yo avèk yon nanm ki régrèt.

71. Si-ou té fè péché, pa pèdi konfians  
nou gin yon avoka kot Papa-a, Jézu-Kri sa-k jis la :  
li minm minm li sé padon pou péché nou yo,  
pa pou pa nou yo sèlman,  
min tou pou pa tout tè-a. (1 Jan 2, 1-2)

**Léktu kout sot nan Ékritu Sint la**

72. An nou gadé kot Jézu,  
li minm ki soufri pou sové nou  
épi ki résisité pou jistikasyon nou :

**Izayi 53, 4-6 :**

Réyèlman sé maladi nou li minm li t-ap poté, sé soufrans nou li  
minm li t-ap poté, nou minm nou té konprann li té tankou yon  
lépré, yon moun Bondié frapé, Bondié imilié. Li minm minm li

blésé pou péché nou, li frapé poutèt krim nou yo, koréksion lapé nou-an sou li, sé gras a koté-l blésé yo nou géri.

Nou tout nou té pèdi chémin tankou mouton, chak moun té dévié nan chémin pa-l. Granmèt la mété fot nou tout nan li.

73. **Ézèkièl 11, 19-20 :**

An nou kouté Granmèt la k-ap di nou :

« M-ap ba yo yon kè nouvo, m-ap mété yon éspri nouvo nan zantray yo, m-ap rétiré kè ròch la sot nan chè yo, m-ap ba yo yon kè an chè, pou yo maché nan kòmandman-m yo, pou yo kinbé jijman-m yo, pou yo réalizé yo, pou yo pèp mouin épi mouin minm pou-m Bondié yo ».

74. **Matié 6, 14-15:**

An nou kouté Granmèt la k-ap di nou :

« Konsa si nou padonnin moun yo péché yo, Papa nou ki nan sièl la ap padonnin nou fot nou tou ; min si nou pa padonnin moun yo, Papa nou ki nan sièl la pap padonnin nou péché nou. »

75. **Mark 1, 14-15:**

Apré yo fi-n arété Jan,

Jézu rivé nan Galilé, l-ap préché bòn nouvèl péyi-roua Bondié-a,

l-ap di : « Tan-an rivé,

péyi-roua Bondié-a proche :

fè pénitans, kouè nan bòn nouvèl la ».

76. **Luk 6, 31-38:**

An nou kouté Granmèt la k-ap di nou :

«Tou sa nou vlé pou lézòm fè pou nou, sé pou nou fè-l pou yo tou.

Si nou rinmin sa yo ki rinmin nou, ki gras k-ap pou nou ?

Sèké minm péchè yo youn rinmin lòt. Si sé moun ki fè nou dibyin

n-ap fè dibyin, ki gras k-ap pou nou ? Sé konsa tou minm péchè

yo yo fè sa. Si nou prêté moun nou éspéré résévoua nan min yo, ki

gras k-ap pou nou ? Sèké ni péchè yo yo prêté péchè yo, pou yo

résévoua minm jan.

Vréman, sé pou nou rinmin ènmi nou yo, sé pou yo nou fè

dibyin, sé pou nou prêté, san nou pa éspéré anyin ; konsa

rékonpans nou ap anpil, n-ap vi-n tounin pitit Sa-a ki anro nèt la,

paské li bon ni pou moun ki pa gin rékonésans, ni pou moun ki

mové yo. Sé pou nou gin mizérikòd, tankou Papa nou gin

mizérikòd la.

Pa jijé, yo pap jijé nou ; pa kondané, yo pap kondané nou ; padonnin, y-ap padonnin nou ; bay, y-ap ba nou ; sé yon mézi ki bon, ki foulé, ki byin souké, k-ap débòdé, y-ap vidé nan léstomak nou. Ak minm mézi n-ap méziré-a, sé avèk li y-ap rinnèt nou ».

77. Luk 15, 1-7:

Piblikin yo ak péchè yo t-ap proché kot Jézu, pou yo kouté-l.

Farizyin yo ak skrib yo t-ap plinyin, yo t-ap di : « Sa-a résévoua péchè yo, li manjé avèk yo ».

Li bay parabòl sa-a pou yo, li di : « Kilès nan nou, si-l gin san mouton épi, si-l pèdi youn nan yo, pou-l pa kité katrévindisnè yo nan dézè-a pou-l al chèché sa-k pèdi-a joutan li jouinn li ?

Épi, lè-l jouinn li, li mété-l sou zépòl li ak kè kontan, li rivé lakay li, li rasanblé zanmi ak vouazin yo, li di yo : “Fè kè nou kontan avèk mouin, paské mouin jouinn mouton-m nan ki té pèdi-a”.

Mouin di nou ap gin plis kè kontan nan sièl la pou yon péchè ki fè pénitans, pasé pou katrévindisnè moun kòrèk ki pa bézouin pénitans.

Oubyin kilès madanm, si-l gin dis dragm, épi li pèdi yon sèl dragm, pou-l pa limin lanp, balé kay la, chèché avèk souin, joutan li jouinn li ?

Lè-l jouinn li, li rasanblé zanmi ak vouazi-n, li di : “Fè kè nou kontan avèk mouin, paské mouin jouinn dragm nan mouin té pèdi-a”.

Sé konsa, mouin di nou, ap gin kè kontan dévan anj Bondié yo pou yon sèl péchè ki fè pénitans ».

Paròl Granmèt la.

78. Jan 20, 19-23:

Lè asouè rivé, jou sa-a, premié jou sémèn nan, tout pòt yo té fèmin, koté disip yo té rasanblé poutèt yo té pè Juif yo, Jézu rivé, li kanpé nan mitan, li di yo : « Lapè pou nou ». Pandan l-ap di sa, li montré yo min yo ak bò kòt la. Disip yo kontan, lè yo ouè Granmèt la.

Li di yo yon lòt foua ankò : « Lapè pou nou. Minm jan Papa-a voyé-m nan, mouin minm tou mouin voyé nou ». Lè-l fi-n di sa, li souflé, li di yo : « Résévoua Éspri Sin-an. Moun nou

rinnèt péché yo, péché yo ap rinnèt, moun nou kinbé péché yo, y-ap rét kinbé ».

79. **Romin 5, 8-9:**

Min Bondié montré jan-l rinmin nou, paské, malgré sé péchè nou té yé, Kris la té mouri pou nou nan tan fiksé-a.

Konsa koulié-a minm, nou kòrèk pi-plis ankò nan san-l, n-ap sovè gras a li sot nan kòlè-a.

80. **Éfézyin 5, 1-2:**

Konsa sé pou nou pran modèl sou Bondié, tankou pitit li rinmin anpil ; Maché nan rinmin-an, tankou Kris la té rinmin nou, li té rinnèt tèt li pou nou kòm sakrifis ki santi bon lodè pou Bondié.

81. **Kolosyin 1, 12-14:**

N-ap di Bondié Papa-a mèsi, li minm ki fè nou mérité jouinn pòsion nan éritaj sin yo nan limiè-a, li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, ki fè nou travèsé nan péyi roua Pitit li rinmin-an. Nan Pitit sa-a nou jouinn rédanmsion pa pouvoua san-li, padon pou péché yo.

82. **Kolosyin 3, 8-10. 12-17:**

Koulié-a minm, nou minm tou, dépozé tout bagay : kòlè, mové san, méchansté, blasfèm, paròl sal sot nan bouch nou ; pa fè manti youn bay lòt, nou ouété moun ansyin-an ak tout aksion-l yo ki té abiyé nou-an, nou abiyé ak moun nouvo-a, ki réfèt tou nèf nan konésans la, dapré pòtré sa-a ki té kréyé-l la.

Abiyé nou, tankou moun Bondié chouazi, ki sin, tankou moun li rinmin, abiyé nou ak zantray mizérikòd, ak bon kè, rabésé tèt nou, fè kò nou tou dou, pran pasians, sipòté nou youn lòt, sé pou youn padonnin lòt, si youn gin kichòy kont lòt : jan Granmèt la padonnin nou-an, konsa nou minm tou.

Anlè tout bagay sa yo, sé pou nou gin charité, li minm ki kòd ki maré sa ki fi-n kòrèk nèf la ; sé pou lapè Kris la fété nan kè nou, sé nan li yo té rélé nou pou nou fè yon sèl kò ; sé pou nou rét ap di Bondié mèsi.

Paròl Kris la, sé pou-l abité nan nou jous li plin nou, antan youn ap bay lòt ansègnman antan youn ap réprann lòt nan tout kalité sajes, avèk Psòm, kantik avèk chanté spirituèl, antan nan gras la n-ap chanté pou Bondié nan kè nou. Tou sa n-ap fè

soua nan paròl, soua nan aksion, sé pou nou fè tout bagay o non Granmèt Jézu-Kri, antan n-ap di Bondié Papa-a mèsì pa lintemédiè-l.

83. 1 Jan 1, 6-7. 9:

Si nou di nou nan kominion avèk li, épi n-ap maché nan ténèb, nou fè manti épi nou pa fè vérité ; min si n-ap maché nan limiè, minm jan li minm li nan limiè-a, nou nan kominion youn ak lòt, épi san Jézu-Kri, Pitit li-a, pròpté nou anba tout péché. Si nou konfésé péché nou yo, li fidèl épi li kòrèk, pou-l padonnin nou péché nou yo épi pou-l nétouayé nou sot nan tout fot.

84. Yo kapab pran léktu yo tou ki propozé pi louin-an pou sélébrasion rékonsiliasion pou pliziè pénitan, mn. 101-201. Minm jan-an tou dapré volonté pè-a ak pénitan-an yo kapab anplouayé dèt léktu ki sot nan Ékritu sint la.

### Priyè pénitan-an

85. Sonjé pitié-ou yo, Granmèt,  
ak mizérikòd ou yo, paské yo la pou tout tan.  
Péché-m yo ak fot mouin yo, pa sonjé yo ;  
dapré mizérikòd ou-a, sonjé-m ou minm,  
poutèt ou bon, Granmèt. (Psòm 24, 6-7)
86. Lavé-m, Granmèt, sot nan fot mouin-nan,  
épi pròpté-m sot nan péché-m nan,  
paské fot mouin-an, mouin minm mouin konnin-l,  
péché-m nan dévan-m tout tan. (Psòm 50, 4-5)
87. Papa, mouin fè péché kont ou,  
mouin déjà pa mérité pou yo rélé-m pitit ou.  
Pran pitié pou mouin péchè. (Luk 15, 18; 18, 13)
88. Bondié, Papa ki bon anpil,  
tankou pitit ki régrèt ki tounin koté-ou m-ap palé :  
« Mouin fè péché kont ou ;



mouin déjà pa mérité yo rélé-m pitit ou ».

**Kris Jézu, sovè tè-a,**

**tankou bandi-a ou té louvri pòt Paradi-a pou li-a, m-ap priyé-ou :**

**« Sonjé-m, Granmèt, nan péyi roua-ou la ».**

**Éspri-Sin, sous rinmin-an,**

**avèk konfians m-ap rélé-ou :**

**« Pròpté-m ;**

**fè-m maché tankou pitit limiè ».**

**89. Granmèt Jézu,**

**ou minm ki té louvri jé avèg yo, ki té géri malad yo,**

**ki té padonnin péchrès la épi, apré fot la,**

**ki té rasiré Piè nan rinmin-an,**

**résévoua priyé-m nan :**

**padonnin tout péché-m yo,**

**renouvelé amou-ou nan mouin,**

**fè-m viv jan sa doué fèt tankou frè ki fè yon sèl,**

**pou-m kapab anonsé moun yo ou sové nou.**

**90. Granmèt Jézu,**

**ou minm ki té vlé yo rélé-ou zanmi péchè yo,**

**pa pouvoua mistè lanmò-ou la ak rézirkonksion-ou nan,**

**libéré-m sot nan péché-m yo.**

**Sé pou lapè-ou la fléri nan mouin,**

**pou-m poté frui rinmin, jistis ak vérité.**

**91. Granmèt Jézu-Kri,**

**Mouton Bondié ki ouété péché sou tè-a,**

**pa pouvoua gras Éspri-Sin-an**

**ou aksépté rékonsilié-m ak Papa-ou ;**

**nan san-ou lavé-m sot nan fot,**

**fè-m vi-nn tounin yon moun vivan pou louanj gloua-ou.**

**92. Pran pitié pou mouin, Bondié,**

**dapré mizérikòd ou-a ;**

**viré fas ou louin péché-m yo,**

**tout fot mouin yo, lavé yo,**

kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié  
épi rénovlé yon éspri douat nan zantray mouin yo.

Oubyin :

Granmèt Jézu, Pitit Bondié,  
pran pitié pou mouin péchè.

### Apré absolution-an

93. Nan plas proklamasyon louanj Bondié-a ak fòmul ranvoua-a, pè-a kapab di :

Sé pou soufrans Granmèt nou Jézu-Kri, intèsésion sint Vièj Mari ak tout sin yo, tout kalité bon bagay ou-ap fè épitou mal ou-ap sipoté, yo sèvi-ou rémèd péché yo, ogmantasyon gras la ak rékonpans lavi tout tan-an. Alé an pè.

Oubyin :

Granmèt la libéré-ou anba péché-a.  
Li sové-ou nan péyi roua sièl li-a.  
Gloua pou li pou tout tan. ✠ Amèn.

Oubyin :

Ala kontantman pou sa-a yo padonnin fot li yo  
épi yo kouvri péché-l yo.  
Fè kè-ou kontan, frè mouin, épi fété nan Granmèt la.  
Alé an pè.

Oubyin :

Alé an pè,  
anonsé mèvèy Bondié yo sou tè-a,  
li minm ki sové-ou.

## II. POU RÉKONSILIASION PLIZIÈ PÉNITAN

**Tèks pou salutasion**

94. Gras, mizèrikòd, lapè avèk nou,  
sot nan Bondié Papa-a ak Jézu-Kri Pitit Papa-a,  
nan vérité-a ak charité-a.

**R:** Amèn.

95. Frè-m yo, sé pou Granmèt la louvri kè nou nan laloua-l la  
épi sé pou-l fè lapè ;  
sé pou-l kouté priyè nou yo  
épi sé pou-l rékonsilié avèk nou.

**R:** Amèn.

96. Gras pou nou ak lapè sot nan Bondié Papa nou,  
ak Granmèt Jézu-Kri,  
ki té rinnèt pròp tèt li pou péché nou yo.

**R:** Gloua pou li pou tout tan gin tan. Amèn.

Minm jan-an tou yo kapab sèvi avèk salutasion yo mété pou kòmansman  
Mès la.

**Priyè sou pèp la ki rasanblé-a**

97. Anba tout péché yo, tanpri, Granmèt,  
dégajé nou ak bon kè-ou,  
pou, antan nou résévoua padon péché yo,  
nou sèvi-ou avèk éspri nou lib.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R:** Amèn.

98. Granmèt, Bondié nou,  
ou minm ki pa tiré vanjans sou ofans nou,  
min ou byin dispozé poutèt nou réparé,  
voyé jé, tanpri, sou nou minm sèvitè-ou yo,

ki rékonèt nou fè péché kont ou ;  
 fè nou favè pou nou sélébré sakréman mizérikòd ou-yo,  
 épi pou antan aksion nou yo korijé,  
 nou montré rékonésans poutèt ou ba nou  
 kontantman ki sot anro-yo.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

**R:** Amèn.

99. Bondié ki gin tout pouvoua, ki gin mizérikòd,  
 ou minm ki rasanblé nou fè youn o non Pitit ou-a,  
 pou nou jouinn mizérikòd  
 épi pou nou résévoua gras nan sékou nou bézouin ;  
 louvri jé nou pou nou ouè mal yo nou té fè yo,  
 épi touché kè nou pou yo konvèti nan diréksion-ou nan vérité ;  
 nou minm péché-a té séparé-a épi té gayé-a,  
 sé pou charité-ou la fè nou rétonnin vi-n fè yon sèl ankò ;  
 sa frajilité-a té blésé-a,  
 sé pou puisans ou géri-l épi pou-l ba-l fòs ;  
 sa lanmò-a té anchinnin-an,  
 sé pou Éspri-ou la fè-l vin tou nèf pou lavi-a ;  
 pou gras a charité-a ki réfèt nan nou-an,  
 pòtré Pitit ou-a kléré nan aksion nou yo  
 épi pou tout moun,  
 gras a klété-l k-ap kléré sou fas Égliz la,  
 yo rékonèt sé ou minm ki té voyé-l,  
 Jézu-Kri, Pitit ou-a, Granmèt nou-an.

**R:** Amèn.

100. Papa mizérikòd yo, Bondié tout konsolation,  
 ou minm ki té di sa-ou vlé sé konvèsion péchè yo, sé pa lanmò yo,  
 bay pèp ou-a sékou  
 pou-l tounin vi-n jouinn ou épi pou-l viv.  
 Édé nou pou antan n-ap kouté paròl ou yo,  
 nou rékonèt péché nou yo  
 épi nou rann ou gras pou padon-an nou résévoua-a,

**épi antan nou fè lavérité nan lacharité,  
nou dévlopé sou tout pouin nan Kris Pitit ou-a,  
li minm ki vivan é ki roua pou tout tan gin tan.**

**✠ Amèn.**

## **Léktu bibliik yo**

Léktu yo propozé isit la, yo chouazi yo pou avantaj pastè yo ak fidèl yo.  
Pou divèsité ak patikilarité asanblé yo, yo kapab chouazi dèt léktu.

### **LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN**

- 101. Jénèz 3, 1-19 :** « Li pran nan frui-a, li manjé. »  
Sèpan-an sé té pi rizèz nan tout bèt yo sou tè-a... [p. 116].
- 102. Jénèz 4, 1-15 :** « Kayin lévé kont frè-l Abèl, li touyé-l. »  
Adan vi-n gin rélasion avèk madanm li Èv... [p. 117].
- 103. Jénèz 18, 17-33 :** « Granmèt la di : Mouin pap détoui vil la poutèt dis moun kòrèk. »  
Granmèt la té di : « Èské mouin kapab kaché... [p. 118].
- 104. Égzòd 17, 1-7 :** « Yo té éséyé Granmèt la, antan y-ap di : Èské Granmèt la avèk nou oubyin non ? »  
Jou sa yo : Tout foul pitit Israël yo pati... [p. 119].
- 105. Égzòd 20, 1-21 :** « Mouin sé Granmèt Bondié-ou la... Ou pap gin dié étranjé. »  
Granmèt la palé... [p. 119].
- 106. Détéronòm 6, 4-9 :** « Sé pou-ou rinmin Granmèt ou-a ak tout kè-ou. »  
Jou sa yo : Moyiz palé ak pèp la, antan-l di : « Kouté, Israël... [p. 121].
- 107. Détéronòm 9, 7-19 :** « Pèp ou-a fè vit abandoné chémin-an ou té montré yo-a. »  
Jou sa yo : Moyiz palé ak pèp la, li di : « Sonjé... [p. 122].

108. **Détéronòm 30, 15-20** : « Konsidéré sa jodi-a mouin propozé dévan-ou : lavi-a ak byin-an, épi okontrè : lanmò-a ak malè-a. »  
Moyiz palé ak pèp la, li di : « Konsidéré sa-m prezanté dévan-ou jodi-a... [p. 122].
109. **2 Samuèl 12, 1-9. 13** : « David di Natan : Mouin fè péché kont Granmèt la. Natan di David : Granmèt la tou passé sou péché-ou la, ou pap mouri ».   
Jou sa yo : Granmèt la voyé Natan kot David... [p. 123].
110. **Néemi 9, 1-20** : « Pitit Israël yo rasanblé pou yon jèn, yo konfésé péché yo. »  
Sou vinkatriyèm jou moua sa-a... [p. 124].
111. **Sajès 1, 1-16** : « Sé pou nou rinmin jistis la, paské nan nanm ki malvéyan, sajès la pa antré, ni li pa abité nan yon kò ki anba lòd péché yo. »  
Sé pou nou rinmin jistis la... [p. 125].
112. **Sajès 5, 1-16** : « Éspoua péchè-a tankou pay blé van-an ap broté. Kanta moun kòrèk yo minm y-ap viv pou tout tan. »  
Moun kòrèk yo minm ap kanpé avèk anpil asirans... [p. 126].
113. **Sirasid 28, 1-7** : « Kité prochin-ou nan trankil, li minm k-ap nui-ou nan, épi lè sa-a atò antan ou-ap priyé péché-ou yo ap éfasé. »  
Moun ki vlé tiré vanjans... [p. 127].
114. **Izayi 1, 2-6. 15-18** : « Mouin té nouri pitit yo, mouin té lévé yo anlè ; yo minm minm yo té méprizé-m. »  
Kouté sièl yo, épi louvri zòrèy nou... [p. 127].
115. **Izayi 5, 1-7** : « Zanmi-m nan té gin yon pié rézin. Li t-ap tann pou-l fè bon grinn rézin, min sé grinn rabi li bay. »  
M-ap chanté pou zanmi-m nan... [p. 128].
116. **Izayi 43, 22-28** : « Sé mouin minm, sé mouin minm minm ki blijé éfasé péché-ou yo poutèt mouin. »  
Min paròl Granmèt la : « Ou pa-t lapriyé-m... [p. 129].
117. **Izayi 53, 1-12** : « Granmèt la mété fot nou tout nan li. »  
Kilès ki kouè sa nou tandé-a ? ... [p. 130].

118. **Izayi 55, 1-11** : « Sé pou méchan-an kité rout li, sé pou-l tounin kot Granmèt la, l-ap pran pitié pou li, paské li paré byin paré pou-l padonnin. »  
Nou tout ki souaf, vi-n... [p. 131].
119. **Izayi 58, 1-11** : « Lè ou-a vidé nanm ou bay moun ki grangou-a, lè ou-a plin nanm moun ki nan lapinn nan, limiè-ou ap lèvé nan fènoua yo, fènoua-ou yo ap vi-n tankou midi. »  
Min paròl Granmèt la : « Rélé, pa sispann... [p. 132].
120. **Izayi 59, 1-4. 9-15** : « Fot nou yo foyé yon séparasion ant nou minm ak Bondié nou-an. »  
Gadé, min Granmèt la pa trò kout... [p. 133].
121. **Jérémi 2, 1-13** : « Dé mal pèp mouin té fè : mouin minm yo té lagé-m, sous dlo vivan-an, yo té foyé pou yo sitèn ki fann, ki pa kapab kinbé dlo yo. »  
Paròl Granmèt la rivé koté-m, li di : « Alé... [p. 133].
122. **Jérémi 7, 21-26** : « Kouté voua-m, m-ap Bondié nou, nou minm n-ap pèp mouin. »  
Min sa Granmèt lamé yo di... [p. 134].
123. **Ézékièl 11, 14-21** : « M-ap rétiré kè ròch la sot nan chè yo, m-ap ba yo yon kè chè, pou yo maché nan kòmandman-m yo. »  
Paròl Granmèt la rivé koté-m antan-l di : « Pitit moun... [p. 135].
124. **Ézékièl 18, 20-32** : « Si péchè-a fè pénitans, l-ap viv byin pròp, li pap mouri. »  
Paròl Granmèt la rivé koté-m antan-l di : « Nanm k-ap fè péché-a... [p. 135].
125. **Ézékièl 36, 23-28** : « M-ap vidé yon dlo pròp sou nou, m-ap mété éspri-m nan mitan nou, m-ap fè nou maché nan lòd mouin yo. »  
Min sa Granmèt Bondié-a di : « M-ap fè rékonèt non-m sin... [p. 136].
126. **Ozé 2, 16-25** : « M-ap pasé yon aliens avèk yo jou sa-a. »  
« Ap rivé nan jou sa-a, sé sa Granmèt la di... [p. 137].
127. **Ozé 11, 1-11** : « Mouin té konn poté yo nan bra-m yo, yo pa-t konnin sé mouin ki t-ap pran souin yo. »

Min sa Granmèt la di : « Lè Israël té piti... [p. 137].

128. **Ozé 14, 2-10:** « Tounin, Israël, kot Granmèt Bondié-ou la. »  
« Tounin, Israël... [p. 138].
129. **Joèl 2, 12-19:** « Tounin koté-m ak tout kè nou. »  
« Koulié-a, sé sa Granmèt la di... [p. 138].
130. **Miché 6, 1-15:** « Fè jijman, rinmin mizérikòd, maché avèk atansion  
ansanm ak Bondié-ou la. »  
Kouté sa Granmèt la di... [p. 139].
131. **Miché 7, 2-7. 18-20:** « Granmèt la ap tounin, l-ap pran pitié pou nou,  
l-ap jété tout péché nou yo nan fon lanmè-a. »  
Fidèl la disparèt sot nan péyi-a... [p. 140].
132. **Zakari 1, 1-6:** « Tounin vi-n jouinn mouin, m-a tounin al jouinn nou  
tou. »  
Nan uitièm moua-a... [p. 141].

### PSÒM RÉPONS YO

133. **Psòm 12.**  
R: (6 a) Mouin minm nan mizérikòd ou-a mouin espéré. [p. 142].
134. **Psòm 24.**  
R: (16 a) Voyé jé sou mouin, Granmèt, pran pitié pou mouin. [p. 143].
135. **Psòm 30, 1-6.**  
R: (6 b) Ou rachté-m, Granmèt, Bondié vérité-a. [p. 145].
136. **Psòm 31.**  
R: (cf. 5 c) M-ap konfésé péché-m nan bay Granmèt la. [p. 146].
137. **Psòm 35.**  
R: (8 a) Ala gran valè mizérikòd ou-a ginyin, Bondié ! [p. 147].
138. **Psòm 49, 7-8. 14-23.**  
R: (23b) Moun ki san tach nan chémin-an,  
m-ap montré-l sovè Bondié sovè nou-an. [p. 148].
139. **Psòm 50.**  
R: (14 a) Fè-m rétrouvé lajoua sovè ou sovè nou-an. [p. 149].



140. Psòm 72.  
 ⚔ (28 a) Kolé kò-m sou Bondié, sé sa ki bon. [p. 150].
141. Psòm 89.  
 ⚔ (14) Plin nou, Granmèt, ak mizérikòd ou-a,  
 n-a fété pandan tout jou nou yo. [p. 152].
142. Psòm 94.  
 ⚔ (8 a) Si jodi-a nou té kapab tandé voua Granmèt la. [p. 153].
143. Psòm 118, 1. 10-13. 15-16.  
 ⚔ (1 b) Ala kontantman pou sa yo k-ap maché nan laloua Granmèt  
 la. [p. 155].
144. Psòm 122.  
 ⚔ (2 c) Jé nou yo kot Granmèt la Bondié nou-an. [p. 155].
145. Psòm 129.  
 ⚔ (7 bc) Kot Granmèt la sé mizérikòd,  
 épi koté-l sé rédanmsion anpil. [p. 155].
146. Psòm 138, 1-18. 23-24.  
 ⚔ (23 a) Égzaminé-m, Bondié, konnin kè-m. [p. 156].
147. Psòm 142, 1-11.  
 ⚔ (10) Aprann mouin fè sa-k fè-ou plézi, Bondié mouin. [p. 157].

### LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

148. Romin 3, 22-26: « Yo jistifié gratis pa pouvoua rédanmsion-an ki  
 nan Kris Jézu-a. »  
 Frè-m yo : Jistis Bondié-a gras a lafoua... [p. 159].
149. Romin 5, 6-11: « N-ap tiré gloua nan Bondié gras a Granmèt nou  
 Jézu-Kri li minm pa lintèmédiè-l koulié-a nou résévoua  
 rékonsiliation-an. »  
 Frè-m yo : Malgré nou té fèb toujou-a, Kris la... [p. 159].
150. Romin 6, 2b-13: « Konsidéré nou mouri parapò a péché-a, min nou  
 vivan pou Bondié nan Kris Jézu. »  
 Frè-m yo : Nou minm ki mouri parapò a péché-a... [p. 159].

151. **Romin 6, 16-23:** « Chatiman péché-a sé lanmò, kado Bondié-a minm, sé lavi tout tan-an nan Kris Jézu Granmèt nou-an. »  
Frè-m yo : Èské nou pa konnin... [p. 160].
152. **Romin 7, 14-25:** « Ala malè pou moun sa-a mouin minm minm nan ! Kilès k-ap libéré-m ? Granmési Bondié pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou. »  
Frè-m yo : Nou konnin réyèlman laloua-a... [p. 161].
153. **Romin 12, 1-2. 9-19:** « Transfomé nou antan nou rénovlé éspri-a. »  
Mouin mandé nou avèk anpil pèsistans, frè-m yo... [p. 162].
154. **Romin 13, 8-14:** « Sé pou nou kite aksion fènoua yo, épi sé pou nou abiyé avèk zam limiè yo. »  
Frè-m yo : Nou pa doué gin okinn dèt pou pèsonn... [p. 163].
155. **2 Korintyin 5, 17-21:** « Sé Bondié ki té nan Kris la ap rékonsilié tè-a avèk li. »  
Frè-m yo : Si gin yon nouvo créatu nan Kris la... [p. 164].
156. **Galat 5, 16-24:** « Sa yo ki moun Kris Jézu-a, yo klouré chè-a sou koua-a avèk vis yo épi mové atirans yo. »  
Frè-m yo : Maché nan Éspri-a... [p. 164].
157. **Éfézyin 2, 1-10:** « Bondié, poutèt charité-l k-ap débòdé-a, malgré nou té mouri ak péché yo, li té ba nou lavi nan Kris la. »  
Frè-m yo : Nou té mouri... [p. 165].
158. **Éfézyin 4, 1-3. 17-32:** « Rénovlé nou antan nou transfomé jijman nou dapré éspri-a, épi abiyé ak moun nouvo-a. »  
Frè-m yo : Mouin priyé nou, mouin minm... [p. 166].
159. **Éfézyin 5, 1-14:** « Lontan nou té fènoua, koulié-a minm nou sé limiè nan Granmèt la : sé pou nou maché kòm pitit limiè. »  
Frè-m yo : Sé pou nou pran modèl konsa sou Bondié... [p. 167].
160. **Éfézyin 6, 10-18:** « Résévoua tout zam Bondié yo, pou nou kapab rézisté nan jou malè-a. »  
Frè-m yo, pran kouraj nan Granmèt la... [p. 168].

- 161.** **Kolosyin 3, 1-10. 12-17:** « Si nou résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo. Métrizé manb nou yo donk, yo minm ki sou tè-a. »  
Frè-m yo : Si nou résisité ansanm avèk Kris la... [p. 168].
- 162.** **Ébré 12, 1-5:** « Nou pa ko rézisté jous nan san, antan n-ap batay kont péché-a. »  
Frè-m yo : Nou minm ki vlopé... [p. 169].
- 163.** **Jak 1, 22-27:** « Sé pou nou akonpli paròl la, sé pa kouté sèlman pou nou kouté-l. »  
Nou minm mouin rinmin anpil la : Sé pou nou akonpli paròl la... [p. 170].
- 164.** **Jak 2, 14-26:** « Sa sa sèvi, frè-m yo, si yon moun di li gin lafoua, min travay yo li pa ginyin yo ? »  
Sa sa sèvi, frè-m yo... [p. 170].
- 165.** **Jak 3, 1-12:** « Si yon moun pa déréglé nan paròl, moun sa-a kòrèk nèt. »  
Sé pa pou vi-n yon pakèt mè, frè-m yo... [p. 171].
- 166.** **1 Piè 1, 13-23:** « Sé pa ak lajan oubyin lò k-ap gaté-a yo rachté nou, min ak san Kris ki gin anpil valè-a tankou san Mouton ki san tach la. »  
Nou minm mouin rinmin anpil la : Sé pou nou maré rin éspri nou... [p. 172].
- 167.** **2 Piè 1, 3-11:** « Fè plis éfò pou réalizé vokasion nou avèk choua nou-an yon fason solid. »  
Nou minm nou rinmin anpil la : Kijan tout bagay ki konsènè... [p. 173].
- 168.** **1 Jan 1, 5-10; 2, 1-2:** « Si nou konfésé péché nou yo, li fidèl épi li kòrèk, pou-l padonnin nou péché nou yo épi pou-l pròpté nou anba tout sa-k pa kòrèk. »  
Nou minm nou rinmin anpil la : Min mèsaj la... [p. 174].
- 169.** **1 Jan 2, 3-11:** « Moun ki rayi frè-l, li nan fènoua. »  
Nou minm mouin rinmin anpil la : Min kijan nou konnin... [p. 174].

170. **1 Jan 3, 1-24:** « Nou minm nou konnin nou travèsé sot nan lanmò-a al nan lavi-a, paské nou rinmin frè yo. »  
Nou minm mouin rinmin anpil la : Gadé ki kalité rinmin... [p. 175].
171. **1 Jan 4, 16-21:** « Bondié sé rinmin, moun ki rété nan rinmin-an, li rété nan Bondié épi Bondié rété nan li. »  
Nou minm mouin rinmin anpil la : Nou minm nou konnin, nou kouè nan rinmin-an... [p. 176].
172. **Apokalips 2, 1-5:** « Fè pénitans, épi fè aksion lontan yo. »  
Min sa-l di, sa-a ki kinbé... [p. 177].
173. **Apokalips 3, 14-22:** « Paské-ou tièd, ou pa ni cho ni frèt, m-ap kòmansé vomi-ou sot nan bouch mouin. »  
Min sa-l di, Amèn nan, Témouin fidèl la... [p. 177].
174. **Apokalips 20, 11-15:** « Yo jijé chak moun dapré aksion yo. »  
Mouin minm Jan, mouin ouè yon tro-n ki gran... [p. 178].
175. **Apokalips 21, 1-8:** « Moun ki ranpòtè viktoua-a, l-ap éritié bagay sa yo, m-ap Bondié-l, li minm minm l-ap pitit mouin. »  
Mouin minm, Jan, mouin ouè yon sièl nouvo... [p. 178].

### LÉKTU NAN ÉVANJIL YO

176. **Matié 3, 1-12:** « Fè pénitans : Péyi-roua sièl yo ap proché. »  
Jou sa yo, Jan-Batis té rivé... [p. 180].
177. **Matié 4, 12-17:** « Fè pénitans : Péyi-roua sièl yo ap proché. »  
Lè sa-a : Lè Jézu tandé yo té arété Jan... [p. 180].
178. **Matié 5, 1-12:** « Antan-l ouè foul yo, li té monté nan mòn nan, li t-ap anségné disip li yo. »  
Lè sa-a : Antan Jézu ouè foul yo, li té monté sou mòn nan... [p. 181].
179. **Matié 5, 13-16:** « Sé konsa limiè nou-an doué kléré dévan lèzòm. »  
Lè sa-a : Jézu té di disip li yo : « Nou sé sèl tè-a... [p. 182].
180. **Matié 5, 17-47:** « Mouin minm minm mouin di nou. »

- Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Pa konprann mouin vini pou-m défèt laloua-a... [p. 182].
- 181. *Matié 9, 1-8:*** « Gin konfians, pitit, péché-ou yo padonnin. »  
Lè sa-a : Antan Jézu monté nan yon batiman, li té travèsé lanmè... [p. 184].
- 182. *Matié 9, 9-13:*** « Mouin pa vini pou-m rélé sa-k kòrèk yo, min péchè yo. »  
Lè sa-a : Pandan Jézu t-ap pasé, li ouè yon mésié... [p. 184].
- 182. *Matié 18, 15-20:*** « Ou-a ginyin frè-ou la. »  
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Si frè-ou fè péché kont ou... [p. 185].
- 184. *Matié 18, 21-35:*** « Konsa tou Papa-m ki nan sièl la ap aji avèk nou, si nou chak nou pa padonnin frè nou ak tout kè nou. »  
Lè sa-a : Piè proche kot Jézu, li di : « Granmèt... [p. 185].
- 185. *Matié 25, 31-46:*** « Chak foua nou té fè sa pou youn nan pi piti nan frè-m sa yo, sé pou mouin minm nou té fè-l. »  
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Lè Pitit moun nan ap rivé... [p. 186].
- 186. *Matié 26, 69-75:*** « Antan-l soti déyò, Piè kriyé anmè. »  
Lè sa-a : Piè té chita déyò nan lakou-a... [p. 187].
- 187. *Mark 12, 28-34:*** « Prémie nan tout kòmandman yo. »  
Lè sa-a : Youn nan skrib yo té proche kot Jézu, épi li té pozé-l késion : « Kilès... [p. 190].
- 188. *Luk 7, 36-50:*** « Yo padoné péché-l yo ki anpil yo, s épousa li rinmin anpil. »  
Lè sa-a : Youn nan farizyin yo té mandé Jézu... [p. 192].
- 189. *Luk 13, 1-5:*** « Si nou pa fè pénitans, nou tout minm jan n-ap péri. »  
Gin kèk moun ki proche, yo poté nouvèl bay Jézu... [p. 193].
- 190. *Luk 15, 1-10:*** « Ap gin plis kè kontan nan sièl la pou yon sèl péchè ki fè pénitans. »  
Lè sa-a : Piblikin yo ak péchè yo t-ap proche kot Jézu... [p. 193].

- 191.** Luk 15, 11-32: « Pandan li té louin toujou, papa-l ouè-l, mizèrikòd la souké-l, antan-l kouri li lagé kò-l nan kou-l, li bo-l. »  
Lè sa-a : Jézu rakonté parabol sa-a, antan l-ap di : « Té gin yon mesié... [p. 195]. »
- 192.** Luk 17, 1-4: « Si sèt foua nan jounin-an frè-ou lafè péché kont ou, épi sèt foua li tounin koté-ou antan-l di : Mouin régrèt, sé pou-ou padonnin-l. »  
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Li inposib... [p. 196]. »
- 193.** Luk 18, 9-14: « Bondié, pran pitié pou mouin, péchè. »  
Lè sa-a : Jézu di pou kèk moun ki té mét konfians nan pròp tèt yo... [p. 196]. »
- 194.** Luk 19, 1-10: « Pitit moun nan vini pou-l chèché épi sovè sa-k t-ap péri-a. »  
Lè sa-a : Antan Jézu antré Jériko, l-ap travèsé... [p. 197]. »
- 195.** Luk 23, 39-43: « Jodi-a minm ou-ap avèk mouin nan paradi-a. »  
Lè sa-a : Youn nan asasin sa yo ki té pandié yo t-ap blasfémé Jézu... [p. 198]. »
- 196.** Jan 8, 1-11 : « Alé, pa fè péché ankò. »  
Jézu té al sou mòn Oliv la... [p. 198]. »
- 197.** Jan 8, 31-36: « Tout moun ki fè péché, li ésklav péché-a. »  
Lè sa-a : Jézu t-ap di sa yo ki té kouè nan li yo... [p. 199]. »
- 198.** Jan 15, 1-8: « Tout branch nan mouin ki pa donnin frui, l-ap ouété-l ; tout branch ki donnin frui, l-ap nétouayé-l pou-l donnin plis frui. »  
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Mouin sé véritab pié rézin-an... [p. 200]. »
- 199.** Jan 15, 9-14: « Nou minm nou sé zanmi-m, si nou fè sa mouin kòmandé nou. »  
Lè sa-a : Jézu di Apot li yo : « Minm jan Papa-a rinmin-m nan... [p. 200]. »
- 200.** Jan 19, 13-37: « Y-ap gadé sa-a yo té transpèsè-a. »  
Lè sa-a : Pilat kondui Jézu déyò-a... [p. 201]. »
- 201.** Jan 20, 19-23: « Résévoua Éspri-Sin-an : Moun nou rinnèt péché yo ba yo-a, y-ap rinnèt ba yo. »  
Kòm sé té asouè jou sa-a premié-a nan saba yo... [p. 202]. »

Invitasion minis la pou établi konfésion jénéral péché yo

202. Si priyè-a dirijé kot Papa-a :

1

Bondié ki gin tout pouvoua-a épi ki gin mizérikòd la, li minm ki pa vlé lanmò péchè yo min pou yo konvèti épi pou yo viv la, frè nou yo nou rinmin anpil la, an nou priyé-l avèk siplikasion, pou nou minm ki régrèt péché ki fi-n pasé yo, nou pa santi malè k-ap-vini yo ni pou nou pa fè dòt ankò n-ap bézouin plinn.

*R: Padoné, Granmèt ; padoné pèp ou-a.*

2

Bondié ki gin byinvéyans la, li minm ki dapré pakèt mizérikòd li yo éfasé péché-a gras a pénitans la épi ki ouété fot pasé yo gras a padon-an, an nou sipliyé-l avèk konfians, pou moun yo k-ap mandé-l padon pou tout péché yo ak tout konfésion kè-a, li réponn yo ak bon kè.

*R: N-ap priyé ou, kouté nou.*

3

Bondié té rinnèt Pitit li-a poutèt fot nou yo épi, pou jistifikasion nou, li té résisité-l. An nou priyé-l avèk umilité antan n-ap di :

*R: Pran pitié pou pèp ou-a, Granmèt.*

4

Bondié Papa nou-an, li minm k-ap tann Pitit li yo ki pati byin louin-l yo épi ki anbrasé sa-k tounin yo, an nou priyé-l, pou sa-k rétounin lakay li yo li résevoua yo ak bon kè.

*R: Nou fè péché, Granmèt, min pa gadé péché nou yo.*

**Oubyin :** *Papa, nou fè péché dévan-ou ; nou déjà pa mérité yo rélé nou Pitit ou.*

## 5

**Bondié nou-an, li minm k-ap chèché sa-k té pèdi-a, k-ap ramné sa-k té pati louin-an, k-ap bandé sa-k té fraktiré-a, k-ap fòtififié sa-k té fèb la, an nou priyé-l.**

**R: *Géri maladi nou yo, Granmèt.***

**203. Si priyè-a dirijé kot Kris-la :**

## 1

**Pou nou kapab résévoua padon ofans la nou fè Bondié-a gras a mizèrikòd li-a épi an minm tan pou nou kapab joui rékonsiliation avèk Égliz la, sa nou té blésé antan nou fè péché-a, an nou rélé Jézu-Kri ki ranpòté viktoua sou péché ak lanmò-a nan priyè n-ap sipliyé.**

**R: *Granmèt Jézu, sové nou.***

## 2

**Kris la, li minm ki ak tout volonté-l té alé dévan souffrans li-a ak lanmò-a avèk yon rinmin san limit, poutèt péché nou yo ak péché tout moun yo, an nou proché koté-l avèk yon priyè ki gin konfians épi yon éspérans ki gin asirans, pou tout moun résévoua sové li sové yo-a.**

**R: *Kris, réponn nou.***

## 3

**Kris, Bon Pastè-a, k-ap chèché mouton-an ki pèdi-a épi ki kontan résévoua-l lè-l jouinn li-a, an nou priyé-l avèk konfians.**

**R: *Chèché nou, épi résévoua nou, Granmèt.***



## 4

Frè-m yo, avèk umilitéé épi konfians an nou rélé Kris la nan priyè nou yo, li minm ki té poté péché nou yo nan kò li sou boua-a, pou, antan nou mouri aparò a péché nou yo, nou viv aparò a jistis la, li minm nan blésu li yo nou géri-a. An nou di donk ansanm :

**R:** *Granmèt, kot kilès pou-n alé ? Paròl lavi tout tan yo ou ginyin yo. Épi nou minm nou kouè épi nou konnin ou sé Kris la, Pitit Bondié-a.*

**Oubyin :** *Poté nou sékou antan ou pran pitié pou nou.*

## 5

Kris Granmèt la, li minm yo rimmèt poutèt fot nou yo épi ki résisité poutèt jistikasyon nou-an, an nou sipliyé-l avèk konfians antan n-ap di :

**R:** *Ou sé sovè nou.*

**Oubyin :** *Kris, Pitit Bondié vivan-an, pran pitié pou nou.*

### Invokasion pénitansièl

(Tout tan y-a chouazi youn sèlman pou mandé véritab kontrision kè-a).

204. Si priyè-a dirijé kot Papa-a :

## 1

– Pou nou minm péchè yo, ki akòz frajilité nou-an té sal Égliz la nan sa-l ginyin ki fè-l fè yon sèl kò nèt la, pou gras a padonnin ou padonnin péché nou yo nèt la, ou fè nou tounin fè yon sèl nèt ak frè yo.

**R:** *N-ap priyé-ou, kouté nou.*

**Oubyin :** *Pran pitié pou nou, Granmèt.*

Oubyin yon lòt fòmul répons y-a ouè ki pi adapté.

- Pou nou minm ki pa gin dèt konfians pasé nan mizérikòd ou-a, ou résévoua nou nan sakréman rékonsiliation-an. **R.**
- Pou nou kolaboré nan konvèsion pa nou ak konvèsion frè nou yo ak charité, égzanp épi priyè ki soti nan fon kè sinsè. **R.**
- Pou nou minm ki jodi-a ap konfésé péché nou yo, pou-ou rétiré nou sot nan ésklavaj péché-a épi ou kondui nou nan libètè pitit yo. **R.**
- Pou antan nou rékonsilié avèk ou épi antré nou, nou vi-n tounin sign vivan rinmin-ou nan sou tè-a. **R.**
- Pou pa lintèmédiè sakréman rékonsiliation-an nou résévoua lapè-ou la sou tè-a avèk plis aktivité. **R.**
- Pou atravè sign rinmin-ou sa-a, koté ou padonnin péché nou yo, nou aprann rinmin frè nou yo épi padonnin sa yo doué nou. **R.**
- Pou nou minm ki ap mandé mizérikòd ou-a, antan nou résévoua rad nòs la, nou mérité antré al sou tab ou-a. **R.**
- Pou antan ou padonnin péché nou yo, ou kondui nou nan santié jistis la ak rinmin-an épi ou fè nou favè rivé nan rékonpans lapè tout tan-an. **R.**
- Pou ak limiè-ou la ou gayé fènoua nou yo épi ou kondui nou atravè chémin vérité-a. **R.**
- Pou nou minm k-ap plinn avèk rézon pou péché nou yo, nou libéré avèk mizérikòd pou gloua non-ou. **R.**
- Pou sa yo ou lagé anba chinn péché yo gras a bon kè-ou la, ou prezèvé yo anba tou sa k-ap jinnin rout yo gras a puisans ou. **R.**
- Pou antan ou konsidéré frajilité nou-an, ou pa antré nan diskision avèk nou avèk kòlè poutèt nou aji mal, min akòz byinvéyans ou ki san limit, ou nétouayé nou, ou korijé nou, ou sové nou. **R.**
- Pou akòz mizérikòd ou-a ou ouété tou sa-k viéyi nou sot sou nou épi ou fè nou kapab résévoua sa-k nouvo-a ki fè nou vi-n sin-an. **R.**
- Pou sa yo ki té pèdi rout louin-ou yo, ou aksépé fè yo tounin nan chémin jistis la, rinmin-an ak lapè-a. **R.**

- Pou sa nou yé ki mové-a ki détrui-a, k-ap nui-an, mizérikòd ou-a ki rachté nou-an ranpôté viktoua sou li. **R:**
- Pou antan-ou détrui fot lontan nou yo, ou préparé nou pou lavi k-ap vini-an. **R:**

## 2

Invokasion sa yo, yo kapab résité yo soua avèk répons yo chanjé, soua avèk répons yo pa chanjé, tankou nan Litiji lè yo.

- Sa nou fè kont fanmiy ki fè yon sèl la, ak bon kè-ou padonin-l, **R:** épi fè nou favè gin yon sèl kè ak yon sèl nanm.
- Nou fè péché, Granmèt, nou fè péché, **R:** éfasé fot nou yo avèk gras ou-a k-ap sové nou-an.
- Fè nou favè pou nou mandé-ou padon pou péché yo, **R:** épi an minm tan pou nou rékonsilié avèk Égliz ou-a.
- Fè nou vi-n zanmi-ou tout tan pi plis gras a yon konvèsion sinsè, **R:** épi fè nou ékspie ofans nou fè kont sajes ou ak bonté-ou.
- Nétouayé Égliz ou-a, fè-l vi-n tou nèf, Granmèt, **R:** pou-l rann ou témouagnaj tout tan pi plis.
- Souké tout moun ki té pati kité-ou poutèt péché yo ak skandal, **R:** pou yo tounin vi-n jouinn ou épi pou yo rété nan rinmin-an.
- Fè nou favè poté mòtifikasion Pitit ou-a nan kò nou, **R:** ou minm ki té ba nou lavi nan kò pa-ou.
- Kouté, tanpri, Granmèt, priyè moun k-ap sipliyé yo épi padonin péché moun ki gin konfians nan ou yo, **R:** pou konsa ou ba nou padon avèk lapè ak bon kè.
- Nou fè anpil péché, sé vré, Granmèt, min nou gin konfians nan mizérikòd ou-a, **R:** konvèti nou épi n-a konvèti.
- Ak yon nanm ki régrèt épi ak yon éspri ki rabésé, résévoua nou, **R:** paské pa gin ront pou moun ki mét konfians nan ou.
- Nou fè péché épi nou aji yon fason ki pa kòrèk antan nou pati louin-ou, **R:** épi nou té manké nan tout bagay, nou pa-t obsèvé lòd ou yo.

- Tounin, Granmèt, pran pitié pou nou, dépozé fot nou yo,  
 R: jété tout péché nou yo nan fon lanmè.
- Fè antan nou jistifié nou fété nan ou, Granmèt,  
 R: épi nou tiré gloua nan yon kè ki douat.

205. Si priyè-a dirijé kot Kris la :

1

- Ou minm ki pa pouvoua lanmò-ou la ou té rékonsilié nou ak Papa-a épi ou té fè nou sové. (Romin 5,10).  
 R: Granmèt, pran pitié pou nou.  
 Oubyin : Kris, kouté nou.
- Oubyin yon lòt fòmul répons ki sanblé pi adapté.
- Ou minm ki mouri épi ki résisité, ki chita adouat Papa-a, k-ap intèsédé pou nou. R: (Romin 8, 34).
- Ou minm ki vi-n tounin pou nou sajès sot nan Bondié, ak jistis ak sanktifikasyon ak rédanmsion. R: (1 Korintyin 1, 30).
- Ou minm ki té lavé tout moun, ou té sanktifié yo épi ou té jistifié yo nan Éspri Bondié nou-an. R: (1 Korintyin 6, 11).
- Ou minm ki di nou fè péché kont ou, si nou fè péché kont frè nou yo. R: (1 Korintyin 8, 12).
- Ou minm ki té vi-n pòv poutèt nou, malgré ou té rich, pou nan povreté-ou la nou vi-n rich. R: (2 Korintyin 8,9).
- Ou minm ki té rimmèt tèt ou pou péché nou yo, pou-ou té délivré nou sot nan sièk sa-a ki mové-a. R: (Galat 1, 4).
- Ou minm ki antan-ou résisité sot nan pami mò yo té délivré nou anba kòlè k-ap vini-an. R: (1 Tésalonisyin 1, 10).
- Ou minm ki té vi-n sou tè sa-a pu-ou té sové péchè yo. R: (1 Timoté 1, 15).
- Ou minm ki té rimmèt pròp tèt ou kòm rédanmsion pou tout moun. R: (1 Timoté 2, 6).

- Ou minm ki té détrui lanmò-a épi ki té kléré lavi-a. R: (2 Timoté 2, 6).
- Ou minm ki gin pou-ou jijé ni vivan yo ni mò yo. R: (2 Timoté 4, 1).
- Ou minm ki té rinmèt pròp tèt ou pou nou, pou-ou té rachté nou anba tout kalité péché, épi pou-ou té pròpté yon pèp ki posésion pa-ou, k-ap fè bon aksion. R: (Tit 2, 14).
- Ou minm ki antan-ou vi-n tounin yon gran-prèt ki gin mizèrikòd épi ki fidèl nan afè Bondié yo, ou té padonnin fot pèp la. R: (Ébré 2, 17).
- Ou minm ki té vi-n tounin pou tout moun ki obéyi-ou yo kòz pou yo sovè tout tan. R: (Ébré 5, 9).
- Ou minm ki pa pouvoua Éspri-Sin-an té ofri pròp tèt ou san fot bay Bondié, antan-ou nètouayé konsians nou anba aksion lanmò yo. R: (Ébré 9, 15).
- Ou minm ki té ofri tèt ou pou-ou ouété péché anpil moun. R: (Ébré 9, 28).
- Ou minm ki té mouri yon sèl foua pou tout pou péché nou yo, sa-k kòrèk la pou sa-k pa kòrèk yo. R: (1 Piè 3, 18).
- Ou minm ki instriman padon pou péché nou yo, pa pou pa nou yo sèlman, min tou pou pa tout tè-a. R: (1 Jan 2, 2).
- Ou minm ki mouri pou sa-k kouè nan ou yo yo pa péri, min pou yo gin lavi tout tan-an. R: (Jan 3, 16. 35).
- Ou minm ki té vini sou tè sa-a pou-ou chèché épi sovè sa-k t-ap péri-a. R: (Matié 18, 11).
- Ou minm Papa-a voyé pa pou jijé tè-a, min pou pa lintèmédiè-ou tè-a sovè. R: (Jan 3, 17).
- Ou minm ki gin pouvoua sou tè-a pou-ou padonnin péché yo. R: (Mark 2, 10).
- Ou minm ki rélé vi-n jouinn ou tout moun k-ap rédi épi k-ap poté chaj ki lou, pou-ou réfè yo. R: (Matié 11, 28).
- Ou minm ki té rinmèt Apot ou yo clé péyi roua sièl yo pou yo maré épi pou yo lagé. R: (Matié 16, 19 ; 18, 18).

- **Ou minm ki té mété tout laloua-a nan rinmin Bondié ak prochin-an.** R: (Matié 22, 38-40).
- **Jézu, lavi tout moun, ki té vi-n sou tè-a pou moun yo gin lavi épi yo ginyin-l jous l-ap débòdé.** R: (Jan 10, 10).
- **Jézu, bon Pastè, ki té dispozé lavi-ou pou monton yo.** R: (Jan 10, 11).
- **Jézu, vérité ki asiré-a, ou minm ki fè nou vi-n lib.** R: (Jan 14, 6 ; 8, 32. 36).
- **Jézu, réziréksion ak lavi-a, ou minm pa lintèmediè-ou, moun ki kouè nan ou yo, minm si yo t-a mouri, y-ap viv.** R: (Jan 11, 25).
- **Jézu, vérité pié rézin-an, ou minm antan branch ou yo ki donnin frui-a, Papa-a nètouayé yo pou yo donnin pi plis.** R: (Jan 15, 1-2).

## 2

Yo kapab résité invokasion sa yo avèk répons yo kapab chanjé oubyin avèk répons yo pa kapab chanjé, tankou nan Litiji lè yo :

- **Doktè kò yo ak nanm yo, géri blésu kè nou yo,**  
R: pou nou kapab résévoua sékou tout tan yo k-ap fè nou vi-n sin-an.
- **Fè nou favè ouété moun ansyin-an sot nan nou ansanm avèk aksion-l yo,**  
R: épi pou nou abiyé nou avèk ou minm moun nouvo-a.
- **Rédanmtè nou, fè nou fave kolé kò nou pi plis nan soufrans ou-a pa lintèmediè pénitans la,**  
R: pou nou rivé jouinn gloua réziréksion-an pi plin.
- **Sé pou Manman-ou, réfij péchè yo, intèsédé pou nou,**  
R: pou péché nou yo, ou padonnin yo ak bon kè.
- **Ou minm ki té padonnin péché madanm nan ki té régrèt la,**  
R: pa viré mizérikòd ou-a louin nou.
- **Ou minm ki té pozé mouton ki té pèdi rout la sou zèpòl ou,**  
R: résévoua nou, antan-ou pran pitié pou nou.

– **Ou minm ki té ofri paradi-a bay asasin-an ki té klouré sou koua-a ansanm avèk ou-a,**

℞ **résévoua nou avèk ou nan péyi roua-ou la.**

– **Ou minm ki té mouri épi ki té résisité pou nou,**

℞ **fè nou patisipé nan lanmò-ou la ak réziréksion-ou nan.**

## 206. **Aksion-gras**

Psòm 31, 1-7. 10-11 (℞ : cf. 11).

℞ Fété nan Granmèt la, éklaté ak kontantman, nou minm ki kòrèk yo. [p. 204].

Psòm 97, 1-9. (℞ : 2 a)

℞ Granmèt la sonjé mizérikòd li-a. [p. 204].

Psòm 99, 2-5. (℞ : 5 a)

℞ Granmèt la bon ; pou tout tan mizérikòd li. [p. 205].

Psòm 118, 1. 10-13. 15-16. 18. 33. 105. 169. 170. 174-175. (℞ : 12)

℞ Konpliman pou ou, Granmèt ; aprann mouin désizion-ou yo. [p. 205].

Psòm 102, 1-4. 8-18. (℞ : 17)

℞ Mizérikòd Granmèt la minm sot nan tout tan, épi jous nan tout tan sou sa ki krinn li yo. [p. 206].

Psòm 144, 1-21. (℞ : 2)

℞ Chak jou m-ap fè konpliman pou ou, Granmèt, épi m-ap fè louanj non-ou pou tout tan gin tan.

Psòm 145, 2-10. (℞ : 2 b)

℞ M-ap chanté kantik pou Bondié-m nan, tout tan m-ap viv. [p. 209].

Izayi 12, 1 b-6. (℞ : 3)

℞ Fè louanj Granmèt la, épi rélé non li. [p. 210].

Izayi 61, 10-11. (℞ : 10)

℞ Nanm mouin ap fété nan Bondié-m nan. [p. 210].

Jérémi 31, 10-14. (℞ : cf. 11 a)

℞ Granmèt la rachté pèp li-a. [p. 211].

Danièl 3, 52-57. (R: cf. 57)

R: Fè konpliman, pou Granmèt la, tout travay Granmèt la,  
fè louanj li, lèvé-l anlè nèt pou tout tan gin tan.

Luk 1, 46-55. (R: 54 b)

R: Granmèt la sonjé mizèrikòd li-a. [p. 212].

Éfézyin 1, 3-10. (R: cf. 3-4)

R: Konpliman pou Bondié ki té chouazi nou nan Kris la. [p. 212].

Apokalips 15, 3-4. (R: 3 a)

R: Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, Granmèt. [p. 213].

### Priyè final

**207. Oui ou mérité sa réyèlman vré é sé yon dévoua pou nou,  
Bondié ki gin tout pouvoua,  
ou minm ki la dépi tout tan é pou tout tan,  
pou nou di-ou mési tout tan é tout koté  
ou minm ki korijé jan sa doué fèt épi ki padonnin ak bon kè-ou,  
ki gin mizèrikòd nan toulèdé,  
paské ou réglé nou dapré loua sa-a,  
pou antan ou pini nou ou pa kité nou péri pou tout tan,  
épi antan ou ménajé nou ou kité éspas pou nou korijé.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

R: Amèn.

**208. Bondié, ou minm ki kréyé tout klèté épi ki réglé yo,  
ou minm ki aksépté rinmin tè-a yon tèl jan  
ou té rinnèt Sèl Pitit ou-a pou nou sové,  
li minm gras a koua-l la nou rachté,  
gras a lanmò-l la nou jouinn lavi,  
gras a soufrans li-a nou sové,  
gras a réziréksion-l nan nou jouinn gloua,  
pa lintèmediè-l n-ap rélé-ou antan n-ap sipliyé,  
pou-ou aksépté prézan bò kot fanmiy ou sa-a nan tout  
sikonstans ;**



sé pou nan sans nou yo gin krint dévotion-ou nan,  
 nan kè nou lafoua-a,  
 nan travay nou jistis la,  
 nan aksion nou piété-a,  
 nan lang nou vérité-a,  
 nan konduit nou disipli-n nan,  
 pou nou kapab mérité résévoua  
 lavi ki pap janm fini-an yon fason kòrèk épi yon fason douat.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.  
 R: Amèn.

209. Granmèt Jézu-Kri,  
 ou minm ki rich pou padonnin,  
 épi poutèt sa ou té vlé pran umilité chè-a  
 pou-ou té kité égzanp umilité pou nou,  
 épi pou-ou té fè nou rété fidèl nan tout kalité soufrans,  
 fè nou toujou kinbé byin yo nou té résévoua nan min-ou yo,  
 épi chak foua nou tonbé nan péché,  
 pou nou rélvé gras a pénitans la.  
 Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.  
 R: Amèn.

210. Bondié, ou minm ki fè nou favè sa-a  
 pa pouvoua gras ou-a,  
 pou nou vi-n tounin kòrèk apati sa-k mové yo  
 épi sin apati sa-k mizérab yo :  
 sé pou-ou prézan gras a kado-ou yo  
 pou sa yo jistikasion lafoua-a abité nan yo-a,  
 yo pa manké fòs pèsévérans la.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.  
 R: Amèn.

211. Bondié ak Papa nou,  
 ou té padonnin péché nou yo épi ou té ba nou lapè-ou la,  
 fè nou toujou padonnin sa lòt la fè nou ki mal

épi an minm tan pou nou travay pou lapè rivé sou tè-a  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R: Amèn.**

### **Fòmul bénédikcion-an**

212. Sé pou bénédikcion Bondié ki gin tout pouvoua-a  
Papa-a, ak Pitit la ✠ ak Éspri-Sin-an  
désann sou nou pou-l rété tout tan.

**R: Amèn.**

213. Sé pou Papa-a béni nou,  
li minm ki anfanté nou pou lavi tout tan-an.

**R: Amèn.**

Sé pou Pitit la ofri nou sovè l-ap sovè nou-an,  
li minm ki mouri épi ki résisité pou nou.

**R: Amèn.**

Sé pou Éspri-a fè nou vi-n sin,  
li minm yo té vidé nan kè nou épi ki té kondui nou  
nan chémin ki douat.

**R: Amèn.**

214. Sé pou Papa-a béni nou,  
li minm ki té rélé nou pou-l adopté nou kòm pitit.

**R: Amèn.**

Sé pou Pitit la édé nou,  
li minm ki té résévoua nou kòm frè.

**R: Amèn.**

Sé pou Éspri-a prézan koté nou,  
li minm ki té fè nou vi-n tounin tanp li.

**R: Amèn.**

## APINDIS I

### ABSOLUTION SANSUR

1. Osijè péché rézèvé yo nan tan sa-a nan yo minm oubyin parapò a sansur la, y opa doué chanjé fòmul absolution-an, min sa kont pou konfèsè-a gin lidé dégajé pénitan-an ki bin bon dispozision-an minm anba péché sa yo ki rézèvé yo antan yo konsèvé – joutan yo réglé yon lòt fason épi si ka-a prezanté – dispozision doua-a ki gin ototrité-a parapò obligasion pou yo adrésé nan Otorité ki gin pouvoua-a. Konfèsè-a poutan, kapab, anvan-l bay absolution pou péché yo, bay absolution pou sansur la avèk fòmul yo propozé pi ba-a yo kapab sèvi avèk li andéyò sakréman Pénitans la.

2. Lè prèt la konsa, dapré kondision doua-a, ap bay yon pénitan absolution anba yon sansur andéyò sakréman Pénitans-la, li sèvi avèk fòmul sa-a :

**Dapré pouvoua yo ban mouin, mouin ba ou absolution anba chinn ékskominikasyon-an (oubyin suspans la oubyin interdi-a) O non Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.**

Pénitan-an réponn :

**Amèn.**

### DISPANS ANBA IRÉGULARITÉ

3. Si yon pénitan té rét kinbé anba yon irégularité, prèt la, dapré dispozision doua-a, lè l-ap fè-l pasé anlè irégularité-a, soua nan Konfésion-an, apré li fi-n bay absolution-an, soua andéyò sakréman Pénitans la, li di :

**Dapré pouvoua yo ban mouin, mouin minm mouin dispansé-ou anlè irégularité-a koté ou tonbé-a.**

**O non Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.**

Pénitan-an réponn : **Amèn.**

## APINDIS II

# MODÈL SÉLÉBRASION PÉNITANSIÈL

PATI KI VI-N APRÉ-A, LI PRÉPARÉ AK SOUIN ÉPI TRAVAY SAKRÉ  
KONGRÉGASION POU KULT DIVIN-AN POU MOUN YO KI GIN DÉVOUA  
ÒGANIZÉ OUBYIN KONPOZÉ SÉLÉBRASION PÉNITANSIÈL YO.

## POU ÒGANIZÉ SÉLÉBRASION PÉNITANSIÈL YO

1. Sélébrasion pénitansièl yo, sa yo palé nan Òrdo Pénitans la (nn. 36-37), yo gin itilite soua nan lavi chak moun, soua nan lavi kominoté yo pou chofé éspri ak fòs pénitans la épi pou préparasion sélébrasion-an poté plis frui nan sakréman pénitans la. Sé pou yo fè atansyon pou sélébrasion sa yo, nan sa fidèl yo pansé, yo pa fè yo fè yon sèl avèk konfésion é absolusion sakraman-tèl la.<sup>1</sup>
2. Sélébrasion pénitansièl yo, sitou sa yo mété pou divès asanblé yo épi pou sikonstans ki vi-n ajouté sé pou yo konsidéré avèk atansyon kondision spésial lavi, fason palé, mòd jan asanblé-a résévoua. Sé pou Komision litijik yo<sup>2</sup> avèk chak kominoté krétyèn yo pran souin donk préparé sélébrasion sa yo yon fason pou yo apropro chak asanblé épi apropro divès sikonstans yo yo chouazi tèks ki pi adapté yo épi yo respékté lòd ki pi konvnan la.
3. Pou édé travay sa-a, yo propozé isit la égzanp sélébrasion pénitansièl ki gin pliziè fòm épi ki divès antré yo, yo kapab konsidéré yo tankou modèl épi pou yo kapab adapté yo nan kondision ki sètèn épi ki byin kadré pou chak kominoté.
4. Nan selébrasion sa yo pafoua yo bay sakréman Pénitans ; lè sa-a, apré léktu yo épi oméli-a, y-a sèvi avèk « Òrdo pou rékonsilié pliziè pénitan avèk konfésion épi absolusion pou chak moun apa » (nn. 48-59), oubyin, nan ka spésial doua-a prévoua-a, « Òrdo pou rékonsilié pénitan yo avèk konfésion épi absolusion jénéral » (nn. 60-63).

---

<sup>1</sup> Cf. S. Congr. pro Doctrina Fidei, *Normae pastorales circa absolutionem sacramentalem, generali modo impertiendam*, 16 iunii 1972, n. X: AAS 64 (1972), p. 513.

<sup>2</sup> Cf. S. Congr. Rituum, Instr. *Inter Oecumenici*, 26 sept. 1964, n. 39: AAS 56 (1964), p. 110.

## I. SÉLÉBRASION PÉNITANSIÈL NAN TAN KARÈM

5. Tan Karèm nan sé tan prinsipal pénitans la soua pou chak fidèl soua pou tout Égliz la ansanm. Li inpòtan donk pou nan tan sa-a, atravè sélébrasion pénitansièl yo, kominoté krétyèn nan préparé pou patisipé pi byin nan mistè paskal la.<sup>1</sup>
6. Dévan jé sé pou yo gin karaktè pénitansièl litiji paròl la nan Mès yo propozé pou tan Karèm nan. Yo kapab sèvi ak tèks soua Léksionè Mès la soua Misèl Romin-an avèk avantaj pou sélébrasion pénitansièl yo yo fikse nan tan Karèm nan.
7. Isit la yo propozé dé modèl sélébrasion pénitansièl ki pi adapté ak tan Karèm nan. Prémie-a konsidéré pénitans la antan l-ap édé pou fè gras batèm nan jouinn plis fòs oubyin pou-l rémété-l kanpé ; lòt la montré pénitans la kòm préparasion pou patisipé pi byin nan mistè paskal Kris la avèk Égliz la.

**Modèl I : PÉNITANS LA K-AP FÈ GRAS BATÈM NAN JOUINN PLIS FÒS OUBYIN K-AP RÉMÉTÉ-L KANPÉ**

8. a) Apré yon chanté ki adapté épi salutation minis la, yo instrui fidèl yo sou sans sélébrasion sa-a, k-ap préparé kominoté krétyèn nan pou-l sonjé gras batèm nan nan nuit paskal la épi pou-l suiv nouvo té lavé-a avèk Kris la atravè libérasion péché yo.

9. b) Priyé

**An nou lapriyé, frè-m yo, pou nou minm ki nan péché nou yo nou pa-t sonjé gras batèm nan, gras a pénitans la koulié-a nou kanpé ankò nan gras sa-a.**

**An nou mét nou ajénou (oubyin : Bésé tèt nou dévan Bondié).**

Tout moun pandan kèk éspas tan an silans y-ap priyé.

**An nou lévé.**

**Pou jan ou abitué bon, tanpri, Granmèt,  
prézèvé sa yo ou té lavé yo,  
pou, yo minm ou rachté ak soufrans ou-a  
yo jouinn kontantman nan réziréksion-ou nan.**

---

<sup>1</sup> Cf. Conc. Vat. II, Const. *Sacrosanctum Concilium*, n. 109; PAULUS VI, Const. Apost. *Paenitemini*, 17 febr. 1966, n. IX: AAS 58 (1966), p. 185.

**Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.****R: Amèn.****10. c) Léktu yo**

— Tankou Israélit yo, apré pasaj lanmè rouj la, yo té bliyé mèvèy Bondié yo, konsa tou manb nouvo Pèp Bondié-a, souvan, apré gras batèm nan, yo rétownin nan péché-a.

**1 Cor 10, 1-13:** Mouin pa vlé nou ignoré, frè-m yo... [p. 163].

— **Ps 105, 6-10. 13-14. 19-22; R: (6).** [p. 154].

— Pitit la ki té kité papa-a ak kay la, papa-a résévoua-l ankò avèk amou ; mouton-an ki té pèdi rout sot nan pak la, pastè-a chèché-l ankò avèk atansyon. Konsa tou nou minm ki té fè péché apré batèm nan, Bondié chèché nou ankò épi sa-k tounin koté-l yo, li résévoua yo avèk amou, antan tout Égliz la nan kontantman.

**Lc 15, 4-7:** Nan tan sa-a : Jézu palé parabòl sa-a antan-l di : « Kilès moun nan nou... » [p. 194].

**Oubyin Lc 15, 11-32:** Nan tan sa-a : Jézu palé parabòl sa-a antan-l di : « Té gin yon mésié... » [p. 195].

**11. d) Oméli-a**

**Yo kapab palé :**

— sou nésésité fè gras batèm nan fi-n bon nèt nan fidélimité lavi-a parapò a évanjil Kris-la (cf. 1 Korintyin 10, 1-13);

— sou gravité péché-a apré batèm nan (cf. Ébré 6, 4-8);

— sou mizérikòd Papa ak Bondié nou-an ki pa gin limit, ki résévoua nou tout tan lè nou tounin koté-l sot nan péché-a (cf. Luk 15);

— sou fèt paskal la antan sé fèt Égliz la ki kontan pou inisiasyon krétyèn Katékumèn yo ak rékonsiliasyon pénitan yo.

**12. e) Égzamin konsians**

Apré oméli-a yo fè égzamin konsians, parégzanp dapré tèks yo jouinn nan Apindis III-a, p. 112. Sé pou yo toujou gin yon éspas silans, pou chak moun kapab fè égzamin konsians yon fason pi pèsònèl. Yon fason spésial minm konsians la kapab égzaminé sou promès batèm yo, y-ap rénovlé nan fèt Pak la.

13. f) Akt pénitansièl

Diak la (oubyin, si-l pa la, yon lòt minis) palé konsa avèk moun ki prézan yo :

Li prézan, frè-m yo, tan favorab la, jou padon Bondié-a ak jou sovè moun yo sovè-a, lè lanmò-a résévoua finisman-an épi lavi tout tan-an résévoua kòmansman-an, lè nan jadin rézin Granmèt la pandan y-ap fè plantasion nouvo ramo yo, y-ap nétouayé ansyin yo pou yo donnin plis frui.

Mìn, chak moun nan nou rékonèt li sé péchè épi, pandan li santi atirans pou pénitans la gras a égzanp frè yo, priyè yo soulvé-l, li rélé byin fò, li di : « Péché-m yo mouin minm mouin rékonèt yo, fot mouin-an dévan-m tout tan. Viré fas ou louin péché-m yo, Granmèt, tout fot mouin yo, éfasé yo. Rinnèt mouin kontantman sovè ou sovè-m nan, épi nan éspri prinsipal la asuré-m ».

Nou minm donk, k-ap sipliyé konsa-a épi k-ap mandé mizérikòd Bondié-a avèk kè nou nan lapinn, sé pou mizérikòd Granmèt la poté nou sékou, pou nou minm ki pa-t fè Granmèt la plézi anvan nan mové aksion nou yo, koulié-a nou déja kontan fè-l plézi nan réjion vivan yo avèk lotè lavi nou-an ki résisité-a.

Lè sa-a prèt la rouzé moun yo ki kanpé la ak dlo bénit, pandan tout moun ap chanté (oubyin ap di) :

Rouzé-m, Granmèt, avèk izòp épi m-a vi-n pròp :  
lavé-m, épi plis pasé lanèj m-a vi-n blan.

Apré sa pè-a fè priyè-a :

Bondié ki té kréyé ras moun nan avèk anpil byinvéyans,  
épi ki té réfòmé-l avèk anpil mizérikòd,  
ou minm ki gras a san sèl Pitit ou-a, ou té rachté moun-nan  
ki té pèdi lavi tout tan-an ki sin-an akòz anvi djab-la,  
pa pouvoua Éspri-Sin-ou nan mété lavi nan sa yo  
ou pa anvi ditou pou yo mouri-a,  
yo minm ki pa dévié ak péché yo, pran yo antan yo fi-n korijé-a.  
Sé pou konfésion pitit-ou sa yo ki gin umilité avèk konfians la  
touché kè-ou, tanpri, Granmèt.  
Ou minm, géri koté yo blésé-a.



Ou minm, sa-k kouché yo lonjé min ba yo pou sové yo,  
pou Égliz ou-a nan yon pòsion kò-l pa vidé,  
pou bann mouton-ou yo pa sibi domaj,  
pou malè fanmiy ou-a pa fè ènmi-an kontan,  
pou sa yo ki réfèt nan bingn ki sové yo-a,  
dézièm lanmò-a pa posédé yo.

Dévan-ou konsa, Granmèt, n-ap vidé priyè k-ap sipliyé,  
dévan-ou n-ap vidé dlo k-ap sot nan jé kè nou.

Ou minm padonnin sa yo ki mét konfians nan ou,  
pou, antan yo tounin sot nan mové chémin yo-a al nan rout jistis la,  
yo pa janm rétownin gaté avèk dòt blès,  
min pou sa gras ou-a té poté-a épi sa mizérikòd ou-a té réfè-a  
li nan yo toutantié épi pou tout tan.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou Pitit ou,  
li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou,  
ansanm avèk Éspri-Sin-an dépi tout tan é pou tout tan.

**R:** Amèn.

Lè sa-a sélébrasion-an fini avèk yon chanté ki adapté épi avèk ranvoua pèp la.

**Modèl II : PÉNITANS POU PRÉPARÉ PI BYIN PATISIPASION  
NAN MISTÈ PASKAL KRIS LA KI SOVÉ TÈ-A**

14. a) Apré yon chanté adapté épi salutation minis la, avèk kèk mo yo fè fidèl yo konprann youn gin rélasion ak lòt nan péché-a ak nan pénitans la, a tèl pouin pou tout kominoté-a vi-n sin, sé pou chak moun santi yo rélé-l nan konvèsion.

15. b) Priyè

An nou priyé, frè-m yo, pou pa lintèmédiè pénitans la, nou fè youn ak Kris la ki klouré sou koua-a pou péché nou yo, épi konsa pou nou patisipé nan réziréksion-l avèk tout moun yo.

An nou mété nou ajénou (**oubyin : Bésé tèt nou dévan Bondié**).

Tout moun priyé an silans pandan yon ti moman.

An nou lèvé.

Granmèt, Bondié Papa nou,  
ou minm ki té ba nou lavi pa lintèmédiè soufrans Pitit ou-a,  
fè nou favè pou, antan nou asosié ak lanmò li-a pa lintèmédiè  
pénitans la,

nou rivé patisipé tou nan réziréksion-l nan  
ansanm avèk tout moun yo.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R: Amèn.**

**Oubyin :**

Fè nou favè, Papa ki gin tout pouvoua épi ki gin mizérikind,  
pou, antan Éspri-ou la pousé nou épi li ba nou fòs,  
nou toujou poté mòtifikasyon Jézu-a nan kò nou,  
pou lavi-l tou parèt nan nou.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R: Amèn.**

**16. c) Léktu yo**

— Sèvitè Granmèt la tankou yon mouton tou dou résévoua péché pèp la épi li poté yo, pou pèp la géri nan koté li minm li blésé yo. Disip Kris yo, pa lintèmedyè pénitans la, yo kapab kriyé sou péché tout pèp la nan yo minm épi ékspié yo.

**Izayi 53, 1-7. 10-12:** Kilès ki t-a kouè sa nou tandé-a ? [p. 129].

— Granmèt la kouté priyé Kris la ki mouri sou koua-a pou péché nou yo. Lanmò-l vi-n tounin lavi tout moun. Pénitans la ki fè nou mouri parapò a péché nou yo, li rénouvle lavi-a nan Égliz la ak sou tè-a.

**Psòm 21, 2-3. 7-9. 18-28.** [p. 142].

— Si avèk pasians nou sipòtè tribilasyon soua ki sot nan nati-a soua ki sot nan moun yo, nou kapab, antan nou pran modèl sou Kris la, étinn rayisans tè-a avèk amou nou épi ranpòtè viktoua sou mal la gras a byin-an, atèl pouin patispasyon nou nan souffrans Kris la ap sèvi pou lavi tè-a.

**1 Piè 2, 20b-25:** Nou minm mouin rinmin anpil la : Si antan n-ap fè byin... [p. 172].

— **Vèsè anvan Évanjil la**

**Gloua pou ou, Granmèt, ou minm yo té rinmèt poutèt péché nou yo, épi ki résisité pou nou vi-n kòrèk.**

**Gloua pou ou, Granmèt.**

**Oubyin yon lòt chan ki adapté.**

— Jézu insisté kot disip li yo, pou antan yo suiv égzanp li-a (antan yo bouè kalis li-a) yo vi-n tounin sèvitè frè yo épi yo dépozé nanm yo pou yo.

**Mark 10, 32-45, oubyin pi kout : 32-34. 42-45:** Lè sa-a : Disip yo té sou rout la... [p. 189].

**17. d) Oméli-a kapab palé :**

— sou péché-a ki fè nou fè Bondié lapinn ni kò Kris la, ki Égliz la, sa batèm nan fè nou vi-n tounin manb li yo ;

— sou péchè-a antan li manké rinmin aléga Kris la, li minm ki té rinmin nou jous nan bout nan mistè paskal li-a ;

— sou rélasyon ki ginyin ant byin ak mal y-ap fè-a ;

— sou mistè ékspiasion vikè-a, ki fè Kris la li minm li té poté péché nou yo, pou nou vi-n géri nan koté li té blésé yo (cf. Izayi 53 ; 1 Piè 2, 24) ;

— sou aspè sosial ak éklézial pénitans la, ki fè chak moun travay pou konvèsion tout kominoté-a ;

— sou sélébrasion Pak la kòm fèt kominoté krétyèn nan k-ap rénovlé pròp tèt pa-l pa lintèmediè konvèsion chak manb li yo sa vlé di pénitans yo, pou yo ouè pi klè sou tè-a li sé sign Bondié sovè nou.

**18. e) Égzamin konsians**

Apré oméli-a yo fè égzamin konsians parégzanp dapré tèks yo jouinn nan Apindis III-a, p. 112. Sé pou yo toujou kite yon éspas silans, pou chak moun kapab fè égzamin konsians yon fason pèsoneèl.

**19. f) Akt pénitansièl**

Apré égzamin konsians la tout moun di ansanm :

**Dévan Bondié ki gin tout pouvoua  
épi dévan nou minm tou, frè-m yo,  
mouin rékonèt mouin fè anpil péché  
nan sa-m pansé, nan sa-m di, nan sa-m fè, ak nan sa-m réfizé fè.**

épi antan yo frapé pouatri-n yo yo di :

**Sé fot mouin, sé fot mouin, sé fot mouin vré.**

Apré sa yo kontinié :

**Sé pousa mouin mandé Mari ki sin é ki toujou rété Vièj,  
tout Anj yo ak Sin yo  
épi nou minm tou, frè-m yo,  
lapriyé Bondié Granmèt nou-an pou mouin.**

— Apré sa, kòm sign konvèsion épi charité pou prochin-an, yo propozé pou édè pòv yo, pou yo kapab sélébré fèt Pak la ak kè kontan, oubyin y-a konsidéré malad yo pou yo vizité ; oubyin kèk injistis nan kominoté-a pou réparé, etc.

— Anfin yo kapab chanté orézon dominikal la oubyin résité-l, pè-a a fini-l konsa :

**Délivré nou, Papa, sot nan tout mal,  
épi gras a soufrans Pitit ou-a ki sin-an,  
li minm nou asosié avèk li nan pénitans la,  
fè nou patisipé nan réziréksion-l ak kè kontan.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

**R. Amèn.**

Koté gin invitasion pou ajouté kichòy, apré konfésion jénéral yo kapab fè yon égzèsis piété tou tankou adorasion koua-a oubyin chémin-d-koua, dapré abitud koté yo avèk anvi fidèl yo.

Alafin, apré yon chan ki adapté, yo ranvouayé pèp la avèk salutasion oubyin bénédiksion.

## II. SÉLÉBRASION PÉNITANSIÈL POU TAN AVAN-AN

20. a) Apré chan-an ak salutation-an, nan yon ti avètisman yo propozé nou sans sélébrasion-an, avèk mo sa yo oubyin mo ki sanblé ak yo :

**Frè-m yo :** Tan Avan-an préparé nou pou nou sélébré mistè Inkarnasion Granmèt la, koté sous sovè nou sovè-a soti ; min, an minm tan, li fè nou tann pi plis dézièm vini Granmèt la ap vini-an, koté istoua sovè nou sovè-a akonpli. Min kòm déjà lè n-ap mouri, Granmèt la vini kot chak moun nan nou, sé pou-l jouinn ou ap véyé dapré avètisman sa-a ki nan Évanjil-la : « Ala kontantman pou sèvitè sa yo, yo minm lè Granmèt la ap vini-an li jouinn yo ap véyé-a » (Luk 12, 31). Sélébrasion pénitans sa-a fè nou pi nèt épi pi paré pou vini Granmèt la ap vini-an, sa n-ap sélébré nan mistè sakré yo.

**Oubyin :**

**Frè-m yo :** Li déjà lè pou nou lévé sot nan dòmi-an.

**Koulié-a réyéman,** sovè nou gin pou nou sovè-a pi pré pasé lè nou té kouè-a.

**Lannuit la pati,** jou-a minm ap proché,  
konsa sé pou nou kité aksion fènoua yo  
épi sé pou nou abiyé avèk zam limiè yo.

(Romin 13, 11-12)

21. b) Priyé

**An nou priyé,** frè-m yo, pou vini Granmèt la ap vini-an, li minm n-ap sélébré mistè-l la nan fèt k-ap proché yo, li jouinn nou ap véyé épi tou paré.

**Épi tout moun pandan kèk éspas tan yo priyé an silans.**

**Nou priyé pou éfasé fot yo,** Bondié ki kréyé sièl la,  
pou antan n-ap tann Rédanmèt nou-an,  
nou mérité résévoua padon péché yo.  
**Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

**R: Amen.**

Oubyin :

**Pitit Bondié-a ki anlè nèt la,  
ou minm ki kréyé ras moun nan, ou minm Sovè ki san tach la,  
tanpri, déjà soti nan Vièj ki intak la  
pou rédanmsion tè-a,  
pou, pa pouvoua gras sa-a, nou santi nou libéré sot nan péché yo,  
gras sa-a ki fè ou aksépté vi-n sanblé avèk nou-an  
san-ou pa gin okinn fot.**

**Ou minm ki vivan é ki roua pou tout tan gin tan.**

**℟: Amèn.**

## 22. c) Léktu yo

— Vini Granmèt la ap vini-an, l-ap poté jijman-an avèk li. Rékonpans la oubyin pinision-an nou chouazi-a, li fèt koulié-a apati aksion nou yo. Lè Granmèt la ap parèt, lè sa-a y-ap ouè klè sa nou té chouazi. Pénitans la sé moman pou nou chouazi, pou nou désidé.

**Malachi 3, 1-7a:** Min paròl Granmèt Bondié-a : « Min m-ap voyé Anj mouin-an... 7 jous nan sé sa Granmèt lamé yo di. [p. 141].

— Bondié té voyé Pitit li sou tè-a, sé pa pou tè-a té kondané, min sé pou-l té sovè. Konsa, vini Granmèt la vini-an, sa n-ap sélébré nan mistè-a koulié-a, sé sovè nou sovè-a ki vini. Sélébrasion pénitans sa-a, li fèt nan éspérans sovè sa-a nou sovè-a, pou nou sélébré Nésans Granmèt la ak kè kontan épi pou nou kouri al rankontré-l.

**Ps 84, an antié, ℟ : 8. [p. 151].**

— Granmèt Jézu gras a vini li vini-an li fè nou antré nan lavi nouvo-a, nan tè nouvo-a. Déjà koulié-a Égliz la sé sign vivan vil sin-an y-ap révélé nan tan k-ap vini-an, min akòz péché-a nou rété an déyò li.

**Apokalips 21, 1-12 :** Mouin minm Jan mouin ouè yon sièl nouvo... [p. 179].

— Vèsè anvan Évanjil la

**Granmèt la di :**

**« Min m-ap vini, tousuit, épi rékonpans mouin avèk mouin ».**

**Vini, Granmèt Jézu.**

Oubyin :

**Éspri-a ak épouz la di : « Vini ».**

**Épi moun nan k-ap kouté-a, li di : « Vini ».**

**Vini, Granmèt Jézu. (Apokalips 22, 12. 17. 20).**

Oubyin yon lòt kantik ki adapté.

— Tankou nan jou Jan-Batis yo, konsa tou jodi-a pou nou-minm, vini Granmèt la ap vini-an sé tan konvèsion-an ak pénitans la, pou, antan l-ap vini-an, nou mérité réservoua sovè li sovè nou-an.

**Matié 3, 1-12** : Jou sa yo, Jan-Batis té rivé... [p. 180].

**Oubyin Luk 3, 3-17** : Lè sa-a : Jan-Batis té vi-n nan tout réjion... [p. 191].

**23.** d) **Apré sa, sé oméli-a, yo fè égzamin konsians la, parégzanp dapré tèks yo ki nan Apindis III-a, p. 116. Sé pou toujou gin éspas silans, pou chak moun nan fason pi pèsònèl li kapab byin réalizé égzamin konsians li.**

**24.** e) **Akt pénitans la**

**Apré égzamin konsians la, yo fè akt pénitans la, parégzanp résitasyon fòmül Confiteor la oubyin intèsésion yo tankou nan nn. 56, 60. Apré sa yo chanté oubyin yo resité priyé Granmèt la. Minis k-ap dirijé sélébrasion-an fini-l konsa :**

**Bondié, ou minm ki té gayé nuaj épè fènoua yo  
antan-ou kréyé limiè-a nan kòmansman tè-a,  
tanpri, fè kréatè limiè-a  
ou té préparé anvan sièk yo,  
déjà vini,  
pou pèp la ki libéré anba érè lontan yo,  
li vi-n rankontré Pitit ou-a,  
antan-l préparé avèk bon aksion.  
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.  
R: Amèn.**

**Oubyin :**

**Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan,  
ou minm ki aksépté rékonsilié tè-a avèk grandè-ou  
gras a inkarnasion sèl Pitit ou-a,  
tanpri, fè nou favè  
pou nuaj péché yo soti an vitès nan kè ki kalm  
épi pou yo toujou sélébré mistè Nésans Granmèt la  
nan limiè k-ap vi-n pi klè-a,  
avèk kè kontan ki nèt.  
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.  
R: Amèn.**

Alafin, apré yon kantik ki adapté, yo ranvouyé pèp la, avèk salutasion oubyin bénédiksion.

### III. SÉLÉBRASION PÉNITANSIÈL KOMIN

#### I. PÉCHÉ-A AK KONVÈSION-AN

25. a) Apré yon kantik ki adapté (parégzanp Psòm 138, vv. 1-12. 16. 23-24) [p. 156]. épi salutation-an, minis la k-ap dirijé sélébrasion-an, prezanté sa-k nan léktu yo ak kèk mo ; apré sa li invité pou priyé, épi apré yon tan silans li fini priyè-a konsa :

**Grammèt Jézu,**

**lè Piè té nié toua foua-a,**

**antan-ou té viré koté-l ou té gadé-l,**

**pou-l té kriyé péché-l la épi pou-l té tounin koté-ou ak tout kè-l ;**

**voyé jé sou nou, épi chanjé kè nou,**

**pou nou tounin koté-ou**

**épi pou nou suiv ou avèk fidélité tout lavi nou.**

**Ou minm ki vivan é ki roua pou tout tan gin tan.**

**℟: Amèn.**

26. b) Léktu yo

Luk 22, 31-34: « Mouin di-ou Piè, kòk la pap chanté jodi-a anvan ou déklaré toua foua ou pa rékonèt mouin. » [p. 197].

Yo fè yon moman silans tout kout.

Luk 22, 54-62 : « Piè soti déyò, li kriyé avèk yon gou anmè. » [p. 197].

Ps 30, vv. 10. 15-17. 20 [p. 145] ; oubyin Ps 50 [p. 149]; oubyin yon lòt kantik.

Jan 21, 15-19 : « Simon, pitit Jan, èské-ou rinmin mouin ? » [p. 203].

27. c) Oméli-a kapab palé :

– sou konfians pou mété nan gras Bondié-a, pa nan fòs nou yo ;

– sou fidélité nou doué viv dapré batèm nan kòm véritab disip Grammèt la ;

– sou féblès nou ki fè nou tonbé souvan nan péché-a épi nou réfizé sèvi évanjil la témoin ;

– sou mizériköd Grammèt la ki apré péché-a résévoua nou ankò kòm zanmi si ak tout kè nou tounin koté-l



## 28. d) Égzamin konsians

Apré oméli-a, yo fè égzamin konsians la, parégzanp dapré tèks yo ki nan Apindis III-a, p. 116. Sé pou toujou gin éspas silans, pou chak moun nan fason pi pèsoneèl li kapab byin réalizé égzamin konsians li.

## 29. e) Akt pénitans la

Apré égzamin konsians la, minis k-ap prézidé-a invité pou priyé avèk paròl sa yo oubyin lòt ki sanblé ak yo :

**Bondié montré charité-l pou nou, paské malgré nou té péché toujou, li té rinmin nou an premié épi li té pran pitié pou nou. Sé pousa, an nou viré koté-l ak tout kè nou, épi avèk Piè an nou déklaré amou nou avèk umilité antan n-ap di :**

**℟: Granmèt, ou konnin tout bagay, ou okouran mouin rinmin-ou.**

Li konv nab, pou ant youn ak lòt invokasion, yo plasé yon ti tan silans ; konsa li bon pou divès fidèl prezanté chak invokasion, lòt moun yo réponn.

— **Nou minm Granmèt, tankou Piè, nou gin konfians nan pròp tèt pa nou plis pasé nan gras ou-a ; min ou minm viré koté nou Granmèt, épi pran pitié pou nou.**

**℟: Granmèt, ou konnin tout bagay, ou okouran mouin rinmin-ou.**

— **San umilité épi san sajàs nou té aji épi konsa nou té antré nan tantasion ; min ou minm viré koté nou, Granmèt, épi pran pitié pou nou. ℟**

— **Nou té ògèyé épi nou té konprann nou té pi bon pasé lòt yo ; min ou minm viré koté nou, Granmèt, épi pran pitié pou nou. ℟**

— **Osijè fot frè nou yo pétèt kèk fousa nou kontan plis pasé nou chagrin, min ou minm viré koté nou, Granmèt, épi pran pitié pou nou. ℟**

— **Moun k-ap rédi ak difikilté yo, anpil fousa nou méprizé yo plis pasé nou ofri yo sékou ; min ou minm viré koté nou, Granmèt, épi pran pitié pou nou. ℟**

— **Nou minm kèk fousa, poutèt nou pè, nou réfizé sèvi vérité-a ak jistis la témouin ; min ou minm, viré koté nou, Granmèt, épi pran pitié pou nou. ℟**

— Épi nou minm promès batèm nou yo, ou té fè nou jouinn disipli-n gras a yo-a, anpil foua nou té infidèl parapò a yo ; min ou minm, viré koté nou, Granmèt, epi pran pitié pou nou. **R.**

— Priyè nou-an koulié-a an nou dirijé-l kot Papa-a épi, tankou Kris la té aprann nou-an, an nou sipliyé-l, pou-l padonnin péché nou yo :

Papa nou, ki nan sièl la :  
 sé pou yo réspékté non ou,  
 sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,  
 sé pou volonté-ou fèt, sou tè-a tankou nan sièl la.  
 Pin nou bézouin chak jou-a ba nou li jodi-a ;  
 padonnin sa nou fè-ou,  
 tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy ;  
 pa kité nou pran nan pièj ;  
 min délivré nou ak sa ki mal.

30. f) Anfin, apré yon chan ki adapté, minis la, ki nan tèt sélébrasion-an, li fèmin-l épi li ranvouayé pèp la.

Granmèt Jézu, Sovè nou,  
 ou minm ki té rélé Piè pou apostola-a  
 épi apré fot li-a ak pénitans li-a  
 ou té instalé-l fèm yon lòt foua ankò  
 kòm zanmi-ou avèk chèf Apot yo,  
 viré koté nou, épi gadé nou,  
 pou, antan nou pran modèl sou égzanp Piè,  
 apré péché nou yo nou tounin koté-ou  
 épi apré sa pou nou suiv ou avèk yon rinmin ki pi gran.  
 Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

**R.** Amèn.

## II. PITIT LA KI TOUNIN VI-N JOUINN PAPA-A

31. a) Apré yon chan ki adapté épi salutation-an, minis la prezanté tèm sélébrasion-an. Apré sa li invité yo pou priyè-a épi, apré yon ti tan silans li fini antan-l di :

**Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua  
sé Papa tout moun ou yé.**

**Ou té kréyé moun yo pou yo rété avèk ou tout tan nan kay ou-a  
pou louanj gloua-ou la.**

**Louvri kè nou pou yo kouté voua ou,  
pou apré nou fi-n kitè-ou akòz péché-a,  
nou tounin koulié-a koté-ou ak tout kè nou  
épi nou rékonèt ou sé Papa nou**

**ki plin mizérikòd pou tout moun ki rélé ou,  
ki korijé, pou nou rékilé sot nan mal la,  
épi ki padonnin nou tout péché nou yo.**

**Fè nou rétrouvé kontantman sové ou sové nou-an,  
pou antan nou tounin ansanm koté-ou  
nou jouinn kè kontan nan résépsion kay ou-a,  
koulié-a é pou tout tan é pou tout tan gin tan.**

**✠ Amèn.**

32. b) Léktu yo

Éfézyin 1, 3-7: « Li té chouazi nou davans kòm pitit adoptif ». [p. 165].

Ps 26, 1. 4. 7-10. 13-14. [p. 144].

Luk 15, 11-32: « Papa-l ouè-l, zantray li souké ». [p. 195].

33. c) Oméli-a kapab palé sou :

— péché-a, antan li fè viré do bay rinmin pitit la té doué gin pou Bondié Papa-a ;

— mizérikòd Papa-a ki san limit pou pitit yo ki nan péché-a ;

— natu véritab konvèsion-an ;

— padon yo doué bay frè yo tout tan ;

— résépsion ékaristik la antan li sé tèt rékonsiliasion avèk Égliz la épi avèk Bondié.

34. d) Égzamin konsians

Apré Oméli-a, yo fè egzamin konsians la, parégzanp dapré tèks yo ki nan Apindis III-a, p. 112. Sé pou toujou gin éspas silans pou chak moun kapab réalizé egzamin konsians la yon fason pi pèsònèl.

35. e) Akt pénitans la

Apré egzamin konsians la, minis k-ap dirijé-a invité pou lapriyé :

**Bondié nou-an sé yon Bondié mizérikòd, li pran tan pou-l faché, li gin anpil pasians, li minm ki résévoua nou ankò tankou papa-a té résévoua pitit la ki té tounin sot louin-an. An nou sipliyé-l avèk konfians antan n-ap di :**

**℟: Nou pa mérité yo rélé nou pitit ou.**

— **Paské nou té sèvi mal ak kado ou yo, antan nou fè péché kont ou : ℟: Nou pa mérité yo rélé nou pitit ou.**

— **Paské nan éspri nou ak nan kè nou nou té pati byin louin sot koté-ou, antan nou fè péché kont ou : ℟:**

— **Paské nou té bliyé amou ou, antan nou fè péché kont ou : ℟:**

— **Paské sé plézi nou plis pasé byin nou ak byin frè nou yo nou té suiv, antan nou fè péché kont ou : ℟:**

— **Paské sé yon ti kras konsidérasion nou té bay frè nou yo, antan nou fè péché kont ou : ℟:**

— **Paské nou té pran tan pou nou rékonèt frè nou yo, antan nou fè péché kont ou : ℟:**

— **Paské nou té bliyé mizérikòd ou-a ki fè sé tout tan ou té résévoua nou-an, antan nou fè péché kont ou : ℟:**

Moun ki prézan yo kapab ajouté dôt invokasion ; li inpòtan pou ant chak invokasion yo kinbé yon brèf ti poz silans ; minm jan-an tou li t-a bon pou sé divès fidèl ki déklaré divès invokasion yo.

— **Koulié-a ak pròp paròl Jézu té anségné nou-an, an nou rélé Papa nou-an pou-l padonnin péché nou yo :**

**Papa nou, ki nan sièl la :  
sé pou yo réspékté nou-ou ;**

sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;  
 sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.  
 Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;  
 padonnin sa nou fè-ou  
 tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy ;  
 pa kité nou pran nan pièj ;  
 min délivré nou ak sa ki mal.

36. f) Apré yon chan ki adapté, minis la k-ap dirijé sélébrasion-an fè priyè final la épi li ranvouayé pèp la.

**Bondié Papa nou,**  
 ou minm ki té chouazi nou davans kòm pitit adoptif,  
 pou nou té kapab vi-n sin dévan fas ou  
 épi pou nou té toujou joui nan kay ou-a,  
 résévoua nou épi konsèvé nou nan rinmin-ou nan,  
 pou nou viv avèk kontantman épi avèk chanté  
 nan Égliz ou-a ki sin-an.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.  
 R: Amèn.

### III. KONTANTMAN BÒN NOUVÈL LA

37. a) Apré yon chan ki adapté épi salutation-an, minis la k-ap dirijé sélébrasion-an indiké moun yo ki prézan-an tèm léktu yo épi li invité yo pou priyè-a ; apré yon tan silans li fini priyè-a :

**Louvri kè nou, Granmèt,**  
 pou-l kouté voua-ou jodi-a,  
 pou antan nou résévoua Bòn Nouvèl Pitit ou-a,  
 nou rivé maché nan nouvoté lavi-a  
 pa pouvoua lanmò li ak réziréksion-l.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

R: Amèn.

**38. b) Léktu yo**

1 Jan 1, 5-9: « Si nou di nou pa gin péché, nou tronpé pròp tèt nou ». [p. 173].

Ps 145, 5-10. [p. 209].

Matié 5, 1-10: « Ala kontantman pou sa ki pòv yo nan éspri-a, paské sé pou yo péyi roua sièl yo yé ». [p. 181].

**39. c) Oméli-a kapab palé sou :**

— péché-a, ki fè nou mété pròp tèt pa nou an opozision ak kontantman Bòn Nouvèl yo, antan nou bliyé kòmandman Kris la ;

— solidité lafoua nou nan paròl Jézu yo ;

— fidéлитé nou nan imitasion Kris la, ni nan vi pèsonèl nou ni nan kominoté krétyèn nan, minm nan sosiété moun yo ;

— chak Kontantman.

**40. d) Égzamin konsians**

Apré Oméli-a, yo fè égzamin konsians la, parégzanp dapré tèks yo jouinn nan Apindis III, p. 112. Sé pou yo toujou kité éspas silans pou chak moun kapab réalizé égzamin konsians la yon fason pi pèsonèl.

**41. e) Akt pénitans la**

Apré égzamin konsians la, minis k-ap dirijé-a invité pou priyé-a, antan-l di paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé ak yo :

**Frè-m yo : Jézu-Kri té kité égzanp pou nou, pou nou suiv tras li. An nou dirijé priyé nou koté-l ak tout umilité ak konfians, pou-l nétouayé kè nou épi pou-l fè nou favè viv dapré Bòn Nouvèl li-a :**

— **Granmèt Jézu-Kri, sé ou minm ki té di :**

« Ala kontantman pou sa yo ki pòv nan éspri-a, paské sé pou yo péyi roua sièl yo yé » ;

**min nou minm nou pito kité richès yo okipé atansyon nou épi minm n-ap chèché yo yon fason ki pa kòrèk.**

Mouton Bondié-a ki ouété péché tè-a,

℞ Pran pitié pou nou.

— Granmèt Jézu-Kri, sé ou minm ki té di :

« Ala kontantman pou sa yo ki dou yo,  
paské sé yo minm k-ap posédé tè-a » ;

nou violan youn parapò a lòt

épi tè nou-an plin ak divizion épi lagè.

Mouton Bondié-a ki ouété péché tè-a,

℞ Pran pitié pou nou.

— Granmèt Jézu-Kri, sé ou minm ki té di :

« Ala kontantman pou sa k-ap kriyé yo,  
paské yo minm y-ap jouinn konsolasion » ;

min nou minm nou pa gin pasians pou nou sipòté soufrans nou yo,

épi sé yon ti kras atansyon nou bay frè nou yo k-ap souffri yo.

Mouton Bondié-a ki ouété péché tè-a,

℞ Pran pitié pou nou.

— Granmèt Jézu-Kri, sé ou minm ki té di :

« Ala kontantman pou sa yo ki grangou épi ki souaf jistis-la,  
paské yo minm y-ap jouinn kont kò yo » ;

min nou minm sé yon ti kras nou anvè ou, sous tout sinteté-a,

épi nou indiféran parapò a jistis privé-a avèk piblik la.

Mouton Bondié-a ki ouété péché tè-a,

℞ Pran pitié pou nou.

— Granmèt Jézu-Kri, sé ou minm ki té di :

« Ala kontantman pou sa-k gin mizérikòd yo,  
paské yo minm y-ap jouinn mizérikòd » ;

min nou minm nou pa vlé padonnin frè nou yo,

épi sé avèk sévérité nou jijé prochin nou yo.

Mouton Bondié-a ki ouété péché tè-a,

℞ Pran pitié pou nou.

— Granmèt Jézu-Kri, sé ou minm ki té di :

« Ala kontantman pou sa yo ki gin kè pròp yo,  
paské yo minm y-ap ouè Bondié » ;

min nou minm sé atirans avèk anvi sans yo n-ap suiv,  
épi nou pa ozé lévé jé nou koté-ou.

Mouton Bondié-a ki ouété péché tè-a,

℟: Pran pitié pou nou.

— Granmèt Jézu-Kri, sé ou minm ki té di :

« Ala kontantman pou sa yo k-ap travay pou lapè-a,  
paské sé pitit Bondié y-ap rélé yo » ;

min nou minm nou pa konn travay pou lapè nan fanmiy nou yo,  
nan sosiété-a, nan lavi pèp yo.

Mouton Bondié-a ki ouété péché tè-a,

℟: Pran pitié pou nou.

— Granmèt Jézu-Kri, sé ou minm ki té di :

« Ala kontantman pou sa yo k-ap sibi pèsékision poutèt jistis la,  
paské sé pou yo péyi roua sièl yo yé » ;

min nou minm nou pito fè injistis  
pasé nou souffri ak tout kè nou pou jistis la,  
épi n-ap fè diférans ant frè nou yo,  
n-ap pézé yo, n-ap pèsékité yo.

Mouton Bondié-a ki ouété péché tè-a,

℟: Pran pitié pou nou.

— Koulié-a an nou rélé Papa nou, Granmèt la, pou-l libéré nou  
sot nan mal la épi pou-l fè nou mérité péyi koté li roua-a :

Papa nou ki nan sièl la ;

sé pou yo réspékté non ou ;

sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;

sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.

Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;

padoné sa nou fè-ou



**tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy ;  
pa kité nou pran nan pièj ;  
min délivré nou ak sa ki mal.**

**42. f) Anfin, apré yon chan ki adapté, minis la k-ap dirijé sélébrasion-an fè priyè final la épi li ranvouayé pèp la.**

**Granmèt Jézu-Kri,  
ou minm ki dou épi tou pitit nan kè,  
ki gin mizérikòd épi ki bay lapè,  
ki pòv épi ki sibi lanmò poutèt jistis la,  
ou minm ki rivé nan gloua-a pa lintèmediè koua-a,  
pou-ou montré nou chémin k-ap sové nou-an,  
fè nou favè pou nou kontan résévoua bòn Nouvèl ou-a  
épi pou nou viv dapré modèl ou  
antan nou éritié ansanm avèk ou épi nou patisipé ansanm avèk ou  
nan péyi koté ou roua-a ;  
ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.  
✠ Amèn.**

#### IV. POU TI MOUN YO

43. Chéma sélébrasion pénitansièl sa-a, li adapté pou timoun piti yo nan laj, minm pou sa yo ki pa ko proché konfésion sakramantèl la.

Tèm : **BONDIÉ AP CHÈCHÉ NOU**

44. Sé pou yo préparé sélébrasion pénitansièl la avèk timoun yo yo minm minm, yon fason pou yo déjà byin asiré sou sans sélébrasion sa-a ak koté li vlé rivé, pou yo byin konn chan yo, pou yo déjà gin konésans omouin kòmansman tèks sakré ki ékri-a y-ap li-a, épi pou yo gin asirans osijè tèks y-ap réité yo, ni osijè aksion yo avèk sa-k vi-n anvan épi sa-k vi-n apré.

45. a) Salusasion

Timoun yo ki rasanblé nan Égliz la oubyin yon lòt koté ki adapté, sélébran-an salué yo avèk paròl bon jan épi li raplé yo intansion sélébrasion-an nan kèk mo, ni bagay yo ki konsèné déroulman-l nan. Yon foua salusasion-an fi-n fèt, yo kapab chanté chan kòmansman-an.

46. b) Léktu

Sélébran-an kapab di yon introduksion tou kout avèk paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé ak yo :

**Timoun yo mouin rinmin anpil la : Nou tout, gras a batèm nan, nou vi-n tounin pitit gason ak pitit fi Bondié. Bondié rinmin nou tankou yon Papa, épi li avèti nou pou nou rinmin-l ak tout kè nou. Min li vlé tou pou nou bon youn pou lòt, pou nou tout ansanm nou viv avèk kontantman.**

Min poutan moun yo pa toujou aji dapré volonté Bondié-a. Yo di : « Mouin pap konfômé ! M-ap fè sa-m vlé ! » Yo pa obéyi Bondié, épi yo pa vlé kouté voua-l. Konsa tou nou minm souvan nou aji.

Sé sa-a nou rélé péché-a ki fè nou pran distans parapò a Bondié, é si anfèt bagay la grav, nou séparé toutafè sot nan Bondié.

Kijan Bondié aji atò, lè yon moun viré do ba li ? Kisa li fè lè nou abandoné chémin douat la épi n-ap kouri nan danjé pou nou pèdi lavi-a ? Èské poutèt nou fè-l lapinn li viré tèt li sot koté nou ?

**An nou kouté ki sa Granmèt la di nou :**

47. Sé pou yo li yon sèl tèks Liv ki sin yo.

Lc 15, 1-7: Lè sa-a : tout piblikin yo t-ap proche kot Jézu... [p. 193].

48. c) Oméli-a

Sé pou Oméli-a kout, épi sitou sé pou-l fè ouè rinmin Bondié pou nou, épi pou-l ofri yon priz pou égzamin konsians la.

49. d) Égzamin konsians la

Y-a adapté égzamin timoun yo sou sa yo pran tou kout nan indikasyon sélébran-an épi li t-a bon pou yo konplété-l avèk yon tan silans (cf. Apindis III, p. 116).

50. e) Akt pénitansièl

Priyè litanik ki suiv yo, sélébran-an oubyin youn oubyin pliziè timoun kapab résite yo pandan foul moun ki prézan yo ap réponn. Anvan répons yo, sa yo kapab chanté yo tou, li rékòmandab pou konsèvé yon ti poz.

**Bondié ak Papa nou,**

— **anpil foua nou pa aji jan pitit ou yo t-a doué fè.**

**℟: Ou minm poutan ou rinmin nou épi ou-ap chèché nou.**

— **Paran nou yo ak mèt nou yo nou té fè yo lapinn.**

**℟: Ou minm minm ou rinmin nou épi ou-ap chèché nou.**

— **Nou té batay épi nou té palé mal youn ak lòt.**

**℟: Ou minm poutan ou rinmin nou épi ou-ap chèché nou.**

— **Lakay la (ak nan lékòl la) nou té fè parès épi nou pa-t paré pou édé paran nou yo (frè nou yo, lòt timoun yo).**

**℟: Ou minm poutan ou rinmin nou épi ou-ap chèché nou.**

— **Nou pa-t sèvi anyin épi nou té fè manti.**

**℟: Ou minm poutan ou rinmin nou épi ou-ap chèché nou.**

— Okazion pou fè byin yo, nou té kité yo pasé.

**⌘** Ou minm poutan ou rinmin nou épi ou-ap chèche nou.

**Koulié-a minm ansanm avèk Jézu, frè nou, an-al kot Papa-a épi n-ap priyé-l pou-l padonnin péché nou yo :**

**Papa nou ki nan sièl la ;  
sé pou yo réspékté non ou ;  
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;  
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.  
Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;  
padoné sa nou fè-ou  
tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy ;  
pa kité nou pran nan pièj ;  
min délivré nou ak sa ki mal.**

**51. f) Akt kontrision avèk rézoulision**

Yo kapab montré-l avèk kèk sign, parégzanp : Chak timoun, si sa parèt bon, antan yo poté yon chandèl yo proché kot lotèl la oubyin yon lòt koté ki adapté pou yo limin chandèl la koté sa-a – antan minis la ap édé yo si yo bézouin – épi chak moun di :

**Papa, mouin gin lapinn pou tou sa mouin té fè ki mal,  
épi pou tout byin mouin pa-t fè.  
Avèk sinplisité mouin vlé fè éfò nan sa, pou-m korijé-m,  
spésialman ... (isit la yo nonmin kèk rézoulision)  
épi pou-m maché nan limiè-ou la.**

Nan plas chandèl la oubyin ansanm avèk li, tèks priyé-a avèk rézoulision-an ki ékri nan biyè-a, timoun yo kapab dépozé li sou lotèl la oubyin sou yon tab ki préparé pou sa.

Si kantité timoun yo oubyin dèt bagay ki ajouté pa pèmèt sa, sélébran-an avèti timoun yo pou yo tout di ansanm priyé yo di pi ro-a épi sètènman avèk rézoulision jénéral.

**52. g) Priyé sélébran-an**

**Bondié, Papa nou, toujou ap chèche nou  
lè nou kité rout ki douat la,**

épi li paré pou padonnin bagay yo nou fè ki mal la.  
Konsa sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a pran pitié pou nou,  
épi antan-l padonnin péché nou yo,  
sé pou-l fè nou rivé nan lavi k-ap diré tout tan-an.

✠ Amèn.

53. Minis la invité timoun yo pou yo fè aksion-d-gras, ki kapab yon chan adapté.

Apré sa, li ranvouayé yo.

## V. POU JÈN YO

54. Sélébrasion pénitansièl la, sé pou yo préparé-l avèk jèn yo yon fason pou yo minm, si sa posib, ansanm avèk sélébran-an yo chouazi tèks yo avèk chan yo oubyin yo konpozé yo. Léktè yo, chant yo oubyin koral la y-a chouazi yo nan group yo.

**Tèm : RÉNOUVÈLMAN LAVI-A DAPRÉ VOKASION KRÉTIÈN NAN**

55. a) Salutation-an yo kapab fè-l avèk paròl sa yo oubyin avèk sa-k sanblé avèk yo :

**Nou minm mouin rinmin anpil la : Nou rasanblé pou nou fè pénitans épi pou nou renouvélé lavi nou. Sé pa, tankou anpil moun pansé, yon bagay ki difisil épi ki tris sèlman, min li bay kontantman épi li konsèné tan k-ap vini-an plis pasé sa-k pasé-a : Pa lintèmediè pénitans la Bondié louvri yon chémin nouvo pou nou, antan l-ap kondui nou pi plis tout tan pou nou rivé nan vrè libèté pitit Bondié yo. Antan Kris la rélé nou nan konvèsion-an, li ofri nou pasaj pou nou antré nan péyi roua Papa-l la, jan li té anségné nan parabòl machann nan ki antan-l jouinn pèrl ki gin anpil valè-a, té vann tout bagay pou-l té achté-l. Konsa antan yo kondui nou avèk kalité bèl konsèy sa-a, an nou kité lavi ki fi-n pasé-a, pou nou chèché jouinn nouvo-a ki gin pi plis valè-a.**

Apré sa yo chanté yon chanté ki palé sou vokasion nan nouvo lavi-a oubyin sou kè ki paré pou suiv apèl Bondié-a (parégzanp Psòm 39, 1-9 avèk **R** : Min m-ap vini pou-m fè volonté-ou) [p. 148].

56. b) Priyè

**Bondié, ou minm ki ralé nou sot nan ténèb yo vi-n nan limiè-ou la, sot nan mansanj la vi-n nan vérité-a, sot nan lanmò-a vi-n nan lavi-a ; vidé Éspri-Sin-ou nan nanm nou antan-ou louvri zòrèy nou yo épi ou bay kè nou yo fòs, pou nou distingé vokasion nou épi pou nou antré nan chémin-an avèk kouraj**

sa k-ap minnin vrèman nan lavi krétyèn nan.  
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou.

✠ Amèn

57. c) Léktu yo

Romin 7, 18-25: Frè-m yo : Mouin konnin... [p. 161].

Oubyin Romin 8, 19-23: Frè-m yo : Kréasion-an ap tann... [p. 162].

Chan oubyin éspas silans.

Matié 13, 44-46: Lè sa-a : Jézu di fowl yo : « Péyi Roua sièl yo sanblé ak... ». [p. 185].

58. d) Oméli

Oméli-a kapab palé sou :

- laloua péché-a, k-ap batay kont Bondié anndan nou ;
- nésésité kité vi péché-a, pou nou kapab antré nan péyi-roua Bondié-a.

59. e) Égzamin konsians

Apré Oméli-a, yo fè égzamin konsians, parégzanp dapré tèks yo jouinn nan Apindis III, p. 116. Fò toujou gin yon éspas silans, pou chak moun kapab réalizé égzamin konsians la yon fason pi pèsonèl.

60. f) Akt pénitansièl

**Kris Granmèt la té rélé nou antan nou péchè pou nou vi-n nan péyi-roua Papa-l la. Konsa sé pou chak moun koulié-a fè yon akt-kontrision nan fon kè-l épi sé pou-l pran yon rézoulusion klè.**

Apré yon ti poz silans tou kout, tout moun ansanm yo di :

**Dévan Bondié ki gin tout pouvoua  
épi dévan nou minm tou, frè-m yo,  
mouin rékonèt mouin fè anpil péché  
nan sa-m pansé, nan sa-m di, nan sa-m fè, nan sa-m réfizé fè.**

épi antan y-ap frapé léstomak yo, di :

**Sé fot mouin, sé fot mouin, sé fot mouin vré.**

Apré sa yo kontinié :

Sé pousa mouin mandé Mari ki sin é ki toujou rété Vièj,  
tout Anj yo ak Sin yo  
épi nou minm tou, frè-m yo,  
lapriyé Bondié Granmèt nou-an pou mouin.

Minis la :

Granmèt Bondié, ou konnin tout bagay.  
Ou minm konnin nou gin volonté sinsè  
pou nou sèvi ou-minm ak frè nou yo pi byin.  
Voyé jé sou nou épi kouté priyé nou yo.

Léktè :

Ba nou gras vré konvèsion-an.

✠ N-ap lapriyé-ou, kouté nou.

Révèyé éspri pénitans la nan nou épi bay rézolisyon nou yo fòs.

✠ N-ap lapriyé-ou, kouté nou.

Padonnin péché nou yo épi fèmin jé sou défo nou yo.

✠ N-ap lapriyé-ou, kouté nou.

Plin kè nou avèk éspri konfians épi jénérozité.

✠ N-ap lapriyé-ou, kouté nou.

Fè nou vi-n tounin disip fidèl Pitit ou-a épi manb vivan Égliz li-a.

✠ N-ap lapriyé-ou, kouté nou.

Minis la :

Bondié, ki pa vlé lanmò péchè-a min pou-l konvèti épi pou-l viv,  
sé pou-l résévoua rékonésans péché nou yo avèk bon kè épi sé  
pou-l vidé gran mizérikòd li-a sou nou minm k-ap priyé-a, dapré  
lòd Pitit li-a :

Tout moun ansanm kontinué :



**Papa nou ki nan sièl la ;  
sé pou yo réspékté non ou ;  
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;  
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.  
Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;  
padoné sa nou fè-ou  
tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy ;  
pa kité nou pran nan pièj ;  
min délivré nou ak sa ki mal.**

**61. Yo fini sélébrasion-an avèk yon chan ki adapté épi yo ranvouayé-l.**

## VI. POU MALAD YO

**62.** Dapré éta malad yo épi sèlon posibilite koté-a, minis la proche koté malad yo ki rasanblé nan chanm nan oubyin li rasanblé yo nan yon chapèl oubyin nan yon légliz. Tèks yo avèk kantité yo, sé pou yo pran souin adapté yo ak kondision moun yo k-ap patisipé yo. Kòm trè souvan pèsonn nan yo pa kapab okipé ròl léktè-a, sé pou yo invité dòt moun pou sa, si yo kapab.

**Tèm :** TAN MALADI-A KÒM TAN GRAS

**63.** a) Salutation-an kapab fèt dapré paròl sa yo oubyin sa ki sanblé ak yo :

**Frè-m yo k-ap souffri yo : Paròl pénitans la Jézu té préché-a sé bon Nouvèl la : nouvèl donk charité ak mizèrikòd Bondié, ki dispozé nou pou tout tan san rété nou dirijé tout lavi nou koté-l. Pénitans la réyelman sé yon kado Bondié, nou doué résévoua-l avèk rékonésans. Koulié-a sé nan intansyon sa-a n-ap louvri konsians nou bay Bondié avèk gran sinplisité épi umilitéé, épi n-ap mandé-l rékonsiliasyon nan mézi nou youn padonnin sa lòt-la fè nou.**

Yo kapab chanté yon chan pénitans si posib isit la avèk malad yo, oubyin minm si koral la prézan li kapab chanté-l.

**64.** b) Priyè

**Bondié, sous koté tout sa ki bon soti ak tout pitié, pitit ou yo ki rasanblé onon-ou nan ba yo éspri pénitans ansanm ak konfians pou antan n-ap mandé padon-ou ak padon frè yo nou konfésé péché nou avèk sinsérité. Tanpri, gras a sélébrasyon sa-a fè nou fè youn avèk ou épi avèk prochin nou yo pi byin ankò pou nou kapab sèvi-ou pi byin. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou. R: Amèn.**

## 65. c) Léktu yo

Yo kapab fè introdiksyon-an avèk paròl sa yo oubyin ak sa-k sanblé ak yo :

**Moun ki lach épi ingra, souvan yo joui santé ak lòt byin. Nan tan maladi-a minm nou résévoua avètisman tout bagay sa yo sé yon gran kado ki fè lè nou pa ginyin yo nou fébli nan nanm nou fasil. Bondié pèmèt maladi, pou-l sondé lafoua nou ; byin plis ankò, soufrans nou kòm soufrans ansanm avèk Kris la kapab ginyin yon gran valè ni pou nou minm ni pou Égliz Bondié-a. Konsa tan maladi-a pa initil ni pa san okinn sans, min pou moun yo ki aksépté-l avèk dispozision douat li vi-n tounin réyèlman tan gras. Sé dispozision sa-a sélébrasion nou-an ap chèché dévlopé, sé pou sa n-ap kouté Paròl Bondié-a, n-ap sondé konsians nou, n-ap vidé priyè.**

66. **Jak 5, 13-16:** Nou minm mouin rinmin anpil la : Si youn nan nou chagrin ? [p. 171].

Ant léktu yo yo kapab di altènativman oubyin chanté yon Psòm (parégzanp Psòm 129 [p. 155] oubyin 50 [p. 149]).

Mc 2, 1-12: Lè sa-a : Jézu antré Kafarnaòm ankò... [p. 188].

## 67. d) Oméli

Li konvtab pou sélébran-an palé sou maladi, pa tèlman sou féblès kò-a min plis sou féblès ki nan sa-k manké nan nanm-nan, l-a montré pouvoua Jézu ak Égliz li-a ginyin pou padonnin péché yo épi fòs soufrans yon moun ofri pou lòt yo.

## 68. e) Égzamin konsians

Apré oméli-a yo fè égzamin konsians, parégzanp dapré tèks yo jouinn nan Apindis III, p. 112. Sé pou toujou ginyin yon éspas silans, pou chak moun kapab réalizé égzamin konsians la yon fason pi pèsònèl.

Yo kapab ajouté kèsion yo ki vi-n paré-a antan yo adapté yo ak kondision malad yo.

- Èské mouin kouè Bondié bon épi li okipé nou, minm nan jou tribilasyon ak maladi ?
- Èské mouin lagé bay chagrin, dézéspoua avèk dòt pansé ak mové santiman ?
- Èské-m sèvi ak tan vid la pou-m réfléchi sou lavi-a épi pou-m palé ak Bondié ?
- Èské mouin aksépté maladi-a ak doulè yo tankou yon okazion pou-m soufri ansanm ak Kris la ki té rachté nou ak soufrans li-a ?
- Èské antan m-ap viv nan lafoua mouin gin konviksion si-m sipòté doulè yo avèk pasians m-ap poté anpil pou byin Égliz la ?
- Èské mouin fè atansyon pou lòt moun yo épi mouin gin konsidérasyon pou sa k-ap soufri ansanm avèk mouin yo épi pou nésésité yo ?
- Èské-m gin rékonésans pou sa k-ap souagné-m yo ak sa k-ap vizité-m yo ?
- Èské mouin fè atansyon pou-m ofri bon égzanp jan yon krétyin doué fè ?
- Èské péché mouin té fè lontan yo mouin régrèt yo épi mouin sipòté maladi-a oubyin féblès mouin-an avèk pasians pou-m mandé padon pou yo ?

#### 69. f) Akt pénitansièl

Apré yon moman silans tout moun ansanm yo di :

Dévan Bondié ki gin tout pouvoua  
épi dévan nou minm tou, frè-m yo,  
mouin rékonèt mouin fè anpil péché  
nan sa-m pansé, nan sa-m di, nan sa-m fè, nan sa-m réfizé fè.

épi antan y-ap frapé léstomak yo, di :

Sé fot mouin, sé fot mouin, sé fot mouin vré.

Apré sa yo kontinié :

Sé pousa mouin mandé Mari ki sin é ki toujou rété Vièj,  
 tout Anj yo ak Sin yo  
 épi nou minm tou, frè-m yo,  
 lapriyè Bondié Granmèt nou-an pou mouin.

Léktè-a :

Granmèt Bondié nou, nou poté non Pitit ou-a épi nou rélé-ou  
 Papa nou. Nou régrèt nou té fè-ou lapinn épi nou té fè frè nou yo  
 sa-k pa kòrèk.

✠ Ba nou vrè pénitans la épi révéyé nan nou rinmin pou ou ak  
 pou prochin-an.

Léktè-a :

Granmèt Jézu-Kri, gras a soufrans ou-a avèk koua-ou la ou té  
 rachté nou épi ou té ba nou égzanp pasians ak charité. Nou régrèt  
 nou té fè ou lapinn épi nou té néglijé sèvis ou ak sèvis frè nou yo.

✠ Ba nou vrè pénitans la épi révéyé nan nou rinmin pou ou ak  
 pou prochin-an.

Léktè-a :

Granmèt Éspri Sin, ou té palé ak nou nan Égliz la épi nan  
 konsians nou, révéyé kè nou pou sa-k byin-an. Nou régrèt nou té  
 fè-ou lapinn nan dézobéyisans ak nan kè di.

✠ Ba nou vrè pénitans la épi révéyé nan nou rinmin pou ou ak  
 pou prochin-an.

Minis la :

Koulié-a an nou dirijé priyè-a kot Bondié Papa-nou pou-l  
 padonnin péché nou yo épi pou-l délivré nou anba sa ki mal :

Papa nou ki nan sièl la ;  
 sé pou yo réspékté non ou ;

sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;  
 sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.  
 Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;  
 padoné sa nou fè-ou  
 tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy ;  
 pa kité nou pran nan pièj ;  
 min délivré nou ak sa ki mal.

70. Alafin dapré konvnans koral la oubyin fidèl yo ki rasanblé-a kapab chanté yon chan épi yo fini sélébrasion-an avèk aksion-d-gras :

71. Bondié konsolasion-an ak Papa mizérikòd yo, ou minm ki padoné péché yo pou moun yo ki gin konfians nan nou-a.

**R:** N-ap fè louanj ou épi n-ap fè konpliman pou ou.

Bondié konsolasion-an ak Papa mizérikòd yo, ou minm ki fè moun k-ap souffri yo épi sa doulè yo krazé yo patisipé nan souffrans Pitit ou-a pou sovè tout tè-a :

**R:** N-ap fè louanj ou épi n-ap fè konpliman pou ou.

Bondié konsolasion-an ak Papa mizérikòd yo, ou minm ki rinmin sa-k nan tribilasion yo épi sa k-ap kriyé yo, ou ba yo espérans y-ap sovè épi ou promèt yo rékonpans lavi tout tan-an :

**R:** N-ap fè louanj ou épi n-ap fè konpliman pou ou.

An nou lapriyé

Bon kè-ou la Granmèt li san mézi épi mizérikòd ou-a li san limit.  
 N-ap rann ou gras pou kado yo nou résévoua yo  
 épi n-ap mandé-ou :

voyé jé sou fanmi-ou sa-a  
 ki rasanblé onon Pitit ou-a.

Konsèvé li nan lafoua vivan-an, nan espérans solid  
 épi nan charité sinsè pou ou ak pou prochin-an.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R:** Amèn.

oubyin :

72. Nan plas priyè-a yo kapab fini sélébrasion-an avèk bénédiksiyon :

**Sé pou Bondié lapè-a plin kè nou ak tout byin,  
pou antan nou jouinn fòs nan éspérans ak konsolasion ki sot nan  
Bondié-a,  
antan n-ap viv dapré volonté li  
nou rivé sovè tout tan.**

**Ni sa, ni tout byin  
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a ba nou yo :  
Papa-a, ak Pitit la, ✝ ak Éspri-Sin-an.**

**℟: Amèn.**

73. Minis la ranvouayé asanblé-a oubyin invité moun yo ki prézan-an fè yon ti konvèsasyon tankou frè ak sè ak malad yo.

## APINDIS III

### CHÉMA POU ÉGZAMIN KONSANS

**1. Yo propozé chéma pou égzamin konsians, y-a konplété-l épi y-a adapté-l dapré abitud koté yo avèk divèsité moun yo.**

---

**2. Lè yo fè égzamin konsians la anvan sakréman pénitans la, li konvnan pou chak moun kòmansé înterójè pròp tèt pa-l osijè bagay sa yo ki vi-n apré-a :**

1. Èské proché m-ap proché kot sakréman pénitans la sé ak yon anvi sinsè pou-m nétouayé, pou-m konvèti, pou-m rénouvle vi mouin épi pou-m zanmi pi fon ak Bondié, oubyin pito èské bagay sa-a mouin konsidéré-l tankou yon poua-sinkant pou-m t-a résévoua trè raman ?

2. Èské mouin bliyé oubyin volontèman mouin pa-t di kèk péché grav nan konfèsion mouin té déjà fè yo ?

3. Èské mouin té fè satisfaksion yo té mandé-m fè-a ? Èské mouin té réparé déga mouin té fè pètèt ? Rézoulusion pou-m korijé lavi-m dapré Bòn Nouvèl la èské-m fè éfd pou-m mété-l an pratik ?

---

**3. Nan limiè paròl Bondié-a chak moun doué égzaminé lavi-l.**

I. Granmèt la di : « Sé pou rinmin Granmèt Bondié-ou la ak tout kè-ou » (Matié 22, 37).

1. Èské mouin dirijé kè-m kot Bondié yon fason pou réyèlman mouin rinmin-l anlè tout bagay antan mouin réyalizé kòmandman-l yo avèk fidélité, tankou pitit rinmin papa-l, oubyin pito èské mouin pa pi intéresé nan bagay tan sa-a k-ap pasé yo ? Èské intansion-m douat nan aksion mouin pozé ?

2. Èské lafoua mouin solid nan Bondié ki té palé avèk nou nan Pitit li-a ? Èské-m kolé kò-m solid nan ansègnman Égliz la ? Èské mouin té okipé fòmasyon krétyèn mouin antan-m kouté paròl Bondié-a, mouin patisipé nan katéchèz, mouin évité sa-k nuizib pou lafoua-a ? Èské mouin déklaré lafoua nan Bondié ak nan Égliz la tout tan avèk kouraj, san krint ? Èské ak tout bòn volonté-m mouin té prezanté tèt mouin kòm krétyin nan lavi privé ak piblik ?

3. Priyé matin ak asoué èské-m pa-t fè yo ? Èské priyé mouin sé vré konvèsasyon éspri ak kè avèk Bondié oubyin yon obsèvan sou pa déyo sèlman ? Èské mouin té ofri Bondié travay yo, kontantman yo ak doulè yo ? Èské nan tantasion yo mouin té rélé-l ?

4. Èské aléga non Bondié mouin té gin respè avèk amou, èské mouin pa-t fè Bondié lapinn nan blasfèm, oubyin nan fo-sèman, oubyin antan-m sèvi ak non li yon fason ki pa kòrèk ? Sint Vièj Mari avèk Sin yo, èské mouin té manké yo respè ?



5. Èské jou Granmèt la ak fèt Égliz la mouin té obsèvé yo antan mouin té patisipé nan asanblé litijik, Mès sitou, yon fason aktif avèk dévotion épi atansyon ? Èské mouin té obéyi kòmandman yo osijè konfèsion chak ané-a épi kominion paskal la ?
6. Èské paraza mouin gin dèt dié, parégzanp bagay mouin okipé pi plis oubyin mouin mét plis konfians nan yo pasé nan Bondié, tankou richès, sipèstisyon, konsilté mové léspré ak dèt pratik maji ki pa gin plas yo ?

II. Granmèt la di : « Min kòmandman mouin, sé pou nou youn rinmin lòt jan mouin té rinmin nou-an » (Jan 15, 12).

1. Èské mouin pa-t gin vré rinmin pou prochin mouin ? Èské frè-m yo mouin fè yo abi pou-m rivé nan rézilta-m yo oubyin antan mouin fè yo sa mouin pa vlé pou lòt moun fè-m ? Èské mouin pa-t skandalizé yo yon fason grav nan mové paròl ak mové aksyon ?
2. Gadé si nan fanmi ou-an, gras a pasians la ak vré amou-an ou té kontribiyé pou byin ak kontantman lòt yo, èské timoun yo antan yo obéyi paran yo té respékté yo épi yo té ofri yo sékou yo bézouin spirituèlman ak matérièlman, èské paran yo antan yo pran souin pitit yo nan édikasyon krétyèn yo édé yo nan bon égzanp avèk otorité papa ; èské mari ak madanm yo fidèl youn parapò a lòt nan kè yo ak nan rapò ak lòt yo ?
3. Èské mouin séparé byin mouin yo avèk sa ki pi pòv pasé-m yo ? Nan mézi mouin kapab, èské mouin défann sa y-ap fè pasé mizè yo, èské mouin poté sékou bay sa-k nan mizè yo, èské mouin édé moun ki nan bézouin yo, èské mouin pa-t méprizé prochin mouin-an, sitout pòv yo, fèb yo, vié granmoun yo, étranjé-yo, oubyin moun lòt ras yo ?
4. Èské nan lavi mouin mouin sonjé mision mouin té résévoua nan Konfirmasyon-an ? Èské mouin té patisipé nan travay apostola ak charité Égliz-la nan lavi parouas la ? Èské mouin té poté konkou pou sa Égliz la ak tè-a bézouin épi mouin té priyé pou yo, parégzanp pou Égliz la fè yon sèl, pou évanjélizasyon pèp yo épi pou kinbé lapè ak jistis la, etc. ?
5. Èské mouin okipé byin ak dévlopman kominoté moun yo koté m-ap viv la, èské mouin kondui lavi-m antan m-ap okipé afè pa-m sèlman ? Èské mouin patisipé ak tout fòs mouin yo pou-m favorizé jistis la, bon konpòtman moral, bòn antant, charité nan lavi sosyal moun yo ? Èské mouin té fè dévoua-m kòm sitouayin, èské-m té péyé taks ?
6. Èské nan travay mouin oubyin nan buro mouin mouin douat, travayè, onèt, antan mouin ofri sosiété-a sèvis mouin-an paramou ? Èské mouin pa-t bay travayè yo ak sa ki nan sèvis mouin yo salè yo mérité ? Èské mouin té kinbé angajman m-té pran ak kontra mouin té fè ?

7. Èské mouin té bay moun ki gin otorité léjitim yo obéyisans avèk respè yo mérité-a ?
8. Si-m okipé yon fonksion oubyin si m-ap égzèsé yon otorité èské mouin sèvi ak yo pou avantaj pa-m oubyin pou byin lòt yo nan yon èspri sèvis ?
9. Èské mouin té kinbé vérité-a ak fidéлитé-a, èské mouin pa-t fè lòt yo ditò nan bay manti, kalomnié, dénigré, fè jijman témèrè, trayi sékrè ?
10. Èské mouin pa-t détoui lavi, intégrité fizik, rénomé oubyin onè, byin lòt yo ? Èské mouin pa-t fè yo sibi kèk domaj ? Èské mouin pa-t konséyé oubyin fè avòtman ? Èské mouin pa-t rapousuiv lòt yo avèk rayisans, èské mouin pa-t divizé avèk lòt yo nan batay, nan fè ènmi, maltrété, kòlè ? Èské poutèt mouin égoyis mouin té néglijé yon fason koupab témouagné sou inosans prochin-an ?
11. Èské mouin pa-t vòlè afè lòt yo, èské mouin t-a anvi afè yo yon fason ki pa kòrèk, ki dézòdoné oubyin mouin té fè yo sibi domaj ? Èské mouin té rinmèt lòt yo sa-m té vòlè épi mouin té réparé domaj la ?
12. Si-m té sibi domaj èské mouin paré pou lapè, poutèt amou Kris la, épi pou bay padon-an, èské sé pa rayisans oubyin anvi vanjans mouin té kinbé ?

III. Kris la Granmèt la di : « Moun ki gin kòmandman-m yo épi ki kinbé yo sé li minm ki rinmin-m » (Jan 14, 21).

1. Ki sa-k diréksion fondamantal lavi mouin ? Èské sé éspérans lavi étènèl la k-ap pousé-m ? Èské mouin okipé dévlopé lavi spirituèl la avèk priyè, li paròl Bondié-a épi médité-l, patisipé nan sakrèman yo, mòtifikasyon ? Èské mouin paré pou-m métrizé vis yo ; mové panchan-m yo avèk mové santiman-m yo tankou anvié lòt, éksè nan manjé ak bouè ? Antan-m kité ògèy ak vanté tèt mouin pousé-m èské mouin té kouè-m kichòy dévan Bondié épi mouin té méprizé lòt yo antan-m konsidéré mouin gin plis valè pasé yo ? Sé volonté-m sèlman mouin té oblijé lòt yo fè, antan mouin néglijé libété lòt yo ak doua yo ?
2. Kijan mouin té sèvi avèk tan-an, fòs yo, kado yo mouin té résévoua nan min Bondié tankou « talan évanjil yo » ? Èské mouin sèvi avèk tout bagay sa yo pou-m fè tèt mouin vi-n pi bon jou an jou ? Èské mouin té rét ap pèdi tan épi mouin parésé ?
3. Soufrans yo ak kontrariété lavi-a èské mouin té sipòté yo avèk pasians ? Kijan mouin té mòtifié kò-m pou-m akonpli « sa-k manké nan soufrans Kris la » ? Laloua jèn nan avèk abstinans la èské mouin té obsèvé-l ?
4. Èské mouin té konsèvé sink sans mouin yo ak tout kò mouin nan pudè avèk chasteté tankou tanp Éspri Sin-an yo rélé pou rézirkon-an avèk gloua épi tankou sign amou Bondié fidèl gin pou lèzòm, sa ki parèt plènman klè

nan sakréman mariaj la ? Èské mouin té sal chè mouin-an nan fònikasion, inpurté, nan sa m-ap di ak nan sa m-ap pansé ki pa kòrèk, nan mové anvi oubyin aksion ? Èské mouin ankourajé souaf mové plézi-m yo ? Èské mouin té frékanté léktu, konvèsasion, spéktak ak divètisman ki kontrè sa ki onèt pou yon krétyin ak pou yon moun ? Èské mouin pousé lòt yo nan péché akoz fason mouin abiyé ki pa kòrèk ? Nan rélasyon mariaj la èské mouin obsèvé laloua moral la ?

5. Èské mouin aji kont konsians mouin paské mouin té pè oubyin mouin té fè ipokrit ?

6. Èské mouin té toujou fè éfò pou aji dapré libèté pitit Bondié yo tout bon vré dapré laloua Éspri-a, èské gin kèk pasion ki fè-m ésklav yo ?

## LÉKTU BIBLIK YO

## LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

## 1

*Li pran nan frui-a, li manjé.*

**Léktu liv Jénèz la****3, 1-19**

Sèpan-an sé té pi rizèz nan tout bèt yo sou tè-a, sa Granmèt Bondié té fè yo. Li di madanm nan : « Pouki sa Bondié pasé nou lòd, pou nou pa manjé nan okinn pié boua paradi-a ? »

Madanm nan réponn : « Nan frui pié boua yo, ki nan paradi-a, nou gin doua manjé ; min nan frui pié boua, ki nan mitan paradi-a, Bondié pasé nou lòd pou nou pa manjé ladan-l, pou nou pa minm touché-l, otréman n-ap mouri ». Sèpan-an minm di madanm nan : « Sa pa vré ditou, nou pap mouri okinn. Sé paské Bondié konnin jou n-ap manjé ladan-l nan, jé nou ap louvri, n-ap vi-n tankou dié yo ki konnin ni byin ni mal ».

Madanm nan ouè kijan pié boua-a té bon pou manjé, li té bèl pou jé, aspè-l té bay plézi, li pran nan frui-a, li manjé, li bay mari-l la tou, ki manjé. Jé yo toulédé vi-n louvri. Lè yo rékonèt yo té nu-kò, yo koud fèy figié, yo fè rad pou pasé nan tay yo.

Kon yo tandé voua Granmèt Bondié k-ap maché nan paradi-a nan van-an apré midi-a, Adan kaché kò-l ak madanm li sot dévan fas Granmèt Bondié-a nan mitan pié boua paradi-a.

Granmèt la rélé Adan, li di-l : « Koté nou ? »

Li di : « Mouin té tandé voua-ou nan jadin-an, mouin té pè, paské mouin té nu-kò, mouin té kaché kò-m ».

Li di-l : « Kilès ki té montré-ou ou té nu-kò, si sé pa paské ou té manjé nan pié boua-a, sa-m té pasé-ou lòd pou-ou pa-t manjé ladan-l nan ? »

Adan di : « Sé madanm nan ou té ban mouin kòm asosié-a, ki ban mouin nan pié boua-a, mouin manjé ».

Granmèt Bondié di madanm nan : « Pouki sa ou fè sa-a ? »

Li réponn : « Sé sèpan-an ki tronpé-m, mouin manjé ».

Granmèt Bondié di sèpan-an : « Poutèt ou fè sa, madichon pou ou nan pami tout vivan ak bèt sou tè-a : sou léstomak ou ou-ap maché, sé tè ou-ap manjé tou lé jou lavi-ou. M-ap mét rayisans ant ou minm ak madanm nan,

ant ras ou ak ras pa-l ; li minm madanm nan l-ap krazé tèt ou, ou minm ou-ap mété pièj pou li nan talon-l ».

Madanm nan tou, li di-l : « M-ap fè-ou soufri anpil lè ou-ap ansint ; sé nan doulè ou-ap anfanté pitit yo, ou-ap anba pouvoua mari-a, li minm l-ap kòmandé sou ou ».

Kanta pou Adan minm li di : « Poutèt ou kouté voua madanm ou, ou manjé nan pié boua-a, sa-m té pasé-ou lòd pou-ou pa manjé ladan-l nan, tè-a madichonnan nan travay ou ; sé nan rédi ou-ap manjé ladan-l tout jou lavi-ou. Sé pikan ak chadron l-ap jèmin pou ou, ou-ap manjé zèb tè-a. Sé nan suè figi-ou ou-ap manjé pin, joutan ou tounin nan tè-a, koté yo té pran-ou nan ; paské sé pousiè ou yé, é sé nan pousiè ou-ap tounin ».

Paròl Granmèt la.

## 2

*Kayin lévé kont frè-l Abèl, li touyé-l.*

### Léktu liv Jénèz la

4, 1-15

Adan vi-n gin rélation avèk madanm li Èv, ki vi-n ansint, épi ki fè Kayin, li di : « Mouin posédé yon moun gras a Bondié ». Apré sa li fè frè-l la Abèl. Abèl minm té gadyin mouton, Kayin té kiltivatè.

Apré anpil jou, rivé Kayin t-al ofri nan frui tè-a kòm kado pou Granmèt la. Abèl tou té ofri nan prémié pitit mouton-l yo, ak nan grès yo. Granmèt la voyé jé sou Abèl ak sou kado-l yo ; min kanta Kayin minm ak kado-l yo, li pa gadé yo. Kayin faché anpil, figi-l vi-n finnin.

Granmèt la di-l : « Pouki sa ou faché-a ? épi pouki sa figi-ou finnin-an ? Èské si-ou aji byin, ou pap jouinn rékonpans ; otréman si-ou aji mal, minm lè-a péché-a kanpé nan papòt la ? Min sé anba-ou anvi-l ap yé, sé ou minm k-ap krazé-l ».

Kayin di Abèl frè-l la : « An nou soti déyò ». Lè yo rivé nan jadin, Kayin lévé kont frè-l Abèl, li touyé-l.

Granmèt la di Kayin : « Kot Abèl frè-ou la ? »

Li réponn : « Mouin pa konnin ; èské sé gadyin frè-m nan mouin yé ? »

Li di-l : « Ki sa-ou fè ? Voua san frè-ou la ap rélé koté-m sot nan tè-a. Koulié-a madichon pou ou sou tè-a, ki louvri bouch li, ki résévoua san frè-ou la sot nan min-ou. Lè ou-ap travay li, tè-a pap ba-ou frui-l yo ; sé moun ki san kay ak san péyi ou-ap yé sou tè-a ».

Kayin di Granmèt la : « Krim mouin-an trò gran pou-m jouinn padon. Min-ou réjité-m jodi-a sot sou fas tè-a, mouin kaché louin fas ou, m-ap san kay ak san péyi sou tè-a ; konsa tout moun ki jouinn mouin, l-ap touyé-m ».

Granmèt la di-l : « Pa ditou, sa pap fèt konsa ; min tout moun k-ap touyé Kayin, y-ap pini-l sèt foua plis ». Granmèt la mété yon sign sou Kayin, pou tout moun ki jouinn li pa touyé-l.

Paròl Granmèt la.

## 3

*Granmèt la di : « Mouin pap détoui vil la poutèt dis moun kòrèk ».*

**Léktu liv Jénèz la**

18, 17-33

Granmèt la té di : « Èské mouin kapab kaché Abraam bagay yo m-apral fè-a, paské li gin pou-l vi-n tounin yon nasion ki gran épi ki gin anpil fòs, épi tout nasion sou tè-a ap béni nan li ? Mouin konnin li gin pou-l avèti pitit li yo ak kay li apré-l, pou yo kinbé chémin Granmèt la, pou yo fè jijman ak jistis, pou Granmèt la kapab réalisé, poutèt Abraam, tou sa-l té di Abraam yo ».

Konsa Granmèt la té di : « Rèl moun Sodòm yo ak moun Gomòr yo vi-n anpil, péché yo lou anpil. M-ap désann, épi m-ap gadé si rèl la ki rivé koté-m nan, sé yo minm ki fè-l monté avèk aksion yo, oui ou non, fò-m konnin ».

Yo té viré sot la épi yo t-al Sodòm. Abraam minm té kanpé toujou dévan Granmèt la. Antan-l proché, li té di : « Èské ou-ap pèdi moun kòrèk la avèk méchan-an ? Si t-a gin sinkant moun kòrèk nan vil la, y-ap péri ansanm ? Épi ou pap ménajé koté sa-a poutèt sinkant moun kòrèk yo, si t-a ginyin yo ladan-l ? Sé pou sa disparèt sot nan ou, pou-ou fè bagay sa-a, pou-ou touyé moun kòrèk la avèk méchan-an, pou-ou trété moun kòrèk la tankou méchan-an. Sa pa sanblé-ou : ou minm k-ap jijé tout tè-a, ou pa doué fè jijman sa-a ditou ».

Granmèt la té di-l : « Si-m jouinn sinkant moun kòrèk nan mitan vil Sodòm nan, m-ap padonnin tout koté-a poutèt yo ».

Antan Abraam pran laparòl, li té di : « Puiské mouin té kòmansé yon foua, m-ap palé ak Granmèt mouin-an, malgré mouin sé pousiè ak sann. Ki sa ou-ap fè, si manké sink moun pou fè sinkant moun kòrèk yo ? Èské ou-ap détoui tout vil la poutèt sé karant-sink sèlman ki kòrèk ? »

Li té di : « Mouin pap détoui-l, si-m jouinn karant-sink ladan-l ».

Abraam té palé ankò avèk li : « Min si sé karant ou jouinn ladan-l, ki sa ou-ap fè ? »

Li té di : « Mouin pap frapé poutèt karant yo ».

Li té di : « Tanpri, pa faché, Granmèt, si-m palé. Ki sa ou-ap fè, si sé trant ou jouinn ladan-l ? »

Li té réponn : « Mouin pap fè, si-m jouinn trant ladan-l ».

Li té di : « Puiské yon foua, mouin té kòmansé, m-ap palé ak Granmèt mouin. Ki sa ou-ap fè, si-ou jouinn vin ? »

Li té di : « Mouin pap touyé poutèt vin yo ».

Li té di : « Tanpri, pa faché, Granmèt, si-m palé ankò yon foua. Ki bagay, si yo jouinn dis ladan-l ? »

Li té di : « Mouin pap détoui-l poutèt dis ».

Granmèt la té pati, apré li té fi-n palé avèk Abraam ; épi li minm li té tounin lakay li.

Paròl Granmèt la.

4

*Yo té éséyé Granmèt la, antan y-ap di :  
« Èské Granmèt la avèk nou oubyin non ? ».*

### Léktu liv Égzòd

17, 1-7

Jou sa yo :

Tout foul pitit Israèl yo pati sot nan dézè Si-n nan, yo pozé dapré paròl Granmèt la, yo instalé tant yo Réfidim, koté pa-t gin dlo pou pèp la té bouè.

Pèp la bougonnin kont Moyiz, li di : « Ba nou dlo pou nou bouè ». Moyiz réponn yo : « Pouki sa n-ap bougonnin kont mouin-an ? Pouki sa n-ap tanté Granmèt la ? »

Konsa pèp la vi-n souaf poutèt pa-t gin dlo, li bougonnin kont Moyiz, li di : « Pouki sa ou té fè nou soti Éjip la, pou fè nou mouri ni nou minm ni pitit nou yo ni bèt nou yo ak souaf la ? » Moyiz minm rélé kot Granmèt la, li di : « Ki sa pou-m fè ak pèp sa-a ? yon ti kras ankò l-ap kalonnin-m ».

Granmèt la di Moyiz : « Pasé dévan pèp la, pran nan chèf Israèl yo avèk ou, baton-an ki té sèvi-ou pou-ou frapé riviè-a, pran-l nan min-ou, épi alé. Min m-ap kanpé laba-a dévan-ou sou ròch Orèb la ; ou-ap frapé ròch la, dlo ap soti ladan-l, pou pèp la bouè ».

Moyiz fè konsa dévan chèf Israèl yo.

Yo rélé non koté sa-a « Tansion » poutèt prosè pitit Israèl yo, épi paské yo té éséyé Granmèt la, antan y-ap di : « Èské Granmèt la avèk nou oubyin non ? »

Paròl Granmèt la.

5

*Mouin sé Granmèt Bondié-ou la... Ou pap gin dié étranjé.*

### Léktu liv Égzòd

20, 1-21

Granmèt la palé tout paròl sa yo :

« Mouin sé Granmèt Bondié-ou la, ki té fè-ou soti nan péyi Éjip la, nan kay ésklavaj la.

Ou pap gin dié étranjé dévan-m.

Ou pap fè pòtré zidòl, ni okinn pòtré bagay ki nan sièl la anro-a oubyin ki sou tè-a anba-a, ni bagay ki nan dlo yo anba tè-a. Ou pap adoré yo, ou pap fè sèvis pou yo. Sé mouin minm Granmèt Bondié-ou la, ki fò, ki jalou, ki vi-n égzaminin fot papa yo nan pitit yo nan touazièm ak katriyèm jénérasion nan moun yo ki rayi-m yo, épi ki fè mizérikòd pou mil jénérasion pou moun ki rinmin-m yo, ki kinbé lòd mouin yo.

Ou pap sèvi ak non Granmèt Bondié-ou la pou granmési ; sèké Granmèt la pa kite moun sa-a san pinision, sa-k sèvi ak non Granmèt Bondié-l la pou granmési-a.

Sonjé pou-ou fè ouè jan jou saba-a sin. Pandan sis jou ou-ap travay, ou-ap fè tout travay ou ; sètièm jou-a minm sé saba Granmèt Bondié-ou la ; ou pap fè okinn travay nan li, ni ou minm ni pitit gason-ou, ni pitit fi-ou, ni sèvitè-ou, ni sèvant ou, ni bèt chaj ou, ni étranjé ki anndan vil ou yo. Pandan sis jou Granmèt la té fè sièl la ak tè-a ak lanmè-a ak tou sa-k nan yo, épi li répozé nan sètièm jou-a : sé pousa Granmèt la béni jou sa-a, li fè-l sin.

Onoré papa-ou ak manman-ou, pou-ou viv lontan sou tè-a, sa Granmèt Bondié-ou la ap ba ou-a.

Ou pap touyé.

Ou pap fè adiltè.

Ou pap vòlè.

Ou pap palé kont prochin-ou pou fè fo-témouagnaj.

Ou pap anvi kay prochin-ou ; ou pap mét lidé-ou sou madanm li, ni sèvitè-l, ni sèvant li, ni bèf li, ni bourik li, ni okinn bagay ki pou li ».

Tout pèp la minm t-ap gadé paròl yo ak flanm yo ak son tronpèt la ak mòn nan k-ap fè lafimin-an ; antan yo troublé yo sézi ak krint, yo té rét kanpé louin. Yo di Moyiz : « Palé ou minm avèk nou, n-a kouté ; sé pa pou Bondié palé avèk nou pou nou pa mouri ». Moyiz di pèp la : « Pa pè sé pou-l fè nou bay prèv nou Bondié té vini, épi pou krint li té kapab nan nou, pou nou pa-t fè péché ». Pèp la té kanpé louin ; Moyiz minm té proché kot nuaj noua-a, koté Bondié té yé-a.

Paròl Granmèt la.

## 6

*Sé pou-ou rinmin Granmèt Bondié-ou la ak tout kè-ou.*

### **Léktu liv Détéronòm**

**5, 1-3. 6-7. 11-12. 16-21 a; 6, 4-6**

Nan jou sa yo : Moyiz konvoké tout Israèl épi li di yo :

« Kouté, Israèl, kòmandman yo ak jijman yo mouin palé nan zòrèy nou jodi-a ; aprann yo épi réalizé yo nèt. Granmèt Bondié nou-an té pasé yon



alians avèk nou nan Orèb. Sé pa avèk papa nou yo li té pasé alians sa-a min avèk nou minm ki prézan isit la, nou tout ki vivan-an.

“Sé mouin minm Granmèt Bondié-ou la ki té fè-ou soti nan tè Éjip la, sot nan kay ésklavaj la. Ou pap gin dié étranjé nan fas mouin.

Ou pap sèvi ak non Granmèt Bondié-ou la pou granmési, paské li pa rét san pinision, moun ki pran non-l pou bagay ki san konsistans.

Obsèvé jou saba-a pou-ou fè ouè li sin, jan Granmèt Bondié-ou la té pasé-ou lòd la. Pandan sis jou ou-a travay, ou-a fè tout travay ou yo. Sètièm jou-a sé saba, sa vlé di répo Granmèt Bondié-ou la.

Ou pap fè okinn travay jou sa-a, ni ou minm, ni pitit gason-ou, ni pitit fi-ou, sèvitè-ou ak sèvant ou, bèf ou, bourik ou, tout bèt chaj ou, ni étranjé ki nan vil ou-a ; pou sèvitè-ou la ak sèvant ou-a kapab répozé minm jan avèk ou minm. Sonjé ou minm tou ou té ésklav nan Éjip, Granmèt Bondié-ou la té ouété-ou sot la ak min ki gin fòs, ak bra-l ki drésé. Konsa li pasé-ou lòd pou-ou obsèvé jou saba-a.

Onoré papa-ou ak manman-ou, jan Granmèt Bondié-ou la té pasé-ou lòd la, pou-ou kapab viv lontan, épi pou sa pasé byin pou ou nan tè Granmèt Bondié-ou la ap ba ou-a.

Pa touyé.

Pa fè adiltè.

Pa vòlè.

Pa palé fo-témouagnaj kont prochin-ou.

Pa anvi madanm prochin-ou.

Kouté, Israèl : Granmèt la Bondié nou-an sé yon sèl Granmèt la. Sé pou-ou rinmin Granmèt la Bondié-ou la ak tout kè-ou ak tout nanm ou, ak tout fòs ou. Sé pou paròl sa yo mouin kòmandé-ou jodi-a, rét nan kè-ou” ».

Paròl Granmèt la.

## 7

*Sé pou-ou rinmin Granmèt ou-a ak tout kè-ou.*

## Léktu liv Détéronòm

6, 4-9

Jou sa yo : Moyiz palé ak pèp la, antan-l di :

« Kouté, Israèl, Granmèt Bondié nou-an sé yon sèl Granmèt la li yé : Sé pou-ou rinmin Granmèt Bondié-ou la ak tout kè-ou épi ak tout nanm ou, épi ak tout fòs ou. Paròl sa yo mouin kòmandé-ou jodi-a, sé pou yo nan kè-ou, sé pou-ou aprann yo bay pitit ou yo, sé pou-ou palé yo antan-ou chita lakay ou, épi antan ou-ap maché nan chémin-an, antan-ou kouché ak antan-ou lévé ; sé

pou-ou maré yo tankou yon sign nan min-ou, y-ap tankou yon bagay ki pandié ant jé-ou yo, ou-a ékri yo nan montan kay ou-a ak nan pòt ou yo ».

Paròl Granmèt la.

8

*Pèp ou-a fè vit abandoné chémin-an ou té montré yo-a.*

### Léktu liv Détéronòm

9, 7-19

Jou sa yo : Moyiz palé ak pèp la, li di :

« Sonjé, lè-m té monté sou mòn nan pou-m té résévoua galèt ròch yo, galèt aliens la, sa Granmèt la té pasé avèk nou-an, épi mouin té rété sou mòn nan karant jou ak nuit san manjé pin, ni bouè dlo. Granmèt la té ban-m dé galèt ròch yo ékri ak douèt Bondié épi ki gin tout paròl yo li té palé avèk mouin-an sou mòn nan nan mitan difé-a, lè asanblé pèp la té réyini-an.

Lè karant jou ak karant nuit la fi-n pasé, Granmèt la té ban-m dé galèt ròch yo, galèt aliens la, li té di-m : “Lévé, désann sot isit la byin vit, paské li fè péché pèp ou-a, sa ou té fè soti Éjip la, yo abandoné chémin-an byin vit, sa mouin té kòmandé yo-a, yo fè zidòl ak métal ki fonn nan difé”. Granmèt la di-m ankò : “Mouin ouè pèp sa-a gin kou li rèd ; kité-m pou-m krazé yo, pou-m éfasé non yo anba sièl la, m-ap fè-ou vi-n tounin yon nasion ki pi fò épi ki pi gran pasé sa-a”.

Lè-m désann sot nan mòn ki anflamé-a, antan-m kinbé dé galèt aliens yo nan chak min, mouin ouè nou fè péché kont Granmèt Bondié nou-an épi nou fè yon ti toro ak métal ki fonn nan difé épi nou présé abandoné chémin-l nan, sa Granmèt la té kòmandé nou-an. Mouin sézi dé galèt yo, mouin jété yo ak min-m, mouin krazé yo dévan nou ».

Paròl Granmèt la.

9

*Konsidéré sa jodi-a mouin propozé dévan-ou : lavi-a ak byin-an, épi okontrè : lanmò-a ak malè-a.*

### Léktu liv Détéronòm

30, 15-20

Moyiz palé ak pèp la, li di :

« Konsidéré sa-m prézanté dévan-ou jodi-a : lavi-a ak byin-an, épi an fas : lanmò-a ak malè-a, pou-ou kapab rinmin Granmèt Bondié-ou la, pou-ou maché nan chémin-l yo, pou-ou kinbé kòmandman-l yo ak sérémoni yo, ak jijman yo, pou-ou kapab viv : konsa l-ap fè-ou vi-n anpil, l-ap béni-ou nan péyi-a, koté ou-apral antré pou-ou posédé-l la.

Sèlman si kè-ou viré, ou pa vlé kouté, ou kité mové lidé tronpé-ou, ou adoré dié étranjé, ou sèvi yo, mouin déklaré-ou davans jodi-a ou-ap péri, nan yon ti moman ou-ap mouri nan péyi-a, lòt bò Joudin-an, koté ou-ap antré pou-ou posédé-l la.

Jodi-a mouin pran sièl la ak tè-a pou témouin, mouin prézanté dévan nou lavi-a ak lanmò-a, bénédiksion-an ak malédiksion-an. Chouazi lavi-a, pou-ou viv ansanm ak ras ou ; pou-ou rinmin Granmèt la Bondié-ou la, pou-ou obéyi voua-l, pou-ou kolé sou li (sé li minm vréman ki lavi-ou ak longè jou-ou yo), pou-ou abité nan péyi-a, sa Granmèt la té fè sèman bay papa-ou yo, Abraam, Izaak ak Jakòb, li t-ap ba yo-a ».

Paròl Granmèt la.

## 10

*David di Natan : « Mouin fè péché kont Granmèt la ».*

*Natan di David : « Granmèt la tou pasé sou péché-ou la, ou pap mouri ».*

## Léktu dézièm liv Samuèl

12, 1-9. 13

Jou sa yo :

Granmèt la voyé Natan kot David. Li rivé koté-l, li di-l : « Dé mésié té nan yon vil, youn té rich, lòt la té pòv. Rich la té gin mouton ak bèf an kantité ; pòv la minm pa-t gin anyin sof yon sèl ti mouton, li té achté, li té nourri-l, li té fè-l grandi lakay li ansanm ak pitit li yo, li fè-l manjé nan pin-l, li fè-l bouè nan godé-l, li fè-l dòmi sou léstomak li : sé té tankou pitit fi-l. Gin yon étranjé ki vi-n rivé kay moun rich la, li minm li évité pran nan mouton-l yo ak nan bèf li yo, pou-l ofri atab dévan étranjé sa-a ki té vi-n koté-l la, li pran mouton mésié ki pòv la, li paré manjé pou moun nan ki té vi-n lakay li-a ».

David faché, li fè kòlè kont mésié sa-a anpil, li di Natan. « Sou lavi Granmèt la, mésié sa-a ki fè bagay sa-a, l-ap mouri ; l-ap rinnèt kat foua plis, poutèt bagay sa-a li fè-a, san-l pa gin pitié-a ».

Natan té di David : « Sé ou minm minm mésié sa-a. Min paròl Granmèt Bondié Israèl : “Mouin té sakre-ou roua sou Israèl, mouin té délivré-ou sot nan min Sayul, mouin té rinnèt kay mèt ou-a nan min-ou avèk madanm mèt ou-a nan léstomak ou, mouin té ba-ou kay Israèl la ak Juda-a ; é si sa pa kont, m-ap mété ankò anpil pasé sa pou ou.

Pouki sa ou méprizé paròl Granmèt la, pou-ou fè mal dévan jé-m nan ? Ou touyé Uri, moun Èt la avèk épé, ou pran madanm li kòm madanm ou ; ou touyé Uri avèk épé pitit Amon yo.

David di Natan : « Mouin fè péché kont Granmèt la ». Natan di David : « Granmèt la tou padonni péché-ou la, ou pap mouri ».

Paròl Granmèt la.

*Pitit Israèl yo rasanblé pou yon jèn,  
yo konfésé péché yo.*

### **Léktu liv Néémi**

**9, 1-20**

Sou vinkatriyèm jou moua sa-a, pitit Israèl yo rasanblé pou yon jèn, yo abiyé ak sak, yo mété pousiè tè sou tèt yo. Ras pitit Israèl yo séparé ak tout étranjé ; yo kanpé, yo déklaré péché yo avèk fot papa yo. Yo lévé kanpé, yo li nan roulo laloua Granmèt Bondié yo-a pandan yon ka jounin-an, épi pandan yon ka yo t-ap konfésé, yo t-ap adoré Granmèt Bondié yo-a.

Jozué, Bani, Kadmiyèl, Sébania, Bounis, Sérébia, Bani ak Chanani minm, yo monté sou éstrad Lévit yo épi yo rélé byin fò ak gran voua kot Granmèt Bondié yo-a. Lévit yo Jozué, Kadmiyèl, Bani, Asabnéia, Sérébia, Odia, Sébania, Fétaya, yo di : « Lévé, fè konpliman pou Granmèt Bondié nou-an dépi tout tan jous pou tout tan. Sé pou yo fè konpliman pou non gloua-ou la ki anro nèt la anlè tout bénédiksyon ak louanj. Ou minm, Granmèt, ou sèl ; ou té fè sièl la ak sièl sièl yo épi tout lamé yo, tè-a ak bagay ki ladan-l, lanmè-a ak tout bagay ki nan yo ; sé ou minm ki mété lavi nan tout bagay sa yo, tout lamé sièl la adoré-ou. Ou minm minm, Granmèt Bondié, ki té chouazi Abram épi ki té kondui-l sot Our Kaldéyin yo épi ki té ba-l non Abraam. Ou té jounin kè-l fidèl dévan-ou, ou té pasé alians avèk li, pou-ou té bay tè Kananéyin-an, Étéyin-an, Amorit la, Férézit la, Jébuzéyin-an ak Gèrgachit la, oui, pou-ou té rinmèt li bay désandans li ; épi ou té réalizé paròl ou yo paské ou kòrèk.

Ou té ouè mizè papa nou yo nan Éjip, ou té tandé rèl yo bò lanmè Rouj la. Ou té bay faraon sign ak prodij, ni tout sèvitè-l yo ni tout pèp tè sa-a ; ou té konnin réyèlman sé ak ògèy yo t-ap aji kont yo, ou té fè yon non pou ou, tankou nan jou sa-a. Ou té séparé lanmè-a dévan yo, yo té travèsé nan mitan lanmè-a apié sèk ; kanta sa yo minm ki t-ap rapousuiv yo-a, ou té jété yo nan bafon-an, tankou ròch nan dlo ki gin fòs.

Nan kolòn nuaj la ou té kondui yo lajounin épi nan kolòn difé-a nannuit, pou-ou té kléré rout la pou yo, koté yo t-ap maché-a. Sou mòn Sinayi-a minm ou té désann, ou té palé avèk yo sot nan sièl la ; ou té ba yo jijman douat avèk loua douat, kòmandman avèk lòd ki bon. Ou té montré yo saba-ou la ki sanktifé-a, ou té kòmandé yo kòmandman ak laloua nan min Moyiz sèvitè-ou. Ata pin ki sot nan sièl la ou té ba yo nan grangou yo, ou té fè dlo sot nan ròch nan souaf yo ; ou té di yo pou yo té antré nan tè-a, pou yo posédé-l, ou té lévé min-ou sou li, pou-ou té rinmèt li ba yo.

Min yo minm, papa nou yo, yo té aji avèk ògèy, yo té fè kou yo rèd, yo pa-t kouté kòmandman-ou yo. Yo pa-t vlé kouté, yo pa-t sonjé mèvèy ou yo ou té fè yo, yo té fè kou yo rèd, yo té mété tèt yo nan ésklavaj yo-a nan Éjip. Ou minm minm Bondié ki gin bon kè ki gin byinvéyans, ki gin mizérikind, ki gin pasians, ki gin anpil pitié, ou pa-t lagé yo. Min, lè yo té fè zidòl métal ki

fonn nan difé-a, yo té di : « Sa-a sé Bondié-ou la ki té fè-ou soti sot Éjip la ». Yo fè blasfèm ki gran anpil ; kanta ou minm, nan mizérikòd ou yo ki anpil yo, ou pa-t lagé yo nan dézè-a : kolòn nuaj la pa-t ralé sot koté yo lajounin, pou-ou té kondui yo sou chémin-an ; ni nuaj difé-a pandan nuit la, pou-l té kléré chémin-an pou yo, koté yo t-ap maché.

Ou té ba yo éspri-ou ki bon-an, pou-l ba yo ansègnman, épi ma-n ou-an, ou pa-t ouété-l sot nan bouch yo, ou té ba yo dlo nan souaf yo-a.

Paròl Granmèt la.

12

*Sé pou nou rinmin jistis la,  
paské nan nanm ki malvéyan, sajès la pa antré,  
ni li pa abité nan yon kò ki anba lòd péché yo.*

### **Kòmansman liv Sajès la**

**1, 1-16**

Sé pou nou rinmin jistis la, nou minm k-ap jijé tè-a, sé pou nou gin bon lidé sou Granmèt la, sé pou nou chèché-l avèk kè nou sinp ; paské sé moun ki pa tanté-l yo li kité jouinn li, li parèt dévan sa yo ki gin lafoua nan li yo.

Sèké lidé krochi fè nou viv louin Bondié ; lè yo éksité pouvoua-l, li pini moun ki san sajès yo. Réyéلمان, sajès la pa antré nan nanm ki gin movèz volonté, li pa abité nan yon kò ki ésklav péché. Éspri Sin-an sé éspri disiplin, li viré do bay ipokrizi, li ouété kò-l sot kot pansé ki san intéljans, li pa fè sa-l t-a vlé koté ki gin injistis.

Éspri sajès la gin bon jan ; li pa libéré moun k-ap fè madichon sot nan bouch li-a, paské Bondié sondé rin-l, li fouyé kè-l tout bon vré, li tandé sa lang li ap di. Éspri Granmèt la plin fas tè yo ; Sa-a ki kinbé tout bagay la, li konnin tou sa y-ap di. Poutèt sa, sa k-ap palé mové bagay, li pa kapab kaché, jijman k-ap korijé-a pap pasé anlè li. Nan pansé péchè-a réyéلمان y-ap fè ankèt, brui paròl li yo rivé kot Granmèt la pou korijé méchansté-l la ; paské yon zòrèy jalou ap kouté tout bagay, brui sa k-ap bougonnin yo pa rét kaché.

Konsa véyé pou nou pa bougonnin, bagay ki pap sèvi anyin, ménajé lang nou pou-l pa fè tripotaj, paské yon paròl kaché papral nan vid ; bouch k-ap fè manti-a minm, l-ap touyé nanm nan. Pa fè jalouzi pou lanmò-a nan mové chémin lavi nou, pa chèché jouinn pèdision nan travay min nou yo.

Bondié pa-t fè lanmò, ni li pa kontan poutèt vivan yo k-ap pèdi-a ; sèké li té kréyé tout bagay, pou yo égzisté, li té fè nasion yo an santé sou fas tè-yo ; pa gin pouazon lanmò nan yo, ni ringn lanfè sou tè-a ; sèké jistis la diré tout tan, li pap kapab mourir.

Péchè yo minm ak min yo épi ak voua yo y-ap rélé-l ; antan yo konsidéré-l kòm zanmi, yo pèdi konésans, yo pozé yon mariaj avèk li paské yo mérité, yo minm ki nan pati-l la.

Paròl Granmèt la.

13

*Éspoua péchè-a tankou pay blé van-an ap brotè.  
Kanta moun kòrèk yo minm y-ap viv pou tout tan.*

### Léktu liv Sajès la

5, 1-16

Moun kòrèk yo minm ap kanpé avèk anpil asirans an fas sa yo ki t-ap fè-l pasé tray yo épi ki t-ap méprizé travay li-a. Antan yo ouè-l y-ap tranblé avèk krint ki fè pè anpil y-ap sézi poutèt toudinkou yo ouè-l sovè san yo pa-t éspéré, antan y-ap di nan yo minm, antan yo régrèt, antan éspri yo séyé y-ap plinn :

« Sé té li minm sa-a, sa nou t-ap pasé nan rizib lontan-an, nou té fè-l tounin tankou yon bagay ki mérité yo déréspèkté-l. Nou minm ki san rézon nou té konsidéré lavi li tankou yon bagay san rézon, nou té konsidéré finisman-l san onè. Kòman yo té mété-l nan pami pitit Bondié yo épi sé nan pami sin yo éritaj li yé ?

Konsa nou té pèdi diréksion sot nan chémin vérité-a, épi limiè jistis la pa-t kléré pou nou, solèy la pa-t lévé pou nou. Nou té anbrouyé nan santié péché-a ak pèdision-an, nou té maché nan dézè san chémin, chémin Granmèt la minm nou pa-t konnin-l.

Sa ògèy la té sèvi nou ? Oubyin richès yo avèk arogans yo, sa yo té poté pou nou ? Tout bagay sa yo pasé tankou yon lonbraj épi tankou yon novèl k-ap pasé, tankou yon batiman k-ap travèsé dlo-a ki an mouvman-an, épi lè-l fi-n pasé yo pa kapab jouinn tras li-a, ni santié karèn li-a nan vag yo ; oubyin tankou yon zouazo k-ap volé nan lè-a, yo pa kapab jouinn okinn prèv rout li, ak brui zèl li li frapé lè-a ki léjé-a, li fann li avèk fòs rèl antan l-ap bat zèl li li travèsé, épi apré sa yo pa jouinn okinn sign chémin ; oubyin tankou yon flèch yo lansé nan diréksion yon koté yo vizé : lè-a chiré minm lè-a li rétownin sou li-minm, atèl pouin yo pa konnin chémin li. Konsa nou minm tou, nou fèt, minm lè-a nou disparèt, nou pa gin okinn tras bon kalité nou mérité montré ; nan méchansté nou-an nou fini ».

Sèké éspoua péchè yo sé pay blé van-an ap poté, tankou kim léjé-a tanpèt la gayé-a, tankou lafimin-an van-an voyé tout koté-a, tankou souvni yon moun ki fè ladésant lakay ou yon sèl jou li pasé. Kanta moun kòrèk yo minm sé pou tout tan y-ap viv, épi nan Granmèt la rékonpans yo yé, pansé yo kot Sa-a ki anro nèt la. Sé poussa y-ap jouinn kouròn onè-a ak ti kouròn bèlté-a nan min Granmèt la, paské min douat li kaché yo épi ak bra li li défann yo.

Paròl Granmèt la.

14

*Kité prochin-ou nan trankil, li minm k-ap nui-ou nan,  
épi lè sa-a atò antan ou-ap priyé péché-ou yo ap éfasé.*

**Léktu liv Sirasid**

28, 1-7

Moun ki vlé tiré vanjans pou pròp tèt pa-l, l-ap jouinn vanjans nan min Granmèt la, li kinbé péché-l yo byin kinbé. Padonnin prochin-ou sa-l fè-ou pou nui-ou, lè sa-a atò antan ou-ap priyé péché-ou yo ap éfasé. Si yon moun kinbé kòlè kont yon moun, èské li kapab mandé Bondié géri-l ? Pou yon moun parèy li, li pa gin mizérikind épi li t-a priyé pou pròp péché pa-l ? Li minm, antan sé chè li yé, li kinbé kòlè-a, épi l-ap mandé Bondié padon ? Kilès k-ap bay padon pou fot li yo ? Sonjé finisman-ou épi sispann fè ènmi, sonjé dékonpozision-an ak lanmò-a épi rété nan kòmandman-l yo.

Paròl Granmèt la.

15

*Mouin té nouri pitit yo, mouin té lèvé yo anlè ;  
yo minm minm yo té méprizé-m.*

**Léktu liv profèt Izayi**

1, 2-6. 15-18

Kouté sièl yo, épi louvri zòrèy nou, tè-a, paské Granmèt la ap palé : « Mouin té nouri pitit yo, mouin té lèvé yo anlè, yo minm minm yo té méprizé-m. Bèf la konnin mèt li, bourik la konnin mèt li ; Israël pa konnin, pèp mouin-an pa konprann ».

Ala malè pou nasion péchè-a, pou pèp la ki lou ak péchè-a, pou ras méchan-an, pou pitit asasin yo ! Yo lagé Granmèt la, yo blasfémé Sin Israël la, yo viré do dèyè. Sou ki bò pou yo frapé nou ankò, n-ap mété péché sou péché ? Tout tèt la blésé, tout kò-a malad. Dépi plant pié-a jous nan pouint tèt la, pa gin koté ki an santé ; sé blès, kò-fè-mal, koté ki louvri épi ki gonflé yo maré-l, yo pa souin-l ak médikaman, yo pa froté-l ak luil.

Kouté paròl Granmèt la, nou minm, chèf Sodòm yo ; réservoua laloua Bondié nou-an nan zòrèy nou, nou minm pèp Gomòr la :

« Lè nou lonjé min nou, mouin viré jé-m louin nou ; lè nou fè plis priyé, mouin pa kouté ; sèké min nou plin san.

Lavé nou, pròpté nou, ouété mové pansé nou yo sot dévan jé-m ; sispann ajì mal, aprann fè byin : chèché sa ki douat, poté sékou bay sa yo fè pasé mati-a, pran ka òfélin-an, défann vèv la.

Vini, n-ap koréponn nan jijman, sé sa Granmèt la di. Si péché nou yo t-a tankou roukou, tankou nèj y-ap blanchi, épi si yo t-a rouj tankou vlou, tankou linn y-ap vini ».

Paròl Granmèt la.

## 16

*Sispann aji avèk méchansté, aprann fè sa-k byin.*

**Léktu liv profèt Izayi**

1, 10-18

Kouté paròl Granmèt la, nou minm, chèf Sodòm yo ; résévoua laloua Bondié nou-an nan zòrèy nou, nou minm pèp Gomòr la :

« Sa sa fè pou mouin, pakèt sakrifis nou yo ? sé Granmèt la ki di sa. Mouin bouké : sakrifis bélié, grès bèf, san toro ak mouton ak bouk, mouin pa vlé sa. Lè nou vi-n dévan fas mouin, kilès ki mandé bagay sa yo nan min nou, pou n-ap maché nan lakou-m yo ?

Pa ofri sakrifis ki pa vo anyin ankò : ansan-an, mouin rayi-l ; nouvèl li-n ak saba ak lòt fèt yo, mouin pa sipòté yo ; asanblé nou yo pa bon minm ; nouvèl li-n nou yo ak gran fèt nou yo, nanm mouin rayi yo, yo annuyé-m, mouin bouké sipòté yo. Lè nou lonjé min nou, mouin viré jé-m louin nou ; lè nou fè plis priyè, mouin pa kouté ; sèké min nou plin san.

Lavé nou, pròpté nou, ouété mové pansé nou yo sot dévan jé-m ; sispann aji mal, aprann fè byin : chèché sa ki douat, poté sékou bay sa yo fè pasé mati-a, pran ka òfélin-an, défann vèv la.

Apré sa nou mèt vini pou nou plédé kòz pa nou dévan-m, sé sa Granmèt la di. Si péché nou t-a tankou vlou rouj, y-ap vi-n blan kon nèj ; si yo t-a tankou linn rouj, y-ap vi-n kon linn blan ».

Paròl Granmèt la.

## 17

*Zanmi-m nan té gin yon pié rézin.*

*Li t-ap tann pou-l fè bon grinn rézin, min sé grinn rabi li bay.*

**Léktu liv profèt Izayi**

5, 1-7

M-ap chanté pou zanmi-m nan kantik kouzin-m nan pou pié rézin-l nan :

Zanmi-m nan té gin yon pié rézin sou yon mòn ki gra. Li baré-l ak yon lantouraj, li rétiré ròch yo sot ladan-l, li planté-l ak plan ki byin chouazi, li bati yon kay ro nan mitan-l, li fouyé yon basin pou foulé rézin ladan-l, li t-ap tann pou-l fè bon grinn rézin, min sé grinn rabi li bay.

Koulié-a, konsa, moun yo ki abité Jérusalèm yo ak moun Juda yo, sèvi jij ant mouin minm ak pié rézin-m nan. Ki sa mouin té gin pou-m té fè ankò pou pié rézin-m nan épi mouin pa-t fè pou li ? Pouki sa mouin t-ap tann pou-l fè bon grinn rézin yo, épi li fè grinn rabi yo ?

Koulié-a m-ap montré nou ki sa m-ap fè pié rézin-m nan : m-ap ouété bariè-l la, pou yo piyé-l ; m-ap jété miray li-a, y-ap foulé-l anba pié, m-ap fè-l vi-n tounin yon dézè ; yo pap tayé-l, yo pap saklé-l, sé rajé ak pikan k-ap pousé, m-ap pasé nuaj yo lòd pou yo pa fè lapli tonbé sou li.



Ébyin pié rézin Granmèt lamé yo, sé kay Israèl la, épi moun Juda-a sé plan-l nan li rinmin anpil la : mouin t-ap tann pou-l té fè sa ki douat, min sé péché ; jistis, min sé rèl.

Paròl Granmèt la.

18

*Sé mouin minm, sé mouin minm minm  
ki blijé éfasé péché-ou yo poutèt mouin.*

### Léktu liv profèt Izayi

43, 22-28

Min paròl Granmèt la :

« Ou pa-t lapriyè-m, Jakòb ; ou pa-t fatigé kò-ou pou mouin, Israèl.

Ou fè-m ésklav poutèt péché-ou yo, ou ban-m kont soufrans ak fot ou yo. Sé mouin minm, sé mouin minm minm ki blijé éfasé péché-ou yo poutèt mouin ; mouin pap sonjé péché-ou yo. Ou pa-t rélé-m Jakòb ; okontrè ou té bouké avèk mouin nan aféksion, Israèl. Ou pa-t prezanté mouton-ou yo pou yo boulé an antié pou mouin, sakrifis ou yo pa-t fè-m jouinn gloua ; mouin pa-t pézé sou ou nan ofrann, mouin pa-t fè-ou travay pou-ou ofri-m ansan. Ou pa-t achté rozo pou mouin ak lajan, avèk grès sakrifis ou yo ou pa-t plin vant mouin ; vrèman ou té fè-m tounin ésklav avèk péché-ou yo, ou té fè-m fatigé nan péché-ou yo. Sé mouin minm, mouin minm sèl k-ap éfasé péché-ou yo poutèt pròp tèt pa-m, péché pa-ou yo mouin pa sonjé yo. Fè-m sonjé, n-ap fè jijman ansanm : rakonté, pou-ou jouinn jistis. Prèmié papa-ou té fè péché, intèprèt ou yo té révolté kont mouin ; mouin té dégradé chèf sanktue-a, mouin té rinmèt Jakòb pou yo té détoui-l nèt épi Israèl nan laront ».

Paròl Granmèt la.

19

*Réyèlman sé maladi nou li minm li t-ap poté.*

### Léktu liv profèt Izayi

53, 1-7. 10-12

Kilès ki koué sa nou tandé-a ? Bra Granmèt la bay ki moun li révéle ? L-ap lévé tankou yon ti kréyòl, tankou rasi-n ki sot nan tè sèk.

Li pa gin aparans ni bèlté, nou té ouè-l, li pa-t gin fòm figi, nou té anvi-l ; li té méprizé, sé dènié nan moun yo, moun soufrans, ki konn maladi, fas li té kòm kaché, li té méprizé, sé poua nou pa-t minm gin konsidérasion pou li.

Réyèlman sé maladi nou li minm li t-ap poté, sé soufrans nou li minm li t-ap poté, nou minm nou té konprann li té tankou yon lépré, yon moun Bondié frapé, Bondié imilié. Li minm minm li blésé pou péché nou, li frapé poutèt krim nou yo, koréksion lapè nou-an sou li, sé gras a koté-l blésé yo nou géri.

Nou tout nou té pèdi chémin tankou mouton, chak moun té dévié nan chémin pa-l. Granmèt la mété fot nou tout nan li.

Yo fè-l pasé mati, min li minm minm, li obéyi, li pa louvri bouch li ; tankou mouton dévan moun k-ap koupé linn li, li ré t an silans, li pa louvri bouch li.

Granmèt la té vlé krazé-l nan maladi. Si-l bay lavi-l pou péché-a, l-ap ouè yon désandans k-ap viv lontan, volonté Granmèt la ap dirijé nan min-l. Poutèt nanm li té soufri, l-ap ouè, l-ap konblé. Nan sians li, sèvitè-m nan ki kòrèk la ap rann anpil moun kòrèk, l-ap poté péché yo li minm minm.

Sé poussa m-ap ba-l anpil moun pou pòsion pa-l, l-ap séparé byin anpil moun ki gin pouvoua, poutèt li té bay lavi-l nan lanmò, yo té konsidéré-l nan ran kriminèl, époutan li t-ap poté péché anpil moun yo, li t-ap priyé pou péchè yo.

Paròl Granmèt la.

20

*Granmèt la mété fot nou tout nan li.*

### **Léktu liv profèt Izayi**

53, 1-12

Kilès ki koué sa nou tandé-a ? Bra Granmèt la bay ki moun li révéle ? L-ap lévé tankou yon ti kréyòl, tankou rasi-n ki sot nan tè sèk.

Li pa gin aparans ni bèlté, nou té ouè-l, li pa-t gin fòm figi, pou nou té anvi-l ; li té méprizé, sé dènié nan moun yo, moun soufrans, ki konn maladi, fas li té kòm kaché, li té méprizé, sé poussa nou pa-t minm gin konsidérasion pou li.

Réyèlman sé maladi nou li minm li t-ap poté, sé soufrans nou li minm li t-ap poté, nou minm nou té konprann li té tankou yon lépré, yon moun Bondié frapé, Bondié imilié. Li minm minm li blésé pou péché nou, li frapé poutèt krim nou yo, koréksion lapè nou-an sou li, sé gras a koté-l blésé yo nou géri. Nou tout nou té pèdi chémin tankou mouton, chak moun té dévié nan chémin pa-l. Granmèt la mété fot nou tout nan li.

Yo fè-l pasé mati, min li minm minm, li obéyi, li pa louvri bouch li ; tankou mouton dévan moun k-ap koupé linn li, li ré t an silans, li pa louvri bouch li.

Yo maltrété-l, yo kondané-l, yo touyé-l. Ki moun k-ap rakonté ras li ? paské yo ouété-l sot sou tè vivan yo ; poutèt krim pèp mouin-an mouin té frapé-l. Y-ap ba-l méchan pou lantèman-l, ak rich pou lanmò-l, malgré li pa-t fè péché, pa-t gin manti nan bouch li.

Granmèt la té vlé krazé-l nan maladi. Si-l bay lavi-l pou péché-a, l-ap ouè yon désandans k-ap viv lontan, volonté Granmèt la ap dirijé nan min-l.

Poutèt nanm li té soufri, l-ap ouè, l-ap konblé. Nan sians li, sèvitè-m nan ki kòrèk la ap rann anpil moun kòrèk, l-ap poté péché yo li minm minm.

Sé poussa m-ap ba-l anpil moun pou pòsion pa-l, l-ap séparé byin anpil moun ki gin pouvoua, poutèt li té bay lavi-l nan lanmò, yo té konsidéré-l nan ran kriminèl, époutan li t-ap poté péché anpil moun yo, li t-ap priyé pou péchè yo.

Paròl Granmèt la.

## 21

*Sé pou méchan-an kité rout li,  
sé pou-l tounin kot Granmèt la, l-ap pran pitié pou li,  
paské li paré byin paré pou-l padonnin .*

### Léktu liv profèt Izayi

55, 1-11

Nou tout ki souaf, vi-n nan dlo yo : nou minm ki pa gin lajan, proché, achté, manjé ; vini, achté divin ak lèt san lajan, san troké anyin. Pouki n-ap dépansé lajan nou nan sa-k pa pin, travay nou nan sa-k pap konblé nou.

Kouté, panché zòrèy nou sou mouin, manjé sa-k bon, nanm nou ap jouinn plézi nan sa-k gin konsistans. Panché zòrèy nou, vi-n jouinn mouin ; kouté, nanm nou ap viv, m-ap pasé yon aliens tout tan avèk nou, mizèrikòd ki fidèl pou David la. Min mouin mété-l kòm témouin pou pèp yo, kòm chèf ak gid pou nasion yo. Min ou-ap rélé yon nasion ou pa-t konnin, nasion ki pa-t konnin-ou ap kouri vi-n jouinn ou poutèt Granmèt Bondié-ou la ak Sin Israèl la, paské mouin fè-ou jouinn gloua.

Chèché Granmèt la pandan yo kapab jouinn li ; rélé-l pandan li tou pré. Sé pou méchan-an kité rout li, pou péchè-a kité kalkil li yo ; sé pou-l tounin kot Granmèt la, l-ap pran pitié pou li ; sé pou-l tounin kot Bondié nou-an, paské li paré byin paré pou-l padonnin. Sèké pansé-m yo pa pansé pa nou, rout mouin sé pa rout pa nou, sé sa Granmèt la di. Sèké minm jan sièl la ro anlè tè-a, sé konsa rout mouin yo ro anlè rout pa nou yo, pansé-m yo anlè pansé pa nou yo.

Minm jan lapli ak lanèj désann sot nan sièl la, épi li pa tounin la ankò, min li rouzé tè-a, li inbibé-l, li fè-l jèmin, li bay moun k-ap simin-an sémans, li bay pin pou moun manjé ; sé konsa paròl mouin-an ki sot nan bouch mouin : li pa tounin vi-n jouinn mouin vid, min li fè tou sa-m vlé, li réyisi nan sa-m voyé-l fè-a ».

Paròl Granmèt la.

22

*Lè ou-a vidé nanm ou bay moun ki grangou-a,  
lè ou-a plin nanm moun ki nan lapinn nan,  
limiè-ou ap lévé nan fènoua yo,  
fènoua-ou yo ap vi-n tankou midi.*

### Léktu liv profèt Izayi

58, 1-11

Min paròl Granmèt la :

« Rélé, pa sispann, tankou yon tronpèt, lévé voua-ou ; anonsé pèp mouin-an krim yo fè, ak kay Jakòb la péché yo fè. Chak jou y-ap chèché-m, yo vlé konnin chémin-m yo, tankou yon nasion k-ap fè sa-k kòrèk, ki pa lagé jijman Bondié-l la. Y-ap mandé-m jijman jistis, yo vlé proche kot Bondié :

“Pouki sa n-ap fè jèn, épi ou pa gadé ; nou rabésé nanm nou, ou pa konnin ?”

Min li : jou jèn nou-an, sé volonté nou n-ap fè, n-ap réklamé tout moun ki doué nou yo. Min li : sé nan batay ak diskision n-ap fè jèn, n-ap frapé ak kout pouin san pitié. Pa fè jèn tankou nou fè jous jodi-a, pou yo kapab tandé voua nou nan sièl la.

Èské sé kalité mòd jèn sa-a mouin chouazi, pou yon moun ap maltrété nanm li tout jounin ? Èské sé balansé tèt li tankou yon boul, maré rin-l ak sak ak sann ? Èské sé sa nou rélé jèn ak jou ki fè Granmèt la plézi ?

Èské sé pa jèn sa-a mouin pito : Dèfèt chinn ki pa korèk yo, lagé kòd ki maré jouk la, moun y-ap maltrété yo, ba yo libèté ; ouété tout chay ? Èské sé pa séparé pin-ou avèk moun ki grangou-a, fè pòv ki pa gin kay yo abité avèk ou ; si-ou ouè yon moun ki ni kò, pou-ou abiyé-l, pou ou pa fofilé kò-ou sot nan moun nan ki gin minm chè avèk ou-a.

Lè sa-a, limiè-ou ap éklaté tankou granmatin, santé-ou ap lévé byin vit, jistis ou ap maché dévan fas ou, gloua Granmèt la ap vlopé-ou. Lè sa-a ou-ap priyé, Granmèt la ap kouté ; ou-ap rélé, l-ap di : “Min mouin”.

Si-ou ouété chinn nan sot nan mitan-ou, épi ou sispann lonjé douèt ou, ni palé bagay ki pa sèvi ; lè ou-a vidé nanm ou bay moun ki grangou-a, lè ou-a plin nanm moun ki nan lapinn nan, limiè-ou ap lévé nan fènoua yo, fènoua-ou yo ap vi-n tankou midi.

Granmèt la ap toujou ba-ou répo, l-ap plin nanm ou ak klété, l-ap libéré zo-ou ; ou-ap tankou yon jadin ki byin rouzé, tankou yon sous dlo, ki pap manké dlo ».

Paròl Granmèt la.

## 23

*Fot nou yo fouyé yon séparation ant nou minm ak Bondié nou-an..*

**Léktu liv profèt Izayi**

59, 1-4. 9-15

Gadé, min Granmèt la pa trò kout pou-l pa kapab sovè, ni zòrèy li pa trò lou pou-l pa tandé ; min sé péché nou yo ki fouyé yon séparation ant nou minm ak Bondié nou-an, péché nou yo fè-l kaché fas li louin nou, pou-l pa kouté nou. Min nou yo réyéلمان sal ak san épi douèt nou ak krim ; po bouch nou ap palé manti, lang nou ap kalkilé fot. Pèsonn pa rélé jistis la, pèsonn pa jijé avèk vérité ; yo mét konfians yo nan anyin, y-ap palé sa-k pa gin konsistans : yo ansint traka, yo anfanté fot.

Sé pousa jijman-an pati louin nou, jistis la pa sézi nou ; nou t-ap tann limiè, épi min fènoua, klèté, épi sé nan ténèb n-ap maché. N-ap taté panno tankou avèg yo, tankou moun ki pa gin jé n-ap chèché touché ak min nou ; n-ap bité gro midi tankou nan asouè solèy kouché, nou nan mitan moun an santé yo tankou moun mouri.

N-ap pousé rèl tankou ous nou tout épi tankou kolonb sé plinn n-ap plinn ; nou t-ap tann jijman, li pa la, sovè y-ap sovè nou-an, min li pati louin nou. Fot nou yo réyéلمان monté pil sou pil dévan-ou, péché nou yo réponn nou ; paské krim nou yo avèk nou, fot nou yo, nou konnin yo : fè péché, fè manti kont Granmèt la, ralé kò nou sot kot Bondié nou-an, palé violans ak révòlt, ansint paròl manti épi palé-l tou ba nan kè nou.

Yo fè jijman viré do al dèyè, jistis la kanpé louin, vérité-a tonbé sou laplas la, sa-k douat la pa kapab antré. Yo rivé bliyé vérité-a, moun yo ki ralé kò yo sot nan mal la, yo pran tou sa yo ginyin. Granmèt la ouè, sa parèt mal nan jé-l, poutèt pa gin jijman-an.

Paròl Granmèt la.

## 24

*Dé mal pèp mouin té fè : mouin minm yo té lagé-m, sous dlo vivan-an, yo té fouyé pou yo sitèn ki fann, ki pa kapab kinbé dlo yo.*

**Léktu liv profèt Jérémi**

2, 1-13

Paròl Granmèt la rivé koté-m, li di :

« Alé, rélé byin fò nan zòrèy Jérusalèm, ou-a di : “Min paròl Granmèt la : Mouin sonjé-ou, mouin gin pitié pou lè-ou té jèn nan, pou rinmin ou té ginyin lè-ou té fèk marié-a, lè-ou t-ap suiv mouin nan dézè-a, nan tè ki pa gin sémans la. Israël té sin pou Granmèt la, prémié nan frui-l yo ; tout moun ki té dévoré-l, yo té péyé sa ; malè té rivé yo” », sé sa Granmèt la di.

Kouté paròl Granmèt la, kay Jakob, épi tout fanmiy kay Israël la. Min sa Granmèt la di : « Ki sa papa nou yo té jouinn nan mouin ki fot, paské yo pati

louin mouin, yo maché dèyè sa-k pa gin konsistans épi yo vi-n tounin san konsistans ? Mouin té fè nou antré nan tè Karmèl la, pou nou té manjé frui-l avèk richès li : lè nou antré, nou vi-n sal tè-m nan, nou fè éritaj mouin-an vi-n tounin yon rayisans. Prèt yo pa-t di : “Koté Granmèt la ?” moun yo ki gadyin laloua-a pa-t rékonèt mouin, gadyin yo fè péché kont mouin, profèt yo préché pou Baal, yo suiv zidòl yo.

Sé poua yon lòt foua ankò m-apral plédé jijman avèk nou, sé sa Granmèt la di, épi diskité avèk pitit pitit nou yo. Min, travèsé nan zilé Kétim yo, n-a ouè, voyé nan Kékar épi égzaminin avèk atansyon, gadé si yon bagay té rivé : si yon nasion chanjé dié-l yo, époutan sètènman yo minm sé pa dié yo yé ; kanta pèp mouin-an minm li chanjé gloua li-a nan bagay sa-a ki pa bay okinn avantaj la.

Sé pou nou sézi, poutèt sa, sièl yo, ni pòt li yo, sé pou nou chagrin anpil », sé sa Granmèt la di : « Sèké dé mal, pèp mouin-an té fè : yo té abandoné-m, mouin minm sous dlo vivan-an, yo té fouyé pou yo sitèn fann, ki pa kapab kinbé dlo yo ».

Paròl Granmèt la.

## 25

*Kouté voua-m, m-ap Bondié nou, nou minm n-ap pèp mouin.*

### Léktu liv profèt Jérémi

7, 21-26

Min sa Granmèt lamé yo di, Bondié Israèl la :

« Sakrifis antié nou yo mété yo sou sakrifis nou yo épi manjé chè yo, sèké mouin pa-t palé ak papa nou yo épi mouin pa-t pasé yo lòd nan jou sa-a koté mouin té fè yo soti nan péyi Éjip la, osijè sakrifis antié avèk sakrifis.

Mouin té pasé yo lòd dapré paròl sa-a, mouin té di : “Sé pou nou kouté voua-m, m-ap Bondié pou nou, n-ap pèp pou mouin ; sé pou nou maché nan tout chémin m-ap kòmandé nou, pou sa kapab bon pou nou”.

Min yo pa kouté, yo pa panché zòrèy yo, min yo pati dapré volonté yo, dapré mové panchan kè yo, yo rékilé, yo pa avansé, dépi jou mouin té fè papa yo sòti nan péyi Éjip la jous jodi-a.

Mouin voyé tout sèvitè-m yo, profèt yo, koté nou, mouin lévé byin bonè chak jou, mouin voyé yo ; min yo pa kouté-m, yo pa panché zòrèy yo, okontrè yo fè kou yo vi-n rèd, yo aji pi mal pasé papa yo ».

Paròl Granmèt la.

## 26

*M-ap rétiré kè ròch la sot nan chè yo, m-ap ba yo yon kè chè,  
pou yo maché nan kòmandman-m yo.*

**Léktu liv profèt Ézékièl**

11, 14-21

Paròl Granmèt la rivé koté-m antan-l di : « Pitit moun, frè-ou yo, frè-ou yo, moun ki pròch ou yo, tout kay Israèl la, toutantié, yo minm moun ki abité Jérusalèm yo ap di : “Yo louin Granmèt la ; sé nou minm yo té rinmèt tè-a kòm posésion”. Poutèt sa minm sa Granmèt Bondié-a di : “Paské mouin té voyé louin kot nasion yo épi péyi mouin té gayé sou tè yo, m-ap sèvi yo yon tè sanktifikasion nan péyi yo koté yo té rivé-a”.

Sé poua palé : Min sa Granmèt Bondié-a di : “M-ap rasanblé nou sot nan pèp yo, m-ap réyini nou sot nan péyi yo koté mouin té gayé nou-an, m-ap ba nou tè Israèl la. Y-ap antré la, y-ap ouété tout sa k-ap fè bité ak tout bagay lèd yo sot nan li. M-ap ba yo yon lòt kè épi m-ap mété yon éspri nouvo nan zantray yo ; m-ap ouété kè ròch la sot nan chè yo, m-ap ba yo yon kè chè, pou yo maché nan lòd mouin yo, pou yo kinbé jijman-m yo épi pou yo réalizé yo, épi pou yo pèp mouin, épi mouin minm pou-m kapab Bondié yo. Sa yo ki kité kè yo ap maché apré bagay k-ap fè yo tonbé yo épi bagay ki lèd yo, m-ap mété chémin yo nan tèt yo”, sé sa Granmèt Bondié di ».

Paròl Granmèt la.

## 27

*Si péchè-a fè pénitans, l-ap viv byin pròp, li pap mouri.*

**Léktu liv profèt Ézékièl**

18, 20-32

Paròl Granmèt la rivé koté-m antan-l di : « Nanm k-ap fè péché-a, sé li minm k-ap mouri ; pitit la pap poté fot papa-a, ni papa-a pap poté fot pitit la. Jistis sa-k kòrèk la sé sou pròp tèt pa-l l-ap yé, péché péchè-a ap sou pròp tèt pa-l.

Si moun ki pa kòrèk la fè pénitans sot nan tout péché-l yo, sa-l té fè yo, épi li kinbé tout kòmandman-m yo, li fè jijman ak jistis, l-ap viv byin pròp, li pap mouri. Tou sa-l té fè ki pa kòrèk yo, yo pap sonjé yo ; sé nan jistis li réalizé-a l-ap viv.

Èské volonté-m sé lanmò moun ki pa kòrèk la, sé sa Granmèt Bondié-a di, èské sé pa pou-l chanjé sot nan chémin-l yo, pou-l viv ? Min si sa-k kòrèk la viré do bay jistis li-a épi li fè fot dapré tout bagy ki lèd yo, sa péchè-a abitué fè-a, èské l-ap viv ? Tout jistis li yo, sa-l té fè yo, yo pap sonjé yo, nan révòlt la koté li révòlté-a, épi nan péché-l, sa-l fè-a, nan yo l-ap mouri.

Épi n-ap di : “Li pa douat, chémin Granmèt la”. Ébyin kouté, kay Israèl : Èské sé chémin pa-m nan ki pa douat, èské sé pa pito chémin pa nou yo ki

mové ? Lè moun kòrèk la réyèlman viré do-l sot nan jistis li-a, épi li fè fot, l-ap mouri ; nan sa-k pa kòrèk la, sa-l té fè-a, l-ap mouri. Min lè péchè-a viré do-l sot nan péché-a, sa-l t-ap fè-a, épi li fè jijman ak jistis, li minm l-ap fè nanm li viv, antan-l konsidéyé réyèlman épi li viré do-l bay tout fot li yo, sa-l t-ap fè yo, l-ap viv byin viv, li pap mouri.

Kay Israèl la ap di : “Chémin Granmèt la pa douat”. Èské sé chémin-m yo ki pa douat, kay Israèl, èské sé pa pito chémin pa nou yo ki mové ? Sé poua chak moun sé dapré chémin-l m-ap jijé-l kay Israèl, sé sa Granmèt Bondié-a di. Konvèti, fè pénitans sot nan tout fot nou yo, pap gin okazion pou nou tonbé nan fot.

Konsa nou chak, m-ap jijé nou dapré rout nou, kay Israèl, sé sa Granmèt Bondié di.

Chanjé konduit, fè pénitans sot nan tout fot nou yo, konsa péché-a pap détoui nou. Jété tout mové aksion nou yo louin nou, sa nou té fè ki pa bon yo, fè yon kè nouvo ak yon éspri nouvo nan nou. Épi pouki sa pou nou t-a mouri-a, kay Israèl ?

Paské mouin pa vlé lanmò moun k-ap mouri-a, sé sa Granmèt Bondié di ; tounin, n-a viv ».

Paròl Granmèt la.

28

*M-ap vidé yon dlo pròp sou nou, m-ap mété éspri-m nan mitan nou, m-ap fè nou maché nan lòd mouin yo.*

### **Léktu liv profèt Ézékièl**

**36, 23-28**

Min sa Granmèt Bondié-a di :

« M-ap fè rékonèt non-m sin, li minm ki sal nan pami nasion yo, li minm nou sal nan mitan yo-a, pou nasion yo konnin sé mouin minm Granmèt la, sé sa Granmèt lamé yo di, lè m-ap fè ouè kijan mouin sin nan mitan nou, dévan yo.

M-ap pran nou sot nan nasion yo, m-ap rasanblé nou sot nan tout péyi yo, m-ap minnin nou nan péyi nou-an, m-ap vidé yon dlo pròp sou nou, n-ap pròpté sot nan tou sa-k sal nou, anba tout zidòl nou yo m-ap pròpté nou, m-ap ba nou yon kè nouvo, m-ap mété yon éspri nouvo nan mitan nou, m-ap ouété kè ròch la sot nan chè nou, m-ap mété éspri-m nan mitan nou, m-ap fè nou maché nan lòd mouin yo, pou nou kinbé jijman-m yo, pou nou réalizé yo.

N-ap abité nan tè-a, sa-m té bay papa nou yo, n-ap pèp mouin, m-ap Bondié nou ».

Paròl Granmèt la.



29

*M-ap pasé yon aliens avèk yo jou sa-a.***Léktu liv profèt Ozé****2, 16-25**

« Ap rivé nan jou sa-a, sé sa Granmèt la di, min mouin minm minm m-ap ba-l bouè lèt, épi m-ap kondui-l nan dézè-a, épi m-ap palé nan kè-l ; m-ap ba li jadin rézin-l yo nan minm koté-a épi valé Akò-a, pòt éspérans la, l-ap réponn la tankou jou lè-l té jèn nan, tankou jou lè-l té monté sot nan péyi Éjip la.

Jou sa-a, sé sa Granmèt la di, l-ap rélé-m : “Mari mouin”, li pap rélé-m “Baal mouin” ankò. M-ap rétiré non Baal yo sot nan bouch yo, yo pap sonjé non yo ankò. M-ap pasé yon aliens nan jou sa-a avèk bèt boua yo épi avèk zouazo sièl yo, ni avèk sa k-ap glisé kò yo atè-a ; ark la, épé-a ak lagè-a m-ap krazé yo sot sou tè-a, m-ap fè yo kouché avèk konfians.

Épi m-ap marié-ou avèk mouin pou tout tan ; m-ap marié-ou avèk mouin nan jistis avèk jijman, nan mizérikòd avèk nan pitié, m-ap marié-ou avèk mouin nan lafoua, épi ou-ap konnin mouin sé Granmèt la.

Ap rivé : Nan jou sa-a m-ap réponn, sé sa Granmèt la di, m-ap réponn sièl yo, yo minm minm y-ap réponn tè-a ; tè-a li minm l-ap réponn blé-a ak divin-an ak luil la, épi bagay sa yo ap réponn Isrèyèl. M-ap simin-l pou mouin nan tè-a, m-ap pran pitié pou li, li minm ki té “San mizérikod” ».

Paròl Granmèt la.

30

*Mouin té konn poté yo nan bra-m yo, yo pa-t konnin sé mouin ki t-ap pran souin yo.***Léktu liv profèt Ozé****11, 1-11**

Min sa Granmèt la di :

« Lè Israèl té piti, mouin té rinmin-l, mouin té rélé pitit mouin-an sot Éjip. Plis mouin t-ap rélé yo, plis yo t-ap ralé kò yo sot dévan fas mouin ; yo t-ap ofri sakrifis bay Baal yo, yo t-ap sakrifé bay zidòl yo.

Mouin minm mouin t-ap kondui démach Éfrayim, mouin t-ap poté yo sou bra-m, min yo pa-t konnin mouin t-ap souin yo. Avèk kòd byinvéyans mouin t-ap minnin yo, avèk kòd rinmin-an ; pou yo mouin té tankou yon moun k-ap lévé ti pitit la jous bò figi-l, mouin t-ap panché sou li pou-m fè-l manjé.

L-ap tounin nan péyi Éjip, Asour li minm l-ap roua li, paské yo pa-t vlé konvèti. Épé-a ap fè ravaj nan vil li yo, l-ap kasé kròchèt yo, l-ap manjé yo poutèt plan yo. Pèp mouin pandié nan révòlt li kont mouin ; yo rélé yo anro, min ansanm yo pa drésé-l. Kijan pou-m bay ou, Éfrayim, pou-m rinnèt ou,

Israël ? Kijan pou-m bay ou tankou Adama, pou-m mété-ou tankou Séboyim ?

Kè-m ap boulvèsè anndan mouin, ansanm pitié-m ap flanbé. Mouin pap kité kòlè-m éklaté, mouin pap chanjé pou-m gayé Éfrayim, paské sé Bondié mouin yé, sé pa moun ; nan mitan-ou Sin-an, épi mouin pap antré nan vil la.

Y-ap maché dèyè Granmèt la ; tankou yon lion k-ap pousé rèl, paské li minm l-ap pousé rèl, épi nan krint pitit yo ap kouri vi-n sot okouchan. Y-ap volé tankou zouazo sot Éjip épi tankou kolonb sot nan péyi Asiri ; m-ap mété yo nan kay yo, sé sa Granmèt la di ».

Paròl Granmèt la.

## 31

*Tounin, Israël, kot Granmèt Bondié-ou la.*

**Léktu liv profèt Ozé**

14, 2-10

« Tounin, Israël, kot Granmèt Bondié-ou la, paské ou té gaté nan péché-ou la. Pran bon paròl avèk ou, tounin vi-n jouinn Granmèt la, épi di-l : “Ouété tout fot la, résévoua byin-an, n-ap rinmèt sakrifis bon paròl bouch nou. Asour pap sovè nou, nou pap monté sou choual, nou pap rélé travay min nou yo dié ankò, paské moun ki nan ou-a, ou pran pitié pou òfélin-l nan”.

M-ap géri doulè yo, m-ap rinmin yo ak tout kè-m, paské mouin viré kòlè-m loun yo ; mouin tankou larouzé, Israël ap jèmin tankou lis, rasi-n li ap éklaté tankou rasi-n Liban. Ramo-l yo ap dévlopé, gloua li ap tankou pa pié oliv la, odè-l ap tankou pa Liban-an.

Y-ap tounin vi-n chita anba lonbraj li, y-ap viv avèk blé, y-ap jèmin tankou pié rézin ; souvni-l ap tankou divin Liban. Éfrayim, sa-k ginyin ankò ant mouin minm ak zidòl yo ? Mouin minm m-ap kouté, m-ap kondui-l tankou yon sapin ki byin vèt ; sé nan mouin minm ou-ap jouinn frui-ou.

Ki moun ki gin sajès, pou-l konprann bagay sa yo ? Sé pou-l konprann, sé pou-l konnin bagay sa yo. Paské rout Granmèt yo douat, moun ki kòrèk yo ap maché nan yo ; min rébèl yo ap péri nan yo ».

Paròl Granmèt la.

## 32

*Tounin koté-m ak tout kè nou.*

**Léktu liv profèt Joèl**

2, 12-19

« Koulié-a, sé sa Granmèt la di, tounin koté-m ak tout kè nou, nan jèn, ak dlo nan jé, nan rèl ; chiré kè nou, pa chiré rad nou, tounin vi-n jouinn Bondié

nou-an, paské li bon, li gin mizérikòd, li gin pasians, ak anpil mizérikòd, li padonnin fasilman anlè méchansté-a. Ki moun ki konnin, si-l t-a tounin, épi li padonnin, épi li kité yon Bénédiksion apré-l, sakrifis ak ofrann likè pou Granmèt la, Bondié nou-an ?

Sonnin tronpèt nan Siyon, déklaré yon jèn sakré, rélé foul, rasanblé pèp, konsakré kominoté, rasanblé vié granmoun yo, rasanblé timoun yo ak sa-k nan tété ; sé pou mésié ki fèk marié-a kité kabann li, sé pou madanm ki marié-a kité chanm li.

Ant koté yo mété rad yo ak lotèl la, sé pou prèt yo kriyé, yo minm sèvitè Granmèt la, sé pou yo di : « Pitié, Granmèt, pitié pou pèp ou-a, pa rinnèt éritaj ou-a nan dézonè, pou nasion yo pa kòmandé sou yo. Pouki pou yo t-a di nan pèp yo : “Koté Bondié yo-a ?” »

Granmèt la vi-n jalou pou péyi-l la, li ménajé pèp li-a. Granmèt la réponn, li di pèp li-a : « Min m-ap voyé ba nou blé ak divin ak luil, n-ap plin ak yo ; moun pap fè nou ront ankò nan nasion yo ».

Paròl Granmèt la.

33

*Fè jijman, rinmin mizérikòd,  
maché avèk atansyon ansanm ak Bondié-ou la.*

## Léktu liv profèt Miché

6, 1-15

Kouté sa Granmèt la di :

« Lévé, fè prosè dévan mòn yo, sé pou ti rotè yo tandé voua-ou. Sé pou mòn yo ak fondasion solid tè-a tandé jijman Granmèt la ; paské jijman Granmèt la ap kòmansé kont pèp li-a avèk Israël.

Pèp mouin, ki sa-m té fè-ou ? oubyin ki tray mouin té fè-ou pasé ? Réponn mouin. Èské sé paské mouin té fè-ou soti nan péyi Éjip la, mouin té libéré-ou sot nan kay ésklavaj la, mouin té voyé Moyiz avèk Aaron avèk Miriam dévan fas ou-a ?

Pèp mouin, sonjé, tanpri, kisa Balaak, roua Moab, té gin nan lidé-l, épi kisa Balaam, pitit Bèòr, té réponn li, sot Sitim rivé jous Galgala, pou-ou konnin jistis Granmèt yo ».

Kisa ki kòrèk pou-m ofri Granmèt la ? M-ap plouayé jénou dévan Bondié ki anro nèt la ? èské sé pou-m ofri-l sakrifis antié avèk toro ki gin yon ané ? Èské Granmèt la kapab pran plézi nan mil bélié oubyin nan anpil milié bouk byin gra ? Èské m-ap bay prémié pitit mouin-an pou krim mouin-an, frui vant mouin-an pou péché nanm mouin-an ?

« M-ap di-ou, mòn chè, ki sa ki bon, ki sa Granmèt la mandé-ou : Sètènman sé fè jijman, rinmin mizérikòd, maché avèk atansyon ansanm ak Bondié-ou la ».

Voua Granmèt la rélé nan dirèksyon vil la – sé sajès pou-m krinn non li – : « Kouté, fanmi avèk asanblé vil la ! Èské mouin kapab sipòté fo mézi ak yon mamit ki diminué, ala malè ? Èské mouin kapab konsidéré kòm kòrèk yon balans ki déréglé avèk bous poua k-ap tronpé ? Paské rich li yo plin méchansté, moun yo ki abité ladan-l nan y-ap palé manti, lang yo sé frod nan bouch yo. Mouin minm donk mouin kòmansé frapé-ou pèdisyon poutèt péché-ou yo. Ou minm ou-ap manjé, min vant ou pap plin, épi salté-ou nan mitan-ou. Ou minm ou-ap ranmasé apa min ou pap sové ; sa ou-ap sové-a, m-ap rimmèt li bay épé-a. Ou minm ou-ap simin, min ou pap rékòlté, ou minm ou-ap krazé oliv la, min ou pap froté ak luil la, rézin-an, min ou pap bouè divin-an ».

Paròl Granmèt la.

34

*Granmèt la ap tounin, l-ap pran pitié pou nou,  
l-ap jété tout péché nou yo nan fon lanmè-a.*

### **Léktu liv profèt Miché**

**7, 2-7. 18-20**

Fidèl la disparèt sot nan péyi-a, sa-k kòrèk la nan pami moun yo pa gin sa ; yo tout yo kaché pou yo fè san koulé, moun nan ap drésé pièj pou frè li. Pou mal min yo paré ; chèf la ap mandé épi jij la la pou salè-a, gran-an montré anvè nanm li ; ala malè pou yo, yo minm k-ap pèvèti-l la ! Sa-a ki pi bon nan yo-a, li tankou yon liann pikan, sa-k kòrèk la, li tankou pikan nan lantouraj ; jou santinèl ou yo, vizit ou-a rivé : koulié-a sa ap laront yo.

Pa kouè zanmi-an, pa mét konfians nan prochin-an ; madanm nan k-ap dòmi sou léstomak ou-a, kinbé bouch ou fèmin pou li ; paské pitit gason-an ap fè papa-a afron, pitit fi-a ap drésé kont manman-l, bèl-fi-a kont bèl-mè li : ènmi moun nan sé pròp moun lakay li. Kanta mouin minm sé kot Granmèt la m-ap gadé, m-ap tann Bondié sovè-m nan ; Bondié-m nan ap kouté-m.

Bondié, kilès ki tankou-ou, ki ouété péché-a, ou minm ki padonin fot rès éritaj ou-a ? Li pap fè kòlè ankò, paské sé mizérikòd li vlé. Sé pou-l tounin, pou-l pran pitié pou nou, sé pou-l ouété péché nou yo, pou-l jété tout péché nou yo nan fon lanmè. Ou-ap bay Jakòb vérité-a, ou-ap bay Abraam mizérikòd la, sa-ou té fè sèman bay papa nou yo, dépi nan jou lontan yo.

Paròl Granmèt la.

35

*Tounin vi-n jouinn mouin, m-a tounin al jouinn nou tou.***Léktu liv profèt Zakari**

1, 1-6

Nan uitiem moua-a, nan déziem ané Darius la, paròl Granmèt la rivé kot Zakari, pitit Baraki, pitit Ado, profèt la antan-l di : « Granmèt la faché sou papa nou yo ak kòlè. Ou-a di yo : Min sa Granmèt lamé yo di : “Tounin vi-n jouinn mouin, sé sa Granmèt lamé yo di ; m-a tounin koté nou, sé sa Granmèt lamé yo di”. Pa vi-n tounin tankou papa nou yo, yo minm profèt lontan yo té konn rélé koté yo-a antan yo di : Min sa Granmèt lamé yo di : “Tounin sot nan mové chémin nou yo ak nan mové pansé nou yo” ; min yo pa-t kouté ni yo pa-t fè atansyon koté-m, sé sa Granmèt la di. Papa nou yo, koté yo ? Épi profèt yo èské sé pa nan ètènitè-a y-ap viv ? Réyèlman paròl mouin yo ak lòd mouin yo, sa-m té kòmandé sèvitè-m yo profèt yo, èské yo pa-t touché papa nou yo ? Yo té konvèti, yo té di : “Jan Granmèt lamé yo té désidé pou-l fè nou-an, dapré chémin nou yo avèk dapré aksion nou yo sé sa-l fè nou” ».

Paròl Granmèt la.

36

*L-ap rivé nan Tanp li-a, chèf sa-a n-ap chèché-a.***Léktu liv profèt Malachi**

3, 1-7 a

Min paròl Granmèt Bondié-a :

« Min m-ap voyé Anj mouin-an, l-ap préparé chémin dévan fas mouin ; sanzatan, l-ap rivé nan Tanp li-a, chèf sa-a n-ap chèché-a, épi Anj aliens la, sa nou anvi ouè-a ».

« Min l-ap vini », sé sa Granmèt lamé yo di. « Épi ki moun ki kapab pansé jou l-ap vini-an ? épi ki moun ki kapab kanpé pou-l gadé-l ? Sèké li minm li tankou difé nan fòj, tankou plant k-ap sèvi pou lésiv, l-ap chita pou-l fonn, pou-l pròpté lajan, l-ap nétouayé pitit Lévi yo, l-ap vidé yo gout-a-gout, tankou lò ak tankou lajan, y-ap vi-n tounin moun k-ap ofri sakrifis ki kòrèk pou Granmèt la. Sakrifis Juda ak Jérusalèm ap fè Granmèt la plézi, tankou jou lontan yo, tankou ané ansyin yo. M-ap rivé koté nou nan jijman ; m-ap sèvi témouin rapid kont sòsié yo avèk adiltè yo, sa-k violé sèman yo, sa k-ap maltrété travayè yo, vèv yo ak òfèlin yo, sa-k dévié doua étranjé yo, sa-k pa krinn mouin yo, sé sa Granmèt lamé yo di.

Sèké mouin minm mouin sé Granmèt la, mouin pap chanjé ; min nou minm pitit Jakòb yo, nou pa ko rivé nan finisman nou. Dépi nan jou papa nou yo nou rékilé sot dévan kòmandman-m yo ki kòrèk yo épi nou pa konbé yo.

Tounin koté-m, épi m-a tounin koté nou, sé sa Granmèt lamé yo di ».

Paròl Granmèt la.

## PSÒM RÉPONS YO

1

PSÒM RÉPONS

Ps 12, 4-5. 6 (R: 6 a)

- R: Mouin minm nan mizérikòd ou-a mouin espéré.
- <sup>2</sup> Jouskilè Granmèt, ou-ap bliyé-m pou jous lafin ?  
Jouskilè ou-ap viré fas ou louin mouin ?
- <sup>3</sup> Jouskilè ou-ap mété révòlt nan nanm mouin,  
doulè nan kè-m chak jou ?  
Jouskilè ènmi-m nan ap monté sou mouin ? R:
- <sup>4</sup> Gadé, kouté-m, Granmèt Bondié mouin.  
Kléré jé-m, pou-m pa dòmi nan lanmò,
- <sup>5</sup> pou ènmi-m pa di : « Mouin ranpòté viktoua sou li » ;  
pou sa yo k-ap pèsékité-m yo pa fété, si-m souké. R:
- <sup>6</sup> Kanta mouin minm sé nan mizérikòd ou-a mouin espéré.  
Kè-m ap fété nan sovè ou sovè-m nan.  
M-ap chanté pou Granmèt la, ki fè-m jouinn byin yo,  
m-ap joué mizik pou non Granmèt la ki anro nèt la. R:

2

PSÒM RÉPONS

Ps 21, 2-3. 7-9. 18-28 (R: 2 a)

- R: Bondié, Bondié mouin, pou ki sa ou lagé-m ?
- <sup>2</sup> Bondié, Bondié mouin, pou ki sa ou lagé-m nan ?  
Li rét louin sovè mouin sovè-a paròl rèl mouin yo.
- <sup>3</sup> Bondié mouin, m-ap rélé tout jounin, ou pa kouté,  
tout lannuit, pa gin répo pou mouin. R:
- <sup>7</sup> Mouin minm minm s'éyon vè-tè mouin yé ; sé pa yon moun,  
laront moun yo, réjè pèp la.
- <sup>8</sup> Tout moun ki ouè-m yo pasé-m nan jouèt ;  
yo tiré lang, yo souké tèt :
- <sup>9</sup> « Li té espéré nan Granmèt la, sé pou-l délivré-l ;  
sé pou-l sovè-l, paské li rinmin-l ». R:
- <sup>18</sup> Yo konté tout zo mouin yo.
- <sup>19</sup> Yo séparé rad mouin yo antré yo,  
yo tiré manto-m nan osò.
- <sup>20</sup> Ou minm, Granmèt, pa rét louin,  
fòs mouin, fè vit vi-n édé mouin. R:

- 21 Délivré nanm mouin sot anba épé-a  
sè sa-m ginyin-an sot anba pat chyin-an.
- 22 Sové-m sot nan bouch lion-an  
anba kòn sa-k gin sèl kòn nan sové umilitéé-m nan. **R:**
- 23 M-ap rakonté non-ou bay frè mouin yo,  
nan mitan asanblé-a m-ap fè louanj ou.
- 24 Nou minm ki krinn Granmèt la, sé pou nou fè louanj li,  
tout ras Jakòb, déklaré gloua li,  
sé pou tout ras Israèl krinn li. **R:**
- 25 Sèkè li pa méprizé ni li pa néglijé soufrans pòv la  
li pa viré gas li sot koté yo  
lè yo rélé koté-l, li kouté yo. **R:**
- 26 Louanj mouin koté-ou, Granmèt, nan foul fidèl yo ;  
M-ap réglé sa-m té promèt yo dévan moun ki krinn li yo ;
- 27 Sé pou pòv yo manjé, sé pou yo gin vant plin,  
y-ap fè louanj Granmèt la, sa yo k-ap chèché-l yo.  
« Sé pou kè yo viv pou tout tan gin tan ». **R:**
- 28 Y-ap sonjé, y-ap tounin kot Granmèt la  
tout limit tè-a,  
y-ap adoré dévan-l  
tout fanmi nasion yo.
- 31 Épi ras mouin ap sèvi-l. **R:**

## 3

## PSÒM RÉPONS

Ps 24 (R: : 16 a)

- R:** Voyé jé sou mouin, Granmèt, pran pitié pou mouin.
- 1 Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin.
- 2 Bondié mouin, nan ou mouin mét konfians mouin : mouin pap ront.  
Pa kité ènmi-m yo fè fèt sou mouin,
- 3 réyèlman tout moun ki konté sou ou, yo pap jouinn désépsion.  
Sa k-ap pran désépsion yo sé sa k-ap aji san fidélité yo  
poutèt bagay san konsistans. **R:**
- 4 Chémin-ou yo, Granmèt, montré-m yo,  
tras rout ou yo, aprann mouin yo.
- 5 Dirijé-m nan tras rout ou-a, ban-m léson,  
paské ou sé Bondié ki sové mouin. **R:**
- 6 Sonjé pitié-ou yo, Granmèt,  
ak mizérikòd ou yo, paské sé dépi tout tan yo égzisté.
- 7 dapré mizérikòd ou-a, sonjé-m,  
poutèt bon kè-ou, Granmèt. **R:**

- 8 Granmèt la dou, li douat,  
sé poua l-ap aprann péchè yo chémin-an ;
- 9 l-ap kondui moun ki dosil yo nan jijman-an,  
l-ap aprann moun ki dou yo chémin-l yo. **R:**
- 10 Tout chémin Granmèt la sé mizérikòd ak vérité  
pou moun ki obsèvé téstaman-l nan ak témouagnaj li yo.
- 11 Poutèt non-ou, Granmèt, ou-ap padonnin péché-m nan,  
sèké li anpil.
- 12 Kilès moun sa-a, ki krinn Granmèt la ?  
L-ap aprann li chémin-an, pou-l chouazi-a. **R:**
- 13 Nanm li ap rété nan byin yo :  
épi désandans li ap éritié péyi-a.
- 14 Granmèt la ap aji kòm zanmi avèk moun ki krinn li yo,  
pou-l montré yo téstaman-l nan. **R:**
- 15 Jé-m tout tan kot Granmèt la,  
paské li minm li dégjé pié-m yo sot nan pièj la.
- 16 Voyé jé sou mouin, pran pitié pou mouin,  
paské mouin pou kont mouin, mouin pòv. **R:**
- 17 Louvri pòt kè-m ki fèmin,  
Dégjé-m sot nan malè mouin yo,
- 18 Gadé rabésman-m ak fatig mouin,  
padonnin tout fot mouin yo. **R:**
- 19 Gadé ènmi-m yo, paské yo vi-n anpil,  
épi avèk rayisans méchan yo rayi-m.
- 20 Protéjé nanm mouin, dégjé-m ;  
mouin pap ront, paské mouin éspéré sou ou.
- 21 Sé pou-m san fot, sé pou-m douat pou-m jouinn protéksion,  
paské mouin konté sou ou. **R:**

## 4

## PSÒM RÉPONS

Ps 26, 1. 4. 5. 7-8 a. 8 b-9 ab. 9 cd-10 (**R:** : 14)**R:** Tann Granmèt la, aji avèk kouraj, sé pou kè-ou jouinn fòs.

- 1 Granmèt la sé klèté-m, épi li sovè-m, kilès pou-m pè ?  
Granmèt la sé protéksion lavi-m, dévan kilès pou-m tranblé ? **R:**
- 4 Yon sèl bagay mouin mandé Granmèt la, sé sa m-ap chèché :  
abité kay Granmèt la  
tout tan lavi-m,  
pou-m ouè dousè Granmèt la,  
pou-m vizité tanp li-a. **R:**



- 7 Granmèt, kouté voua-m k-ap rélé,  
pitié pou mouin, kouté-m.
- 8 Sé sou ou kè-m té di : « Chèché fas li ». **R:**  
Sé fas ou, Granmèt, m-ap chèché.
- 9 Pa viré fas ou louin-m,  
pa viré do bay sèvitè-ou la nan kòlè. **R:**  
Sé sékou-m ou yé, pa lagé-m,  
pa abandoné-m, Bondié sovè-m.
- 10 Sèké papa-m ak manman-m lagé-m,  
Granmèt la minm résévoua-m. **R:**
- 13 Mouin kouè m-ap ouè byin Granmèt la  
nan tè vivan yo.
- 14 Tann Granmèt la, pran kouraj.  
asiré kè-ou,  
apuiyé sou Granmèt la. **R:**

## 5

## PSÒM RÉPONS

Ps 30, 1-6 (**R:** : 6 b)

- R:** Ou rachté-m, Granmèt, Bondié vérité-a.
- 2 Sé nan ou, Granmèt, mouin éspéré, pou-m pa ront pou tout tan ;  
nan jistis ou, délivré-m.
- 3 Panché zòrèy ou sou mouin,  
fè vit, pou-ou sové-m. **R:**
- Sé pou-ou sèvi-m yon ròch kachèt.
- 4 Paské fòs mouin ak kachèt mouin sé ou minm,  
poutèt non-ou, ou-a kondui-m, ou-a souin-m. **R:**
- 5 Ouété-m sot nan pièj la yo té kaché pou mouin-an,  
paské sé ou minm ki fòs mouin.
- 6 Sé nan min-ou mouin rinmèt éspri-m ;  
ou rachté-m, Granmèt, Bondié vérité-a. **R:**

## 6

## PSÒM RÉPONS

Ps 30, 10. 15-17. 20 (**R:** : Lk 23, 46)

- R:** Papa, nan min-ou mouin rinmèt éspri mouin.
- 10 Pran pitié pou mouin, Granmèt, paské mouin nan tribilasion ;  
jé-m troublé ak chagrin,  
ni nanm mouin, ni vant mouin. **R:**

- 15 Min mouin minm sé nan ou mouin espéré, Granmèt ;  
mouin di : « Sé Bondié-m ou yé,  
16 nan min-ou déstiné-m yé ».  
Délivré-m sot nan min ènmi-m yo  
ak sa k-ap pèsékité-m yo. **R:**
- 17 Kléré fas ou sou sèvitè-ou,  
sové-m nan mizèrikòd ou. **R:**
- 20 Ala anpil yo anpil kantité dousè-ou, Granmèt,  
sa-ou kaché pou moun ki krinn ou yo.  
Ou réalizé yo pou sa yo ki espéré nan ou yo,  
dévan fas pitit moun yo. **R:**

## 7

## PSÒM RÉPONS

Ps 31, 1-2. 5. 7. 11 (**R:** : cf. 5 c)

- R:** M-ap konfésé péché-m nan bay Granmèt la.  
Ala kontantman pou moun yo padonnin fot li,  
yo kouvri péché-l la.
- 2 Ala kontantman pou moun Granmèt la pa konsidéré kòm koupab la,  
ki pa gin riz nan léspri-l la. **R:**
- 3 Paské mouin té pé bouch mouin, zo-m yo té viéyi,  
pandan mouin t-ap rélé tout lajounin.
- 4 Paské lajounin ak lannuit min-ou pézé lou sou mouin,  
fòs mouin chanjé nan chalè tan cho. **R:**
- 5 Mouin fè-ou konnin péché-m nan,  
mouin pa kaché fot mouin-an.  
Mouin di : « M-ap déklaré fot mouin-an dévan Granmèt la ».  
Ou minm ou padonnin fot péché-m nan. **R:**
- 6 Poutèt sa tout sin ap priyé-ou nan tan favorab la.  
Nan délij dlo yo ki anpil yo  
yo pap proché koté-l.
- 7 Ou sé kachèt mouin, ou-ap protéjé-m sot nan tray la ;  
ou-ap vlopé-m ak fèt sové ou sové-m nan. **R:**
- 8 M-ap ba-ou intèlijans, m-ap instrui-ou nan chémin-an  
koté ou-ap avansé-a ;  
m-ap fiksé jé-m sou ou.
- 9 Pa vi-n tounin tankou choual ak milèt,  
ki pa gin intèlijans ;  
ak mò épi frin si-ou proché pou-ou kinbé yo,  
yo pap proché koté-ou. **R:**

- 10 Anpil doulè pou péchè-a,  
min sa-k éspéré nan Granmèt la mizérikòd la antouré-l. **R:**
- 11 Fè kè nou kontan nan Granmèt la, fété, nou minm ki kòrèk yo.  
Lévè tèt nou, nou tout ki gin kè nou douat yo. **R:**

## 8

## PSÒM RÉPONS

Ps 35 (R : 8 a)

- R:** Ala gran valè mizérikòd ou-a ginyin, Bondié !
- 2 Méchansté-a souflé péchè-a nan mitan kè-l ;  
pa gin krint Bondié dévan jé-l.
- 3 Paské l-ap flaté pròp tèt li nan fas li,  
pou-l pa jouinn péché-l la épi pou-l pa rayi-l. **R:**
- 4 Paròl bouch li sé méchansté ak manti,  
li pa vlé konpran pou-l aji byin.
- 5 L-ap kalkilé méchansté sou kabann li,  
li kanpé nan tout chémin ki pa bon,  
kanta méchansté-a minm li pa rayi-l. **R:**
- 6 Granmèt, mizérikòd ou nan sièl la,  
vérité-ou jous nan nuaj yo ;
- 7 jistis ou tankou mòn Bondié yo,  
jijman-ou yo sé anpil bafon :  
ni moun yo ni bèt chay yo, ou-ap sové yo, Granmèt. **R:**
- 8 Ala valè mizérikòd ou-a ginyin, Bondié !  
Pitit moun yo ap éspéré anba protéksion zèl ou yo ;
- 9 Y-ap plin ak richès kay ou,  
nan riviè plézi-ou, ou-ap fè yo bouè. **R:**
- 10 Paské koté-ou sé sous lavi,  
nan limiè-ou nou ouè limiè.
- 11 Lonjé mizérikòd ou pou moun ki konnin-ou yo,  
ak jistis ou-a pou sa yo ki gin kè yo douat yo. **R:**
- 12 Sé pa pou pié ògèyé-a rivé koté-m,  
sé pa pou min péchè-a souké-m.
- 13 Y-ap tonbé la, sa yo k-ap fè méchansté-a,  
yo chasé yo, yo pa kapab rété. **R:**

## 9

PSÒM RÉPONS Ps 39, 2 é 4 ab. 5. 6. 7-8 a. 8 b-9. 10. 12 (R: 8 a é 9 a)

- R: Min m-ap vini, Granmèt, pou-m fè volonté-ou.
- 2 Sé pa ti kras tann mouin t-ap tann, Granmèt la,  
li panché sou mouin.
- 4 Li mété yon kantik nouvo nan bouch mouin  
yon chanté pou Bondié nou-an. R:
- 5 Ala kontantman pou moun ki mété éspérans li nan Granmèt la,  
ki pa gadé moun k-ap fè logèy, k-ap panché nan manti. R:
- 6 Ou té fè yo anpil, Granmèt Bondié mouin, mèvèy ou yo,  
épi pansé-ou yo pou nou : pa gin ki sanblé avèk ou. R:
- 7 Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa,  
ou louvri zòrèy mouin.  
Sakrifis antié ak sakrifis pou péché, ou pa-t mandé sa,
- 8 lè sa-a mouin di : « Min m-ap vini. R:
- Nan roulo liv la yo ékri osijè-m  
pou-m fè volonté-ou.  
Bondié mouin, mouin dakò,  
laloua-ou la nan zantray mouin ». R:
- 10 Mouin anonsé jistis ou-a nan gran asanblé-a ;  
min mouin pa fèmin bouch mouin, Granmèt, ou konnin. R:
- 12 Kanta ou minm Granmèt, pa ouété pitié-ou yo soti sou mouin ;  
sé pou mizérikòd ou-a ak vérité-ou la toujou soutni mouin. R:

## 10

PSÒM RÉPONS

Ps 49, 7-8. 14 é 23 (R: 23b)

- R: Moun ki san tach nan chémin-an,  
m-ap montré-l sové Bondié sové nou-an.
- 7 « Kouté, pèp mouin, m-ap palé ;  
Israèl, m-ap déklaré témouagnaj kont ou :  
Sé Bondié, Bondié-ou mouin yé.
- 8 Sé pa poutèt sakrifis ou yo m-ap réprann ou ;  
sakrifis antié-ou yo dévan fas mouin tout tan. R:
- 14 Sakrifié sakrifis louanj pou Bondié,  
rinnèt Sa-a ki anro nèt la sa-ou té promèt yo.
- 23 Moun ki ofri sakrifis louanj, l-ap fè-m jouinn gloua,  
moun ki san tach nan chémin-an,  
m-ap montré-l sové Bondié sové nou-an. R:

## PSÒM RÉPONS

Ps 50, (R̄ : 14 a)

- R̄: Fè-m rétrouvè lajoua sovè ou sovè nou-an.
- 3 Pitié pou mouin, Bondié, dapré mizèrikòd ou-a ;  
dapré kantité pitié-ou, éfasé fot mouin-an.
- 4 Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an,  
pròpté-m sot nan péché-m nan. R̄
- 5 Paské fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l :  
péché-m nan dévan-m tout tan.
- 6 Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché,  
épi sa-k mal dévan-ou nan, mouin fè-l :  
Sé pou yo jouinn ou kòrèk nan santans-ou, douat nan jijman-ou.
- 7 Min, réyèlman nan fot mouin pran nésans :  
nan péché mouin té jouinn lavi nan vant manman-m. R̄
- 8 Min, réyèlman sé vérité nan kè-a ou té rinmin :  
nan sékrè ou té montré-m sajès.
- 9 Rouzé-m avèk izòp, m-ap pròp :  
lavé-m, m-a vi-n blan pasé lanèj. R̄
- 10 Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua :  
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- 11 Viré fas ou-a sot kot péché-m yo :  
tout fot mouin yo, éfasé yo. R̄
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié,  
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.
- 13 Pa jété-m louin fas ou,  
éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin. R̄
- 14 Rinnèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an,  
asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo,  
méchan yo ap tounin vi-n jouinn ou. R̄
- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin,  
lang mouin ap chanté jistis ou.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin,  
bouch mouin ap anonsé louanj ou. R̄
- 18 Sèké ou pap pran plézi nan sakrifis,  
sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.
- 19 Sakrifis pou Bondié, sé yon léspri ki krazé,  
yon kè ki krazé, ki rabésé, Bondié pap méprizé-l. R̄
- 20 Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt nan bòn volonté-ou  
pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.

21 Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis,  
kado avèk sakrifis antié. **R:**

12

## PSÒM RÉPONS

Ps 72 (R: 28 a)

**R:** Kolé kò-m sou Bondié, sé sa ki bon.  
Ala bon Bondié bon pou sa ki douat yo,  
Bondié pou sa yo ki gin kè douat yo ! **R:**

2 Kanta mouin minm minm ti kras pié-m té souké,  
yon ti kras plant pié-m t-ap glisé,  
3 paské mouin té anvi sa k-ap fè gloua pou pròp tèt pa yo-a,  
antan-m ouè lapè péchè yo. **R:**

4 Paské yo pa jouinn anpèchman,  
vant yo an santé, li gra.  
5 Yo pa nan traka sa k-ap mouri yo,  
avèk moun yo yo pa résévoua kou. **R:**

6 Sé poua tankou kolié ògèy la pou yo,  
tankou yon rad violans la kouvri yo.  
7 Méchansté yo-a soti tankou nan grès,  
pansé kè-yo ap soti. **R:**

8 Y-ap pasé nan rizib, y-ap palé méchansté,  
fot la, sé anlè yo palé-l.  
9 Yo mété bouch yo nan sièl,  
lang yo minm ap travèsè tè-a. **R:**

10 Sé poua yo chita anro,  
dlo ki plin yo pap rivé koté yo.  
11 Y-ap di : « Kòman Bondié ap konnin,  
pa gin sians nan Sa-aki anro nèt la ? » . **R:**

12 Min yo minm péchè yo, yo plin nan sièk tan  
yo mété richès pil sou pil. **R:**

13 Mouin di : « Se san rézon mouin te chanjé kè-m  
mouin té lavé min-m nan inosans ;  
14 mouin té pran kou tout lajounin,  
ak koréksion nan matin » . **R:**

15 Si-m té di : « M-ap palé tankou sa yo »,  
min, ras pitit ou yo mouin t-a trayi-l.  
16 Mouin t-ap kalkilé pou-m konnin bagay sa-a ;  
sé té lapinn nan jé-m,  
17 joutan mouin antré nan tanp Bondié-a  
épi mouin konprann finisman yo. **R:**

- 18 Réyèlman ou mété yo koté ki glisé,  
ou jété yo nan dékonb yo.
- 19 Kijan yo rivé nan dézolation !  
Yon kou yo fini yo péri avèk sézisman. **R:**
- 20 Tankou rèv jé klè, Granmèt,  
antan-ou révéyé ou méprizé pòtré yo. **R:**
- 21 Paské kè-m t-ap soté,  
rin-m té krazé ;
- 22 mouin minm mouin té vi-n tou sòt, mouin pa-t konnin :  
mouin té vi-n tounin tankou youn milèt koté-ou. **R:**
- 23 Mouin minm poutan mouin tout tan avèk ou ;  
ou kinbé min douat mouin.
- 24 Nan konsèy ou ou kondui-m  
épi apré sa avèk gloua ou résévoua-m. **R:**
- 25 Kilès ki pou mouin nan sièl la ?  
avèk ou mouin pa anví anyin sou tè-a.
- 26 Chè-m fini, ni kè-m ;  
Bondié kè-m, pòsion mouin Bondié tout tan-an. **R:**
- 27 Sèké min, sa ki ralé kò yo sot koté-ou la, y-ap péri ;  
ou pèdi tout moun ki nan mové rélasyon louin-ou. **R:**
- 28 Kanta pou mouin, kolé kò-m sou Bondié, sa bon,  
mété nan Granmèt Bondié éspérans mouin,  
pou-m anonsé tout aksion-ou yo  
nan pòtay pitit fi Siyon yo. **R:**

## 13

## PSÒM

Ps 84, 2-14 (**R:** : 8)

- R:** Montré nou mizérikòd ou-a, Granmèt,  
ba nou sovè ou sovè nou-an.
- 2 Ou jouinn jouisans ou, Granmèt, nan tè-ou la,  
ou fè prizonié Jakòb yo tounin.
- 3 Ou padonnin fot pèp ou-a,  
ou kouvri tout péché-l yo.
- 4 Ou réfoulé tout kòlè-ou la,  
ou tounin sot nan chalè mové san-ou nan. **R:**
- 5 Fè nou tounin, Bondié sovè nou,  
viré kòlè-ou la sot sou nou.
- 6 Èské sé pou tout tan ou-ap faché kont nou,  
oubyin ou-ap blayi kòlè-ou la sot nan jénérasyon al nan jénérasyon ? **R:**

- 7 Èské sé pa ou minm ki pou tounin vi-n ba nou lavi,  
épi pèp ou-a ap kontan nan ou ?
- 8 Montré nou mizèrikòd ou-a, Granmèt,  
sovè ou sovè nou-an ba nou li. **R:**
- 9 M-ap kouté sa Granmèt Bondié ap di,  
sé lapè l-ap palé pou pèp li-a ak sin-l yo.
- 10 Réyèlman li tou pré moun ki krinn li yo, sovè li sovè nou-an,  
pou gloua-a abité sou tè nou-an. **R:**
- 11 Mizèrikòd ak vérité rankontré,  
jistis ak lapè anbrasé.
- 12 Vérité-a lèvé sot sou tè-a,  
jistis la panché sot nan sièl la. **R:**
- 13 Oui, Granmèt la ap bay bon kè-a,  
tè nou-an ap bay frui-l.
- 14 Jistis ap maché dévan-l,  
l-ap pozé pié-l sou rout la. **R:**

14

## PSÒM RÉPONS

Ps 89 (R: 14)

- R:** Plin nou, Granmèt, ak mizèrikòd ou-a,  
n-a fété pandan tout jou nou yo.
- 2 Anvan mòn yo fèt oubyin tè-a ak fas tè-a gin nésans,  
dépi tout tan épi jous pou tout tan ou sé Bondié. **R:**
- 3 Ou fè moun nan tounin nan pousiè ;  
ou di : « Tounin, pitit moun yo ».
- 4 Sèké mil ané dévan jé-ou  
sé tankou jounin yè-a ki pasé,  
ak yon vèy nan nuit. **R:**
- 5 Ou fè dòmi tonbé sou yo,  
6 nan matin, y-ap tankou zèb k-ap pousé :  
nan matin li fléri, li grandì,  
nan asouè, li finnin, li séché. **R:**
- 7 Sèké nou fini nan kòlè-ou la  
nan kout-san-ou nan nou troublé.
- 8 Ou mété fot nou yo dévan fas ou,  
sa nou fè ki kaché yo, ou mété yo nan limiè fas ou-a. **R:**
- 9 Paské tout jou nou yo disparèt nan kòlè-ou la,  
nou fini ané nou yo tankou yon ti souf.
- 10 Jou ané nou yo sé sousanndizan,



- oubyin nan santé sé katrévinzan.  
 Min pi fò pòsion nan yo sé tray ak soufrans,  
 paské yo pasé byin vit, épi nou volé. **R:**
- 11 Kilès ki konnin puisans kolè-ou  
 épi antan-l gin krint ou, ki konnin mové san-ou ? **R:**
- 12 Aprann nou konté jou nou yo  
 pou nou kondui kè nou nan sajès la.
- 13 Tounin, Granmèt, jouskilè ?  
 Pran pitié pou sèvitè-ou yo. **R:**
- 14 Plin nou granmatin ak mizérikòd ou-a,  
 n-a fété, n-a gin kontantman tout lavi nou.
- 15 Fè kè nou kontan pou jou yo ou té rabésé nou-an,  
 pou ané yo nou té ouè malè yo. **R:**
- 16 Sé pou travay ou parèt pou sèvitè-ou yo,  
 ak grandè-ou pou pitit yo.
- 17 Sé pou klété Granmèt Bondié nou-an sou nou,  
 asiré travay min nou yo sou nou,  
 travay min nou yo, asiré-l. **R:**

## 15

## PSÒM RÉPONS

Ps 94 (R : 8 a)

- R:** Si jodi-a nou té kapab tandé voua Granmèt la .
- 1 Vini, an nou fété pou Granmèt la ;  
 an nou fè fèt pou Bondié sovè nou-an.
- 2 An nou proché dévan fas li avèk louanj,  
 avèk kantik, an nou fè fèt pou li. **R:**
- 3 Sèké sé Bondié ki gran Granmèt la yé,  
 yon roua ki gran anlè tout dié yo.  
 Paské nan min-l bafon tè-a yé, rotè mòn yo sé pou li.
- 5 Sèké sé pou li lanmè-a yé, sé li minm ki fè-l,  
 tè sèk la, sé min-l ki fòmè-l. **R:**
- 6 Vini, an nou adoré-l, an nou bésé atè,  
 an nou ajénou dévan Granmèt la ki fè nou-an,
- 7 paské sé li minm ki Bondié nou,  
 nou sé pèp pak li ak mouton min-l. **R:**
- 8 Si jodi-a nou té kapab tandé voua-l :  
 « Pa fèmin kè nou,
- 9 tankou nan Mériba, dapré jou Masa nan dézè-a,

koté papa nou yo té tanté-m nan ;  
yo té chèché-m kont, malgré yo té ouè travay mouin yo ». **R:**

10 Pandan karantan jénérasion sa-a dégouté-m  
mouin di : « Pèp la, kè yo pèdi chémin.

11 Yo minm yo pa-t konnin chémin-m yo ;  
sé pousa mouin té fè sèman nan kòlè-m :  
Yo pap antré nan répo-m nan ». **R:**

## 16

## PSÒM RÉPONS

Ps 105, 6-10. 13-14. 19-22 (**R** : 6)

**R:** Nou fè péché avèk papa nou yo,  
nou aji yon jan ki pa korèk, nou fè fot.

6 Nou fè péché avèk papa nou yo,  
nou aji yon jan ki pa korèk, nou fè fot.

7 Papa nou yo nan Éjip la, yo pa-t konprann mèvèy ou yo,  
yo pa-t sonjé pakèt mizérikòd ou yo,  
yo té fè Granmèt la fè kòlè, antan y-ap monté nan lanmè-a,  
nan lanmè rouj la. **R:**

8 Li té sovè yo poutèt non li,  
pou-l fè konnin puisans li.

9 Ou ménasé lanmè Rouj la, li séché,  
ou kondui yo nan bafon-an tankou nan yon dézè. **R:**

10 Ou sovè yo sot anba min sa-k rayi yo-a,  
ou rachté yo anba min ènmi-an. **R:**

13 Yo fè vit, yo bliyé aksion-l yo,  
yo pa konté sou désizyon-l nan,

14 Yo mété lidé yo sou anvi yo té ginyin nan dézè-a,  
yo tanté Bondié nan tè sèk la. **R:**

19 Yo fè yon ti toro nan Orèb,  
yo adoré yon pòtré ;

20 yo chanjé gloua yo  
pou pòtré yon toro k-a manjé zèb. **R:**

21 Yo bliyé Bondié ki té sovè yo-a,  
li minm ki té fè bagay éstraòdinè nan Éjip la,

22 mèvèy nan péyi Kam nan,  
prodij nan lanmè Rouj la. **R:**

17

PSÒM RÉPONS

Ps 118, 1. 10-13. 15-16 (R: 1 b)

R: Ala kontantman pou sa yo k-ap maché nan laloua Granmèt la.

- 1 Ala kontantman pou moun ki intak nan chémin-an,  
k-ap maché nan laloua Granmèt la. R:
- 10 Ak tout kè-m mouin té chèché-ou,  
pa fè-m pèdi rout sot nan kòmandman-ou yo.
- 13 Nan bouch mouin  
mouin détayé tout jijman bouch ou yo. R:
- 15 Nan kòmandman-ou yo m-ap médité,  
m-ap konsidéré chémin-ou yo.
- 16 Nan désizion-ou yo mouin jouinn plézi-m,  
mouin pa bliyé paròl ou. R:

18

PSÒM RÉPONS

Ps 122 (R: 2 c)

R: Jé nou yo kot Granmèt la Bondié nou-an.

- 1 Koté-ou mouin té lèvé jé-m,  
ou minm ki abité nan sièl yo.
- 2 Min sé tankou jé sèvitè yo kot min mèt yo. R:  
Tankou jé sèvant la kot min mètrès li,  
sé konsa jé nou kot Granmèt Bondié nou-an,  
joutan li pran pitié pou nou. R:
- 3 Pitié pou non, Granmèt, pitié pou nou,  
paské nou plin ak mépri ;
- 4 paské nanm nou plin anpil  
ak rizib moun ki rich yo, ak mépri moun yo k-ap lèvé tèt yo-a. R:

19

PSÒM RÉPONS

Ps 129 (R: 7 bc)

R: Kot Granmèt la sé mizèrikòd,  
épi koté-l sé rédanmsion anpil.

- 1 Nan bafon yo m-ap rélé koté-ou, Granmèt ;  
Granmèt, kouté voua-m.
- 2 Sé pou zòrèy ou panché  
nan voua priyè-m nan. R:

- 3 Si-ou kinbé fot yo, Granmèt,  
Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?
- 4 Paské koté-ou sé padon,  
nou krinn ou. **R:**
- 5 M-ap tann ou, Granmèt ;  
nanm mouin ap tann nan paròl li,
- 6 nanm mouin éspéré nan Granmèt la. **R:**
- 7 Sé pou Israèl éspéré nan Granmèt la.  
Paské kot Granmèt la sé mizérikòd,  
épi koté-l sé rédanmsion anpil.
- 8 Sé li minm k-ap rachté Israèl  
sot nan tout fot li yo. **R:**

20

## PSÒM RÉPONS

Ps 138, 1-18. 23-24 (**R:** : 23 a)

- R:** Égzaminé-m, Bondié, konnin kè-m.
- 1 Granmèt, ou sondé-m, ou konnin-m,  
2 ou konnin chita-m ak lévé-m.  
Ou sézi pansé-m byin louin,  
3 koté-m maché ak koté-m kouché, ou foyé yo. **R:**
- Tout rout mouin yo, ou ouè yo klè,  
4 paské paròl la pa ko sou lang mouin,  
gadé, Granmèt, ou konnin tout bagay.
- 5 Dèyè kon dévan ou séré-m,  
ou pozé min-ou sou mouin.
- 6 Sé mèvèy ékstraòdinè sians ou-a yé anlè-m ;  
li ro, mouin pa kapab touché-l. **R:**
- 7 Ki koté pou-m alé louin éspri-ou,  
ki koté pou-m sovè kò-m louin fas ou ?
- 8 Si-m monté nan sièl la, ou la ;  
si-m désann anba tè-a, ou prézan. **R:**
- 9 Si-m pran zèl dévan jou-a,  
pou-m al abité nan fon lanmè,  
10 minm la, min-ou ap kondui-m,  
min douat ou kinbé-m. **R:**
- 11 Si-m di : « Pètèt fènoua yo ap fèmin-m,  
lannuit la ap sèl klété alantou-m ».
- 12 Minm fènoua yo pa fènoua dévan-ou,  
lannuit la ap kléré tankou lajounin. **R:**

- 13 Paské sé ou minm ki té fòmé rin-m,  
ou té trésé-m nan vant manman-m.
- 14 M-ap fè louanj ou, paské ou fòmé-m yon fason ékstraòdinè,  
aksion-ou yo éstraòdinè,  
nanm mouin konnin yon ti kras. **R:**
- 15 Zo-m yo pa-t kaché koté-ou, ,  
lè mouin t-ap fèt nan kachèt la,  
lè yo t-ap filé-m tankou toual la nan bafon tè-a.
- 16 Mouin pa-t ko fi-n fèt déja jé-ou té ouè-m,  
nan liv ou yo tout jou-m yo té ékri :  
yo té déja fiksé époutan pa gin youn nan yo ki té égzisté déja. **R:**
- 17 Kanta pou mouin ala anpil valè yo ginyin, pansé-ou yo, Bondié ;  
ala lou li lou tout kantité yo-a.
- 18 Si m-ap konté yo, anlè sab la y-ap dépasé ;  
si-m vlé rivé nan bout, mouin la ankò avèk ou. **R:**
- 23 Égzaminé-m, Bondié, konnin kè-m ;  
éséyé-m, konnin tras rout mouin yo :
- 24 gadé, si gin rout ki pa vo anyin nan mouin ;  
kondui-m nan chémin tout tan-an. **R:**

## 21

## PSÒM RÉPONS

Ps 142, 1-11(**R:** : 10)

- R:** Aprann mouin fè sa-k fè-ou plézi, Bondié mouin.
- 1 Granmèt, kouté priyé-m,  
sé pou zòrèy ou sansib pou demann mouin nan vérité-ou la ;  
kouté-m nan jistis ou.
- 2 Pa antré nan jijman avèk sèvitè-ou,  
paské nan fas ou okinn vivan pa an règ. **R:**
- 5 Mouin sonjé jou lontan yo,  
m-ap kalkilé sou tout aksion-ou yo,  
sou travay min-ou yo m-ap réfléchi.
- 6 Mouin lonjé min-m koté-ou,  
nanm mouin tankou tè san dlo pou ou. **R:**
- 7 Fè vit réponn mouin, Granmèt ;  
éspri-m ap fébli.
- 8 Fè-m tandé mizérikòd ou granmatin,  
paské sé nan ou mouin espéré. **R:**
- 10 Aprann mouin fè sa-k fè-ou plézi,  
paské sé Bondié-m ou yé.  
Sé pou bon éspri-ou la kondui-m nan tè ki égalizé-a. **R:**

- 11 Poutèt non-ou, Granmèt, ou-a ban-m lavi,  
nan jistis ou-a ou-a konkui nanm mouin sot nan tribilasyon-an. **R**

22

## CHAN RÉPONS.

Baruk 1, 15-22 (**R** : 3, 2)

- R** « Kouté, Granmèt, épi pran pitié, paské ou sé Bondié mizérikòd ».
- 15 Jistis la sé pou Granmèt Bondié nou-an,  
pou nou minm sé laront nan fas nou, jan sa yé jodi-a,  
pou tout Judé-a ak moun ki abité Jérusalèm,
- 16 pou roua nou yo ak chèf nou yo,  
pou prèt nou yo ak profèt nou yo ak papa nou yo. **R**
- 17 Nou fè péché dévan Granmèt Bondié nou-an,  
18 nou pa-t kouè, nou té ouété lafoua nou nan li ;  
nou pa-t obéyi-l, nou pa-t kouté voua Granmèt Bondié nou-an,  
pou nou té maché nan kòmandman-l yo,  
sa-l té ba nou-an. **R**
- 19 Dépi jou li té kondui papa nou yo sot nan péyi Éjip la, jous jodi-a,  
nou té fè rébèl ak Granmèt Bondié nou,  
nou viré do ba li, nou gayé,  
nou pa kouté voua-l, **R**
- 20 Anpil malè ak madichon kolé sou nou,  
sa Granmèt la té fiksé bay Moyiz sèvitè-l la,  
ki té kondui papa nou yo sot nan péyi Éjip la  
pou-l ba nou péyi-a koté lèt ak mièl ap koulé-a,  
jan sa fèt jodi-a.
- 21 Nou pa-t kouté voua Granmèt Bondié nou  
dapré tout paròl profèt yo li té voyé ba nou yo. **R**
- 22 Épi nou pati, chak moun nan sans mové kè nou-an,  
pou nou aji pou dié étranjé yo,  
antan n-ap fè sa-k mal dévan jé Granmèt Bondié nou-an. **R**

## LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1

*Yo jistifé gratis pa pouvoua rédanmsion-an ki nan Kris Jézu-a.***Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

3, 22-26

Frè-m yo :

Jistis Bondié-a gras a lafoua Jézu-Kri-a pou tout moun ak sou tout moun ki kouè nan li. Sèk pa gin distinksiyon : tout moun fè péché, yo pa gin gloua Bondié-a ; yo vi-n kòrèk gratis, pa pouvoua gras li-a, pa pouvoua rédanmsion-an ki nan Kris Jézu. Li minm Bondié té ékspozé davans kòm padon gras a lafoua nan san-l, pou montré jistis li antan li padonnin péché ki té fèt anvan yo, nan pasians Bondié, pou montré jistis li nan tan sa-a ; pou-l kapab kòrèk li minm, pou-l fè sa-k mété lafoua nan Jézu-Kri-a vi-n kòrèk.

Paròl Granmèt la.

2

*N-ap tiré gloua nan Bondié gras a Granmèt nou Jézu-Kri li minm pa lintemédiè-l koulié-a nou résévoua rékonsiliation-an.***Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

5, 6-11

Frè-m yo :

Malgré nou té fèb toujou-a, Kris la té mouri pou péchè yo, lè tan-an rivé. Apèn yon moun kapab aksépté mouri pou yon lòt ki kòrèk ; pou yon moun débyin, pétèt yon moun kapab aksépté mouri. Min Bondié montré jan-l rinmin nou, paské, malgré sé péchè nou té yé, Kris la té mouri pou nou nan tan fiksé-a.

Konsa koulié-a minm, nou kòrèk pi-plis ankò nan san-l, n-ap sové gras a li sot nan kòlè-a. Si malgré nou té ènmi, nou vi-n rékonsilié ak Bondié nan lanmò Pitit li-a, koulié-a minm nou fi-n rékonsilié avèk li-a, n-ap sové nan lavi-l. Sé pa sèlman sa, min n-ap jouinn gloua nan Bondié pa lintemédié Granmèt nou Jézu-Kri ki rékonsilié nou-an.

Paròl Granmèt la.

3

*Konsidéré nou mouri parapò a péché-a, min nou vivan pou Bondié nan Kris Jézu.***Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

6, 2 b-13

Frè-m yo :

Nou minm ki mouri parapò a péché-a, kòman fè n-ap viv ankò nan li ? Èské nou pa konnin nou tout ki batizé nan Kris Jézu, sé nan lanmò-l nou batizé ?

Nou antéré réyèlman ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a.

Sèké si nou planté ansanm avèk li pou nou sanblé avèk li nan lanmò-l la, konsa tou n-ap ansanm avèk li nan rézireksion-l nan. Nou konnin moun ansyin nou-an klouré sou koua-a ansanm avèk li, pou kò péché-a kapab détoui, pou nou pa sèvi péché-a ankò. Sa-a ki mouri-a, li kòrèk parapò a péché-a. Konsa si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv tou ansanm avèk Kris la, antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap janm mouri, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò. Sa-k mouri aléga péché-a, li mouri yon foua pou tout ; sa k-ap viv la minm, sé pou Bondié l-ap viv. Sé konsa nou minm sé pou nou konsidéré nou mouri aléga péché-a, n-ap viv pou Bondié nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Paròl Granmèt la.

## 4

*Chatiman péché-a sé lanmò, kado Bondié-a minm, sé lavi tout tan-an nan Kris Jézu Granmèt nou-an .*

### Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

6, 16-23

Frè-m yo :

Èské nou pa konnin, moun nou ofri pròp tèt nou ba li-a kòm ésklav pou nou obéyi-l la, nou vi-n tounin ésklav sa-a nou obéyi-a. Si sé péché-a, sé pou lanmò-a ; si sé obéyisans la, sé pou jistis la ?

Min n-ap rann Bondié gras : nou té ésklav péché-a, min nou vi-n obéyi ak tout kè nou nan modèl ansègnman-an yo té transmèt nou-an. Nou libéré sot nan péché-a, nou vi-n tounin ésklav jistis la.

M-ap palé langaj lézòm poutèt féblès chè nou. Minm jan nou té ofri manb nou yo nan sèvis sa ki pa pròp, ki pa kòrèk la, pou mal la, konsa tou koulié-a, ofri manb nou yo nan sèvis jistis la pou nou vi-n sin.

Lè nou té nan sèvis péché-a, nou té lib parapò a jistis la. Épi ki rézilta nou té jouinn lè sa-a, nan bagay yo k-ap fè nou ront la ? Sèké finisman bagay sa yo, sé lanmò-a.

Koulié-a minm nou libéré parapò a péché-a, nou vi-n tounin sèvitè Bondié, nou gin frui nou nan sa-k fè nou vi-n sin-an, finisman-an sé lavi tout tan-an. Épi travay péché-a sé lanmò ; gras Bondié-a minm, sé lavi tout tan-an nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Paròl Granmèt la.



## 5

*Ala malè pou moun sa-a mouin minm minm nan !  
Kilès k-ap libéré-m ? Granmési Bondié pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.*

**Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

7, 14-25

Frè-m yo :

Nou konnin réyèlman laloua-a spirituèl ; mouin minm minm m-ap viv dapré chè-a. Yo vann mouin bay péché-a. Sa m-ap fè-a réyèlman mouin pa konprann li ; sé pa sa-m vlé-a réyèlman mouin fè, min sé sa-m rayi-a, sé li minm mouin fè. Si sé sa-m pa vlé-a, sé li minm mouin fè, mouin dakò laloua-a bon. Koulié-a minm sé pa mouin minm k-ap fè-l, min sé péché-a ki abité nan mouin-an.

Mouin konnin byin-an pa abité nan mouin, sa vlé di nan chè-m ; sèkè vlé-a toupré-m, akonpli byin-an minm, mouin pa jouinn li. Réyèlman sé pa byin mouin vlé-a mouin fè, okontrè sé mal mouin pa vlé-a sé li minm mouin fè. Si sé sa-m pa vlé-a, sé li minm mouin fè, sé pa mouin minm k-ap fè-l, min sé péché-a ki abité nan mouin-an.

Konsa mouin jouinn laloua sa-a nan mouin minm : lè-m vlé fè sa-k byin-an, sé mal la ki toupré-m ; mouin jouinn plézi-m nan laloua Bondié-a, dapré moun nou yé sou pa anndan-an, min mouin ouè yon lòt laloua nan manb mouin yo, ki pa dakò ak laloua éspri-m nan, épi ki fè-m prizonié nan laloua péché-a ki nan manb mouin yo.

Ala malè pou moun sa-a mouin minm minm ! Kilès k-ap libéré-m anba kò lanmò sa-a ? Granmési Bondié pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an. Konsa mouin minm minm ak éspri m-ap sèvi laloua Bondié-a, min ak chè-a minm sé laloua péché-a.

Paròl Granmèt la.

## 6

*Kilès ki pou libéré-m anba kò lanmò sa-a ?*

**Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

7, 18-25

Frè-m yo :

Mouin konnin byin-an pa abité nan mouin, sa vlé di nan chè-m ; sèkè vlé-a tou pré-m, akonpli byin-an minm, mouin pa jouinn li. Réyèlman sé pa byin mouin vlé-a mouin fè, okontrè sé mal mouin pa vlé-a sé li minm mouin fè. Si sé sa-m pa vlé-a, sé li minm mouin fè, sé pa mouin minm k-ap fè-l, min sé péché-a ki abité nan mouin-an.

Konsa mouin jouinn laloua sa-a nan mouin minm : lè-m vlé fè sa-k byin-an, sé mal la ki tou pré-m ; mouin jouinn plézi-m nan laloua Bondié-a, dapré moun nou yé sou pa anndan-an, min mouin ouè yon lòt laloua nan manb mouin yo, ki pa dakò ak laloua éspri-m nan, épi ki fè-m prizonié nan laloua péché-a ki nan manb mouin yo.

Ala yon moun ki pa nan kontantman, mouin minm sa-a ! Kilès ki pou libéré-m anba kò lanmò sa-a ? Konpliman pou Bondié pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Paròl Granmèt la.

7

*Kréasion-an ap tann révélation pitit Bondié yo.*

**Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

**8, 19-23**

Frè-m yo :

Réyèlman kréasion-an ap tann révélation pitit Bondié yo. Kréasion-an té blij obéyi sa-k pa anyin-an, san-l pa vlé, min poutèt sa-a ki té rabésé-l konsa-a. Min li gin éspérans. Sèké kréasion-an li minm tou ap libéré sot anba ésklavaj dékonpozision-an pou-l antré nan libète bèlté pitit Bondié yo.

Nou konnin réyèlman tout créatu ap jémi épi ap anfanté jous koulié-a. Sé pa sèlman yo minm, min nou minm tou ki gin prémié kado Éspri-a, n-ap plinn anndan kè nou, antan n-ap tann dènié gloua pitit adoptif Bondié yo ak rédanmsion kò-nou.

Paròl Granmèt la.

8

*Transfomé nou antan nou rénouvle éspri-a.*

**Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

**12, 1-2. 9-19**

Mouin mandé nou avèk anpil pèsistans, frè-m yo, pa pouvoua mizérikind Bondié-a, pou nou ofri kò nou tankou sakrifis ki vivan, ki sin, ki fè Bondié plézi, dévoua nou ki rézonab. Pa pran modèl sou sièk sa-a, min sé pou nou rékòmansé fòmé mantalité nou nan sa ki nouvo, pou nou chèché konnin byin ki sa ki volonté Bondié, ki bon, ki fè-l plézi, ki kòrèk nèt.

Rinmin-an pa nan fè sanblan, sé pou nou rayi sa-k mal, sé pou nou kolé kò nou sou sa-k bon, sé pou nou youn rinmin lòt tankou frè, sé pou nou youn bay lòt konsidération, sé pou nou gin dévouman san nou pa fè régadan, sé pou nou cho nan Éspri-a, antan n-ap rann sèvis pou Granmèt la, sé pou nou kontan nan éspérans la, sé pou nou gin pasians nan tribilasyon-an, sé pou nou pèsévéré nan priyè-a, sé pou nou patisipé nan bézouin sin yo, sé pou nou résévoua étranjé.

Sé pou nou béni moun k-ap pèsékité nou yo : sé pou nou béni yo, sé pa pou nou ba yo madichon.

Sé pou nou kontan avèk moun ki kontan yo, sé pou kriyé avèk moun k-ap kriyé yo, sé pou nou gin yon sèl kè antré nou, pa chèché bagay ki ro, min sé nan bagay ki ba pou nou mété kè nou ansanm.

Pa réglé konpòtman nou sou pròp lidé nou ; pa rimmèt mal pou mal, chèché sa ki byin pa sèlman dévan Bondié min dévan tout moun tou. Si gin possibilité, fè sa nou kapab pou nou gin lapè avèk tout moun. Pa tiré vanjans pou pròp tèt pa nou, nou minm mouin rinmin anpil yo, min kité plas kòlè-a, yo ékri réyèlman : « Pou mouin vanjans la, sé mouin minm k-ap bay sa yo mérité », sé sa Granmèt la di.

Paròl Granmèt la.

9

*Sé pou nou kité aksion fènoua yo,  
épi sé pou nou abiyé avèk zam limiè yo.*

### Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

13, 8-14

Frè-m yo :

Nou pa doué gin okinn dèt pou pèsonn, sof pou nou youn rinmin lòt ; sèké moun ki rinmin prochin-l, li réalizé laloua-a. Réyèlman « pa fè adiltè, pa touyé, pa vòlè, pa fè fo-témouagnaj, pa fè anbision », épi ninpòt ki lòt kòmandman ankò, sé nan paròl sa-a li jouinn fondman-l : « Sé pou-ou rinmin prochin-ou tankou ou minm ».

Rinmin prochin-an pa fè sa-k mal. Akonplisman laloua-a konsa sé rinmin-an.

Antan nou konnin tan-an, sèké li déjà lè pou nou lévé sot nan dòmi-a ; koulié-a réyèlman, sové nou gin pou nou sové-a pi pré pasé lè nou té koué-a.

Lannuit la pati, jou-a minm ap proché. Konsa sé pou nou kité aksion fènoua yo, épi sé pou nou abiyé avèk zam limiè yo. Tankou nan lajounin, sé yon fason onèt pou nou maché, non pa nan manjé anpil ak bouason cho, non pa nan mové plézi ak libètinaj, non pa nan kont avèk jalouzi, min sé pou nou abiyé nou avèk Granmèt Jézu-Kri konsa souin chè-a nou pap fè-l nan mové atirans yo.

Paròl Granmèt la.

10

*Lavi pèp la avèk Moyiz nan dézè-a,  
sé pou édikasyon nou yo té ékri li.*

### Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

10, 1-13

Mouin pa vlé nou pa konn sa, frè-m yo, sèké zansèt nou yo, yo tout té anba niaj la, yo tout té travèsé lanmè-a, yo tout té batizé nan Moyiz nan niaj la ak nan lanmè-a, yo tout té manjé minm manjé éspri-a, yo tout té bouè minm bouason éspri-a (sèké yo t-ap bouè nan ròch éspri-a ki t-ap suiv yo-a ; ròch sa-a sé té Jézu-Kri). Min sé pa pi fò nan yo ki té fè Bondié plézi, paské yo té tonbé nan dézè-a.

Bagay sa yo minm, sé nan pòtré yo rivé pou nou, pou nou pa mét lidé nou sou sa-k mal, tankou yo minm yo té mét lidé yo sou sa-a.

Pa vi-n tounin moun ki adoré zidòl yo, jan kèk nan yo ; jan sa ékri-a : « Pèp la chita pou manjé épi pou bouè, épi yo lévé pou joué ». Pa fè fònikasion tankou kèk nan yo té fè fònikasion nan yon sèl jou gi vinn sink mil ki tonbé. Pa tanté Kris la, tankou kèk nan yo té tanté-l épi yo péri ak sèpan yo. Pa bougonnin, tankou kèkzin nan yo té bougonnin, Sa-a k-ap touyé-a té fè yo péri.

Tout bagay sa yo minm sé nan pòtré yo té touché yo ; min yo ékri yo pou édikasion nou, nou minm ki rivé nan finisman sièk tan yo. Sé pousa moun ki konprann li kanpé, sé pou-l fè atansion pou-l pa tonbé. Tantasion-an pa sézi nou sof sa moun kapab poté ; Bondié minm fidèl, li minm ki pa kité yo tanté nou anlè sa nou kapab poté, min l-ap fè avèk tantasion-an minm, nou jouinn mouyain soti, pou nou kapab sipôté.

Paròl Granmèt la.

## 11

*Sé Bondié ki té nan Kris la ap rékonsilié tè-a avèk li .*

### **Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo**

**5, 17-21**

Frè-m yo :

Si gin yon nouvo kréatu nan Kris la, ansyin yo disparèt : min tout bagay vi-n fèt tou nèf.

Tout bagay vi-n sot nan Bondié, li minm ki rékonsilié nou pa lintèmédiè Kris la, li ba nou sèvis rékonsiliation-an. Sèk sé Bondié ki té nan Kris la, l-ap rékonsilié tè-a avèk li, li pa gadé fot moun yo té fè, li mété paròl rékonsiliation-an nan bouch nou. Poutèt Kris la nou sèvi komisionè, sé tankou sé Bondié k-ap bay ankourajman pa lintèmédiè nou-minm. N-ap pèsisté koté nou nan non Kris la : kité yo rékonsilié nou avèk Bondié. Li-minm ki pa-t konnin péché-a, li fè-l vi-n tounin péché pou nou, pou nou té kapab vi-n tounin jistis Bondié nan li.

Paròl Granmèt la.

## 12

*Sa yo ki moun Kris Jézu-a, yo klouré chè-a sou koua-a avèk vis yo épi mové atirans yo.*

### **Léktu lèt apot sin Pòl pou Galat yo**

**5, 16-24**

Frè-m yo :

Maché nan Éspri-a, konsa nou pap réalizé sa chè-a anvi-a. Sèké chè-a gin anvi ki drésé kont éspri-a, éspri-a tou kont chè-a ; youn ap batay kont lòt, si byin sé pa sa nou vlé nou fè.

Si sé Éspri-a k-ap kondui nou, nou pa anba laloua-a.

Aktivité chè-a, yo manifesté, sé fònikasion, bagay ki pa pròp, mové konduit, banbòch, sèvis ziddòl, maji, rayisans, diskision, jalouzi, kòlè, batay, kont, divizion, anvi, krim, bouéson, résépsion-lisans, ak bagay konsa. Mouin di nou sa davans, jan-m té déjà di nou li : moun k-ap aji konsa yo, yo pap jouinn péyi-roua Bondié-a.

Min frui Éspri-a minm sé charité, kè kontan, lapè, pasians, bon jan, bon kè, padon, dousè, lafoua, sinplisité, kontrolé mové tandans, réglé plézi kò-a. Kont kalité bagay sa yo pa gin laloua. Moun ki disip Kris la, yo klouré chè yo sou koua-a avèk vis yo épi vié anvi yo.

Paròl Grammèt la.

13

*Li té déstiné nou davans pou nou vi-n tounin pitit adoptif.*

### **Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo**

1, 3-7

Konpliman pou Bondié Grammèt nou Jézu Kri, li minm ki béni nou ak tout kalité bénédikcion spirituèl nan sièl la nan Jézu Kri. Jan li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt la, pou nou sin, san répròch dévan-l nan rinmin-an. Li té déstiné nou davans pou nou vi-n tounin pitit adoptif pou li gras a Jézu-Kri, dapré désizion volonté-l, pou louanj gloua gras li-a, sa-l fè nou jouinn gras nan li-a nan Pitit li-a li rinmin-an.

Nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, padon péché dapré richès gras li-a.

Paròl Grammèt la.

14

*Bondié, poutèt charité-l k-ap débòdé-a, malgré nou té mouri ak péché yo, li té ba nou lavi nan Kris la .*

### **Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo**

2, 1-10

Frè-m yo :

Nou té mouri poutèt fot ak péché nou yo. Sé nan yo nou té konn maché lontan dapré mòd lavi sa-a, dapré chèf pouvoua lè sa-a, ki éspri k-ap travay koulié-a nan pitit rébèl yo ; sé nan yo nou minm tou, nou tout lontan, nou té konn kondui tèt nou-an, nan lanvi chè nou-an, antan n-ap fè sa chè-a avèk vié lidé yo mandé-a, épi nou té vi-n tounin pitit kòlè tankou lòt yo dapré kondision lavi nou.

Malgré sa, Bondié minm, ki rich nan mizérikòd, poutèt gran charité-l la li rinmin nou-an, malgré nou té mouri akoz péché yo, li fè nou viv nan Kris la ; li minm pa pouvoua gras li nou sovè-a, épi nou résisité avèk li-a épi li fè nou chita avèk Kris Jézu nan sièl yo ; li té vlé konsa montré nan sièk ki t-ap vini yo richès gras li nan jan-l bon pou nou nan Kris Jézu.

Sé pa lintèmédiè gras la nou sovè poutèt lafoua-a, épi bagay sa-a pa soti nan nou minm : sé yon kado Bondié ; sé pa nan aksion yo li sòti, pou pèsonn pa fè logèy.

Nou sé bagay li fè, li kréyé nou nan Kris Jézu pou bon aksion yo, sa Bondié té préparé yo, pou nou maché nan yo-a.

Paròl Granmèt la.

15

*Rénouvle nou antan nou transfòmé jijman nou dapré éspri-a,  
épi abiyé ak moun nouvo-a.*

### **Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo**

**4, 1-3. 17-32**

Frè-m yo :

Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la, pou nou maché korèk dapré diréksion voua ki rélé nou-an, antan nou rété nan pòv ti kondision moun nou-an, antan nou tou dou, antan nou pran pasians pou nou youn sipoté lòt nan charité-a ; fè èfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a.

Mouin di nou, mouin sètifié nou sa nan Granmèt la, pou nou pa maché ankò tankou moun yo ap maché nan jijman yo ki vid la. Yo gin intèlijans la ki nan fènoua, yo vi-n étranjé parapò a lavi Bondié-a poutèt ignorans ki nan yo-a poutèt kè yo vi-n avèg-la, antan yo fè pròp tèt yo vi-n insansib, yo lagé kò yo nan libètinaj nan fè tout kalité sa-k pa pròp nan rinmin lajan.

Nou minm sé pa konsa nou té aprann Kris la, si omouin nou té tandé-l épi nou té résévoua ansègnman nan li, dapré vérité ki nan Jézu-a. Sé pou nou kité moun ansyin-an ki t-ap aji dapré konduit lontan-an, moun ansyin sa-a gaté antan l-ap suiv anvi k-ap troupé moun. Min sé pou nou vi-n tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay, sé pou nou abiyé nou ak moun nouvo-a, ki kréyé sèlon Bondié nan jistis la ak vérité-a ki sin-an.

Poutèt sa, antan nou dépozé manti-a, sé pou nou palé vérité-a youn bay lòt avèk prochin-l, paské nou youn sé manb lòt. Fè kòlè min pa fè péché ; pa kité solèy la kouché sou kòlè nou, épi pa bay Diab la koté. Sa-k t-ap vòlè yo, se pa pou yo vòlè ankò, okontrè sé pou yo travay antan y-ap fè byin avèk min yo, pou yo jouinn sa pou yo bay moun k-ap souffri bézouin. Okinn paròl mové pa doué soti nan bouch nou, min sé yon bon paròl ki kapab konstoui alokasion, pou-l bay moun k-ap kouté yo lagras.

Pa kontrarié Éspri Sin Bondié-a, sé nan li yo té maké nou pou jou rédanmsion-an. Tout mové jan, kòlè, kontrariété, rèl, madichon ouété sa sot koté nou ak tout méchansté.

Okontrè sé pou nou bon youn pou lòt, pou nou gin mizérikòd, pou youn padonnin lòt, tankou Bondié té padonnin nou nan Kris la.

Paròl Granmèt la.

16

*Rénouvlé éspri kè nou.***Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo****4, 23-32**

Frè-m yo :

Rénouvlé éspri kè nou épi abiyé nou ak moun nouvo-a ki té kréyé dapré Bondié-a nan jistis la ak sinteté vérité-a.

Poutèt sa, antan nou dépozé mansanj la, sé pou nou palé vérité-a chak moun avèk prochin-l paské nou youn sé manb lòt. Nou mèt fè kòlè min pa fè péché ; solèy la pa doué kouché sou kòlè nou, pa bay diab la priz.

Sa-k té konn ap vòlè, sé pa pou-l vòlè ankò, pito-l travay antan-l fè sa-k bon ak min-l pou-l gin dékoua bay moun k-ap souffri nan nésésité.

Okinn mové paròl pa doué soti nan bouch nou, min pito bon paròl pou konstoui si sé nésésè pou-l bay moun k-ap kouté yo gras. Pa kontristé Éspri-Sin Bondié-a, li minm yo té signin nou nan li-a nan jou rédanmsion-an.

Tout bagay anmè ak kòlè ak mové san ak rèl ak blasfèm, sé pou yo ouété-l sot nan nou avèk tout méchansté. Sé pou okontrè nou youn gin bon jan pou lòt, mizérikòd, antan nou youn padonnin lòt, tankou Bondié té padonnin nou nan Kris la.

Paròl Granmèt la.

17

*Lontan nou té fènoua, koulié-a minm nou sé limiè nan Granmèt la :  
sé pou nou maché kòm pitit limiè.*

**Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo****5, 1-14**

Frè-m yo :

Sé pou nou pran modèl konsa sou Bondié, tankou pitit li rinmin anpil, maché nan rinmin-an, jan Kris la té rinmin nou-an épi li té rinmèt tèt li pou nou kòm ofrann ak sakrifis total bay Bondié nan lodè ki fè plézi.

Kanta fònikasion ak tout kalité bagay sal oubyin rinmin lajan, yo pa doué nonmin non yo minm nan pami nou, jan sa doué fèt pou sin yo, ni paròl grosié, palé anpil ki pa gin sans, mové plézantri ki pa konv nab, min pito sé aksion-gras.

Sé pou nou konn sa réyèlman antan nou konprann tout moun k-ap fè fònikasion oubyin sa ki pa pròp oubyin ki rinmin lajan, sa-a sé adoré zidòl, li pap gin éritaj nan péyi roua Kris ak Bondié-a. Pa kité pèsonn troupé nou avèk paròl vid ; poutèt bagay sa yo réyèlman kòlè Bondié-a rivé sou pitit mank lafoua yo. Pa patisipé ansanm avèk yo konsa.

Lontan nou té fènoua, koulié-a minm nou sé limiè nan Granmèt la : sé pou nou maché kòm pitit limiè. Frui limiè-a li nan tout bon kè, jistis ak vérité ; sé pou nou chèché fè sa-k fè Bondié plézi. Pa patisipé nan aksion fènoua yo ki pa donnin frui yo, okontrè sé pou nou réproché yo. Sèké sa y-ap fè an kachèt yo, yo ront minm di yo. Min lè yo dénonse tout bagay sa yo, sé nan limiè yo parèt klè, sèké tou sa-k parèt klè sé limiè li yé.

Sé pou sa li di : « Lévé, ou minm k-ap dòmi, lévé sot nan pami mò yo, Kris la ap kléré-ou ».

Paròl Granmèt la.

18

*Résévoua tout zam Bondié yo,  
pou nou kapab rézisté nan jou malè-a.*

### **Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo**

**6, 10-18**

Pou rès la, frè-m yo, pran kouraj nan Granmèt la ak nan pouvoua fòs li-a. Abiyé nou ak zam Bondié yo, pou nou kapab kanpé kont pièj djab yo. Sèké sé pa kont chè ak san n-ap batay, min sé kont chèf yo ak pouvoua yo, kont sa yo k-ap dirijé tè fènoua sa yo, kont mové éspri yo ki anlè-a.

Sé poutèt sa, sé pou nou pran zam Bondié yo, pou nou kapab rézisté jou malè-a, épi pou nou kapab rét kanpé yon fason kòrèk nèt nan tout bagay. Konsa sé pou nou rét kanpé avèk rin nou maré nan vérité-a, antan nou abiyé ak zam-protèj jistis la, antan sandal ki nan pié nou sé paré nou tou paré pou-n anonsé Bòn Nouvèl lapè-a ; nan tout okazion sé pou nou pran boukliyé lafoua-a, sé nan li nou kapab étinn tout flèch tou limin méchan-an ap voyé-a.

Pran kask k-ap sové nou-an, avèk épé éspri-a, ki paròl Bondié-a. Avèk tout kalité priyé ak démann, sé pou nou rét ap priyé tout tan nan Éspri-a ; sé pou nou rét ap véyé nan li antan nou pèsisté koté-l épi nou fè démann pou tout sin yo.

Paròl Granmèt la.

19

*Si nou résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo.  
Métrizé manb nou yo donk, yo minm ki sou tè-a .*

### **Léktu lèt apot sin Pòl pou Kolosyin yo**

**3, 1-10. 12-17**

Frè-m yo :

Si nou résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a : sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa-k sou tè-a. Nou mouri réyéman, lavi nou kaché avèk Kris la nan Bondié. Lè Kris la, lavi nou-an, ap parèt, lè sa-a, nou minm tou n-ap parèt avèk li nan gloua-a.



Konsa, mété lanmò nan manb nou yo ki sou tè-a : fònikasyon, bagay ki pa pròp, mové tandans, mové lidé, avèk rinmin lajan, ki sèvis zidòl. Bagay sa yo k-ap provoké kòlè Bondié sou moun ki pa gin lafoua yo, nou minm tou nou té konn maché nan yo lontan, lè nou t-ap viv nan yo ; koulié-a minm sé pou nou kité tout bagay, kòlè, mové san, méchansté, madichon, gro mo, ouété tou sa sot nan bouch nou. Sé pa pou youn bay lòt manti, ouété moun ansyin-an avèk aksion-l yo sot sou nou, abiyé nou ak moun nouvo-a, k-ap réfèt tou nèf nan konésans la dapré pòtré sa-a ki kréyé-l.

Abiyé nou, tankou moun Bondié chouazi, ki sin, tankou moun li rinmin, abiyé nou ak zantray kè sansib, ak bon kè, rabésé tèt nou, fè kò nou tou dou, pran pasians, sipòté nou youn lòt, sé pou youn padonnin lòt, si youn gin kichòy kont lòt : jan Granmèt la padonnin nou, konsa nou minm tou.

Anlè tout bagay sa yo, sé pou nou gin charité, li minm ki kòd ki maré sa ki fi-n kòrèk nèt la ; sé pou lapè Kris la fété nan kè nou, sé nan li yo rélé nou pou nou fè yon sèl kò ; sé pou nou rét ap di Bondié mèsì. Sé pou paròl Kris la abité nan nou jous li plin nou, antan youn ap bay lòt ansègnman antan youn ap réprann lòt nan tout kalité sajès, avèk psòm, imn avèk chanté spirituèl, antan n-ap chanté nan gras la pou Bondié nan kè nou.

Tou sa n-ap fè soua nan paròl, soua nan aksion, sé pou nou fè tout bagay o non Granmèt Jézu-Kri, antan n-ap di Bondié Papa-a mèsì pa lintémédiè-l.

Paròl Granmèt la.

20

*Nou pa ko rézisté jous nan san,  
antan n-ap batay kont péché-a.*

## Léktu lèt pou Ébré yo,

12, 1-5

Frè-m yo :

Nou minm ki vlopé ak yon pakèt foul moun k-ap sèvi Jézu témouin, sé pou nou lagé tout chaj ak péché k-ap antravé nou, pou nou kouri avèk pasians nan batay la ki paré pou nou-an, antan n-ap gadé Jézu ki sous lafoua nou-an é ki fè-l vi-n kòrèk nèt. Yo té prezanté kè kontan dévan-l, min li té sipòté lakoua-a, li té méprizé ront sa-a, li chita adouat Bondié.

Sonjé sa-a ki té sipòté kontrariété péchè yo té drésé kont li-a, pou nou pa kité féblès pran nanm nou. Nou poko rézisté jous nan san, antan n-ap batay kont péché-a. Nou bliyé konsolasyon-an mouin té palé avèk nou-an tankou papa-a palé pitit li, lè-m té di : « Pitit mouin, pa néglijé koréksion Granmèt la, pa dékourajé paské l-ap réprann ou ».

Paròl Granmèt la.

## 21

*Sé pou nou akonpli paròl la,  
sé pa kouté sèlman pou nou kouté-l.*

**Léktu lèt apot sin Jak**

1, 22-27

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Sé pou nou akonpli paròl la, sé pa kouté pou nou kouté-l sèlman, antan n-ap tronpé tèt nou, paské, si yon moun ap kouté paròl la épi li pa fè sa-l mandé-a, moun sa-a sanblé ak yon moun ki fi-n gadé figi-l ginyin dépi nésans li-a nan yon glas ; li égzaminé-l épi li pati, minm lè-a li bliyé kijan-l té yé. Min moun ki égzaminé nan laloua libèté-a ki kòrèk la, épi ki rété ladan-l, ki pa kouté pou-l bliyé, min ki fè aksion-an, moun sa-a ala kontantman pou li nan aksion-l.

Si yon moun konprann li zanmi Bondié, san-l pa mét frin nan lang li, min antan l-ap tronpé kè-l, moun sa-a rélijjon-l nan pa sèvi anyin. Rélijjon ki nèt san tach kot Bondié ak Papa-a, min li : vizité òfèlin yo ak vèv yo nan tray yo, kinbé tèt ou nan tach parapò a sièk sa-a.

Paròl Granmèt la.

## 22

*Sa sa sèvi, frè-m yo, si yon moun di li gin lafoua,  
min travay yo li pa ginyin yo ?*

**Léktu lèt apot sin Jak**

2, 14-26

Sa sa sèvi, frè-m yo, si yon moun di li gin lafoua, épi travay yo li pa ginyin yo ? Èské lafoua-a kapab sové-l.

Si yon frè ak yon sé nu-kò, yo pa gin manjé chak jou, épi youn nan nou di yo : « Alé byin trankil, chofé kò nou, manjé vant plin » ; épi nou pa ba yo sa-k nésésè pou kò-a, sa sa ap sèvi ? Sé konsa pou lafoua-a, si-l pa gin travay yo, li mouri anndan pròp tèt li.

Min yon moun ap di : « Ou gin lafoua, mouin minm mouin gin travay yo ». Montré-m lafoua-ou la san travay yo, mouin minm m-ap montré-ou lafoua-m nan apati travay yo. Ou minm ou kouè gin yon sèl Bondié : ou fè byin ; démon yo tou yo kouè, épi y-ap tranblé. Ou vlé konnin, moun ki vid, kijan lafoua-a san travay yo li mouri ? Abraam, papa nou-an, èské sé pa apati travay yo li té vi-n kòrèk, antan-l ofri Izaak pitit li-a sou lotèl la ? Èské ou pa ouè kijan lafoua-a jouinn konkou travay li yo, épi sé apati travay yo lafoua-a fi-n rivé nan dènié dégré-l ? Labib la ajouté, li di : « Abraam kouè nan Bondié, yo konsidéré sa pou li kòm jistis », yo rélé-l zanmi Bondié.

Èské nou pa ouè kijan sé apati travay yo moun nan vi-n kòrèk, épi sé pa apati lafoua sèlman. Konsa tou pou Raab, madanm plézi-a, èské sé pa avèk travay lafoua yo li jouinn jistis antan-l résévoua éspion yo épi li fè yo soti

nan yon lòt chémin ? Minm jan kò-a san léspri-a li mouri, sé konsa tou lafoua-a san travay yo li mouri.

Paròl Granmèt la.

23

*Si yon moun pa dérèglé nan paròl, moun sa-a kòrèk nèl.*

### Léktu lèt apot sin Jak

3, 1-12

Sé pa pou vi-n yon pakèt mèt, frè-m yo, nou konnin n-ap gin yon jijman ki pi gran. Sèké sé nan anpil okazion n-ap tonbé.

Si yon moun pa fè fo-pa nan paròl, moun sa-a kòrèk nèl : li kapab kondui tout kò-a avèk yon brid. Si nou mèt brid nan bouch choual yo, pou yo obéyi nou, nou kondui tout kò yo, jan nou vlé. Gadé batiman yo, malgré yo gran, gro van ap ménasé yo, sé yon ti gouvènay ki kondui yo, koté volonté moun k-ap dirijé-a, vlé.

Konsa tou pou lang nan, sé yon ti manb tou piti sé vré, min li lévé anpil gro bagay. Gadé kantité difé k-ap boulé yon gran rak boua ! Lang nan sé yon difé, li gin tout kalité méchansté. Nan manb nou yo sé lang ki sal tout kò-a, ki mèt difé nan rou nésans nou, antan boukan-an chofé-l.

Tout kréatu bèt yo ak zouazo yo ak koulèv yo, yo kité moun nan donté yo, ni koulié-a ni anvan ; min lang nan minm, pèsòn nan moun yo pa kapab donté-l, sé yon mal ki san répo, ki plin pouazon lanmò. Nan li nou fè konpliman pou Bondié ak Papa-a, épi nan li tou nou madichonnin moun yo, ki fèt sou résanblans Bondié. Nan minm bouch la bénédiksion ak madichon soti. Sa pa doué fèt konsa, frè-m yo.

Èské nan yon sous ki soti nan yon minm trou yo fouyé kapab bay dlo dous ak dlo anmè ? Èské yon pié figié, frè-m yo, kapab fè oliv, oubyin yon pié rézin, fig ? Sali-n pa kapab fè dlo dous.

Paròl Granmèt la.

24

*Priyé lafoua-a ap sové malad la.*

### Léktu lèt apot sin Jak

5, 13-16

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Èské youn nan nou gin chagrin ? Sé pou-l priyé. Èské li gin kè kontan ? Sé pou-l chanté som.

Èské youn nan nou malad ? Sé pou-l rélé prèt yo nan Égliz la, pou yo priyé sou li, pou yo pasé luil sou li o non Granmèt la ; priyé lafoua-a ap sové malad la, Granmèt la ap soulajé-l, épi, si-l gin péché, l-ap padonnin-l.

Sé pou nou youn konfésé péché nou yo bay lòt, sé pou nou youn priyé pou lòt, pou nou sovè ; priyé moun ki kòrèk la fè avèk pèsévérans la, li gin anpil valè.

Paròl Granmèt la.

25

*Sé pa ak lajan oubyin lò k-ap gaté-a yo rachté nou,  
min ak san Kris ki gin anpil valè-a tankou san Mouton ki san tach la.*

### **Léktu prémié lèt apot sin Piè**

1, 13-23

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Sé pou nou maré rin éspri nou, sé pou nou véyé sou mové tandans nou, sé pou nou éspéré yon fason ki kòrèk nèt nan gras sa-a yo ofri nou-an osijè révélation Jézu-Kri-a ; tankou pitit ki obéyisan, ki pa pran modèl sou sa nou té konn anvè lontan-an lè nou pa-t gin konésans la, min dapré sa-a ki rélé nou-an, Sa-a ki Sin-an, sé pou nou minm tou nou vi-n sin nan tout konduit nou, paské min sa-k ékri : « Sé pou nou sin, paské mouin minm mouin sin ».

Si nou rélé sa-a Papa, li minm ki jijé dapré aksion chak moun nan san-l pa gadé sou figi moun, sé pou nou viv nan krint Bondié pandan tan nou abité sou tè-a, antan nou konnin sé pa avèk bagay k-ap gaté, lò oubyin lajan, nou rachté sot nan konduit papa nou yo té transmèt nou-an, ki pa vo anyin-an, min sé ak san ki gin anpil valè-a, tankou san Mouton ki san tach la Kris la, san sa-a ki pa sal la, li minm Bondié té prévoua dépi anvan tè-a fèt la, min li montré-l nan dènié tan yo poutèt nou, nou minm ki fidèl nan Bondié, Bondié minm ki résisité-l sot nan pami mò yo, ki ba-l gloua, pou lafoua nou ak éspérans nou kapab nan Bondié.

Fè nanm nou vi-n pròp nèt antan nou obéyi charité-a, nou rinmin tankou frè, nou youn rinmin lòt avèk kè sinp, avèk plis atansyon ; nou minm ki pa réfèt ak yon sémans k-ap gaté, min ak yon sémans ki pap gaté, gras a paròl Bondié ki vivan-an, k-ap diré tout tan-an.

Paròl Granmèt la.

26

*Nou viré vi-n jouinn gadyin nanm nou yo.*

### **Léktu prémié lèt apot sin Piè**

2, 20 b-25

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Si nou fè sa-k byin, épi n-ap sipôté avèk pasians, sé yon gras sa yé kot Bondié. Sèkè sé nan sa yo té rélé nou, paské Kris la tou té soufri pou nou, antan li kité yon modèl pou nou, pou nou suiv tras li yo.

Li minm ki pa-t fè péché, yo pa-t jouinn riz nan bouch li ; li minm, malgré yo té ba-l madichon, li pa-t bay madichon ; malgré li té soufri, li pa-t fè ménas, okontrè li té rinmèt tèt li bay moun ki t-ap jijé-l avèk injistis ; li

minm ki poté péché nou yo nan kò-l sou boua-a, pou nou kapab mouri parapò a péché yo pou nou viv parapò a jistis la : li minm ki géri nou avèk blès li yo.

Sèké nou té pèdi rout tankou mouton, min nou tounin vi-n jouinn gadyin ak réponsab nanm nou yo koulié-a.

Paròl Granmèt la.

27

*Fè plis èfò pou réalizé vokasion nou avèk choua nou-an yon fason solid.*

### **Kòmansman dézièm lèt apot sin Piè**

**1, 3-11**

Nou minm nou rinmin anpil la :

Kijan tout bagay ki konsèné puisans Bondié-l la, sa yo ba nou pou lavi-a ak bon kè-a, pa lintèmédiè konésans li-a, li minm ki té rélé nou ak pròp glou-a ak puisans la, li minm pa lintèmédiè-l yo té ba nou promès yo ki pi gran yo épi ki gin anpil valè yo, pou pa lintèmédiè bagay sa yo nou vi-n tounin moun ki posédé natu Bondié-a, antan n-ap évité mové anvi ki sou tè-a k-ap gaté nou-an.

Kanta nou minm antan nou mété tout souin sou pa anba, sèvi fòs la nan lafoua nou, nan fòs la minm sians la, nan sians la minm tanpérans la, nan tanpérans la minm pasians la, nan pasians la minm bon kè-a, nan bon kè-a minm amou fratènèl la, nan amou fratènèl la minm charité-a.

Bagay sa yo réyèlman, si yo pou nou épi yo anpil, yo pap kité nou vid ni san frui nan konésans Granmèt nou Jézu-Kri : moun ki pa posédé bagay sa yo, li avèg, li pa kapab égzaminé anyin byin louin, li bliyé li té résévoua nètouayaj péché lontan-l yo. Sé poua, frè-m yo, sé pou nou gin plis dévouman pou nou fè vokasion nou-an ak chouazi yo chouazi nou, sa vi-n solid. Antan n-ap fè sa réyèlman, nou pap gin okazion bité ; sé konsa réyèlman n-ap fè nou antré pi byin nan péyi-roua tout tan Granmèt nou ak sovè nou Jézu-Kri-a.

Paròl Granmèt la.

28

*San Jézu-Kri pròpté nou anba tout péché.*

### **Léktu prémié lèt apot sin Jan**

**1, 5-9**

Nou minm nou rinmin anpil la :

Min mésaj la, sa nou té tandé sot nan Jézu-Kri-a épi sa nou té anonsé nou-an, sèké Bondié sé limiè, pa gin okinn ténèb nan li. Si nou di nou nan kominion avèk li, épi n-ap maché nan ténèb, nou fè manti épi nou pa fè vérité ; min si n-ap maché nan limiè, minm jan li minm li nan limiè-a, nou

nan kominion youn ak lòt, épi san Jézu-Kri, Pitit li-a, pròpté nou anba tout péché. Si nou di nou pa gin péché, nou pran pròp tèt pa nou nan pièj, épi vérité-a pa nan nou.

Si nou konfésé péché nou yo, li fidèl épi li kòrèk, pou-l padonnin nou péché nou yo épi pou-l nètouayé nou sot nan tout fot.

Paròl Granmèt la.

29

*Si nou konfésé péché nou yo, li fidèl épi li kòrèk, pou-l padonnin nou péché nou yo épi pou-l pròpté nou anba tout sa-k pa kòrèk.*

### Léktu prémié lèt apot sin Jan

1, 5-10 ; 2, 1-2

Nou minm nou rinmin anpil la :

Min mésaj la, sa nou té tandé sot nan Jézu-Kri-a épi sa nou té anonsé nou-an, sèké Bondié sé limiè, pa gin okinn ténèb nan li. Si nou di nou nan kominion avèk li, épi n-ap maché nan ténèb, nou fè manti épi nou pa fè vérité ; min si n-ap maché nan limiè, minm jan li minm li nan limiè-a, nou nan kominion youn ak lòt, épi san Jézu-Kri, Pitit li-a, pròpté nou anba tout péché. Si nou di nou pa gin péché, nou pran pròp tèt pa nou nan pièj, épi vérité-a pa nan nou.

Si nou konfésé péché nou yo, li fidèl épi li kòrèk, pou-l padonnin nou péché nou yo épi pou-l nètouayé nou sot nan tout fot. Si nou di nou pa fè péché, nou fè-l tounin mantè, épi paròl li-a pa nan nou.

Ti pitit mouin yo, mouin ékri nou bagay sa yo pou nou pa fè péché ; min si yon moun fè péché, nou gin yon avoka bò kot Papa-a, Jézu-Kri ki kòrèk la, li minm minm li sé padon pou péché nou yo ; pa pou pa nou yo sèlman, min tou pou pa tout tè-a.

Paròl Granmèt la.

30

*Moun ki rayi frè-l, li nan fènoua.*

### Léktu prémié lèt apot sin Jan

2, 3-11

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Min kijan nou konnin nou rékonèt Jézu, sé si nou obsèvé kòmandman-l yo. Moun ki di li konnin-l épi li pa kinbé kòmandman-l yo, li sé mantè, vérité-a pa nan li. Min moun ki kinbé paròl li, charité Bondié-a kòrèk nèt nan li, sé konsa nou konnin nou nan li. Moun ki di li rété nan li, sé jan-l maché-a pou li minm tou li maché.

Nou minm mouin rinmin anpil la, sé pa yon kòmandman nouvo mouin ékri nou, min sé yon kòmandman ansyin, sa nou té ginyin dépi kòmansman-an : kòmandman ansyin-an sé paròl la nou té tandé-a. Mouin tounin di nou sa

ankò, sé yon kòmandman nouvo mouin ékri nou, li vré ni nan li ni nan nou, sèké fènoua yo pati, vré limiè-a déja ap kléré.

Moun ki di li nan limiè, épi ki rayi frè-l, li nan fènoua jous koulié-a. Moun ki rinmin frè-l li rété nan limiè, pa gin baryè nan li. Min moun ki rayi frè-l, li nan fènoua, l-ap maché nan fènoua, li pa konn koté l-apralé, paské fènoua yo fèmin jé-l.

Paròl Granmèt la.

31

*Nou minm nou konnin nou travèsé sot nan lanmò-a al nan lavi-a, paské nou rinmin frè yo.*

### Léktu premié lèt apot sin Jan

3, 1-24

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Gadé ki kalité rinmin Papa-a gin pou nou : yo rélé nou pitit Bondié, épi sé sa nou yé. Sé poussa tè-a pa rékonèt nou, paské li pa rékonèt li.

Nou minm mouin rinmin anpil la, koulié-a nou sé pitit Bondié, min sa n-ap yé-a pa ko parèt. Nou konnin, lè l-ap parèt, n-ap sanblé ak li, paské n-ap ouè-l jan-l yé-a.

Tout moun ki gin éspérans sa-a nan li, li vi-n sin, minm jan sa-a sin-an. Tout moun ki fè péché, li fè fot, paské péché-a sé fot. Nou konnin sa-a té parèt pou-l té ouété péché-a, épi pa gin péché nan li. Tout moun ki rété nan li, li pa fè péché, tout moun ki fè péché, li pa ouè-l ni li pa konnin-l.

Ti pitit mouin yo, pa kité pèsòn tronpé nou. Moun ki fè sa-k kòrèk, li kòrèk, minm jan sa-a kòrèk la. Moun ki fè péché, sé nan djab la li soti, paské dépi nan kòmansman djab la fè péché. Sé nan sa Pitit Bondié-a parèt, pou-l défèt travay djab la.

Tout moun ki fèt sot nan Bondié, li pa fè péché, paské sémans sa-a rété nan li ; li pa kapab fè péché, paské sé nan Bondié li soti. Sé nan sa yo ouè klè sa-k pitit Bondié yo ak sa-k pitit djab yo. Tout moun ki pa kòrèk, épi moun ki pa rinmin frè-l, li pa sot nan Bondié.

Min nouvèl la, nou té tandé dépi nan kòmansman-an, pou nou youn rinmin lòt. Sé pa tankou Kayin, ki té sot nan mové-a, ki té touyé frè-l la. Épi pouki sa li té touyé-l ? Paské aksion-l yo té mové, min aksion frè-l yo minm té kòrèk.

Pa sézi, frè-m yo, si tè-a rayi nou. Nou minm nou konnin nou travèsé sot nan lanmò al nan lavi-a, paské nou rinmin frè yo. Moun ki pa rinmin, li rété nan lanmò. Tout moun ki rayi frè-l, li sé kriminèl, nou konnin okinn kriminèl pa gin lavi tout tan-an ki rété nan li.

Sé nan sa nou konnin charité Bondié-a, sèké sa-a té bay lavi-l pou nou, nou minm tou nou doué bay lavi nou pou frè nou yo.

Moun ki gin byin tè sa-a, épi li ouè frè-l ki nan bézouin, malgré sa li fèmin zantray li dévan-l, kijan charité Bondié-a kapab rété nan li ?

Ti pitit mouin yo, pa rinmin ak paròl ni ak lang, min nan aksion ak vérité. Sé nan sa nou konnin sé nan vérité-a nou soti, épi dévan fas li nou asiré kè nou.

Sèké, si kè nou réproché nou, Bondié pi gran pasé kè nou, li konnin tout bagay.

Nou minm mouin rinmin anpil la, si kè nou pa fè nou répròch, nou gin asirans kot Bondié ; ninpòt sa nou mandé, n-ap résévoua-l nan min-l, paské nou kinbé kòmandman-l yo, épi nou fè sa-k fè-l plézi dévan-l.

Min kòmandman-l, sé pou nou kouè o non Pitit li-a Jézu-Kri, épi pou nou youn rinmin lòt, jan-l té pasé nou lòd la. Moun ki kinbé kòmandman-l yo, li rété nan li épi li minm tou li rété nan moun sa-a ; sé konsa nou konnin li rété nan nou, sé gras a Éspri-a li ba nou-an.

Paròl Granmèt la.

32

*Bondié sé rinmin, moun ki rété nan rinmin-an,  
li rété nan Bondié épi Bondié rété nan li.*

## **Léktu prémié lèt apot sin Jan**

**4, 16-21**

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Nou minm nou konnin, nou kouè nan rinmin-an Bondié ginyin pou nou-an. Bondié sé rinmin, moun ki rété nan rinmin-an, li rété nan Bondié, épi Bondié nan li.

Nan sa rinmin Bondié-a kòrèk nèt nan nou, pou nou gin konfians jou jijman-an ; sèké, jan-l yé li minm nan, sé konsa tou nou minm nou yé sou tè sa-a. Pa gin krint nan rinmin-an ; min rinmin ki fi-n kòrèk nèt la, li voyé krint la déyò, paské krint la gin pinision ; moun ki nan krint, li pa kòrèk nèt nan rinmin-an.

Nou rinmin Bondié, paské Bondié té rinmin nou an prémié. Si yon moun di : « Mouin rinmin Bondié », épi li rayi frè-l, li sé yon mantè. Sa-k pa rinmin frè-l la li ouè-a, Bondié li pa ouè-a, kijan li kapab rinmin-l ? Sa-a sé kòmandman-an nou té résévoua nan min Bondié-a : pou sa-k rinmin Bondié-a, li rinmin frè-l la tou.

Paròl Granmèt la.



33

*Fè pénitans, épi fè aksion lontan yo .***Léktu liv Apokalips apot sin Jan****2, 1-5**

Min sa-l di, sa-a ki kinbé sèt zétoual yo nan min douat li-a, li minm k-ap maché nan mitan sèt chandélié an lò yo : “Mouin konnin aksion-ou yo, ni travay ou, ni pasians ou, épi ou pa kapab sipòté méchan yo : sa yo ki di sé apot yo yé-a épi sé pa sa yo yé, épi ou té dékouvri sé manté yo yé ; ou gin pasians, ou sipòté poutèt non mouin, ou pa lagé.

Min mouin gin kichòy kont ou, sèkè ou té abandoné charité ou té ginyin anvan-an. Sonjé koté ou soti ou tonbé-a, épi fè pénitans, fè aksion lontan yo ; otréman, m-ap vini koté-ou, m-ap ouété supò-chandèl ou-a sot nan plas li-a, si-ou pa fè pénitans” ».

Paròl Granmèt la.

34

*Paské-ou tièd, ou pa ni cho ni frèt, m-ap kòmansé vomi-ou sot nan bouch mouin.***Léktu liv Apokalips apot sin Jan****3, 14-22**

Min sa-l di, Amèn nan, Témouin fidèl la, vré-a, li minm ki kòmansman tou sa Bondié kréyé-a : “Mouin konnin aksion-ou yo, ou pa ni frèt ni cho : pito-ou té frèt oubyin cho ! Min, paské-ou tièd la épi ou pa ni frèt ni cho-a, m-ap kòmansé vomi-ou sot nan bouch mouin.

Paské-ou di : “Mouin rich, mouin anrichi, mouin pa bézouin anyin”, épi ou pa konnin ou mizérab, ou maléré, ou pòv, ou avèg, ou nu-kò. Mouin konséyé-ou pou-ou achté nan min-m ni lò ki pròpté nan difé-a pou-ou kapab vi-n rich, ni rad blan pou-ou abiyé, pou laront nu-kò-ou la pa parèt, ni pomad pou-ou froté jé-ou pou-ou kapab ouè.

Mouin minm, moun mouin rinmin yo, mouin réprann yo, mouin korijé yo. Konsa fè èfò, fè pénitans.

Min mouin kanpé nan pòt la, m-ap frapé : si yon moun tandé voua-m, li louvri pòt la ban mouin, m-ap antré koté-l, m-ap soupé avèk li, li minm avèk mouin. Moun ki ranpòté viktoua-a, m-ap ba-l posibilité pou-l chita avèk mouin sou tro-n mouin-an, minm jan mouin minm mouin té ranpòté viktoua-a épi mouin chita avèk Papa-m sou tro-n li-a”.

Moun ki gin zòrèy, sé pou-l tandé sa Éspri-a di Égliz yo ».

Paròl Granmèt la.

35

*Yo jijé chak moun dapré aksion yo.***Léktu liv Apokalips apot sin Jan****20, 11-15**

Mouin minm Jan, mouin ouè yon tro-n ki gran tou blan, sa-a ki chita sou li-a tè-a ak sièl la sovè kò yo dévan fas li, yo pa jouinn plas pou yo.

Mouin ouè mò yo gran ak piti kanpé an fas tro-n nan ; liv yo louri, yon lòt liv louvri, sé liv lavi-a ; yo jijé mò yo apati bagay yo, ki té ékri nan liv yo, dapré aksion yo.

Lanmè-a rinmèt mò yo ki té ladan yo. Lanmò-a ak lanfè-a rinmèt mò pa yo ki té nan yo ; yo jijé chak moun dapré aksion yo.

Yo voyé lanfè-a ak lanmò-a nan étan difé-a. Sa-a sé dézièm lanmò-a. Sa yo pa jouinn ékri nan liv lavi-a yo voyé-l nan étan difé-a.

Paròl Granmèt la.

36

*Moun ki ranpòté viktoua-a, l-ap éritié bagay sa yo, m-ap Bondié-l, li minm minm l-ap pitit mouin.***Léktu liv Apokalips apot sin Jan****21, 1-8**

Mouin minm, Jan, mouin ouè yon sièl nouvo ak yon tè nouvo. Prémie sièl la ak prémie tè-a pati, lanmè-a minm pa gin sa ankò. Mouin minm Jan, mouin ouè vil ki sin-an, Jérusalem nouvo-a, k-ap désann sot nan sièl la kot Bondié-a, ki abiyé tankou yon madanm k-ap marié ki anbéli pou mari-l.

Mouin tandé yon gran voua ki sot nan tro-n nan, k-ap di : « Min tant Bondié-a avèk moun yo, l-ap abité avèk yo ; y-ap pèp li, li minm “Bondié avèk yo” l-ap Bondié yo. Bondié ap siyé tout dlo sot nan jé yo, pap gin lanmò, ni dèy, ni rèl, ni doulè ankò ; paské prémie bagay yo pati ».

Sa-a ki chita sou tro-n nan di : « Min mouin fè tout bagay nouvo ».

Épi li di-m : « Ékri, paské paròl sa yo, yo fidèl anpil, yo vré ».

Li di-m : « Li réalizé. Mouin sé alfa avèk oméga, kòmansman-an avèk finisman-an. Mouin minm sa-k souaf la, m-ap ba-l nan sous dlo lavi-a gratis. Sa k-ap ranpòté viktoua-a, l-ap posédé bagay sa yo. M-ap Bondié-l épi li minm l-ap pitit mouin ».

Paròl Granmèt la.

*Pap gin lanmò ankò.***Léktu liv Apokalips apot sin Jan****21, 1-12**

Mouin minm, Jan, mouin ouè yon sièl nouvo ak yon tè nouvo. Prémie sièl la ak prémie tè-a pati, lanmè-a minm pa gin sa ankò. Mouin minm Jan, mouin ouè vil ki sin-an, Jérusalèm nouvo-a, k-ap désann sot nan sièl la kot Bondié-a, ki abiyé tankou yon madanm k-ap marié ki anbéli pou mari-l.

Mouin tandé yon gran voua ki sot nan tro-n nan, k-ap di : « Min tant Bondié-a avèk moun yo, l-ap abité avèk yo ; y-ap pèp li, li minm “Bondié avèk yo” l-ap Bondié yo. Bondié ap siyé tout dlo sot nan jé yo, pap gin lanmò, ni dèy, ni rèl, ni doulè ankò ; paské prémie bagay yo pati ».

Sa-a ki té chita sou tro-n nan, li di : « Min mouin fè tout bagay nouvo ». Li di-m : « Ékri, paròl sa yo byin fidèl yo vré ». Li di-m : « Bagay yo fèt ! Mouin sé Alfa-a ak Oméga-a, kòmansman-an ak finisman-an. Moun ki souaf la, m-ap fè-l kado nan sous dlo lavi-a. Sa-a ki ranpòté viktoua-a, l-ap éritié bagay sa yo ; m-ap Bondié li ; li minm, l-ap pitit mouin, Min lach yo, infidèl yo, sa-k gin mové konduit yo, sa-k touyé moun yo, sa-k fè fònikasion yo, sa k-ap fè maji yo, sa k-ap adoré zidòl yo, tout moun k-ap bay manti yo, pòsion pa yo ap nan létan difé ak souf k-ap chofé anpil la, ki dézièm lanmò-a ».

Youn nan sèt anj yo ki gin sèt kalis plin ak sèt dènié chatiman yo, li rivé, li palé avek mouin antan-l di : « Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an ». Li soulvé-m nan éspri anlè yon mòn ki gran, ki ro, li montré-m vil sin-an Jérusalèm k-ap désann sot nan sièl la sot kot Bondié, ki gin klèté Bondié-a ; limiè-l tankou piè ki gin anpil pri-a, tankou piè jasp sou mòd kristal ; li té gin yon gran miray ki ro, ki té gin douz pèt, sou pèt yo douz anj, té gin non ki té ékri sou yo : douz tribu pitit Israèl-yo.

Paròl Granmèt la.

## ÉVANJIL YO

1

*Fè pénitans : Péyi-roua sièl yo ap proché.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié** 3, 1-12

Jou sa yo, Jan-Batis té rivé antan l-ap préché nan dézè Judé-a, épi l-ap di : « Fè pénitans, péyi-roua sièl yo ap proché vré ». Sa-a réyèlman, sé li minm yo té palé pa lintèmediè profèt Izayi ki t-ap di : « Voua moun-nan k-ap rélé nan dézè-a : Paré chémin Granmèt la, drésé santié-l yo douat ».

Jan sa-a minm li té gin rad ki té fèt ak poual chamo épi yon sintiron an po té pasé nan tay li, manjé-l minm sé té krikèt ak mièl maron.

Lè sa-a Jérusalèm té soti al jouinn li ni tout Juda ak tout réjion bò Joudin-an, épi yo t-ap résévoua batèm nan min-l nan Joudin-an antan y-ap konfésé péché yo. Min lè-l ouè anpil nan farizyin yo ak sadiséyin yo k-ap vi-n pou batèm li-an, li té di yo :

« Ras sèpan, kilès ki té montré nou pou nou sovè kò nou dévan kòlè-a k-ap rivé-a ? Manyè fè frui ki mérité pénitans la, épi pa kontanté pou n-ap di anndan kè nou : “Nou gin Abraam kòm papa nou”. Mouin di nou réyèlman Bondié gin pouvoua apati ròch sa yo pou-l lévé pitit bay Abraam. Rach la déjà pozé vré nan rasi-n pié boua yo : konsa tout pié boua ki pa fè bon frui, y-ap koupé-l, épi y-ap jété-l nan difé.

Mouin minm m-ap batizé nou nan dlo pou pénitans la sé vré ; min sa-a k-ap vi-n apré-m nan, li pi fò pasé-m, mouin pa mérité pou-m poté sapat li. Li minm minm l-ap batizé nou nan Éspri Sin-an ak difé ; layo-a nan min-l, épi l-apral nètouayé glasi-l la, épi l-ap ranmasé blé-l la nan dépo, kanta pay yo minm, l-ap boulé yo nan difé ki pa kapab étinn nan ».

Paròl Granmèt la.

2

*Fè pénitans : Péyi-roua sièl yo ap proché.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié** 4, 12-17

Lè sa-a :

Lè Jézu tandé yo té arété Jan, li pati kité Galilé-a ; li kité vil Nazarèt la, li vi-n abité Kafarnaòm bò lanmè-a, nan limit Zaboulon ak Néftali, pou paròl profèt Izayi-a té kapab réalizé :

« Tè Zaboulon, ak tè Néftali, rout lanmè-a lòt bò Joudin-an, Galilé nasion yo. Pèp ki té chita nan fènoua yo, li ouè yon gran limiè, sou moun ki té abité nan réjion lonbraj lanmè-a, yon limiè lévé pou yo ».

Apati lè sa-a, Jézu kòmansé préché, l-ap di : « Fè pénitans ; paské péyi-roua sièl yo tou pré ».

Paròl Granmèt la.

## 4

*Ala kontantman pou moun ki pòv yo nan éspri-a, paské sé pou yo péyi-roua sièl yo yé.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié**

**5, 1-10**

Lè sa-a :

Antan Jézu ouè foul yo, li té monté sou mòn nan ; kon-l chita, disip li yo té proché koté-l. Épi antan-l louvri bouch li, li t-ap anségné yo antan l-ap di :

« Ala kontantman pou moun ki pòv yo nan éspri-a, paské sé pou yo péyi-roua sièl yo yé.

Ala kontantman pou moun ki dou yo, paské sé yo minm k-ap posédé tè-a.

Ala kontantman pou moun k-ap kriyé yo, paské y-ap konsolé.

Ala kontantman pou moun ki grangou, ki souaf jistis la, paské y-ap jouinn kont yo.

Ala kontantman pou moun ki gin mizérikòd yo, paské y-ap jouinn mizérikòd.

Ala kontantman pou moun ki gin kè yo nèt yo, paské y-ap ouè Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap travay pou lapè-a, paské y-ap rélé yo pitit Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap soufri pèsékision poutèt jistis la, paské sé pou yo péyi-roua sièl yo yé ».

Paròl Granmèt la.

## 5

*Antan-l ouè foul yo, li té monté nan mòn nan, li t-ap anségné disip li yo.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié**

**5, 1-12**

Lè sa-a :

Antan Jézu ouè foul yo, li té monté sou mòn nan ; kon-l chita, disip li yo té proché koté-l. Épi antan-l louvri bouch li, li t-ap anségné yo antan l-ap di :

« Ala kontantman pou moun ki pòv yo nan éspri-a, paské sé pou yo péyi-roua sièl yo yé.

Ala kontantman pou moun ki dou yo, paské sé yo minm k-ap posédé tè-a.

Ala kontantman pou moun k-ap kriyé yo, paské y-ap konsolé.

Ala kontantman pou moun ki grangou, ki souaf jistis la, paské y-ap jouinn kont yo.

Ala kontantman pou moun ki gin mizérikòd yo, paské y-ap jouinn mizérikòd.

Ala kontantman pou moun ki gin kè yo nèt yo, paské y-ap ouè Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap travay pou lapè-a, paské y-ap rélé yo pitit Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap souffri pèsékision poutèt jistis la, paské sé pou yo péyi-roua sièl yo yé.

Ala kontantman pou nou, lè y-ap madichonnin nou, lè y-ap pèsékité nou, lè y-ap di tout kalité mal kont nou, antan y-ap fè manti, akoz mouin ; fè kè nou kontan, fété, paské rékonpans nou anpil nan sièl la. Amèn, sé konsa réyèlman yo té pèsékité profèt yo ki té la anvan nou yo ».

Paròl Granmèt la.

## 6

*Sé konsa limiè nou-an doué kléré dévan lèzòm.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

5, 13-16

Lè sa-a :

Jézu té di disip li yo : « Nou sé sèl tè-a. Si sèl la vi-n fad, ak ki sa y-ap salé-l ? Li pa vo anyin ankò, sof pou yo jété-l déyò, pou moun pilé-l.

Nou sé limiè tè-a. Yon vil ki pozé sou yon mòn pa kapab kaché. Yo pa limin yon lanp, pou yo mété-l anba mamit ; min sou yon étajè, pou-l kléré tout moun ki nan kay la. Sé konsa pou limiè nou kléré dévan moun yo, pou yo ouè bon aksion nou yo, pou yo fè louanj pou Papa nou ki nan sièl la ».

Paròl Granmèt la.

## 7

*Mouin minm minm mouin di nou.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

5, 17-47

Lè sa-a : Jézu di disip li yo :

« Pa konprann mouin vini pou-m défèt laloua-a oubyin Profèt yo : mouin pa vi-n défèt, min réalizé nèt. Amèn mouin di nou, joutan sièl la ak tè-a pasé, yon ti “i” oubyin yon ti trè pap pasé sot nan laloua-a, joutan tout bagay fèt.

Konsa moun k-ap défèt youn nan pi piti kòmandman sa yo épi k-ap aprann moun yo fè konsa, y-ap rélé-l pi piti nan péyi-roua sièl yo ; min moun k-ap fè, épi k-ap aprann, moun sa-a, y-ap rélé-l gran nan péyi-roua sièl yo.

Mouin di nou, si jistis nou pa dépasé pa skrib yo ak Farizyin yo, nou pap antré nan péyi-roua sièl yo.

Nou té tandé yo té di ansyin yo : “Pa touyé” ; moun ki touyé, li mérité jijman. Mouin minm mouin di nou : Tout moun ki fè kòlè kont frè-l, li mérité jijman. Moun ki di frè-l : “Tèt vid”, li mérité tribinal. Moun ki di : “Moun fou”, li mérité boukan difé-a. Konsa, si ou-ap ofri kado-ou dévan lotèl la, épi lè-ou rivé la, ou sonjé frè-ou gin kichòy kont ou, kité kado-ou la la minm dévan lotèl la, al rékonsilié avèk frè-ou la anvan ; apré sa ou-a vini, ou-a ofri kado-ou la.

Mété-ou dakò avèk ènmi-ou nan byin vit, pandan-ou sou rout avèk li ; pou ènmi-ou nan pa rimmèt ou nan min jij la, pou jij la pa rimmèt ou bay gad la, pou yo pa voyé-ou nan prizon. Amèn mouin di-ou, ou pap soti la, joutan ou rimmèt dènié santim nan. Nou té tandé yo té di ansyin yo : “Pa fè mové plézi”. Mouin minm mouin di nou : Tout moun ki gadé yon madanm pou-l anvi-l, li déjà fè mové plézi avèk li nan kè li. Si jé douat ou vlé fè-ou tonbé nan péché, raché-l, jété-l louin-ou ; li pi bon pou ou pou youn nan manb ou yo pèdi, pasé pou yo jété tout kò-ou nan difé. Si min douat ou fè-ou tonbé nan péché, koupé-l, jété-l louin-ou ; li pi bon pou ou pou yon sèl nan manm ou yo pèdi, pasé pou tout kò-ou alé nan difé.

Yo té di tou : “Si yon moun ranvouayé madanm li, sé pou-l ba-l biyé divòs”. Mouin minm mouin di nou : Yon moun ki ranvouayé madanm li, sof si li minm ak madanm nan t-ap viv nan plézi lachè san yo pa marié, li fè-l vi-n tounin adiltè, moun ki marié avèk yon divòsè, li fè adiltè.

Nou té tandé ankò yo té di ansyin yo : “Pa fè sèman, rimmèt Granmèt la sa-ou promèt nan sèman-ou yo”. Mouin minm mouin di nou pou nou pa fè sèman ditou : ni sou sièl la, paské sé tro-n Bondié li yé ; ni sou tè-a, paské sé machéskalié pié-l ; ni sou Jérusalèm, paské sé vil gran roua-a ; ni pa fè sèman sou tè ou paské ou pa kapab fè yon sèl chévé vi-n blan oubyin noua.

Sé pou paròl ou “oui, oui ; non, non” ; sa-k an plis nan bagay sa yo, sé nan pabon-an li soti ».

« Nou té tandé yo té di : “Jé pou jé, dan pou dan”. Mouin minm mouin di nou pa rézisté méchan-an ; min si yon moun frapé-ou sou machoua douat ou, prezanté-l bò gòch la tou ; moun ki vlé fè prosè nan jijman avèk ou pou-l pran chémiz ou, kité manto-a pou li tou ; ninpòt ki moun ki fòsé-ou fè mil pa, alé, fè dé mil pa avèk li. Moun ki mandé-ou, ba li ; moun ki vlé préte nan min-ou, pa viré do ba li.

Nou té tandé yo té di : “Sé pou-ou rinmin prochin-ou, pou-ou rayi lénmi-ou”. Mouin minm mouin di nou : Rinmin lénmi nou, fè dibyin pou moun ki rayi nou yo, lapriyé pou moun k-ap pèsékité nou yo, k-ap fè manti sou nou ; pou nou kapab vi-n tounin pitit Papa nou ki nan sièl la, li minm ki fè solèy li lévé sou bon yo ak mové yo, ki fè lapli tonbé sou moun kòrèk yo ak sou méchan yo.

Si nou rinmin sa-k rinmin nou yo, ki rékonpans nou ginyin ? Èské piblikin yo pa fè sa ? Si nou salié frè nou yo sèlman, ki sa nou fè an plis ? Èské payin yo pa fè sa ? ».

Paròl Granmèt la.

8

*Gin konfians, pitit, péché-ou yo padonnin.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

9, 1-8

Lè sa-a :

Antan Jézu monté nan yon batiman, li té travèsé lanmè, épi li té rivé nan vil li-a. Épi min yo t-ap prezanté-l yon paralizé kouché sou kabann. Antan Jézu ouè lafoua yo, li té di paralizé-a : « Pran konfians, pitit, péché-ou yo éfasé ».

Min kèk nan skrib yo t-ap di nan kè yo : « Sa-a ap blasfémé ».

Kòm Jézu té ouè pansé yo, li té di : « Pouki sa n-ap kalkilé sa-k mal nan kè nou yo ? Sa-k pi fasil pou di : “Péché-ou yo padonnin”, oubyin di : “Lévé, épi maché” ? Ébyin pou nou kapab konnin Pitit moun nan gin pouvoua sou tè-a pou-l padonnin péché yo », lè sa-a li té di paralizé-a : « Lévé, pran kabann ou, épi al lakay ou ».

Épi li té lévé, épi li té pati al lakay li.

Antan foul yo ouè sa, yo té sézi, épi yo té fè louanj Bondié, ki té bay lézòm yon si gran pouvoua.

Paròl Granmèt la.

9

*Mouin pa vini pou-m rélé sa-k kòrèk yo, min péchè yo.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

9, 9-13

Lè sa-a :

Pandan Jézu t-ap pasé, li ouè yon mésié ki té chita nan biro kontribision-an, yo té rélé-l Matié ; li di-l : « Suiv mouin ». Li lévé, li suiv li.

Rivé antan li lonjé kò-l nan kay la, anpil kolèktè ak péchè té vini, yo té lonjé kò yo avèk Jézu ak disip li yo.

Lè farizyin yo ouè sa, yo di disip li yo : « Pouki sa mèt nou-an ap manjé avèk prépozé yo ak péchè yo ? »

Jézu minm ki tandé sa, li di : « Sé pa moun ki ansanté ki bézouin doktè, min sé sa ki malad. Al aprann sa sa vlé di : “Sé mizérikòd mouin vlé, sé pa sakrifis” ; sèké mouin pa vini pou-m rélé moun ki kòrèk yo, min sé péchè yo mouin vi-n rélé ».

Paròl Granmèt la.



10

*Li vann tou sa-l ginyin, li achté jadin sa-a.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié****13, 44-46**

Lè sa-a : Jézu di fowl yo :

« Péyi roua sièl la sanblé ak yon trézò ki kaché nan yon jadin ; moun ki jouinn li-an, li kaché-l, li tèlman kontan, l-alé, li vann tou sa-l ginyin, li achté jadin sa-a.

Konsa tou péyi roua sièl la sanblé ak yon kòmèsan k-ap chèché bon pèrl ; lè-l jouinn yon pèrl ki gin anpil valè, li vann tou sa-l ginyin, li achté-l ».

Paròl Granmèt la.

11

*Ou-a ginyin frè-ou la.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié****18, 15-20**

Lè sa-a : Jézu di disip li yo :

« Si frè-ou fè péché kont ou, alé pran-l apa, korijé-l. Si-l kouté-ou, ou-ap pran tèt frè-ou la ; min si-l pa kouté-ou, pran youn oubyin dé avèk ou ankò, pou tout paròl kapab fiské nan bouch dé oubyin toua témouin. Si-l pa kouté yo, di Égliz la sa ; si-l pa kouté Égliz la, sé pou-l tankou nasion ak piblikin pou ou.

Amèn mouin di nou, tou sa n-ap maré sou tè-a, l-ap maré nan sièl la tou ; tou sa n-ap lagé sou tè-a, l-ap lagé nan sièl la tou.

Mouin di nou ankò, si dé nan nou mété yo dakò sou tè-a, pou yo mandé ninpòt ki bagay, y-ap jouinn li nan min Papa-m ki nan sièl yo.

Sèké koté gin dé oubyin toua moun ki rasanblé o non-m, mouin la nan mitan yo ».

Paròl Granmèt la.

12

*Konsa tou Papa-m ki nan sièl la ap aji avèk nou, si nou chak nou pa padonmin frè nou ak tout kè nou.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié****18, 21-35**

Lè sa-a :

Piè proché kot Jézu, li di : « Granmèt, si frè-m fè péché kont mouin, konbyin foua pou-m padonmin ? èské sé sèt foua ? » Jézu di-l : « Mouin pa di-ou jouska sèt foua, min jouska sousanndis foua sèt foua.

Sé poua péyi roua sièl yo sanblé ak yon roua ki té vlé réglé avèk sèvitè-l yo. Lè-l kòmansé réglé, yo minnin youn ba li ki té doué di-mil goud. Kòm li pa-t gin dékoua pou-l rinmèt, mèt li pasé lòd pou yo vann li, ansanm ak

madanm li, ak pitit li yo, ak tou sa-l té ginyin, pou-l kapab rimmèt. Min sèvitè-a minm lagé kò-l atè, li priyé-l, li di : “Pran pasians avèk mouin, m-ap rimmèt ou tout bagay”. Mèt sèvitè sa-a pran pitié pou li, li lagé-l, li padonnin-l dèt li-a.

Min kon sèvitè sa-a soti, li rankontré youn nan sa-k konn sèvi ansanm avèk li yo, ki té doué-l san goud ; li sézi-l, pou-l toufé-l, li di : “Rimmèt sa-ou doué”. Sèvitè sa-a lagé kò-l atè, li priyé-l, li di : “Pran pasians avèk mouin, m-ap rimmèt ou tout bagay”. Li minm minm, li réfizé, li pati, li voyé-l nan prizon joutan li rimmèt dèt la.

Lè lòt sèvitè yo ouè sa-l té fè, yo pran chagrin anpil, yo rivé, yo rakonté mèt li tou sa-k té pasé. Mèt li rélé-l, li di-l : “Mové sèvitè, mouin té rimmèt ou tout dèt la, paské ou té priyé-m ; èské ou minm tou ou pa-t doué pran pitié pou sa-a k-ap sèvi ansanm avèk ou-a, minm jan mouin té pran pitié pou ou-a ?” Mèt li faché, li rimmèt li bay gad yo, joutan li rimmèt tou sa-l té doué.

Sé konsa tou Papa-m ki nan sièl la ap fè avèk nou, si nou chak nou pa padonnin frè nou ak tout kè nou ».

Paròl Granmèt la.

13

*Nan dé kòmandman sa yo  
tout laloua-a pandié ni profèt yo.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

22, 34-40

Lè sa-a :

Antan Farizyin yo tandé Jézu té fèmin bouch Saduséyin yo, yo rasanblé ansanm. Youn nan yo ki té savan nan laloua-a pozé-l késion, pou-l tanté-l : « Mèt, kilès ki gran kòmandman-an nan laloua-a ? »

Jézu di-l : « “Sé pou-ou rinmin Granmèt Bondié-ou la ak tout kè-ou, ak tout nanm ou, ak tout éspri-ou”. Sa-a sé pi gran, sé prémié kòmandman-an. Dézièm nan minm sanblé avèk li : “Sé pou-ou rinmin prochin-an tankou pròp tèt ou”. Sé nan dé kòmandman sa yo tout laloua-a pandié ansanm ak profèt yo ».

Paròl Granmèt la.

14

*Chak foua nou té fè sa pou youn nan pi piti nan frè-m sa yo,  
sé pou mouin minm nou té fè-l.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

25, 31-46

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Lè Pitit moun nan ap rivé nan gloua li, épi tout anj yo avèk li, lè sa-a l-ap chita sou tro-n gloua li. L-ap rasanblé tout nasion yo

dévan-l, l-ap séparé yo youn sot kot lòt, tankou yon gadyin séparé mouton yo ak bouk yo. L-ap mét mouton yo kanpé adouat li, bouk yo agoch li.

Lè sa-a roua-a ap di sa-k adouat li yo : “Vini, nou minm Papa-m béni yo, pran posésion péyi roua-a yo té paré pou nou dépi tè-a té kòmansé fèt la. Sèké mouin té grangou, nou té ban-m manjé ; mouin té souaf, nou té ban-m bouè ; mouin té étranjé, nou té résévoua-m ; mouin té nu-kò, nou té abiyé-m ; mouin té malad, nou té rann mouin vizit ; mouin té nan prizon, nou té vi-n jouinn mouin”.

Lè sa-a moun kòrèk yo ap pran laparòl, antan y-ap di : “Granmèt, kilè nou té ouè-ou grangou épi nou té ba-ou manjé ? oubyin nou té ouè-ou souaf épi nou té ba-ou bouè ? kilè nou té ouè-ou étranjé épi nou té résévoua-ou ? oubyin nu-kò épi nou té abiyé-ou ? oubyin kilè nou té ouè-ou malad oubyin nan prizon épi nou té vi-n jouinn ou ?”

Roua-a ap réponn, l-ap di yo : “Amèn mouin di nou, chak foua nou té fè sa pou youn nan pi piti nan frè-m sa yo, sé pou mouin minm nou té fè-l”.

Lè sa-a atò l-ap di sa yo ki agoch li yo : “Ralé kò nou sot sou mouin, nou minm ki madichonnin, al nan difé tout tan-an, ki té paré pou djab la ak anj li yo. Mouin té grangou, nou pa-t ban-m manjé ; mouin té souaf, nou pa-t ban-m bouè ; mouin té étranjé, nou pa-t résévoua-m ; mouin té nu-kò, nou pa-t abiyé-m ; mouin té malad épi mouin té nan prizon, min nou pa-t vizité-m”.

Lè sa-a yo minm tou y-ap pran laparòl, antan y-ap di-l : “Granmèt, kilè nou té ouè-ou grangou, oubyin souaf, oubyin étranjé, oubyin nu-kò, oubyin malad, oubyin nan prizon, épi nou pa-t rann ou sèvis ?”

Lè sa-a l-ap réponn yo, antan l-ap di : “Amèn mouin di nou, chak foua nou pa-t fè sa pou youn nan pi piti sa yo, sé pou mouin minm tou nou pa-t fè-l”.

Sa yo apral nan chatiman tout tan-an, moun kòrèk yo minm apral nan lavi tout tan-an ».

Paròl Granmèt la.

15

*Antan-l soti déyò, Piè kriyé anmè.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

26, 69-75

Lè sa-a :

Piè té chita déyò nan lakou-a, yon sèvant proché koté-l, li di : « Ou minm tou, ou té avèk Jézu moun Galilé-a ».

Li minm minm, li nié dévan tout moun, li di : « Mouin pa konnin ki sa ou-ap di-a ».

Pandan l-ap soti nan bariè-a, yon lòt sèvant ouè-l, li di moun yo ki té la-a : « Sa-a tou té avèk Jézu moun Nazarèt la ».

Li nié ankò avèk sèman : « Mouin pa rékonèt mésié-a ».

Apré yon ti moman, moun yo ki té kanpé la-a, yo proché, yo di Piè : « Sé vré, ou minm tou ou té avèk yo ; sèké ata fason ou-ap palé-a fè ouè ou té avèk yo vré ».

Lè sa-a atò, li kòmansé pran Bondié pou témouin, li fè sèman li pa-t konnin mésié-a, minm lè-a yon kòk chanté. Piè sonjé paròl Jézu té di-a : « Anvan kòk la chanté, ou-ap nié-m toua foua ». Li soti déyò, li kriyé avèk gro lapinn.

Paròl Granmèt la.

## 16

*Lè Jézu ouè lafoua yo, li di : « Péché-ou yo éfasé ».*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

2, 1-12

Apré kèk jou, Jézu tounin ankò Kafarnaòm. Lè yo té tandé li té nan kay la, anpil moun rasanblé, atèl pouin kay la pa-t kapab kinbé moun minm nan pòt la, li t-ap anonsé yo paròl la.

Yo vi-n koté-l, antan y-ap poté yon moun ki pa-t kapab maché, sé kat moun ki t-ap poté-l. Kòm yo pa-t kapab prezanté-l ba li akoz foul la, yo défèt plafon-an koté-l té yé-a, yo louvri-l, yo glisé kabann nan koté moun nan ki pa-t kapab maché-a té kouché-a. Lè Jézu ouè lafoua yo, li di moun nan ki pa-t kapab maché-a : « Pitit mouin, péché-ou yo éfasé ».

Té gin kèk srib la, yo té chita, yo t-ap kalkilé nan kè yo : « Ki sa sa-a ap di konsa-a ? l-ap blasfémé. Kilès ki kapab padonnin péché, si sé pa Bondié sèl ? »

Minm lè-a Jézu konnin nan éspri-l, sé konsa yo t-ap kalkilé anndan kè yo, li di yo : « Ki sa n-ap kalkilé nan kè nou-an ? Ki sa ki pi fasil pou di moun nan ki pa kapab maché-a : “Péché-ou yo éfasé” oubyin : “Lévé, pran kabann ou, maché ?” Ébyin pou nou kapab konnin, Pitit moun nan gin pouvoua sou tè-a pou-l padonnin péché yo, (li di moun nan ki pa-t kapab maché-a) : “Mouin di-ou : Lévé, pran kabann ou, al lakay ou” ».

Minm lè-a li lévé, li pran kabann nan, li pati dévan tout moun, atèl pouin tout moun té sézi, yo t-ap fè konpliman pou Bondié, yo t-ap di : « Nou pa-t janm ouè bagay konsa ».

Paròl Granmèt la.

*Min n-ap monté Jérusalèm,  
y-ap rinnèt Pitit moun nan.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

10, 32-45

Lè sa-a :

Disip yo té sou rout, yo t-ap monté Jérusalèm ; Jézu t-ap maché dévan yo, yo té sézi, moun ki t-ap suiv yo yo té pè. Li pran douz yo ankò, li kòmansé di yo sa-k té gin pou rivé-l :

« Min n-ap monté Jérusalèm, y-ap rinnèt Pitit moun nan nan min chèf prèt yo ak skrib yo ak ansyin yo, y-ap kondané-l amò, y-ap rinnèt li nan min nasion yo ; y-ap pasé-l nan jouèt, y-ap kraché sou li, y-ap bat li, y-ap touyé-l, min sou touazièm jou-a, l-ap résisité ».

Jak ak Jan, pitit Zébédé yo, proche koté-l, yo di : « Mèt, nou vlé pou ninpòt ki sa nou mandé-ou, ou fè-l pou nou ».

Li minm li di yo : « Ki sa nou vlé pou-m fè pou nou ? »

Yo di : « Fè nou favè pou nou chita youn adouat ou épi lòt la agoch ou nan gloua-ou la ».

Jézu minm di yo : « Nou pa konnin sa n-ap mandé. Èské nou kapab bouè kalis la m-ap bouè-a ? Oubyin, batèm nan m-ap batizé-a, èské nou kapab résévoua-l ? »

Yo minm yo di-l : « Nou kapab ».

Jézu minm di yo : « Kalis la m-ap bouè-a, n-ap bouè-l ; épi batèm nan m-ap batizé-a, n-ap résévoua-l. Min kanta pou chita adouat mouin oubyin agoch mouin-an, sé pa ròl mouin pou-m fè sa pou nou, min pou moun sa té paré pou yo-a ».

Lè dis yo tandé sa, yo kòmansé faché kont Jak ak Jan. Jézu minm rélé yo, li di yo : « Nou konnin sa yo yo konsidéré kòm chèf pou kòmandé nasion yo, yo fè otorité yo pézé sou yo, épi chèf yo fè yo santi pouvoua yo. Sa pa doué fèt konsa nan pami nou ; min ninpòt ki moun ki vlé vi-n gran, sé pou-l vi-n sèvitè nou, épi ninpòt ki moun ki vlé vi-n premié, sé pou-l ésklav tout moun. Sèkè Pitit moun nan pa vini pou yo sèvi-l, min pou-l sèvi, épi pou-l bay lavi-l kòm rédanmsion pou tout pakèt moun yo ».

Paròl Granmèt la.

oubyin

*Min n-ap monté Jérusalèm,  
y-ap rinnèt Pitit moun nan.*

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Mark**

10, 32-34. 42-45

Lè sa-a :

Disip yo té sou rout, yo t-ap monté Jérusalèm ; Jézu t-ap maché dévan yo, yo té sézi, moun ki t-ap suiv yo yo té pè. Li pran douz yo ankò, li kòmansé di yo sa-k té gin pou rivé-l :

« Min n-ap monté Jérusalèm, y-ap rinnèt Pitit moun nan nan min chèf prèt yo ak skrib yo ak ansyin yo, y-ap kondané-l amò, y-ap rinnèt li nan min nasion yo ; y-ap pasé-l nan jouèt, y-ap kraché sou li, y-ap bat li, y-ap touyé-l, min sou touazièm jou-a, l-ap résisité ».

Jézu minm rélé yo, li di yo : « Nou konnin sa yo yo konsidéré kòm chèf pou kòmandé nasion yo, yo fè otorité yo pézé sou yo, épi chèf yo fè yo santi pouvoua yo. Sa pa doué fèt konsa nan pami nou ; min ninpòt ki moun ki vlé vi-n gran, sé pou-l vi-n sèvitè nou, épi ninpòt ki moun ki vlé vi-n premié, sé pou-l ésklav tout moun. Sèké Pitit moun nan pa vini pou yo sèvi-l, min pou-l sèvi, épi pou-l bay lavi-l kòm rédanmsion pou tout pakèt moun yo ».

Paròl Granmèt la.

18

*Premié nan tout kòmandman yo.*

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Mark**

12, 28-34

Lè sa-a :

Youn nan skrib yo té proche kot Jézu, épi li té pozé-l késion : « Kilès ki premié nan tout kòmandman yo ? ».

Jézu minm té réponn li : « Premié nan tout kòmandman yo, sé : “Kouté, Israël : Granmèt la Bondié-ou la sé yon sèl Bondié-a. Épi sé pou-ou rinmin Granmèt la Bondié-ou la ak tout kè-ou, ak tout nanm ou, ak tout éspri-ou épi ak tout fòs ou”. Sa-a sé premié kòmandman-an. Dézièm nan sanblé ak li : “Sé pou-ou rinmin prochin-ou tankou ou minm”. Pa gin lòt kòmandman ki pi gran pasé sa yo ».

Skrib la di-l : « Sé byin, Mèt, ou gin rézon di sé yon sèl Bondié-a, épi pa gin lòt andéyò-l, épi sé pou yon moun rinmin-l ak tout kè-l, ak tout intéljans li, ak tout nanm li, épi ak tout fòs li, épi rinmin prochin-an tankou pròp tèt li, sa pi gran pasé tout kalité sakrifis antié ak kado yo ».

Jézu minm ouè li té réponn ak sajès, li di-l : « Ou pa louin péyi-roua Bondié-a ». Épi pèsòn pa-t ozé pozé-l késion ankò.

Paròl Granmèt la.

19

*Tout chè ap ouè sové Bondié sové-l la.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

3, 3-17

Lè sa-a :

Jan-Batis té vi-n nan tout réjion Joudin-an, antan l-ap préché yon batèm pénitans, pou padon péché yo, dapré sa-k ékri nan liv prèch profèt Izayi-a :

« Voua moun-nan k-ap rélé nan dézè-a : Paré rout Granmèt la ; égalizé santié-l yo. Tout bafon doué konblé, épi tout mòn ak ti rotè doué rabésé, épi chémin krochi doué vi-n douat, épi rout falèz doué vi-n tounin tè plat, épi tout chè ap ouè sové Bondié sové-l la ».

Foul yo ki té soti pou-l batizé yo-a, li t-ap di yo : « Ras vipè, kilès ki té aprann nou sové kòn ou yo sot nan kòlè k-ap vini-an ? Donnin frui ki fè pénitans la onè, pa kòmansé ap di anndan nou minm minm : “Nou gin yon papa, sé Abraam” ; mouin di réyèlman, Bondié kapab fè piti lévé pou Abraam apati ròch sa yo. Déjà réyèlman rach la pozé nan rasi-n pié boua yo ; konsa tout pié boua ki pa donnin bon frui y-ap koupé-l, y-ap jété-l nan difé ».

Foul yo t-ap pozé Jan késion, yo t-ap di : « Ki sa pou nou fè ? »

Antan-l réponn, li té di yo : « Moun ki gin dé chémiz, sé pou-l bay sa-k pa ginyin ; moun ki gin manjé, sé pou-l fè minm jan ».

Koléktè yo té vini tou pou-l té batizé yo, yo t-ap di-l : « Mèt, ki sa pou nou fè ? »

Min li minm li té di yo : « Pa fè anyin pi plis pasé sa yo mété nou pou nou fè-a ».

Sòlda yo t-ap pozé-l késion, antan y-ap di : « Ki sa pou nou fè nou minm ? »

Épi li té di yo : « Pa fè brital ak pèsòn, pa dénonné pèsòn antan n-ap fè manti, kontanté nou ak apouintman nou yo ».

Antan pèp la t-ap kalkilé, épi tout moun t-ap réfléchi nan kè yo osijè Jan, si sé pa li minm ki té Kris la paraza. Jan té pran laparòl, antan-l di tout moun : « Mouin minm réyèlman sé nan dlo m-ap batizé nou ; min gin youn ki pi fò pasé-m, k-ap vini, li minm mouin pa mérité défèt lasèt sandal li-a ; li minm minm l-ap batizé nou nan Éspri Sin-an ak nan difé. Pèl la nan min-l, l-ap nétouayé glasi-l, l-ap ranmasé blé-l nan dépo-l ; kanta pay yo minm, l-ap boulé yo nan difé ki pap étinn nan ».

Paròl Granmèt la.

## 20

*Yo padoné yo péché-l yo ki anpil yo, sé pou sa li rinmin anpil.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

**7, 36-50**

Lè sa-a :

Youn nan farizyin yo t-ap mandé Jézu pou-l vi-n manjé avèk li. Épi antan Jézu antré nan kay farizyin-an, li té lonjé kò-l.

Yon madanm ki té péchrès nan vil la, lè-l té konnin Jézu té lonjé kò-l nan kay farizyin-an, li té poté yon boutèy losion ; épi antan-l kanpé dèyè bò pié-l, li té kòmansé ap rouzé pié-l ak dlo k-ap sot nan jé-l, épi ak chévé tèt li, li t-ap suiyé yo, épi li t-ap bo pié-l, épi ak losion-an li t-ap froté yo.

Antan farizyin-an minm ki té invité Jézu-a ouè sa, li t-ap di nan kè-l : « Sa-a, si sé té profèt li té yé, li t-a konnin sètènman kilès madanm sa-a, épi ki kalité moun li yé, sa-a k-ap touché-l la, paské sé yon péchrès ».

Antan Jézu pran laparòl, li té di-l : « Simon, mouin gin kichòy pou-m di-ou ».

Li minm minm li di : « Mèt, ou mèt palé ».

« Dé moun té doué yon moun ki konn praté lajan ; youn té doué sinksan dénié, lòt la sinkant. Kòm yo pa-t kapab rinmèt li, li fè yo toulédé kado lajan-an. Kilès donk k-ap rinmin-l pi plis ? »

Antan-l réponn, Simon di : « Mouin konsidéré sé sa li té fè kado plis la ».

Li minm minm li di-l : « Ou jijé douat ».

Épi antan-l viré kot madanm nan, li t-ap di Simon : « Ou ouè madanm sa-a ? Mouin té antré lakay ou, ou pa-t ban-m dlo pou pié-m ; li minm minm sé ak dlo nan jé-l li té rouzé pié-m, épi ak chévé-l li té suyé-yo. Ou pa-t bo-m ; li minm minm, dépi-l antré, li pa-t sispann bo pié-m. Ou pa-t froté tèt mouin ak luil ; li minm minm ak losion li té froté pié-m. Sé pou sa mouin di-ou : Yo rinmèt li pakèt péché yo, sé pou sa li rinmin anpil la. Moun yo padonnin ti kras, li rinmin ti kras ».

Li di-l : « Yo rinmèt ou péché yo ».

Moun yo ki té lonjé kò yo ansanm ak li yo, yo té kòmansé ap di anndan kè yo : « Kilès sa-a, k-ap padonnin ata péché yo ? »

Li minm li di madanm nan : « Lafoua-ou sovè-ou ; alé an pè ».

Paròl Granmèt la.



21

*Si nou pa fè pénitans,  
nou tout minm jan n-ap péri.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

13, 1-5

Gin kèk moun ki proché, yo poté nouvèl bay Jézu sot Galilé, osijè moun yo Pilat té mélé san yo avèk sakrifis yo t-ap ofri yo ; li pran laparòl, li di yo : « Èské nou kouè Galiléyin sa yo té péchè plis pasé tout Galiléyin yo, pou yo soufri kalité bagay sa yo ? Non, mouin di nou ; min si nou pa fè pénitans, nou tout ap péri minm jan. Minm jan dizuit moun sa yo kay ro-a té tonbé sou yo nan Siloé-a, épi li té touyé yo-a, èské nou konprann yo minm yo té pi koupab pasé tout moun ki abité nan Jérusalèm ? Non, mouin di nou ; min si nou pa fè pénitans, nou tout minm jan n-ap péri ».

Paròl Granmèt la.

22

*Ap gin plis kè kontan nan sièl la pou yon sèl péchè ki fè pénitans.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

15, 1-10

Lè sa-a :

Tout piblikin yo ak péchè yo t-ap proché kot Jézu, pou yo kouté-l.

Farizyin yo ak skrib yo t-ap plinyin, yo t-ap di : « Sa-a résévoua péchè yo, li manjé avèk yo ».

Li bay parabòl sa-a pou yo, li di : « Kilès nan nou, si-l gin san mouton épi, si-l pèdi youn nan yo, pou-l pa kité katrévindsnèf yo nan dézè-a pou-l al chèché sa-k pèdi-a joutan li jouinn li ?

Épi, lè-l jouinn li, li mété-l sou zépòl li ak kè kontan, li rivé lakay li, li rasanblé zanmi ak vouazin yo, li di yo : “Fè kè nou kontan avèk mouin, paské mouin jouinn mouton-m nan ki té pèdi-a”.

Mouin di nou ap gin plis kè kontan nan sièl la pou yon péchè ki fè pénitans, pasé pou katrévindsnèf moun kòrèk ki pa bézouin pénitans ».

Paròl Granmèt la.

23

*Ap gin plis kè kontan nan sièl la pou yon sèl péchè ki fè pénitans.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

15, 1-10

Lè sa-a :

Piblikin yo ak péchè yo t-ap proché kot Jézu, pou yo kouté-l.

Farizyin yo ak skrib yo t-ap plinyin, yo t-ap di : « Sa-a résévoua péchè yo, li manjé avèk yo ».

Li bay parabòl sa-a pou yo, li di : « Kilès nan nou, si-l gin san mouton épi, si-l pèdi youn nan yo, pou-l pa kité katrévindsnèf yo nan dézè-a pou-l al chèché sa-k pèdi-a joutan li jouinn li ?

Épi, lè-l jouinn li, li mété-l sou zépòl li ak kè kontan, li rivé lakay li, li rasanblé zanmi ak vouazin yo, li di yo : “Fè kè nou kontan avèk mouin, paské mouin jouinn mouton-m nan ki té pèdi-a”.

Mouin di nou ap gin plis kè kontan nan sièl la pou yon péchè ki fè pénitans, pasé pou katrévindsnèf moun kòrèk ki pa bézouin pénitans.

Oubyin kilès madanm, si-l gin dis dragm, épi li pèdi yon sèl dragm, pou-l pa limin lanp, balé kay la, chèché avèk souin, joutan li jouinn li ?

Lè-l jouinn li, li rasanblé zanmi ak vouazi-n, li di : “Fè kè nou kontan avèk mouin, paské mouin jouinn dragm nan mouin té pèdi-a”.

Sé konsa, mouin di nou, ap gin kè kontan dévan anj Bondié yo pou yon sèl péchè ki fè pénitans ».

Paròl Granmèt la.

24

*Ap gin kè kontan nan sièl la  
pou yon sèl péchè ki fè pénitans.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

15, 4-7

Lè sa-a :

Jézu bay parabòl sa-a pou yo, li di : « Kilès nan nou, si-l gin san mouton épi, si-l pèdi youn nan yo, pou-l pa kité katrévindsnèf yo nan dézè-a pou-l al chèché sa-k pèdi-a joutan li jouinn li ? Épi, lè-l jouinn li, li mété-l sou zépòl li ak kè kontan, li rivé lakay li, li rasanblé zanmi ak vouazin yo, li di yo : “Fè kè nou kontan avèk mouin, paské mouin jouinn mouton-m nan ki té pèdi-a”.

Mouin di nou ap gin plis kè kontan nan sièl la pou yon péchè ki fè pénitans, pasé pou katrévindsnèf moun kòrèk ki pa bézouin pénitans.

Oubyin kilès madanm, si-l gin dis drakm, épi li pèdi youn ladan, pou-l pa limin lanp, mété kay la bouch anba, chèché avèk souin, joutan li jouinn li ? Épi, lè-l jouinn li, li rasanblé zanmi ak vouazi-n, li di : “Fè kè nou kontan avèk mouin, paské mouin jouinn drakm nan mouin té pèdi-a”.

Sé konsa, mouin di nou, ap gin kè kontan dévan anj Bondié yo pou yon sèl péchè ki fè pénitans ».

Paròl Granmèt la.

*Pandan li té louin toujou, papa-l ouè-l, mizèrikòd la souké-l, antan-l kouri, li lagé kò-l nan kou-l.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

15, 11-32

Lè sa-a :

Jézu rakonté parabòl sa-a antan l-ap di : « Té gin yon mésié ki té gin dé pitit, pi jèn nan yo-a di papa-a : “Papa, ban-m pòsion éritaj ki déstiné pou mouin-an”. Li séparé éritaj la ba yo.

Pa gin anpil jou ki pasé, pi jèn ti gason-an ranmasé tout afè-l, li pati, l-al fè rout li nan yon péyi byin louin ; lè-l rivé la, li gaspiyé éritaj li-a antan l-ap viv nan libètinaj.

Lè-l fi-n dépansé tout bagay, vi-n gin yon gro grangou nan réjion sa-a, li minm li kòmansé nan bézouin. Li pati, l-al nan sèvis yon mésié nan péyi sa-a, mésié-a voyé-l nan jadin-l, pou-l gadé kochon. Li té anvi plin vant li ak grinn boua yo, sa kochon yo t-ap manjé yo ; min pèsòn pa-t ba li.

Li antré nan fon kè-l, li di : “Konbyin jounalié nan kay papa-m gin kont pin yo, kanta mouin minm minm m-ap mouri grangou isit la ! M-ap lévé, m-apral kay papa-m, m-ap di-l : Papa, mouin fè péché dévan sièl la ak dévan-ou : mouin déjà pa mérité pou yo rélé-m pitit ou ; trété-m tankou youn nan jounalié-ou yo”.

Li lévé, li vi-n jouinn papa-l. Pandan-l té louin toujou, papa-l ouè-l, kè-l boulvèsé ak mizèrikòd, li kouri, li lagé kò-l nan kou-l li anbrasé-l.

Pitit la di-l : “Papa, mouin fè péché dévan sièl la ak dévan-ou : mouin déjà pa mérité pou yo rélé-m pitit ou.”

Papa-a minm di sèvitè yo : “Fè vit poté pi bèl rad la, abiyé-l ; mété yon bag nan min-l, ak soulié nan pié-l. Minnin toro-a yo t-ap angrésé-a, touyé-l, n-ap manjé, n-ap fété ; paské pitit mouin sa-a ki té mouri-a, li réviv, li té péri, nou jouinn li”. Èpi yo kòmansé fété.

Min pi gran pitit li-a té nan jadin ; lè-l rivé li proche bò kay la, li tandé chanté-dansé, li rélé youn nan sèvitè yo, li pozé-l kèsion ki kalité bagay sa yo.

Sa-a minm di-l : “Sé frè-ou la ki vini, papa-ou fè touyé toro-a yo t-ap angrésé-a, paské li jouinn pitit la an santé”. Lòt la minm faché, li réfizé antré ; papa-l blijé soti, li kòmansé priyé-l.

Li minm minm li réponn, li di papa-l : “Min konbyin ané m-ap sèvi-ou, mouin pa janm dézobéyi yon kòmandman-ou époutan ou pa janm ban-m yon ti kabrit, pou-m fété avèk zanmi-m yo ; min pitit ou sa-a, ki fi-n dévoré éritaj li-a avèk médam plézi yo, kon-l rivé, ou touyé toro yo t-ap angrésé-a, akoz li”.

Li minm li di-l : “Pitit mouin, ou toujou avèk mouin, tou sa-m ginyin sé pou ou. Sèlman sé pou nou té fété, sé pou nou té fè kè nou kontan, paské frè-ou sa-a té mouri, li réviv, li té péri, nou jouinn li” ».

Paròl Granmèt la.

26

*Si sèt foua nan jounin-an frè-ou la fè péché kont ou,  
épi sèt foua li tounin koté-ou, antan-l di :  
« Mouin régrèt », sé pou-ou padonnin-l.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

17, 1-4

Lè sa-a : Jézu di disp li yo :

« Li inposib pou pa gin skandal : sèlman ala malè pou moun sa-a ki sèvi pou yo rivé-a ! Li t-a pi bon pou li, si yo t-a pran yon ròch moulin, yo maré nan kou-l, épi yo jété-l nan lanmè, pasé pou-l t-a skandalizé youn nan ti piti sa yo.

Pran prékosion. Si frè-ou fè péché kont ou, réprann li, épi si-l régrèt, sé pou-ou padonnin-l ; minm si sèt foua nan jounin-an li fè péché kont ou, épi sèt foua nan jounin-an li tounin koté-ou, antan-l di : “Mouin régrèt”, sé pou-ou padonnin-l ».

Paròl Granmèt la.

27

*Bondié, pitié pou mouin péchè.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

18, 9-14

Lè sa-a :

Jézu di parabòl sa-a pou kèk moun ki té mét konfians nan pròp tèt yo kòm si yo té kòrèk, épi ki t-ap méprizé lòt yo : « Dé mesié té monté nan Tanp la pou yo priyé ; youn té Farizyin, épi lòt la té piblikin.

Farizyin-an kanpé la, l-ap priyé nan kè-l : “Bondié, mouin rémèsié-ou, paské mouin pa tankou lòt moun yo, yo vòlè, yo injis, yo adiltè, oubyin tankou piblikin sa-a. Mouin fè jèn dé foua nan sémèn nan, mouin bay dizièm pati nan tou sa-m ginyin”. Piblikin-an minm kanpé louin, li pa-t vlé lévé jé-l nan sièl la, min l-ap frapé pouatri-n li, li di : “Bondié, pitié pou mouin péchè”.

Mouin di nou : li minm li désann an-règ lakay li plis pasé lòt la ; paské tout moun k-ap lévé tèt li, y-ap rabésé-l, moun ki rabésé tèt li, y-ap lévé-l anlè ».

Paròl Granmèt la.

28

*Pitit moun nan vini pou-l chèché épi sovè sa-k t-ap pèdi.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

19, 1-10

Lè sa-a :

Antan Jézu antré Jériko, l-ap travèsé vil la. Yon mésié yo rélé Zaché, ki té chèf koléktè yo, li té rich, li t-ap chèché ouè Jézu, kilès li yé, li pa-t kapab akòz foul la, paské li té tou kout. Li kouri dévan, li monté sou yon pié figié, pou-l ouè-l, paské li té gin pou-l pasé la.

Lè Jézu rivé koté sa-a, li lévé jé-l, li ouè-l, li di-l : « Zaché, fè vit, désann, paské jodi-a sé lakay ou mouin gin pou-m rété ». Li fè vit, li désann, li résévoua-l avèk kè kontan. Lè tout moun ouè sa, yo t-ap kritiké, yo t-ap di sé kay yon péchè l-al manjé.

Zaché minm kanpé, li di Granmèt la : « Min mouatié byin-m yo, Granmèt, mouin bay pòv yo ; si-m té vòlè yon moun, mouin rinnèt li kat foua plis ».

Jézu minm di-l : « Jodi-a salu-a rivé pou kay sa-a, paské li minm tou sé yon pitit Abraam. Sèké Pitit moun nan vini pou-l chèché, pou-l sovè sa-k té pèdi ».

Paròl Granmèt la.

29

*Mouin di-ou Piè, kòk la pap chanté jodi-a anvan ou déklaré toua foua ou pa rékonèt mouin.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

22, 31-34

« Simon, Simon, min Satan réklamé nou pou-l pasé nou nan pasoua tankou blé ; min mouin lapriyé pou ou, pou lafoua-ou pa tonbé, ou minm minm, lè-ou tounin, asiré frè-ou yo ». Li minm minm, li di-l : « Granmèt, mouin paré pou-m alé avèk ou ni nan prizon, ni nan lanmò ». Min li di : « Mouin di-ou Piè, jodi-a kòk la pap chanté, anvan-ou nié toua foua ou konnin-m ».

Paròl Granmèt la.

30

*Piè soti déyò, li kriyé avèk yon gou anmè.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

22, 54-62

Yo arété Jézu, yo kondui-l nan kay gran prèt la ; Piè minm t-ap suiv byin louin. Té gin yon difé ki té limin nan mitan lakou-a, moun yo té chita alantou-l. Piè té nan mitan yo. Yon sèvant ouè-l chita nan limiè-a, li égzaminé-l, li di : « Sa-a té avèk li ».

Li minm, li nié-l, li di : « Madanm, mouin pa konnin-l ».

Apré yon ti moman, yon lòt ouè-l, li di : « Ou minm tou, ou té avèk yo ».

Piè minm di : « Monchè, sé pa mouin ».

Apéprè inè-d-tan konsa fi-n pasé, yon lòt moun sètifié, li di : « Sètènman sa-a tou té avèk li ; paské sé Galiléyin li yé ».

Piè di : « Monchè, mouin pa konnin sa-ou ap di la-a ». Minm lè-a, pandan l-ap palé toujou, yon kòk chanté.

Granmèt la viré, li gadé Piè. Piè minm vi-n sonjé paròl Granmèt la, jan-l té di-a ; « Anvan kòk la chanté, ou-ap nié-m toua foua ». Piè soti déyò, li kriyé avèk yon gou anmè.

Paròl Granmèt la.

31

*Jodi-a minm ou-ap avèk mouin nan paradi-a.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

23, 39-43

Lè sa-a :

Youn nan asasin yo ki té pandié yo t-ap blasfémé Jézu, li t-ap di : « Si-ou sé Kris la, sové pròp tèt ou, ni nou minm tou ».

Lòt la minm pran laparòl, li fè-l répròch, antan l-ap di : « Ou minm tou, ou pa krinn Bondié, sé nan minm kondanasion-an ou yé ? Pou nou, sé jistis, paské nou résévoua sa nou mérité pou aksion nou yo ; sa-a minm, li pa-t fè anyin ki mal ».

Li tap di Jézu : « Granmèt, sonjé-m, lè ou-ap vini nan péyi roua-ou la ».

Jézu di-l : « Amèn, mouin di-ou, jodi-a minm ou-ap avèk mouin nan Paradi-a ».

Paròl Granmèt la.

32

*Alé, pa fè péché ankò.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

8, 1-11

Lè sa-a :

Jézu rivé sou mòn Olivié yo. Granmatin, li tounin nan kay sakré-a, tout pèp la vi-n koté-l, li chita, l-ap bay ansègnman.

Skrib yo ak farizyin yo minnin yon madanm yo té jouinn ki t-ap fè adiltè, yo mété-l kanpé nan mitan, yo di-l : « Mèt, madanm sa-a yo jouinn li ap fè adiltè. Nan laloua-a, Moyiz pasé nou lòd pou nou touyé kalité moun sa yo avèk kout ròch ; ou minm minm sa-ou di ? » Yo té di sa pou yo éséyé-l, pou yo té kapab akizé-l.

Jézu minm panché atè-a, li kòmansé ékri ak douèt li atè-a. Kòm yo té kontinié ap pozé-l késion, li drésé, li di yo : « Moun ki san péché nan pami nou, sé li minm ki pou voyé ròch sou li an premié ». Li panché ankò, li t-ap ékri atè-a. Lè yo tandé sa, youn pati apré lòt, kòmansé sou sa-k pi granmoun yo, Jézu rét pou kont li ak madanm nan ki kanpé nan mitan.

Jézu drésé kò-l, li di-l : « Madanm, koté moun yo ki t-ap akizé-ou yo ? Pèsòn pa kondané-ou ? »

Li di : « Pèsòn, Granmèt ».

Jézu di : « Mouin minm tou mouin pa kondané-ou : alé, pa fè péché ankò ».

Paròl Granmèt la.

33

*Tout moun ki fè péché, li ésklav péché-a.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

8, 31-36

Lè sa-a :

Jézu t-ap di Juif yo ki té kouè nan li yo : « Si nou rété nan paròl mouin-an, n-ap disip mouin tout bon vré, n-ap konnin vérité-a, vérité-a ap délivré nou ».

Yo réponn li : « Sé ras Abraam nou yé, nou pa janm ésklav pèsòn ; kòman-ou fè di : “N-a vi-n lib” ? »

Jézu réponn yo : « Amèn, amèn mouin di nou, tout moun ki fè péché, li ésklav péché-a. Min, ésklav la pa rét nan kay la tout tan ; sé pitit la ki rété tout tan. Konsa si nou minm, Pitit la délivré nou, n-ap lib tout bon vré ».

Paròl Granmèt la.

34

*Sé yon kòmandman nouvo mouin ba nou.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

13, 34-35 ; 15, 10-13

Lè sa-a, Jézu di Apot li yo :

« Sé yon kòmandman nouvo mouin ba nou, pou nou youn rinmin lòt minm jan mouin rinmin nou-an, sé konsa pou nou youn rinmin lòt. Sé konsa tout moun ap rékonèt nou sé disip mouin, si nou youn gin bon kè pou lòt.

Si nou kinbé kòmandman-m yo, n-ap rété nan rinmin-m nan minm jan mouin minm mouin kinbé kòmandman Papa-m yo, épi mouin rété nan rinmin-l nan.

Mouin di nou bagay sa yo, pou kè kontan-m nan kapab nan nou, pou kè kontan nou-an réalisé nèt.

Min kòmandman-m nan, sé pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an. Pi gran fason pou yon moun rinmin, sé bay lavi-l pou zanmi-yo ».

Paròl Granmèt la.

35

*Tout branch nan mouin ki pa donnin frui, l-ap ouété-l ; épi sa ki donnin frui, l-ap nètouayé-l pou-l bay plis frui.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

15, 1-8

Lè sa-a :

Jézu di Apot li yo : « Mouin sé véritab pié rézin-an, Papa-m sé kiltivatè-a. Tout branch nan mouin ki pa donnin frui, l-ap ouété-l ; tout branch ki donnin frui, l-ap nètouayé-l pou-l donnin plis frui. Nou minm nou déjà pròp gras a paròl la mouin té palé nou-an.

Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou. Minm jan branch la pa kapab donnin frui pou kont li-a, si-l pa rét nan pié rézin-an, konsa tou nou minm non plis, si nou pa rété nan mouin.

Mouin sé pié rézin-an, nou sé branch yo ; moun ki rét nan mouin, épi mouin minm nan li, moun sa-a donnin anpil frui, paské san mouin minm nou pa kapab fè anyin. Si yon moun pa rét nan mouin, y-ap jété-l déyò, tankou branch la, l-ap séché, y-ap ranmasé-l y-ap jété-l nan difé, l-ap boulé.

Si nou rét nan mouin, épi paròl mouin yo rété nan nou, tou sa nou vlé, nou mèt mandé-l, l-ap rivé pou nou. Sé nan sa Papa-m jouinn gloua-l, pou nou donnin anpil frui, pou nou vi-n disip mouin ».

Paròl Granmèt la.

36

*Nou minm nou sé zanmi-m, si nou fè sa mouin kòmandé nou-an.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

15, 9-14

Lè sa-a :

Jézu di Apot li yo : « Minm jan Papa-a rinmin-m nan, sé konsa tou mouin rinmin nou. Sé pou nou rété nan rinmin-m nan. Si nou kinbé kòmandman-m yo, n-ap rété nan rinmin-m nan minm jan mouin minm mouin kinbé kòmandman Papa-m yo, épi mouin rété nan rinmin-l nan.

Mouin di nou bagay sa yo, pou kè kontan-m nan kapab nan nou, pou kè kontan nou-an réalisé nèt.



Min kòmandman-m nan, sé pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an. Pi gran fason pou yon moun rinmin, sé bay lavi-l pou zanmi-l yo. Nou minm nou sé zanmi-m, si nou fè sa mouin kòmandé nou ».

Paròl Granmèt la.

37

*Y-ap kontanplé sa-a yo té transpèsé-a .*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

19, 13-37

Lè sa-a : Pilat kondui Jézu déyò-a, li di :

« Mouin minnin-l déyò ban nou, pou nou konnin mouin pa jouinn okinn kòz nan li ». Jézu soti, antan-l poté kouròn pikan-an ak rad rouj la.

Li di yo : « Min moun nan ».

Lè gran prèt yo ak sèvitè yo ouè-l, yo rélé byin fò, yo di : « Klouré-l sou koua, klouré-l sou koua ».

Pilat di yo. « Pran-l nou minm klouré-l sou koua ; mouin minm mouin pa jouinn kòz nan li ».

Juif yo réponn li : « Nou minm nou gin yon laloua, dapré laloua-a, sé pou-l mouri, paské li fè tèt li pasé pou Pitit Bondié ».

Lè Pilat tandé paròl sa-a, li vi-n pi pè ankò. Li antré nan palè-a ankò, li di Jézu : « Koté-ou soti ? » Jézu minm pa réponn li anyin. Pilat di-l : « Ou pa palé avèk mouin ? Ou pa konnin mouin gin pouvoua klouré-ou sou koua, épi mouin gin pouvoua lagé-ou ? »

Jézu réponn : « Ou pa t-a gin okinn pouvoua kont mouin, si yo pa-t ba-ou sa sot anro. Sé poua sa-k rinnèt mouin nan min-ou nan, li fè yon pi gran péché ».

Dépi lè sa-a, Pilat t-ap chèché lagé-l. Juif yo minm t-ap rélé byin fò, yo t-ap di : « Si-ou lagé moun sa-a, ou pa zanmi Sézar, paské tout moun ki déklaré-l roua, li kont Sézar ». Pilat minm, lè-l tandé sa yo, li kondui Jézu déyò li fè-l chita sou fotèy tribinal la, koté yo rélé Litostrotòs la, nan langaj ébré sé Gabata. Sé té préparasion Pak la, li té midi.

Li di Juif yo : « Min roua nou-an ».

Yo minm yo pousé rèl byin fò : « Ouété-l, ouété-l, klouré-l sou koua ».

Pilat di yo : « Roua nou-an pou-m t-a klouré sou koua ? »

Prèt an chèf yo réponn : « Nou pa gin dèt roua pasé Sézar ». Lè sa-a atò, li rinnèt li nan min yo pou yo klouré-l sou koua.

Yo pran Jézu, yo soti avèk li. Li poté koua-a li minm minm, l-alé koté yo rélé kalvè-a, nan langaj ébré sé Gòlgota, sé la yo klouré-l sou koua ; avèk li té gin dé lòt, youn yon bò, lòt la lòt bò-a, Jézu minm nan mitan. Pilat té ékri

rézon kondanasion-an, li té pozé-l sou koua-a. Min sa-k té ékri : « Jézu Nazarèt, roua Juif yo ». Fraz sa-a, anpil Juif té li-l, paské koté yo té klouré Jézu sou koua-a té tou pré lavil la, épi yo té ékri-l nan langaj ébré, grèk ak latin.

Gran prêt Juif yo t-ap di Pilat : « Pa ékri roua Juif yo, min sa-a di : “Mouin sé roua juif yo” ». Pilat réponn : « Sa-m fi-n ékri, li ékri ».

Sòlda yo minm lè yo fi-n klouré-l sou koua-a, yo pran rad li yo, yo fè kat pòsion, yon pòsion pou chak sòlda, épi rad long nan. Rad long sa-a té fèt san koutu, li té filé alamin nèt, dépi anro jous anba. Youn di lòt : « Nou pap chire-l, min n-ap tiré-l osò pou nou ouè ki moun k-ap jouinn li ». Sé pou paròl labib la té kapab réalizé, sa-k di : « Yo séparé rad mouin yo antré yo, yo tiré manto-m nan osò ». Sòlda yo, sé sa yo fè.

Tou kolé koua Jézu-a, manman-l té kanpé, ni sè manman-l nan, Mari Kléofas, ak Mari Madlèn. Lè Jézu ouè manman-l ak disip li té rinmin-an ki kanpé, li di manman-l : « Madanm, min pitit ou » ; après sa, li di disip la : « Min manman-ou ». Dépi lè sa-a, disip la résévoua-l lakay li.

Apré sa, Jézu konnin tout bagay fi-n réalizé, pou sa-l ékri-a té kapab réalizé, li di : « Mouin souaf ». Té gin yon véso plin vinèg ki té dépozé la ; yo minm yo pran yon éponj plin vinèg, yo mété nan pouint yon branch izòp, yo proché-l bò bouch li. Lè Jézu pran vinèg la, li di : « Tout bagay fini ». Li bésé tèt li, li rinnèt léspri-a.

Juif yo minm, kòm sé té préparasion Pak la, pou kò yo pa rété sou koua-a jou saba-a, (sèké sé té gran jou saba jou sa-a), yo mandé Pilat pou yo krazé janm yo, pou yo ouété yo. Sòlda yo vini, yo krazé janm premié-a ak lòt la ki té klouré-a avèk li-a. Min lè yo rivé sou Jézu, kòm yo ouè li té déjà mouri, yo pa krazé janm li, min youn nan sòlda yo louvri kòt li ak pik li-a, minm lè-a dlo ak san soti. Moun ki ouè-a, li sèvi témouin, témouagnaj li-a vré. Li minm li konnin li di vérité, pou nou minm tou nou kapab kouè. Bagay sa yo fèt pou sa ki ékri-a té kapab réalizé : « Nou pap krazé zo nan li ». Épi tou yon lòt pasaj sa ki ékri-a di : « Y-ap gadé sa-a yo transpèsé-a ».

Paròl Gramèt la.

38

*Résévoua Éspri Sin-an :  
Moun nou rinnèt péché yo ba yo-a, y-ap rinnèt ba yo.*

## ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

20, 19-23

Kòm sé té asouè, jou sa-a, premié-a nan saba yo, tout pòt yo té fèmin, koté disip yo té rasanblé poutèt yo té pè Juif yo, Jézu rivé, li kanpé nan mitan, li di yo : « Lapè pou nou ». Pandan l-ap di sa, li montré yo min yo ak bò kòt la. Disip yo kontan, lè yo ouè Granmèt la.

Li di yo yon lòt foua ankò : « Lapè pou nou. Minm jan Papa-a voyé-m nan, mouin minm tou mouin voyé nou ».

Lè-l fi-n di sa, li souflé, li di yo : « Résévoua Éspri Sin-an. Moun nou rinnèt péché yo, péché yo ap rinnèt, moun nou kinbé péché yo, y-ap rét kinbé ».

Paròl Granmèt la.

39

*Simon, pitit Jan, èské-ou rinmin-m ?*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

21, 15-19

Lè Jézu té parèt dévan disip li yo, li té manjé avèk yo-a, li di Simon Piè : « Simon, pitit Jan, èské-ou sansib pou mouin plis pasé sa yo ? »

Li di-l : « Oui, Granmèt, ou konnin mouin rinmin-ou ».

Li di-l : « Okipé ti mouton-m yo ».

Li di-l ankò : « Simon pitit Jan, èské-ou sansib pou mouin ? »

Li di-l : « Oui, Granmèt, ou konnin mouin rinmin-ou ».

Li di-l : « Okipé ti mouton-m yo ».

Li di-l pou touazièm foua-a : « Simon, pitit Jan, èské-ou rinmin-m ? »

Piè pran chagrin poutèt li té di-l touazièm foua-a « Èské-ou rinmin-m ? »

Li di-l : « Granmèt ou konnin tout bagay ou konnin mouin rinmin-ou ».

Li di-l : « Okipé bann mouton-m yo. Amèn, amèn, mouin di-ou, lè-ou té pi jèn ou té konn maré sintu-ou, épi ou-alé koté-ou té vlé ; min lè ou-ap vi-n vié, ou-ap lonjé min-ou, yon lòi ap maré sintu-ou, l-ap kondui-ou koté ou pa vlé ». Li té di sa pou-l montré ak ki kalité mòd lanmò li t-ap fè ouè gloua Bondié.

Lè-l fi-n di sa, li di-l : « Suiv mouin ».

Paròl Granmèt la.

## PSÒM AK KANTIK POU AKSION-GRAS

## 1

## PSÒM RÉPONS

Ps 31, 1-2. 5. 7. 10-11 (R: cf. 11)

- R: Fété nan Granmèt la, éklaté ak kontantman, nou minm ki kòrèk yo.  
Ala kontantman pou moun yo padonnin fot li,  
yo kouvri péché-l la.
- 2 Ala kontantman pou moun Granmèt la pa konsidéré kòm koupab la,  
ki pa gin riz nan léspri-l la. R:
- 3 Poutèt mouin té pé bouch mouin, zo-m t-ap viéyi,  
pandan mouin t-ap rélé tout lajounin.
- 4 Sèké lajounin kon lannuit min-ou té lou sou mouin,  
fòs mouin chanjé nan chalè tan cho-a. R:
- 5 Mouin fè-ou konnin péché-m nan,  
mouin pa kaché fot mouin-an.  
Mouin di : « M-ap déklaré fot mouin-an dévan Granmèt la ».  
Ou minm ou padonnin fot péché-m nan. R:
- 6 Poutèt sa tout sin ap priyé-ou nan tan favorab la.  
Épi nan délij anpil dlo yo  
yo pap proché koté-l. R:
- 7 Ou sé kachèt mouin, ou-ap protéjé-m sot nan tray la ;  
ou-ap vlopé-m ak fèt sové ou sové-m nan. R:
- 10 Anpil doule pou péchè-a,  
sa-k éspéré nan Granmèt la nan mizérikòd li vlopé-l. R:
- 11 Fè kè nou kontan nan Granmèt la, fété, nou minm ki kòrèk yo.  
Lévé tèt nou, nou tout ki gin kè nou douat yo. R:

## 2

## PSÒM RÉPONS

Ps 97, 1. 2-3 ab. 3 cd-4. 5-6 (R: 2 a)

- R: Granmèt la sonjé mizérikòd li-a.
- 1 Chanté yon kantik nouvo pou Granmèt la,  
poutèt mèvèy li fè.  
Min douat li sové pou li,  
bra li ki sin-an. R:
- 2 Granmèt la fè konnin sové li sové nou-an,  
dévan fas nasion yo li révéle jistis li-a.
- 3 Li sonjé mizérikòd li-a,  
ak vérité-l la pou kay Israèl la. R:

- Tout limit tè-a ap ouè  
 sovè Bondié sovè nou-an.
- 4 Bat bravo pou Bondié, tout tè-a,  
 éklaté, dansé, chanté. **R:**
- 5 Chanté pou Granmèt la sou gita,  
 sou gita ak son mizik ;
- 6 sou tronpèt ki dous ak kòn,  
 fè konpliman dévan fas Granmèt la ki roua-a. **R:**
- 7 Sé pou lanmè-a sonnin ak sa-k plin-l nan,  
 fas tè-a ak sa ki abité nan li yo.
- 8 Sé pou riviè yo bat bravo,  
 sé pou tout mòn yo fété. **R:**
- 9 Dévan fas Granmèt la, paské l-ap vi-n jijé tè-a.  
 L-ap jijé fas tè yo nan jistis  
 ak pèp yo nan sa ki douat. **R:**

## 3

## PSÒM RÉPONS

Ps 99, 2. 3. 4. 5 (**R:** : 5 a)

- R:** Antré dévan fas Granmèt la avèk gran fèt.
- 2 Fè louanj pou Granmèt la tout tè-a,  
 sèvi Granmèt la nan kè kontan ;  
 antré dévan fas li avèk gran fèt. **R:**
- 3 Konnin Granmèt la sé li minm ki Bondié ;  
 sé li minm ki fè nou, sé pou li nou yé,  
 pèp li ak mouton pak li. **R:**
- 4 Antré nan pòtay li yo avèk louanj,  
 nan lakou-l yo avèk kantik,  
 fè louanj li, fè konpliman pou non-l. **R:**
- 5 Sèké Granmèt la bon ;  
 pou tout tan mizérikòd li,  
 pou jénérasyon ak jénérasyon vérité-l la. **R:**

## 4

PSÒM RÉPONS Ps 118, 1. 10-13. 15-16. 18. 33. 105. 169. 170. 174-175 (**R:** : 12)**R:** Konpliman pou ou, Granmèt ; aprann mouin désizyon-ou yo.

- 1 Ala kontantman pou moun ki intak nan chémin-an,  
k-ap maché nan laloua Granmèt la. **R:**
- 10 Ak tout kè-m mouin té chèché-ou,  
pa fè-m pèdi rout sot nan kòmandman-ou yo. **R:**
- 11 Nan kè-m mouin kaché promès ou yo,  
pou-m pa fè péché kont ou. **R:**
- 12 Konpliman pou ou, Granmèt  
apran mouin désizion-ou yo. **R:**
- 13 Nan bouch mouin  
mouin déstayé tout jijman bouch ou yo. **R:**
- 14 Nan rout témouagnaj ou yo mouin jouinn plézi-m  
tankou nan tout kalité richès. **R:**
- 15 Nan kòmandman-ou yo m-ap médité,  
m-ap obsèvé chémin-ou yo. **R:**
- 16 Nan désizion-ou yo mouin jouinn plézi-m,  
mouin pa bliyé paròl ou. **R:**
- 18 Dévoualé jé-m,  
m-a konsidéré mèvèy yo nan laloua-ou la. **R:**
- 33 Pozé laloua-a pou mouin, Granmèt, chémin désizion-ou yo,  
m-a obsèvé yo tout tan. **R:**
- 105 Paròl ou-a sé yon lanp pou pié-m,  
yon limiè pou santié-m. **R:**
- 169 Sé pou priyè-m nan proche nan fas ou, Granmèt : \*  
dapré paròl ou-a, ban-m intèlijans. **R:**
- 170 Sé pou démann mouin-an antré nan fas nou : \*  
dapré promès ou-a libéré-m. **R:**
- 174 Mouin anvi délivrans ou-a, Granmèt,  
laloua-ou la sé plézi-m. **R:**
- 175 Sé pou nanm mouin viv, l-ap fè louanj ou,  
jijman-ou yo ap poté-m sékou. **R:**

**R:** Mizérikòd Granmèt la sot nan tout tan,  
épi jous nan tout tan sou sa ki krinn li yo.

- 1 Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin ;  
 tou sa-k anndan-m, fè konpliman pou non-l ki sin.
- 2 Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin,  
 pa bliyé tou sa-l fè yo. **R:**
- 3 Li minm ki padonnin tout fot ou yo,  
 ki géri tout maladi-ou yo ;
- 4 ki délivré lavi-ou sot nan fòs la,  
 ki kouronnin-ou ak mizérikòd, ak pitié. **R:**
- 8 Granmèt la gin pitié, li gin mizérikòd,  
 li pran pasians, li gin anpil mizérikòd.
- 9 Sé pa pou tout tan l-ap fè diskision,  
 sé pa pou tout tan li faché. **R:**
- 10 Sé pa dapré péché nou yo li aji avèk nou,  
 sé pa dapré fot nou yo li rinnèt nou.
- 11 Sèké, otan sièl la ro anlè tè-a,  
 mizérikòd li aji sou moun ki krinn li yo. **R:**
- 11 Sèké minm jan sièl la ro dépasé tè-a,  
 mizérikòd li dépasé anlè sa-k krinn li yo.
- 12 Otan olévan louin okouchan,  
 li ranvouayé péché nou yo louin nou. **R:**
- 13 Tankou papa pran pitié pou pitit li yo,  
 Granmèt la pran pitié pou moun ki krinn li yo,
- 14 Sèké li minm li konnin ak ki sa nou fèt,  
 li sonjé kijan sé pou siè nou yé. **R:**
- 15 Moun nan : tankou pay jou-l yé,  
 tankou flè jadin konsa l-ap fléri,
- 16 Van-an souflé nan li, li pa kanpé,  
 yo pa rékonèt koté-l té yé-a ankò. **R:**
- 17 Mizérikòd Granmèt la minm sé dépi tout tan,  
 épi jous pou tout tan sou moun ki krinn li yo,  
 jistis li nan pitit moun yo ;
- 18 nan sa yo ki kinbé alians li-a. **R:**

## 6

## PSÒM RÉPONS

Ps 135, 1-3. 4-6. 7-9. 16. 25-26 (**R:** : 1 b)

- 1 Fè louanj Granmèt la, poutèt li bon,  
**R:** Poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 2 Fè louanj Bondié dié yo. **R:**
- 3 Fè louanj Granmèt mèt yo. **R:**

- 4 Li minm ki fè gran mèvèy pou kont li. **R:**  
 5 Li minm ki fè sièl yo nan intéljans. **R:**  
 6 Li minm ki blayi tè-a sou dlo yo. **R:**  
 7 Li minm ki fè gran sous limiè yo. **R:**  
 8 Solèy la, pou-l kòmandé jou-a. **R:**  
 9 Lali-n ak zétoual yo, pou yo kòmandé nuit la. **R:**  
 13 Li minm ki séparé lanmè Rouj la an dé moso. **R:**  
 14 Li fè Israël travèsé nan mitan-l. **R:**  
 16 Li minm ki kondui pèp li-a nan dézè-a. **R:**  
 25 Li minm ki bay tout chè manjé. **R:**  
 26 Fè louanj Bondié sièl la. **R:**

## 7

## PSÒM RÉPONS

Ps 144, 1-21 (**R:** : 2)

- R:** Chak jou m-ap fè konpliman pou ou, Granmèt,  
 épi m-ap fè louanj non-ou, pou tout tan gin tan.
- 1 M-ap fè louanj ou, Bondié mouin ki roua,  
 m-ap fè konpliman pou non-ou  
 pou tout tan ak tout tan gin tan. **R:**
- 2 Chak jou m-ap fè konpliman pou ou,  
 m-ap fè louanj pou non-ou,  
 pou tout tan ak tout tan gin tan.
- 3 Granmèt la gran, li mérité anpil louanj,  
 yo pa kapab sondé grandè-l. **R:**
- 4 Yon jénérasyon ap fè louanj pou travay li, bay yon lòt jénérasyon,  
 y-ap rakonté puisans ou.
- 5 Rotè gloua grandè-ou, y-ap déklaré-l,  
 épi mèvèy ou yo, y-ap détayé yo. **R:**
- 6 Fòs ou ki térib yo, yo di yo,  
 grandè-ou la, y-ap rakonté-l.
- 7 Y-ap pibliyé souvni richès dousè-ou la,  
 y-ap fété nan jistis ou-a. **R:**
- 8 Granmèt la gin pitié, li gin mizérikòd,  
 li gin pasians, li gin anpil mizérikòd.
- 9 Granmèt la bon pou tout moun,  
 pitié-l yo sou tou sa-l fè yo. **R:**
- 10 Y-ap fè louanj ou, Granmèt, tou sa-ou fè yo ;  
 sin-ou yo ap fè konpliman pou ou.



- 11 Y-ap déklaré gloua péyi roua-ou la,  
y-ap anonsé puisans ou. **R:**
- 12 Pou yo fè pitit moun yo konnin mèvèy ou yo,  
ak gloua grandè péyi roua-ou la.
- 13 Péyi roua-ou la, sé péyi roua tout tan,  
kòmandman-ou nan pou jénèrasion ak jénèrasion. **R:**
- 13 Granmèt la fidèl nan tout paròl li yo,  
épi li sin nan tout aksion li yo.
- 14 Granmèt la soulajé tout moun ki tonbé,  
li drésé tout moun ki fébli. **R:**
- 15 Li gin valè dévan jé Granmèt la  
lanmò sin-l yo.
- 16 Mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou.  
Ou kasé chinn mouin yo. **R:**
- 17 M-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou,  
m-ap rélé non Granmèt la.
- 18 M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo,  
dévan tout pèp la. **R:**
- 19 L-ap fè volonté moun ki krinn li yo,  
l-ap kouté priyè yo, l-ap sovè yo.
- 20 Granmèt la prezèvé tout moun ki rinmin-l yo,  
min l-ap gayé tout moun péché yo. **R:**
- 21 Sé pou bouch mouin fè louanj Granmèt la,  
sé pou tout chè-m fè konpliman pou non-l ki sin  
pou tout tan ak tout tan gin tan. **R:**

## 8

## PSÒM RÉPONS

Ps 145, 2-10 (**R:** : 2 b)

- R:** M-ap chanté kantik pou Bondié-m nan, tout tan m-ap viv.
- 1 Fè louanj Granmèt la, nanm mouin ;
- 2 fè louanj Granmèt la nan lavi-m,  
m-ap chanté kantik pou Bondié-m nan, tout tan m-ap viv. **R:**
- 3 Pa mét konfians nou nan chèf,  
nan pitit moun yo, koté ki pa gin sovè yo kapab sovè.
- 4 Souf li pati, li tounin nan tè-l la ;  
jou sa-a pansé-l yo péri. **R:**
- 5 Ala kontantman pou sa-a Bondié Jakòb la poté-l sékou-a,  
sa-a ki gin éspérans li nan Granmèt Bondié-l la,

- 6 li minm ki fè sièl la ak tè-a,  
lanmè-a ak tou sa-k nan li. **R:**
- 7 Li minm ki kinbé vérité-a pou tout tan,  
li fè jijman pou moun y-ap maltrété yo,  
li bay sa-k grangou yo manjé.  
Granmèt la défèt chinn yo. **R:**
- 8 Granmèt la kléré avèg yo,  
Granmèt la lévé sa-k tonbé yo,  
Granmèt la rinmin moun ki kòrèk yo,
- 9 Granmèt la protéjé étranjé yo. **R:**  
Òfélin-an ak vèv la, li soutni yo,  
min rout péchè yo, li gayé-l.
- 10 Granmèt la ap roua pou tout tan,  
Bondié-ou la, Siyon,  
pou jénèrasion ak jénèrasion. **R:**

## 9

Izayi 12, 1 b-6 (**R:** : 3)

- R:** Fè louanj Granmèt la, épi rélé non li.
- 2 Min Bondié sovè-m nan, mouin gin konfians, mouin pap pè,  
paské fòs mouin ak louanj mouin, sé Granmèt la,  
sé li minm ki vi-n sovè-m.
- 3 N-ap tiré dlo ak kè kontan sot nan sous Sovè-a. **R:**
- 4 Fè louanj Granmèt la, rélé non li,  
fè konnin mèvèy li yo nan pèp yo,  
fè sonjé kijan non-l anlè nè. **R:**
- 5 Chanté pou Granmèt la, paské li fè mèvèy,  
anonsé sa sou tout tè-a.
- 6 Fété, fè louanj, pèp Siyon  
paské li gran nan mitan-ou, Sin Israël la. **R:**

## 10

Izayi 61, 10-11 (**R:** : 10)

- R:** Nanm mouin ap fété nan Bondié-m nan.
- 10 Mouin kontan anpil nan Granmèt la,  
nanm mouin ap fété nan Bondié-m nan,  
paské li abiyé-m ak rad ki montré mouin sovè-a,

li vlopé-m nan manto jistis la,  
 tankou yon mésié k-ap marié, ki gin yon kouròn sou tèt li,  
 épi tankou yon fi k-ap marié, ki bèl ak bijou-l yo. **R**

- 11 Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a,  
 minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an,  
 sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin,  
 ni louanj la tou dévan tout nasion yo. **R**

## 11

Jérémi 31, 10. 11-12 ab. 13-14 (**R** : cf. 11 a)

**R** Granmèt la rachté pèp li-a.

- 10 Kouté paròl Granmèt la, nasion yo,  
 anonsé sa nan zilé yo ki louin yo,  
 di : « Sa-a ki té gayé Israèl la, l-ap rasanblé-l,  
 l-ap véyé sou li tankou yon gadyin fè pou bann mouton-l ». **R**
- 11 Granmèt la rachté Jakòb,  
 li libéré-l sot nan min sa-k pi fò.
- 12 Y-ap rivé, y-ap fè louanj sou mòn Siyon,  
 y-ap vi-n ansanm nan byin Granmèt yo. **R**
- 13 Lè sa-a vièj la ap fété nan dans,  
 jèn jan yo ak vié granmoun yo tou.  
 « M-ap fè dèy yo-a vi-n tounin kè kontan,  
 m-ap konsolé yo, m-ap fè kè yo kontan nan plas soufrans yo-a ;
- 14 m-ap plin nanm prèt yo ak grès  
 épi pèp mouin-an ap plin ak byin-m yo ». **R**

## 12

Danièl 3, 52-57 (**R** : cf. 57)

**R** Fè konpliman, pou Granmèt la, tout travay Granmèt la,  
 fè louanj li, lévé-l anlè nèt pou tout tan gin tan.

- 52 Konpliman pou ou, Granmèt, Bondié papa nou yo,  
**R** Ou mérité louanj, ou mérité gloua, ou dépasé tou sa-k gran pou tout tan.  
 Konpliman pou non gloua-ou ki sin-an,  
**R** Ou mérité louanj, ou dépasé tou sa-k gran pou tout tan.
- 53 Konpliman pou ou nan tanp gloua-ou la ki sin-an,  
**R** Ou mérité louanj dépasé, ou anlè tout gloua pou tout tan.
- 54 Konpliman pou ou nan tro-n péyi roua-ou la,  
**R** Ou mérité louanj dépasé, ou anlè tou sa-k gran pou tout tan.

- 55 Konpliman pou ou, ki égzaminé bafon yo, ki chita anlè chéribin yo,  
 R: Ou mérité louanj, ou anlè tou sa-k gran pou tout tan.
- 56 Konpliman pou ou nan platfòm sièl la,  
 R: Ou mérité louanj, ou mérité gloua pou tout tan.
- 57 Fè konpliman pou Granmèt la, tout travay Granmèt la.  
 R: Fè louanj li, lévé-l anlè dépasé tou sa-k gran pou tout tan.

## 13

Luk 1, 46-47. 48-49. 50-51. 52-53. 54-55 (R: 54 b)

- R: Granmèt la sonjé mizérikòd li-a.
- 46 M-ap fè louanj Granmèt la,  
 47 éspri-m ap fété nan Bondié sovè mouin-an. R:
- 48 Paské li voyé jé sou pòv sèvant li-a,  
 gadé vré dépi koulié-a tout jénérasyon ap di  
 ala kontantman pou mouin.
- 49 Paské li fè gran mèvèy pou mouin, sa-a ki gin pouvoua-a,  
 non-l sin. R:
- 50 Épi mizérikòd li sot nan ras al nan ras pou moun ki krinn li yo.  
 51 Li mété fòs nan bra-l,  
 li gayé sa-k t-ap fè grandizè nan kè yo-a. R:
- 52 Li dépozé sa-k gin pouvoua yo sot sou tro-n yo,  
 épi li lévé pòv yo ;
- 53 sa-k grangou yo, li plin yo ak byin,  
 rich yo li ranvouayé yo grangou. R:
- 54 Li soutni Israèl, sèvitè-l li sonjé mizérikòd li-a,  
 55 jan-l té palé ak papa nou yo,  
 Abraam ak ras li-a pou tout tan. R:

## 14

Éfézyin 1, 3-10 (R: cf. 3-4)

- R: Konpliman pou Bondié ki chouazi nou nan Kris la.
- 3 Konpliman pou Bondié Granmèt nou Jézu Kri,  
 li mîm ki béni nou ak tout kalité bénédiksion spirituèl  
 nan sièl la nan Jézu Kri. R:
- 4 Jan li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt la,  
 pou nou sin, san répròch dévan-l nan rinmin-an. R:

- 5 Li té déstiné nou davans  
pou nou vi-n tounin pitit adoptif pou li gras a Jézu-Kri,
- 6 Pou louanj gloua gras li-a,  
sa-l fè nou jouinn gras nan li-a nan Pitit li-a li rinmin-an. **R:**
- 7 Nan li nou gin rédanmsion gras a san-l,  
padon péché dapré richès gras li-a,
- 8 ki débòdé sou nou-an nan tout kalité sajès ak sians. **R:**
- 9 Pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l, dapré bon plézi-l  
sa-l té ranjé davans nan li,
- 10 pou fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo,  
fè tout bagay kanpé nan Kris la,  
sa-k nan sièl la ak sa-k sou tè-a, nan li. **R:**

## 15

Apokalips 15, 3-4 (**R:** 3 a)

- R:** Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, Granmèt.
- 3 Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo,  
Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;  
yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo,  
Roua nasion yo ! **R:**
- 4 Kilès ki pap krinn ou, Granmèt,  
épi ki pap fè gloua pou non-ou ?  
Paské ou minm sèl ou Sin,  
paské tout nasion yo ap vini  
y-ap adoré nan fas ou,  
paské jijman-ou yo parèt klè. **R:**

\* \* \*

**GID LÉKTU YO**  
**dapré lòd Liv ki sin yo**  
 Léksionè rituèl Pénitans la

Réfèrans	Paj Pénitans la
Jén 3, 1-19	116
Jén 4, 1-15	117
Jén 18, 17-33	118
Égz 17, 1-7	119
Égz 20, 1-21	119
Dét 5, 1-3. 6-7. 11-12. 16-21a; 6, 4-6	120
Dét 6, 4-9	121
Dét 9, 7-19	122
Dét 30, 15-20	122
2 Sam 12, 1-9. 13	123
Né 9, 1-20	124
Saj 1, 1-16	125
Saj 5, 1-16	126
Sir 28, 1-7	127
Iz 1, 2-6. 15-18	127
Iz 1, 10-18	128
Iz 5, 1-7	128
Iz 43, 22-28	129
Iz 53, 1-7. 10-12	129
Iz 53, 1-12	130
Iz 53, 4-6	44
Iz 55, 1-11	131
Iz 58, 1-11	132
Iz 59, 1-4. 9-15	133
Jér 2, 1-13	133
Jér 7, 21-26	134
Éz 11, 14-21	135
Éz 11, 19-20	45
Éz 18, 20-32	135
Éz 33, 11	44
Éz 36, 23-28	136
Oz 2, 16-25	137
Oz 11, 1-11	137
Oz 14, 2-10	138

Joèl 2, 12-19	138
Mi 6, 1-15	139
Mi, 7, 2-7. 18-20	140
Mal 3, 1-7a	141
Mt 3, 1-12	180
Mt 4, 12-17	180
Mt 5, 1-10	181
Mt 5, 1-12	181
Mt 5, 13-16	182
Mt 5, 17-47	182
Mt 6, 14-15	45
Mt 9, 1-8	184
Mt 9, 9-13	184
Mt 13, 44-46	185
Mt 18, 15-20	185
Mt 18, 21-35	185
Mt 22, 34-40	186
Mt 25, 31-46	186
Mt 26, 69-75	187
Mk 1,14-15	45
Mk 2, 1-12	188
Mk 10, 32-45*	189
Mk 12, 28-34	190
Lk 3, 3-17	191
Lk 5, 32	44
Lk 6, 31-38	45
Lk 7, 36-50	192
Lk 12, 31	85
Lk 13, 1-5	193
Lk 15, 1-7	46, 193
Lk 15, 1-10	193
Lk 15, 4-7	194
Lk 15, 11-32	195
Lk 15, 18; 18, 13	48
Lk 17, 1-4	196
Lk 18, 9-14	196
Lk 19, 1-10	197
Lk 22, 31-34	197
Lk 22, 54-62	197
Lk 23, 39-43	198
Jan 8, 1-11	198
Jan 8, 31-36	199

Jan 13, 34-35; 15, 10-13	199
Jan 15, 1-8	200
Jan 15, 9-17	200
Jan 19, 13-37	201
Jan 20, 19-23	46, 202
Jan 21, 15-19	203
Rm 3, 22-26	159
Rm 5, 6-11	159
Rm 5, 8-9	47
Rm 6, 2b-13	159
Rm 6, 16-23	160
Rm 7, 14-25	161
Rm 7, 18-25	161
Rm 8, 19-23	162
Rm 12, 1-2. 9-19	162
Rm 13, 8-14	163
Rm 13, 11-12	85
1 Kor 10, 1-13	163
2 Kor 5, 17-21	164
Gal 5, 16-24	164
Éf 1, 3-7	165
Éf 2, 1-10	165
Éf 4, 1-3. 17-32	166
Éf 4, 23-32	167
Éf 5, 1-2	47
Éf 5, 1-14	167
Éf 6, 10-18	168
Kol 1, 12-14	47
Kol 3, 1-10. 12-17	168
Kol 3, 8-10. 12-17	47
Ébr 12, 1-5	169
Jk 1, 22-27	170
Jk 2, 14-26	170
Jk 3, 1-12	171
Jk 5, 13-16	171
1 P 1, 13-23	172
1 P 2, 20b-25	172
2 P 1, 3-11	173
1 Jn 1, 5-9	173
1 Jn 1, 5-10; 2, 1-2	174
1 Jn 1, 6-7. 9	48
1 Jn 2, 1-2	44



1 Jn 2, 3-11	174
1 Jn 3, 1-24	175
1 Jn 4, 16-21	176
Ap 2, 1-5	177
Ap 3, 14-22	177
Ap 20, 11-15	178
Ap 21, 1-8	178
Ap 21, 1-12	179

## GID PSÒM YO AK KANTIK YO

Ps 12, 4-5. 6 (R/ : 6 a)	142
Ps 21, 2-3. 7-9. 18-28 (R/ : 2 a)	142
Ps 24 (R/ : 16 a)	143
Ps 24, 6-7	48
Ps 26, 1. 4. 5. 7-8 a. 8 b-9 ab. 9 cd-10 (R/ : 14)	144
Ps 30, 10. 15-17. 20 (R/ : Lk 23, 46)	145
Ps 30, 1-6 (R/ : 6 b)	145
Ps 31, 1-2. 5. 7. 10-11 (R/ : cf. 11)	204
Ps 31, 1-2. 5. 7. 11 (R/ : cf. 5 c)	146
Ps 35 (R/ : 8 a)	147
Ps 39, 2 é 4 ab. 5. 6. 7-8 a. 8 b-9. 10. 12 (R/ : 8 a é 9 a)	148
Ps 49, 7-8. 14 é 23 (R/ : 23b)	148
Ps 50, (R/ : 14 a)	149
Ps 50, 3-4. 12-13. 18-19. (R/ : 19 a)	149
Ps 50, 4-5	48
Ps 72 (R/ : 28 a)	150
Ps 84, 2-14 (R/ : 8)	151
Ps 89 (R/ : 14)	152
Ps 94 (R/ : 8 a)	153
Ps 97, 1. 2-3 ab. 3 cd-4. 5-6 (R/ : 2 a)	204
Ps 99, 2. 3. 4. 5 (R/ : 5 a)	205
Ps 102, 1-4. 8-18 (R/ : 17)	206
Ps 105, 6-10. 13-14. 19-22 (R/ : 6)	154
Ps 118, 1. 10-13. 15-16 (R/ : 1 b)	155
Ps 118, 1. 10-13. 15-16. 18. 33. 105. 169. 170. 174-175 (R/ : 12)	205
Ps 122 (R/ : 2 c)	155
Ps 129 (R/ : 7 bc)	155
Ps 135, 1-3. 4-6. 7-9. 16. 25-26 (R/ : 1 b)	207
Ps 138, 1-18. 23-24 (R/ : 23 a)	156

Ps 142, 1-11(R/ : 10)	157
Ps 144, 1-21 (R/ : 2)	207
Ps 145, 2-10 (R/ : 2 b)	209
Ps 145, 5-6. 7. 8-9 a. 9 bc-10 (R/ : 2 a)	209
Iz 12, 1 b-6 (R/ : 3)	210
Iz 61, 10-11 (R/ : 10)	210
Jér 31, 10. 11-12 ab. 13-14 (R/ : cf. 11 a)	211
Ba 1, 15-22.	158
Dan 3, 52-57 (R/ cf. 57)	211
Lk 1, 46-47. 48-49. 50-51. 52-53. 54-55 (R/ 54 b)	212
Éf 1, 3-10 (R/ cf. 3-4)	212
Ap 15, 3-4 (R/ 3 a)	213

### GID ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Mt 11, 28	32
Jan 8,12	31
Ap 22, 12. 17. 20	86
Gloua pou ou, Granmèt, ou minm yo té rinnèt...	83

## GID

Dékretè Kongrégasyon sakré pou Sèvis Bondié-a .....	7
Avètisman jénéral .....	9
<b>CHAPIT I</b> Òrdo pou rékonsilié chak pénitan .....	27
<b>CHAPIT II</b> Òrdo pou rékonsilié anpil pénitan avèk konfésion épi absolusion pou chak moun apa .....	29
<b>CHAPIT III</b> Òrdo pou rékonsilié anpil pénitan avèk konfésion épi absolusion jénéral .....	41
<b>CHAPIT IV</b> Divès tèks yo kapab anplouayé nan sélébrasyon rékonsiliasion-an	
I.    Pou rékonsiliasion yon sèl pénitan .....	44
II.    Pou rékonsiliasion pliziè pénitan .....	51
 <b>APINDIS</b>	
I. Absolusion sansur .....	75
Dispans anba irégularité .....	75
II. Modèl sélébrasyon pénitansièl .....	76
Kijan pou yo réglé sélébrasyon pénitansièl yo .....	77
I.    Sélébrasyon pénitansièl nan tan Karèm .....	78
II.    Sélébrasyon pénitansièl pou tan Avan-an .....	85
III.    Sélébrasyon pénitansièl komin.....	88
IV.    Pou ti moun yo.....	98
V.    Pou jèn yo .....	102
VI.    Pou malad yo .....	106
III. Chéma pou égzamin konsians .....	112
<hr/>	
<b>DÉGI</b> Léktu Biblik yo .....	116
Gid jénéral léktu yo .....	214
<hr/>	
<b>GID</b> .....	219



# RITUÈL ROMIN


ÉTABLI DAPRÉ DÉKRÈ TRÈ SIN KONSIL VATIKAN II-A  
PROMILGÉ ANBA OTORITÉ PAP PÒL VI

## RITUÈL ONKSION MALAD YO AVÈK SOUIN PASTORAL YO

ÉDISION TIPIK

1975





Gian Luigi Ubaldi

prima editio 1972  
reimpressio 1975



## SAKRÉ KONGRÉGASION POU KULT BONDIÉ-A

Prot. n. 1501/72

### DÉKRÈ

Lè Égliz la ap okipé souin malad yo, sé Kris la li minm minm l-ap sèvi nan manb Kò mistik li-a k-ap soufri yo, épi, antan l-ap suiv égzanp Granmèt Jézu ki « té pasé antan l-ap fè byin épi l-ap géri tout moun » (*Travay Apot yo 10,38*), li obéyi kòmandman-l nan pou souin malad yo (cf. *Mark 15,18*).

Préokipasion sa-a, Égliz la montré-l non sèlman antan l-ap vizité moun yo k-ap batay ak santé-a, min tou antan l-ap soulajé yo pa lintèmédiè sakréman Onksion-an, épi antan l-ap réfè yo avèk sakréman Ékaristi-a, soua pandan tan maladi-a kinbé yo-a, soua lè y-ap panché nan danjé lanmò-a, épi anfin, antan li priyé pou yo, pou rékòmandé yo bay Bondié, spésialman sa ki rivé nan dènié moman lavi-a.

Pou sans sakréman Onksion-an kapab pi louvri épi pi klè, Konsil Vatikan II-a déklaré bagay sa yo : « Kantité onksion yo, sé pou yo réglé yo dapré situasion-an, épi priyé yo ki konsèné rit onksion malad yo, sé pou yo révizé yo antan yo korésponn avèk divès kondision malad yo, k-ap résévoua sakréman-an »<sup>1</sup>, épi li pasé lòd pou yo

<sup>1</sup> Conc. Vat. II, Const. *Sacrosanctum Concilium*, n. 75: AAS 56 (1964), p. 119.

konpozé yon Rit ki fèt ak yon sèl piès. Koté yo bay malad la Onksion-an, apré Konfésion-an épi anvan-l résévoua Viatik la.<sup>2</sup>

Konsa Souvrin Pontif Pòl VI déklaré yon nouvo fòmul sakramantèl Onksion-an, ki pibliyé pa lintèmédiè Konstitisyon Apostolik *Sacram Unctionem infirmorum* jou 30 novanm 1972, épi li aprouvé *Rit Onksion malad yo avèk souin pastoral yo*, sa Sakré Kongrégasyon pou Kult Divin-an té préparé-a épi li voyé koulié-a, antan-l déklaré sé édisyon tipik li-a, pou sa ki égzisté jous koulié-a nan Rituèl Romin-an, konsènan kèsion sa yo isit la, yo ranplase yo avèk li.

Dékrè sa-a ouété tou sa-k kontrè li.

Nan palè Sakré Kongrégasyon pou Kult Divin-an, jou 7 désanm 1972.

ARTURUS Card. TABERA  
Préfè

+ A. BUGNINI  
Arch. tit. Dioklétyin  
Sékrète

---

<sup>2</sup> Cf. *ibid.*, n. 74 ; l. c.





## KONSTITISION APOSTOLIK SOU SAKRÉMAN ONKSION MALAD YO

### PÒL ÈVÈK

SÈVITÈ SÈVITÈ BONDIÉ YO  
POU SOUVNI BAGAY LA TOUJOU RÉTÉ

Sakrèman Onksion malad yo sé youn nan sèt Sakrèman Nouvo Tèstaman-an, Égliz Katolik la déklaré sa piblikman épi li anségné-l, sé Kris Granmèt nou-an ki fiksé-l, « dapré jan Mark fè konprann sa (*Mark 6,13*) ; Jak minm Apot ak frè Granmèt la rékòmandé-l bay fidèl yo épi li pibliyé-l. Li di *èské gin yon moun nan nou ki malad ? Sé pou yo minnin ansyin Égliz yo, y-a priyé sou li, antan yo froté-l ak luil onon Granmèt la ; priyé lafoua-a ap sové malad la ; Granmèt la ap soulajé-l ; épi, si-l nan péché, péché yo ap padonnin (Jak 5,14-15)* ». <sup>1</sup>

Onksion malad yo, déja dépi nan tan lontan yo, yo jouinn témouagnaj yo nan Tradision Égliz la, sitou nan litiji-a ni an-Orian ni an-Oksidan. Yo doué fè sonjé spésialman Lèt sa-a Inosan Prémie, ki vi-n anvan Nou-an, té ékri Vénétab Èvèk Eugubinus, <sup>2</sup> ni priyé sa-a ki mérité respè-a, sa yo sèvi avèk li pou béni luil malad yo « Voyé Éspri Sin-ou nan, Paraklè-a, Granmèt », ki plasé nan Priyé Ékaristik la <sup>3</sup> épi ki konsèvé jous koulié-a nan Pontifikal Romin-an. <sup>4</sup>

<sup>1</sup> Cf. Conc. Trid., Sessio XIV, De extrema unctione, cap. 1 (cf. *ibid.* can. 1) : CT, VII, 1, 355-356 ; Denz.-Schön. 1695, 1716.

<sup>2</sup> Ep. *Si Instituta Ecclesiastica*, cap. 8: PL, 20, 559-561; Denz.-Schön. 216.

<sup>3</sup> *Liber Sacramentorum Romanae Ecclesiae Ordinis Anni Circuli*, ed. L. C. MOHLBERG (*Rerum Ecclesiasticarum Documenta, Fontes, IV*), Roma 1960, p. 61; *Le Sacramentaire Grégorien*, ed. J. DESHUSSES (*Spicilegium Friburgense, 16*), Fribourg 1971, p. 172; cf. *La Tradition*

Nan déroulman sièk yo, nan Tradision litijik la, yo présizé pi plis, sèlon divès maniè, pati kò malad la pou yo froté avèk luil sakré-a, yo ajouté pliziè fòmul nan priyè ki pou akonpagné onksion yo, yo nan liv rituèl divès Égliz yo. Nan Égliz romèn nan minm nan mouayin-aj, abitud froté malad yo nan plas sans yo té vi-n gin fòs-loua, yo té anplouayé fòmul sa-a : « Pa pouvoua Sink Onksion sa-a, épi pa pouvoua mizérikòd li, sé pou Grammèt la padonnin-ou nan tou sa ou fè fot », nan chak sans yo té apliké-l.<sup>5</sup>

An plis ansègnman sou Onksion Sakré-a, yo prezanté nan doki-man Konsil Ékiménik yo, sa vlé di Florans, Trant sitou épi Vatikan II.

Apré Konsil Florans fi-n dékri éléman ésansièl Onksion malad yo, Konsil Trant la déklaré sé Bondié ki mété-l, épi li détayé bagay yo ki transmèt nan Lèt sin Jak la osijè Onksion Sakré-a, sitou parapò a natu épi rézilta sakréman-an : « Bagay sa-a réyèlman sé gras Ésprî Sin-an, li minm mak li éfasé fot yo, si ginyin toujou ki bézouin réparé, ak rès péché-a, épi li soulajé nanm malad la épi li ba-l fòs, antan li révéyé nan li yon gran konfians nan mizérikòd Bondié-a, li pèmèt malad la sipòté yon fason pi léjé ni inkonvéniyan maladi-a, ni difikilté yo, épi rézisté avèk plis fasilité tantasion démon-an *k-ap mét pièj nan talon-l* (Jénèz 3,15), épi ginyin santé kò-a pafoua, koté yo fin dégajé pou sovè nanm nan ».

Sinòd ki sin-an té proklamé an plis nan paròl sa yo Apot la déklaré yon fason ki pa voualé « mak sa-a sé pou yo sèvi avèk li pou malad yo, sitou vrèman sa yo ki si tèlman tonbé nan danjé-a yo kapab konsidéré yo kòm nan pòt lavi-a, sé poua, yo rélé-l tou sakréman moun k-ap pati yo ». Anfin pou sa-k konsèné véritab minis la, li déklaré sé prèt la.

Konsil Vatikan II-a minm gin bagay sa yo an plis : « 'Ékstrèm onksion'-an, li minm yo kapab minm rélé pi byin 'Onksion malad yo', sé pa sakréman moun yo sèlman yo konsidéré ki rivé nan dènié bout lavi-a. Konsa tan favorab pou résévoua-l la yo doué konsidéré-l

---

*Apostolique de Saint Hippolyte*, ed. B. BOTTE (*Liturgiewissenschaftliche Quellen und Forschungen*, 39), Münster in W. 1963, pp. 18-19; *Le Grand Euchologe du Monastère Blanc*, ed. E. LANNE (*Patrologia Orientalis*, XXVIII, 2), Paris 1958, pp. 392-395.

<sup>4</sup> Cf. *Pontificale Romanum : Ordo benedicendi Oleum Catechumenorum et Infirmorum et conficiendi Chrisma*, Città del Vaticano 1971, pp. 11-12.

<sup>5</sup> Cf. M. ANDRIEU, *Le Pontifical Romain au Moyen-Age*, t. 1, *Le Pontifical Romain du XII<sup>e</sup> siècle* (*Studi e Testi*, 86), Città del Vaticano 1938, pp. 267-268; t. 2, *Le Pontifical de la Curie Romaine au XIII<sup>e</sup> siècle* (*Studi e Testi*, 87), Città del Vaticano 1940, pp. 491492.

déja kom sètìn lè fidèl la kòmansé nan danjé lanmò poutèt maladi oubyin viyéès ». Préokipasion ki konsènè tout Égliz la pou-l sèvi ak sakréman sa-a, yo ouè-l nan paròl sa yo : « Gras a onksion sakré maladi yo épi priyé prèt yo, tout Égliz la ap rékòmandé maladi yo nan min Granmèt la ki soufri, ki glorifié pou-l soulaagé yo épi pou-l sovè yo (cf. *Jak* 5,14-16). An plis li insisté koté yo pou antan yo asosié yon fason lib ak soufrans épi lanmò Kris la (cf. *Romin* 8,17 ; *Kolosyin* 1,24 ; 2 *Timoté* 2,11-12 ; 1 *Piè* 4,13) yo sèvi pou byin Pèp Bondié-a ».

Sé pou yo gin tout bagay sa yo dévan jé yo nan rit sakréman Onksion-an pou rékonèt sa-k té inkonvénian pou chanjman yo, sé pou yo adapté pi byin nan laj nou-an.

Fòmul sakramantèl la nou jijé yo chanjé-l yon fason pou éfè sakramantèl yo parèt avèk plis satisfaksion nan paròl Jak yo yo rapòté-a.

Kòm luil oliv la yo té préskri jous koulié-a pou validité sakréman-an yo gin pou réalizé-a, nan anpil réjion li manké, oubyin li difisil pou achté, nou pasé lòd, sou démann anpil Évèk, pou dapré sikonstans favorab, yo kapab sèvi ak yon lòt luil apré sa, sèlman sé nan plant pou yo fè-l soti tankou luil ki soti nan pié oliv la.

Kanta kantité onksion yo épi manb yo pou yo maké yo, li parèt kòm sikonstans favorab yo fè rit la vi-n pi sinp.

Sé poua kòm égzamin sa-a touché rit sakramantèl la li minm minm nan sètìn bagay, avèk otorité Apostolik Nou déklaré pou yo obsèvé bagay sa yo ki vi-n pi louin-an, nan rit latin-an pou apré.

**SAKRÉMAN ONKSION MALAD YO, YO BAY MALAD YO LI, K-AP SOUFRI NAN DANJÉ ANTAN YO MAKÉ YO NAN FRON AK NAN MIN YO AK LUIL DOLIV OUBYIN DAPRÉ SIKONSTANS FAVORAB, AK YON LÒT LUIL KI SOTI NAN PLANT, ANTAN YO BÉNI-L JAN SA DOUÉ FÈT. ANTAN YO DI PARÒL SA YO YON SÈL FOUA : « PA POUVOUA ONKSION SA-A KI SIN-AN ÉPI PA POUVOUA MIZÉRIKÒD LI KI BON ANPIL LA SÉ POU GRANMÈT LA ÉDÉ-OU AK GRAS ÉSPRI-SIN-AN, POU ANTAN OU LIBÉRÉ ANBA PÉCHÉ-OU YO LI SOVÉ-OU ÉPI LI SOULAJÉ-OU AK BYINVÉYANS LI ».**

Sèlman, nan ka nésésité, li kont pou yo fè yon sèl onksion nan fron oubyin, akoz kondision spésial maladi la, nan yon lòt pati kò-a ki pi adapté, antan yo di tout fòmul la nèt.

Sakréman sa-a, yo kapab rékòmansé-l, si malad la, ki fi-n résevoua onksion-an, vi-n an santé, épi apré sa li vi-n tonbé nan maladi ankò, oubyin si, nan minm maladi-a k-ap kontinué-a, li bay sign li vi-n pi grav.

Apropo bagay sa yo ki réglé épi ki déklaré sou rit ésansiyèl Sakréman Onksion malad yo, Nou minm ak Otorité Apostolik Nou Nou aprouvé tou *Òrdo Onksion malad yo* ak *souin pastoral yo*, sa Sakré Kongrégasyon pou Kult Divin-an rékonèt la, épi an minm tan, si ka-a prezanté, antan yo pasé anlè preskripsion Kòd Doua Kanon-an avèk lòt loua yo ki gin otorité jous koulié-a, oubyin antan yo anilé yo, kanta lòt preskripsion yo minm ak loua yo, sa yo pa siprimé yo-a ni yo pa chanjé yo-a nan min Òrdo-a, yo rété ak validité yo épi ak solidité yo. Édition latin Òrdo sa-a ki gin nouvo fòm nan, l-ap soti tout-suit, kanta édition nan lang yo tradui yo, y-ap kòmansé gin valè jou chak Konférens Épiskopal désidé-a, antan Konférens Épiskopal yo préparé yo épi Sièj Apostolik la aprouvé yo ; kanta ansyin Òrdo-a jouska 31èm jou moua Désanm ané 1973 yo kapab sèvi avèk li. Sèlman apati jou premié janvié 1974 sé ak nouvo Òrdo-a sèlman pou tout moun sèvi, moun sa konsèné yo.

Sa nou établi épi nou preskri nan Rit Latin-an, nou vlé pou koulié-a épi apré li solid épi pou yo mété-l an pratik, san anyin pa anpéché, nan mézi sa t-a kapab fèt, nan Konstitision ak Règléman Apostolik Prédésésè Nou yo té bay lòd fè, épi nan lòt preskripsion, minm sa ki t-a mérité manson spésial.

Yo bay li a-Ròm, bò kot Sin Piè, jou 30 novanm 1972, dizièm ané Pontifika nou.

Pap PÒL VI

## RITUÈL ONKSION MALAD YO AVÈK SOUIN PASTORAL YO

### AVÈTISMAN JÉNÉRAL

#### I. MALADI MOUN NAN AK SIGNIFIKASION LI GINYIN NAN MISTÈ SOVÉ-A

**1.** Soufrans ak maladi moun yo toujou fè pati pi gran difikilté k-ap toumanté konsians yo. Min sa ki profesé lafoua krétyin-an, minmsi sé minm bagay yo santi épi yo ékspérimanté, poutan yo jouinn sékou ak limiè lafoua-a pou yo alé pi ro nan pran konsians mistè soufrans la épi pou yo sipoté ak plis fòs minm doulè sa yo. Réyèlman, non sèlman yo konnin apati paròl Kris la kisa maladi-a vlé di épi ki valè li ginyin pou sové pròp tèt yo épi minm pou sové tè-a, min tou yo byin konnin Kris la rinmin yo minm ki malad la, li minm ki té al vizité épi géri anpil malad pandan lavi-l.

**2.** Maladi yo, minm si yo gin rapò séré ak kondision moun péchè-a, yo pa kapab konsidéré yo an jénéral kòm yon chatiman yo t-a inflijé chak moun yo poutèt pròp péché yo (cf. *Jan* 9, 3). An plis, Kris la li minm ki san péché-a, antan l-ap akonpli sa-k té ékri nan profèt Izayi-a, li té poté tout blésu yo nan Soufrans li-a épi li té patisipé nan tout doulè moun yo (cf. *Izayi* 53, 4-5) ; pi plis toujou jous kounié-a li kontinié ap sibi toumant ak kè séré nan manb moun pa-l yo ki vi-n sanblé ak li, lè nou minm n-ap sibi sa-k rèd ; poutan tou sa sanblé sé pou yon moman épi minm léjè, si yo konparé yo ak chaj gloua pou tout tan-an, y-ap réalizé nan nou-an (cf. *2 Korintyin* 4, 17).

**3.** Sa fè pati dispozision providans Bondié-a minm, pou moun nan batay ak kouraj kont tout maladi épi chèché byin santé-a tou ak anpil souin, pou-l kapab ranpli fonksion li nan sosiété moun nan ak nan Égliz la, dépi yo jouinn li toujou paré pou-l konplété sa-k manké nan soufrans Kris la pou sové tè-a, antan l-ap tann libérasion kréati yo minm nan gloua pitit Bondié yo (cf. *Kolosyin* 1, 24 ; *Romin* 8, 19-21).

An plis fonksion malad yo nan Égliz la sé avèti lòt yo avèk témouagnaj yo pou yo pa bliyé bagay ki ésansièl yo oubyin réalité anro yo, épitou montré sé pa lintèmedié lanmò ak réziréksion Kris la pou lavi moun-nan ki kapab mouri-a vi-n rachté.

**4.** Sé pa malad la sèlman ki doué batay kont maladi-a, min tou médsin yo épi tout moun k-ap okipé malad yo nan ninpòt ki fason, yo doué konsidéré tout sa yo minm yo kapab fè oubyin éséyé oubyin antréprann, yo ouè ki kapab bon pou soulvé nanm ak kò malad yo ; réyèlman lè y-ap fè sa, sé paròl Kris la y-ap réalizé lè li-minm li té bay lòd vizité malad yo, kòm si-l t-a di sé tout moun-nan yo rinmèt bay sa yo k-ap vizité-a, pou yo jouinn sékou ak sa k-ap édé kò-a épi pou yo réfè ak rékonfò spirituèl la.

## II. KI JAN POU YO BAY SAKRÉMAN MALAD YO

### A. Onksion malad yo

**5.** Réyèlman Granmèt la té pran souin malad yo anpil ni pou kò yo ni pou éspri yo épi sé konsa tou li té bay fidèl li yo lòd pou pran souin yo. Évanjil yo témouagné sa sifizamman épi sitou Granmèt la montré sakréman Onksion-an li minm minm li té établi-a épi ki déklaré nan lèt sin Jak la. An konsékans Égliz la té abitué sélébré onksion-an ak priyé prèt yo pou manb li yo antan-l rékòmandé malad yo bay Granmèt la ki té soufri épi ki glorifié pou-l kapab rélvé yo épi sové yo (cf. *Jak* 5, 14-16), pi plis toujou li té ankourajé yo pou yo té asosié pròp tèt yo volontèman ak soufrans épi lanmò Kris la (cf. *Romèn* 8,17)<sup>1</sup> pou yo kapab kolaboré pou byin pèp Bondié-a.<sup>2</sup>

Moun nan réyèlman, lè-l malad grav, li bézouin gras Bondié yon fason patikilié, pou antan angouas séré kè-l, dékourajman frapé-l fò épi antan l-ap sibi tantasion, li pa rivé fébli minm nan lafoua-l pétèt.

Sé poutèt sa Kris la bay fidèl li yo k-ap soufri ak maladi-a sakréman Onksion-an, tankou yon réfij ki solid anpil.<sup>3</sup>

Sélébrasion sakréman sa-a min kisa li ye avantou : sé pou lè prèt Égliz la fi-n fè inpozision min yo, yo di priyé lafoua-a épi pasé luil ki sanktifié ak bénédikcion Bondié-a sou malad la. Ak rit sa-a yo signifié épi yo bay gras sakréman-an.

<sup>1</sup> Cf. etiam Col 1, 24; 2 Tim 2, 11-12; 1 Petr 4,13.

<sup>2</sup> Cf. Conc. Trid., Sessio XIV, De extrema unctione, cap. 1: Denz-Schön. 1965; Conc. Vat. II, Const. *Lumen gentium*, n. 11: AAS 57 (1965) 15.

<sup>3</sup> Cf. Conc. Trid., Sessio XIV, De extrema unctione, cap. 1: Denz-Schön. 1694.

**6.** Sakréman sa-a bay malad la gras Éspri Sin-an, k-ap édé pou sové tout moun nan, pou konfians nan Bondié rélvé-l épi pou-l vi-n gin fòs kont tantasion malin-an épi kè séré lanmò-a, pou-l kapab non sèlman sipòté maladi-a ak kouraj min tou pou-l kapab batay kont li épi rivé jouinn santé-a, si sa bon pou sové-l spirituèlman ; si sa nésésè tou, li bay padon péché yo épi achèvmman Pénitans krétièn nan.<sup>4</sup>

**7.** Nan Onksion sakré-a, ki an rapò ak priyè lafoua-a (cf. *Jak 5, 15*), yo éksprimé lafoua-a, sa ki gin pou révéyé toudabò-a, ni nan sa k-ap administré-a ni sitou nan sa k-ap résévoua sakréman-an ; pròp lafoua malad la réyélmman ak lafoua Égliz la k-ap sové-l, lafoua k-ap konsidéré lanmò ak réziréksion Kris la koté sakréman-an pran éfikasité-l (cf. *Jak 5, 15*),<sup>5</sup> épi li gadé péyi-roua k-ap vini-an, sa yo déja ofri-l avangou li-a nan sakréman yo.

#### a) Moun yo doué bay Onksion-an

**8.** Nan lèt Jak la yo déklaré yo doué sèvi ak Onksion-an pou malad yo, pou-l kapab rélvé yo épi sové yo.<sup>6</sup> Donk yo doué fè tout éfò épi san pèdi tan pou bay Onksion sakré sa-a pou fidèl yo ki fébli yon fason grav poutèt maladi oubyin laj granmoun.<sup>7</sup>

Min pou jijé osijè sa ki konsènè gravité maladi-a, sa sifi pou gin yon jijman prudan oubyin probab osijè-l,<sup>8</sup> y-a rétiré inkiétud osijè sa épi y-a pran konsèy, si sa nésésè, nan min médsin-an.

**9.** Yo kapab rétownin bay sakréman sa-a si malad la géri apré li résévoua Onksion-an, oubyin si, antan minm maladi-a ap kontinié, danjé-a t-a vi-n pi grav.

**10.** Anvan yon intèvansion chirurjikal (nan langaj kouran : yon « opérasion ») yo kapab bay Onksion sakré-a chak foua sé danjé yon maladi ki kòz intèvansion sa-a.

**11.** Pou granmoun yo, sa fòs yo vi-n afébli anpil la, minm si sé pa poutèt yon maladi grav, yo kapab ba yo Onksion-an.

<sup>4</sup> Cf. *Ibid.*, prooem. et cap. 2: Denz.-Schön. 1694 et 1696.

<sup>5</sup> Cf. S. Thomas, *In IV Sententiarum*, d. 1, q. 1, a. 4, qc. 3.

<sup>6</sup> Cf. Conc. Trid., Sessio XIV, De extrema unctione, cap. 2 : Denz.-Schön. 1698.

<sup>7</sup> Cf. Conc. Vat. II, Const. *Sacrosanctum Concilium*, n. 73 : AAS 56 (1964) 118-119.

<sup>8</sup> Cf. Pius XI, Epist. *Explorata res*, 2 febr. 1923.

**12.** Timoun yo tou, yo déja kapab administré yo Onksion sakré-a, dépi yo gin asé konpréansion pou yo kapab jouinn rékonfò nan sakréman sa-a.

**13.** Nan katéchis yo bay ni an komin ni pou fanmi-an sé pou yo instoui fidèl yo yon fason pou yo mandé Onksion-an épi tousuit, lè tan konvnab pou yo résévoua-l la t-a rivé, pou yo résévoua-l ak lafoua an plin épi ak dévotion nanm, épitou pou yo pa tonbé nan mové abitud ranvouayé sakréman-an pou pi ta. Sé pou yo bay tout moun k-ap asisté malad yo ansègnman osijè nati sakréman sa-a.

**14.** Malad yo ki t-a rivé pèdi konésans oubyin pèdi larézon, yo kapab ba yo sakréman Onksion sakré-a, si lè léspri yo té an bon éta, antan yo gin lafoua yo t-ap mandé sa san okinn dout.<sup>9</sup>

**15.** Pè-a yo rélé kot yon malad ki déja mouri, sé pou-l priyé Bondié pou li, pou-l padoné-l anba péché yo épi pou-l admèt li ak bon kè nan péyi roua-l la ; min pè-a pa doué administré-l Onksion-an. Min si li gin dout èské malad la mouri tout bon, li kapab ba-l sakréman sa-a sou kondision (n. 135).<sup>10</sup>

### **b) Minis Onksion malad yo**

**16.** Minis patikilié pou Onksion malad yo sé pè-a sèlman.<sup>11</sup>

Évèk yo, kuré yo ak vikè yo, pè yo bay kòm fonksion pou souin malad yo oubyin granmoun yo nan lopital yo, épi supériè kominoté rélijijé klérikal yo, yo égzèsé fonksion ministè sa-a òdinèman.<sup>12</sup>

**17.** Sé dévoua yo ni pou yo dispozé malad yo épi moun ki prézan yo ak yon préparasion adapté pou sakréman-an, antan rélijijé ak layik ap édé yo, ni tou pou yo bay malad yo sakréman-an.

Sa korésponn a Òdinè koté a pou-l réglé sélébrasion sa yo koté pétèt malad diféran parouas oubyin lopital rasanblé pou résévoua Onksion sakré-a.

---

<sup>9</sup> Cf. C.I.C., can. 943.

<sup>10</sup> Cf. C.I.C., can. 941.

<sup>11</sup> Cf. Conc. Trid., Sessio XIV, De extrema unctione, cap. 3 et can. 4 : Denz.-Schön. 1697 et 1719 ; C.I.C., can. 938.

<sup>12</sup> Cf. C.I.C., can. 938.



**18.** Lèt pè yo bay Onksion-an ak konsantman minis yo indiké pi ro-a, n. 16. Nan ka nésésité minm, sa sifi pou, antan yo sipozé konsantman-an, yo notifié kuré-a oubyin omonié lopital la osijè Onksion yo fè-a.

**19.** Lè dé oubyin pliziè prèt prézan bò koté yon malad, anyin pa anpéché pou youn nan yo di priyè yo épi fè Onksion-an ak fòmul la, lèt yo minm kapab distribué chak lèt pati rit la antré yo, tankou rit pou kòmansé yo, léktu paròl Bondié-a, invokasion yo ak avètisman yo. An plis, yo chak kapab inpozé min yo.

### c) Sa yo bézouin pou sélébré Onksion-an

**20.** Matiè ki fèt pou sakrèman-an sé luil ki soti nan oliv yo oubyin, nan ka nésésité, yon lèt luil yo ékstrè nan plant yo.<sup>13</sup>

**21.** Luil pou yo sèvi ak li nan Onksion malad yo sé Évèk la ki doué béni-l pou sa oubyin yon prèt ki joui fakilté sa-a ak fòs doua-a minm oubyin poutèt yon otorizasion patikilié Sièj Apostolik la.

An plis Évèk yo, moun ki gin doua pou yo kapab béni Luil ki pou sèvi nan Onksion malad yo sé :

a) moun doua-a bay minm otorité ak Évèk diosézin-an ;

b) nan ka nésésité tout bon, ninpòt ki prèt.<sup>14</sup>

Bénédikcion Luil malad yo nòmalmen sé Évèk la ki fè-l jou jédi nan Sémèn sint la.<sup>15</sup>

**22.** Lè pè-a, dapré n. 21b, gin pou-l béni Luil la anndan rit la, prèt la kapab poté Luil li doué béni-an oubyin fanmi malad yo kapab préparé-l nan yon résipian ki konvnab. Min sa ki rété an plis nan Luil béni-an apré sélébrasion-an, antan yo ajouté koton ladan-l y-a boulé-l nan difé.

Min lè pè-a sèvi ak Luil Évèk oubyin pè-a minm té béni anvan, nan yon résipian koté yo konsèvé-l, l-ap poté-l alé avèk li. Résipian sa-a minm, ki fèt apati yon matiè ki adapté pou konsèvé Luil la, sé pou-l pròp épi pou-l gin asé Luil yo vidé nan koton pou plis komodi-

<sup>13</sup> Cf. *Ordo benedicendi Oleum catechumenorum et infirmorum et conficiendi Chrisma*, Praenotanda, n. 3. Typis Polyglottis Vaticanis 1970.

<sup>14</sup> Cf. *Ibid.*, Praenotanda, n. 8.

<sup>15</sup> Cf. *Ibid.*, Praenotanda, n. 9.

té. Nan ka sa-a, pè-a, apré li fi-n fè Onksion-an, ap rémété résipian-an koté yo konsèvé-l ak dignité. Min sé pou-l fè atansyon pou Luil la rété nan kondision pou yo sèvi avèk li konsa pou moun yo, épi pou yo chanjé-l nan tan ki konvnab la, soua chak ané apré Évèk la fè bénédiksyon Luil la nan jédi Sémèn sint la, oubyin pi souvan si sa nésésè.

**23.** Yo bay malad la Onksion-an antan yo pasé luil la sou fron-l ak nan minm-l yo ; sa konvnab pou yo divizé fòmul la yon fason pou yo di prémié pati-a pandan y-ap fè onksion sou fron-an, lòt pati-a minm antan y-ap fè onksion sou min yo.

Poutan, nan ka nésésité, sa sifi pou yo fè yon sèl onksion sou fron oubyin, poutèt kondision patikilié malad la, sou yon lòt pati nan kò-a ki pi adapté, antan yo di tout fòmul la.

**24.** Min anyin pa anpéché ditou, pou antan yo konsidéré mantalité ak tradision pèp yo, yo ogmanté kantité onksion yo oubyin yo chanjé koté pou yo fè yo-a, bagay yo doué prévoua nan konpozision Rituèl patikilié yo.

**25.** Fòmul yo doué bay Onksion malad yo ak li-a dapré rit Latin-an sé :

Pa pouvoua onksion sa-a ki sin-an  
 épi pa pouvoua mizérikòd li ki bon anpil la,  
 sé pou Granmèt la édé-ou avèk gras Éspré Sin-an,  
 pou antan-ou libéré sot anba péché yo  
 li sovè-ou épi li soulajé-ou ak bon kè-l.

## **B. Viatik la**

**26.** Nan travèsé sot nan lavi sa-a, fidèl la, antan-l vi-n pran fòs ak viatik Kò épi San Kris la, yo ba-l asirans réziréksion-an, dapré paròl Granmèt la : « Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li gin lavi ki pap janm fini-an : mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a » (*Jan 6, 54*).

Si sa kapab fèt, sé pou yo réservoua Viatik la anndan Mès la, yon fason pou malad la kapab kominié sou toulèdé éspès yo, épitou pou kominion yo réservoua tankou viatik la kapab gin signifkasyon

patikilié li sé patispasion nan mistè yo sélébré nan sakrifis Mès la, sètadi lanmò Granmèt la épi travèsé li travèsé al jouinn Papa-a.<sup>16</sup>

**27.** Tout moun ki batizé ki kapab résévoua kominion sakré-a gin obligasion pou yo résévoua Viatik la. Réyèlman, tout fidèl yo ki nan danjé lanmò, kèlkésoua kòz ki fè sa, yo gin obligasion pou résévoua kominion sakré-a ; pastè yo minm doué véyé pou yo pa ranvouayé administrasion sakréman sa-a pou pi ta, min pou yo réfè fidèl yo ak li pandan yo gin plèn konsians toujou.<sup>17</sup>

**28.** An plis sa bon pou nan sélébrasion Viatik la fidèl yo rénouvlé lafoua Batèm nan, koté yo té résévoua adopsion pami pitit Bondié yo épi yo té fè yo vi-n éritié tou nan promès lavi pou tout tan-an.

**29.** Minis òdinè Viatik la sé kuré-a épi vikè-l yo, pè ki gin fonksion pran souin malad yo nan lopital yo, épi sipériè kominoté rélijijé klérikal yo. Nan ka nésésité, ninpòt pè kapab administré Viatik la, antan-l sipozé pèmision minis ki gin konpétans pou sa-a.

Min si prèt la pa la, yon diak kapab poté Viatik la bay malad la oubyin yon lòt fidèl, gason kon fi, Évèk la délégé jan sa doué fèt, dapré otorité Sièj Apostolik la, pou-l distribué Ékaristi-a bay fidèl yo. Nan ka sa-a, diak la sèvi ak minm rit yo dékri nan Rituèl la, lòt yo minm suiv rit yo pran dòdinè pou distribiyé kominion sakré-a, min antan yo sèvi ak fòmul ki pròp pou administré Viatik la yo propozé nan Rituèl la (n. 112).

### C. Rit ki gin ansanm Pénitans la, Onksion-an ak Viatik la

**30.** Kòm trè fasilman gin ka patikilié ki kapab prezanté koté oubyin poutèt yon maladi sibit oubyin lòt kòz, fidèl yo kapab trouvé yo toupré danjé lanmò prèské sanzatann, gin yon rit rapid pou yo kapab bay malad la sakréman Pénitans la, Onksion-an épi Ékaristi-a kòm Viatik.

Min si, antan danjé lanmò-a déja la, tan-an pa pèmèt administré tout sakréman yo nan fason yo dékri pi ro-a, sé pou toudabò yo bay

<sup>16</sup> Cf. S. Congr. Rituum, *Instructio Eucharisticum mysterium*, 25 maii 1967, nn. 36, 39, 41 : AAS 59 (1967) 561, 562, 563 ; Paulus VI, Litt. Apost. *Pastorale munus*, 30 nov. 1963, n. 7 : AAS 56 (1964) 7 ; C.I.C., can. 822, 4.

<sup>17</sup> Cf. S. Congr. Rituum, *Instructio Eucharisticum mysterium*, 25 maii 1967, no. 39 : AAS 59 (1967) 562.

malad la opòtinité pou konfésion sakramantèl la, minm si-l t-a fè-l yon fason jénéral dapré nésésité-a, apré sa yo ba-l Viatik la, sa ninpòt fidèl ki an danjé pou-l mouri doué résévoua-a. Apré sa, si gin tan toujou, y-a ba-l Onksion sakré-a.

Min si poutèt maladi-a, li pa kapab résévoua Kominion sakré-a, sé pou yo administré-l Onksion sakré-a.

**31.** Si yo doué bay malad la sakréman Konfirmasion-an, sé pou yo konsidéré sa yo indiké pi ba-a nan nn. 117, 124, 136-137.

Nan danjé lanmò, si li pa posib pou Évèk la gin fasilité pou-l la oubyin li anpéché pou yon rézon léjitim, moun ki pral suiv yo joui fakilté pou yo konfirmé doua-a li minm ba yo : kuré yo épi vikè parouas yo, lè yo absan vikè koopératè yo ; prêt yo k-ap dirijé parouas patikilié ki érijé jan sa doué fèt ; vikè ki ékonòm yo ; vikè ki ranplasé yo épi vikè k-ap édé yo. Lè tout sa yo sot di yo t-a absan, ninpòt pè ki pa anba okinn sansur oubyin pèn kanonik.<sup>18</sup>

### III. FONKSION YO ÉPI MINISTÈ YO ALÉGA MALAD YO

**32.** Nan Kò Kris la, ki Égliz la, si yon manb ap soufri, tout manb yo soufri ansanm ak li (*1 Korintyin* 12, 26).<sup>19</sup> Sé poutèt sa mizérikind aléga malad yo épi sa yo rélé aksion charité épi sékou youn bay lòt pou soulajé tout éspès nésésité moun ginyin, yo gin dignité prinsipal,<sup>20</sup> épi tout éfò disipli-n téknik biolojik pou prolonjé longè lavi-a<sup>21</sup> épi tout souin yo pran ak tout kè aléga malad yo, kèlkésoua moun ki fè yo, yo kapab konsidéré yo kòm yon préparasion pou Évanjil la épi nan yon sètin fason yo patisipé nan ministè soulajman<sup>22</sup> Kris la.

**33.** Sé poutèt sa sé nan pi ro dégré sa koréponn pou tout batizé yo patisipé nan sèvis charité youn pou lòt sa-a nan Kò Kris la, soua nan lité kont maladi-a ak nan rinmin aléga malad yo, soua nan sélébrasion sakréman yo pou malad yo. Réyèlman, sakréman sa yo, tankou tout

<sup>18</sup> Cf. *Ordo Confirmationis*, Praenotanda, n. 7c. Typis Polyglottis Vaticanis 1971.

<sup>19</sup> Cf. Conc. Vat. II, Const. *Lumen gentium*, n. 7 : AAS 57 (1965) 9-10.

<sup>20</sup> Cf. Conc. Vat. II, Decr. *Apostolicam actuositatem*, n. 8 : AAS 58 (1966) 845.

<sup>21</sup> Cf. Conc. Vat. II, Const. *Gaudium et spes*, n. 18 : AAS 58 (1966) 1038.

<sup>22</sup> Cf. Conc. Vat. II, Const. *Lumen gentium*, n. 28 : AAS 57 (1965) 34.

lòt yo, yo gin yon karaktè kominotè nan yo, épi sa bon pou yo manifésté-l nan sélébrasion-an, nan mézi sa kapab fèt.

**34.** Fanmi malad yo oubyin sa yo k-ap pran souin yo pou ninpòt ki rézon gin yon ròl patikilié nan ministè soulajman sa-a. Sé yo minm toudabò ki doué bay malad yo fòs ak paròl lafoua-a épi priyè ansanm nan, sé pou yo rékòmandé yo kot Granmèt la k-ap soufri épi ki glorifié-a, plis toujou sé pou yo ankourajé yo asosié pròp tèt yo volontèman ak soufrans épi lanmò Kris la, pou yo patisipé nan byin pèp Bondié-a.<sup>23</sup> Min lè maladi-a ap vi-n pi grav, sé yo minm ki pou avèti kuré parouas la, épitou, ak prudans, sé pou yo dispozé malad la li minm ak jantiyès nan paròl yo pou yo résévoua sakréman yo a tan.

**35.** Sé pou pè yo sonjé, sitou kuré parouas yo épi lòt yo mansioné nan n. 16 la, sé travay yo pou yo pran anpil souin vizité malad yo pèsoneyman épi édé yo ak jénérozité charité-a.<sup>24</sup> Min sitou nan administrasion sakréman yo sé dévoua yo pou yo soulvé éspérans moun ki prézan yo épi chofé lafoua nan Kris la ki soufri épi ki glorifié-a, yon fason pou, antan yo poté priyè ak aféksion Égliz la ki manman ansanm ak konsolasion lafoua-a, yo soulajé moun ki kouè yo épitou yo lévé tout lòt yo nan diréksion bagay anro yo.

**36.** Min pou yo kapab kapté pi byin sa y-ap di osijè sakréman Onksion-an ak Viatik la, pou yo rivé nourri lafoua-a pi byin, ranfòsé-l épi déklaré-l, sa inpòtan anpil pou yo kondui ni fidèl yo an jénéral ni pi plis toujou malad yo, gras a yon katéchèz adapté, nan préparasion sélébrasion-an oubyin nan patisipé aktuèlman ladan-l, sitou si-l fèt an komin. Réyéyman priyè lafoua-a ki akonpagné sélébrasion sakréman-an li favorizé gras a déklarasion minm lafoua sa-a.

**37.** Nan préparé épi òganizé sélébrasion sakréman yo, sé pou pè-a chèché konnin éta malad la, yon fason pou-l konsidéré sa nan dispozé rit la, nan chouazi léktu Sint Ékritu yo épi priyè yo, nan sélébré oubyin pa sélébré Mès pou bay Viatik la, etc. Sé pou-l dispozé tout sa anvan, nan mézi sa kapab fèt, avèk malad la li minm oubyin ak fanmi li, antan-l ékspliké signifikasion sakréman yo.

<sup>23</sup> Cf. *Ibid.*, n. 21.

<sup>24</sup> Cf. C.I.C., can. 468, 1.

#### IV. ADAPTASION KI DÉPANN DÉ KONFÉRANS ÉPISKOPAL YO

**38.** Sa korésonn a Konfèrans Épiskopal yo, an vètu Konstitision osijè Litiji sakré-a (art. 63 b), pou yo préparé tit nan Rituèl patikilié yo ki korésonn ak tit Rituèl Romin sa-a, antan yo adapté yo ak nésésité chak réjion, pou, apré Sièj Apostolik la fi-n révizé désizion yo, yo kapab sèvi ak yo nan réjion koté sa korésonn.

Poutèt sa, sé dévoua Konfèrans Épiskopal yo :

a) Pou yo défini adaptasion yo, sa yo di nan art. 39 Konstitision osijè Litiji sakré-a.

b) Pou yo konsidéré avèk souin épi prudans kisa yo kapab admèt yon fason konvnab apati tradision ak mantalité chak pèp yo ; yon fason pou lòt adaptasion yo éstimé ki itil oubyin nésésè yo, yo propozé yo bay Sièj Apostolik la, épi yo introdui yo avèk konsantman minm Sièj Apostolik sa-a.

c) Pou, si t-a ginyin, yo konsèvé oubyin yo adapté kèk éléman pròp ki déja nan Rituèl patikilié yo osijè malad yo, nan mézi yo kapab alé avèk Konsititision osijè Litiji sakré-a oubyin nésésité aktuèl yo.

d) Pou yo préparé tradiksion tèks yo, yon fason pou yo vrèman korésonn a karaktè diféran langaj yo épi mantalité kilti yo, antan yo ajouté, chak foua sa t-a nésésè, mélodi ki adapté pou chan-an.

e) Pou yo adapté avètisman jénéral ki nan Rituèl Romin-an, si sa nésésè, épi konplété-l pou fè patisipasion fidèl yo vi-n pi konsian épi aktif.

f) Pou yo òdoné matiè-a nan édition liv litijik Konfèrans Épiskopal yo doué pran souin préparé yo, nan fason yo ouè ki pi adapté pou itilizasion pastoral la.

**39.** Lè Rituèl Romin-an prezanté pliziè fòmul o choua, Rituèl patikilié yo kapab ajouté lòt fòmul ki nan minm fason-an.

#### V. ADAPTASION MINIS LA DOUÉ FÈ

**40.** Sé pou minis la, antan-l konsidéré sikonstans yo ak lòt nésésité épitou sa malad yo ak lòt fidèl yo souété, sèvi libréman ak divès posibilite yo ofri nan rit la.

a) Toudabò antan-l fè atansion a fatig malad yo épi variasion nan kondision fizik yo pandan jounin-an oubyin minm pandan lè-a. Poutèt sa li kapab, si sa nésésè, fè sélébrasion-an pi kout.

b) Lè pa gin okinn group fidèl ki prézan, sé pou pè-a sonjé nan li minm ak nan malad la Égliz la déjà la. Sé pou-l fè éfò poutèt sa pou-l ofri malad sa-a rinmin ak èd kominoté-a ni anvan sélébrasion sakréman-an ni apré sa, soua li minm pèsonèlman, oubyin si malad la aksépté sa, pa lintèmediè lòt krétyin kominoté lokal la.

c) Si apré Onksion-an malad la géri, l-a konséyé-l yon fason ki konvnab pou-l rann gras jan sa doué fèt pou byinfè li jouinn nan, parégzanp antan li patisipé nan Mès pou rann Bondié gras la, oubyin yon lòt fason ki adapté.

**41.** Minm jan-an tou, nan sélébrasion-an sé pou-l obsèvé strikti rit la, min antan-l adapté-l ak sikonstans koté-a épi moun yo. Akt pénitansièl la, si sa nésésè, sé pou-l fè-l nan kòmansman rit la oubyin apré léktu Sint Ékritu-a. Nan plas aksion-d-gras sou luil la, si sa nésésè li kapab sèvi ak yon avètisman. Sé pou-l konsidéré sa sitou lè malad la kouché nan lopital, épi lòt malad yo ki kouché nan minm koté-a pétèt pap patisipé ditou nan sélébrasion-an.

## Chapit I

### VIZIT AK KOMINION MALAD YO

#### I. VIZIT MALAD YO

**42.** Tout krétyin yo antan yo patisipé nan atansyon ak charité Kris la avèk Égliz la pou malad yo, yo fè atansyon pou yo byin pran souin malad yo dapré kondisyon yo chak antan yo vizité yo épi yo ankourajé yo nan Granmèt la, épi yo poté yo sèkou nan bèzouin tankou frè k-ap édé frè.

**43.** Sitou kuré yo avèk lòt moun yo k-ap okipé malad yo, yo adrésé yo paròl lafoua koté yo montré yo signifikasyon maladi moun-nan nan mistè k-ap sovè nou-an ; yo avèti yo an plis pou yo aprann fè yon sèl avèk Kris la k-ap souffri-a antan yo kléré yo nan lafoua épi anfin pou yo profité sanktifé maladi yo-a avèk priyè épi apati priyè sa-a pou yo aprann pran fòs pou nanm yo pou yo kapab sipòté doulè.

Sé pou yo fè atansyon tou pou ofiamézi, yo kondui malad yo pou yo patisipé jan sa doué fèt épi souvan dapré kondisyon chak moun nan sakrèman Pénitans la avèk Ékaristi-a épi sitou pou yo résévoua Onksyon sakré-a avèk Viatik-la a tan.

**44.** Sa bon pou yo kondui malad yo nan lapriyè oubyin pou kont yo oubyin ansanm avèk fanmi yo oubyin avèk moun k-ap okipé yo, antan yo pran priyè-a sitou nan Sint Ékritu-a soua antan y-ap médité sou bagay k-ap kléré mistè maladi moun nan nan Kris la avèk nan aksyon li, soua antan yo pran nan fòmul priyè ak santiman nan Psòm yo avèk kèk tèks. Pou yo fè priyè sa-a yon fason kòrèk yo kapab jouinn èd ki adapté ; sitou prèt yo pafoua yo fè minm priyè-a avèk yo jan yo vlé.

**45.** Nan vizit malad yo, pè-a kapab préparé ak yon konvèsasyon fratènèl òganizasyon priyè an komin-an apati sa ki adapté sou mòd sélébrasyon paròl Bondié-a. Y-a ajouté sou Léktu paròl Bondié-a priyè yo doué pran nan Psòm yo oubyin dèt priyè oubyin litani yo ; épi alafin pè-a bay malad la bénédiksyon, si ka-a prezanté, avèk inpozisyon min yo.



## II. KOMINION MALAD YO

46. Pastè yo doué fè atansion pou malad yo ak moun ki avansé nan laj yo, minm si yo pa malad grav ni nan danjé pou yo pré mourri, pou souvan, minm chak jou si posib, sitou nan tan paskal, pou ofri yo richès okazion résévoua Ékaristi-a sou éspès pin-an, yo gin doua administré-l ba yo sou éspès divin-an sèlman, antan yo obsèvé sa yo di pi ba-a, n. 95.

Moun yo minm k-ap okipé malad la, yo kapab résévoua kominion sakré-a avèk li, antan yo obsèvé sa yo doué obsèvé nan doua-a.

47. Pou poté Ékaristi ki sakré-a pou administré kominion andéyò légliz-la, y-a poté éspès sakré yo nan yon kòf oubyin yon lòt véso ki fèmin dapré abitud ak fason ki adapté nan koté sa yo.

48. Moun yo ki rété ansanm avèk malad la oubyin moun yo k-ap okipé-l la, yo doué avèti yo davans pou yo paré chanm malad la jan sa doué fèt avèk yon tab ki kouvri avèk yon linj, koté pou yo dépozé Sakréman-an. Sé pou yo prévoua tou, si sé abitud, yon véso avèk dlo bénit épi yon goupion oubyin yon ti branch boua ki kapab sèvi pou voyé dlo, épi chandèl sou tab la.

### 1. RIT ÒDINÈ KOMINION MALAD YO

49. Antan pè-a proche kot malad la, li abiyé avèk ònéman ki adapté ak ministè sakré sa-a, li salué malad la avèk lòt moun yo ki prézan yo avèk jantiyès, antan-l sèvi, si nésèsè avèk salutation-an :

**Lapè pou kay sa-a ak pou tout moun ki abité ladan-l.**

Oubyin :

**Lapè Granmèt la avèk nou tout (avèk ou).**

Dòt fòmül salutation, nn. 230, 231.

Apré sa, antan-l dépozé Sakréman-an sou tab la, li adoré-l, ansanm ak moun yo ki la-a.

50. Apré sa, sèlon sikonstans favorab, antan-l résévoua dlo bénit, li aspèjé malad la ak kabann nan, antan-l di fòmül sa-a oubyin yon lòt ki propozé nan Rituèl patikilié-a :

**Sé pou dlo sa-a fè sonjé batèm nan nou té résévoua-a,  
épi sé pou-l fè raplé Kris la,  
ki té rachté nou ak Soufrans li épi Rézikéksion li.**

51. Si sa nésèsè, pè-a résévoua konfésion sakramantèl malad la.

52. Min lè konfésion sakramantèl malad la pa fèt anndan rit la oubyin gin lòt moun ki la pou kominié, pè-a invité malad la ak lòt moun yo ki prézan yo pou yo fè akt pénitansièl la :

**Frè-m yo, an nou rékonèt péché nou yo, pou nou paré pou patisipé nan sélébrasion sakré sa-a.**

Yo fè yon poz silans tou kout. Apré sa tout moun ansanm fè konfésion-an :

**Dévan Bondié ki gin tout pouvoua  
épi dévan nou minm tou, frè-m yo,  
mouin rékonèt mouin fè anpil péché  
nan sa-m pansé, nan sa-m di, nan sa-m fè, ak nan sa-m réfizé fè.**

épi antan yo frapé léstomak yo, yo di :

**Sé fot mouin, sé fot mouin, sé fot mouin vré.**

Apré sa yo kontinié :

**Sé pousa mouin mandé Mari ki sin é ki toujou rété Vièj,  
tout Anj yo ak Sin yo  
épi nou minm tou, frè-m yo,  
lapriyé Bondié Granmèt nou-an pou mouin.**

Épi pè-a fini :

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua pran pitié pou nou,  
sé pou-l padonnin péché nou,  
sé pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.**

Tout moun réponn :

**Amèn.**

Dòt fòmul akt pénitansièl yo kapab chouazi, nn. 232-233.

**53.** Apré sa, sèlon sikonstans favorab, youn nan moun yo ki la-a oubyin pè-a li minm kapab li yon tèks Sint Ékritu-a, parégzanp :

**Jan 6, 54-55 :** Moun ki manjé chè-m  
épi ki bouè san-m,  
li gin lavi ki pap janm fini-an :  
mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.  
Kò-m sé yon manjé tout bon vré,  
san-m sé yon bouason tout bon vré.

**Jan 6, 54-59 :** Moun ki manjé chè-m  
épi ki bouè san-m,  
li gin lavi ki pap janm fini-an :  
mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.  
Kò-m sé yon manjé tout bon vré,  
san-m sé yon bouason tout bon vré.  
Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m,  
li rét nan mouin épi mouin minm nan li.  
Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan,  
épi mouin viv akoz Papa-a ;  
konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akoz mouin tou.  
Sa-a sé pin-an ki désann sot nan sièl la.  
Sé pa tankou zansèt nou yo ki té manjé ma-n nan,  
épi ki té mouri yo.  
Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan.

**Jan 14, 6 :** Mouin sé chémin-an, vérité-a ak lavi-a.  
Pèsòn pa vi-n kot Papa-a, sof si-l pasé pa lintèmediè-m.

**Jan 14, 23 :** Si yon moun rinmin-m, l-ap kinbé paròl mouin,  
Papa-m ap rinmin-l,  
n-ap vi-n jouinn li, n-ap abité lakay li.

**Jan 15, 4 :** Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou.  
Minm jan branch la pa kapab donnin foui pou kont li-a,  
si-l pa rét nan pié rézin-an,  
konsa tou nou minm non plis, si nou pa rété nan mouin.

**1 Korintyin 11, 26 :** Chak fousa réyèlman n-ap manjé pin sa-a, n-ap bouè kalis sa-a,  
sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé, joutan li vini.

Oubyin :

Jan 14, 27 ; Jan 15, 5 ; 1 Jan 4, 16.

Dapré bézouin, yo kapab fè yon ti éksplikasyon tou kout sou tèks sa-a.

54. Apré sa pè-a avèk paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé ak yo li introdui résitasyon priyé Granmèt la :

**Koulié-a minm, antan nou fè yon sèl, an nou priyé Bondié, jan Granmèt nou Jézu-Kri té aprann nou priyé-a :**

épi tout moun ansanm kontinué :

**Papa nou, ki nan sièl la :**  
**sé pou yo réspékté non-ou ;**  
**sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;**  
**sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.**  
**Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;**  
**padonnin sa nou fè-ou,**  
**tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy ;**  
**pa kité nou pran nan pièj ;**  
**min délivré nou ak sa ki mal.**

55. Lè sa-a atò pè-a montré Trè Sin Sakréman-an antan-l di :

**Min Jézu Mouton Bondié-a, ki ouété péché tè-a.**  
**Ala kontantman pou sa yo yo rélé nan résépsion Mouton-an.**

Malad la avèk lòt moun yo ki gin pou kominié yo ansanm yo di :

**Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré lakay mouin ;**  
**min di yon sèl paròl, é nanm mouin va géri.**

56. Pè-a proché kot malad la, épi antan-l montré-l Sakréman-an, li di-l :

**Kò Jézu-Kri (oubyin : San Jézu-Kri).**

Malad la réponn :

**Amèn.**

Épi li kominié.

Lòt moun yo ki la-a ki gin pou yo kominié yo résévoua sakréman-an kòm dòdinè.

57. Lè yo fi-n distribué kominion-an, minis la fè purifikasion-an kòm dòdinè, apré sa, dapré bézouin, yo kapab obsèvé yon silans sakré pandan kèk éspas tan.

Apré sa, pè-a di priyè ki fini-an :

**An nou lapriyè.**

**Granmèt, Papa ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua ki la dépi tout tan é pou tout tan,**

**n-ap priyé-ou avèk fidélité**

**pou Kò (San) Granmèt nou Jézu-Kri Pitit ou-a ki sin anpil la sèvi kòm rémèd tout tan**

**ni pou kò ni pou nanm**

**frè nou-an (sè nou-an) ki résévoua-l la.**

**Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

**℟: Amèn.**

Dòt priyè yo kapab chouazi, nn. 234-236.

58. Apré sa li béni malad la ak moun yo ki la-a, oubyin antan-l fè sign lakoua-a sou yo avèk siboua-a si gin Sin Sakréman ki rété ladan-l, oubyin antan li pran fòmül yo sèvi avè-l nan Rituèl pou malad yo (nn. 79, 237 oubyin 238) oubyin nan finisman Mès la.

## 2. RIT KOUT KOMINION MALAD YO

59. Rit sa-a ki pi kout la yo sèvi avè-l lè sé pliziè malad ki rété nan divès chanm nan minm kay la y-ap bay kominion-an, parégzanp nan minm lopital la, yo kapab ajouté si sa nésésè kèk pati yo pran nan rit òdinè-a.

60. Si gin malad ki vlé konfésé, pè-a tandé yo épi li ba yo absolution nan moman favorab anvan li kòmansé distribué kominion-an.

61. Rit la kapab kòmansé oubyin nan yon légliz oubyin nan yon chapèl oubyin nan yon premié chanm, antan pè-a di réfrin sa-a oubyin yon lòt yo propozé nan Rituèl patikilié-a :

**Ala yon résépsion sakré, koté nou résévoua Kris la**

**Nou rétownin fè sonjé soufrans li-a**

**Kè-a vi-n plin ak lagras**

**épi nou jouinn avangou gloua tout tan-an.**

**62.** Apré sa, pè-a, sèlon bèzouin, antan kèk moun akonpagné-l antan yo poté chandèl, li proché kot malad yo épi li di soua yon sèl foua pou tout malad yo ki prézan nan minm chanm nan soua pou yo chak ki gin pou yo kominié-a :

**Min Jézu Mouton Bondié-a, ki ouété péché tè-a.**

**Ala kontantman pou moun yo yo rélé vi-n nan résépsion Mouton-an.**

Chak moun ki gin pou kominié di yon sèl foua a voua bas :

**Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré lakay mouin ;  
min di yon paròl sèlman, é nanm mouin va géri.**

Li résévoua kominion-an nan fason òdinè.

**63.** Priyè ki fini-an yo kapab di-l oubyin nan légliz la, oubyin nan chapèl la, oubyin nan dènié chanm nan, antan yo kité bédiksion-an.

## Chapit II

### RIT ONKSION MALAD YO

#### RIT ÒDINÈ

#### Préparation sélébrasion-an

64. Prèt la ki gin pou-l administré Onksion sakré-a bay yon malad kèlkonk, li doué chèche konnin éta li, pou-l kapab jouinn fason pou-l réglé sélébrasion-an épi pou-l chouazi Ékritu Sint la avèk priyè yo. Tout bagay sa yo, nan mézi sa posib, sé avèk malad la minm oubyin avèk fanmiy li pou-l réglé yo, antan-l éspliké signifkasion sakréman-an.

65. Pou pè-a tandé konfésion sakramantèl malad la, chak foua sa nésésè, li vini, si-l kapab, dépi anvan sélébrasion Onksion-an. Si konfésion sakramantèl malad la, sé pandan Onksion-an li gin pou-l fè-l, y-a fè-l nan kòmansman rit la. Lè-l pa fèt anndan rit la minm, li nòmàl pou gin akt pénitansièl.

66. Malad ki pa kouché, li kapab résévoua sakréman-an nan yon légliz, oubyin nan yon lòt koté ki konvab, koté ki gin chèz ki adapté pou malad la, épi koté paran yo ak zanmi yo k-ap patisipé nan sélébrasion-an kapab asanblé.

Nan lopital yo minm, prèt la doué gin konsidérasion pou lòt malad yo ki pétèt doué kouché minm koté-a, antan-l fè atansyon konsa si yo t-a kapab gin kèk patisipasion nan sélébrasion-an, si pétèt yo pa t-a patisipé, oubyin, si yo pa proklamé lafoua katolik la, pou sa pa parèt tankou yon chaj k-ap pézé sou yo.

67. Rit ki dékri pi louin-an, y-a konsèvé-l minm lè yo fè Onksion pou pliziè malad ansanm, antan yo fè inpozision min épi onksion avèk fòmül ki pou chak moun an patikilié, rès bagay yo minm yo di yo yon sèl foua min o- plirièl.

#### Rit kòmansman yo

68. Antan-l proche kot malad la, prèt la, ki abiyé ak ònéman ki korésonn avèk ministè sakré-a, li salué malad la li minm minm ak rès moun yo ki prézan yo, avèk jantiyès antan-l sèvi ak salutasion sa-a, si gin bézouin :

**Lapè pou kay sa-a ak pou tout moun ki abité ladan-l.**

Oubyin :

**Lapè Granmèt la avèk nou tout (avèk ou).**

Dòt fòmul salutation, nn. 230-231.

69. Apré sa, dapré sikonstans, pè-a résévoua dlo bénit, li aspèjé malad la ak kabann nan, antan-l di fòmul sa-a oubyin yon lòt ki propozé nan Rituèl patikilié-a :

**Sé pou dlo sa-a sèvi rapèl batèm nan ou té résévoua-a,  
épi sé pou-l fè sonjé Kris la ki té rachté nou  
ak Soufrans li épi ak Rézikéksion li.**

70. Apré sa ak paròl sa yo oubyin ak dòt li palé ak moun ki prézan yo :

**Frè-m yo mouin rinmin anpil la, Granmèt Jézu-Kri, li minm nan Évanjil la malad yo té konn vi-n koté-l ap sipliyé gérizon-an, li minm tou ki soufri tèlman bagay pou nou, li prézan nan mitan nou, li minm nou rasanblé o non-l nan, li té kòmandé pa lintèmédiè apot Jak : « Èské gin youn nan nou ki malad ? Sé pou yo rélé ansyin Égliz yo, y-a priyé sou li, antan yo froté-l ak luil o Non Granmèt la, priyé lafoua-a ap sové malad la, Granmèt la ap soulajé-l ; épi si-l té fè péché, y-a padonnin-l »**

**Konsa an nou rékòmandé frè nou-an ki malad la bay gras ak puisans Kris la, pou-l jouinn soulajman épi pou-l sové.**

Oubyin yo di priyé ki pi louin-an, n. 239.

### **Akt pénitansièl**

71. Si pa gin konfésion sakramantèl, yo pasé nan akt pénitansièl, antan prèt la kòmansé konsa :

**Frè-m yo, an nou rékonèt péché nou yo, pou nou mérité patisipé nan sélébrasion sakré sa-a.**

Yo fè yon ti poz silans. Apré sa tout moun ansanm yo fè konfésion-an :

**Dévan Bondié ki gin tout pouvoua  
épi dévan nou minm tou, frè-m yo,**



**mouin rékonèt mouin fè anpil péché  
nan sa-m pansé, nan sa-m di, nan sa-m fè, ak nan sa-m réfizé fè.**

épi antan yo frapé pouatri-n yo yo di :

**Sé fot mouin, sé fot mouin, sé fot mouin vré.**

Apré sa yo kontinié :

**Sé poua mouin mandé Mari ki sin é ki toujou rété Vièj,  
tout Anj yo ak Sin yo  
épi nou minm tou, frè-m yo,  
lapriyé Bondié Granmèt nou-an pou mouin.**

Pè-a fini :

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua pran pitié pou nou,  
sé pou-l padonnin péché nou,  
sé pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.**

Tout moun réponn :

**Amèn.**

Dòt fòmül akt pénitansièl si yo vlé, nn. 232-233.

## **Léktu Ekritu Sint**

72. Apré sa youn nan asistan yo oubyin pè-a minm li tèks kout Ékritu Sint la :

**Kouté, frè-m yo, paròl Sint-Évanjil dapré Matié**

(Mt 8, 5-10. 13) :

**Pandan Jézu t-ap antré Kafarnaòm, yon santurion proché koté-l antan l-ap priyé-l épi l-ap di : « Granmèt, pitit mouin-an kouché nan kay la paralizé épi l-ap soufri anpil ». Li di-l : « M-apralé, épi m-ap géri-l ».**

**Antan santurion-an réponn li di : « Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré anba plafon-m : min di sèlman yon paròl, épi sèvitè-m nan ap géri. Réyèlman mouin minm sé yon moun anba pouvoua mouin yé, ki gin sòlda anba-m épi mouin di sa-a : ‘Alé’**

épi l-alé, épi yon lòt : ‘Vini’, épi li vini, épi sèvitè-m nan : ‘Fè sa’, épi li fè-l ».

Lè Jézu tandé sa, li sézi épi li di moun ki t-ap suiv li yo : « Amèn, mouin di nou : Kay pèsòn mouin pa jouinn kalité lafoua sa-a nan Israël ». Li di santurion-an : « Alé, jan-ou kouè-a sé pou sa fèt pou ou ».

Oubyin yon lòt léktu ki adapté, parégzanp nan sa yo propozé ki nan nn. 153 ss. Tèks sa-a, dapré sikonstans yo kapab ba-l yon ti éksplikasyon tou kout.

### Litani

73. Litani yo, yo indiké pi louin-an, yo kapab résité yo oubyin isit-la, oubyin apré Onksion-an, oubyin minm, si okazion-an prezanté toulèdé koté. Prèt la minm kapab, dapré dèt bagay ki vi-n ajouté, adapté tèks la li minm oubyin rakousi-l.

Frè-m yo, antan n-ap sipliyé Granmèt la avèk priyé lafoua nou pou frè nou **N.** an nou priyé avèk umilité :

– Pou-ou aksépté vizité-l avèk mizérikòd, Granmèt, épi rékonfòté-l avèk sint Onksion-an.

℞ N-ap priyé-ou, kouté nou.

– Pou-ou aksépté libéré-l anba tout mal.

℞ N-ap priyé-ou, kouté nou.

– Pou-ou aksépté soulajé soufrans tout malad yo ki kouché (isit la).

℞ N-ap priyé-ou, kouté nou.

– Pou-ou aksépté asisté moun k-ap sèvi malad yo.

℞ N-ap priyé-ou, kouté nou.

– Pou-ou aksépté libéré-l anba péché ak tout tantasion.

℞ N-ap priyé-ou, kouté nou.

– Pou sa-a nou pozé min sou li onon-ou la, ou aksépté ba-l lavi épi sovè li doué sovè-a.

℞ N-ap priyé-ou, kouté nou.

Dèt fòmul yo kapab chouazi, nn. 240-241.

74. Lè sa-a atò pè-a lonjé min sou tèt malad la san-l pa di anyin.

## Bénédition Luil

---

75. Si prêt la, dapré n. 21, gin pou-l béni luil la anndan sérémoni-an, li fè **bénédition luil la** :

**An nou lapriyè.**

**Bondié, Papa tout konsolation,  
ou minm ki pa pouvoua Pitit ou-a  
té vlé géri féblès malad yo,  
kouté priyè lafoua-a ak bon kè,  
tanpri, voyé Éspri-Sin-ou nan, Paraklè-a,  
sot nan sièl vi-n nan grès Luil sa-a,  
li minm ou té aksépté fè soti nan pié boua vèt la  
pou réfè kò-a,  
pou **bénédition-ou** ki sin-an ✠ vi-n tounin pou tout moun  
yo pasé pomad sa-a sou yo,  
protéksion kò, nanm ak éspri  
pou chasé tout doulé, tout féblès, tout maladi.  
Sé pou Luil ou-a sin, Granmèt pou-ou béni-l pou nou  
o non Granmèt nou Jézu-Kri,  
Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou pou tout tan gin tan.**

**R: Amèn.**

**Dòt fòmul yo kapab chouazi, n. 242.**

---

75 bis. Si poutan Luil la déjà béni, li di priyè aksion-d-gras la sou luil la :

– **Konpliman pou ou, Bondié, Papa ki gin tout pouvoua, ou minm ki té voyé Pitit ou-a sou tè-a pou nou épi pou sové nou.**

**R: Konpliman pou ou Bondié.**

– **Konpliman pou ou, Bondié, Sèl Pitit la, ou minm ki antan-ou désann nan sa nou yé kòm moun nan, ou té vlé géri maladi nou yo.**

**R: Konpliman pou ou Bondié.**

– **Konpliman pou ou, Bondié, Éspri-Sin Paraklè, ou minm ki fòtifé féblès kò nou avèk fòs ki la pou tout tan-an.**

**R:** Konpliman pou ou Bondié.

Sèvitè-ou la, Granmèt, ki kité yo pasé luil sin sa-a sou li ak lafoua-a, sé pou-l mérité réfè nan soufrans li yo épi sé pou-l mérité jouinn fòs nan féblès li yo.

**Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

**R:** Amèn.

### **Onksion sakré-a**

**76.** Apré sa, pè-a résévoua Luil sin-an épi li fè onksion sou malad la nan fron-an ak nan min yo, antan-l di yon sèl foua :

**Pa pouvoua Onksion sa-a ki sin-an épi pa pouvoua mizérikòd li ki bon anpil la, sé pou Granmèt la édé-ou avèk gras Éspri-Sin-an ;**

**R:** Amèn.

**pou antan-ou libéré sot anba péché yo li sovè-ou épi li soulajé-ou ak byinvéyans.**

**R:** Amèn.

**77.** Apré sa, li di priyè-a :

**An nou lapriyè.**

**Tanpri, Rédanmèt nou, gras a Sin-t-Éspri-a, souin féblès malad sa-a, épi géri blésu yo, padonnin péché yo, épi tout doulè éspri ak kò chasé yo sot nan li, avèk mizérikòd fè-l tounin vi-n jouinn plèn santé ni sou pa anndan ni sou pa déyò, pou, antan li réfè gras a mizérikòd ou-a, li paré ankò pou dévoua li té gin anvan-an. Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

**R:** Amèn.

**Oubyin :**

**Granmèt Jézu-Kri,**  
ou minm ki té vlé pran mòd égzistans chè nou,  
pou-ou té rachté moun yo épi pou-ou té géri malad yo,  
sèvitè-ou sa-a, ki pou géri ni nan éspri ni nan kò-a,  
voyé jé sou li ak bon kè :  
pou li minm nou froté ak Onksion Sin-an o non-ou nan,  
ou réfè-l avèk puisans ou, ou konsolé-l ak sékou-ou,  
k-ap drésé fòs épi k-ap détoui mal  
(épi fè-l favè éspéré nan frui soufrans li yo ou té vlé vi-n tounin  
patisipasion Soufrans ou-a).  
**Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**  
**R: Amèn.**

Dòt priyè ki adapté ak divès kondision malad la, nn. 243-246.

### **Finisman rit la**

**78. Pè-a introdui priyè Granmèt la ak paròl sa yo, oubyin ak sa-k sanblé ak yo :**

**Koulié-a minm antan nou fè yon sèl, an nou priyé Bondié, jan Granmèt nou Jézu-Kri té aprann nou priyé-a :**

**épi tout moun ansanm kontinué :**

**Papa nou, ki nan sièl la :**  
**sé pou yo réspékté non-ou ;**  
**sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;**  
**sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.**  
**Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;**  
**padonnin sa nou fè-ou,**  
**tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy ;**  
**pa kité nou pran nan pièj ;**  
**min délivré nou ak sa ki mal.**

**Si malad la gin pou-l kominié, apré priyè Granmèt la yo di tout bagay tankou nan rit Kominion malad yo (nn. 55-58).**

79. Rit bénédikcion pè-a bay pou fini :

**Sé pou Bondié Papa-a béni-ou.**

℞ Amèn.

**Sé pou Pitit Bondié-a géri-ou.**

℞ Amèn.

**Sé pou Éspri Sin-an kléré-ou.**

℞ Amèn.

**Sé pou-l kinbé kò-ou épi sé pou-l sovè nanm nou.**

℞ Amèn.

**Sé pou-l fè kè-ou kléré épi pou-l kondui-ou nan lavi anlè-a.**

℞ Amèn.

**(Épi nou tout ki prézan isit la ansanm, sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni, Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.**

℞ Amèn.)

Dòt fòmul bénédikcion, n. 237.

## ÒRDO ONKSION-AN ANNDAN MÈS LA

80. Lè éta malad la pèmèt sa épi sitou lè li minm li gin pou-l résévoua Kominion ki sakré-a, yo kapab bay Onksion sakré-a anndan Mès la soua nan yon légliz, soua minm, avèk konsantman Òdinè-a, nan kay malad la oubyin nan yon lopital, yon koté ki adapté.

81. Chak foua y-ap bay Onksion sakré-a anndan Mès la, antan prèt la abiyé ak onéman sakré koulè blan, yo di Mès pou malad yo. Min si sé dimanch Avan, Karèm ak Pak, kèk solanité oubyin Mèkrédi Sann oubyin Sémèn Sint, yo di Mès jou-a, antan yo konsèvé, dapré nésésité, fòmul bénédikcion final la (nn. 79 épi 237).

Léktu yo yo pran yo nan sa yo propozé nan Léksionè Mès la (III, pp. 740-748) oubyin nan Òrdo Onksion-an (nn. 152 ss), sof si bézouin malad la avèk moun ki prézan yo t-a invité chouazi dòt léktu.

Min lè yo pa kapab di Mès pou malad yo, yo kapab pran youn nan léktu yo nan tèks ki pi ro yo, sof si sé Triduum sakré-a, solanité Nésans Granmèt

la, Épipani, Asansion, Pantkot, Trè Sin Kò ak San Kris la oubyin yon lòt solanité yo gin pou obsèvé dapré kòmandman-an.

**82.** Yo bay Onksion sakré-a apré Évanjil la épi oméli-a, nan lòd sa-a :

a) Apré léktu Évanjil la, nan oméli sou tèks sakré-a pè-a montré signifikasyon maladi moun nan nan istoua sovè Bondié sovè nou-an, épi li montré gras sakréman Onksion-an, antan li konsidé ré kanminm éta malad la ak lòt moun yo ki la-a.

b) Sélébrasyon Onksion-an kòmansé avèk litani-an (n. 73) oubyin, si litani-an oubyin priyè univèsèl la vi-n apré Onksion-an, li kòmansé avèk inopozision min yo (n. 74). Apré sa sé bédiksyon luil la ki vini, si dapré n. 21-a li gin pou-l fèt ; oubyin priyè aksion-gras sou Luil la li minm (n. 75), épi Onksion-an (n. 76).

c) Anfin, si litani-an té vi-n anvan Onksion-an, yo fè priyè univèsèl, ki fini avèk priyè yo gin pou di apré Onksion-an (nn. 77, 243-246). Mès la minm kontinué kòm dòdinè avèk préparasyon kado yo. Malad la avèk moun ki prézan yo kapab kominié sou toulèdé éspès.

## SÉLÉBRASION ONKSION-AN NAN GRAN FOUL FIDÈL

**83.** Rit yo montré pi ba-a, yo kapab sèvi avèk li nan réyinion fidèl yo, tankou pèlérinaj yo oubyin dòt rasanbléman yon diosèz, yon vil oubyin yon parouas oubyin yon asosiyasyon malad ki gin karaktè rélijijé.

Minm rit la pafoua yo kapab sèvi avèk li, dapré bézouin, minm nan yon lopital.

Min si, dapré jijman Òdinè koté-a, gin anpil malad ki gin pou résévoua Onksion sakré-a ansanm, Òdinè-a oubyin délégé-l la ap véyé pou yo byin obsèvé tout règ yo ki pibliyé osijè disipli-n Onksion sakré-a (nn. 8-9), osijè préparasyon pastoral la avèk sélébrasyon litijik la (nn. 17, 84, 85).

Sé li minm tou an plis ki pou dézigné, si ka-a prezanté prèt yo k-ap patisipé nan administrasyon sakréman-an.

**84.** Sélébrasyon kominotè Onksion-an ap déroulé nan yon légliz, oubyin nan yon lòt koté ki adapté, koté malad yo avèk lòt fidèl yo kapab rasanblé fasil.

**85.** Li nésésè kanminm pou yo fè yon préparasyon pastoral adapté anvan ni pou malad yo ki gin pou résévoua Onksion sakré-a, ni pou lòt malad yo ki prézan paraza, ni pou fidèl yo ki an bòn santé yo.

Sé pou yo fè atansyon tou pou favorizé plèn patisipasyon moun ki prézan yo, sitou antan yo prévoua chanté ki adapté, ki fè fidèl yo fè yon sèl, ki

favorizé priyè kominotè-a épi ki montré kontantman paskal la, ki doué manifésté nan rit la.

### Sélébrasion an déyò Mès la

**86.** Gin avantaj pou malad yo ki gin pou résévoua Onksion-an, ki vlé konfésé péché yo, yo proché kot sakréman Pénitans la anvan sélébrasion Onksion-an.

**87.** Rit la kòmansé avèk résépsion malad yo, koté yo montré avèk byin-véyans atansyon Kris la pou maladi moun nan épi pòsion malad yo nan pèp Bondié-a.

**88.** Apré sa yo, dapré nésésité, akt pénitansièl la (n. 71).

**89.** Sélébrasion paròl Bondié-a vini apré, yo kapab fè léktu youn oubyin plizyè pasaj Ékritu Sint-la, avèk chan nan mitan yo. Yo kapab chouazi léktu yo nan léksionè pou malad yo (nn. 153 ss), sof si intèrè malad yo oubyin asistan yo invité chouazi dòt léktu. Apré oméli-a, yo kapab obsèvé yon ti tan silans.

**90.** Sélébrasion sakréman-an minm kòmansé avèk litani-an (n. 73) oubyin avèk inpozision min yo (n. 74). Pandan Onksion malad yo ap kontinué, fòmul la asistan yo tandé omouin yon foua-a, yo kapab répété-l avèk chan ki adapté. Priyè univèsèl la, si yo fè-l apré Onksion-an, y-ap konplété-l avèk priyè yo doué di apré Onksion-an (n. 77), oubyin avèk priyè Granmèt la, antan tout moun chanté-l dapré sikonstans favorab.

Si gin anpil pè ki prézan, yo chak ap pozé min sou kèk malad épi y-ap fè Onksion-an avèk fòmul li, antan sélébran prinsipal la résité priyè yo.

**91.** Anvan rit ranvoua-a yo bay bénédiksion-an (nn. 79, 237), épi yo fini sélébrasion-an yon fason onorab avèk yon chan ki adapté.

### Sélébrasion anndan Mès la

**92.** Résépsion malad yo fèt nan kòmansman Mès la nan avètisman ki nan kòmansman-an.

Pou òganizasyon litiji paròl la ak sélébrasion Onksion-an li minm, y-a obsèvé sa-k indiké pi ro yo, nn. 89-91.



### Chapit III

#### VIATIK

**93.** Kuré parouas la avèk lòt prèt yo yo konfié souin spirituèl malad yo, yo doué prévoua pou lè malad yo ap panché toupré danjé lanmò-a yo jouinn sèkou Viatik sakré Kò ak San Kris la. Konsa li konv nab pou fè préparasion pastoral, ki konsidéré bagay yo ak moun yo, ni pou malad la ni pou fanmiy li ak moun yo k-ap okipé-l yo.

**94.** Yo gin doua administré Viatik pou malad la soua anndan Mès la, soua, dapré jijman Òdinè-a, yo fè sélébrasion ékaristik la lakay li (n. 26), soua andéyò Mès la, dapré rit la ak règ yo yo prezanté pi ba-a.

**95.** Yo gin doua administré Ékaristi-a sou espès divin-an sèlman pou moun yo ki pa kapab résévoua-l sou espès pin-an.

Si yo pa sélébré Mès la kay malad la, San Granmèt-la nan kalis la, ki kouvri jan sa doué fèt épi ki pozé nan tabènak la yo konsèvé-l apré Mès la ; sèlman yo pap poté-l kay malad la si sé pa nan yon véso ki byin fèmin, yon fason pou évité tout danjé li vidé. Nan administrasion Sakréman-an minm, nan chak ka, sé pou yo chouazi fason ki pi adapté nan sa yo propozé pou distribision kominion sou toulèdé espès yo. Si apré yo fi-n bay kominion-an gin yon pati nan trè présié San-an ki rété, sé pou minis la bouè-l, épi sé pou-l okipé fè ablusion yo doué fè yo.

**96.** Tout moun ki patisipé nan sélébrasion-an, yo kapab résévoua kominion tou sou toulèdé espès.

#### ADMINISTRASION VIATIK LA ANNDAN MÈS LA

**97.** Chak foua yo administré Viatik la anndan Mès la, yo kapab di avèk ònéman sakré koulè blan, soua Mès pou administré Viatik la soua Mès Trè Sint Ékaristi-a. Sèlman si sé dimanch Avan, Karèm avèk Pak, kèk solanité, oubyin mèkredi Sann oubyin jou Sémèn Sint, yo di Mès jou-a, antan yo sèvi ak fòmul pròp bédiksion final la (nn. 79 épi 237), dapré sikonstans favorab, oubyin fòmul ki sèvi nan finisman Mès la.

Yo pran léktu yo nan sa yo propozé nan Léksionè Mès la (III, pp. 740-748) oubyin pi ba-a (nn. 247 ss oubyin 152 ss), sof si intéré malad la avèk asistan yo t-a invité chouazi dòt léktu.

Sèlman lè yo gin anpéchman pou di Mès votiv la, yo kapab pran youn nan léktu yo nan tèks yo palé pi ro yo, sof si sé Triduum sakré-a, solanité Nésans Granmèt la, Épifani, Asansion, Pantkot, Trè Sin Kò ak San Granmèt la oubyin yon lòt solanité yo oblijé obsèvé dapré kòmandman-an.

**98.** Si sa nésésè, pè-a ap résévoua konfésion sakramantèl malad la anvan sélébrasion Mès la.

**99.** Yo sélébré Mès la nan fason òdinè ; sèlman pè-a ap fè atansion a bagay sa yo ki vi-n apré-a :

a) Apré léktu Évanjil la, li kapab fè yon ti oméli tou kout sou tèks sakré-a dapré sikonstans favorab : ladan-l, antan li gin éta malad la dévan jé-l ak lòt sikonstans moun yo, l-a ékspozé inpòtans ak signifikasion Viatik la (cf. nn. 26-28) ;

b) Vè finisman oméli-a minm, l-a glisé, chak fousa sa posib, profésion lafoua-a pou malad la rénovlé (n. 108). Profésion-lafoua sa-a ranplasé sinbòl la nan Mès la ;

c) Priyè inivèsèl la, y-a adapté ak sélébrasion sa-a, antan yo pran tèks la minm nan sa yo propozé anba-a (n. 109) ; yo kapab pasé-l poutan si malad la déjà fè rénovèlman profésion lafoua-a, épi si yo prévoua malad la kapab pi fatigé ;

d) Koté ki fiksé nan Òdinè Mès la, pè-a avèk lòt asistan yo kapab bay malad la sign lapè-a ;

e) Ni malad la ni lòt asistan yo yo kapab kominié sou toulèdé espès. Min nan kominion malad la gin pou-l résévoua-a, pè-a ap sèvi avèk fòmul yo propozé pou administré Viatik la (n. 112) ;

f) Alafin Mès la, pè-a kapab sèvi avèk fòmul spésial pou bay bénédiksion-an (nn. 79, 237) épi li kapab ajouté fòmul induljans pléniè alartik lanmò-a sou li, sa-k kòmansé avèk mo : « Pa pouvoua mistè réparasion moun nan, mistè sa yo ki sakré é ki sin yo » (n. 106).

## ADMINISTRASION VIATIK LA AN DÉYÒ MÈS LA

**100.** Si malad la vlé konfésé (bagay pè-a doué fè atansion anpil sou li), pè-a ap kouté konfésion-l, si posib, déjà anvan administrasion Viatik la. Min si konfésion sakramantèl la gin pou-l fèt anndan sélébrasion-an minm, y-a fè-l nan kòmansman rit la. Min lè yo pa fè-l anndan rit la minm, oubyin gin dòt moun ki pou kominié, y-a fè akt pénitansiyèl la dapré okazion favorab.

### Rit pou kòmansé

**101.** Antan-l proché kot malad la, pè-a, ki abiyé ak ònéman ki akòdé ak ministè sa-a, salué-l avèk lòt asistan yo avèk paròl byinvéyans, antan-l sèvi, si ka-a prezanté ak salutation :

**Lapè pou kay sa-a ak pou tout moun ki abité ladan-l.**

Oubyin :

**Lapè Granmèt la avèk nou tout (avèk ou).**

Dòt fòmul salutation, nn. 230-231.

Lè sa-a atò, antan-l dépozé Sakréman-an sou yon tab, li adoré-l avèk asistan yo.

**102.** Apré sa, dapré sikonstans favorab, antan li résévoua dlo bénit, li aspèjé malad la ni kabann nan, antan li di fòmul sa-a oubyin yon lòt yo propozé nan rituèl spésial la :

**Sé pou dlo sa-a fè sonjé batèm-nan nou té résévoua-a**

**épi sé pou-l raplé Kris la,**

**li minm ki té rachté nou avèk soufrans li épi réziréksion li :**

**103.** Apré sa, li palé avèk moun ki la yo, nan avètisman ki suiv la, oubyin dòt ki adapté pi plis nan kondision malad la :

**Frè-m yo mouin rinmin anpil la, Granmèt Jézu-Kri, anvan-l té travèsé sot sou tè sa-a al kay Papa-a, li té kité sakréman Kò li avèk San li pou nou, pou, lè n-ap fè pasaj nou sot nan lavi sa-a al jouinn li antan nou fòtifié avèk Viatik Kò li avèk San li, nou jouinn soutyin gaj réziréksion-an. Antan nou fè youn nan lacharité avèk frè nou-an, an nou lapriyé pou li.**

### **Akt pénitansièl**

**104.** Si sa nésèsè, pè-a résévoua konfésion sakramantèl malad la, nan ka nésésité minm li kapab an gro, si pa gin mouayin fè otréman.

**105.** Min si yo pa fè konfésion sakramantèl malad la oubyin dòt moun prézan pou kominié, pè-a invité malad la ak lòt moun ki la yo pou yo fè akt pénitansièl la :

**Frè-m yo, an nou rékonèt péché nou yo pou nou kapab paré pou nou patisipé nan sélébrasion sa-a ki sakré-a.**

Yo fè yon ti poz silans tou kout. Apré sa tout moun ansanm fè konfésion-an :

**Dévan Bondié ki gin tout pouvoua**

**épi dévan nou minm tou, frè-m yo, mouin rékonèt**

**mouin fè anpil péché  
nan sa-m pansé, nan sa-m di, nan sa-m fè, ak nan sa-m pa fè :**

*épi antan yo frapé pouatri-n yo yo di :*

**Sé fot mouin, sé fot mouin, sé fot mouin vré.**

*Apré sa yo kontinié :*

**Sé pousa mouin mandé Mari ki sin é ki toujou rété Vièj,  
tout Anj yo ak Sin yo  
épi nou minm tou, frè-m yo, lapriyè  
Bondié Grammèt nou-an pou mouin.**

*Épi pè-a fini :*

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua pran pitié pou nou,  
sé pou-l padonnin péché nou,  
sé pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.**

*Tout moun réponn :*

**Amèn.**

*Dòt fòmül akt pénitansièl yo kapab chouazi, nn. 232-233.*

**106. Sakréman pénitans la oubyin akt pénitansièl la kapab fini avèk  
induljans pléniè alartik lanmò, pè-a bay malad la li nan fason sa-a :**

**Mouin minm, avèk pouvoua Sièj Apostolik la rinmèt mouin,  
mouin ba-ou  
induljans pléniè avèk padon tout péché yo,  
O non Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Ésprî-Sin-an.**

**℟: Amèn.**

**Oubyin :**

**Pa pouvoua mistè réparasion moun nan ki sakré é ki sin,  
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a rinmèt ou,  
tout chatiman pou lavi sa-a ak lavi k-ap vini-an,  
sé pou-l louvri pòt Paradi-a pou ou  
épi sé pou-l kondui ou nan kontantman k-ap duré tout tan yo.**

**℟: Amèn.**

## Léktu Ékritu Sint la

**107.** Li byin konvnab pou youn nan asistan yo oubyin pou pè-a li minm li yon tèks kout Ékritu Sint yo, parégzanp :

**Jan 6,54-55 :** Moun ki manjé chè-m  
 épi ki bouè san-m,  
 li gin lavi ki pap janm fini-an :  
 mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.  
 Kò-m sé yon manjé tout bon vré,  
 san-m sé yon bouason tout bon vré.

**Jan 6,54-59 :** Moun ki manjé chè-m  
 épi ki bouè san-m,  
 li gin lavi ki pap janm fini-an :  
 mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.  
 Kò-m sé yon manjé tout bon vré,  
 san-m sé yon bouason tout bon vré.  
 Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m,  
 li rét nan mouin épi mouin minm nan li.  
 Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan,  
 épi mouin viv akoz Papa-a ;  
 konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akoz mouin tou.  
 Sa-a sé pin-an ki désann sot nan sièl la.  
 Sé pa tankou zansèt nou yo ki té manjé ma-n nan,  
 épi ki té mouri yo.  
 Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan.

**Jan 14,6 :** Mouin sé chémin-an, vérité-a ak lavi-a.  
 Pesòn pa vi-n kot Papa-a, sof si-l pasé pa lintèmediè-m.

**Jan 14,23 :** Si yon moun rinmin-m, l-ap kinbé paròl mouin,  
 Papa-m ap rinmin-l,  
 n-ap vi-n jouinn li, n-ap abité lakay li.

**Jan 15,4 :** Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou.  
 Minm jan branch la pa kapab donnin foui pou kont li-a,  
 si-l pa rét nan pié rézin-an,  
 konsa tou nou minm non plis, si nou pa rété nan mouin.

**1 Korintyin 11,26 :** Chak fousa réyèlman n-ap manjé pin sa-a, n-ap bouè kalis sa-a,  
 sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé, joutan li vini.

Yo kapab minm chouazi dèt tèks ki adapté nan pami sa yo propozé pi ba-a (nn. 247 ss oubyin 153 ss). Dapré sikonstans favorab yo kapab fè yon ti éksplikasyon tou kout pou tèks yo.

### Profésion lafoua baptismal

**108.** Li bon pou malad la, anvan-l résvoua Viatik la, li rénouvlé profésion lafoua baptismal la, konsa, pè-a, apré yon introdiksyon tou kout avèk paròl ki adapté, li intèrojé li :

Èské ou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a ?

℟: Mouin kouè.

Èské ou kouè nan Jézu-Kri, sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki vièj, ki soufri épi yo antéré-l, ki résisité sot nan pami mò yo é ki chita adouat Papa-a ?

℟: Mouin kouè.

Èské ou kouè nan Éspri Sin-an, nan Égliz katolik la ki sin-an, nan kò-d-fanmiy sin yo, nan padon péché yo, nan réziréksyon chè-a ak nan lavi tout tan-an ?

℟: Mouin kouè.

### Litani

**109.** Apré sa, si kondisyon malad la pèmèt sa, yo fè yon litani tou kout avèk paròl sa yo oubyin avèk paròl ki sanblé avèk yo, antan malad la li minm, nan mézi sa posib, épi asistan yo y-ap réponn :

Granmèt Jézu-Kri, frè-m yo mouin rinmin anpil la, avèk yon sèl kè an nou rélé-l :

– Ou minm, Granmèt, ki té rinmin nou jouskalafin, épi ki té rinnèt pròp tèt pa-ou nan lanmò pou té ba nou lavi, n-ap lapriyè-ou pou frè nou-an.

℟: Kouté nou, Granmèt.

– Ou minm, Granmèt, ki té di : Moun ki manjé chè mouin épi ki bouè san mouin l-ap gin lavi tout tan-an, n-ap lapriyè-ou pou frè nou-an.

**⌘ Kouté nou, Granmèt.**

– Ou minm, Granmèt, ki invité nou nan résépsion sa-a, koté pap gin doule ankò ni dèy, ni tristès ni séparasion, n-ap lapriyè-ou pou frè nou-an.

**⌘ Kouté nou, Granmèt.**

## **Viatik**

**110.** Lè sa-a atò pè-a introdui résitasion priyè Granmèt la avèk paròl sa yo oubyin avèk paròl ki sanblé ak yo :

**Koulié-a minm, antan nou fè yon sèl, an nou priyé Bondié, jan Granmèt nou Jézu-Kri té aprann nou priyé-a :**

**épi tout moun ansanm kontinué :**

**Papa nou, ki nan sièl la :**  
**sé pou yo réspékté non-ou ;**  
**sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;**  
**sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.**  
**Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;**  
**padonnin sa nou fè-ou,**  
**tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy ;**  
**pa kité nou pran nan pièj ;**  
**min délivré nou ak sa ki mal.**

**111.** Lè sa-a atò pè-a, antan-l montré Trè Sin Sakréman-an, li di :

**Min Mouton Bondié-a, min li ki ouété péché tè-a.**  
**Ala kontantman pou sa yo yo rélé nan soupé Mouton-an.**

**Épi malad la, si-l kapab, épi lòt yo k-ap kominié yo yo di ansanm :**

**Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré lakay mouin ;**  
**min di yon sèl ti paròl, é nanm mouin va géri.**

**112.** Pè-a proche kot malad la, épi antan-l montré-l Sakréman-an, li di :

**Kò Jézu-Kri (oubyin : San Jézu-Kri)**

**Malad la réponn :**

**Amèn.**

Épi minm lè-a, oubyin apré li fi-n bay kominion-an, pè-a ajouté :

**Sé pou-l konsèvé-ou épi pou-l kondui-ou nan lavi tout tan-an.**

Malad la réponn :

**Amèn.**

Moun ki la yo ki anvi kominié, yo résévoua Sakréman-an kòm dòdinè.

**113.** Apré yo fi-n distribué kominion-an, pè-a fè purifikasion-an kòm dòdinè. Lè sa-a atò, dapré sikonstans favorab, yo kapab obsèvé yon silans sakré pandan kèk éspas tan.

### **Finisman rit la**

**114.** Apré sa, pè-a di priyè ki fini-an :

**An nou lapriyè.**

**Bondié, ou minm Pitit ou-a sé chémin-an,  
vérité-a ak lavi-a pou nou-an,  
voyé jé-ou ak bon kè sou sèvitè-ou N.  
épi fè nou favè pou, antan li konté sou promès ou yo,  
épi li réfè avèk Kò ak San Pitit ou-a,  
li alé anpè nan péyi koté ou roua-a.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

**R: Amèn.**

Dòt priyè, nn. 259 épi 57.

Épi li béni malad la avèk moun ki la yo :

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,  
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.**

**R: Amèn.**

Dòt fòmul bénédiksion, nn. 79, 237-238 ; oubyin, si Sakréman-an an plis pè-a kapab béni malad la avèk li antan-l fè sign koua-a sou malad la.

Apré sa ni pè-a ni moun ki la yo kapab bay malad la sign lapè.



## Chapit IV

### ÒRDO POU OFRI SAKRÉMAN YO BAY YON MALAD KI AN DANJÉ TOU PRÉ LANMÒ

#### RIT KI GIN ANSANM PÉNITANS, ONKSION AK VIATIK

**115.** Si malad la vlé konfésé (pè-a doué byin fè atansion pou sa), pè-a kouté konfésion-l, si posib, déja anvan sélébrasion Onksion-an ak Viatik la. Min si konfésion sakramantèl la sé nan sélébrasion-an minm li gin pou-l fèt, y-a fè-l nan kòmansman rit la, anvan Onksion-an. Min lè konfésion sakramantèl malad la pa fèt anndan rit la minm, li bon pou gin akt pénitansièl.

**116.** Si danjé-a présé, yo pasé luil la byin vit sou malad la avèk yon sèl Onksion, épi apré sa yo ofri-l Viatik la. Si danjé lanmò-a kontinué, dapré règ n. 30, minm lè-a yo ofri-l Viatik la, pou nan pasaj l-ap fè sot nan lavi sa-a, li jouinn fòs Kò Kris la. Sèké fidèl yo, nan danjé lanmò, yo blijé résévoua kominion sakré-a dapré kòmandman-an.

**117.** Konfirmasion nan danjé lanmò avèk Onksion malad yo, si posib, yo pa doué bay yo nan rit ki fè yon sèl, pou paské nan toulédé gin onksion, yo pa mélanjé divès sakréman yo. Sèlman si sa nésésè, yo bay Konfirmasion-an osito anvan bénédikcion luil malad yo, antan yo soté inpozision min yo ki konséné rit Onksion-an.

#### Rit pou kòmansé

**118.** Antan pè-a proché kot malad la, abiyé ak ònéman ki alé ak ministè sakré sa-a, li salué malad la avèk lòt moun ki la yo ak paròl byinvéyans, antan-l sèvi, si okazion-an prezanté ak salutasion :

#### Lapè pou kay sa-a ak pou tout moun ki abité ladan-l.

Oubyin :

#### Lapè Granmèt la avèk nou tout (avèk ou).

Dòt fòmul salutasion, nn. 230-231.

Lè sa-a atò, antan-l dépozé Sakréman-an sou yon tab, li adoré-l avèk moun ki la yo.

Apré sa, dapré sikonstans favorab, antan li résévoua dlo bénit, li aspèjé malad la épi kabann nan, antan li di fòmul sa-a, oubyin yon lòt yo propozé nan Rituèl spésial la :

**Sé pou dlo sa-a fè sonjé batèm-nan nou té résévoua-a épi sé pou-l raplé Kris la, ki té rachté nou ak Soufrans li épi ak Réziréksion li.**

119. Si gin bézouin poutan, antan l-ap palé tankou frè li préparé malad la pou sélébrasion sakréman yo, antan-l proklamé, dapré sikonstans favorab, yon tèks Évanjil la tou kout, ki pèmèt li invité malad la nan pénitans ak nan amou Bondié. Li kapab sèvi ak avètisman ki suiv la, oubyin yon lòt ki pi adapté nan kondision malad la :

**Frè-m yo mouin rinmin anpil la, Granmèt Jézu, ki toujou prézan koté nou, antan-l toujou ap chofé nou ak gras sakréman-l yo, li padonnin sa-k fè pénitans yo ak ministè pè yo, li ankourajé malad yo avèk Onksion ki sin-an, épi yo minm k-ap tann vini li gin pou-l vini-an li soutni yo avèk Viatik Kò-l ki sakré-a nan éspérans vi tout tan-an. Frè nou sa-a donk, n-ap bay toua sakréman sa yo li té mandé-a, an nou édé-l avèk charité épi priyè ki sin.**

### **Pénitans**

120. Si sa nésésè, pè-a résévoua konfésion sakramantèl malad la, nan ka nésésité konfésion-an kapab fèt minm an gro, si yo pa kapab fè otréman.

121. Si yo pa fè konfésion sakramantèl malad la oubyin gin dòt moun ki pou kominié, pè-a invité malad la ak lòt moun ki la yo pou yo fè akt pénitansièl la :

**Frè-m yo, an nou rékonèt péché nou yo pou nou paré pou nou patisipé nan sélébrasion sakré sa-a.**

Yo fè yon ti poz silans tou kout. Apré sa tout moun ansanm fè konfésion-an :

**Dévan Bondié ki gin tout pouvoua épi dévan nou minm tou, frè-m yo, mouin rékonèt mouin fè anpil péché nan sa-m pansé, nan sa-m di, nan sa-m fè, ak nan sa-m pa fè :**

épi antan yo frapé pouatri-n yo, yo di :  
**Sé fot mouin, sé fot mouin, sé fot mouin vré.**

Apré sa yo kontinié :

**Sé pousa mouin mandé Mari ki sin é ki toujou rété Vièj,  
tout Anj yo ak Sin yo  
épi nou minm tou, frè-m yo,  
lapriyè Bondié Granmèt nou-an pou mouin.**

**Épi pè-a fini :**

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua pran pitié pou nou,  
sé pou-l padonnin péché nou,  
sé pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.**

**Tout moun réponn :**

**Amèn.**

**Dòt fòmül akt pénitansièl yo kapab chouazi, nn. 232-233.**

**122. Sakréman pénitans la oubyin akt pénitansièl la kapab fini avèk  
induljans pléniè alartik lanmò, pè-a bay malad la li nan fason sa-a :**

**Mouin minm, avèk pouvoua Sièj Apostolik la rinmèt mouin,  
mouin ba-ou  
induljans pléniè avèk padon tout péché yo,  
O non Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.**

**R: Amèn.**

**Oubyin :**

**Pa pouvoua mistè réparasion moun nan ki sakré épi ki sin,  
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a rinmèt ou tout chatiman  
pou lavi sa-a ak lavi k-ap vini-an,  
sé pou-l louvri pòt Paradi-a pou ou  
épi sé pou-l minnin ou nan kontantman k-ap duré tout tan yo.**

**R: Amèn.**

**123. Apré sa, si kondision malad la pèmèt sa, sé pou yo fè profésion lafoua  
baptismal la (n. 108) avèk litani tou kout, pandan malad la nan mézi li kapab  
ap réponn avèk moun ki la yo.**

**Fòmül yo ki suiv la, yo kapab ranjé yo pou yo pi adapté nan priyè malad  
la avèk moun ki la yo.**

**Pou frè nou-an N., nou minm mouin rinmin anpil la, an nou priyé  
Granmèt la, li minm k-ap ankourajé-l koulié-a avèk sakréman-l  
yo.**

– Pou antan li gadé nan diréksion frè nou-an, li rékonèt fas Pitit li-a k-ap soufri, an nou priyé Granmèt la.

℞ N-ap priyé-ou, kouté nou.

– Pou li ankourajé-l épi pou-l konsèvé-l nan amou li, an nou priyé Granmèt la.

℞ N-ap priyé-ou, kouté nou.

– Pou li ba li fòs li avèk lapè li, an nou priyé Granmèt la.

℞ N-ap priyé-ou, kouté nou.

124. Si sakréman Konfirmasion-an yo gin pou yo bay li anndan rit la an minm tan, pè-a fè tankou pi ba-a nn. 136-137. Apré sa li soté inpozision min yo, sa yo palé nan n. 125, li fè bénédiksion luil la, si-l gin pou fèt, épi onksion-an, jan yo montré pi ba-a (nn. 126-128).

### Onksion sakré-a

125. Lè sa-a atò, pè-a pozé min sou tèt malad la, san-l pa di anyin.

126. Apré sa, li fè bénédiksion luil la, si, dapré n. 21, li gin pou-l béni :

**Granmèt, ✠ béni kréatu luil sa-a  
ni malad la tou**

**li minm y-ap soulajé ak onksion sa-a.**

Dòt fòmül yo kapab chouazi, nn. 242 oubyin 75.

127. Min si luil la déjà béni, yo kapab di priyé aksion-gras la sou luil la li minm :

– Konpliman pou ou Bondié, Papa ki gin tout pouvoua, ou minm ki té voyé Pitit ou-a sou tè-a poutèt nou épi pou sové nou.

℞ Konpliman pou ou Bondié.

– Konpliman pou ou Bondié, sèl Pitit la, ou minm ki antan-ou désann nan sa nou yé kòm moun nan, ou té vlé géri maladi nou yo.

**R:** Konpliman pou ou Bondié.

– Konpliman pou ou Bondié, Éspri-Sin Paraklè, ou minm ki fòtifé féblès kò nou avèk fòs ki la pou tout tan-an.

**R:** Konpliman pou ou Bondié.

Granmèt, sèvitè-ou la, ki kité yo pasé luil sa-a ki sin-an sou li nan lafoua, sé pou-l mérité réfè nan soufrans li yo épi jouinn fòs nan maladi-l yo.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R:** Amèn.

128. Apré sa, pè-a résévoua luil ki sin-an épi li fè onksion sou malad la nan fron épi nan min yo, antan-l di yon sèl foua :

Pa pouvoua onksion sa-a ki sin-an,  
épi pa pouvoua mizérikòd li-a ki bon anpil la,  
sé pou Granmèt la édé-ou avèk gras Éspri-Sin-an ;

**R:** Amèn.

pou antan-ou libéré anba péché yo  
li sovè-ou épi li soulajé-ou ak byinvéyans.

**R:** Amèn.

129. Pè-a introdui résitasion priyé Granmèt la avèk paròl sa yo oubyin avèk paròl ki sanblé avèk yo :

Koulié-a minm antan nou fè yon sèl an nou priyé Bondié,  
tankou Granmèt nou Jézu-Kri té aprann nou priyé-a :

épi tout moun ansanm kontinué :

Papa nou, ki nan sièl la :  
sé pou yo réspékté non-ou ;  
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;  
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.  
Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;  
padonnin sa nou fè-ou,  
tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy ;  
pa kité nou pran nan pièj ;  
min délivré nou ak sa ki mal.

**Viatik**

130. Lè sa-a atò pè-a montré Trè Sin Sakréman-an, antan-l di :

**Min Mouton Bondié-a, min li ki ouété péché tè-a.**

**Ala kontantman pou sa yo yo rélé nan soupé Mouton-an.**

Épi malad la, si-l kapab, avèk lòt yo ki gin pou kominié yo, yo di ansanm :

**Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré lakay mouin ;  
min di sèlman yon paròl, é nanm mouin va géri.**

131. Pè-a proche kot malad la, antan-l montré-l Sakréman-an, li di-l :

**Kò Jézu-Kri (oubyin : San Jézu-Kri)**

Malad la réponn :

**Amèn.**

Épi minm lè-a, oubyin apré li fi-n bay kominion-an, pè-a ajouté :

**Sé pou-l protéjé-ou épi pou-l minnin-ou nan lavi k-ap duré tout tan-an.**

Malad la réponn :

**Amèn.**

Moun ki la yo ki anvi kominié, yo résévoua Sakréman-an kòm dòdinè.

132. Lè distribision kominion-an fini, pè-a fè purifikasion-an kòm dòdinè. Apré sa, dapré sikonstans favorab, li kapab obsèvé yon silans sakré pandan kèk éspas tan.

**Finisman rit la**

133. Apré sa, pè-a di priyè ki fini-an :

**An nou lapriyè.**

**Bondié, ou minm Pitit ou-a sé chémin-an,  
vérité-a ak lavi-a pou nou,**

**voyé jé-ou ak bon kè sou sèvitè-ou la N.**

**épi fè-l favè pou, antan li konté sou promès ou yo,**

**épi antan li réfè ni ak Kò Pitit ou-a ni ak San-l,**

**li travèsé anpè nan péyi koté ou roua-a.**

**Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

**℟ Amèn.**

Dòt priyè yo kapab chouazi, nn. 259 épi 57.

Épi li béni malad la avèk moun ki la yo :

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,  
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.**

✠ Amèn.

Dòt fòmul bénédiksion, n. 79, 237.

Apré sa ni pè-a li minm ni moun ki prézan yo kapab bay malad la sign lapè.

## POU YO BAY ONKSION-AN SAN VIATIK LA

**134.** Si poutèt sa-k ajouté nan bagay yo sé onksion-an sèlman y-ap bay malad-la ki rivé nan danjé pròch lanmò-a san administrasion Viatik la, yo obsèvé rit la ki indiké anlè-a, nn. 119-129, sof bagay sa yo :

*a) Avètisman nan kòmansman-an (n. 119) y-a ranjé-l nan fason sa-a :*

**Frè-m yo mouin rinmin anpil la, pa lintèmediè apot Jak, Granmèt Jézu-Kri té pasé lòd : « Èské gin yon moun ki malad nan pami nou ? Sé pou yo rélé ansyin Égliz la épi y-a priyé sou li, antan yo fè onksion sou li avèk luil o Non Granmèt la : épi priyé lafoua-a ap sovè malad la, épi Granmèt la ap soulajé-l ; épi si li té fè péché, y-ap padonnin yo pou li ».**

**Konsa an nou rékòmandé frè nou-an ki malad la bay gras Kris la avèk pouvoua-l, pou-l jouinn soulajman épi pou-l sovè.**

*b) Yon foua onksion-an fini, pè-a di yon priyè ki pi adapté avèk kondision malad la (nn. 243-246).*

## Onksion sou kondision

**135.** Si pè-a douté malad la toujou vivan, li kapab bay Onksion-an sou fòm sa-a :

Antan-l proché kot malad la, si tan-an kout, li kòmansé di :

**Avèk priyè lafoua nou, an nou sipliyé Granmèt la pou frè nou **N.**, pou-l aksépté vizité-l avèk bon kè épi réfè-l avèk Onksion ki sin-an.**

**R: N-ap lapriyè-ou, kouté nou.**

Épi minm lè-a li ba-l Onksion-an antan li adapté fòmul la nan mòd jan bagay la :

**Si ou-ap viv, pa pouvoua Onksion sa-a ki sin-an,  
épi pa pouvoua mizérikòd li ki bon anpil la,  
sé pou Granmèt la édé-ou avèk gras Éspri Sin-an ;**

**R: Amèn.**

**pou antan-ou libéré sot nan péché yo  
li sové-ou épi li soulajé-ou ak bon kè.**

**R: Amèn.**

Daprè sikonstans favorab minm, li kapab ajouté yon priyè ki pi adapté avèk kondision malad la (nn. 243-246).



## Chapit V

## KONFIMASION NAN DANJÉ LANMÒ

136. Chak fous sikonstans yo pèmèt sa, y-a obsèvé rit la an-antié, jan li prezanté nan Òrdo Konfirmasion-an si gin nésésité presé yo ranjé rit la konsa.

**Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri,  
ou minm ki té fè sèvitè-ou sa-a résévoua yon nouvo nésans  
nan dlo ak Éspri Sin-an,  
antan-ou libéré-l sot nan péché-a,  
ou minm, Granmèt, voyé Éspri Paraklè-a nan li  
ba li éspri sajès ak intèlijans,  
éspri konsèy ak fòs,  
éspri sians ak piété ;  
ranpli-l ak éspri krint ou-a.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

**R: Amèn.**

Apré sa antan pouint pous min doua li tranpé nan Krèm nan, ak pous la li trasé sign koua-a sou fron sa k-ap konfirmé-a, antan-l di :

**N., résévoua sign kado Éspri Sin-an.**

Épi konfirmé-a, si-l kapab, li réponn :

**Amèn.**

Dòt éléman préparasion ak finisman ki propozé nan Òrdo Konfirmasion-an, yo kapab ajouté yo nan chak ka, antan yo fè atansion ak tout sikonstans yo.

137. Nan ka dènié nésésité, li kont pou pè-a fè krismasion-an avèk fòmul sakramantèl la :

**N., résévoua kado Éspri Sin-an.**

## Chapit VI

### ÒRDO POU RÉKÒMANDASION MOUN K-AP MOURI YO

**138.** Charité aléga prochin-an présé krétyin yo pou yo montré yo fè youn avèk frè yo-a oubyin sè yo-a k-ap mouri-a, antan y-ap sipliyé mizérikòd Bondié ak konfians nan Kris la avèk li épi pou li.

**139.** Priyè yo, litani yo, fòmul jakulatoua yo, psòm yo, léktu paròl Bondié-a, sa yo propozé nan chapit sa-a pou rékòmandasion nanm nan, yo fè éfò sitou pou moun nan k-ap mouri-a li minm, si li gin konsians li toujou, li dépasé kè séré lanmò-a moun nan fèt avèk li-a, antan li imité Kris la ki gin pasians la épi k-ap mouri-a, li aksépté-l nan éspérans lavi sièl la ak rézireksion nan puisans sa-a ki détoui lanmò nou-an antan-l mouri-a.

Moun ki prézan yo minm, minm si moun k-ap mouri-a pa konsian ankò, y-a tiré konsolasion nan priyè sa yo, antan y-ap aprann sans paskal lanmò krétyin-an. Sans sa-a, li bon souvan pou montré-l minm avèk sign yo kapab ouè antan yo maké moun k-ap mouri-a avèk sign koua nan fron, koté yo té maké anvan nan batèm nan.

**140.** Priyè yo ak léktu yo yo gin doua chouazi yo avèk libètè nan pami sa ki suiv yo, antan yo ajouté, si ka-a prezanté, dèt, y-ap toujou adapté yo avèk éta spirituèl ak kòporèl moun nan k-ap mouri-a épi avèk dèt sikonstans koté-a ak moun yo. Sé pou yo résité yo yon fason pozé, avèk voua pito tou ba épi antan yo kité tan silans antré yo. Souvan l-ap bon pou youn oubyin lòt nan priyè jakulatoua yo yo jouinn anba-a, yo résité yo avèk moun nan k-ap mouri-a, si ka-a prezanté, antan yo répété minm nan dé oubyin toua foua tou dousman.

**141.** Osito apré li fi-n ékspiré tout moun profité mét ajénou épi youn nan moun ki prézan yo oubyin pè-a oubyin diak la, si-l prézan, résité priyè-a yo jouinn anba-a nan n. 151.

**142.** Pè-a avèk diak la y-a fè éfò, nan mézi yo kapab, pou yo asisté moun k-ap mouri yo ansanm ak pròch yo épi pou résité priyè rékòmandasion-an avèk ékspirasion-an ; prezans yo réyèlman montré pi klè krétyin-an mouri nan kominion Égliz la. Lè poutan akòz dèt aktivité pastoral pi lou yo pa kapab prézan, yo pap manké avèti layik yo, pou antan yo asisté moun k-ap mouri yo, priyè yo ki ranmasé nan tit sa-a oubyin dèt, yo résité yo avèk yo ; konsa y-a fè atansion pou mòd jan tèks priyè-a ak léktu sa yo, yo ginyin yo nan min yo.

**143. Fòmul kout**

- Kilès k-ap séparé nou sot nan rinmin Kris la ? (Romin 8,35).
- Soua n-ap viv, soua nou mouri, nou pou Granmèt la (Romin 14,8).
- Nou gin yon kay tout tan nan sièl yo (2 Korintyin 5,1).
- N-ap toujou ak Granmèt la (1 Tésalonisyin 4,17).
- N-ap ouè Granmèt la jan-l yé-a (1 Jan 3,2).
- Nou travèsé sot nan lanmò al nan lavi, paské nou rinmin frè yo (1 Jan 3,14).
- Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin (Psòm 24,1).
- Granmèt la sé klèté-m sé li-k sové-m (Psòm 26,1).
- Mouin kouè m-ap ouè byin Granmèt la sou tè vivan yo (Psòm 26,13).
- Nanm mouin souaf kot Bondié vivan-an (Psòm 41,3).
- Si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò, mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin (Psòm 22,4).
- Vini, nou minm Papa-m béni yo, sé sa Granmèt Jézu di, pran posésion péyi roua-a ki té paré pou nou-an (Matié 25,34).
- Amèn, mouin di-ou : Jodi-a ou-ap avèk mouin nan paradi-a, sé sa Granmèt Jézu di (Jan 14,2).
- Nan kay Papa-m nan gin anpil koté pou rété, sé sa Granmèt Jézu di (Jan 14,2).
- Granmèt Jézu di : M-apral paré yon koté pou nou, épi m-ap pran nou avèk mouin (Jan 14,2).
- Mouin vlé pou koté-m yé-a, yo minm tou yo avèk mouin, sé sa Granmèt Jézu di (Jan 17,24).
- Tout moun ki kouè nan Pitit la, l-ap gin lavi tout tan-an (Jan 6,40).
- Nan min-ou, Granmèt, mouin rinmèt éspri mouin (Psòm 30,6a).
- Granmèt Jézu, résévoua éspri mouin (Travay Apot yo 7,59).
- Sint Mari, priyé pou mouin.
- Sin Jozèf, priyé pou mouin.
- Jézu, Mari, Jozèf, asisté mouin nan dènié agoni-an.

**144. Léktu bibliik**

Yo kapab pran kèk léktu sot nan sa-k ékri yo ki sakré yo, yo indiké nan nn. 153-229, oubyin nan sa-k suiv yo :

**Léktu nan Ansyin Téstaman-an :** Izayi 35,3-4. 6c-7. 10 ; Jòb 19, 23-27a.

**Psòm :** 22 ; 24, 1. 4b-11 ; 90 ; 113, 1-8 ; 114, 3-5 ; 120, 1-4 ; 122.

**Léktu nan Nouvo Téstaman-an :** 1 Korintyin 15, 1-4 ; 1 Jan 4, 16 ; Apokalips 21, 1-5a. 6-7.

**Évanjil :** Matié 25, 1-13 ; Mark 15, 33-37 ; Mark 16, 1-8 ; Luk 22, 39-46 ; Luk 23, 42-43 ; Luk 24, 1-8 ; Jan 6, 37-40 ; Jan 14, 1-6. 23. 27.

**145.** Si moun nan k-ap mouri-a kapab sipòté priyè ki pi long, li konséyé pou moun ki prézan yo priyé pou li dapré sikonstans bagay yo, antan yo résité litani sin yo (oubyin kèk invokasion nan pami yo) avèk répons « lapriyé pou li », antan yo fè mansion spésial sin-an oubyin sin yo ki patron moun nan k-ap mouri-an oubyin fanmiy nan. Yo kapab résité tou kèk nan priyè abituèl yo.

Lè yo ouè moman-an rivé pou-l pati, yon moun kapab résité kèk nan priyé yo ki suiv la, dapré dispozision krétièn moun nan k-ap mouri-a.

#### **146. Priyé yo**

**Ou mèt pati sot sou tè sa-a, nanm krétyin,  
o non Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,  
li minm ki té kréyé-ou la,  
o non Jézu-Kri Pitit Bondié vivan-an, ki té souffri pou ou-a,  
o non Éspri-Sin-an, ki té vidé nan ou-a ;  
jodi-a sé pou koté-ou la an pè  
ni koté-ou abité-a kot Bondié nan Siyon ki sin-an,  
avèk sint Vièj Mari Manman Bondié,  
avèk sin Jozèf,  
épi tout Anj ak sin Bondié yo.**

**147. Mouin rékòmandé-ou bay Bondié ki gin tout pouvoua-a,  
frè-m nan mouin rinmin anpil la,  
épi mouin rinmèt ou nan min-l, li minm ki cléyé-ou la,  
pou-ou rétounin bay sa-k té fè-ou la,  
li minm ki té fòmé-ou sot nan labou tè-a.  
Ou minm donk k-ap soti nan lavi sa-a,  
sé pou Sint Mari, Anj yo ak tout Sin yo al rankontré-ou.  
Sé pou Kris la libéré-ou,  
li minm yo té klouré sou koua-a pou ou-a,  
sé pou Kris la libéré-ou, li minm ki té aksépté mouri pou ou-a,**

sé pou Kris la, Pitit Bondié vivan-an,  
 plasé-ou anndan paradi-l la  
 épi sé pou vrè Pastè sa-a rékonèt ou nan pami mouton-l yo.  
 Li minm sé pou-l padonnin-ou anba tout péché-ou yo,  
 épi sé pou-l plasé-ou nan pami sa yo li chouazi yo.  
 Sé pou-ou gadé Rédanmtè-ou la fas a fas  
 épi sé pou-ou joui kontanplasion Bondié-a  
 pou tout tan gin tan.

**R:** Amèn.

148. Résévoua sèvitè-ou la, Granmèt,  
 nan koté li té espéré ou t-ap sovè-l ak mizèrikòd ou-a

**R:** Amèn.

Libéré sèvitè-ou la, Granmèt,  
 anba tout tribilasyon yo.

**R:** Amèn.

Libéré sèvitè-ou la, Granmèt,  
 jan-ou té libéré Noé sot nan déluj la.

**R:** Amèn.

Libéré sèvitè-ou la, Granmèt,  
 jan-ou té libéré Abraam soti Our Kaldéyin yo.

**R:** Amèn.

Libéré sèvitè-ou la, Granmèt,  
 jan-ou té libéré Jòb sot nan soufrans li yo.

**R:** Amèn.

Libéré sèvitè-ou la, Granmèt,  
 jan-ou té libéré Moyiz sot nan min Faraon-an.

**R:** Amèn.

Libéré sèvitè-ou la, Granmèt,  
 jan-ou té libéré Danièl sot nan fòs lion yo.

**R:** Amèn.

Libéré sèvitè-ou la, Granmèt,  
 jan-ou té libéré toua ti moun yo sot nan boukan difé-a ki té cho  
 anpil la ak anba min roua méchan-an.

**R:** Amèn.

Libéré sèvitè-ou la, Granmèt,  
jan-ou té libéré Suza-n anba fo akizasion-an.

**R:** Amèn.

Libéré sèvitè-ou la, Granmèt,  
jan-ou té libéré David sot nan min Sayul la,  
ak nan min Goliat la.

**R:** Amèn.

Libéré sèvitè-ou la, Granmèt,  
jan-ou té libéré Piè ak Pòl sot nan prizon yo.

**R:** Amèn.

Libéré sèvitè-ou la, Granmèt,  
pa pouvoua Jézu Sovè nou-an,  
ki té subi lanmò anmè pou nou  
épi ki té ba nou lavi tout tan-an.

**R:** Amèn.

149. Nou rékòmandé-ou, Granmèt, sèvitè-ou la **N.**  
épi nou priyé-ou, Granmèt Jézu-Kri, Sovè tè-a,  
pou li minm ou té désann pou li ak mizérikòd sou tè-a,  
ou résévoua-l ak bon kè nan kontantman péyi koté ou roua-a.  
Minm si réyèlman li té fè péché,  
li pa-t nié Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an,  
min li té kouè,  
épi li té adoré avèk fidéлитé Bondié ki té fè tout bagay la.

150. Yo kapab minm di oubyin chanté antièn nan :

Salu, Rèn, manman mizérikòd ;  
lavi, dousè ak éspérans nou, salu.  
Koté-ou n-ap rélé, pitit Èv yo ki égzilé yo.  
Koté-ou n-ap soupiré, antan n-ap plinn épi n-ap kriyé  
nan bafon sa-a koté dlo ap koulé sot nan jé nou-an.  
Ébyin donk, avoka nou,  
jé mizérikòd ou sa yo  
viré yo nan diréksion nou.

Épi Jézu, frui vant ou-a ki béni-an  
apré égzil sa-a montré nou li.

Ou minm ki gin bon kè, ou minm ki sin,  
ou minm ki dous, Vièj Mari.

151. Osito apré li fi-n ékspiré, yo di :

**R.** Vini, Sin Bondié yo, al ranontré-l, Anj Granmèt la,  
antan nou résévoua nanm li,  
antan nou ofri-l nan fas Sa-a ki anro nèt la.

**V.** Sé pou Kris la résévoua-ou, li minm ki té rélé-ou la  
épi nan léstomak Abraam sé pou Anj yo minnin-ou.

**R.** Antan nou résévoua nanm li,  
antan nou ofri-l nan fas Sa-a ki anro nèt la.

**V.** Répo tout tan-an, ba li-l, Granmèt,  
épi sé pou limiè k-ap diré san rété-a kléré-l.  
Antan nou ofri-l nan fas Sa-a k-ap diré tout tan-an.

An nou lapriyè

Ou minm, Granmèt, nou rékòmandé-ou sèvitè-ou la, **N.**  
pou antan li défin nan sièk sa-a li viv pou ou,  
épi péché yo li té fè aköz frajilité konduit moun nan,  
ou minm éfasé yo ak padon bon kè-ou ki gin anpil mizérikòd la.  
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou.

**R.** Amèn.

Oubyin dèt apati Òrdo antèman-an.

## Chapit VII

### DIVÈS TÈKS YO SÈVI AVÈK YO NAN RIT POU MALAD YO

#### I. LÉKTU BIBLIK

**152.** Léktu sa yo, yo sèvi avèk yo pou malad yo, soua nan vizit malad yo, soua nan sélébrasion Onksion malad yo pou yon sèl oubyin pou anpil ansanm, soua minm nan priyè pou malad yo, antan malad yo prézan oubyin absan. Y-a chouazi yo dapré sikonstans pastoral favorab, antan yo konsidéré avèk atansyon éta kòporèl ak spirituèl malad yo, yo minm yo chouazi léktu yo pou yo-a. Yo indiké kèk léktu ki pi adapté pou moun k-ap mouri yo.

#### LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

**153.** **Prémié liv Roua yo 19, 1-8 :** « Éli fébli nan chémin, Granmèt la ba-l fòs. »

Jou sa yo : Akab anonsé Jézabèl tou sa Éli té fè... [p. 301].

**154.** **Jòb 3, 1-3. 11-17. 20-23 :** « Pouki sa yo bay maléré-a limiè-a ? »

Jou sa yo : Jòb louvri bouch li... [p. 301].

**155.** **Jòb 7, 1-4. 6-11 :** « Sonjé sé van lavi-m yé. »

Jou sa yo : Jòb palé, li di... [p. 302].

**156.** **Jòb 7, 12-21:** « Sa moun nan yé pou ou-ap fè-l vi-n gran-an. »

Jou sa yo : Jòb palé, li di: Èské sé lanmè mouin yé... [p. 302].

(Pou sa-k prèt pou mouri yo)

**157.** **Jòb 19, 23-27 a :** « Mouin konnin Rédanmtè-m nan, li vivan. »

Jou sa yo : Jòb di : Ki moun ki t-a fè-m favè... [p. 303].

**158.** **Sajès 9, 9-11. 13-18 :** « Ki moun ki kapab konnin sa-k nan lidé-ou, si sé pa ou minm ki bay sajès la. »



- Avèk ou sajès la yé, Granmèt mizérikòd, li minm ki konnin... [p. 303].
- 159.** *Izayi 35, 1-10* : « Ankourajé min k-ap fébli yo. »  
Nan jou sa yo : dézè-a kontan ni tè ki pa gin rout la... [p. 304].
- 160.** *Izayi 52, 13-53, 12* : « Sé soufrans nou li minm li t-ap poté. »  
Min sèvitè-m nan ap gin konprann... [p. 304].
- 161.** *Izayi 61, 1-3 a* : « Éspri Granmèt la voyé-m konsolé tout moun ki nan lapinn. »  
Éspri Granmèt la sou mouin ... 3 jous nan plas éspri tristès. [p. 305].

#### LÉKTU NAN NOUVO TÈSTAMAN-AN POU TAN PASKAL LA

- 162.** *Travay Apot yo 3, 1-10* : « O non Jézu-Kri, lèvé, maché. »  
Jou sa yo : Piè ak Jan t-ap monté nan Tanp la... [p. 306].
- 163.** *Travay Apot yo 3, 11-16* : « Sé lafoua pa lantrémiz li minm Bondié résisité-a, ki bay santé sa-a ki intak la. »  
Jou sa yo : Kòm infim nan ki té géri-a té kinbé Piè ak Jan... [p. 306].
- 164.** *Travay Apot yo 4, 8-12* : « Pa gin okinn non anba sièl la yo bay, ki pèmèt nou sové. »  
Jou sa yo : Antan Piè plin ak Éspri Sin-an, li di yo... [p. 307].
- 165.** *Travay Apot yo 13, 32-39* : « Sa Bondié résisité-a, li pa ouè dékonpozision. »  
Jou sa yo : Pòl té di : « Nou minm nou anonsé nou... [p. 307].

## LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN POU LÒT TAN YO

- 166.** **Romin 8, 14-17** : « Si n-ap soufri ansanm avèk li n-ap jouinn gloua-a ansanm avèk li tou. »  
Frè-m yo : Moun ki kité Éspri Bondié-a kondui yo... [p. 308].
- 167.** **Romin 8, 18-27** : « Antan n-ap tann rédanmsion kò nou. »  
Frè-m yo : Mouin konsidéré soufrans tan sa-a pa anyin... [p. 308].
- 168.** **Romin 8, 31 b-35. 37-39** : « Kilès ki kapab séparé nou sot nan rinmin Kris la ? »  
Frè-m yo : Si Bondié pou nou, kilès k-ap kont nou... [p. 309].
- 169.** **1 Korintyin 1, 18-25** : « Sa-k fèb la pou Bondié, li pi fò pasé moun yo. »  
Frè-m yo : Paròl koua-a sé yon foli pou moun k-ap péri yo... [p. 309].  
(Pou sa-k prèt pou mouri yo)
- 170.** **1 Korintyin 12, 12-22. 24 b-27** : « Si yon manb ap soufri, tout manb yo ap soufri ansanm avèk li. »  
Frè-m yo : Minm jan kò-a li yon sèl... [p. 310].  
(Pou sa-k prèt pou mouri yo)
- 171.** **1 Korintyin 15, 12-20** : « Si mò yo pa résisité, Kris la pa résisité non plis tou. »  
Frè-m yo : Si y-ap préché Kris la résisité sot nan pami mò yo... [p. 310].  
(Pou sa-k prèt pou mouri yo)
- 172.** **2 Korintyin 4, 16-18** : « Moun sou pa anndan-an ap réfèt tou nèf chak jou pi plis. »  
Frè-m yo : Nou pa fébli ... [p. 311].  
(Pou sa-k prèt pou mouri yo)
- 173.** **2 Korintyin 5, 1. 6-10** : « Nou gin yon kay ki la pou tout tan nan sièl yo. »  
Frè-m yo : Nou konnin si kay nou sa-a koté nou abité sou tè-a détoui... [p. 311].

- 174. Galat 4, 12-19 :** « Sé atravè féblès chè-a mouin té poté Bòn Nouvèl la ba nou. »  
Frè-m yo : Sé pou nou tankou mouin minm... [p. 312].
- 175. Filipyin 2, 25-30 :** « Li fèb, min Bondié gin pitié pou li. »  
Frè-m yo : Mouin kouè li nésèsè pou-m voyé Épafròdit ba nou, frè-m nan... [p. 312].
- 176. Kolosyin 1, 22-29 :** « M-ap konplété sa-k manké nan soufrans Kris la nan chè mouin, pou kò li. »  
Frè-m yo : Koulié-a minm Bondié rékonsilié nou nan kò chè Kris la ... [p. 312].
- 177. Ébré 4, 14-16 ; 5, 7-9 :** « Nou pa gin yon prèt an chèf ki pa kapab soufri féblès nou avèk nou. »  
Frè-m yo : Kòm nou gin yon gran prèt an chèf... [p. 313].
- 178. Jak 5, 13-16 :** « Priyé lafoua-a ap sové malad la. »  
Nou minm mouin rinmin anpil la : Èské youn nan nou gin chagrin ? ... [p. 313].
- 179. 1 Piè 1, 3-9 :** « Nou gin kè kontan, minm si koulié-a, nou gin pou nou gin chagrin. »  
Konpliman pou Bondié, ak Papa ... [p. 314].
- 180. 1 Jan 3, 1-2 :** « Sa n-ap yé-a pa ko parèt. »  
Nou minm mouin rinmin anpil la : Gadé ki kalité rinmin Papa-a ba nou... [p. 314].
- (Pou sa-k prèt pou mouri yo)
- 181. Apokalips 21, 1-7 :** « Pap gin lanmò ankò ni dèy, ni rèl, ni doulè ankò. »  
Mouin minm, Jan, mouin ouè yon sièl nouvo... [p. 315].
- 182. Apokalips 22, 17. 20-21 :** « Vini, Granmèt Jézu ! »  
Éspri-a avèk Madanm k-ap marié-a di : « Vini »... [p. 315].

## PSÒM RÉPONS YO

- 183.** Izayi 38, 10. 11. 12 abcd. 16 (R : cf. 17 b)  
 R Ou minm, Granmèt, ou délivré nanm mouin, pou-l pa péri.  
 [p. 315].
- 184.** Ps 6, 2-4 a. 4 b-6. 9-10 (R : 3 a)  
 R Pitié pou mouin, Granmèt, paské mouin fèb. [p. 284].
- 185.** Ps 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 8-9. 10 é 14. 15-16 (R : 1 b)  
 R Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin. [p. 284].
- 186.** Ps 26, 1. 4. 5. 7-8 a. 8 b-9 ab. 9 cd-10 (R : 14)  
 R Tann Granmèt la, aji avèk kouraj, sé pou kè-ou jouinn fòs.  
 [p. 144].
- 187.** Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 10-11. 12-13. 17 é 19 (R : 19 a ; oubyin 9 a)  
 R Granmèt la tou pré moun ki gin kè yo krazé.  
 oubyin :  
 R Gouté, n-a ouè kijan Granmèt la bon. [p. 284].
- 188.** Ps 41, 3. 5 bcd ; Ps 42, 3. 4 (R : Ps 41, 2)  
 R Tankou yon mouton al nan sous dlo,  
 konsa nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié. [p. 284].
- 189.** Ps 62, 2-3. 4-6. 7-9 (R : 2 b)  
 R Nanm mouin souaf ou, Bondié mouin. [p. 284].
- 190.** Ps 70, 1-2. 5-6 ab. 8-9. 14-15 ab (R : 12 b oubyin 23)  
 R Bondié mouin, fè vit vi-n poté-m sékou.  
 oubyin :  
 R Po bouch mouin ap fété, ni nanm mouin ou rachté-a. [p. 319].

- 191.** Ps 85, 1-2. 3-4. 5-6. 11. 12-13. 15-16 ab (R: 1 a oubyin 15 a é 16 a)  
 R: Panché zòrèy ou, Granmèt, kouté-m.  
 oubyin :  
 R: Bondié ki gin pitié épi ki gin mizérikòd,  
 Voyé jé sou mouin épi pran pitié pou mouin. [p. 285].
- 192.** Ps 89, 2. 3-4. 5-6. 9-10 ab. 10 cd é 12. 14 é 16 (R: 1)  
 R: Granmèt, ou sèvi nou kachèt,  
 sot nan jénérasyon al nan jénérasyon. [p. 285].
- 193.** Ps 101, 2-3. 24-25. 26-28. 19-21 (R: 2)  
 R: Granmèt, kouté priyè-m,  
 épi fè rèl mouin-an rivé koté-ou. [p. 285].
- 194.** Ps 102, 1-2. 3-4. 11-12. 13-14. 15-16. 17-18 (R: 1 a oubyin 8)  
 R: Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin.  
 oubyin :  
 R: Granmèt la pran pitié, li gin mizérikòd  
 li pran pasians, li gin anpil mizérikòd. [p. 322].
- 195.** Ps 122, 1-2 a. 2 bcd (R: 2 cd)  
 R: Jé nou kot Granmèt Bondié nou-an, joutan li pran pitié pou  
 nou. [p. 285].
- 196.** Ps 142, 1-2. 5-6. 10 (R: 1 a oubyin 11 a)  
 R: Granmèt, kouté priyè-m.  
 oubyin :  
 R: Poutèt non-ou, Granmèt, ou-ap fè-m viv. [p. 324].

## ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

197. **Psòm 32, 22** : Sé pou mizérikòd ou vi-n sou nou, Granmèt, tankou nou té espéré nan ou. [p. 286].
198. **Matié 5, 4** : Ala kontantman pou moun k-ap kriyé yo, paské y-ap konsolé. [p. 286].
199. **Matié 8, 17** : Li minm minm li té pran féblès nou yo, li té poté maladi nou yo. [p. 324].
200. **Matié 11, 28** : Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap fatigé, k-ap rédi anba gro chaj, m-ap réfè fòs nou, sé sa Granmèt la di. [p. 324].
201. **2 Korintyin 1, 3 b-4 a** : Konpliman pou Papa mizérikòd yo ak Bondié tout konsolation-an, li minm ki konsolé nou nan tout tribilasyon nou. [p. 325].
202. **Éfézyin 1, 3** : Konpliman pou Bondié Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki béni nou ak tout kalité bénédiksyon spirituèl nan sièl la nan Kris la. [p. 325].
203. **Jak 1, 12** : Ala kontantman pou moun ki soufri tantasyon-an, paské, lè yo fi-n fè-l bay prèv li, l-ap résévoua kouròn lavi-a. [p. 325].

## ÉVANJIL YO

204. **Matié 5, 1-12a** : « Fè kè nou kontan, fété, paské rékonpans nou anpil nan sièl yo. »  
Lè sa-a : Antan Jézu ouè foul yo... **12 jous** rékonpans nou anpil nan sièl yo. [p. 325].
205. **Matié 8, 1-4** : « Granmèt, si-ou vlé, ou kapab géri-m. »  
Pandant Jézu t-ap désann sot sou mòn nan, anpil foul t-ap suiv li... [p. 326].

- 206. Matié 8, 5-17 (pi long) oubyin 5-13 oubyin 14-17 (pi kout) :**  
 « Li minm minm li té pran féblès nou yo. »  
 Lè sa-a : Pandan Jézu t-ap antré Kafarnaòm... [p. 326].  
 (pi kout) Lè sa-a : Pandan Jézu antré nan kay Piè-a ... [p. 327, 327].
- 207. Matié 11, 25-30 :** « Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap fatigé. »  
 Lè sa-a Jézu pran laparòl, li di... [p. 328].
- 208. Matié 15, 29-31 :** « Jézu géri anpil moun. »  
 Lè sa-a : Jézu rivé bò lanmè Galilé-a... [p. 328].
- 209. Matié 25, 31-40 :** « Chak foua nou fè pou youn nan pi piti frè-m sa yo, sé pou mouin minm nou fè. »  
 Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Lè Pitit moun nan ap rivé ... [p. 328].
- 210. Mark 2, 1-12 :** « Lè Jézu ouè lafoua yo, li di : Péché-ou yo éfasé. »  
 Lè sa-a : Jézu tounin Kafarnaòm, épi lè yo té tandé... [p. 329].
- 211. Mark 4, 35-41 :** « Pouki sa nou timid konsa-a ? nou pa ko gin lafoua ? »  
 Jou sa-a, kòm asouè té fi-n rivé, Jézu té di disip li yo : « An nou travèsé an fas la »... [p. 330].
- 212. Mark 10, 46-52 :** « Jézu, pitit David, pran pitié pou mouin. »  
 Lè sa-a : Pandan Jézu ap soti Jériko... [p. 330].
- 213. Mark 16, 15-20 :** « Y-ap pozé min sou malad yo, malad yo ap géri. »  
 Lè sa-a : Jézu parèt dévan onz yo, li di yo... [p. 331].
- 214. Luk 7, 19-23 :** « Anonsé Jan sa nou tandé ak sa nou ouè. »  
 Lè sa-a : Jan té rélé dé nan disip li yo... [p. 331].
- 215. Luk 10, 5-6. 8-9 :** « Géri malad yo. »  
 Lè sa-a : Jézu té di disip li yo : Nan ninpòt kay nou antré... [p. 331].
- 216. Luk 10, 25-37 :** « Ki moun ki prochin-m ? »  
 Lè sa-a : Gin yon spésialis laloua-a ki lévé pou-l tanté Jézu, li di... [p. 332].

- 217.** Luk 11, 5-13 : « Mandé, y-ap ba nou. »  
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Kilès nan nou si-l gin... [p. 332]. »
- 218.** Luk 12, 35-44 : « Ala kontantman pou sèvitè sa yo, si lè mèl la rivé, li jouinn yo ap véyé. »  
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Sé pou rin nou maré... [p. 333]. »
- 219.** Luk 18, 9-14 : « Bondié, pitié pou mouin péchè. »  
Lè sa-a : Jézu di parabòl sa-a pou kèk moun ki té mét konfians nan pròp tèt yo kòm si yo té kòrèk... [p. 334].  
(Pou sa-k prèt pou mouri yo)
- 220.** Jan 6, 35-40 : « Sa-a, sé volonté Papa-a, pou tou sa-l ban mouin, mouin pa pèdi yo. »  
Lè sa-a : Jézu di foul yo : « Mouin minm mouin sé pin lavi-a... [p. 334].  
(Pou sa-k prèt pou mouri yo)
- 221.** Jan 6, 53-58 : « Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan. »  
Lè sa-a : Jézu di foul yo : « Amèn, amèn mouin di nou... [p. 335]. »
- 222.** Jan 9, 1-7 : « Li pa fè péché, min sé pou travay Bondié kapab parèt klè nan li. »  
Lè sa-a : Pandan Jézu ap pasé, li ouè yon moun ki avèg... [p. 335]. »
- 223.** Jan 10, 11-18 : « Bon gadyin-an bay lavi-l pou mouton-l yo. »  
Lè sa-a : Jézu di : « Mouin sé bon gadyin-an... [p. 335]. »

### LÉKTU SOT NAN ISTOUA SOUFRANS GRANMÈT LA

- 224.** Yo kapab li tou léktu sot nan Soufrans Granmèt la, dapré sikonstans favorab, tankou nan Dimanch Soufrans la (Léksionè I, pp. 613-644), oubyin nan jou Vandrédi Soufrans Granmèt la (ibid. I, pp. 662-667), oubyin nan Mès votiv « Mistè S. Koua-a » (ibid. III, pp. 811-820), oubyin minm tankou sa-k suiv la :



225. **Matié 26, 36-46** : « Si kalis sa-a pa kapab pasé, sé pou volonté-ou fèt. »  
Lè sa-a : Jézu rivé avèk disip li yo nan yon abitasyon... [p. 336].
226. **Mark 15, 33-39 ; 16, 1-6** : Lanmò ak réziréksion Granmèt la.  
Lè szièm è-a rivé... [p. 337].
227. **Luk 23, 44-49 ; 24, 1-6a** : Lanmò ak réziréksion Granmèt la.  
Li té prèské midi... [p. 337].
228. **Luk 24, 13-35** : « Èské Kris la pa-t gin pou-l souffri, épi sé konsa pou-l antré nan gloua-l la ? »  
Min dé nan disip Jézu yo t-apral nan yon bouk, premié jou sémèn sa-a... [p. 338].
229. **Jan 20, 1-10** : « Li ouè, li kouè. »  
Premié jou sémèn nan, Mari Madlèn rivé granmatin... [p. 339].

## II. FÒMUL SALUTASION

230. **Ÿ. Gras Granmèt nou Jézu-Kri, avèk charité Bondié-a, épi kominion Éspri-Sin-an avèk nou tout.**  
**R: É avèk ou minm tou.**
231. **Ÿ. Gras pou nou avèk lapè sot nan Bondié Papa nou ak Granmèt Jézu-Kri.**  
**R: Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri.**  
oubyin :  
**R: É avèk ou minm tou.**

### III. FÒMUL AKT PÉNITANSIÈL

232. Pè-a invité fidèl yo nan pénitans la :

**Frè-m yo, an nou rékonèt péché nou yo, pou nou kapab paré pou patisipé nan sélébrasion sakré sa-a.**

Yo fè yon poz silans tou kout. Apré sa pè-a di :

**Pran pitié pou nou. Granmèt.**

Tout moun réponn :

**Paské nou fè péché kont ou.**

Pè-a :

**Montré nou mizérikòd ou-a, Granmèt.**

Tout moun réponn :

**Épi sovè ou sovè nou-an, ba nou li.**

Épi pè-a fini :

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a pran pitié pou nou, sé pou-l padonnin péché nou, pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.**

Tout moun réponn :

**Amèn.**

233. Pè-a invité fidèl yo nan pénitans :

**Frè-m yo, an nou rékonèt péché nou yo, pou nou kapab paré pou patisipé nan sélébrasion sakré sa-a.**

Yo fè yon poz silans tou kout. Apré sa, pè-a, oubyin yon lòt nan pami moun ki prézan yo proklamé invokasion ki suiv yo, oubyin dòt, avèk Granmèt, pran pitié.

**Ou minm ki té réyisi sovè nou avèk mistè paskal ou-a : Granmèt pran pitié.**

Tout moun :

**Granmèt, pran pitié.**

Pè-a :

**Ou minm ki pa sispann rénouvlé mèyèy Soufrans ou-a nan pami nou :**

**O Kris, pran pitié.**

Tout moun :

**O Kris, pran pitié.**

Pè-a :

**Ou minm ki fè nou patisipé nan sakrifis paskal la antan nou  
résévoua Kò-ou la :**

**Granmèt, pran pitié.**

Tout moun :

**Granmèt, pran pitié.**

Épi pè-a fini :

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a pran pitié pou nou,  
sé pou-l padonnin péché nou,  
pou-l minn nou nan lavi ki pap janm fini-an.**

Tout moun réponn :

**Amèn.**

#### IV. PRIYÈ APRÉ KOMINION

**234. Bondié, ou minm ki té akonpli  
travay rédanmsion moun nan  
pa pouvoua mistè paskal Sèl Pitit ou-a,  
fè nou favè ak bon kè-ou  
pou, nou minm k-ap anonsé avèk konfians lanmò ak réziréksion  
Kris la  
nan sign sakréman yo,  
nou santi ou sovè nou tout tan pi plis.  
Pa pouvoua Jézu-Kri.**

**235. Bondié, ou minm ki té vlé nou patisipé  
nan yon sèl pin-an ak yon sèl kalis la,  
fè nou favè, tanpri, pou nou viv yon tèl fason  
pou, antan nou fè yon sèl nan Kris la,  
nou kontan poté frui pou tè-a sovè.  
Pa pouvoua Jézu-Kri.**

236. N-ap fè konpliman pou ou, Granmèt,  
 nou minm ki réfè ak kado sakré-a  
 antan n-ap sipliyé bon kè-ou,  
 pou, pa pouvoua Éspri-ou la ki vidé-a,  
 gras sinsérité-a pèsévéré  
 nan sa yo koté gras sièl la té antré-a.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri.

## V. BÉNÉDIKSION YO

237. Sé pou Granmèt Jézu-Kri koté-ou pou-l défann ou.

℞ Amèn.

Sé pou-l dévan-ou pou-l kondui-ou, sé pou-l dèyè-ou pou-l  
 protéjé-ou.

℞ Amèn.

Sé pou-l gadé-ou, pou-l konsèvé-ou épi pou-l béni-ou.

℞ Amèn.

(Épi nou tout ki prézan isit la ansanm,  
 sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,  
 Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.

℞ Amèn.)

Oubyin :

238. Sé pou bénédiksion Bondié ki gin tout pouvoua-a,  
 Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an  
 désann sou nou, pou-l rété tout tan.

℞ Amèn.

## VI. POU ONKSION MALAD YO

**239. Priyè nan kòmansman rit Onksion-an**

Priyè sa-a yo kapab sèvi ak li nan plas avètisman nan kòmansman Onksion malad yo.

**Granmèt Bondié, ou minm ki té di pa lintèmédiè apot ou Jak :**  
 « Èské gin yon moun nan nou ki malad ? Sé pou yo rélé Ansyin Égliz la épi y-a priyé sou li, antan yo fè onksion sou li ak luil o Non Granmèt la, épi priyé lafoua-a ap sovè malad la, épi Granmèt la ap soulajé-l, épi si-l té fè péché, y-ap padonnin-l li »,  
 n-ap priyé avèk konfians, pou-ou prézan koté nou, nou minm ki rasanblé o Non-ou épi frè nou-an **N.** ki malad la  
 (avèk lòt yo ki kouché isit la)  
 véyé sou yo ak byinvéyans nan mizérikòd ou-a.  
 Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

**R:** Amèn.

**240. Dòt litani anvan Onksion-an**

1

– Ou minm ki té pran maladi nou yo, épi ki té poté doulè nou yo : Granmèt, pran pitié.

**R:** Granmèt, pran pitié.

– Ou minm ki bon kè sansib pou foul la, ki té pasé antan-ou fè dibyin épi antan-ou géri malad yo : O Kris, pran pitié.

**R:** O Kris, pran pitié.

– Ou minm ki té voyé Apot ou yo, pou yo pozé min yo sou malad yo : Granmèt, pran pitié.

**R:** Granmèt, pran pitié.

2

**241. Pou frè nou-an ki malad la ak pou tout moun yo ki vini pou okipé-l oubyin pou sèvi-l, an nou priyé Granmèt la.**

– Pou malad sa-a, ou gadé-l ak bon kè.

**R:** N-ap lapriyé-ou, kouté nou.

– Pou manb li yo, ou vidé yon fòs nouvo nan yo.

℞ N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

– Pou chagrin li yo, ou fè-l favè adousi yo.

℞ N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

– Pou li minm ou aksépté libéré-l anba péché-a avèk tout tantasion.

℞ N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

– Pou tout malad yo, ou poté yo sékou ak gras ou-a.

℞ N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

– Pou tout kalité moun k-ap asisté yo antan y-ap soutni yo avèk aksion ki sot nan Bondié.

℞ N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

– Pou li minm n-ap pozé min sou li o Non-ou nan, ou aksépté ba-l lavi épi sovè-l.

℞ N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

## 242. Dòt fòmul bédiksyon luil malad yo

– Konpliman pou ou Bondié, Papa ki gin tout pouvoua, ou minm ki té voyé Pitit ou sou tè-a pou nou épi pou sovè nou.

℞ Konpliman pou ou Bondié.

– Konpliman pou ou Bondié, Sèl Pitit la, ou minm ki antan-ou désann nan sa nou yé kòm moun nan, ou té vlé géri maladi nou yo.

℞ Konpliman pou ou Bondié.

– Konpliman pou ou Bondié, Éspri-Sin Paraklè, ou minm ki fòtifii maladi kò nou-an avèk puisans ki la pou tout tan.

℞ Konpliman pou ou Bondié.

Rét prézan, Granmèt, ak byinvéyans,  
épi luil sa-a,  
ki préparé pou géri chagrin fidèl ou yo,  
ak bédiksyon-ou ✠ fè-l vi-n sin,  
pou, antan priyè lafoua-a ap intèsédé-a,  
ninpòt ki moun yo fè onksion avèk li sou yo,

yo libéré anba tout maladi ki kinbé yo.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R:** Amèn.

### Priyè apré onksion-an

243. Pou laj ki rivé nan dènié bout

Sèvitè-ou la, Granmèt,  
k-ap fè éfò avèk maladi laj  
épi k-ap mandé gras ou nan Onksion ki sin-an  
pou kò-a ak nanm nan sovè-a,  
gadé-l avèk byinvéyans :  
pou antan-l jouinn fòs ak plénitud Éspri-ou la,  
antan-l pèsévéré nan lafoua k-ap ba-l fòs la  
li ofri tout moun modèl pasians  
épi li montré santiman charité-ou la ki bay kè kontan.  
Pa pouvoua Jézu-Kri.

244. Pou sa-a ki panché nan gran danjé-a

Rédanmtè tout moun, Bondié,  
ou minm ki pran doulè nou yo pèsònèlman nan Soufrans ou-a,  
épi ki té poté maladi nou yo pèsònèlman,  
pou frè nou-an **N.** ki malad n-ap priyé-ou avèk kè nou tou pòv,  
pou, li minm ou rachté-a, ou fè-l favè rédrésé  
nan éspérans ou-ap sovè-l la  
épi ou aksépté soutni-l nan kò ak nan nanm.  
Ou minm ki vivan.

245. Pou moun nan yo ofri Onksion-an avèk Viatik la

Papa mizérikòd yo, Bondié, k-ap konsolé sa-k nan lapinn yo,  
sèvitè-ou la **N.** ki gin konfians nan ou-a,  
voyé jé sou li ak bon kè,  
pou li minm ki pasé tout kalité tray,  
li soulajé ak gras Onksion ki sin-an,  
épi antan-l rékréyé avèk Kò ak San Pitit ou-a,

li résévoua Viatik la ki pèmèt li avansé nan diréksion lavi-a.  
Pa pouvoua Jézu-Kri.

**246. Pou fidèl ki antré an-agoni**

Papa ki bon anpil,  
ki konnin tout bòn volonté,  
ki tout tan ap padonnin péché yo,  
ki pa janm réfizé padon-an pou moun ki mandé-a,  
sèvitè-ou la **N.** k-ap batay nan dènié bout konba kont lanmò-a  
ak bon kè pran pitié pou li :  
pou antan li kité yo pasé Onksion ki sin-an sou li  
épi antan li jouinn sékou nan priyè lafoua nou  
li résévoua soulajman nan nanm ak nan kò  
épi antan li résévoua padon péché yo,  
li fòtifié avèk sékou amou ou.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Pitit ou,  
li minm ki, apré viktoua sou lanmò-a, té louvri  
pòt égzistans tout tan-an pou nou  
épi k-ap viv é k-ap kòmandé ansanm avèk ou  
pou tout tan gin tan.

**R:** Amèn.



## VII. POU MÈS KOTÉ Y-AP ADMINISTRÉ VIATIK LA

## LÉKTU BIBLIK YO

## LÉKTU NAN ANSYIN TÈSTAMAN-AN

- 247.** **1 Roua 19, 4-8** : « Li maché ak fòs manjé sa-a jous nan mòn Bondié-a. »  
 Jou sa yo : Éli maché nan dézè-a... [p. 340].
- 247b.** **Jòb 19, 23-27 a** : « Mouin konnin Rédanmtè-m nan, li vivan. »  
 Jòb di : « Ki moun ki t-a fè-m favè pou yo ékri paròl mouin yo ?... [p. 340].

## LÉKTU NAN NOUVO TÈSTAMAN-AN

- 247c.** **1 Korintyin 10, 16-17** : « Yon sèl pin, yon sèl kò ; sé sa nou minm ki anpil la nou fè. »  
 Frè-m yo : Kalis bénédiksyon-an n-ap béni-an... [p. 340].
- 248.** **1 Korintyin 11, 23-26** : « Chak foua n-ap manjé pin sa-a, n-ap bouè kalis sa-a, sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé. »  
 Frè-m yo : Mouin té résévoua nan min Granmèt la sa-m té transmèt nou-an... [p. 341].
- 248b.** **Apokalips 3, 14 b. 20-22** : « M-ap soupé avèk li, épi li minm avèk mouin. »  
 Min déklarasyon Amèn nan, témouin ki fidèl la... [p. 341].
- 248c.** **Apokalips 22, 17. 20-21** : « Vini, Granmèt Jézu ! »  
 Éspri-a avèk Madanm k-ap marié-a di : « Vini »... [p. 341].

## PSÒM RÉPONS YO

- 249.** Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R: 4 ab oubyin 1)  
 R: Minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,  
 mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.  
 oubyin :  
 R: Granmèt la ap souin-m, mouin pap manké anyin. [p. 342].
- 250.** Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 10-11 (R: 9 a)  
 R: Gouté, n-a ouè kijan Granmèt la bon. [p. 342].
- 251.** Ps 41, 2. 3. 5 bcd ; Ps 42, 3. 4. 5 (R: Ps 41, 3)  
 R: Nanm mouin souaf Bondié vivan-an ;  
 kilè m-apral parèt dévan fas Bondié ? [p. 343].
- 252.** Ps 115, 12-13. 15 é 16 bc. 17-18 (R: Ps 114, 9 oubyin Ps 115, 13)  
 R: M-ap maché dévan Granmèt la nan réjion vivan yo.  
 oubyin :  
 R: M-ap pran kalis k-ap sové nou-an, m-ap rélé non Granmèt la.  
 oubyin : Alélouya. [p. 343].
- 252b.** Ps 144, 10-11. 15-16. 17-18 (R: 18)  
 R: Granmèt la tou pré moun k-ap rélé-l yo [p. 344].

## ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

253. **Jan 6, 51** : Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la, sé sa Granmèt la di ; si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan. [p. 344].
254. **Jan 6, 54** : Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li gin lavi ki pap janm fini-an, sé sa Granmèt la di ; mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a. [p. 345].
255. **Jan 10, 9** : Mouin sé pòt la, sé sa Granmèt la di ; si yon moun antré pa lantrémiz mouin, l-ap sové, l-ap jouinn manjé. [p. 345].
256. **Jan 11, 25 ; 14, 6** : Mouin sé rézireksion-an ak lavi-a, sé sa Granmèt la di ; pèsòn pa vi-n kot Papa-a, sof si-l pasé pa lintèmediè-m. [p. 345].

## ÉVANJIL YO

257. **Jan 6, 41-51a** : « Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la. »  
Lè sa-a : Juif yo t-ap plinyin osijè Jézu, paské li té di... 51 jous l-ap viv pou tout tan. [p. 345].
258. **Jan 6, 51-58** : « Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la. »  
Lè sa-a : Jézu té di fowl Juif yo : « Mouin sé pin vivan-an... [p. 346].

## DÒT PRIYÈ APRÉ VIATIK LA

**259.**

**Granmèt, ou minm ki sové pou tout tan moun yo  
ki kouè nan ou-a,  
fè nou favè, tanpri, pou sèvitè-ou la **N.**,  
ki réfè ak pin épi bouason sièl la,  
li rivé avèk asirans nan péyi koté ou roua-a  
ki gin limiè ak lavi-a.  
Pa pouvoua Jézu-Kri.**

# LÉKTU BIBLIK YO

## 1. ANTAN Y-AP BAY ONKSION MALAD YO

### LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1

*Éli fébli nan chémin, Granmèt la ba-l fòs.*

#### Léktu prémié liv Roua yo

19, 1-8

Jou sa yo :

Akab anonsé Jézabèl tou sa Éli té fè, épi kijan li té touyé tout profèt yo ak épé. Jézabèl voyé nouvèl bay Éli antan-l di : « Sé pou dié yo fè-m tèl jan épi sé pou yo ajouté tèl maniè si lè sa-a démin mouin pa mété nanm ou tankou nanm youn nan yo ». Éli donk pè, antan-l lévé li pati, pou-l sové nanm li, li rivé Bèrsabé Juda, nan koté sa-a li ranvouayé ti gason-l nan. Épi li maché nan dézè-a chémin yon jounin. Lè-l rivé, li chita anba yon pié jénèv, li mandé lanmò, li di : « Sa kont mouin, Granmèt ! Ou mèt pran lavi-m ; sèké mouin pa pi bon pasé papa mouin yo ». Li lagé kò-l atè, li dòmi anba pié jénèv la.

Min yon Anj Granmèt la ki touché-l, li di-l : « Lévé, manjé ».

Li gadé, li ouè yon pin ki té kuit nan sann ki pozé bò tèt li ak yon véso dlo ; li manjé, li bouè, épi li dòmi ankò.

Anj Granmèt la rétownin koté-l yon dézièm foua, li touché-l, li di-l : « Lévé, manjé, gin yon gran rout ki rété-ou ankò ».

Li lévé, li manjé, li bouè, li maché ak fòs manjé sa-a pandan karant jou ak karant nuit, jous nan mòn Bondié-a, Orèb.

Paròl Granmèt la.

2

*Pouki sa yo bay maléré-a limiè-a ?*

#### Léktu liv Jòb

3, 1-3. 11-17. 20-23

Jòb louvri bouch li, li madichonnin jou-l, li di :

« Sé pou jou koté mouin fèt la péri, ni nuit la koté yo té di : “Li ansint yon moun”. Pouki sa mouin pa-t mouri nan vant ? Pouki sa mouin pa-t mouri minm lè mouin té soti nan vant la ? Pouki sa yo té résévoua-m sou jénou ? Pouki sa yo té ban-m bouè lèt nan tété ?

Koulié-a minm mouin t-a dòmi nan silans, mouin t-a répozé nan somèy mouin ansanm avèk roua yo ak chèf tè-a, yo minm ki té bati moniman pou yo, oubyin ansanm avèk chèf yo ki posédé lò, ki plin kay yo avèk lajan ;

oubyin tankou ti bébé ki avòté-a, ki kaché, ki pa réyisi viv la, oubyin sa manman-l ansint li min ki pa ouè limiè-a. Koté sa-a méchan yo sispann fè boui, sé la moun ki manké fòs yo répozé.

Pouki sa yo bay maléré-a limiè-a, yo bay moun ki nan lapinn yo lavi ? Yo minm k-ap tann lanmò-a, épi li pa vini, tankou moun k-ap fouyé trézò, yo fè kè yo kontan anpil lè yo jouinn kavò-a. Moun sa-a, chémin-l kaché, Bondié vlopé-l avèk fènoua ? »

Paròl Granmèt la.

## 3

*Sonjé sé van lavi-m yé.*

**Léktu liv Jòb**

7, 1-4. 6-11

Jòb palé, li di :

« Lavi yon moun sou tè-a sé sèvis lamé, jou-l yo sé tankou jou moun k-ap travay pou touché chak jou. Tankou yon sèvitè anvil lonbraj, tankou yon anplouayé ap tann travay li fini, konsa tou mouin minm mouin té gin moua yo vid, mouin té konté nuit yo ki rèd.

Si m-ap dòmi, mouin di : “Kilè pou-m lévé ?” Apré sa m-ap tann asouè, mouin plin doulè jous nan fènoua yo.

Jou-m yo travèsé pi vit pasé toual k-ap kouri nan min moun k-ap fè-l la, yo fini san okinn espérans. Sonjé sé van lavi-m yé, jé-m pap tounin pou-l ouè byin yo ankò. Vizaj moun pap ouè-m ; jé-ou sou mouin, mouin pap kanpé. Minm jan nuaj yo fini épi yo pati, konsa, nanm nan k-ap désann anba tè-a, li pap monté, li pap tounin ankò nan kay li-a, ni koté-l té abité-a pap konnin-l ankò. Sé pousa mouin minm tou mouin pap ménajé bouch mouin ; m-ap palé nan tribilasyon éspri mouin, m-ap antré nan konvèsasyon avèk gou anmè nanm mouin ».

Paròl Granmèt la.

## 4

*Sa moun nan yé pou ou-ap fè-l vi-n gran-an.*

**Léktu liv Jòb**

7, 12-21

Jou sa yo : Jòb palé, li di :

Èské sé lanmè mouin yé oubyin balèn, paské ou mété bariè anlè-m ? Si mouin di : Kabann mouin ap konsolé-m, matla-m ap pran plint mouin, ou fèm pè ak sonj, ou souké-m yon fason éfréyan ak vizion.

Sé pousa nanm mouin chouazi pandézon, zo-m yo lanmò. Mouin dézespéré ; mouin pap janm lévé ankò. Mésajé-m, jou-m yo sé anyin yo yé réyèlman.

Kisa moun nan yé, paské ou fè-l vi-n gran ? Oubyin poukisa ou pozé kè-ou sou li-a ? Ou vizité-l granmatin épi nan chak moman ou sondé-l. Jouskilè ou pap viré jé-ou sot sou mouin ? Ni ou pa padonnin-m, pou-m valé saliv mouin ? Mouin fè péché ; ki sa-m fè-ou, ou minm ki gadyin lèzòm ? Poukisa ou mété-m pou-m ènmi avèk ou, mouin vi-n lou pou pròp tèt pa-m ? Poukisa ou pa lévé péché-m nan, épi poukisa ou pa ouété fot mouin-an ? Min, koulié-a nan pousiè m-ap dòm, épi nan matin ou-ap chèché-m, mouin pap kanpé ! »

Paròl Granmèt la.

## 5

### Pou sa-k prèt pou mourir yo

*Mouin konnin Rédanmtè-m nan, li vivan.*

### Léktu liv Jòb

19, 23-27 a

Jòb di :

« Ki moun ki t-a fè-m favè pou yo ékri paròl mouin yo ? Ki moun ki t-a ban-m posibilite pou yo gravé nan liv avèk yon kréyon fè, avèk yon lam an plon oubyin sizo afoua, pou yo t-a maké nan ròch ki di-a ? Mouin konnin réyèlman Rédanmtè-m nan, li vivan, nan dènié jou-a m-ap lévé sot anba tè-a. M-ap vlopé ak po-m ankò, épi nan chè-m m-ap ouè Bondié-m nan. Sa-a m-ap ouè mouin minm nan, sé ak jé-m m-ap gadé-l, sé pa yon lòt ».

Paròl Granmèt la.

## 6

*Ki moun ki kapab konnin sa-k nan lidé-ou, si sé pa ou minm ki bay sajès la.*

### Léktu liv Sajès la

9, 9-11. 13-18

Avèk ou sajès la yé, Granmèt mizérikòd, li minm ki konnin aksion-ou yo, épi ki té la lè-ou t-ap fè fas tè yo, ki té konnin sa-k fè plézi nan jé-ou, sa ki douat nan lòd ou yo. Voyé-l sot nan sièl ou yo ki sin-an, épi voyé-l sot nan tro-n grandè-ou la, pou-l kapab rété avèk mouin épi pou-l travay avèk mouin, pou-m konnin sa-k aksétab koté-ou. Li konnin tout bagay réyèlman, li konprann, l-a kondui-m avèk prudans nan aksion-m yo, l-ap konsèvé-m nan gloua li-a.

Kilès nan pami lèzòm ki kapab konnin plan Bondié ? oubyin ki kapab pansé ki sa Bondié vlé ? Réfléksion lèzòm k-ap mourir yo, sé bagay ki fèb, prévouayans nou pa sètin : sèké yon kò k-ap dékonpozé, li fè nanm nan vi-n pi lou, épi kay tè sa-a nou abité-a, li pézé sou éspri-a k-ap kalkilé sou anpil bagay.

Li difisil pou nou konsidéré bagay ki sou tè-a, épi bagay ki dévan fas nou, nou jouinn yo avèk difikilté ; kanta pou sa-k nan sièl la minm, kilès moun ki kapab fouyé yo ? Ki moun ki kapab konnin sa-k nan lidé-ou, si sé

pa ou minm ki bay sajès la, si-ou pa voyé Éspri Sin-ou nan sot anro nèt la, sé konsa chémin moun yo ki sou tè-a yo drésé, épi lézòm ap aprann sa-k fè-ou plézi ? Réyèlman sé pa lantrémiz sajès la yo vi-n géri.

Paròl Grammèt la.

## 7

*Ankourajé min k-ap fébli yo.*

### Léktu liv profèt Izayi

35, 1-10

Sé pou dézè-a kontan ni tè ki pa gin rout la, épi sé pou tè ki pa-t gin anyin-an dansé, sé pou-l fléri tankou lis. Sé pou-l jèmin byin jèmin, sé pou-l dansé ak kè-l byin kontan, ak louanj l-ap chanté, Yo ba-l gloua Liban-an, ni onè Karmèl la ak Saron-an ; yo minm y-ap ouè gloua Grammèt la ak onè Bondié nou-an.

Ankourajé min k-ap fébli yo, épi jénou ki pèdi fòs yo, asiré yo ; di sa k-ap ézité yo : « Ankourajé, pa pè : Min Bondié nou-an ap minnin vanjans révanj la : sé Bondié li minm k-ap vini, épi l-ap sovè nou ».

Lè sa-a jé avèg yo ap ouvri, épi zòrèy soud yo ap ouvri ; lè sa-a bouaté-a ap vòltijé tankou sèrf, épi lang bèbè yo ap ouvri ; paské dlo yo éklaté nan dézè-a, ni ravi-n yo nan tè ki pa-t gin anyin-an. Épi sa-k té sèk la ap vi-n tounin yon létan, épi sa-k té souaf la ap vi-n tounin sous dlo. Nan trou ròch yo, koté dragon yo té abité anvan-an, sé rozo ak jon tou vèt k-ap pousé.

Koté sa-a ap gin santié ak rout, épi y-ap rélé-l rout ki sin ; moun ki sal pap pasé ladan-l ; épi l-ap vi-n tounin yon rout tou douat pou nou, atèl pouin sòt yo pap trompé ladan-l. Pap gin lion koté sa-a, épi mové bèt pap monté ladan-l, ni yo pap jouinn sa la-a ; épi y-ap maché, sa Grammèt la libéré yo, sa-l rachté yo, y-ap tounin, y-ap rivé nan Siyon avèk louanj ak kè kontan tout tan sou tèt yo ; y-ap jouinn kontantman ak fèt, épi soufrans ak plint ap pati.

Paròl Grammèt la.

## 8

*Sé soufrans nou li minm li t-ap poté.*

### Léktu liv profèt Izayi

52, 13-53, 12

Min sèvitè-m nan ap gin konprann, y-ap lévé-l anlè, y-ap lévé-l byin ro, l-ap anlè nèt. Minm jan anpil moun té sézi osijè-ou, konsa figi-l ap san gloua nan pami lézòm, ni fòm li nan pami pitit moun yo. L-ap fè anpil nasion kriyé, sou li roua yo ap fèmin bouch yo, paské sé bagay yo pa-t rakonté y-ap ouè osijè-l, sé sa yo pa-t tandé y-ap gadé.

Kilès ki kouè sa nou tandé-a ? Bra Grammèt la bay ki moun li révéle ? L-ap lévé tankou ti rajé dévan-l, tankou rasi-n ki sot nan tè sèk.



Li pa gin aparans ni bèlté, nou té ouè-l, li pa-t gin fòm figi, pou nou té anvi-l ; li té méprizé, sé dènié nan moun yo, moun soufrans, ki konn maladi, fas li té kòm kaché, li té méprizé, sé poussa nou pa-t minm gin konsidérasion pou li.

Réyèlman sé maladi nou li minm li t-ap poté, sé soufrans nou li minm li t-ap poté, nou minm nou té konprann li té tankou yon lépré, yon moun Bondié frapé, Bondié umilié.

Li minm minm li blésé pou péché nou, li frapé poutèt krim nou yo, koréksion lapè nou-an sou li, sé gras a koté-l blésé yo nou géri. Nou tout nou té pèdi chémin tankou mouton, chak moun té dévié nan chémin pa-l. Granmèt la mété fot nou tout nan li.

Li ofri tèt li, paské li vlé, li pa louvri bouch, tankou mouton dévan moun k-ap koupé linn li, li rét an silans, li pa louvri bouch li.

Yo maltré-l, yo kondané-l, yo touyé-l. Ki moun k-ap rakonté ras li ? paské yo ouété-l sot sou tè vivan yo ; poutèt krim pèp mouin-an mouin té frapé-l. Y-ap ba-l méchan pou lantèman-l, ak rich pou lanmò-l, malgré li pa-t fè péché, pa-t gin manti nan bouch li.

Granmèt la té vlé krazé-l nan maladi. Si-l bay lavi-l pou péché-a, l-ap ouè yon désandans k-ap viv lontan, volonté Granmèt la ap dirijé nan min-l. Poutèt nanm li té soufri, l-ap ouè, l-ap konblé. Nan sians li, sèvitè-m nan ki kòrèk la ap rann anpil moun kòrèk, l-ap poté péché yo li minm minm.

Sé poussa m-ap ba-l anpil moun pou pòsion pa-l, l-ap séparé byin anpil moun ki gin pouvoua, poutèt li té bay lavi-l nan lanmò, yo té konsidéré-l nan ran kriminèl, époutan li t-ap poté péché anpil moun yo, li t-ap priyé pou péchè yo.

Paròl Granmèt la.

## 9

*Éspri Granmèt la voyé-m konsolé tout moun ki nan lapinn.*

### Léktu liv profèt Izayi

61, 1-3 a

Éspri Granmèt la sou mouin, sé poussa Granmèt la sakré-m, li voyé-m poté nouvèl bay pòv yo, pou-m pansé kè ki krazé yo, pou-m préché padon bay prizonié yo, libérasion bay sa-k nan prizon yo, pou-m préché yon ané koté Granmèt la fè gras, yon jou vanjans pou Bondié nou-an, pou-m konsolé tout moun ki nan lapinn, pou-m mété yon kouròn nan plas sann pou moun Siyon yo ki nan lapinn yo, losion kè kontan nan plas dèy, manto louanj nan plas éspri tristès. Y-ap rélé yo nan li sitadèl jistis, plantasion Granmèt la pou-l jouinn louanj li.

Paròl Granmèt la.

## LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN POU TAN PASKAL LA

## 1

*O non Jézu-Kri, lévé, maché.***Léktu Travay Apot yo****3, 1-10**

Jou sa yo :

Piè ak Jan t-ap monté nan Tanp la pou lè priyè névièm è-a. Té gin yon mésié ki té infim dépi nan vant manman-l, yo t-ap poté-l. Chak jou yo té konn dépozé-l bò pòt tanp la, sa yo rélé Bèl la, pou-l mandé moun yo k-ap antré nan tanp la lacharité.

Li minm, kon-l ouè Piè ak Jan k-apral antré nan tanp la, li mandé yo pou yo fè-l jouinn lacharité.

Piè minm antan-l l-ap gadé-l byin ansanm ak Jan, li di : « Gadé nou ». Li minm li pozé jé-l sou yo, li té éspéré li t-ap jouinn kichòy nan min yo.

Piè minm di : « Lajan ak lò, mouin pa gin sa ; sa-m ginyin-an mouin ba ou-l : o non Jézu-Kri moun Nazarèt la, lévé, maché ». Li pran min douat li, li lévé-l, minm lè-a jouintu ak plant pié-l vi-n solid. Li vòltijé kanpé, li t-ap maché, li antré avèk yo nan tanp la, l-ap maché, l-ap vòltijé, l-ap fè louanj Bondié.

Tout pèp la ouè l-ap maché, l-ap fè louanj Bondié. Yo té rékonèt li, sé li minm ki té konn chita bò Bèl Pòt tanp la, pou lacharité-a, yo té plin ak sézisman, yo té dékontrolé pou sa-k té rivé-l la.

Paròl Granmèt la.

## 2

*Sé lafoua pa lantrémiz li minm Bondié résisité-a,  
ki bay santé sa-a ki intak la.***Léktu Travay Apot yo****3, 11-16**

Jou sa yo :

Kòm infim nan ki té géri-a té kinbé Piè ak Jan, tout pèp la kouri koté yo, bò pòtay yo rélé pòtay Salomon-an, yo té sézi. Lè Piè ouè sa, li réponn pèp la : « Mésié Israèl yo, pouki sa nou sézi pou bagay sa-a ? oubyin pouki sa n-ap gadé nou-an, kòm si sé ak fòs nou oubyin sé ak pouvoua nou nou fè mésié sa-a maché-a ? Bondié Abraam ak Bondié Izaak ak Bondié Jakòb la, Bondié papa nou yo fè ouè gloua Pitit li-a Jézu, li minm nou té bay la, nou té nié dévan fas Pilat la, lè Pilat té jijé pou-l té lagé-l la. Nou minm sé Sin-an ak sa-a ki kòrèk la nou té nié, nou té mandé pou yo ba nou yon moun ki touyé moun ; Lotè lavi-a minm, nou touyé-l, min Bondié résisité-l sot nan pami mò yo, nou sèvi-l témouin. Nan lafoua o non-l, sa-a nou ouè-a, nou konnin-an,

non-l fè-l kanpé fèm ; sé lafoua ki réalizé pa lantrémiz li-a, ki bay santé sa-a ki intak la dévan fas nou tout la ».

Paròl Granmèt la.

## 3

*Pa gin okinn non anba sièl la yo bay, ki pèmèt nou sové.*

**Léktu Travay Apot yo**

4, 8-12

Jou sa yo :

Antan Piè plin ak Éspri Sin-an, li di yo : « Chèf pèp la ak ansyin yo, kouté. Si jodi-a y-ap jijé nou pou yon byinfè ki réalizé pou mesié infim nan, si nou bézouin konnin nan kilès li sové, ébyin aprann sa nou tout ak tout pèp Israèl la, sé o non Granmèt nou Jézu-Kri moun Nazarèt la, sa-a nou té klouré sou koua-a, li minm Bondié té résisité sot nan pami mò yo, sé nan li sa-a géri, kanpé dévan nou.

Sa-a sé ròch la, nou minm bòs mason yo nou té réjté-a, ki vi-n tounin tèt kouin-an ; pa gin sové yo kapab sové nan okinn lòt moun ; ni pa gin okinn lòt non anba sièl la yo bay lézòm, ki pèmèt nou sové ».

Paròl Granmèt la.

## 4

*Sa Bondié résisité-a, li pa ouè dékonpozision.*

**Léktu Travay Apot yo**

13, 32-39

Jou sa yo : Pòl té di :

« Nou minm nou anonsé nou réalizasion promès la yo té fè bay papa nou yo ; Bondié réalizé-l pou pitit nou yo antan-l fè Jézu résisité, jan sa ékri nan Psòm dézièm nan : “Ou sé Pitit mouin ; jodi-a mouin anfanté-ou”.

Poutèt li résisité-l sot nan pami mò yo, li pap tounin nan dékonpozision ankò, konsa li di : “M-ap ba-ou bagay David yo ki sin yo”. Konsa tou nan yon lòt koté li di : “Ou pap kite Sin-ou nan ouè dékonpozision”. David réyèlman nan jénérasyon-l lè-l fi-n okipé volonté Bondié, li dòmi, yo dépozé-l kot papa-l yo, li ouè dékonpozision ; sa-a Bondié résisité-a minm li pa ouè dékonpozision.

Sé pou nou konn sa, frè-m yo, sé pa lintèmédiè li minm yo anonsé nou padon péché yo ; anba tout bagay nou pa-t kapab jouinn jistifikasion nan laloua Moyiz la, nan li tout moun ki kouè jouinn jistifikasion ».

Paròl Granmèt la.

## LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN POU LÒT TAN YO

## 1

*Si n-ap soufri ansanm avèk li n-ap jouinn gloua-a ansanm avèk li tou.*

**Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

8, 14-17

Frè-m yo :

Moun ki kité Éspri Bondié-a kondui yo, sé pitit Bondié yo yé.

Nou pa-t résévoua éspri ésklavaj la yon lòt foua ankò pou nou nan kè soté, min nou té résévoua éspri ki fè nou vi-n tounin pitit la. Sé nan li nou rélé : « Aba, Papa ».

Éspri-a li minm, li sèvi témouin, ansanm ak éspri pa nou : nou sé ti pitit Bondié. Si nou sé ti pitit, nou sé éritié tou. Si nou sé éritié Bondié, nou éritié ansanm ak Kris la, paské n-ap soufri ansanm avèk li pou nou jouinn gloua pouvoua-a ansanm avèk li.

Paròl Granmèt la.

## 2

*Antan n-ap tann rédanmsion kò nou.*

**Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

8, 18-27

Frè-m yo :

Mouin konsidéré soufrans tan sa-a pa anyin dévan gloua k-ap vini-an k-ap révéle nan nou-an. Réyèlman kréasion-an ap tann gloua-a révéle nan pitit Bondié yo. Kréasion-an té blijé rété anba sa-k pa anyin-an, san-l pa vlé, min poutèt sa-a ki té mété-l nan éspérans la. Sèké kréasion-an li minm ap délivré sot anba ésklavaj dékonpozision-an pou antré nan libèté gloua pitit Bondié yo.

Nou konnin réyèlman tout créatu ap plinn, ap anfanté jous koulié-a. Sé pa sèlman yo minm, min nou minm tou, ki gin prémié kado Éspri-a, n-ap plinn anndan kè nou, antan n-ap tann sa pitit adoptif Bondié yo yé-a ak rédanmsion kò nou.

Nou sové réyèlman an éspérans. Éspérans la minm, si yo ouè-l, sé pa éspérans li yé, paské sa yon moun ouè, èské l-ap éspéré-l ? Min si n-ap éspéré sa nou pa ouè, n-ap éspéré-l avèk pasians.

Éspri-a édé féblès nou : sèké nou pa konnin kijan pou nou priyé ; min sé Éspri-a li minm k-ap priyé pou nou ak mo moun pa kapab palé. Sa-a k-ap sondé kè yo, li konnin sa Éspri-a anvi-a, sé dapré Bondié li fè démann pou sin yo.

Paròl Granmèt la.

## 3

*Kilès ki kapab séparé nou sot nan rinmin Kris la ?*

**Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

**8, 31 b-35. 37-39**

Frè-m yo :

Si Bondié pou nou, kilès k-ap kont nou ? Li minm ki pa ménajé pròp Pitit li-a, min ki rinmèt li pou nou tout, kòman li pa t-ap ba nou tout bagay avèk li ?

Kilès k-ap fè akizasion kont sa yo Bondié chouazi yo ? Èské sé Bondié, li ki fè nou vi-n kòrèk la ? Kilès k-ap kondané nou ? Èské sé Kris Jézu, li minm ki mouri, pi plis ki résisité, ki adouat Bondié, k-ap pran défans nou-an ?

Kilès ki kapab séparé nou sot nan rinmin Kris la ? tribilasion, oubyin kè séré, oubyin grangou, oubyin manké rad, oubyin danjé, oubyin pèsékision, oubyin épé ?

Min nan tout bagay sa yo, nou sipoté poutèt sa-a ki rinmin nou-an. Mouin sètin réyèlman ni lanmò, ni lavi, ni anj, ni chèf, ni puisans, ni tan sa-a ni sa k-ap vini-an, ni fòs, ni rotè, ni profondè, okinn kréatu pa kapab séparé nou sot nan rinmin Bondié-a, ki nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Paròl Granmèt la.

## 4

*Sa-k fèb la pou Bondié, li pi fò pasé moun yo.*

**Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo**

**1, 18-25**

Frè-m yo :

Paròl koua-a sé yon foli pou moun k-ap péri yo ; min pou sa yo k-ap sovè yo, sètadi nou minm, sé pouvoua Bondié.

Min sa-k ékri-a di : « M-ap pèdi sajès saj yo, m-ap réjité intéljans intéljijan yo ». Koté saj la ? koté skrib la ? koté moun k-ap ranpòté viktoua sou tè sa-a ? Èské Bondié pa fè sajès tè sa-a vi-n tounin foli ?

Réyèlman, paské nan sajès Bondié-a, tè-a pa-t konprann Bondié, Bondié désidé sovè moun ki kouè yo gras a foli prèch la.

Sèké Juif yo ap mandé sign, Grèk yo ap chèché sajès ; nou minm minm n-ap préché Kris la yo klouré sou koua-a, pou Juif yo sé yon skandal, pou nasion yo sé yon foli, min pou sa yo yo rélé yo, Juif ak Grèk, sé Kris la, puisans Bondié ak sajès Bondié-a.

Paské sa-k fou pou Bondié ; li pi saj pasé moun yo ; sa-k fèb la pou Bondié, li pi fò pasé moun yo.

Paròl Granmèt la.

## 5

**Pou sa-k prèt pou mourir yo**

*Si yon manb ap souffri,  
tout manb yo ap souffri ansanm avèk li.*

**Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo** 12, 12-22. 24 b-27

Frè-m yo :

Minm jan kò-a li yon sèl, min li gin anpil manb, tout manb kò-a, malgré yo anpil la, sé yon sèl kò yo fè : sé konsa tou pou Kris la. Réyèlman sé nan yon sèl Éspri-a nou tout nou batizé nan yon sèl kò, soua Juif, soua payin, soua ésklav, soua moun lib ; épi nou tout sé nan yon sèl Éspri, nou pasé souaf nou. Sèké kò-a sé pa yon sèl manb, min sé anpil. Si pié-a t-a di : « Mouin pa min-an, mouin pa fè pati nan kò-a » ; èské poutèt sa li pa t-a fè pati nan kò-a ? Épi si zòrèy la t-a di : « Mouin pa jé-a, mouin pa fè pati kò-a » ; èské poutèt sa li pa t-a fè pati nan kò-a ? Si tout kò-a sé té jé, koté yo t-a tandé ? si tout bagay sé té koté pou yo tandé, ki koté pou yo t-a santi ?

Min koulié-a Bondié pozé manb yo, yo chak nan kò-a, jan-l vlé. Si tout bagay sé té yon sèl manb, koté kò-a t-a yé ? Min koulié-a gin anpil manb, min sé yon sèl kò ki ginyin. Konsa jé-a pa kapab di min-an : « Mouin pa bezouin-ou » ; oubyin tè la non plis tou pa kapab di pié yo : « Nou pa nésésè pou mouin ».

Dayè plis yo konsidéré manb kò-a kòm pi fèb, sé plis yo nésésè ; min Bondié ranjé kò-a yon fason pou manb ki pa gin respè, yo ba-l plis respè ; pou pa gin divizion nan kò-a, min pou manb yo youn okipé lòt. Épi, si yon manb ap souffri, tout manb yo ap souffri ansanm avèk li ; si yon manb jouinn konpliman, tout manb yo kontan ansanm avèk li.

Nou minm nou sé kò Jézu-Kri, épi nou youn sé manb lòt.

Paròl Granmèt la.

## 6

*Si mò yo pa résisité, Kris la pa résisité non plis tou.*

**Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo** 15, 12-20

Frè-m yo :

Si y-ap préché Kris la résisité sot nan pami mò yo, kòman fè gin kèk nan pami nou ki di : pa gin rézireksion mò ? Si pa gin rézireksion mò, Kris la pa résisité non plis tou. Min si Kris la pa résisité, prèch nou-an vid, lafoua nou-an vid tou. Nou vi-n tounin moun k-ap sèvi fo-témouin pou Bondié, paské nou sèvi témouin kont Bondié, nou di li lévé Kris la, li minm li pa lévé-a, si mò yo pa résisité. Réyèlman, si mò yo pa résisité, Kris la pa résisité non plis tou. Si Kris la pa résisité, lafoua nou pa vo anyin ; jous koulié-a toujou nou

nan péché nou yo ; konsa sa k-ap dòmi nan Kris la, yo péri tou. Si sé pou lavi sa-a sèlman n-ap espéré nan Kris la, nou pi mizérab passé tout moun.

Koulié-a minm Kris la résisité sot nan pami mò yo, premié foui nan pami sa-k t-ap dòmi yo.

Paròl Granmèt la.

## 7

### Pou sa-k prèt pou mourir yo

*Moun sou pa anndan-an ap réfèt tou nèf chak jou pi plis.*

### Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

4, 16-18

Frè-m yo :

Nou pa fébli ; min, malgré moun nou-an ki sou pa déyò-a ap dékonpozé, malgré sa, sa-a ki sou pa anndan-an ap réfèt tou nèf chak jou pi plis. Réyéلمان, tribilasyon n-ap pasé koulié-a, pou yon moman-an épi ki tou léjè-a, l-ap réalizé yon chaj gloua nan nou pou tout tan, ki dépasé tout rotè ; nou pap konsidéré bagay yo kapab ouè, min bagay yo pa kapab ouè : sèké bagay yo kapab ouè yo, sé pou yon tan yo la ; min sa yo pa kapab ouè yo minm, yo diré pou tout tan.

Paròl Granmèt la.

## 8

*Nou gin yon kay ki la pou tout tan nan sièl yo.*

### Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

5, 1. 6-10

Frè-m yo :

Nou konnin si kay nou sa-a koté nou abité sou tè-a détoui, nou gin yon konstriksion ki sot nan Bondié, kay ki pa fèt ak min moun, ki la pou tout tan nan sièl yo.

Nou gin konfians tout tan, nou konnin réyéلمان, pandan nou nan kò-a, n-ap fè pèlerinaj louin Granmèt la (sèké sé nan lafoua n-ap maché, sé pa nan vizion), min nou gin konfians épi nou t-a pito fè pèlerinaj la louin kò-a, pou nou prézan kot Granmèt la. Sé pousa nou éséyé fè-l plézi, soua nou absan, soua nou prézan.

Sèké nou tout, nou gin pou nou parèt dévan tribinal Kris la, pou chak moun résévoua sèlon sa-l té fè, soua byin soua mal, pandan li té nan kò-a.

Paròl Granmèt la.

## 9

*Sé atravè féblès chè-a mouin té poté Bòn Nouvèl la ba nou.*

**Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Galat yo**

**4, 12-19**

Frè-m yo :

Sé pou nou tankou mouin minm, paské mouin minm mouin tankou nou ; frè-m yo, mouin sipliyé nou. Nou pa fè-m afron ; sé pou nou konnin kan minm sé atravè féblès chè-a premié foua-a mouin té poté Bòn Nouvèl la ba nou, épi éprèv nou té jouinn nan chè-m nan, nou pa-t méprizé-l, nou pa-t répousé-l, min nou té résévoua-m tankou anj Bondié, tankou Kris Jézu.

Koté kontantman nou-an donk ? Mouin sèvi nou témouin réyèlman, si nou té kapab, nou t-ap raché jé nou épi nou t-a ban mouin. Konsa sé ènmi nou mouin vi-n tounin antan sé sa-k vré mouin di nou-an ? Y-ap fè jalouzi pou nou yon fason ki pa bon, yo vlé détaché nou pou nou kolé sou yo. Li bon pou nou gin atachman ansanm pou sa-k bon pou tout tan, pa sèlman lè-m prézan koté nou, ti pitit mouin yo, nou minm mouin anfanté yon lòt foua ankò-a joutan Kris la fòmé nan nou !

Paròl Granmèt la.

## 10

*Li fèb, min Bondié gin pitié pou li.*

**Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Filipyin yo**

**2, 25-30**

Frè-m yo :

Mouin kouè li nésèsè pou-m voyé Épafrodit ba nou, frè-m nan, konpagnon travay mouin-an, konpagnon batay mouin-an, sa nou té voyé-a pou-l okipé nésésité-m nan, paské li té anvi nou tout, li té chagrin poutèt nou té aprann maladi-l la. Réyèlman li té malad jous pou-l mourir, min Bondié pran pitié pou li ; pa sèlman pou li, min réyèlman pou mouin tou pou-m pa gin chagrin sou chagrin. Mouin fè vit donk voyé-l, pou, antan nou ouè-l, nou rékòmansé gin kontantman, épi pou mouin minm mouin pa gin chagrin. Résévoua-l konsa nan Granmèt la ak tout kontantman épi kalité moun konsa, trété yo avèk onè, paské sé pou travay Kris la jous nan lanmò li rivé, antan-l bay nanm li jous nan dènié bout, pou-l ranplasé sa-k té manké nan sèvis la nou pa-t kapab fè nou mouin-an.

Paròl Granmèt la.

## 11

*M-ap konplété sa-k manké nan soufrans Kris la nan chè mouin, pou kò li.*

**Léktu lèt apot sin Pòl pou Kolosyin yo**

**1, 22-29**

Frè-m yo :

Koulié-a minm Bondié rékonsilié nou nan kò chè Kri la gras a lanmò-l, pou-l prezanté nou sin, san tach, san yo pa gin anyin pou réproché nou



dévan-l, si réyèlman nou kinbé fèm nan lafoua-a, nou pran rasi-n byin solid san anyin pa dékontrolé nou sot nan éspérans Bòn Nouvèl la nou té tandé-a, Bòn Nouvèl sa-a y-ap préché bay tou sa Bondié kréyé yo ki anba sièl la, Bòn Nouvèl sa-a mouin minm Pòl m-ap sèvi-a.

Koulié-a mouin kontan nan soufrans m-ap soufri pou nou yo, m-ap konplété sa-k manké nan soufrans Kris la nan chè mouin, pou kò-l ki Égliz la ; sé minis Égliz sa-a mouin vi-n tounin, dapré sèvis Bondié ban mouin pou-m fè nan nou-an, pou-m réalisé paròl Bondié-a.

Mistè-a, ki té kaché dépi sièk tan yo ak jénérasyon yo, koulié-a li manifesté nan sin-l yo. Bondié té vlé montré sin yo richès gloua mistè sa-a nan nasion yo ; mistè sa-a sé Kris la, éspérans gloua-a nan nou.

Nou anonsé li antan n-ap korijé tout moun, antan n-ap bay tout moun ansègnman nan tout kalité sajès, pou nou prézanté tout moun kòrèk nèt nan Kris Jézu ; sé pou li m-ap travay, m-ap batay dapré aktivité-l k-ap aji nan mouin nan puisans la.

Paròl Granmèt la.

12

*Nou pa gin yon prèt an chèf ki pa kapab soufri féblès nou avèk nou.*

### Léktu lèt Ébré yo

4, 14-16 ; 5, 7-9

Frè-m yo :

Kòm nou gin yon gran prèt an chèf, ki antré nan sièl yo, Jézu Pitit Bondié, sé pou nou kinbé profésion lafoua-a. Sèké nou pa gin yon prèt an chèf ki pa kapab soufri féblès nou avèk nou, yo éséyé-l nan tout bagay minm jan avèk nou, sof péché-a. Konsa sé pou nou proché avèk konfians kot fotèy gras la, pou nou jouinn kè sansib, pou nou jouinn gras nan sékou, nan bézouin.

Nan jou Kris la t-ap viv nan chè-a, li ofri lapriyé avèk plint, avèk gro rèl, ak dlo nan jé-l, kot sila-a ki kapab sové-l sot nan lanmò, li kouté-l poutèt respè-l. Min, malgré sé Pitit Bondié li té yé-a, li aprann obéyisans, nan sa-l soufri yo, lè-l rivé nan dènié pouin pou-l té rivé-a, li vi-n tounin kòz délivrans tout tan-an pou tout moun ki obéyi-l.

Paròl Granmèt la.

13

*Priyé lafoua-a ap sové malad la.*

### Léktu lèt apot sin Jak

5, 13-16

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Èské youn nan nou gin chagrin ? Sé pou-l priyé. Èské li gin kè kontan ? Sé pou-l chanté Psòm.

Èské youn nan nou malad ? Sé pou-l rélé prèt yo nan Égliz la, pou yo priyé sou li, pou yo pasé luil sou li o non Granmèt la ; priyé lafoua-a ap sovè malad la, Granmèt la ap soulajé-l, épi, si-l gin péché, l-ap padonnin-l.

Sé pou nou youn konfésé péché nou yo bay lòt, sé pou nou youn priyé pou lòt, pou nou sovè ; priyé moun ki kòrèk la fè avèk pèsévérans la, li gin anpil valè.

Paròl Granmèt la.

14

*Nou gin kè kontan, minm si koulié-a, nou gin pou nou gin chagrin.*

### **Léktu premié lèt apot sin Piè**

**1, 3-9**

Konpliman pou Bondié, ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té réfè nou nan éspérans vivan-an gras a rézirkéksion Jézu-Kri sot nan pami mò yo, dapré gran mizériköd li-a, pou yon éritaj ki pap détoui, ki pap sal, ki pap vi-n vié, k-ap diré nan sièl la pou nou, nou minm yo prezèvé pou sovè nou sovè-a gras a lafoua-a, nan pouvoua Bondié-a, sovè nou sovè sa-a yo paré pou révélé-l nan dènié tan-an.

Nan li nou gin kè kontan, minm si koulié-a, nou gin pou nou gin chagrin nan divès bagay k-ap tanté nou ; pou éprèv lafoua nou-an ki gin plis pri pasé lò-a, sa yo éséyé nan difé-a, li rivé nan louanj ak gloua ak konsidérasion nan révélasion Jézu-Kri-a, li minm nou rinmin san nou pa ouè-l la ; li minm nou kouè nan li, minm si koulié-a nou pa ouè-l la ; antan nou kouè-a n-ap kontan nan yon kontantman san parèy, ki nan gloua, n-ap jouinn rékonpans lafoua nou nan sovè nanm yo sovè-a.

Paròl Granmèt la.

15

*Sa n-ap yé-a pa ko parèt.*

### **Léktu premié lèt apot sin Jan**

**3, 1-2**

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Gadé ki kalité rinmin Papa-a ba nou, joutan yo rélé nou pitit Bondié épi sé sa minm nou yé. Sé pou sa tè-a pa konnin nou, paské nou konnin-l.

Nou minm mouin rinmin anpil la, koulié-a nou sé pitit Bondié, sa n-ap yé-a pa ko parèt. Nou konnin lè l-ap parèt, n-ap sanblé avèk li, paské n-ap ouè-l jan-l yé-a.

Paròl Granmèt la.

16

Pou sa-k prèt pou mourir yo

*Pap gin lanmò ankò ni dèy, ni rèl, ni doulè ankò.***Léktu liv Apokalips apot sin Jan****21, 1-7**

Mouin minm, Jan, mouin ouè yon sièl nouvo ak yon tè nouvo. Prémie sièl la ak prémie tè-a pati, lanmè-a minm pa gin sa ankò. Mouin minm Jan, mouin ouè vil ki sin-an, Jérusalèm nouvo-a, k-ap désann sot nan sièl la kot Bondié-a, ki abiyé tankou yon madanm k-ap marié ki anbéli pou mari-l.

Mouin tandé yon gran voua ki sot nan tro-n nan, k-ap di : « Min tant Bondié-a avèk moun yo, l-ap abité avèk yo ; y-ap pèp li, li minm “Bondié avèk yo” l-ap Bondié yo. Bondié ap suiye tout dlo sot nan jé yo, pap gin lanmò, ni dèy, ni rèl, ni doulè ankò ; paské prémie bagay yo pati ».

Sa-a ki té chita sou tro-n nan, li di : « Min mouin fè tout bagay nouvo ». Li di-m : « Ékri, paròl sa yo byin fidèl yo vré ». Li di-m : « Li réalisé, mouin sé Alfa épi Oméga, kòmansman ak finisman. Moun ki souaf la, m-ap fè-l kado nan sous dlo lavi-a. Sa-a ki ranpôté viktoua-a, l-ap éritié bagay sa yo ; m-ap Bondié li ; li minm, l-ap pitit mouin ».

Paròl Granmèt la.

17

*Vini, Granmèt Jézu !***Léktu liv Apokalips apot sin Jan****22, 17. 20-21**

Éspri-a avèk Madanm k-ap marié-a di : « Vini ». Sa-a ki tandé-a, sé pou-l di : « Vini ». Moun ki souaf, sé pou-l vini. Moun ki vlé, l-ap résévoua dlo lavi-a gratis.

Sa-a ki sèvi bagay sa yo témouin-an, li di : « Oui, m-ap vini byin vit ».

Amèn. Vini, Granmèt Jézu !

Gras Granmèt Jézu avèk nou tout.

Paròl Granmèt la.

**PSÒM RÉPONS YO**

1

**PSÒM RÉPONS****Iz 38, 10. 11. 12 abcd. 16 (R: cf. 17 b)**

**R:** Ou minm, Granmèt, ou délivré nanm mouin, pou-l pa péri.

- <sup>10</sup> Mouin té di : « Nan mitan lavi-m m-apral nan pòt anba tè-a ; mouin mandé rès ané-m yo ». **R:**

- 11 Mouin té di : « Mouin pap ouè Granmèt Bondié sou tè vivan yo ;  
mouin pap ouè moun ankò  
ni sa-a ki abité nan lapè-a. **R:**
- 12 Lavi-m koupé, li roulé sot nan mouin  
tankou tant gadyin mouton yo ;  
yo koupé lavi-m tankou moun k-ap fè toual :  
pandan mouin t-ap filé-l toujou, li koupé-m. **R:**
- 16 Granmèt, si sé konsa pou-l jouinn lavi,  
si sé nan fason sa-yo pou lavi éspri-m réfèt  
ou-a korijé-m, ou-a fè-m viv ». **R:**

## 2

## PSÒM RÉPONS

Ps 6, 2-4 a. 4 b-6. 9-10 (**R:** 3 a)

- R:** Pitié pou mouin, Granmèt, paské mouin fèb.
- 4 Granmèt, pa reproché-m nan mové san-ou,  
ni pa korijé-m nan kòlè-ou.
- 3 Pitié pou mouin, Granmèt, paské mouin fèb ;  
géri-m, Granmèt, paské zo-m yo fi-n krazé.
- 4 Nanm mouin troublé anpil. **R:**
- Min ou minm, Granmèt, jouskilè?
- 5 Tounin, Granmèt, délivré nanm mouin,  
sovè-m poutèt mizérikòd ou-a.
- 6 Sèké pa gin pèsòn nan lanmò, k-ap sonjé-ou ;  
anba tè-a minm kilès k-ap fè louanj ou ? **R:**
- 9 Ralé kò nou sot sou mouin, nou tout k-ap fè péché-a,  
paské Granmèt la kouté voua dlo jé-m.
- 10 Granmèt la kouté démann mouin-an,  
Granmèt la résévoua priyè-m nan. **R:**

## 3

## PSÒM RÉPONS

Ps 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 8-9. 10 é 14. 15-16 (**R:** 1 b)

- R:** Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin.
- 4 Chémin-ou yo, Granmèt, montré-m yo,  
santié-ou yo, aprann mouin yo.
- 5 Dirijé-m nan santié-ou la, ban-m léson,  
paské ou sé Bondié sovè mouin. **R:**

- 6 Sonjé pitié-ou yo, Granmèt,  
ak mizérikòd ou yo, paské sé dépi tout tan yo égzisté.
- 7 dapré mizérikòd ou-a, sonjé-m,  
poutèt bon kè-ou, Granmèt. **R:**
- 8 Granmèt la bon, li kòrèk,  
poutèt sa, li aprann péchè yo chémin-l
- 9 l-ap dirijé moun ki dosil yo nan jijman-an,  
l-ap aprann moun ki dou yo chémin-l yo. **R:**
- 10 Tout chémin Granmèt la sé mizérikòd ak vérité  
pou moun ki obsèvé téstaman-l nan ak témouagnaj li yo.
- 14 Granmèt la ap aji kòm zanmi avèk moun ki krinn li yo,  
pou-l montré yo téstaman-l nan. **R:**
- 15 Jé-m tout tan kot Granmèt la,  
paské li minm li dégajé pié-m yo sot nan pièj la.
- 16 Voyé jé sou mouin, pran pitié pou mouin,  
paské mouin pou kont mouin, mouin pòv. **R:**

## 4

## PSÒM RÉPONS

Ps 26, 1. 4. 5. 7-8 a. 8 b-9 ab. 9 cd-10 (**R:** : 14)

- R:** Tann Granmèt la, aji avèk kouraj, sé pou kè-ou jouinn fòs.
- 1 Granmèt la sé klèté-m, épi li sovè-m, kilès pou-m pè ?  
Granmèt la sé protéksion lavi-m, dévan kilès pou-m tranblé ? **R:**
- 4 Yon sèl bagay mouin mandé Granmèt la, sé sa m-ap chèché :  
abité kay Granmèt la  
tout tan lavi-m,  
pou-m ouè dousè Granmèt la,  
pou-m vizité tanp li-a. **R:**
- 7 Granmèt, kouté voua-m k-ap rélé,  
pitié pou mouin, kouté-m.
- 8 Sé sou ou kè-m té di : « Chèché fas li ». **R:**
- Sé fas ou, Granmèt, m-ap chèché.
- 9 Pa viré fas ou louin-m,  
pa viré do bay sèvitè-ou la nan kòlè. **R:**
- Sé sékou-m ou yé, pa lagé-m,  
pa abandoné-m, Bondié sovè-m.
- 10 Sèké papa-m ak manman-m lagé-m,  
Granmèt la minm résévoua-m. **R:**

## 5

## PSÒM RÉPONS

Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 10-11. 12-13. 17 é 19 (R̥ : 19 a ; oubyin 9 a)

R̥: Granmèt la toupré moun ki gin kè yo krazé.

oubyin :

R̥: Gouté, n-a ouè kijan Granmèt la bon.

- <sup>2</sup> M-ap fè konpliman pou Granmèt la tout tan,  
tout tan louanj li nan bouch mouin.
- <sup>3</sup> Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn konsidérasion-l,  
sé pou pòv yo tandé, pou yo kontan. R̥
- <sup>4</sup> Fè louanj Granmèt la avèk mouin,  
sé pou nou lévé non-l anlè ansanm.
- <sup>5</sup> Mouin chèché Granmèt la, li réponn mouin ;  
anba tou sa k-ap fè-m pè, li délivré-m. R̥
- <sup>6</sup> Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré,  
fas nou pap ront.
- <sup>7</sup> Pòv sa-a rélé, Granmèt la kouté-l,  
anba tout tribilasion li li sové-l. R̥
- <sup>10</sup> Krinn Granmèt la, nou minm sin-l yo,  
paské pa gin grangou pou moun ki krinn li yo.
- <sup>11</sup> Rich yo nan bézouin, yo grangou,  
min sa k-ap chèché Granmèt la yo pap manké okinn byin. R̥
- <sup>12</sup> Vini, pitit mouin yo, kouté-m :  
m-ap aprann nou krint Granmèt la.
- <sup>13</sup> Kilès moun sa-a ki vlé lavi-a,  
ki rinmin jou pou-l ouè byin-an ? R̥
- <sup>17</sup> Fas Granmèt la sou moun k-ap fè mal yo,  
pou-l fè souvni yo disparèt sot sou tè-a.
- <sup>19</sup> Granmèt la toupré moun ki gin kè yo krazé,  
l-ap sové sa-k gin éspri yo sakajé yo. R̥

## 6

## PSÒM RÉPONS

Ps 41, 3. 5 bed ; Ps 42, 3. 4 (R̥ : Ps 41, 2)

R̥: Tankou yon sèrf anvì sous dlo yo,  
konsa nanm mouin anvì al koté-ou, Bondié.

- <sup>3</sup> Nanm mouin souaf kot Bondié, Bondié vivan-an,  
kilè m-apralé, pou-m parèt dévan fas Bondié ? R̥

- 5 Sèké mouin té konn travèsé al kot tant  
ki mérité yo kontanplé-l la,  
jous nan kay Bondié-a,  
nan chanté fèt avèk louanj,  
fèt foul la k-ap fè louanj la. **R:**
- 3 Voyé limiè-ou ak vérité-ou la ;  
sé yo minm k-ap kondui-m, k-ap minnin-m  
sou mòn ou ki sin-an, ak nan tant ou-a. **R:**
- 4 M-ap antré kot lotèl Bondié-a,  
kot Bondié kè kontan fèt mouin-an.  
M-ap fè louanj ou sou gita, Bondié, Bondié-m nan. **R:**

## 7

## PSÒM RÉPONS

Ps 62, 2-3. 4-6. 7-9 (**R:** : 2 b)

- R:** Nanm mouin souaf ou, Bondié mouin.
- 2 Bondié, sé Bondié-m ou yé,  
sé koté-ou m-ap véyé dépi granmatin.  
Nanm mouin souaf ou,  
chè mouin anvi-ou,  
nan dézè-a ki sèk la, ki san dlo-a.
- 3 Sé konsa mouin parèt dévan-ou nan tanp la  
pou-m ouè fòs ou ak gloua-ou. **R:**
- 4 Sèké mizérikòd ou pi bon pasé lavi yo,  
bouch mouin ap fè louanj ou.
- 5 Konsa m-ap fè konpliman pou ou nan lavi-m,  
o non-ou m-ap lévé min-m.
- 6 Tankou ak viann, ak bon manjé gra, nanm mouin plin,  
ak paròl fèt, bouch mouin ap fè louanj ou. **R:**
- 7 Lè m-ap sonjé-ou sou kabann mouin,  
granmatin m-ap médité sou ou,
- 8 paské ou poté-m sékou,  
anba voual zèl ou m-ap fété.
- 9 Nanm mouin kolé apré-ou,  
min douat ou résévoua-m. **R:**

## 8

## PSÒM RÉPONS

Ps 70, 1-2. 5-6 ab. 8-9. 14-15 ab (**R:** : 12 b oubyin 23)**R:** Bondié mouin, fè vit vi-n poté-m sékou.

oubyin :

**R:** Po bouch mouin ap fété, ni nanm mouin ou rachté-a.

- <sup>1</sup> Sé nan ou, Granmèt, mouin éspéré,  
pa kité-m ront pou tout tan.
- <sup>2</sup> Nan jistis ou-a libéré-m, épi délivré-m ;  
panché zòrèy ou sou mouin, sové-m. **R:**
- <sup>5</sup> Sèké sé sou ou mouin konté, Granmèt ;  
Granmèt, ou sé éspérans mouin dépi-m tou jèn,
- <sup>6</sup> Sé sou ou mouin apuiyé dépi-m nan vant,  
dépi nan vant manman-m sé ou minm ki poté-m. **R:**
- <sup>8</sup> Sé pou bouch mouin plin ak louanj ou,  
tout jounin ak grandè-ou.
- <sup>9</sup> Pa jété-m nan tan viéyès mouin-an ;  
lè fòs mouin fi-n fébli-a, pa lagé-m. **R:**
- <sup>14</sup> Kanta mouin minm tout tan m-ap éspéré,  
épi m-ap ajouté sou tout louanj ou-a.
- <sup>15</sup> Bouch mouin ap anonsé jistis ou,  
tout jounin sové ou sové nou-an. **R:**

9

PSÒM RÉPONS

Ps 85, 1-2. 3-4. 5-6. 11. 12-13. 15-16 ab (**R:** : 1 a oubyin 15 a é 16 a)

**R:** Panché zòrèy ou, Granmèt, kouté-m.

oubyin :

**R:** Bondié ki gin pitié épi ki gin mizérikòd,  
Voyé jé sou mouin épi pran pitié pou mouin.

- <sup>1</sup> Panché zòrèy ou, Granmèt, kouté-m,  
paské mouin maléré, mouin pòv.
- <sup>2</sup> Prézèvé nanm mouin, paské mouin sin ;  
sové-m, Bondié mouin, mouin éspéré nan ou. **R:**
- <sup>3</sup> Pitié pou mouin, Granmèt,  
paské m-ap rélé koté-ou tout lajounin.
- <sup>4</sup> Fè nanm sèvitè-ou la jouinn kontantman,  
paské sé koté-ou, Granmèt mouin lévé nanm mouin. **R:**
- <sup>5</sup> Paské Granmèt, ou bon, ou dou,  
ou gin mizérikòd anpil pou tout moun k-ap rélé-ou.
- <sup>6</sup> Kouté priyé-m, Granmèt ak zòrèy ou,  
kouté voua priyé-m. **R:**



- 11 Aprann mouin chémin-ou nan, Granmèt,  
m-a maché nan vérité-ou la ;  
fè kè-m vi-n tou sinp,  
pou-l krinn non-ou. **R**
- 12 M-a fè louanj ou, Granmèt Bondié mouin, ak tout kè mouin,  
m-a montré grandè non-ou pou tout tan,  
13 paské mizérikòd ou-a gran sou mouin,  
ou délivré nanm mouin anba tè ki anba nèt la. **R**
- 15 Ou minm, Granmèt Bondié ki gin pitié épi ki gin mizérikòd,  
ki gin pasians épi anpil mizérikòd ak vérité.
- 16 Voyé jé sou mouin épi pran pitié pou mouin. **R**

## 10

## PSÒM RÉPONS

Ps 89, 2. 3-4. 5-6. 9-10 ab. 10 cd é 12. 14 é 16 (**R** : 1)

- R** Granmèt, ou sèvi nou kachèt,  
sot nan jénérasyon al nan jénérasyon.
- 2 Anvan mòn yo fèt oubyin tè-a ak fas tè-a gin nésans,  
dépi tout tan épi jous pou tout tan ou sé Bondié. **R**
- 3 Ou fè moun nan tounin nan pousiè ;  
ou di : « Tounin, pitit moun yo ».
- 4 Sèké mil ané dévan jé-ou  
sé tankou jounin yè-a ki pasé,  
ak yon vèy nan nuit. **R**
- 5 Ou fè dòmi tonbé sou yo,  
6 nan matin, y-ap tankou zèb k-ap pousé :  
nan matin li fléri, li grandi,  
nan asouè, li finnin, li séché. **R**
- 9 Paské tout jou nou yo disparèt nan kòlè-ou la,  
nou fini ané nou yo tankou yon ti souf.
- 10 Jou ané nou yo sé sousanndizan,  
oubyin nan santé sé katrévinzan. **R**
- Min pi fò pòsion nan yo sé tray ak soufrans,  
paské yo pasé byin vit, épi nou volé.
- 12 Aprann nou konté jou nou yo,  
pou nou mété kè nou nan chémin sajès la. **R**
- 14 Plin nou granmatin ak mizérikòd ou,  
n-ap fété, n-ap kontan tout jou nou yo.

- 16 Sé pou aksion-ou parèt sou sèvitè-ou yo,  
épi gloua-ou sou pitit yo. **R:**

11

**PSÒM RÉPONS****Ps 101, 2-3. 24-25. 26-28. 19-21 (R: 2)**

- R:** Granmèt, kouté priyè-m,  
épi fè rèl mouin-an rivé koté-ou.
- 2 Granmèt, kouté priyè-m,  
fè rèl mouin-an rivé koté-ou.
- 3 Pa kaché fas ou louin-m ;  
nan ninpòt jou m-ap pasé tray la,  
panché zòrèy ou koté-m.  
Nan ninpòt jou mouin rélé-ou,  
fè vit réponn mouin. **R:**
- 24 Li rabésé fòs mouin nan chémin-an,  
li rakousi jou mouin yo.  
Mouin di : « Bondié mouin,  
25 pa ouété-m sot nan mouatié jou-m yo ;  
pou jénérasyon ak jénérasyon ané-m yo. **R:**
- 26 Nan kòmansman ou té plasé tè-a sou fondasyon-l ;  
tè yo sé travay min-ou,
- 27 Yo minm y-ap péri, ou minm minm ou-ap rété ;  
yo tout tankou yon rad y-ap viéyi,  
tankou yon manto ou chanjé yo épi yo chanjé.
- 28 Ou minm minm ou rété minm jan-an, ané-ou yo pa fini. **R:**
- 19 Sé pou yo ékri bagay sa yo pou lòt jénérasyon-an,  
pèp k-ap kréyé-a, l-ap fè louanj Granmèt la.
- 20 Sèké li panché sot nan tanp li-a anro-a,  
Granmèt la gadé sou tè-a antan-l nan sièl la ;
- 21 pou-l kouté rèl prizonié yo,  
pou-l délivré pitit lanmò yo. **R:**

12

**PSÒM RÉPONS****Ps 102, 1-2. 3-4. 11-12. 13-14. 15-16. 17-18 (R: 1 a oubyin 8)**

**R:** Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin.  
oubyin :

- R:** Granmèt la pran pitié, li gin mizérikòd  
 li pran pasians, li gin anpil mizérikòd.
- <sup>1</sup> Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin ;  
 tou sa-k anndan-m, fè konpliman pou non-l ki sin.
- <sup>2</sup> Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin,  
 pa bliyé tou sa-l fè yo. **R:**
- <sup>3</sup> Li minm ki padonnin tout fot ou yo,  
 ki géri tout maladi-ou yo ;
- <sup>4</sup> ki délivré lavi-ou sot nan fòs la,  
 ki kouronnin-ou ak mizérikòd, ak pitié. **R:**
- <sup>11</sup> Sèké minm jan sièl la ro dépasé tè-a,  
 mizérikòd li dépasé anlè sa-k krinn li yo.
- <sup>12</sup> Otan olévan louin okouchan,  
 li ranvouayé péché nou yo louin nou. **R:**
- <sup>13</sup> Tankou papa pran pitié pou pitit li yo,  
 Granmèt la pran pitié pou moun ki krinn li yo,
- <sup>14</sup> Sèké li minm li konnin ak ki sa nou fèt,  
 li sonjé kijan sé pousiè nou yé. **R:**
- <sup>15</sup> Moun nan : tankou pay jou-l yé,  
 tankou flè jadin konsa l-ap fléri,
- <sup>16</sup> Van-an souflé nan li, li pa kanpé,  
 yo pa rékonèt koté-l té yé-a ankò. **R:**
- <sup>17</sup> Mizérikòd Granmèt la minm sé dépi tout tan,  
 épi jous pou tout tan sou moun ki krinn li yo,  
 jistis li nan pitit moun yo ;
- <sup>18</sup> nan sa yo ki kinbé aliens li-a. **R:**

## 13

## PSÒM RÉPONS

Ps 122, 1-2 a. 2 bcd (**R:** : 2 cd)

- R:** Jé nou kot Granmèt Bondié nou-an,  
 joustan li pran pitié pou nou.
- <sup>1</sup> Koté-ou mouin lévé jé-m,  
 ou minm ki abité nan sièl yo.
- <sup>2</sup> Min sé tankou jé sèvitè yo  
 kot min mèt yo. **R:**
- Tankou jé sèvant la kot min métrès li,  
 sé konsa jé nou kot Granmèt Bondié nou-an,  
 joustan li pran pitié pou nou. **R:**

14

## PSÒM RÉPONS

Ps 142, 1-2. 5-6. 10 (R: : 1 a oubyin 11 a)

R: Granmèt, kouté priyè-m.

oubyin :

R: Poutèt non-ou, Granmèt, ou-ap fè-m viv.

- <sup>1</sup> Granmèt, kouté priyè-m,  
sé pou zòrèy ou sansib pou demann mouin nan vérité-ou la ;  
kouté-m nan jistis ou.
- <sup>2</sup> Pa antré nan jijman avèk sèvitè-ou,  
paské nan fas ou okinn vivan pa an règ. R:
- <sup>5</sup> Mouin sonjé jou lontan yo,  
m-ap kalkilé sou tout aksion-ou yo,  
sou travay min-ou yo m-ap réfléchi.
- <sup>6</sup> Mouin lonjé min-m koté-ou,  
nanm mouin tankou tè san dlo pou ou. R:
- <sup>10</sup> Aprann mouin fè bon plézi-ou,  
paské sé Bondié-m ou yé.  
Sé pou bon éspri-ou la kondui-m nan tè ki égalizé-a. R:

## ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Ps 32, 22

(R: Alélouya). Sé pou mizèrikòd ou vi-n sou nou, Granmèt,  
tankou nou té espéré nan ou. (R: Alélouya).

2

Mt 5, 4

(R: Alélouya). Ala kontantman pou moun k-ap kriyé yo,  
paské y-ap konsolé. (R: Alélouya).

3

Mt 8, 17

(R: Alélouya). Li minm minm li té pran féblès nou yo,  
li té poté maladi nou yo. (R: Alélouya).

4

Mt 11, 28

(R: Alélouya). Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap fatigé,  
k-ap rédi anba gro chaj,  
m-ap réfè fòs nou, sé sa Granmèt la di. (R: Alélouya).

5

2 Kor 1, 3 b-4 a

(R: Alélouya). Konpliman pou Papa mizérikòd yo  
ak Bondié tout konsolasyon-an,  
li minm ki konsolé nou nan tout tribilasyon nou. (R: Alélouya).

6

Éf 1, 3

(R: Alélouya). Konpliman pou Bondié Papa Granmèt nou Jézu-Kri,  
li minm ki béni nou ak tout kalité bénédiksion spirituèl  
nan sièl la nan Kris la. (R: Alélouya).

7

Jk 1, 12

(R: Alélouya). Ala kontantman pou moun ki souffri tantasyon-an,  
paské, lè yo fi-n fè-l bay prèv li, l-ap résévoua kouròn lavi-a.  
(R: Alélouya).

## ÉVANJIL YO

1

*Fè kè nou kontan, fété, paské rékonpans nou anpil nan sièl yo.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

5, 1-12 a

Lè sa-a :

Antan Jézu ouè foul yo, li té monté sou mòn nan ; kon-l chita, disip li yo té proché koté-l. Épi antan-l louvri bouch li, li t-ap anségné yo antan l-ap di :

« Ala kontantman pou moun ki pòv yo nan éspri-a, paské sé pou yo péyi-roua sièl yo yé.

Ala kontantman pou moun ki dou yo, paské sé yo minm k-ap posédé tè-a.

Ala kontantman pou moun k-ap kriyé yo, paské y-ap konsolé.

Ala kontantman pou moun ki grangou, ki souaf jistis la, paské y-ap jouinn kont yo.

Ala kontantman pou moun ki gin mizérikòd yo, paské y-ap jouinn mizérikòd.

Ala kontantman pou moun ki gin kè yo nèt yo, paské y-ap ouè Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap travay pou lapè-a, paské y-ap rélé yo pitit Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap soufri pèsékision poutèt jistis la, paské sé pou yo péyi-roua sièl yo yé.

Ala kontantman pou nou, lè y-ap madichonnin nou, lè y-ap pèsékité nou, lè y-ap di tout kalité mal kont nou, antan y-ap fè manti, akoz mouin ; fè kè nou kontan, fété, paské rékonpans nou anpil nan sièl yo ».

Paròl Granmèt la.

2

*Granmèt, si-ou vlé, ou kapab géri-m.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

8, 1-4

Lè sa-a :

Pandan Jézu t-ap désann sot sou mòn nan, anpil foul t-ap suiv li. Min yon moun maladi lalèp antan-l rivé, té adoré-l, antan l-ap di : « Granmèt, si-ou vlé, ou kapab géri-m ». Épi Jézu antan-l lonjé min-l, li té touché-l, antan-l di : « Mouin vlé, sé pou-ou géri ». Minm lè-a lalèp li-a té géri.

Jézu minm té di-l : « Gadé, pa di pèsonn sa ; min alé, montré-ou dévan prèt la, ofri kado-a Moyiz té kòmandé-a kòm témouagnaj pou yo ».

Paròl Granmèt la.

3

*Li minm minm li té pran féblès nou yo.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

8, 5-17

Lè sa-a :

Pandan Jézu t-ap antré Kafarnaòm, yon santurion té proche koté-l, antan l-ap priyé-l, épi li t-ap di : « Granmèt, ti gason-m nan kouché nan lakay la, li pa kapab fè mouvman, l-ap soufri anpil ». Jézu té di-l : « M-apralé, épi m-ap géri-l ».

Antan santurion-an réponn, li té di : « Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré anba fétay kay mouin, min sèlman di yon paròl, épi ti gason-m nan ap géri. Sèké mouin minm yon moun ki anba pouvoua, antan-m gin sòlda anba lòd mouin, mouin di sa-a : “Alé”, épi l-alé ; épi yon lòt : “Vini”, épi li vini ; épi sèvitè-m nan : “Fè sa”, épi li fè-l ».

Antan Jézu tandé sa, li té étoné, épi li té di moun yo ki t-ap suiv li yo : « Amèn mouin di nou, mouin pa-t jouinn yon lafoua gran konsa nan Israèl. Mouin di nou anpil moun ap vi-n sot olévan ak okouchan épi y-ap lonjé kò yo pou yo manjé avèk Abraam ak Izaak épi Jakòb nan péyi-roua sièl yo ; pitit péyi-roua-a minm, y-ap jété yo nan fénoua déyò yo : koté sa-a ap gin dlo nan jé ak manjé dan ». Épi Jézu té di santurion-an : « Alé, jan-ou kouè-a, sé pou sa fèt konsa ». Pitit la té géri minm lè sa-a.

Lè Jézu antré nan kay Piè-a, li té ouè bèlmè-l kouché épi anba lafièv. Li té touché min-l, épi lafièv la té kité-l ; li té lévé, épi li t-ap sèvi yo.

Antan asouè rivé, yo té prézanté anpil moun ki té gin démon ba li, li té chasé éspri yo avèk yon mo, épi tout moun ki té malad, li té géri yo ; pou sa profèt Izayi té di-a té akonpli, antan-l té di : « Li minm minm li té pran féblès nou yo, li té poté maladi nou yo ».

Paròl Granmèt la.

### oubyin pi kout

#### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

8, 5-13

Lè sa-a :

Pandan Jézu t-ap antré Kafarnaòm, yon santurion té proché koté-l, antan l-ap priyé-l, épi li t-ap di : « Granmèt, ti gason-m nan kouché nan lakay la, li pa kapab fè mouvman, l-ap soufri anpil ». Jézu té di-l : « M-apralé, épi m-ap géri-l ».

Antan santurion-an réponn, li té di : « Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré anba fétay kay mouin, min sèlman di yon paròl, épi ti gason-m nan ap géri. Sèké mouin minm yon moun ki anba pouvoua, antan-m gin sòlda anba lòd mouin, mouin di sa-a : “Alé”, épi l-alé ; épi yon lòt : “Vini”, épi li vini ; épi sèvitè-m nan : “Fè sa”, épi li fè-l ».

Antan Jézu tandé sa, li té étoné, épi li té di moun yo ki t-ap suiv li yo : « Amèn mouin di nou, mouin pa-t jouinn yon lafoua gran konsa nan Israèl. Mouin di nou anpil moun ap vi-n sot olévan ak okouchan épi y-ap lonjé kò yo pou yo manjé avèk Abraam ak Izaak épi Jakòb nan péyi-roua sièl yo ; pitit péyi-roua-a minm, y-ap jété yo nan fènoua déyò yo : koté sa-a ap gin dlo nan jé ak manjé dan ». Épi Jézu té di santurion-an : « Alé, jan-ou kouè-a, sé pou sa fèt konsa ». Pitit la té géri minm lè sa-a.

Paròl Granmèt la.

### oubyin pi kout

#### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

8, 14-17

Lè sa-a :

Lè Jézu antré nan kay Piè-a, li té ouè bèlmè-l kouché épi anba lafièv. Li té touché min-l, épi lafièv la té kité-l ; li té lévé, épi li t-ap sèvi yo.

Antan asouè rivé, yo té prézanté anpil moun ki té gin démon ba li, li té chasé éspri yo avèk yon mo, épi tout moun ki té malad, li té géri yo ; pou sa

profèt Izayi té di-a té akonpli, antan-l té di : « Li minm minm li té pran féblès nou yo, li té poté maladi nou yo ».

Paròl Granmèt la.

4

*Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap fatigé.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié**

**11, 25-30**

Lè sa-a Jézu pran laparòl, li di :

« Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou té kaché bagay sa yo pou sa j yo ak intélijan yo, ou té révélé yo bay ti moun piti yo. Oui, Papa, paské sé konsa sa fè-ou plézi. Papa-m rinnmèt mouin tout bagay, pèsòn pa konnin Pitit la, sof Papa-a ; ni pèsòn pa konnin Papa-a, sof Pitit la ak moun Pitit la vlé révélé sa.

Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap fatigé, k-ap rédi anba gro chaj, m-ap réfè fòs nou. Pran jouk mouin sou nou, pran léson nan min-m, paské mouin tou dou, mouin pòv nan kè-m ; n-ap jouinn répo pou nanm nou ; jouk mouin fasil pou poté, chaj mouin léjé ».

Paròl Granmèt la.

5

*Jézu géri anpil moun.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié**

**15, 29-31**

Lè sa-a :

Jézu rivé bò lanmè Galilé-a, épi antan-l monté sou mòn nan li té chita la. Épi anpil foul té proche koté-l antan yo té gin bèbè ak yo, avèg, bouaté, malad, ak anpil lòt, épi yo té lagé yo nan pié-l, épi li té géri yo ; a tèl pouin foul yo té sézi antan yo ouè bèbè k-ap palé, bouaté k-ap maché, avèg ki ouè, épi yo t-ap fè louanj Bondié Israèl la.

Paròl Granmèt la.

6

*Chak foua nou fè pou youn nan pi piti frè-m sa yo, sé pou mouin minm nou fè.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié**

**25, 31-40**

Lè sa-a : Jézu di disp li yo :

« Lè Pitit moun nan ap rivé nan gloua li, épi tout anj yo avèk li, lè sa-a l-ap chita sou tro-n gloua li. L-ap rasanblé tout nasion yo dévan-l, l-ap séparé yo youn sot kot lòt, tankou yon gadyin séparé mouton yo ak bouk yo. L-ap mét mouton yo kanpé adouat li, bouk yo agoch li.



Lè sa-a roua-a ap di sa-k adouat li yo : “Vini, nou minm Papa-m béni yo, pran posésion péyi roua-a yo té paré pou nou dépi tè-a té kòmansé fèt la. Sèké mouin té grangou, nou té ban-m manjé ; mouin té souaf, nou té ban-m boué ; mouin té étranjé, nou té résévoua-m ; mouin té nu-kò, nou té abiyé-m ; mouin té malad, nou té rann mouin vizit ; mouin té nan prizon, nou té vi-n jouinn mouin”.

Lè sa-a moun kòrèk yo ap pran laparòl, y-ap di : “Granmèt, kilè nou té ouè-ou grangou épi nou té ba-ou manjé ? oubyin nou té ouè-ou souaf épi nou té ba-ou boué ? kilè nou té ouè-ou étranjé épi nou té résévoua-ou ? oubyin nu-kò épi nou té abiyé-ou ? oubyin kilè nou té ouè-ou malad oubyin nan prizon épi nou té vi-n jouinn ou ?”

Roua-a ap réponn, l-ap di yo : “Amèn mouin di nou, chak foua nou té fè sa pou youn nan pi piti nan frè-m sa yo, sé pou mouin minm nou té fè-l” ».

Paròl Granmèt la.

## 7

*Lè Jézu ouè lafoua yo, li di : « Péché-ou yo éfasé ».*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

2, 1-12

Apré kèk jou, Jézu tounin ankò Kafarnaòm. Lè yo té tandé li té nan kay la, anpil moun rasanblé, atèl pouin kay la pa-t kapab kinbé moun minm nan pòt la, li t-ap anonsé yo paròl la.

Yo vi-n koté-l, antan y-ap poté yon moun ki pa-t kapab maché, sé kat moun ki t-ap poté-l. Kòm yo pa-t kapab prezanté-l ba li akoz foul la, yo défèt plafon-an koté-l té yé-a, yo louvri-l, yo glisé kabann nan koté moun nan ki pa-t kapab maché-a té kouché-a. Lè Jézu ouè lafoua yo, li di moun nan ki pa-t kapab maché-a : « Pitit mouin, péché-ou yo éfasé ».

Té gin kèk skrib la, yo té chita, yo t-ap kalkilé nan kè yo : « Ki sa sa-a ap di konsa-a ? l-ap blasfémé. Kilès ki kapab padonnin péché, si sé pa Bondié sèl ? »

Minm lè-a Jézu konnin nan éspri-l, sé konsa yo t-ap kalkilé anndan kè yo, li di yo : « Ki sa n-ap kalkilé nan kè nou-an ? Ki sa ki pi fasil pou di moun nan ki pa kapab maché-a : “Péché-ou yo éfasé” oubyin : “Lévé, pran kabann ou, maché ?” Ébyin pou nou kapab konnin, Pitit moun nan gin pouvoua sou tè-a pou-l padonnin péché yo, (li di moun nan ki pa-t kapab maché-a) : “Mouin di-ou : Lévé, pran kabann ou, al lakay ou” ».

Minm lè-a li lévé, li pran kabann nan, li pati dévan tout moun, atèl pouin tout moun té sézi, yo t-ap fè konpliman pou Bondié, yo t-ap di : « Nou pa-t janm ouè bagay konsa ».

Paròl Granmèt la.

## 8

*Pouki sa nou timid konsa-a ? nou pa ko gin lafoua ?*

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Mark**

4, 35-41

Jou sa-a, kòm asouè té fi-n rivé, Jézu té di disip li yo : « An nou travèsè an fas la ». Épi antan yo ranvouayé foul la, yo té pran-l jan-l té yé-a nan batiman-an, té gin dèt batiman yo avèk li.

Vi-n gin yon gran tanpèt van ; lanm lanmè-a t-ap vòltijé nan batiman-an, atèl pouin batiman-an té plin.

Li minm minm li té nan plas gouvènay la, sou kousin-an, antan l-ap dòmi ; yo té révéyé-l, épi yo té di-l : « Mèt, sa pa fè-ou anyin n-ap péri ? »

Épi antan-l révéyé, li té ménasé van-an, épi li té di lanmè-a : « Silans, pé bouch ou ». Épi van-an té sispann, té vi-n gin yon gran kalmi.

Li té di yo : « Pouki sa nou timid konsa-a ? nou pa ko gin lafoua ? » Yo té pè ak yon gran krint, youn t-ap di lòt : « Kilès ou kouè li yé, sa-a, paské ni van ni lanmè obéyi-l ? »

Paròl Granmèt la.

## 9

*Jézu, pitit David, pran pitié pou mouin.*

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Mark**

10, 46-52

Lè sa-a :

Pandan Jézu ap soti Jériko, ansanm ak disip li yo ak yon pakèt foul moun, pitit Timé-a, Bartimé, yon avèg, té chita bò chémin-an, li t-ap mandé charité. Lè-l tandé sé Jézu moun Nazarèt la, li kòmansé rélé byin fò, li di : « Jézu, pitit David, pran pitié pou mouin ». Min foul moun yo t-ap fè-l obsévasion pou-l pé bouch li ; min li minm sé lè sa-a li t-ap rélé pi rèd : « Pitit David, pran pitié pou mouin ».

Jézu kanpé, li pasé lòd pou yo rélé-l. Yo rélé avèg la, yo di-l : « Pran kouraj ; lévé, l-ap rélé-ou », li minm, li voyé manto-l jété, li vòltijé vi-n jouinn li. Jézu pran laparòl, li di-l : « Ki sa-ou vlé pou-m fè ? »

Avèg la di-l : « Mèt, fè-m ouè ».

Jézu minm di-l : « Alé, lafoua-ou sovè-ou ». Minm lè-a, li ouè, li suiv li sou rout la.

Paròl Granmèt la.

10

*Y-ap pozé min sou malad yo, malad yo ap géri.***✝ Léktu sint Évanjil la dapré Mark****16, 15-20**

Lè sa-a :

Jézu parèt dévan onz yo, li di yo :

« Alé sou tout tè-a, préché Bòn Nouvèl la bay tout créatu. Moun k-ap kouè épi k-ap batizé, l-ap sové ; min moun ki pa kouè, l-ap kondané.

Min sign pou moun k-ap kouè yo : o non-m y-ap chasé démon yo, y-ap palé lang nouvo, y-ap pran sèpan ; minm si yo bouè pouazon, sa pap fè yo anyin ; y-ap pozé min sou malad yo, malad yo ap géri ».

Granmèt Jézu, lè-l fi-n di yo sa, yo pran-l nan sièl la, li chita adouat Bondié. Yo minm minm yo pati, y-ap préché tout koté, pandan Granmèt la ap ba yo konkou, ap asiré paròl yo ak sign l-ap fè rivé.

Paròl Granmèt la.

11

*Anonsé Jan sa nou tandé ak sa nou ouè.***✝ Léktu sint Évanjil la dapré Luk****7, 19-23**

Lè sa-a :

Jan té rélé dé nan disip li yo, épi li té voyé yo kot Jézu, antan-l di : « Èské sé ou minm sa-a ki té gin pou-ou vini-an, oubyin èské sé yon lòt pou nou tann ? » Lè mesié yo té rivé koté-l, yo té di : « Jan-Batis té voyé nou koté-ou, antan-l di : “Èské sé ou minm sa-a ki té gin pou-ou vini-an, oubyin èské sé yon lòt pou nou tann ?” ».

Nan minm lè sa-a li té géri anpil moun sot nan maladi ak infimité, ak mové éspri, épi li té fè anpil avèg vi-n ouè klè. Épi antan-l réponn, li té di yo :

« Antan nou alé anonsé Jan, sa nou té tandé ak sa nou té ouè : paské avèg yo ouè, bouaté yo maché, lépré yo pròpté, soud yo tandé, mò yo résisité, pòv yo jouinn bon nouvèl la ; épi ala kontantman pou moun ki pa skandalizé akoz mouin ».

Paròl Granmèt la.

12

*Géri malad yo.***✝ Léktu sint Évanjil la dapré Luk****10, 5-6. 8-9**

Lè sa-a : Jézu té di disip li yo :

Nan ninpòt kay nou antré, kòmansé di : “Lapè pou kay sa-a” ; si gin yon pitit lapè la, lapè nou-an ap pozé sou li ; otréman, l-ap tounin vi-n jouinn

nou. Nan ninpòt ki vil nou antré, épi yo résévoua nou, manjé sa yo poté ba nou, géri malad yo ki nan vil la, di yo : “Péyi-roua Bondié-a toupré nou” ».

Paròl Granmèt la.

13

*Ki moun ki prochin-m ?*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

**10, 25-37**

Lè sa-a :

Gin yon spésialis laloua-a ki lévé pou-l tanté Jézu, li di : « Mèt, ki sa pou-m fè pou-m gin lavi tout tan-an ? »

Jézu di-l : « Nan laloua-a ki sa-k ékri ? Kijan-ou li ? »

Li réponn, li di : « Sé pou-ou rinmin Granmèt Bondié-ou ak tout kè-ou, ak tout nanm ou, ak tout fòs ou, ak tout éspri-òu, épi prochin-ou tankou ou minm ».

Jézu di-l : « Ou réponn byin : fè sa, épi ou-a viv ».

Li minm minm, ki vlé bay tèt li rézon, li di Jézu : « Kilès ki prochin-m ? »

Jézu pran laparòl ankò, li di : « Yon mésié t-ap désann sot Jérusalèm al Jériko, li tonbé nan min asasin, yo vòlè-l, yo bat li, yo pati kitè-l prèské mouri. Yon prèt vi-n ap désann sou minm rout sa-a, li ouè-l, li pasé. Minm jan-an tou yon lévité, li rivé tou pré koté-a, li ouè-l, li travèsé.

Min gin yon Samaritin ki t-ap vouayajé, ki rivé tou pré-l, li ouè-l, li trésayi ak mizérikòd. Li proché, li maré koté li té blésé yo, li vidé luil ak divin ; li mété-l sou milèt li, li kondui-l nan yon lotèl, li souin-l.

Nan landmin, li lonjé dé dénié bay mèt lotèl la, li di : “Okipé-l ; tou sa ou-a dépansé an plis, sé mouin minm k-ap rinmèt ou sa, lè-m tounin”.

Kilès nan toua sa yo ou pansé ki prochin moun sa-a ki té tonbé nan min asasin yo ? »

Li minm li di : « Sa-a ki té fè mizérikòd pou li-a ».

Jézu di-l : « Alé, ou minm tou fè minm jan ».

Paròl Granmèt la.

14

*Mandé, y-ap ba nou.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

**11, 5-13**

Lè sa-a : Jézu di disp li yo :

« Kilès nan nou si-l gin yon zanmi k-al koté-l nan mitan nannuit, ki di-l : “Zanmi, prêté-m toua pin, paské mouin gin yon zanmi ki vi-n soti nan

vouayaj, li rivé lakay mouin, mouin pa gin anyin pou-m mété dévan-l' ; si lòt la réponn anndan-an : “Pa déranjé-m ; pòt la déjà fèmin, ti moun mouin yo avèk mouin nan kabann ; mouin pa kapab lévé pou-m ba ou ?”

Min, si mésié-a kontinué ap frapé, mouin di nou : Minm si li pap lévé pou-l ba li-l kòm zanmi, l-ap lévé kan minm, l-ap ba li tou sa-l bézouin, poutèt san-jèn li-a.

Mouin minm mouin di nou : Mandé, y-ap ba nou ; chèché, n-ap jouinn ; frapé, y-ap louvri ba nou. Sèké tout moun ki mandé li résévoua, moun ki chèché li jouinn, moun ki frapé, yo louvri ba li.

Kilès tou nan nou minm kòm papa, si pitit nou mandé nou pin : èské n-ap ba-l ròch ? oubyin pouason : èské n-ap ba-l koulèv nan plas pouason-an ? oubyin, si-l mandé nou zé, èské n-ap lonjé yon skòpion ba li ? Si nou minm, malgré nou mové-a, nou konn bay pitit nou bon bagay, Papa nou ki nan sièl la ap ba nou bon Éspri-a pi plis toujou pou moun ki mandé-l ».

Paròl Granmèt la.

## 15

*Ala kontantman pou sèvitè sa yo, si lè mèl la rivé, li jouinn yo ap véyé.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

12, 35-44

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Sé pou rin nou maré, pou lanp nou limin nan min nou ; nou minm sé pou nou tankou moun k-ap tann mèl yo, lè-l vi-n sot nan nòs ; pou, kon-l rivé, li frapé, minm lè-a yo louvri ba li.

Ala kontantman pou sèvitè sa yo, si lè mèl la rivé, li jouinn yo ap véyé ; amèn mouin di nou, l-ap maré rin-l, l-ap fè yo lonjé kò yo, l-ap pasé pou-l sèvi yo. Si-l rivé nan dézièm vèy la, épi si sé nan touazièm vèy la li rivé, épi li jouinn yo konsa, ala kontantman pou sèvitè sa yo.

Aprann sa, si pè-d-famiy nan té konnin ki lè vòlè-a t-ap rivé, li t-ap véyé sètènman, li pa t-ap kite yo kasé kay li. Nou minm tou sé pou nou paré, paské sé lè nou pa pansé-a, Pitit moun nan ap vini ».

Piè minm di-l : « Granmèt, èské sé pou nou ou-ap di parabòl sa-a, oubyin si sé pou tout moun ? »

Granmèt la di : « Kilès intandan ki fidèl, ki gin ladrès, mèl li mété réponsab moun lakay li, pou-l ba yo pòsion manjé yo, lè tan-an rivé ? Ala kontantman pou sèvitè sa-a, si lè mèl la rivé, li jouinn li nan travay li. Réyèlman vré mouin di nou l-ap mété-l réponsab tou sa-l posédé ».

Paròl Granmèt la.

16

*Bondié, pitié pou mouin péchè.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk****18, 9-14**

Lè sa-a :

Jézu di parabòl sa-a pou kèk moun ki té mét konfians nan pròp tèt yo kòm si yo té kòrèk, épi ki t-ap méprizé lòt yo : « Dé mésié té monté nan Tanp la pou yo priyé ; youn té Farizyin, épi lòt la té piblikin.

Farizyin-an kanpé la, l-ap priyé nan kè-l : “Bondié, mouin rémésié-ou, paské mouin pa tankou lòt moun yo, yo vòlè, yo injis, yo adiltè, oubyin tankou piblikin sa-a. Mouin fè jèn dé foua nan sémèn nan, mouin bay dizièm pati nan tou sa-m ginyin”. Piblikin-an minm kanpé louin, li pa-t vlé lévé jé-l nan sièl la, min l-ap frapé pouatri-n li, li di : “Bondié, pitié pou mouin péchè”.

Mouin di nou : li minm li désann an-règ lakay li plis pasé lòt la ; paské tout moun k-ap lévé tèt li, y-ap rabésé-l, moun ki rabésé tèt li, y-ap lévé-l anlè ».

Paròl Granmèt la.

17

*Sa-a, sé volonté Papa-a,  
pou tou sa-l ban mouin, mouin pa pèdi yo.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan****6, 35-40**

Lè sa-a : Jézu di fowl yo :

« Mouin minm mouin sé pin lavi-a ; moun ki vi-n jouinn mouin pap grangou, moun ki kouè nan mouin pap janm souaf. Min mouin té di nou, nou ouè-m, épi nou pa kouè. Tou sa Papa-a ban mouin, l-ap vi-n jouinn mouin ; moun ki vi-n jouinn mouin, mouin pap jété-l déyò ; paské mouin pa désann sot nan sièl la pou-m fè volonté pa-m, min volonté sa-a ki voyé-m nan.

Min volonté sa-a ki voyé-m nan, Papa-a, sèké tou sa-l ban mouin, pou-m pa pèdi anyin nan yo, min pou-m fè-l résisité nan dènié jou-a. Sa-a sé volonté Papa-m nan ki voyé-m nan, pou tout moun ki ouè Pitit la, épi ki kouè nan li, jouinn lavi tout tan-an ; mouin minm m-ap fè-l résisité nan dènié jou-a ».

Paròl Granmèt la.

18

*Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

6, 53-58

Lè sa-a : Jézu di fowl yo :

« Amèn, amèn mouin di nou, si nou pa manjé chè Pitit moun nan, si nou pa bouè san-l, nou pap gin lavi nan nou. Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li gin lavi ki pap janm fini-an : mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.

Kò-m sé yon manjé tout bon vré, san-m sé yon bouason tout bon vré. Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li rét nan mouin, mouin minm nan li.

Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan, épi mouin viv akoz Papa-a ; konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akoz mouin tou. Sa-a sé pin-an ki désann sot nan sièl la. Sé pa tankou zansèt nou yo ki té manjé ma-n nan, épi ki té mouri yo. Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan ».

Paròl Granmèt la.

19

*Li pa fè péché, min sé pou travay Bondié kapab parèt klè nan li.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

9, 1-7

Lè sa-a ;

Pandan Jézu ap pasé, li ouè yon moun ki avèg dépi-l té fèt.

Disip li yo pozé-l késion : « Rabi, kilès ki fè péché, sa-a oubyin paran-l yo, pou-l fèt tou avèg la ? »

Jézu réponn : « Ni li minm li pa fè péché, ni paran-l yo ; min sé pou travay Bondié kapab parèt klè nan li. Mouin gin pou-m réalizé travay sa-a ki voyé-m nan, toutotan li jou ; lannuit la ap rivé, koté pèsòn pa kapab travay, toutotan mouin sou tè-a, mouin sé limiè tè-a ».

Kon-l fi-n di sa, li kraché atè-a, li fè labou ak saliv la, li pasé labou-a sou jé-l, li di-l : « Alé, lavé kò-ou, nan basin Siloé-a », sa vlé di « Sa-a yo voyé-a ». Konsa, l-alé, li lavé kò-l, li tounin antan-l ouè.

Paròl Granmèt la.

20

*Bon gadyin-an bay lavi-l pou mouton-l yo.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

10, 11-18

Lè sa-a :

Jézu di : « Mouin sé bon gadyin-an. Bon gadyin-an bay lavi-l pou mouton-l yo. Min anplouayé-a ak sa-a ki pa gadyin-an, sa mouton yo pa pou li-a, lè-l ouè lou-a ap vini, li kité mouton yo, li sovè kò-l, lou-a minm dévoré

mouton yo, li gayé yo. Min anplouayé-a minm sové konsa-a, sé paské sé anplouayé li yé épi li pa okipé mouton yo.

Mouin minm mouin sé bon gadyin-an, mouin konnin sa-k pou mouin yo, sa-k pou mouin yo konnin-m tou. Jan Papa-a konnin-m nan, mouin minm tou mouin konnin Papa-a ; épi mouin bay lavi-m pou mouton-m yo.

Min gin dèt mouton, ki pa nan patiraj sa-a, yo minm tou mouin gin pou-m minnin yo, y-ap kouté voua-m, ap vi-n gin yon sèl patiraj ak yon sèl gadyin.

Sé poua Papa-a rinmin-m nan, paské mouin dépozé nanm mouin, pou-m pran-l yon lòt foua ankò. Pèsòn pa pran-l sot nan min-m, min mouin dépozé-l ak pròp fòs mouin épi mouin gin pouvoua pran-l yon lòt foua ankò : sé kòmandman sa-a mouin té résévoua nan min Papa-m ».

Paròl Granmèt la.

## LÉKTU SOT NAN ISTOUA SOUFRANS GRANMÈT LA

### 1

*Si kalis sa-a pa kapab pasé, sé pou volonté-ou fèt.*

#### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

26, 36-46

Lè sa-a Jézu rivé avèk yo nan abitasion yo rélé Jétsémani, li di disip li yo : « Rété isit la, pandan m-apral laba-a pou-m lapriyé ». Li pran Piè ak dé pitit Zébédé yo, li kòmansé vi-n gin chagrin ak lapinn. Lè sa-a li di yo : « Nanm mouin gin chagrin pou-m mouri : rété isit la, véyé avèk mouin ».

Li avansé yon ti kras, li tonbé sou fas li, li pran lapriyé, li di : « Papa mouin, si sa posib, fè kalis sa-a pasé louin-m ; sèlman sé pa jan-m vlé-a, sé jan ou minm ou vlé ».

Li rivé kot disip li yo, li jouinn yo ap dòmi, li di Piè : « Konsa nou pa-t kapab véyé inèd-tan avèk mouin ; véyé, priyé, pou nou pa antré nan tantasion. Léspri-a vif, min chè-a fèb ».

Yon lòt foua ankò, l-alé, li lapriyé, li di : « Papa mouin, si kalis sa-a pa kapab pasé, san mouin pa bouè-l, sé pou volonté-ou fèt ». Li vini ankò, li jouinn yo ap dòmi (sèké jé yo té lou) li kite yo, l-alé ankò, li lapriyé pou touazièm foua-a, antan l-ap di minm paròl la. Lè sa-a atò, li rivé kot disip li yo, li di yo : « Nou mèt dòmi atò, nou mét répozé : min lè-a ap proché, pou yo bay mouin-an, y-ap rinmèt Pitit moun nan nan min péchè yo. Lévé, an n-alé, min l-ap proché sa k-ap rinmèt mouin-an ».

Paròl Granmèt la.



## 2

*Lanmò ak réziréksion Granmèt la.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark****15, 33-39 ; 16, 1-6**

Lè sizièm è-a rivé, fènoua rivé sou tout tè-a jous névièm è-a. Nan névièm è-a, Jézu pousé yon gran rèl, li di : « Éloyi, Éloyi, lama sabaktani ? » sa vlé di : « Bondié mouin, Bondié mouin, pouki sa ou lagé-m nan ? »

Kèk nan sa-k té kanpé la-a, yo tandé, yo di : « Gadé, l-ap rélé Éli ». Youn nan yo kouri, li plin yon éponj ak vinèg, li mété-l nan pouint yon rozo, li ba-l bouè, li di : « Kité, n-ap ouè si Éli ap vi-n pou-l désann li ».

Jézu minm, lagé yon gran rèl, li rann souf li.

Voual Tanp la chiré an dé, dépi anro jous anba. Lè santirion-an ouè sa, li minm ki té kanpé an fas la, kijan-l rélé byin fò, épi li rann souf li-a, li di : « Vrèman mésié sa-a sé Pitit Bondié li té yé ».

Lè saba-a fi-n pasé, Mari Madlèn ak Mari manman Jak ak Salomé yo achté pafin, yo vini pou yo anbomin Jézu. Granmatin premié jou sémèn nan, yo rivé nan kavou-a, solèy déja kòmansé ap lévé.

Youn t-ap di lòt : « Kilès k-ap roulé ròch la pou nou, sot nan bouch kavou-a ? » Yo gadé, yo ouè ròch la té gin tan roulé ; li té gran anpil.

Yo antré nan kavou-a, yo ouè yon jénòm ki chita adouat, li abiyé ak rad blan, yo pè.

Li di yo : « Pa pè. Jézu n-ap chèché-a, moun Nazarèt la yo té klouré sou koua-a : li lévé vivan, li pa isit la. Min plas koté yo té dépozé-l la.

Paròl Granmèt la.

## 3

*Lanmò ak réziréksion Granmèt la.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk****23, 44-49 ; 24, 1-6a**

Li té prèské sizièm è-a, fènoua té rivé sou tout tè-a, jouska névièm è-a. Solèy la vi-n tou noua, voual tanp la chiré nan mitan.

Antan Jézu pousé yon rèl avèk voua-l byin fò, li di : « Papa, nan min-ou mouin rinnèt éspri-m ». Pandan l-ap di sa, souf li pati.

Lè santirion-an ouè sa-k rivé, li rann Bondié gloua, li di : « Vrèman, mésié sa-a té kòrèk ». Tout foul yo ki té vini ansanm pou yo gadé bagay sa-a, épi ki té ouè sa-k pasé, yo t-ap tounin antan y-ap frapé léstomak yo. Min tout zanmi-l yo té kanpé louin, ni médam yo ki té suiv li dépi sot nan Galilé-a, épi ki t-ap gadé bagay sa yo.

Prémié jou sémèn nan, granmatin, médam yo rivé nan kavo-a, yo poté pomad yo té paré yo ; yo jouinn ròch la ki roulé sot nan kavo-a. Yo antré, yo pa jouinn kò Granmèt la.

Rivé, pandan yo rét sézi nan éspri yo pou bagay sa-a, gin dé mésié ki kanpé bò koté yo ak rad kléré.

Kòm médam yo té pè, yo té bésé fas yo atè, mésié yo di yo : « Pouki sa n-ap chèche vivan-an avèk mò yo ? Li pa isit la, li résisité ».

Paròl Granmèt la.

4

*Èské Kris la pa-t gin pou-l souffri,  
épi sé konsa pou-l antré nan gloua-l la ?*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

24, 13-35

Min dé nan disip Jézu yo t-apral nan yon bouk, prémié jou sémèn sa-a, bouk la té yon distans souasant stad parapò a Jérusalèm, yo té rélé-l Émayus. Yo minm yo t-ap palé antré yo sou tou sa-k té pasé. Rivé, pandan y-ap chanjé nouvèl, y-ap chèche antré yo, Jézu minm proché, l-ap maché avèk yo. Jé yo té gin yon bagay ki kinbé yo, pou yo pa rékonèt li.

Li di yo : « Ki paròl sa yo, n-ap palé antré nou pandan n-ap maché-a, épi ki fè nou gin lapinn nan ? »

Youn yo rélé Kléofas, di-l : « Sé ou minm sèl ki étranjé nan Jérusalèm, ou pa konnin sa-k rivé nan jou sa yo ? »

Li di yo : « Ki bagay ? »

Yo di : « Osijè Jézu moun Nazarèt la, ki té yon profèt, ki gin pouvoua nan aksion ak paròl dévan Bondié ak tout pèp la. Kijan gran prèt yo ak chèf nou yo rinnèt li nan kondanasion lanmò, épi yo klouré-l sou koua.

Nou minm nou té éspéré, sé li minm ki t-ap rachté Israèl ; koulié-a minm sou tout bagay sa yo jodi-a sé touazièm jou dépi yo rivé.

Min kèk médam nan pami nou té fè nou sézi, yo t-al nan kavo-a dévan-jou, yo pa jouinn kò-l, yo vi-n di yo ouè vizion anj yo, ki di yo li vivan. Kèk nan nou al nan kavo-a, yo jouinn bagay yo jan médam yo di-a ; min li minm yo pa jouinn li ».

Li minm minm li di yo : « Nou sòt, nou pran tan nan kè nou kouè tou sa profèt yo té palé yo ! Èské Kris la pa-t gin pou-l souffri, épi sé konsa pou-l antré nan gloua-l la ? »

Antan li kòmansé dépi sou Moyiz ak tout profèt yo, li ékspliké yo nan tout sa-k ékri yo sa-k té konsèné-l.

Yo proché bò bouk la koté yo t-apralé-a, li minm li fè kòm si l-apral pi louin, yo fòsé-l, antan yo di : « Rét avèk nou, paské asouè rivé, jou-a déjà bésé ». Li antré avèk yo.

Pandan li lonjé kò-l avèk yo, li pran pin, li béni, li kasé, li ba yo. Jé yo louvri, yo rékonèt li. Li minm minm li disparèt sot dévan jé yo.

Youn di lòt : « Èské kè nou pa-t cho anndan nou, pandan li t-ap palé sou chémin-an, li t-ap ékspliké nou sa-k ékri yo ? » Yo lévé minm lè-a, yo tounin Jérusalèm. Yo jouinn onz yo rasanblé, ni sa yo ki té avèk yo-a, yo di Granmèt la lévé vré, li parèt dévan Simon.

Yo rakonté sa-k té pasé sou chémin-an, kijan yo té rékonèt li nan kasé pin-an.

Paròl Granmèt la.

## 5

*Li ouè, li kouè.*

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

**20, 1-10**

Prémié jou sémèn nan, Mari Madlèn rivé granmatin, nan kavo-a, pandan té fènoua toujou ; li ouè ròch la lévé sot nan kavo-a. Li kouri vi-n kot Simon Piè ak lòt disip la, sa Jézu té rinmin-an, li di yo : « Yo lévé Granmèt la sot nan kavo-a, nou pa konnin koté yo dépozé-l ».

Piè soti, ni lòt disip sa-a, yo rivé kot kavo-a. Yo t-ap kouri yo toulédé ansanm, lòt disip sa-a té kouri pi vit pasé Piè, li rivé an prémié nan kavo-a. Lè-l panché, li ouè bann toual yo ki pozé atè-a ; min li pa antré. Simon ki t-ap suiv li vi-n rivé tou, li antré nan kavo-a, li ouè bann toual yo ki pozé atè-a, ak mouchoua-a ki té sou tèt li-a, min ki pa-t pozé avèk bann toual yo, min li té vlopé apa nan minm koté-a. Lè sa-a atò lòt disip sa-a antré, li minm ki té vi-n an prémié nan kavo-a, li ouè, li kouè. Sèké yo pa-t ko konnin sa-k ékri yo, li té gin pou-l té résisité sot nan pami mò yo. Konsa disip yo rétonnin lakay yo ankò.

Paròl Granmèt la.

## 2. ANTAN Y-AP BAY VIATIK LA

### LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

#### 1

*Li maché ak fòs manjé sa-a jous nan mòn Bondié-a.*

#### Léktu prémié liv Roua yo

19, 4-8

Jou sa yo :

Éli maché nan dézè-a pandan yon jou.

Li rivé anba yon ti pié jénèv, li chita, li mandé lanmò, li di : « Sa kont mouin, Granmèt ! Ou mèt pran lavi-m ; sèké mouin pa pi bon pasé papa mouin yo ». Li lagé kò-l atè, li dòmi anba pié jénèv la.

Min yon Anj Granmèt la ki touché-l, li di-l : « Lévé, manjé ».

Li gadé, li ouè yon pin ki té kuit nan sann ki pozé bò tèt li ak yon véso dlo ; li manjé, li bouè, épi li dòmi ankò.

Anj Granmèt la rétounin koté-l yon dézièm foua, li touché-l, li di-l : « Lévé, manjé, gin yon gran rout ki rété-ou ankò ».

Li lévé, li manjé, li bouè, li maché ak fòs manjé sa-a pandan karant jou ak karant nuit, jous nan mòn Bondié-a, Orèb.

Paròl Granmèt la.

#### 2

*Mouin konnin Rédanmtè-m nan, li vivan.*

#### Léktu liv Jòb

19, 23-27 a

Jòb di :

« Ki moun ki t-a fè-m favè pou yo ékri paròl mouin yo ? Ki moun ki t-a ban-m posibilite pou yo gravé nan liv avèk yon kréyon fè, avèk yon lam an plon oubyin sizo afoua, pou yo t-a maké nan ròch ki di-a ? Mouin konnin réyèlman Rédanmtè-m nan, li vivan, nan dènié jou-a m-ap lévé sot anba tè-a. M-ap vlopé ak po-m ankò, épi nan chè-m m-ap ouè Bondié-m nan. Sa-a m-ap ouè mouin minm nan, sé ak jé-m m-ap gadé-l, sé pa yon lòt ».

Paròl Granmèt la.

### LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

#### 1

*Yon sèl pin, yon sèl kò ; sé sa nou minm ki anpil la nou fè.*

#### Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

10, 16-17

Frè-m yo :

Kalis bénédiksyon-an n-ap béni-an, èské sé pa san Kris la n-ap kòminié ladan-l nan ? Épi, pin-an n-ap kasé-a, èské sé pa kò Granmèt la n-ap patisipé ladan-l nan ?

Kòm sé yon sèl pin, nou minm ki anpil la, nou fè yon sèl kò, nou tout ki patisipé nan yon sèl pin-an.

Paròl Granmèt la.

2

*Chak foua n-ap manjé pin sa-a, n-ap bouè kalis sa-a, sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé.*

### **Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo**

**11, 23-26**

Frè-m yo :

Mouin té résévoua nan min Granmèt la sa-m té transmèt nou-an, sèkè Granmèt Jézu, nannuit yo té rinmèt li-a, li pran pin, épi antan li rann gras, li kasé-l, li di : « Pran, manjé : sa-a sé kò mouin, sa yo rinmèt pou nou-an ; fè sa pou fè sonjé mouin ».

Minm jan, apré li fi-n manjé, li pran kalis la tou, li di : « Kalis sa-a sé nouvo aliens la nan san mouin ; fè sa, chak foua n-ap bouè, pou nou fè sonjé-m ».

Chak foua réyèlman n-ap manjé pin sa-a, n-ap bouè kalis sa-a, sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé, joustan li vini.

Paròl Granmèt la.

3

*M-ap soupé avèk li, épi li minm avèk mouin.*

### **Léktu liv Apokalips apot sin Jan**

**3, 14 b. 20-22**

Min déklarasyon Amèn nan, témouin ki fidèl la, ki vré-a, li minm ki kòmansman tou sa Bondié kréyé-a : « Min mouin kanpé nan pòt la, m-ap frapé : si yon moun tandé voua-m, li louvri pòt la ban mouin, m-ap antré koté-l, m-ap soupé avèk li, li minm avèk mouin.

Moun ki ranpòté viktoua-a, m-ap ba-l posibilite pou-l chita avèk mouin sou tro-n mouin-an, minm jan mouin minm mouin té ranpòté viktoua-a épi mouin chita avèk Papa-m sou tro-n li-a.

Moun ki gin zòrèy, sé pou-l tandé sa Éspri-a di Égliz yo ».

Paròl Granmèt la.

4

*Vini, Granmèt Jézu !*

### **Léktu liv Apokalips apot sin Jan**

**22, 17. 20-21**

Éspri-a avèk Madanm k-ap marié-a di : « Vini ». Sa-a ki tandé-a, sé pou-l di : « Vini ». Moun ki souaf, sé pou-l vini. Moun ki vlé, l-ap résévoua dlo lavi-a gratis.

Sa-a ki sèvi bagay sa yo témouin-an, li di : « Oui, m-ap vini byin vit ».

Amèn. Vini, Granmèt Jézu !  
 Gras Granmèt Jézu avèk nou tout.  
 Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS YO

1

PSÒM RÉPONS

Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R: 4 ab oubyin 1)

R: Minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,  
 mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.

oubyin :

R: Granmèt la ap souin-m, mouin pap manké anyin.

- 1 Granmèt la ap kondui-m, anyin pap manké-m ;
- 2 nan zèb vèt li instalé-m,  
 sou bò dlo trankil li minnin-m,
- 3 li réfè nanm mouin.  
 Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l. R:
- 4 Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,  
 mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.  
 Baton-ou ak bagèt ou sé yo k-ap konsolé-m. R:
- 5 Ou paré yon tab dévan fas mouin  
 kont sa yo k-ap fè-m pasé tribilasyon-an ;  
 ou souin tèt mouin ak losion,  
 kalis mouin ap débòdé. R:
- 6 Réyèlman sé bon kè ak mizérikòd k-ap rapousuiv mouin  
 tout tan lavi-m,  
 m-ap abité nan kay Granmèt la  
 pou tout longè tan yo. R:

2

PSÒM RÉPONS

Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 10-11 (R: 9 a)

R: Gouté, n-a ouè kijan Granmèt la bon.

- 2 M-ap fè konpliman pou Granmèt la tout tan,  
 tout tan louanj li nan bouch mouin.
- 3 Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn konsidérasion-l,  
 sé pou pòv yo tandé, pou yo kontan. R:
- 4 Fè louanj Granmèt la avèk mouin,  
 sé pou nou lévé non-l anlè ansanm.

- <sup>5</sup> Mouin chèché Granmèt la, li réponn mouin ;  
anba tou sa k-ap fè-m pè, li délivré-m. **R**
- <sup>6</sup> Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré,  
fas nou pap ront.
- <sup>7</sup> Pòv sa-a rélé, Granmèt la kouté-l,  
anba tout tribilasyon li li sovè-l. **R**
- <sup>10</sup> Krinn Granmèt la, nou minm sin-l yo,  
paské pa gin grangou pou moun ki krinn li yo.
- <sup>11</sup> Rich yo nan bézouin, yo grangou,  
min sa k-ap chèché Granmèt la yo pap manké okinn byin. **R**

## 3

**PSÒM RÉPONS** Ps 41, 2. 3. 5 bcd ; Ps 42, 3. 4. 5 (**R** : Ps 41, 3)

- R** Nanm mouin souaf kot Bondié vivan-an ;  
kilè m-apral parèt dévan fas Bondié ?
- <sup>2</sup> Tankou yon sèrf anvi al nan sous dlo yo,  
konsa nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié. **R**
- <sup>3</sup> Nanm mouin souaf kot Bondié, Bondié vivan-an ;  
kilè m-apral parèt dévan fas Bondié ? **R**
- <sup>5</sup> Sèké mouin té konn travèsé al kot tant  
ki mérité yo kontanplé-l la,  
jous nan kay Bondié-a,  
nan chanté fèt avèk louanj,  
fèt foul la k-ap fè louanj la. **R**
- <sup>3</sup> Voyé limiè-ou la ak vérité-ou la, pou yo kondui-m,  
pou yo minn-m sou mòn ou-a ki sin-an, ak nan tant ou-a. **R**
- <sup>4</sup> M-ap antré kot lotèl Bondié-a,  
kot Bondié kè kontan mouin-an.  
M-ap fè louanj ou sou gita, Bondié, Bondié-m. **R**
- <sup>5</sup> Pouki ou chagrin-an, nanm mouin,  
épi poukisa ou-ap troublé anndan-m nan ?  
Espéré nan Bondié, paské m-ap fè louanj li ankò  
salu fas mouin ak Bondié-m. **R**

## 4

**PSÒM RÉPONS** Ps 115, 12-13. 15 é 16 bc. 17-18 (**R** : Ps 114, 9 oubyin Ps 115, 13)

**R** M-ap maché dévan Granmèt la nan réjion vivan yo.

oubyin :

**R** M-ap pran kalis k-ap sovè nou-an, m-ap rélé non Granmèt la.

oubyin : Alélouya.

- 12 Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la  
pou tou sa-l fè pou mouin ?
- 13 M-ap pran kalis k-ap sovè nou-an,  
m-ap rélé non Granmèt la. **R:**
- 15 Li gin valè dévan jé Granmèt la  
lanmò sin-l yo.
- 16 Mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou.  
Ou kasé chinn mouin yo. **R:**
- 17 M-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou,  
m-ap rélé non Granmèt la.
- 18 M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo,  
dévan tout pèp la. **R:**

5

PSÒM RÉPONS

Ps 144, 10-11. 15-16. 17-18 (**R:** : 18)

- R:** Granmèt la toupré moun k-ap rélé-l yo
- 10 Tou sa ou fè yo, Granmèt, y-ap fè louanj ou ;  
sin-ou yo ap fè konpliman pou ou.
- 14 Granmèt la soulajé tout moun ki tonbé,  
li drésé tout moun ki fébli. **R:**
- 15 Jé yo tout ap espéré sou ou,  
ou minm ou ba yo manjé lè tan-an rivé.
- 16 Ou louvri min-ou,  
ou plin tout vivan ak byin. **R:**
- 17 Granmèt la kòrèk nan tout chémin-l yo,  
li sin nan tout aksion li yo.
- 18 Granmèt la toupré moun k-ap rélé-l yo,  
tout moun yo k-ap rélé-l nan vérité-a. **R:**

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Jan 6, 51

- (**R:** Alélouya). Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la,  
sé sa Granmèt la di ;  
si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan.  
(**R:** Alélouya).



2

Jan 6, 54

(R: Alélouya). Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m,  
li gin lavi ki pap janm fini-an, sé sa Granmèt la di ;  
mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a. (R: Alélouya).

3

Jan 10, 9

(R: Alélouya). Mouin sé pòt la, sé sa Granmèt la di ;  
si yon moun antré pa lantrémiz mouin, l-ap sové,  
l-ap jouinn manjé. (R: Alélouya).

4

Jan 11, 25 ; 14, 6

(R: Alélouya). Mouin sé rézirkéksion-an ak lavi-a,  
sé sa Granmèt la di ;  
pèsòn pa vi-n kot Papa-a, sof si-l pasé pa lintèmédiè-m.  
(R: Alélouya).

## ÉVANJIL YO

1

*Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la.*

## ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 41-51

Lè sa-a :

Juif yo t-ap plinyin osijè Jézu, paské li té di : « Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la ». Yo t-ap di : « Èské sa-a sé pa Jézu, pitit Jozèf la, sa nou rékonèt papa-l ak manman-l nan ? Kijan sa-a kapab di : “Sé nan sièl mouin désann sòti-a ?” »

Jézu réponn, li di yo : « Pa plinyin antré nou. Pèsòn pa kapab vi-n jouinn mouin, si Papa-a, ki voyé-m nan, pa atiré-l ; épi mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a. Min sa ki ékri nan profèt yo : “Yo tout ap jouinn ansègnman nan min Bondié”. Tout moun ki kouté sa Papa-a ap di, épi ki kite-l ansègné yo, l-ap vi-n jouinn mouin. Pèsòn pa janm ouè Papa-a, sof sa-a ki sot nan Bondié-a, sé li minm ki ouè Papa-a. Amèn, amèn mouin di nou, moun ki koué nan mouin, li gin lavi tout tan-an.

Mouin sé pin lavi-a. Papa nou yo té manjé lama-n nan dézè-a, épi yo mouri. Sa-a sé pin ki désann sot nan sièl la, pou, si yon moun manjé ladan-l, li pa mouri. Mouin sé pin vivan-an ki désann sot nan sièl la. Si yon moun

manjé nan pin sa-a, l-ap viv tout tan, épi pin-an m-ap bay la, sé chè-m pou lavi tè-a ».

Paròl Granmèt la.

## 2

*Moun ki manjé chè-m, li gin lavi ki pap janm fini-an ;  
mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

**6, 51-58**

Lè sa-a :

Jézu té di foul Juif yo :

« Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la. Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan. Pin-an m-ap bay la, sé chè-m pou lavi tè-a ».

Juif yo minm t-ap diskité antré yo, yo t-ap di : « Kijan sa-a kapab ba nou chè-l pou nou manjé ? »

Jézu minm di yo : « Amèn, amèn mouin di nou : si nou pa manjé chè Pità moun nan, si nou pa bouè san-l, nou pap gin lavi nan nou. Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li gin lavi ki pap janm fini-an ; mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.

Chè-m sé manjé tout bon vré-a, san-m sé bouason tout bon vré-a. Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li rétt nan mouin, mouin minm nan li.

Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan, épi mouin viv akòz Papa-a ; konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akòz mouin tou ».

Paròl Granmèt la.

\* \* \*

## GID LÉKTU YO dapré lòd Liv ki sin yo

Léksionè rituèl Onksion malad yo ak souin pastoral yo

Réfèrans	Paj
	Onksion malad yo
1 Roua 19, 1-8	301
1 Roua 19, 4-8	340
Jòb 3, 1-3. 11-17. 20-23	301
Jòb 7, 1-4. 6-11	302
Jòb 7, 12-21	302
Jòb 19, 23-27a	303, 340
Jòb 31, 16-20. 24-25. 31-32	301
Saj 9, 9-11. 13-18	303
Iz 35, 1-10	304
Iz 52, 13 — 53, 12	304
Iz 61, 1-3a	305
Mt 5, 1-12a	325
Mt 8, 1-4	326
Mt 8, 5-13	327
Mt 8, 5-19. 13	249
Mt 8, 5-17*	326
Mt 8, 14-17	327
Mt 11, 25-30	328
Mt 15, 29-31	328
Mt 25, 31-40	328
Mt 26, 36-46	336
Mk 2, 1-12	329
Mk 4, 35-41	330
Mk 10, 46-52	330
Mk 15, 33-39 ; 16, 1-6	337
Mk 16, 15-20	331
Lk 7, 19-23	331
Lk 10, 5-6. 8-9	331
Lk 10, 25-37	332
Lk 11, 5-13	332
Lk 12, 35-44	333
Lk 18, 9-14	334
Lk 23, 44-49 ; 24, 1-6a	337
Lk 24, 13-35	338
Jan 6, 35-40	334
Jan 6, 41-51	345

Jan 6, 51-58	346
Jan 6, 53-58	335
Jan 6, 54-55	243, 261
Jan 6, 54-59	243, 261
Jan 9, 1-7	335
Jan 10, 11-18	335
Jan 20, 1-10	339
Tr 3, 1-10	306
Tr 3, 11-16	306
Tr 4, 8-12	307
Tr 13, 32-39	307
Rm 8, 14-17	308
Rm 8, 18-27	308
Rm 8, 31b-35. 37-39	309
1 Kor 1, 18-25	309
1 Kor 10, 16-17	340
1 Kor 11, 23-26	341
1 Kor 11, 26	243, 261
1 Kor 12, 12-22. 24b-27	310
1 Kor 15, 12-20	310
2 Kor 4, 16-18	311
2 Kor 5, 1. 6-10	311
Gal 4, 12-19	312
Fil 2, 25-30	312
Kol 1, 22-29	312
Ébr 4, 14-16; 5, 7-9	313
Jk 5, 13-16	313
1 P 1, 3-9	314
1 Jn 3, 1-2	314
Ap 3, 14b. 20-22	341
Ap 21, 1-7	315
Ap 22, 17. 20-21	315, 341

## GID PSÒM YO AK KANTIK YO

Iz 38, 10. 11. 12 abcd. 16 (R/ : cf. 17 b)	315
Ps 6, 2-4 a. 4 b-6. 9-10 (R/ : 3 a)	284
Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R/ : 4 ab oubyin 1)	342
Ps 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 8-9. 10 é 14. 15-16 (R/ : 1 b)	284

Ps 26, 1. 4. 5. 7-8 a. 8 b-9 ab. 9 cd-10 (R/ : 14)	317
Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 10-11 (R/ : 9 a)	342
Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 10-11. 12-13. 17 é 19 (R/ : 19 a ; oubyin 9 a)	284
Ps 41, 2. 3. 5 bcd ; Ps 42, 3. 4. 5 (R/ : Ps 41, 3)	343
Ps 41, 3. 5 bcd ; Ps 42, 3. 4 (R/ : Ps 41, 2)	284
Ps 50, 3-4. 5-6 a. 18-19 (R/ : 19 b)	229
Ps 62, 2-3. 4-6. 7-9 (R/ : 2 b)	284
Ps 70, 1-2. 5-6 ab. 8-9. 14-15 ab (R/ : 12 b oubyin 23)	319
Ps 85, 1-2. 3-4. 5-6. 11. 12-13. 15-16 ab (R/ : 1 a oubyin 15 a é 16 a)	285
Ps 89, 2. 3-4. 5-6. 9-10 ab. 10 cd é 12. 14 é 16 (R/ : 1)	285
Ps 101, 2-3. 24-25. 26-28. 19-21 (R/ : 2)	285
Ps 102, 1-2. 3-4. 11-12. 13-14. 15-16. 17-18 (R/ : 1 a oubyin 8)	322
Ps 115, 12-13. 15 é 16 bc. 17-18 (R/ : Ps 114, 9 oubyin Ps 115, 13)	343
Ps 122, 1-2 a. 2 bcd (R/ : 2 cd)	285
Ps 142, 1-2. 5-6. 10 (R/ : 1 a oubyin 11 a)	324
Ps 144, 10-11. 15-16. 17-18 (R/ : 18)	344

## GID ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Ps 32, 22	286
Mt 5, 4	286
Mt 8, 17	324
Mt 11, 28	324
Jan 6, 51	344
Jan 6, 54	345
Jan 10, 9	345
Jan 11, 25; 14, 6	345
2 Kor 1, 3b-4a	325
Éféz 1, 3	325
Jak 1, 12	325

**GID**

Dékètè Sakrè Kongrégasyon pou Kult Bondié-a.....	223
Konstitisyon apostolik sou sakrèman Onksyon malad yo.....	225
Avètisman jénéral .....	229
<b>CHAPIT I</b> Vizit ak Kominion pou malad yo.....	240
I. Vizit malad yo .....	240
II. Kominion pou malad yo.....	240
- Rit òdinè .....	241
- Rit kout.....	245
<b>CHAPIT II</b> Rit Onksyon malad yo .....	247
Rit Onksyon-an anndan Mès la .....	254
Sélébrasyon Onksyon-an nan gran rasanbléman fidèl.....	256
<b>CHAPIT III</b> Viatik .....	257
Pou administré Viatik la anndan Mès la .....	257
Pou administré Viatik la an déyò Mès la .....	258
<b>CHAPIT IV</b> Òrdo pou ofri sakrèman yo bay yon malad ki an danjé tou pré lanmò.....	265
Rit ki gin ansanm Pénitans, Onksyon ak Viatik .....	265
Pou yo bay Onksyon-an san Viatik la.....	271
<b>CHAPIT V</b> Konfimasyon nan danjé lanmò .....	273
<b>CHAPIT VI</b> Òrdo pou rékòmandasyon moun k-ap mouri yo .....	274
<b>CHAPIT VII</b> Divès tèks yo sèvi avèk yo nan rit pou malad yo.....	280
<hr/>	
<b>DÉGI</b> Léktu Biblik yo... ..	301
Gid jénéral léktu yo... ..	347
<hr/>	

Traduction et mise en page achevées le 8 juin 2014,  
 Dimanche de la Pentecôte,  
 Notre-Dame Trône de la Sagesse

# RITUÈL ROMIN

ÉTABLI DAPRÉ DÉKRÈ TRÈ SIN KONSIL VATIKAN II-A  
PROMILGÉ ANBA OTORITÉ PAP PÒL VI

## RITUÈL FINÉRAY YO

ÉDISION TIPIK

1969





Gian Luigi Uboldi

prima editio 1969





## SAKRÉ KONGRÉGASION POU KULT BONDIÉ-A

Prot. n. 720/69

### DÉKRÈ

Ak rit finéray yo Égliz la ki Manman nan lafoua abitué non sèlman rékòmandé défin yo bay Bondié, min tou rélvé éspérans pitit li yo épi témouagné lafoua li nan rézireksion moun ki batizé yo ki pral fèt ansanm ak Kris la.

Sé poutèt sa Trè Sin Konsil Ékiménik Vatikan II-a nan Konstitision osijè Litiji sakré-a té bay lòd pou yo té rénouvle rit finéray yo dékoua pou yo éksprimé karaktè paskal lanmò krétyin-an yon fason pi klè, épi pou rit antèman timoun yo yo ofri-l yon Mès pròp tou (artt. 81-82).

Kalité rit sa yo, Konsèy pou égzékité Konstitision osijè Litiji sakré-a té préparé yo épi, nan divès réjion, li té fè yo sibi ékspérimantasyon ki té konvnab yo. Épi Souvèrin Pontif la Pòl VI, apati Otorité Apostolik Li-a, té aprouvé minm rit sa yo épi bay lòd pou yo pibliyé yo, pou tout moun ki itilizé Rituèl Romin-an té sèvi ak yo dépi lè sa-a.

Konsa Sakré Kongrégasyon pou Kult Bondié-a, dapré lòt minm Souvèrin Pontif la, promilgé Òrdo Finéray yo, antan li établi pou apati jou prémié juin 1970 la li antré an vigè.

Li établi an plis pou, jous nan premié jou moua juin ané prochèn nan, si yo sèvi ak lang latin-an nan sélébrasion finéray yo, soua Òrdo sa-a soua rit ki nan Rituèl Romin-an, yo kapab sèvi ak yo libréman ; min apati jou sa-a minm sé sèlman ak nouvo Òrdo Finéray sa-a pou yo sèvi.

Chak Konfèrans Évèk yo minm, apré yo fi-n préparé tradiksyon nan lang pèp yo, épi yo t-a résévoua konfirmasyon nan min minm Sakré Kongrégasyon sa-a, yo gin doua établi yon lòt jou anvan premié juin 1970, jan sa konvtab, pou nouvo Òrdo Finéray yo antré an vigè.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa minm.

Nan palè S. Kongrégasyon pou Kult Bondié-a, jou 15 out 1969, nan solanité Asonpsion Trè Sint Vièj Mari.

BENNO Card. GUT

*Préfète*

+ A. BUGNINI

*Sékrètè*

## AVÈTISMAN JÉNÉRAL

**1.** Mistè Paskal Kris la, Égliz la sélébré-l fidèlman nan finéray pitit li yo, pou yo minm ki vi-n tounin yon sèl kò ak Kris la ki mouri épi ki résisité-a pa lintèmediè Batèm nan, ansanm avèk li yo travèsè pa lintèmediè lanmò-a al nan lavi-a, nan nanm-nan minm yo gin pou purifié épi pou yo pran yo nan sièl ansanm ak sin yo ak sa yo chouazi yo, nan kò-a minm y-ap tann kontantman éspérans tounin Kris la ap tounin-an épi réziréksion mò yo.

Sé pousa Égliz la ofri sakrifis ékaristik Pak Kris la pou défin yo, épi li vidé priyè ak siplikasion an favè yo pou, antan tout manb Kris la an kominion youn ak lòt, sa travay spirituèl kèk nan yo rivé jouinn, sa ofri lòt yo konsolasion éspérans la.

**2.** Krétyin yo toujou fè èfò déklaré éspérans lavi pou tout tan-an antan y-ap sélébré finéray frè yo, min yon fason ki montré yo pa ignoré ni néglijé mantalité ak konpòtman moun épòk yo-a ak réjion yo-a osijè défin yo. Donk soua si sa konsènè tradision fanmi yo, soua abitud zòn koté yo yé-a, soua osijè sosiété ki établi pou pran souin finéray yo, tout sa yo jouinn ki bon, yo aprouvé yo san problèm, tout sa minm yo t-a ouè ki kontrè ak Évanjil la, yo éséyé transfòmé yo yon fason pou finéray y-ap sélébré pou krétyin yo, montré lafoua paskal la épi démontré vrè éspri évanjélik la.

**3.** Antan yo rétiré éféktivman démonstrasion étalaj vanité, yo doué onoré kò fidèl défin yo ki té tanp Éspri Sin-an ; sé poutèt sa Égliz la ofri, sitou nan moman ki pi favorab yo ant lanmò-a ak antèman-an, okazion pou déklaré lafoua nan lavi pou tout tan-an épi li vidé priyè an favè défin yo.

Pami moman ki pi inpòtan yo, dapré koutim réjion yo, yo kapab sité sa yo : véyé yo fè nan kay défin-an, dépozé yo dépozé kò-a nan sèkèy la épi transpòté-l al nan tonm nan, antan yo mété anvan yon rasanbléman soua pròch paran yo, soua tout kominoté-a minm, si sa kapab fèt, pou kouté konsolasion éspérans la nan litiji paròl la, pou ofri sakrifis ékaristik la épi pou salué défin-an ansanm ak dènié orévoua-a.

**4.** Pou yo kapab konsidéré kondision tout réjion yo, yo propozé la-a Òrdo finéray yo pou adult yo antan yo distingé yo dapré toua tip :

a) prémié tip la prévoua toua stasion, sètadi nan kay défin-an, nan légliz-la épi nan simitiè-a ;

b) dézièm tip la konsidéré dé stasion sèlman, sètadi nan chapèl simitiè-a épi bò kot tonm nan ;

c) touazièm tip la gin yon sèl stasion sèlman, épi sa-a nan kay défin-an minm.

**5.** Prémié tip finéray yo sé minm nan dirèktéman ak sa-k té nan Rituèl Romin anvan-an. Tip sa-a dòdinè, sof ala kanpagn, li anbrasé toua stasion, sètadi nan kay défin-an, nan légliz-la épi nan simitiè-a, ak dé prosésion nan mitan. Min prosésion yo, sitou nan gran vil yo, oubyin yo pa sèvi ak yo souvan oubyin yo mouins konvnab pou divès rézon ; apré sa, poutèt kantité manb klèjé-a ki rédui épi distans simitiè yo parapò a légliz yo, pafoua pè yo pa kapab fè stasion nan kay la épi nan simitiè-a. Antan yo konsidéré sa, sé pou yo konséyé fidèl yo, an absans pè-a oubyin diak la, pou yo minm yo di priyé ak psòm yo abitué di yo ; si yo pa kapab fè sa, y-a siprimé stasion nan kay défin-an épi nan simitiè-a.

**6.** Daprè prémié tip sa-a, stasion nan légliz la anbrasé dòdinè sélébrasion Mès finéray yo, yo intèdi fè-l sèlman nan Tridiòm sakré-a, nan solanité yo épi nan dimanch Avan, Karèm épi Pak. Min, si rézon pastoral t-a konséyé sélébré finéray yo nan légliz la san Mès la (min yon lòt jou konvnab, lè sa kapab fèt, yo t-a doué sélébré-l), gin obligasion pou fè litiji paròl la, yon fason pou stasion nan légliz la toujou anbrasé litiji paròl sa-a, avèk oubyin san sakrifik ékaristik la, épi rit yo té rélé lontan « absolution » défin yo épi apré sa yo rélé-l « dènié rékòmandasion ak salutasion ».

**7.** Dézièm tip finéray yo anbrasé dé stasion sèlman, nan simitiè-a, sètadi nan chapèl simitiè-a, épi bò kot tonm nan. Yo pa prévoua sélébrasion ékaristik la nan tip finéray sa yo, min yo kapab fè-l antan kadav la absan, anvan oubyin apré finéray yo.

**8.** Rit finéray yo daprè touazièm tip la, antan yo gin pou sélébré-l nan kay défin-an, yo kapab konsidéré-l pétèt kòm initil nèt kèk koté, poutan yo ouè li nésésè nan anpil réjion. Antan yo gin anba jé yo divès sikonstans yo, yo pa délibéré osijè chak bagay yo. Poutan yo ouè li konvnab pou yo propozé sèlman kèk indikasion, yon fason pou minm nan ka sa-a tou yo kapab ginyin éléman komin avèk lòt tip yo, parégzanp nan litiji paròl la épi rit dènié rékòmandasion-an oubyin orévoua-a. Pou rès yo, Konfèrans Épiskopal yo kapab prévoua sa.

**9.** Lè y-ap préparé Rituèl patikilié yo dapré nouvo Rituèl Rominan, Konfèrans Épiskopal yo ap gin doua oubyin konsèvé toua tip finéray yo, soua chanjé lòd yo, soua pa mété youn ou lòt tip. Réyèlman sa kapab fèt pou nan kèk nasion yo t-a sèvi éksklizivman ak yon sèl tip, parégzanp premié tip la ak toua stasion yo, épi konsa yo kinbé-l antan yo pa mété lòt yo ; nan lòt nasion minm toulètoua t-a kapab nésèsè. Sé poua, antan Konfèrans Épiskopal la fè atansyon a nésésité patikilié, l-a prévoua sa yon fason konvnanb.

**10.** Apré Mès finéray yo gin rit dènié rékòmandasyon défin-an épi orévoua-a.

Min yo pa doué konprann rit sa-a kòm yon purifikasyon défin-an – sa ki fèt pito ak sakrifis ékaristik la – min li doué parèt kòm dènié salutation kominoté krétyin-an bay yon manb li ansanm, anvan yo poté kò-l alé oubyin antéré-l. Minm si réyèlman nan lanmò-a toujou gin yon séparasyon, poutan krétyin yo, kòm manb Kris la ki fè youn nan Kris la, minm lanmò-a li minm pap janm kapab séparé yo.<sup>1</sup>

Invitation pè-a introdui épi klarifié mòd rit sa-a ; apré kèk moman silans sé jès aspèsion-an ak ansansman-an ki suiv, épitou chan orévoua-a ki konpozé ak yon tèks ki konvnanb épi anbéli ak yon mélo-di ki adapté k-ap pèmèt non sèlman pou tout moun chanté-l, min tou pou tout moun santi li sé pouint tèt tout rit la.

Aspèsion-an tou ki fè sonjé déstinasyon pou lavi étènèl la pa lintèmédiè Batèm nan, épi ansansman-an ki onoré kò défin-an kòm tanp Ésprì Sin-an, yo kapab fè yo kòm jès orévoua.

Rit dènié rékòmandasyon-an ak orévoua-a y-ap ginyin-l sèlman nan aksyon finéray yo minm sètadi lè kadav la prézan.

**11.** Nan ninpòt sélébrasyon pou défin yo, ni pou finéray yo ni an jénéral, sé pou yo bay léktu paròl Bondié-a gran inpòtans nan rit la. Réyèlman sé yo minm k-ap proklamé mistè paskal la, k-ap poté éspérans y-ap rasanblé ansanm nan péyi roua Bondié-a, y-ap anségné respè lafoua-a aléga défin yo épi tanzantan y-ap ankourajé pou bay témouagnaj lavi krétyin-an.

**12.** Kòm nan ofis yo fè pou défin yo Égliz la gin rékou sitou nan priyé psòm yo pou éksprimé doulè-a épi ankourajé nan konfians la ak plis éfikasité, sé pou pastè yo véyé avèk souin pou yo kondui kominoté yo ak yon katéchèz ki adapté pou yo kapab konprann pi

<sup>1</sup> Cf. Simeon Thessalonic., *De ordine sepulturae* : P. G. 155, 685 B.

aklè épi pi afon kèk psòm omouin nan pami sa litiji finéray yo propozé a. Nan lòt chan yo minm, sa yo indiké pou sèvi avèk yo pi souvan nan rit la poutèt rézon pastoral, sé pou yo pran souin pou yo éksprimé ni « dousè ak lavi santiman Sint Ékritu yo »<sup>2</sup> ni souf inspirasion Litiji-a.

**13.** Kominoté krétyèn nan déklaré lafoua-l tou nan priyè yo, épi li intèsédé ak dévosion pou défin adult yo kapab jouin kontantman béatitud la kot Bondié, sa yo kouè timoun défin yo, ki tounin pitit adoptif pa lintèmediè Batèm nan, déja rivé ladan-l nan. Yo vidé priyè tou pou paran timoun sa yo tankou pou tout moun ki pròch défin yo, pou yo kapab résévoua konsolasion lafoua-a nan doulè yo-a.

**14.** Koté yo té abitué di Ofis défin yo soua nan finéray yo soua andéyò finéray yo poutèt yon règléman patikilié, oubyin yon fondasion, oubyin minm yon koutim, yo kapab konsévè Ofis sa-a, antan yo sélébré-l ak dignité épi respè lafoua-a. Min antan yo fè atansyon a lavi jodi-a épi kondision pastoral yo, nan plas Ofis défin yo, yo kapab fè yon véyé oubyin yon sélébrasion paròl Bondié-a (nn. 27-29).

**15.** Moun ki té chouazi pou yo fè krémasyon pròp kadav yo, yo kapab ba yo rit finéray krétyin yo, sof si gin prèv sé antan rézon ki kont lavi krétyin-an sèlman té pousé yo ki fè yo té chouazi sa, dapré sa yo établi pa lintèmediè Instriksion Sakré Kongrégasion S. Ofis la, jou 8 mé 1963, *osijè krémasyon kadav yo*, nn. 2-3.<sup>3</sup>

Sé pou yo sélébré finéray yo dapré tip yo sèvi avèk li nan réjion-an, min yon fason pou yo pa kaché Égliz la pito koutim pou antéré kò yo, jan Granmèt la li minm té vlé yo antéré-l la, épi antan yo évité danjé skandal oubyin sézisman bò koté fidèl yo.

Rit yo fè nan chapèl la oubyin bò kot tonm nan, nan ka sa-a yo kapab fè yo nan kay koté y-ap fè krémasyon-an ; plis toujou, si pa gin yon lòt koté ki adapté, yo kapab fè yo tou nan sal krémasyon-an minm, antan yo évité avèk prudans danjé skandal la oubyin indiférans rélijjié-a.

<sup>2</sup> Conc. Vat. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 24.

<sup>3</sup> Cf. A. A. S. 56 (1964) 822-823.

## FONKSION YO AK MINISTÈ YO ALÉGA DÉFIN YO

**16.** Nan sélébrasion finéray yo sé pou chak moun sonjé ministè ak fonksion yo ginyin-an, sa yo konfié tout moun ki fè pati pèp Bondié-a : sètadi paran yo oubyin pròch yo, moun k-ap travay nan òganizé finéray yo, kominoté krétièn nan li minm, anfin pè-a kòm édikatè lafoua-a épi minis konsolasion-an, k-ap prezidé aksion litijik la épi sélébré Ékaristi-a.

**17.** Sé pou tout lòt yo sonjé, min sitou pè yo, lè y-ap rékòmandé défin yo bay Bondié nan litiji finéray yo, fonksion yo toudabò sé rélvé éspérans moun ki prézan yo, épi réchofé lafoua nan mistè paskal la épi nan rézireksion mò yo, yon fason pou antan y-ap poté aféksion dévotion Égliz la ki Manman épi konsolasion lafoua-a, yo soulajé moun ki kouè yo, poutan san yo pa ofansé sa ki tris yo.

**18.** Nan préparasion ak òganizasion sélébrasion finéray yo, sé pou pè-a konsidéré ak jantiyès épi atansyon non sèlman pèsonalite chak défin ak sikonstans lanmò li, min tou douè moun lakay li ak sa yo bézouin pou lavi krétièn yo. An plis sé pou-l gin yon konsidérasyon spésial pou moun yo k-ap prézan nan sélébrasion litijik yo alokasion finéray yo oubyin k-ap kouté Évanjil la, soua si yo pa katolik, soua si yo katolik ki pa janm patisipé nan Ékaristi-a oubyin ki fè-l apèn, oubyin minm ki t-a sanblé yo pèdi lafoua : pou yo tout réyèlman pè yo sé minis Évanjil Kris la.

**19.** Éksépté Mès la sèlman, yon diak kapab fè finéray yo. Si nésésité pastoral égzijé sa, Konfèrans Épiskopal la, ak pèmision Sièj Apostolik la, kapab minm délégé yon layik pou sa.

Min lè pa gin pè oubyin diak, yo konséyé pou nan finéray premié tip la sé layik ki fè stasion yo nan kay défin-an ak nan simitiè-a, épitou an jénéral véyé pou défin-an.

**20.** Nan sélébrasion finéray yo, andéyò distinksyon ki dékoulé apati fonksion litijik la épi Lòd sakré-a, épi andéyò onè yo doué otorité sivil yo dapré règléman litijik yo, yo pa doué fè okinn préfèrans pou okinn moun dapré kondision sosyal yo nan sérémoni yo oubyin nan kòtèj ékstèn yo.<sup>4</sup>

<sup>4</sup> Cf. Conc. Vat. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 32.

## ADAPTASION KONFÉRANS ÉPISKOPAL YO DOUÉ PRAN SOUIN PRÉPARÉ

**21.** Sa korésponn a Konfèrans Épiskopal yo, an vètu Konstitisyon osijè Litiji sakré-a (art. 63 b), pou yo préparé tit nan Rituèl patikilié yo ki korésponn ak tit Rituèl Romin sa-a, antan yo adapté yo ak nésésité chak réjion, pou, aprè Sièj Apostolik la fi-n révizé désizyon yo, yo kapab sèvi ak yo nan réjion koté sa korésponn.

Poutèt sa, sé dévoua Konfèrans Épiskopal yo :

1) Pou yo défini adaptasion yo, anndan limit yo établi nan tit sa-a.

2) Pou yo konsidéré avèk souin épi prudans kisa yo kapab admèt yon fason konvnan apati tradisyon ak mantalité chak pèp yo ; yon fason pou lòt adaptasion yo éstimé ki itil oubyin nésésè yo, yo propozé yo bay Sièj Apostolik la, épi yo introdui yo avèk konsantman minm Sièj Apostolik sa-a.

3) Pou, si t-a ginyin, yo konsèvé oubyin yo adapaté kèk éléman pròp ki déja nan Rituèl patikilié yo osijè malad yo, nan mézi yo kapab alé avèk Konsititision osijè Litiji sakré-a oubyin nésésité aktuèl yo.

4) Pou yo préparé tradiksyon tèks yo, yon fason pou yo vrèman korésponn a karaktè diféran langaj yo épi mantalité kilti yo, antan yo ajouté, chak foua sa t-a nésésè, mélodi ki adapté pou chan-an.

5) Pou yo adapté avètisman jénéral ki nan Rituèl Romin-an épi konplété-l, yon fason pou minis yo byin konprann signifikasyon rit yo epi réalizé yo éféktivman.

6) Pou yo òdoné matiè-a nan édisyon liv litijik Konfèrans Épiskopal yo ap pran souin préparé yo, nan fason yo ouè ki pi adapté pou itilizasyon pastoral la, min yon fason pou yo pa kitè anyin akoté osijè matiè ki nan édisyon tipik sa-a.

Min si yo t-a ouè sa konvnan pou yo ajouté rubrik oubyin tèks, sé pou yo distingé yo ak yon sign konvnan oubyin yon karaktè tipografik parapò a rubrik épi tèks Rituèl Romin-an.

**22.** Nan préparé Rituèl patikilié pou finéray yo, sé dévoua Konfèrans Épiskopal yo :

1) Pou yo òganizé rit la dapré youn oubyin plizè tip, jan yo indiké pi ro-a, n. 9.



2) Nan plas fòmul yo propozé nan rit prinsipal la minm, si yo t-a ouè sa konvnab, pou yo mété nan plas yo sa-k nan chapit VI yo.

3) Chak foua Rituèl Romin-an prezanté pliziè fòmul o choua, yo kapab ajouté lòt fòmul tou ki nan minm fason-an (dapré règléman n. 21, 6).

4) Désidé si yo t-a doué délégé layik pou sélébré finéray yo (cf. pi ro-a, n. 19).

5) Dapré jan rézon pastoral t-a kapab konséyé sa, établi si yo t-a kapab pa fè aspèsion-an ak ansansman-an, oubyin pou yo t-a ranplasé yo ak yon lòt rit.

6) Établi koullé litijik pou finéray yo, ki adapté ak mantalite pèp yo, min tou ki pa ofansé doullè moun nan épi ki montré éspérans krétyin-an ki kléré ak limié paskal la.

### FONKSION MINIS LA NAN PRÉPARÉ ÉPI ÒGANISÉ SÉLÉBRASION-AN

**23.** Pè-a, apré-l fi-n konsidé déféran aspè ak divès sikonstans yo, épitou apré-l fi-n kouté sa fanmi-an ak kominoté-a t-a souété, li kapab sèvi libréman ak divès posibilite yo ofri nan rit la.

**24.** Yo dékri rit yo propozé pou ninpòt tip yon fason pou yo kapab fè-l ak sinplisité ; min yo ofri plis kantité tèks pou jan sa konvnab. Yon fason pou, parégzanp :

1) An jénéral yo kapab chanjé tèks yo youn ak lòt, antan kominoté-a oubyin fanmi-an ap édé pou sa, pou kapab gin plis vérité posib dapré sikonstans chak sélébrasion.

2) Yo détèminé kèk pati ki pa obligatoua, min si yo vlé yo kapab ajouté yo lè sa konvnab, tankou parégzanp priyé pou moun k-ap souffri yo nan kay défin-an.

3) Dapré tradision litijik la, yo bay plis libète nan chouazi tèks yo propozé pou prosésion yo.

4) Chak foua yon psòm kapab prezanté kèk difikilté pastoral poutèt rézon litijik la indiké sa oubyin konséyé sa, yo ajouté yon lòt yo kapab chouazi pou mété-l nan plas sa-k vi-n anv-an. Pi plis toujou, nan psòm yo yo kapab pa pran youn oubyin lòt vèsè ki t-a sanblé mouins adapté dapré aspè pastoral la.

5) Yo toujou prezanté tèks priyè yo o singilié, sètadi pou yon sèl défin : poutèt sa dapré chak ka sé pou yo adapté tèks la li minm soua dapré janr soua dapré kantité-a. Konsa, parégzanp, paròl ‘sèvitè-ou la’ kapab tounin, lè sa konv nab, ‘sèvant ou-a’ oubyin ‘sèvitè-ou yo’ oubyin ‘sèvant ou yo’, etc.

6) Nan priyè yo, fraz ki ant parantèz yo, yo kapab pa di yo.

**25.** Yon sélébrasion finéray ki adapté épi dign, tankou tout ministè pè-a aléga défin yo, sipozé yon vizion òganik sou mistè krétyin-an ak fonksion pastoral la.

Nan pami dèt, sé dévoua pè-a :

1) Pou-l prézan bò kot malad yo ak sa k-ap mouri yo, tankou yo indiké sa nan tit ki korésponn nan Rituèl Romin-an.

2) Transmèt katéchèz sou signifkasion lanmò krétyin-an.

3) Rékonfòté fanmi défin-an ak dousè, ba yo ankourajman nan kè séré doulè-a épi, nan mézi li kapab édé yo ak byinvéyans épitou préparé sélébrasion finéray yo ansanm avèk yo, antan yo sèvi ak posibilite yo prezanté oubyin yo pèmèt nan rit la minm.

4) Anfin òganizé litiji défin yo an akò ak tout lavi litijik parouas la épi ak ministè pastoral la.

## Chapit I

# VÉYÉ POU YON DÉFIN ÉPI PRIYÈ LÈ YO DÉPOZÉ KÒ-A NAN SÈKÈY LA

### Véyé oubyin sélébrasion paròl Bondié-a pou yon défin

**26.** Dapré abitud koté yo, kapab gin véyé oubyin sélébrasion paròl Bondié-a nan kay défin-an, anba konduit pè-a oubyin yon layik. Nan ka sa-a, stasion nan kay défin-an, yo palé nan nn. 32 ak sa-k suiv yo, yo kapab soté-l.

**27.** Sélébrasion yo palé pi ro-a, y-a ranjé-l yon fason konvnab nan fason sa-a : yo kite avètisman pou antré-a, yo kapab di psòm nan ak priyè-a, sa yo prezanté pi ba-a nn. 33-34 ; apré sa léktu nan sa-k indiké nn. 83-107, 128-144.

Apré léktu-a, pè-a kapab adrésé laparòl bay moun ki prézan yo.

Tout sélébrasion-an ap fini yon fason konvnab avèk priyè univèsèl oubyin priyè fidèl yo ak priyè Granmèt la, oubyin yon priyè ki adapté (cf. nn. 56, 167-169).

**28.** Kapab gin tou dòt léktu bibliik ki ékspimé sans lanmò krétyin-an épi ki bay ankourajman sou li, y-a mété chan ant yo, y-a pran chan yo sitou nan psòm yo oubyin nan ofis défin yo.

**29.** Sélébrasion paròl Bondié sa-a pou défin-an kapab fèt tou nan légliz la, yon lè ki konvnab, min pa osito anvan Mès défin yo, pou-l pa trò jinnin rit la, ni pou litiji paròl la pa parèt doublé.

### Priyè lè yo dépozé kò-a nan sèkèy la

**30.** Lè yo dépozé kò défin-an nan sèkèy la, yo kapab di :

oubyin Ps 129 Nan bafon yo, antan apré chak vèsè yo mété yon répons, **parégzanp** Mouin rélé koté-ou, Granmèt, oubyin Nanm mouin éspéré nan Granmèt la (nn. 162-163).

oubyin Ps 22 Granmèt la ap kondui-m, avèk répons Sonjé-m, Granmèt, nan péyi roua-ou la (n. 145).

oubyin Ps 113, 1-20 Lè Israël soti Éjip, avèk répons Sé pou Kris la résévoua-ou nan paradi-a (n. 152).

oubyin yon lòt psòm ki adapté, antan yo ajouté yon répons konvnab ; oubyin invokasion bibliik ; oubyin léktu kout :

Kolosyin 3, 3-4

**Sèké nou mouri, lavi nou kaché avèk Kris la nan Bondié. Lè Kris la ap parèt, li minm ki lavi nou, lè sa-a nou minm tou n-ap parèt ansanm avèk li nan gloua-a.**

oubyin

Romin 6, 8-9

**Konsa si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv tou ansanm avèk Kris la antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap janm mouri, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò.**

oubyin

2 Korintyin 4, 14

**Nou konnnin sa-a ki té résisité Jézu-a, l-ap résisité nou avèk Jézu.**

oubyin dòt ki konvnab yo kapab chouazi.

*Apré sa priyè-a suiv.*

**An nou lapriyè.**

**Résévoua nanm sèvitè-ou la **N.**, Granmèt, li minm ou aksépté rélé sot nan sièk sa-a vi-n jouinn ou pou, antan-l dégajé sot anba tout chinn péché yo, kontantman lapè-a ak limiè tout tan-an posédé-l, épi nan pami sin ou yo ak sa ou chouazi yo li mérité lévé nan gloua réziréksion-an. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

**R: Amèn.**

*Dòt priyè yo kapab chouazi, nn. 167-169.*

**31.** Koté sé lakoutim, yo kapab òganizé priyè-a minm fason lè kò défin-an ékspozé oubyin lè yo manifésté dòt mòd piété aléga li.

## Chapit II

### PRÉMIÉ TIP FINÉRAY SA VLÉ DI AVÈK STASION NAN KAY DÉFIN-AN NAN LÉGLIZ LA AK NAN SIMITIÈ-A

#### Prémié stasion : Nan kay défin-an

32. Pè-a, abiyé avèk ob oubyin surpli avèk étòl koulè antèman, avèk an plis, si-l vlé, chap la minm koulè, avèk minis yo k-ap poté koua-a ak dlo bénit la l-alé kay défin-an. Sé pou yo fè atansion kan minm osijè kondision spésial koté-a sitou si sé nan lopital la ékspozision-an fèt.

33. Antan-l antré nan kay la, pè-a salué moun yo ki la-a avèk jantiyès antan li manifésté yo konsolasion lafoua antan li ajouté kèk paròl ki soti nan Bib la, parégzanp :

Matié 11,28

**Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap pran fatig, k-ap rédi anba gro chaj, m-ap réfè fòs nou.**

oubyin :

Éklézias 2,6

**Kouè nan Bondié, l-ap réprann ou ; dirijé rout ou avèk éspérans ou nan li ; kinbé krint li épi viéyi nan li.**

oubyin :

2 Korintyin 1, 3-4

**Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, Papa mizérikòd yo ak Bondié tout konsolasion-an, li minm ki konsolé nou nan tout tray nou.**

Apré sa, si sé abitud, li aspèjé kò-a.

Apré sa, sèlon nésésité li di :

oubyin Ps 129 Nan bafon yo m-ap rélé koté-ou, Granmèt, antan yo ajouté yon répons apré chak vèsè, parégzanp Mouin rélé koté-ou Granmèt, oubyin Nanm mouin espéré nan Granmèt la (nn. 162-163).

oubyin Ps 22 Granmèt la ap kondui-m, avèk répons Sonjé-m Granmèt nan péyi koté ou roua-a (n. 145).

oubyin Ps 113, 1-20 Lè Israèl té soti Éjip, avèk répons Sé pou Kris la résévoua-ou nan paradi-a (n. 152).

oubyin yon lòt psòm ki adapté avèk yon répons konv nab yo ajouté oubyin invokasion bibliik.

Apré sa li ajouté :

**Ÿ.** Granmèt la avèk nou tout.

**R:** É avèk ou minm tou.

An nou lapriyè

Panché zòrèy ou Granmèt sou priyè nou yo  
koté n-ap mandé mizérikòd ou-a antan n-ap sipliyé  
pou nanm sèvitè-ou la **N.** ou kòmandé pou-l kité sièk tan sa-a,  
ou instalé-l nan réjion lapè ak limiè-a  
épi ou pasé lòd pou-l gin minm déstiné avèk Sin-ou yo.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

**R:** Amèn.

Dòt priyè yo kapab chouazi, n. 169.

34. Priyè sa-a yo fè pou défin-an yo kapab ajouté apré-l oubyin mété anvan-l priyè ki vi-n apré-a pou moun ki nan lapinn yo.

An nou lapriyè

Papa mizérikòd yo ak Bondié tout konsolasion-an  
ou minm k-ap rapousuiv nou avèk amou  
ki la dépi tout tan é pou tout tan-an  
ou minm ki chanjé lonbraj lanmò nan dévanjou lavi,  
tanpri voyé jé-ou sou sèvitè-ou yo k-ap plinn nan tribilasion.

(Sé pou sèvi nou kachèt avèk fòs, Granmèt,  
pou apati ténèb doulè sa-a avèk lapinn sa-a  
ou lévé nou nan limiè ak lapè prézans ou-a).

Épi paské Pitit ou-a Granmèt nou-an,  
té détoui lanmò nou-an antan-l mouri  
épi li té réparé lavi-a antan-l résisité  
fè nou favè tanpri pou nou kouri al jouinn li konsa  
pou apré déroulman lavi k-ap mouri-a  
yo kondui nou yon lè avèk frè nou yo  
koté yo suiyé tout dlo sot nan jé.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

**R:** Amèn.

Dòt priyè yo kapab chouazi, n. 169.

## Prosésion pou al légliz la

**35.** Si lè y-ap transpòté défin-an pou al légliz la yo fè-l avèk prosésion, y-a ranjé-l dapré abitud koté yo antan minis la pran dévan avèk koua-a, pè-a dévan sèkèy la.

Pandan tan sa-a yo kapab chanté :

**Ps 114** Mouin té rinmin paské Granmèt la té kouté (n. 154).

**Ps 115** Mouin gin konfians minm lè-m di, avèk réfrin Sé pou group anj yo résévoua-ou épi nan vant Abraam sé pou yo poté-ou pou ansanm avèk Lazar pòv lontan-an ou jouinn répo tout tan-an (n. 153).

**oubyin avèk réfrin** Mouin tandé yon voua nan sièl la k-ap di Ala kontantman pou mò yo ki mouri nan Granmèt la (n. 154).

**Ps 50** Pitié pou mouin Bondié, avèk réfrin Ba li répo tout tan-an Granmèt épi sé pou limiè k-ap diré tout tan-an kléré li (n. 148).

**oubyin réfrin** Nanm nan ou té pran sot nan kò-a, Granmèt, fè-l joui ansanm avèk sin yo nan gloua-a (n. 149).

**oubyin réfrin** Y-ap fété, Granmèt, zo yo ki té rabésé yo (n. 150).

**Ps 120** M-ap lévé jé-m nan mòn yo (n. 158).

**Ps 121** Mouin kontan nan sa yo di-m nan (n. 159).

**Ps 122** Koté ou mouin lévé jé mouin (n. 160).

**Ps 135** Lè Granmèt la té fè prizonié Siyon yo tounin (n. 161).

**Ps 131** Sonjé David, Granmèt (n. 164).

**Ps 133** Gadé, fè konpliman pou Granmèt la (n. 165).

Yo kapab sèvi tou avèk chan ki adapté oubyin dòt priyè yo abitudé fè.

**36.** Si pa gin stasion nan kay défin-an, pè-a alé nan pòt légliz la épi li salué moun yo ki la-a avèk bon jan, li aspèjé kò-a si sé abitud épi sèlon bézouin li di yon priyè oubyin pliziè priyè tankou pi ro-a nan kay défin-an.

## Dézièm stasion : Nan légliz la

**37.** Lè yo antré nan légliz la épi nan kòmansman Mès la, sèlon abitud ap ginyin yon sèl chan dapré règ yo bay nan Institisyon jénéral sou Mès la, sèlman si rézon pastoral spésial mandé dé chan, yo kapab anplouayé youn yo pran nan répons yo yo jouinn pi ba-a, nn. 47, 187-191.

**38.** Sèlon bézouin y-a kinbé abitud plasé défin-an nan pozision li konn ginyin nan asanblé litijik la, sètadi fidèl la fas nan diréksion lotèl la, minis sakré yo minm fas nan diréksion pèp la.

Anlè sèkèy la yo kapab mété Évanjil la oubyin yon liv Ékritu Sint oubyin yon koua. Yo pa doué mété yon lòt koua toupré sèkèy la si koua lotèl la yo kapab ouè-l byin nan légliz la. Alantou sèkèy la yo kapab plasé kèk chandèl ki limin, épitou yo kapab plasé Sièrj Paskal la sèlman bò kot tèt défin-an.

## Mès

**39.** Apré rit pou kòmansé-a, yo sélébré litiji paròl la koté yo kapab ginyin toua léktu : Prémie-a sot nan Ansyin Téstaman-an.

Si yo vlé yon rit pi rich nan Mès défin yo, yo kapab chanté Psòm sa yo yo propozé pou divès pati Mès la nan Graduèl Romin-an oubyin nan Graduèl sinp la.

**40.** Si yo sèvi avèk Graduèl sinp la, yo kapab soté chan Alélouya-a antan rézon pastoral la konséyé sa.

**41.** Apré Évanjil la, yo fè yon oméli tou kout, sèlman sé pa nan jan èlòj funèb.

**42.** Apré oméli-a yo fè priyè univèsèl oubyin priyè fidèl yo.

**43.** Koté sé abitud, prosésion fidèl yo pou ofètoua-a nan Mès finéray yo kapab kinbé-l a kondision li fini anndan limit ofètoua-a épi fidèl yo jouinn ansègnman sou sans ékaristik li.

**44.** Yo rékòmandé pou fidèl yo, spésialman sa ki nan fanmi défin-an, yo patisipé nan ofrann sakrifis ékaristik pou défin-an antan yo fè sint kominion-an.

**45.** Si litiji paròl la yo sélébré-l san sakrifis ékaristik la, apré chan pou antré-a yo fè salutation pèp la avèk priyè-a sof si pou rézon pastoral ki ajouté yo t-a ouè kèk avètisman tou kout pi adapté.

Litiji paròl la vini apré. Kapab ginyin toua léktu ; nan yo prémie-a ap sot nan Ansyin Téstaman. Apré Évanjil la y-a fè yon oméli tou kout, sèlman san



yo pa tonbé nan jan éldj funèb. Si poutan rézon pastoral ki ajouté égzijé sa, kapab gin sèlman yon léktu, oméli-a suiv li.

Apré oméli-a yo fè priyè univèsèl la, sa vlé di priyè fidèl yo, l-a fini soua avèk priyè pè-a soua avèk priyè Granmèt la tout moun résité.

## Dènié rékòmandasion épi orévoua

46. Lè yo fi-n di priyè apré kominion-an oubyin, si yo pa sélébré sakrifis ékaristik la, apré litiji paròl la fini, pè-a, abiyé ak chazub la oubyin avèk chap la, pasé nan rit dènié rékòmandasion-an avèk orévoua-a.

Antan-l kanpé toupré sèkèy la, fas li bay nan diréksion pèp la, li gin bò koté-l minis yo avèk dlo bènité épi ansan, li fè invitasion-an avèk paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé avèk yo :

**Antan n-ap akonpli, kòm dòdinè, sèvis nou doué fè  
pou antéré kò moun fidèl yo,  
n-ap priyé Bondié, li minm tout bagay ap viv  
avèk fidèlité pou li-a,  
pou kò frè nou sa-a,  
nou gin pou nou antéré nan féblès la,  
li résisité nan puisans avèk ran sin yo,  
épi li kòmandé pou nanm li antré nan group sin yo ak fidèl yo.  
Sé pou-l ba-l mizérikòd nan jijman-an  
pou, antan li rachté sot nan lanmò-a, li libéré anba dèt yo,  
li rékonsilié ak Papa-a, yo poté-l sou zépòl bon Pastè-a,  
li mérité joui kontantman tout tan  
épi asanblé sin yo nan konpagni Roua ki égzisté tout tan-an.**

Dòt invitasion yo kapab chouazi, nn. 183-186.

Épi tout moun pandan yon ti tan y-ap priyé.

Konfèrans Épiskopal la kapab pèmèt pou, dapré abitud koté-a, apré poz silans la, pròch paran défin-an ajouté kèk paròl salutasion.

47. Apré sa yo fè aspèsion-an avèk ansansman kò-a, yo kapab fè-l tou apré chan orévoua-a :

**R.** Vini, Sin Bondié yo, al rankontré-l, Anj Granmèt la, antan nou résévoua nanm li : \* antan nou ofri-l nan fas Sa-a ki anro nèt la.

**Y.** Sé pou Kris la résévoua-ou, li minm ki té rélé-ou la, épi nan léstomak Abraam sé pou Anj yo minnin-ou.

– Antan nou résévoua nanm li, \* antan nou ofri-l nan fas Sa-a ki anro nèt la.

**R.** Ba li répo tout tan-an, Granmèt :  
épi sé pou limiè k-ap diré tout tan-an kléré-l.  
\* Antan nou ofri-l nan fas Sa-a ki anro nèt la.

Dòt répons yo kapab chouazi nn. 187-191, oubyin dòt chan. Sèlman si pa kapab gin okinn chan, yo konsyéé pou tout moun ansanm priyé pou défin-an : parérganp omouin kèk invokasion.

48. **Apré sa pè-a di priyé-a :**

Nan min-ou, Papa ki bon anpil,  
nou rinmèt nanm frè nou-an,  
antan nou ginyin éspérans sètin  
li gin pou-l résisité avèk Kris la nan dènié jou-a  
tankou tout moun ki mouri nan Kris la.  
(N-ap di ou mési,  
pou tout byinfè, ou tèlman konblé sèvitè-ou la  
nan lavi sa-a k-ap mouri-a,  
yo sèvi pou nou kòm sign ki fè nou ouè jan-ou bon  
épi kijan sin yo fè yon sèl nan kontantman Kris la).  
Konsa, Granmèt, louvri zòrèy mizérikòd ou-a  
nan priyé nou yo,  
pou pòt paradi yo ou louvri yo pou sèvitè-ou la,  
épi ata nou minm tou ki rété-a,  
nou youn konsolé lòt nan paròl lafoua-a  
(joutan nou tout nou rankontré nan Kris la,  
épi konsa nou kapab rété tout tan avèk ou épi avèk frè nou-an).  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an. **R.** Amèn.

Dòt priyé yo kapab chouazi, n. 192.

49. Lè yo fi-n di priyè-a, pandan y-ap potè kò-a, yo kapab chanté réfrin yo indiké nan niméro ki suiv la.

50. Min si pè-a avèk asanblé finéray la ap alé ansanm nan simitiè-a, yo kapab fè dènié rékòmandasyon-an avèk orévoua-a bò tonm nan minm. Nan ka sa-a, lè yo fi-n di priyè aprè kominion-an oubyin, si yo pa sélébré litiji ékaristik la, aprè litiji paròl la fini, yo potè kò-a, pandan tan sa-a yo kapab di youn ou lòt nan réfrin sa yo :

**Nan paradi-a sé pou Anj yo kondui-ou : lè-ou rivé sé pou Mati yo résévoua-ou épi sé pou yo kondui-ou nan vil sin-an Jérusalèm.**

Dòt réfrin :

**Sé pou group Anj yo résévoua-ou épi avèk Lazar pòv lontan-an sé pou jouinn répo k-ap diré tout tan-an.**

Dòt réfrin, n. 166.

Apré réfrin sa yo, yo kapab chanté vèsè Psòm oubyin kouplè chan ki adapté.

51. Si pè-a pa kapab akonpagné finéray la nan simitiè-a, priyè yo ki suiv la layik yo minm kapab di yo dapré avantaj oubyin nésésité pastoral.

## Prosésion pou al nan simitiè-a

52. Nan prosésion pou al nan simitiè-a yo kapab chanté :

Ps 117 Fè louanj Granmèt la poutèt li bon, avèk réfrin Louvri pòt jistis yo pou mouin, m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la (n. 155).

Ps 41 Tankou yon sèrf anvè sous dlo yo, avèk réfrin M-ap antré nan plas tant ki mérité yo kontanplé-l la jous nan kay Bondié-a (n. 147).

Ps 92 Granmèt la roua, avèk réfrin Avèk tè ou té fòmé-m, avèk chè ou té abiyé-m, Rédanmètè mouin, Granmèt, résisité-m nan dènié jou-a (n. 151).

Ps 24 Sé koté-ou Granmèt mouin lévé nanm mouin, avèk réfrin Gadé Granmèt rabésman-m ak fatif mouin. Padonnin tout péché-m yo (n. 146).

oubyin yon pati nan Ps 118 Ala kontantman pou sa ki san tach nan chémin-an (n. 157).

**Touazièm stasion : Bò tonm nan**

53. Si tonm nan pa béni sé pou yo béni-l anvan yo dépozé kò-a anndan-l :

**An nou lapriyè.**

**Granmèt Jézu-Kri,**

**ou minm ki, antan-ou té répozé pandan toua jou nan tonbo-a,**

**ou té fè tonm tout moun ki kouè nan ou yo vi-n sin**

**atèl pouin pandan yo t-ap sèvi pou antéré kò yo**

**yo té fè éspérans réziréksion-an minm grandi,**

**fè nou favè tanpri, pou nan tonm sa-a**

**sèvitè-ou la répozé antan l-ap dòmi anpè**

**joustan ou kléré-l antan-ou résisité-l,**

**ou minm ki réziréksion-an avèk lavi-a**

**pou nan limiè fas ou-a**

**li ouè nan sièl la limiè ki égzisté tout tan-an.**

**Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan**

**R: Amèn.**

Dòt priyè yo kapab chouazi, nn. 193-195.

Lè-l fi-n di priyè-a, pè-a, si sé abitud, aspèjé ni tonm nan ni kò défin-an épi apré sa li ansansé yo, sof si sa gin pou-l fèt anndan rit dènié rékòmandasion-an.

54. Si pè-a avèk asanblé finéray la alé ansanm nan simitiè-a, dènié rékòmandasion-an avèk orévoua-a kapab fèt bò tonm nan minm dapré dispozision ki pi ro-a, nn. 46-48. Nan ka sa-a antèman-an fini avèk rit orévoua-a li minm minm.

55. Yo mété kò-a nan tonm nan oubyin tousuit oubyin nan finisman rit la dapré abitud koté yo. Pandan y-ap mété kò-a nan tonbo-a oubyin nan yon lòt moman konv nab, pè-a kapab di :

**Paské sa té fè Bondié ki gin tout pouvoua-a plézi**

**pou-l rélé frè nou-an sot nan lavi sa-a al jouinn li,**

**nou rimmèt kò li bay tè-a,**

**pou-l tounin koté li soti-a.**

**Mìn puiské Kris la té résisité, Prèmié Pitit, sot nan pami mò yo,**

**li minm k-ap transfòmé kò mizè nou-an**

antan-l fè-l vi-n sanblé avèk kò klèté-l la,  
nou rékòmandé frè nou-an bay Granmèt la,  
pou-l pran-l nan lapè li-a  
épi pou-l résisité kò li-a nan dènié jou-a.

56. Apré sa, pè-a kapab di priyè fidèl yo ki suiv la, oubyin yon lòt ki sanblé ak li soua toutantié soua an pati :

Pou frè nou-an, an nou priyé Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té di : « Mouin sé réziréksion-an ak lavi-a : moun ki kouè nan mouin, minm si-l té mouri, l-ap viv, épi tout moun k-ap viv épi ki kouè nan mouin li pap janm mouri ».

Ou minm ki kriyé sou Lazar ki té mouri-a, tanpri aksépté séché dlo k-ap koulé sot nan jé nou,

**R:** N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Ou minm ki révéyé mò yo pou lavi, tanpri aksépté bay frè nou-an tou lavi ki pap janm fini-an,

**R:** N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Ou minm ki té promèt paradi-a bay laron-an ki té répanti-a, tanpri aksépté kondui frè nou sa-a nan sièl la,

**R:** N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Frè nou-an ki té lavé ak dlo batèm nan épi ki té maké avèk onksion sakré-a, tanpri aksépté mété-l nan pami sin yo avèk sa-ou chouazi yo,

**R:** N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Frè nou-an ki té nourri nan résépsion sakré Kò ak San-ou nan, tanpri aksépté résévoua-l sou tab péyi roua-ou la,

**R:** N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Nou minm ki gin lapinn antan n-ap sonjé frè nou-an, tanpri aksépté ankourajé nou avèk konsolasion lafoua-a épi éspérans lavi tout tan-an,

**R:** N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Apré sa oubyin tout moun ansanm résité Priyé Granmèt la oubyin pè-a di priyè ki suiv la :

**Tanpri, Granmèt,  
fè mizèrikòd sa-a avèk sèvitè-ou défin-an  
pou li pa résévoua dapré sa-l té fè yo nan chatiman,  
li minm ki té vlé kinbé volonté-ou,  
pou minm jan vré lafoua té mété-l nou foul fidèl yo bò isit,  
konsa tou sé pou padon-ou nan asosié-l ak group anj yo lòt bò-a.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

**R.** Amèn

Dòt priyè yo kapab chouazi, nn. 196-199.

**V.** Ba li répo tout tan-an, Granmèt.

**R.** Sé pou limiè k-ap diré tout tan-an kléré-l.

57. Alafin tout rit la kapab gin yon chan dapré abitud koté yo.

POU RÉSÉVOUA KÒ DÉFIN-AN NAN LÉGLIZ LA  
LÈ LITIJI FINÉRAY LA PA FÈT TOUSUIT

58. Lè yo poté kò défin-an nan légliz la kèk tan anvan litiji finéray la sélébré, yo kapab dispozé rit la nan fason sa-a :

Pè-a résévoua kò-a nan pòt légliz la avèk aspèsion épi priyè sa yo palé nan n. 33.

Apré sa, pandan y-ap poté kò-a nan légliz la yo kapab chanté youn nan réfrin yo, sa yo palé nan nn. 187-191.

Apré sa, yo li Jan 14, 1-6 (n. 143), oubyin dòt pasaj nan sa yo propozé pi ba-a, nn. 83-107, 128-144.

Apré léktu-a yo di Psòm nan, nan sa yo indiké anro yo, n. 35, oubyin priyè fidèl yo, fòm kout.

Tout rit la fini avèk Priyè Granmèt la.

Apré sa yo répozé kò-a nan chapèl la ki préparé pou sa.

### Chapit III

## DÉZIÈM TIP FINÉRAY SA VLÉ DI AVÈK STASION NAN CHAPÈL SIMITIÈ-A ÉPI NAN TONM NAN

**59.** Tip finéray sa-a pa prévoua gin Mès nan finéray la minm ; sèlman yo sélébré-l nan tan konvnab, antan kadav la absan, soua anvan soua apré finéray la. Si poutan Ôdinè koté-a jijé sa konvnab akoz bagay spésial ki ajouté, yo kapab sélébré Mès finéray la ata nan kay défin-an minm.

### Prémié stasion : Nan chapèl simitiè-a

**60.** Pè-a, abiyé an blan oubyin avèk surpli épi étòl koulè finéray la, li kapab ajouté, si-l vlé, chap minm koulè-a, avèk minis yo li avansé bò sèkèy la, koté moun yo ki akonpagné kò défin-an ap tann nan, li salué moun yo ki la-a avèk bon jan, antan l-ap montré yo konsolasion lafoua-a.

**61.** Apré sa yo chanté youn nan réfrin yo indiké nan nn. 47 épi 187-191, oubyin yon lòt chan adapté.

### Litiji paròl la

**62.** Apré sa yo li Jn 14,1-6 (n. 143), oubyin yon lòt pasaj nan sa yo indiké nan nn. 128-144.

**63.** Si sikonstans yo konsyéé sa, anvan Évanjil la yo li Épit la oubyin yon léktu ki sot nan Ansyin Téstaman nan sa ki nan nn. 83-107. Nan ka sa-a ant léktu yo yo li oubyin yo chanté avèk réfrin-l youn nan psòm yo yo indiké pi ro-a n. 33.

**64.** Apré léktu-a (oubyin léktu yo), yo fè yon oméli tou kout, si pa ginyin nan tonm nan.

### Dènié rékòmandasion épi orévoua

**65.** Apré sa sé rit dènié rékòmandasion-an avèk orévoua-a, tankou pi ro-a, nn. 46-48, sof si yo fè-l bò tonm nan minm.

Antan pè-a kanpé bò sèkèy la, fas li bay nan dirèksion pèp la, li gin minis yo bò koté-l avèk dlo bènité épi ansan, li fè invitasion-an avèk paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé avèk yo :

**Antan n-ap akonpli, kòm dòdinè, sèvis nou doué fè  
pou antéré kò moun fidèl yo,  
n-ap priyé Bondié,  
li minm tout bagay ap viv avèk fidèlité pou li-a,  
pou kò frè nou sa-a,  
nou gin pou nou antéré nan féblès la,  
li résisité nan puisans avèk ran sin yo,  
épi li kòmandé pou nanm li antré nan group sin yo ak fidèl yo.  
Sé pou-l ba-l mizérikòd nan jijman-an  
pou, antan li rachté sot nan lanmò-a, li libéré anba dèt yo,  
li rékonsilié ak Papa-a, yo poté-l sou zépòl bon Pastè-a,  
li mérité joui kontantman tout tan  
épi asanblé sin yo nan konpagni Roua ki égzisté tout tan-an.**

Dèt invitasion yo kapab chouazi, nn. 183-186.

Épi tout moun pandan yon ti tan y-ap priyé.

Konfèrans Épiskopal la kapab pèmèt pou, dapré abitud koté-a, apré poz silans la, pròch paran défin-an ajouté kèk paròl salutasion.

66. Apré sa yo fè aspèsion-an avèk ansansman kò-a, yo kapab fè-l tou apré chan orévoua-a :

**R. Vini, Sin Bondié yo, al rankontré-l, Anj Granmèt la,  
antan nou résévoua nanm li : \* antan nou ofri-l nan fas Sa-a ki  
anro nèt la.**

**V. Sé pou Kris la résévoua-ou, li minm ki té rélé-ou la,  
épi nan léstomak Abraam sé pou Anj yo minnin-ou.**

– Antan nou résévoua nanm li, \* antan nou ofri-l nan fas Sa-a ki  
anro nèt la.

**R. Ba li répo tout tan-an, Granmèt :  
épi sé pou limiè k-ap diré tout tan-an kléré-l.  
\* Antan nou ofri-l nan fas Sa-a ki anro nèt la.**



Dòt répons yo kapab chouazi nn. 187-191, oubyin dòt chan. Sèlman si pa kapab gin okinn chan, yo konséyé pou tout moun ansanm priyé pou défin-an : parézanp omouin kèk invokasion.

67. **Apré sa pè-a di priyé-a :**

**Nan min-ou, Papa ki bon anpil,  
nou rimmèt nanm frè nou-an,  
antan nou ginyin éspérans sètin  
li gin pou-l résisité avèk Kris la nan dènié jou-a  
tankou tout moun ki mouri nan Kris la.  
(N-ap di ou mési,  
pou tout byinfè, ou tèlman konblé sèvitè-ou la  
nan lavi sa-a k-ap mouri-a,  
yo sèvi pou nou kòm sign ki fè nou ouè jan-ou bon  
épi kijan sin yo fè yon sèl nan kontantman Kris la).  
Konsa, Granmèt, louvri zòrèy mizérikòd ou-a  
nan priyé nou yo,  
pou pòt paradi yo ou louvri yo pou sèvitè-ou la,  
épi ata nou minm tou ki rété-a,  
nou youn konsolé lòt nan paròl lafoua-a  
(joustan nou tout nou rankontré nan Kris la,  
épi konsa nou kapab rété tout tan avèk ou épi avèk frè nou-an).  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an. **R.** Amèn.**

Dòt priyé yo kapab chouazi, n. 192.

68. **Si rit dènié rékòmandasion-an avèk orévoua-a fèt bò tonm nan, nan finisman litiji paròl la, pè-a kapab di priyé fidèl yo yo propozé nan n. 75 la.**

69. **Apré priyé-a, oubyin apré finisman priyé fidèl yo, pandan y-ap poté kò-a, yo kapab chanté réfrin yo ki suiv yo :**

**Nan paradi-a sé pou Anj yo kondui-ou : lè-ou rivé sé pou Mati yo réservoua-ou épi sé pou yo kondui-ou nan vil sin-an Jérusalèm.**

**Dòt réfrin :**

**Sé pou group Anj yo réservoua-ou épi avèk Lazar pòv lontan-an sé pou jouinn répo k-ap diré tout tan-an.**

Dòt réfrin, n. 166.

Apré réfrin sa yo, yo kapab chanté vèsè Psòm oubyin kouplè chan ki adapté.

## Prosésion pou al nan tonm nan

**70.** Nan prosésion pou al nan tonm nan yo kapab chanté :

**Ps 117** Fè louanj Granmèt la, poutèt li bon, **avèk réfrin** Louvri pòt jistis yo pou mouin, m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la (n. 155).

**Ps 41** Tankou yon sèrf anvè sous dlo yo, **avèk réfrin** M-ap antré nan plas tant ki mérité yo kontanplé-l la jous nan kay Bondié-a (n. 147).

**Ps 92** Granmèt la roua, **avèk réfrin** Avèk tè ou té fòmé-m, avèk chè ou té abiyé-m, Rédanmèt mouin, Granmèt, résisité-m nan dènié jou-a (n. 151).

**Ps 24** Sé koté-ou Granmèt mouin lévé nanm mouin, **avèk réfrin** Gadé Granmèt rabésman-m ak fatig mouin. Padonnin tout péché-m yo (n. 146).

**oubyin yon pati nan Ps 118** Ala kontantman pou sa ki san tach nan chémin-an (n. 157).

## Dézièm stasion : Bò tonm nan

**71.** Si tonm nan pa béni sé pou yo béni-l anvan yo dépozé kò-a anndan-l :

**An nou lapriyè.**

**Granmèt Jézu-Kri,**

**ou minm ki, antan-ou té répozé pandan toua jou nan tonbo-a,**

**ou té fè tonm tout moun ki kouè nan ou yo vi-n sin**

**atèl pouin pandan yo t-ap sèvi pou antéré kò yo**

**yo té fè éspérans réziréksion-an minm grandi,**

**fè nou favè tanpri, pou nan tonm sa-a**

**sèvitè-ou la répozé antan l-ap dòmi anpè**

**joustan ou kléré-l antan-ou résisité-l,**

**ou minm ki réziréksion-an avèk lavi-a**

**pou nan limiè fas ou-a**

**li ouè nan sièl la limiè ki égzisté tout tan-an.**

**Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan**

**R: Amèn.**

Dòt priyè yo kapab chouazi, nn. 193-195.

Lè-l fi-n di priyè-a, pè-a, si sé abitud, aspèjé ni tonm nan ni kò défin-an épi apré sa li ansansé yo, sof si sa gin pou-l fèt anndan rit dènié rékòmandasion-an.

72. Yo mété kò-a nan tonm nan oubyin tousuit oubyin nan finisman rit la dapré abitud koté yo. Pandan y-ap mété kò-a nan tonbo-a oubyin nan yon lòt moman konv nab, pè-a kapab di :

**Paské sa té fè Bondié ki gin tout pouvoua-a plézi pou-l rélé frè nou-an sot nan lavi sa-a al jouinn li, nou rinnèt kò li bay tè-a, pou-l tounin koté li soti-a.**

**Min puiské Kris la té résisité, Prémie Ptit, sot nan pami mò yo, li minm k-ap transfòmé kò mizè nou-an antan-l fè-l vi-n sanblé avèk kò klété-l la, nou rékòmandé frè nou-an bay Granmèt la, pou-l pran-l nan lapè li-a épi pou-l résisité kò li-a nan dènié jou-a.**

73. Si yo gin pou fè prèch la bò tonm nan, sé lè sa-a yo fè-l.

74. Si yo fè dènié rékòmandasion-an tou avèk orévoua-a bò tonm nan, yo mété-l nan plas ki suiv priyé fidèl yo, n. 75. Nan ka sa-a, avèk rit dènié rékòmandasion-an ak orévoua-a, ki propozé nan nn. 65-67 la, finéray yo fini.

75. Apré sa, pè-a kapab di priyé fidèl yo ki suiv la, oubyin yon lòt ki sanblé ak li soua toutantié soua an pati :

**Pou frè nou-an, an nou priyé Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té di : « Mouin sé réziréksion-an ak lavi-a : moun ki kouè nan mouin, minm si-l té mouri, l-ap viv, épi tout moun k-ap viv épi ki kouè nan mouin li pap janm mouri ».**

**Ou minm ki kriyé sou Lazar ki té mouri-a, tanpri aksépté séché dlo k-ap koulé sot nan jé nou,**

**R: N-ap lapriyé-ou, kouté nou.**

**Ou minm ki révéyé mò yo pou lavi, tanpri aksépté bay frè nou-an tou lavi ki pap janm fini-an,**

**R: N-ap lapriyé-ou, kouté nou.**

**Ou minm ki té promèt paradi-a bay laron-an ki té répanti-a, tanpri aksépté kondui frè nou sa-a nan sièl la,**

**R: N-ap lapriyé-ou, kouté nou.**

Frè nou-an ki té lavé ak dlo batèm nan épi ki té maké avèk onksion sakré-a, tanpri aksépté mété-l nan pami sin yo avèk sa-ou chouazi yo,

**R:** N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Frè nou-an ki té nourri nan résépsion sakré Kò ak San-ou nan, tanpri aksépté résévoua-l sou tab péyi roua-ou la,

**R:** N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Nou minm ki gin lapinn antan n-ap sonjé frè nou-an, tanpri aksépté ankourajé nou avèk konsolasion lafoua-a épi éspérans lavi tout tan-an,

**R:** N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Apré sa oubyin tout moun ansanm résité Priyè Granmèt la oubyin pè-a di priyè ki suiv la :

**Tanpri, Granmèt,**  
**fè mizérikòd sa-a avèk sèvitè-ou défin-an**  
**pou li pa résévoua dapré sa-l té fè yo nan chatiman,**  
**li minm ki té vlé kinbé volonté-ou,**  
**pou minm jan vré lafoua té mété-l nou foul fidèl yo bò isit,**  
**konsa tou sé pou padon-ou nan asosié-l ak group anj yo lòt bò-a.**  
**Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

**R:** Amèn

Dòt priyè yo kapab chouazi, nn. 196-199.

**Y:** Ba li répo tout tan-an, Granmèt.

**R:** Sé pou limiè k-ap diré tout tan-an kléré-l.

76. Alafin tout rit la kapab gin yon chan dapré abitud koté yo.

## Chapit IV

### TOUAZIÈM TIP FINÉRAY KI SÉLÈBRÉ NAN KAY DÉFIN-AN

**77.** Lè kò défin-an dépozé dapré divès abitud koté yo, oubyin lè yo dépozé-l nan sèkèy la, épi yo fè rès bagay yo yo abitué fè osijè défin yo ant lanmò-a avèk aksion prinsipal finéray la, kapab gin priyè, léktu ak chan, nan fason ki indiké nan n. 30 la, oubyin yon lòt fason ki sanblé, avèk tèks yo pran nan chap. VI.

**78.** Litiji paròl la fèt sou modèl véyé nan kay défin-an, tankou pi ro-a nn. 26-28. Divès aspè signifikasyon lanmò krétyin-an, sa yo palé nan nn. 1-2 yo, yo doué ginyin yo dévan jé yo épi yo doué déklaré yo si yo jouinn okazion.

Si Òdinè koté-a jijé sa konvnab akoz bagay spésial ki ajouté, yo kapab minm sélébré Mès finéray la nan kay défin-an minm.

**79.** Rit dènié rékòmandasion-an avèk orévoua-a fèt sou modèl rit ki fèt nan finéray prémié tip la, nn. 46-48.

## Chapit V

### FINÉRAY TI MOUN PITI

**80.** Finéray ti moun piti ki batizé yo, ki mouri anvan yo gin posibilite sèvi avèk rézon-an, yo dispozé-l dapré divès tip finéray yo, sa yo palé nan chapit II, III avèk IV yo, antan yo pran tèks spésial kan minm, sa yo propozé pi ba-a (nn. 203-230).

**81.** Koulè litiji-a doué koulè fèt, koulè paskal.

**82.** Si yon ti moun piti, paran-l yo té vlé batizé-l, épi li mouri anvan Batèm nan, Òdinè koté-a, antan-l konsidéré sikonstans pastoral yo, li kapab pèmèt pou sélébré finéray la soua nan kay défin-an minm (cf. pi ro chap. IV), soua minm dapré tip finéray sa-a ki sèvi nan réjion-an dòdinè pou lòt finéray yo (cf. pi ro, chap. II ak III). Nan toulèdé ka yo, y-a sèvi ak tèks ki spésial, sa yo propozé pou finéray sa yo pi ba-a (nn. 231-237).

Si kalité finéray sa yo sélébré, sé pou yo véyé nan katéchèz la pou ansègnman sou nésésité Batèm nan pa voualé nan léspri fidèl yo.

## Chapit VI

### DIVÈS TÈKS KI VINI NAN FINÉRAY ADULT YO

#### I. LÉKTU BIBLIK

##### LÉKTU SOT NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

- 83.** **Jòb 19, 1. 23-27 a** : « Mouin konnin Rédanmtè-m nan ap viv. »  
Antan Jòb pran laparòl li di : « Ki moun ki t-a fè-m favè... » [p. 436].
- 84.** **Sajès 3,1-9 (long) oubyin 1-6 (kout)** : « Li résévoua yo tankou sakrifis yo boulé tout-antié. »  
Nanm moun ki kòrèk yo, sé nan min Bondié yo yé... [p. 436].
- 85.** **Sajès 4,7-15** : « Yon vi san tach, sé laj viyéyès. »  
Moun ki kòrèk la minm, si-l mouri anvan... [p. 437].
- 86.** **Izayi 25, 6a. 7-9** : « L-ap chaviré lanmò-a pou tout tan. »  
Granmèt lamé yo ap fè yon résépsion... **6 jous nan** bon viann pou tout pèp yo sou mòn sa-a. [p. 438, 469].
- 87.** **Lamantasion 3,17-26** : « Li bon pou rét an silans ap tann sovè Bondié ap sovè nou-an. »  
Nanm mouin égzilé sot nan lapè-a...  
**Antan yo pa mété lèt ébré yo Vau, etc.** [p. 438, 469, 477].
- 88.** **Danièl 12, 1-3** : « Sa k-ap dòmi nan pousiè tè-a y-ap révéyé. »  
[Nan jou sa yo, mouin minm Danièl mouin t-ap plinn, mouin tandé paròl sa-a Granmèt la di :]. « Lè sa-a, Michèl gran chèf la ap lévé... » [p. 439].
- 89.** **2 Makabé 12, 43-46** : « Li aji byin, avèk santiman rélijijé, antan li pansé osijè rézireksion-an. »

Jou sa yo : Juda, [chèf Israèl la], fè yon kèt, chak moun bay ladan-l, li rive alantou dé mil dragm, li voyé-l Jérusalèm ... [p. 436].

### LÉKTU SOT NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

- 90.** **Travay Apot yo 10, 34-43 (pi long) oubyin 34-36. 42-43 (pi kout) :** « Sé li minm Bondié instalé jij vivan yo ak mò yo. »  
 Jou sa yo : Antan Piè louvri bouch li, li di... [p. 439, 440].
- 91.** **Romin 5, 5-11 :** « Étan nou vi-n kòrèk nan san-l, n-ap sovè gras a li sot nan kòlè-a. »  
 Frè-m yo : Éspérans la pa fè ront... [p. 447].
- 92.** **Romin 5, 17-21 :** « Koté fot la t-ap débòdé-a, gras la débòdé pi plis. »  
 Frè-m yo : Si akoz fot yon sèl moun lanmò-a té kòmandé... [p. 447].
- 93.** **Romin 6, 3-9 (pi long) oubyin 3-4. 8-9 (pi kout) :** « N-ap maché nan nouvoté lavi-a. »  
 Frè-m yo : Èské nou pa konnin nou tout ki batizé... [p. 448, 472].
- 94.** **Romin 8, 14-23 :** « N-ap tann rédanmsion kò-nou. »  
 Frè-m yo : Ninpòt ki moun ki kité Éspri Bondié-a kondui yo... [p. 449].
- 95.** **Romin 8, 31b-35. 37-39 :** « Kilès ki kapab séparé nou sot nan rinmin Kris la ? »  
 Frè-m yo : Si Bondié pou nou... [p. 449].
- 96.** **Romin 14, 7-9. 10b-12 :** « Soua n-ap viv, soua nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé. »  
 Frè-m yo : Pèsonn nan nou pa viv pou pròp tèt li... [p. 450].



97. **1 Korintyin 15, 20-24a. 25-28 (pi long) oubyin 20-23 (pi kout) :**  
« Tout moun ap gin lavi nan Kris la. »  
Frè-m yo : Koulié-a minm Kris la résisité sot nan pami mò yo... **24 jous nan** bay Bondié Papa-a. [p. 450, 473].
98. **1 Korintyin 15, 51-57 :** « Lanmò-a valé nan viktoua-a. »  
Frè-m yo : Min yon mistè m-ap di nou... [p. 451].
99. **2 Korintyin 5, 1. 6-10 :** « Nou gin yon kay ki la pou tout tan nan sièl yo. »  
Frè-m yo : Nou konnin si kay nou sa-a koté nou abité sou tè-a... [p. 452].
100. **Filipyin 3, 20-21 :** « L-ap réfè kò féblès nou-an pou-l fè-l sanblé ak kò gloua li-a. »  
Frè-m yo : Péyi nou-an, sé nan sièl yo li yé... [p. 453].
101. **1 Tésalonisyin 4, 13-18 :** « N-ap toujou avèk Granmèt la. »  
Frè-m yo, sou késion moun k-ap dòmi yo, nou pa vlé pou nou pa konnin... [p. 453].
102. **2 Timoté 2, 8-13 :** « Si nou mouri avèk li, n-ap viv ansanm avèk li. »  
Ou minm mouin rinmin anpil la : Sonjé Granmèt Jézu-Kri... [p. 453].
103. **1 Jan 3, 1-2 :** « N-ap ouè-l jan-l yé-a. »  
Nou minm mouin rinmin anpil la : Gadé ki kalité rinmin Papa-a ba nou... [p. 454].
104. **1 Jan 3, 14-16 :** « Nou travèsé sot nan lanmò al nan lavi paské nou rinmin frè nou yo. »  
Nou minm mouin rinmin anpil la : Nou minm nou konnin nou travèsé... [p. 454].
105. **Apokalips 14, 13 :** « Ala kontantman pou mò yo ki mouri nan Granmèt la. »

Mouin minm Jan, mouin tandé yon voua ki sot nan sièl la... [p. 440].

- 106.** Apokalips 20, 11 – 21, 1 : « Yo jijé mò yo dapré aksion yo. »  
Mouin minm Jan, mouin ouè yon tro-n gran tou blan... [p. 440].

- 107.** Apokalips 21, 1-5a. 6b-7 : « Pap gin lanmò ankò. »  
Mouin minm, Jan, mouin ouè yon sièl nouvo... **5 jous nan** Min mouin fè tout bagay nouvo. **6** Mouin minm mouin sé... [p. 441].

### PSÒM RÉPONS

- 108.** Psòm 22, 1-3a, 3b-4, 5, 6  
 R (1) : Granmèt la ap kondui-m, anyin pap manké-m.  
 oubyin (4a) : Minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò, mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin. [p. 441].
- 109.** Psòm 24, 6-7bc ; 17-18, 20-21  
 R (1b) : Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin.  
 oubyin (3b) : Moun ki konté sou ou yo, Granmèt, yo pap ront. [p. 442].
- 110.** Psòm 26, 1, 4, 7 é 8b é 9a, 13-14  
 R (1a) : Granmèt la sé limiè-m, sé li k-ap sové-m.  
 oubyin (13) : Mouin kouè m-ap ouè byin Granmèt la nan tè vivan yo. [p. 442].
- 111.** Psòm 41, 2, 3, 5bcd ; Psòm 42, 3, 4, 5  
 R (Ps 41, 3) : Nanm mouin souaf nan diréksion Bondié ki vivan-an. [p. 443].
- 112.** Psòm 62, 2-3a, 3bc-4, 5-6, 8-9  
 R (2b) : Nanm mouin souaf ou, Granmèt, Bondié mouin. [p. 443].
- 113.** Psòm 102, 8 é 10, 13-14, 15-16, 17-18  
 R (8a) : Granmèt la pran pitié, li gin mizérikòd.  
 oubyin (Ps 36, 39a) : Sové moun ki kòrèk yo sové-a, sé nan Granmèt la li sòti. [p. 444].
- 114.** Psòm 114, 5, 6 ; Psòm 115, 10-11, 15-16ac

- Ⲁ (Ps 114,9) : M-ap maché dévan Granmèt la nan péyi vivan yo.  
 oubyin : Alélouya. [p. 445].
115. Psòm 121, 1-2, 3-4a, 4b-5, 6-7, 8-9  
 Ⲁ (1) : Mouin kontan poutèt yo di-m :  
 « Nan kay Granmèt la n-apralé ».  
 oubyin (cf. 1) : Nan kay Granmèt la n-apralé ak kè kontan. [p. 445].
116. Psòm 129, 1-2, 3-4ab, 4c-6, 7-8  
 Ⲁ (1) : Nan bafon yo m-ap rélé koté-ou, Granmèt.  
 oubyin (cf. 5) : Mouin espéré nan Granmèt la,  
 mouin espéré nan paròl li. [p. 446].
117. Psòm 142, 1-2, 5-6, 7ab é 8ab, 10  
 Ⲁ (1a) : Granmèt, kouté priyè-m. [p. 446].

### ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL

118. **Matié 11, 15** : Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou révéle mistè péyi-roua-a bay ti moun piti yo. [p. 454].
119. **Matié 25, 34** : Vini, nou minm Papa-m béni yo, pran posésion péyi roua-a yo té paré pou nou dépi tè-a té kòmansé fèt la. [p. 454].
120. **Jan 3, 16** : Bondié tèlman rinmin tè-a, li bay Sèl Pitit li-a ; pou tout moun ki kouè nan li gin lavi tout tan-an. [p. 454].
121. **Jan 6, 39** : Sa-a sé volonté Papa-m ki voyé-m nan, sèké tou sa-l ban mouin, pou-m pa pèdi anyin nan yo, min pou-m fè-l résisité nan dènié jou-a, sé sa Granmèt la di. [p. 455].
122. **Jan 6, 40** : Tout moun ki kouè nan Pitit la, li gin lavi tout tan-an ; mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a, sé sa Granmèt la di. [p. 455].
123. **Jan 11, 25a. 26** : Mouin sé réziréksion-an ak lavi-a, sé sa Granmèt la di ; moun ki kouè nan mouin, li pap janm mouri. [p. 455].
124. **Filipyin 3, 20** : Péyi nou-an, sé nan sièl la li yé, sé la n-ap tann Sovè nou-an, Granmèt nou Jézu-Kri. [p. 455].
125. **2 Timoté 2, 11-12a** : Si nou mouri avèk li, n-ap viv ansanm avèk li ; si nou sipòtè tray, n-ap régné ansanm avèk li. [p. 455].
126. **Apokalips 1, 5-6** : Jézu-Kri sé premié pitit nan pami mò yo ; konpliman pou li ak otorité pou tout tan gin tan. Amèn. [p. 478].

127. **Apokalips 14, 13** : Ala kontantman pou mò yo ki mouri nan Grammèt la ; dépi koulié-a sé pou yo répozé pou tout fatig yo pran ; sa yo té fè-a ap suiv yo. [p. 455].

## ÉVANJIL

128. **Matié 5, 1-12a** : « Fè kè nou kontan, fété, paské rékonpans nou anpil nan sièl yo. »  
Lè sa-a : Antan Jézu ouè foul yo... **12 jous nan** rékonpans nou anpil nan sièl yo. [p. 456].
129. **Matié 11, 25-30** : « Ou kaché bagay sa yo bay saj yo, ou révéle yo bay ti piti yo. »  
Lè sa-a antan Jézu pran laparòl, li té di... [p. 456].
130. **Matié 25, 1-13** : « Min mésié k-ap marié-a ap vini, soti al rankontré-l. »  
Lè sa-a : Jézu di disip li yo parabòl sa-a : « Péyi roua sièl yo sanblé ak dis vièj... [p. 457].
131. **Matié 25, 31-46** : « Vini, nou minm Papa-m béni yo. »  
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Lè Pitit moun nan ap rivé... [p. 457].
132. **Mark 15, 33-39 ; 16, 1-6 (pi long) oubyin 15, 33-39 (pi kout)** : « Jézu minm lagé yon gran rèl, li rann souf li. »  
Lè-l sizièm è-a... [p. 458].
133. **Luk 7, 11-17** : « Jénòm, mouin di-ou : lévé. »  
Lè sa-a : Jézu t-apral nan yon vil yo rélé Nayim... [p. 459].
134. **Luk 12, 35-40** : « Nou minm tou sé pou nou paré. »  
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Sé pou rin nou maré... [p. 460].
135. **Luk 23, 33. 39-43** : « Jodi-a minm ou-ap avèk mouin nan paradi-a. »  
Apré sòlda yo té rivé koté yo rélé Kalvè-a... [p. 460].
136. **Luk 23, 44-49, 24, 1-6a (pi long) oubyin 23, 44-49 (pi kout)** : « Papa, nan min-ou mouin rinmèt éspri-m. »  
Li té prèské sizièm è-a... **6 jous nan** li résisité. [p. 461].
137. **Luk 24, 13-35 (pi long) oubyin 13-16. 28-35 (pi kout)** : « Èské Kris la pa-t gin pou-l soufri, épi sé konsa pou-l antré nan gloua-l la ? »

- Min dé nan disip Jézu yo t-apral nan yon bouk, [prémié jou sémèn sa-a]... [p. 461, 462].
- 137b.** Jan 5, 24-29 : « Moun ki kouté paròl mouin épi ki kouè... li travèsé sot nan lanmò al nan lavi. »  
Lè sa-a : Jézu réponn Juif yo : « Amèn, amèn mouin di nou... [p. 463].
- 138.** Jan 6, 37-40 : « Moun ki kouè nan Pitit la, li gin lavi tout tan-an ; mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a. »  
Lè sa-a : Jézu di foul yo : « Tou sa Papa-a ban mouin... [p. 463].
- 139.** Jan 6, 51-59 (Gr. 51-58) : « Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan, épi mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a. »  
Lè sa-a : Jézu té di foul Juif yo : « Mouin sé pin vivan-an... [p. 464].
- 140.** Jan 11, 17-27 (pi long) oubyin 21-27 (pi kout) : « Mouin sé rézireksion-an ak lavi-a. »  
Lè sa-a : Jézu rivé Bétani, li jouinn Lazar dépi kat jou... (pi kout) Lè sa-a : Mart di Jézu... [p. 464, 465].
- 141.** Jan 11, 32-45 : « Lazar, vini déyò. »  
Lè sa-a : Mari minm, [sè Lazar la], lè-l rivé koté Jézu té yé-a... [p. 465].
- 142.** Jan 12, 23-28 (pi long) oubyin 23-26 (pi kout) : « Si grinn blé-a mouri, l-ap donnin anpil foui. »  
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Lè-a rivé pou yo ouè sa Pitit moun nan yé... [p. 466].
- 143.** Jan 14, 1-6 : « Nan kay Papa-m nan gin anpil koté pou rété. »  
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Pa kité kè nou troublé... [p. 467].
- 144.** Jan 17, 24-26 : « Mouin vlé pou koté-m yé-a, sé la yo minm tou yo yé. »  
Lè sa-a : Antan Jézu lévé jé-l nan sièl la, li priyé, antan-l di... [p. 467].

## II. PSÒM AVÈK RÉFRIN

Pou fasilité yo répòté isit la tèks psòm yo avèk réfrin yo yo propozé pou sèvi avèk yo nan rit la.

**145. Réf.** Sonjé-m, Granmèt, nan péyi roua-ou la.

### PSÒM 22

- <sup>1</sup> Granmèt la ap kondui-m, anyin pap manké-m : \*
- <sup>2</sup> Nan zèb vèt li instalé-m ;  
Sou bò dlo trankil li minnin-m : \*
- <sup>3</sup> li réfè nanm mouin.  
Li kondui-m nan santié jistis, \*  
poutèt non-l.
- <sup>4</sup> Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,  
mouin pap pè malè : \*  
paské ou avèk mouin.  
Baton-ou ak bagèt ou : \*  
sé yo k-ap konsolé-m.
- <sup>5</sup> Ou paré yon tab dévan fas mouin, \*  
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an.  
Ou souin tèt mouin ak losion : \*  
kalis mouin ap débòdé !
- <sup>6</sup> Réyèlman sé bon kè ak mizérikòd k-ap rapousuiv mouin \*  
tout tan lavi-m :  
M-ap abité nan kay Granmèt la \*  
pou tout longè tan yo.

**146. Réf.** Gadé, Granmèt, rabèsman-m ak fatig mouin, padonnin tout péché-m yo.

### PSÒM 24

- <sup>1</sup> Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin : \*
- <sup>2</sup> Bondié mouin, nan ou mouin mét konfians mouin : mouin pap ront.  
Pa kité ènmi-m yo fè fèt sou mouin : \*

- 3 réyèlman tout moun ki konté sou ou, yo pap jouinn désépsion.  
Sa k-ap pran désépsion yo sé sa k-ap aji san fidélimité yo \*  
poutèt bagay san konsistans.
- 4 Chémin-ou yo, Granmèt, montré-m yo : \*  
tras rout ou yo, aprann mouin yo.
- 5 Dirijé-m nan tras rout ou-a, ban-m léson : \*  
paské ou sé Bondié ki sovè mouin,  
épi nan ou mouin espéré tout lajounin.
- 6 Sonjé pitié-ou, Granmèt, \*  
ak mizériköd ou yo, paské sé dépi tout tan yo la.  
Fot jènès mouin yo \*
- 7 épi ignorans mouin yo, pa sonjé yo.  
Daprè mizériköd ou-a sonjé-m : \*  
poutèt bon kè-ou, Granmèt.
- 8 Granmèt la dou, li douat : \*  
sé poua l-ap aprann péchè yo chémin-an.
- 9 l-ap kondui moun ki dosil yo nan jijman-an : \*  
l-ap aprann moun ki dou yo chémin-l yo.
- 10 Tout chémin Granmèt la sé mizériköd ak vérité, \*  
pou moun ki obsèvé téstaman-l nan ak témouagnaj li yo.
- 11 Poutèt non-ou, Granmèt, ou-ap padonnin péché-m nan : \*  
sèké li anpil.
- 12 Kilès moun sa-a, ki krinn Granmèt la ? \*  
L-ap aprann li chémin-an, pou-l chouazi-a.
- 13 Nanm li ap rété nan byin yo : \*  
épi désandans li ap éritié tè-a.
- 14 Granmèt la ap aji kòm zanmi avèk moun ki krinn li yo : \*  
pou-l montré yo téstaman-l nan.
- 15 Jé-m tout tan kot Granmèt la : \*  
paské li minm li dégajé pié-m yo sot nan pièj la.
- 16 Voyé jé sou mouin, pran pitié pou mouin : \*  
paské mouin pou kont mouin, mouin pòv.
- 17 Louvri pòt kè-m ki fèmin : \*  
Dégajé-m sot nan malè mouin yo.
- 18 Gadé rabésman-m ak fatig mouin : \*  
padonnin tout fot mouin yo.
- 19 Gadé ènmi-m yo, paské yo vi-n anpil, \*  
épi avèk rayisans méchan yo rayi-m.
- 20 Protéjé nanm mouin, dégajé-m : \*  
mouin pap ront, paské mouin espéré sou ou.
- 21 Sé pou-m san fot, sé pou-m douat pou-m jouinn protéksion : \*

- paské mouin konté sou ou.  
 22 Libéré Israèl, Bondié, \*  
 anba tout tribilasyon-l yo.

**147. Réf.** M-ap antré nan plas tant ki mérité yo kontanplé-l la, jous nan kay Bondié-a.

### PSÒM 41

- 2 Tankou yon sèrf anvì sous dlo yo : \*  
 konsa nanm mouin anvì al koté-ou, Bondié.
- 3 Nanm mouin souaf kot Bondié, Bondié vivan-an : \*  
 kilè m-apralé, pou-m parèt dévan fas Bondié ?
- 4 Sé dlo k-ap koulé sot nan jé-m ki té pin-m lajounin kon lannuit : \*  
 pandan yo t-ap di-m chak jou : « Koté Bondié-ou la ? »
- 5 Mouin sonjé bagay sa yo, nanm mouin fonn anndan mouin : \*  
 Sèké mouin té konn travèsé al kot tant ki mérité yo kontanplé-l la,  
 jous nan kay Bondié-a.  
 Nan chanté fèt avèk louanj : \*  
 fèt foul la k-ap fè louanj la.
- 6 Poukisa ou chagrin, nanm mouin ? \*  
 épi poukisa ou troublé anndan mouin ?  
 Èspéré nan Bondié paské m-ap fè louanj li ankò : \*  
 Sovè fas mouin épi Bondié mouin.
- 7 Anndan mouin nanm mouin chagrin : \*  
 sé pousa mouin sonjé-ou dépi sot nan tè Joudin-an  
 ak Èmon-an, sot nan mòn Misa-a.
- 8 Bafon-an rélé bafon-an, \*  
 nan voua kaskad ou yo.  
 Tout lanm ou yo ak vag ou-a \*  
 travèsé anlè mouin.
- 9 Lajounin Granmèt la voyé mizérikòd li-a : \*  
 épi nannuit kantik li-a.  
 Bò koté-m : priyè bay Bondié lavi mouin, \*
- 10 m-ap di Bondié : « Sé ou minm ki Bondié-m.  
 Poukisa ou bliyé-m nan ? \*  
 épi poukisa m-ap maché tou chagrin,  
 pandan ènmi-m nan ap trakasé-m nan ? ».



- 11 Pandan zo-m yo ap krazé-a, \*  
y-ap jouré-m, sa k-ap fè-m pasé tribilasyon yo.  
Pandan y-ap di-m chak jou : « Koté Bondié-ou la ? ». \*
- 12 Poukisa ou chagrin, nanm mouin ?  
épi poukisa ou troublé anndan mouin ?  
Éspéré nan Bondié, paské m-ap fè louanj li ankò : \*  
Sovè fas mouin épi Bondié mouin.
148. **Réf.** Ba li répo tout tan-an, Granmèt, épi sé pou limiè k-ap diré tout tan-an kléré-l.
149. **Réf.** Nanm nan ou té pran sot nan kò-a, Granmèt, fè-l joui ansanm avèk sin yo nan gloua-a.
150. **Réf.** Y-ap fété, Granmèt, zo yo ki té rabésé yo.

## PSÒM 50

- 3 Pitié pou mouin, Bondié, \*  
dapré mizérikòd ou-a ;  
Dapré kantité pitié-ou, \*  
éfasé fòt mouin-an.
- 4 Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an : \*  
pròpté-m sot nan péché-m nan.
- 5 Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l : \*  
péché-m nan dévan-m tout tan.
- 6 Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché,  
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l : \*  
Sé pou yo jouinn ou kòrèk nan désizyon-ou, douat nan jijman-ou.
- 7 Gadé, nan fot mouin pran nésans : \*  
nan péché manman-m té ansint mouin.
- 8 Gadé, sé vérité ou rinmin nan kè : \*  
nan sékrè ou fè-m ouè sajàs.
- 9 Lavé-m avèk izòp, m-ap vi-n pròp : \*  
lavé-m, m-a vi-n blan pasé lanèj.
- 10 Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua : \*  
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- 11 Viré fas ou louin péché-m yo : \*  
tout fot mouin yo, éfasé yo.
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié : \*  
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.

- 13 Pa jété-m louin fas ou : \*  
 éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin.
- 14 Rinnèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an : \*  
 asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo : \*  
 méchan yo ap tounin vi-n jouinn ou.
- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin : \*  
 lang mouin ap chanté jistis ou.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin : \*  
 bouch mouin ap anonsé louanj ou.
- 18 Ou pap pran plézi nan sakrifis : \*  
 sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.
- 19 Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri krazé : \*  
 yon kè krazé, rabésé, Bondié pap méprizé-l.
- 20 Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt nan bòn volonté-ou : \*  
 pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.
- 21 Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis, kado avèk sakrifis antié : \*  
 lè sa-a y-a mété ti toro sou otèl ou-a.

**151. Réf.** Ak tè ou fé fòmé-m, ak chè ou té abiyé-m, Rédanmèt mouin, Granmèt, résisité-m nan dènié jou-a.

### PSÒM 92

- 1 Granmèt la roua, li vlopé ak gloua : \*  
 Granmèt la vlopé, li maré rin-l ak fòs.  
 Réyéلمان li rann fas tè-a solid, \*  
 pou-l pa souké.
- 2 Tro-n ou solid dépi lontan : \*  
 dépi tout tan ou égzisté.
- 3 Gran riviè yo lévé, Granmèt : \*  
 gran riviè yo lévé voua yo,  
 Gran riviè yo lévé éklatman yo, \*
- 4 anlè voua dlo ki anpil yo,  
 Anlè dlo lanmè yo ki monté avèk puisans yo : \*  
 Granmèt la puisan nan rotè yo.
- 5 Témouagnaj ou yo mérité konfians nèt : \*  
 kay ou-a kléré ak karaktè sakré-a, Granmèt, pou longè tan yo.

152. Réf. Sé pou Kris la résévoua-ou nan Paradi-a.

PSÒM 113 (1-20)

A

- <sup>1</sup> Lè Israèl t-ap kité Éjip la, \*  
kay Jakòb la t-ap sot nan pèp étranjé-a :
- <sup>2</sup> Juda vi-n tounin tanp li, \*  
Israèl vi-n tounin propriété-l.
- <sup>3</sup> Lanmè-a ouè sa, li sovè : \*  
Joudin-an tounin dèyè.
- <sup>4</sup> Mòn yo vòltijé tankou kabrit, \*  
ti rotè yo tankou pitit mouton.
- <sup>5</sup> Sa-ou ginyin, lanmè, pou-ou ap sovè-a ? \*  
Épi ou minm, Joudin, pou-ou ap tounin dèyè-a ?
- <sup>6</sup> Mòn yo, pouki sa n-ap vòltijé tankou ti kabrit la, \*  
ti rotè yo, tankou pitit mouton-an ?
- <sup>7</sup> Dévan fas Granmèt la, tranblé, tè-a, \*  
dévan fas Bondié Jakòb la.
- <sup>8</sup> Li minm ki fè ròch la vi-n tounin létan dlo yo, \*  
épi ròch ki di-a sous dlo yo.

B

- [9] Sé pa nou minm, Granmèt, sé pa nou minm : \*  
min sé non-ou pou-ou bay gloua-a :  
Anlè mizérikòd ou ak vérité-ou la. \*
- [10] Pouki sa pou nasion yo t-a di : « Koté Bondié yo-a ? »
- [11] Bondié nou-an nan sièl la : \*  
tou sa-l vlé, li fè-l.
- [12] Zidòl nasion yo sé lajan ak lò, \*  
travay min moun yo.
- [13] Yo gin bouch, min yo pap palé : \*  
yo gin jé, min yo pap ouè.
- [14] Yo gin zòrèy, min yo pap tandé : \*  
yo gin nin, min yo pap santi.
- [15] Yo gin min, min yo pap touché : †  
yo gin pié, min yo pap maché : \*  
yo pa pousé rèl nan gòj yo.
- [16] sé pou yo vi-n tounin tankou yo, moun sa yo ki fè yo-a : \*  
ak tout moun ki mét konfians li nan yo.

- [17] Kay Israël la té espéré nan Granmèt la : \*  
li sé sékou yo ak boukliyé yo.
- [18] Kay Aaron-an té espéré nan Granmèt la : \*  
li sé sékou yo ak boukliyé yo.
- [19] Moun ki krinn Granmèt la, yo espéré nan Granmèt la : \*  
li sé sékou yo ak boukliyé yo.
- [20] Granmèt la sonjé nou : \*  
l-ap béni nou.

**153. Réf.** Sé pou group Anj yo résévoua-ou, épi nan vant Abraam sé pou yo poté-ou, pou ansanm avèk Lazar pòv lontan-an ou jouinn répo tout tan-an.

**154. Réf.** Mouin tandé yon voua sot nan sièl la k-ap di : Ala kontantman pou mò yo ki mouri nan Granmèt la.

#### PSÒM 114

- 1 Mouin té rinmin, paské Granmèt la té kouté \*  
voua priyè-m.
- 2 Paské li té panché zòrèy li sou mouin : \*  
nan jou-m yo mouin t-ap rélé-a.
- 3 Pièj lanmò yo té antouré-m : \*  
kè séré lanfè-a té rivé sou mouin.  
Tribilasyon ak doulè, sé sa mouin té jouinn : \*
- 4 épi sé non Granmèt la mouin té rélé.  
« Granmèt, o, délivré nanm mouin » : †
- 5 Granmèt la gin mizérikòd, li kòrèk, \*  
épi Bondié nou-an pran pitié.
- 6 Antan Granmèt la protéjé ti piti yo : \*  
mouin rabésé, l-ap sovè-m.
- 8 Tounin, nanm mouin, nan répo-ou : \*  
paské Granmèt la fè-ou di byin.  
Paské li té délivré nanm mouin sot nan lanmò : †  
jé-m sot nan dlo, \*  
pié-m sot nan fo-pa.
- 9 M-ap maché dévan Granmèt la \*  
nan réjion vivan yo.

**155. Réf.** Louvri pòt jistis yo pou mouin, m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.

PSÒM 115

- <sup>1</sup><sub>10</sub> Mouin gin konfians, minm lè-m di : \*  
« Mouin rabésé anpil ».
- <sup>2</sup><sub>11</sub> Mouin té di nan trò présé-m nan : \*  
« Tout moun sé mantè ».
- <sup>3</sup><sub>12</sub> Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la, \*  
pou tou sa-l fè pou mouin ?
- <sup>4</sup><sub>13</sub> M-ap pran kalis k-ap sovè nou-an : \*  
m-ap rélé non Granmèt la.
- <sup>5</sup><sub>14</sub> M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, dévan tout pèp li-a. \*
- <sup>6</sup><sub>15</sub> Li gin valè dévan jé Granmèt la lanmò sin-l yo.
- <sup>7</sup><sub>16</sub> Granmèt, mouin sé sèvitè-ou : \*  
mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou-a.  
Ou kasé chinn mouin yo : †
- <sup>8</sup><sub>17</sub> M-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou, \*  
m-ap rélé non Granmèt la.
- <sup>9</sup><sub>18</sub> M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, dévan tout pèp la. \*
- <sup>10</sup><sub>19</sub> nan lakou kay Granmèt la, nan mitan-ou, Jérusalèm.

**156. Réf.** Sa-a sé pòt Granmèt la, moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.

PSÒM 117

- <sup>1</sup> Fè louanj Granmèt la, poutèt li bon : \*  
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- <sup>2</sup> Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon : \*  
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- <sup>3</sup> Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a : \*  
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- <sup>4</sup> Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di : \*  
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- <sup>5</sup> Nan tribilasyon-an mouin rélé Granmèt la : \*  
Granmèt la kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- <sup>6</sup> Granmèt la avèk mouin : \*  
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.

- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sékou mouin : \*  
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la : \*  
pasé pou nou mét konfians nan moun.
- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la : \*  
pasé pou nou mét konfians nan chèf.
- 10 Tout nasion yo antouré-m : \*  
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Yo ansèklé-m byin ansèklé : \*  
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo ansèklé-m tankou mièl, †  
yo flanbé tankou difé nan pikan : \*  
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé : \*  
Granmèt la poté-m sékou.
- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la : \*  
li vi-n tounin sékou-m.
- 15 Voua fèt ak sovè nou sovè-a \*  
nan tant moun ki kòrèk yo.
- 16 Min douat Granmèt la fè mèvèy : †  
min douat Granmèt la lévé byin ro, \*  
min douat Granmèt la fè mèvèy.
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv : \*  
épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- 18 Granmèt la korijé-m byin korijé : \*  
min li pa lagé-m nan lanmò.
- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin, †  
m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la : \*
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la, moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.
- 21 M-ap fè louanj ou, paské ou kouté-m : \*  
ou vi-n tounin pou mouin sa-a ki sovè-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a : \*  
sé li minm ki vi-n tounin tèt kouin-an.
- 23 Sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt : \*  
sé yon bagay éstraòdinè nan jé nou.
- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : \*  
sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, sovè-m, †  
Granmèt, bay kè kontan. \*
- 26 Konpliman pou sa-a k-ap vini o non Granmèt la.

- 27 Konpliman pou nou sot nan kay Granmèt la : \*  
 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou.  
 Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi, \*  
 jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè louanj ou : \*  
 Bondié mouin, m-ap fè bèl louanj pou ou. \*
- 29 Fè louanj Granmèt la, poutèt li bon : \*  
 poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

## 157.

## PSÒM 118

- 1 Ala kontantman pou moun ki san tach nan chémin-an : \*  
 k-ap maché nan laloua Granmèt la.
- 2 Ala kontantman pou moun yo ki kinbé témouagnaj li yo : \*  
 k-ap chèché-l ak tout kè yo.
- 3 Yo pa fè péché réyèlman, \*  
 nan chémin-l yo y-ap maché.
- 4 Ou pasé lòd \*  
 pou yo obsèvé kòmandman-ou yo.
- 5 Mouin souété pou chémin-m yo dirijé, \*  
 pou-m kinbé désizion-ou yo !
- 6 Lè sa-a yo pap ront, \*  
 lè y-ap gadé nan tout kòmandman-m yo.
- 7 M-ap fè louanj ou nan kè ki douat : \*  
 paské mouin aprann jijman-ou yo ki kòrèk yo.
- 8 M-ap kinbé désizion-ou yo : \*  
 pa lagé-m pou tout tan.
- 9 Kòman pou yon jénòm kapab nèt nan chémin-l ? \*  
 Antan-l kinbé paròl ou yo.
- 10 Ak tout kè-m mouin té chèché-ou : \*  
 pa kité-m pèdi rout louin kòmandman-ou yo.
- 11 Nan kè-m mouin kaché promès ou yo : \*  
 pou-m pa fè péché kont ou.
- 12 Konpliman pou ou, Granmèt : \*  
 aprann mouin désizion-ou yo.
- 13 Nan bouch mouin \*  
 mouin détayé tout jijman bouch ou yo.

- 14 Nan rout témouagnaj ou yo mouin jouinn plézi-m, \*  
tankou nan tout kalité richès.
- 15 Nan kòmandman-ou yo m-ap médité : \*  
m-ap obsèvé chémin-ou yo.
- 16 Nan désizion-ou yo mouin jouinn plézi-m : \*  
mouin pa bliyé paròl ou.
- 17 Fè sèvitè-ou dibyin, m-a viv : \*  
m-a kinbé paròl ou-a.
- 18 Dévoualé jé-m : \*  
m-a konsidéré mèvèy nan laloua-ou la.
- 19 Sé étranjé mouin yé sou tè-a : \*  
pa kaché kòmandman-ou yo ban mouin.
- 20 Nanm mouin ap dépéri tèlman mouin anvi jijman-ou yo, \*  
pandan tout tan.
- 21 Ou réproché ògèyé yo : \*  
yo madichonnin, sa-k kité kòmandman-ou yo.
- 22 Ouété laront ak mépri sot sou mouin : \*  
paské mouin obsèvé témouagnaj ou yo.
- 23 Minm si chèf yo chita, y-ap palé kont mouin : \*  
sèvitè-ou la ap réfléchi sou désizion-ou yo.
- 24 Sèké témouagnaj ou yo sé plézi-m : \*  
désizion-ou yo sé konsèy mouin.
- 25 Nanm mouin kolé nan pousiè-a : \*  
fè-m viv dapré paròl ou-a.
- 26 Mouin rakonté chémin-m yo, ou kouté-m : \*  
apranm mouin désizion-ou yo.
- 27 Fè-m konprann chémin kòmandman-ou yo : \*  
m-a réfléchi sou mèvèy ou yo.
- 29 Viré chémin manti-a louin-m : \*  
ban-m laloua-ou la avèk bon kè-ou.
- 30 Mouin chouazi chémin vérité-a : \*  
mouin mété jijman-ou yo dévan-m.
- 31 Mouin kolé nan témouagnaj ou yo, Granmèt : \*  
pa kité-m ront.
- 32 Nan chémin kòmandman-ou yo m-ap kouri, \*  
paské ou fè kè-m vi-n laj.
- 33 Pozé laloua-a pou mouin, Granmèt, chémin désizion-ou yo : \*  
m-a obsèvé yo tout tan.



- 34 Ban-m intélijans, m-a obsèvé laloua-ou la : \*  
m-a kinbé-l ak tout kè-m.
- 35 Kondui-m nan santié kòdmanman-ou yo : \*  
paské mouin rinmin-l.
- 36 Panché kè-m nan témouagnaj ou yo : \*  
pa nan rinmin lajan.
- 37 Viré jé-m pou yo pa ouè sa-k pa vo anyin : \*  
nan chémin-ou yo ban-m lavi.
- 38 Kinbé promès ou fè sèvitè-ou la : \*  
pou yo kapab krinn ou.
- 39 Ouété mank-déga y-ap fè-m yo, sa-m pè yo : \*  
paské jijman-ou yo sé kontantman.
- 40 Mouin anvi kòmandman-ou yo : \*  
nan jistis ou-a, fè-m viv.
- 41 Sé pou mizérikòd ou-a rivé sou mouin, Granmèt : \*  
sovè ou sovè nou-an dapré promès ou-a.
- 42 M-ap réponn yon paròl bay sa k-ap manké-m déga yo : \*  
paské mouin éspéré nan paròl ou yo.
- 43 Pa ouété paròl vérité-a sot nan bouch mouin ditou : \*  
paské mouin éspéré nan jijman-ou yo anlè tout bagay.
- 44 M-ap kinbé laloua-ou la tout tan : \*  
pou tout tan ak tout tan gin tan.
- 45 M-ap maché nan gran chémin : \*  
paské mouin té chèché kòmandman-ou yo.
- 46 M-ap palé sou témouagnaj ou yo dévan roua yo : \*  
mouin pap ront.
- 47 M-ap jouinn kontantman nan lòd ou yo, \*  
yo minm mouin rinmin-an.
- 48 M-ap lévé min-m nan diréksion lòd ou yo, mouin rinmin-an : \*  
m-ap réfléchi sou désizion-ou yo.
- 49 Sonjé paròl ou-a ou bay sèvitè-ou la, \*  
li minm mouin té mété éspérans mouin nan li-a.
- 50 Sé li-k konsolé-m nan mizè-m : \*  
paské paròl ou-a fè-m viv.
- 51 Ògèyé yo pasé-m nan jouèt ak fòs : \*  
min mouin pa dévié sot nan laloua-ou la.

- 52 Mouin sonjé jijman-ou yo, sa-k té la dépi tout tan yo, Granmèt : \*  
épi mouin konsolé.
- 53 Laront sézi-m. \*  
poutèt péchè yo k-ap abandoné laloua-ou la.
- 54 Sé kantik yo yé pou mouin, volonté-ou yo, \*  
nan péyi pélérijaj mouin-an.
- 55 M-ap sonjé non-ou nan nuit, Granmèt : \*  
m-ap kinbé laloua-ou la.
- 56 Sa-a réalizé pou mouin : \*  
paské mouin kinbé kòmandman-ou yo.
- 57 Pòsion pa-m, Granmèt, \*  
mouin té di sé kinbé paròl ou yo.
- 58 Mouin priyé fas ou ak tout kè-m : \*  
pran pitié pou mouin dapré promès ou-a.
- 59 Mouin kalkilé chémin-m yo : \*  
mouin viré pié-m nan témouagnaj ou-a.
- 60 Mouin fè vit, mouin pa trinnin : \*  
pou-m kinbé kòmandman-ou yo.
- 61 Kòd péchè yo maré-m : \*  
min mouin pa bliyé laloua-ou la.
- 62 Nan mitan nannuit mouin lévé pou-m fè louanj ou, \*  
sou jijman jistis ou-a.
- 63 Mouin asosié ak tout moun ki krinn ou : \*  
k-ap kinbé kòmandman-ou yo.
- 64 Mizérikòd ou-a, Granmèt, plin tè-a : \*  
aprann mouin volonté-ou yo.
- 65 Ou fè sèvitè-ou dibyin, Granmèt, \*  
dapré paròl ou-a.
- 66 Aprann mouin sa-k bon, ni intélijans, ni sians : \*  
paské sé nan kòmandman-ou yo mouin mété konfians mouin.
- 67 Anvan mouin té rabésé-a, mouin té pèdi chémin : \*  
koulié-a minm mouin kinbé promès ou-a.
- 68 Ou bon, ou fè dibyin : \*  
aprann mouin désizion ou yo.
- 69 Ògéyé yo badijonnin-m ak manti : \*  
mouin minm minm ak tout kè-m mouin kinbé kòmandman-ou yo.

- 70 Kè yo gro tankou grès : \*  
kanta mouin minm sé nan laloua-ou la mouin jouinn plézi mouin.
- 71 Sa bon pou mouin poutèt mouin té umilié : \*  
pou-m aprann désizyon-ou yo.
- 72 Li bon pou mouin, laloua bouch ou-a, \*  
plis pasé milion lò ak lajan.
- 73 Min-ou yo fè-m, yo fiksé-m : \*  
ban-m intèlijans, m-a aprann lòd ou yo.
- 74 Sa-k krinn ou yo, y-ap ouè-m, y-ap kontan : \*  
paské nan paròl ou yo mouin éspéré byin éspéré.
- 75 Mouin konnin, Granmèt, jijman-ou yo kòrèk : \*  
sé nan vérité ou té umilié-m.
- 76 Sé pou mizérikòd ou-a rivé pou-l konsolé-m, \*  
dapré promès ou bay sèvitè-ou la.
- 77 Sé pou pitié-ou yo vi-n sou mouin pou-m viv : \*  
paské laloua-ou la sé plézi-m li yé.
- 78 Sé pou yo ront, ògèyé yo, paské yo chajé-m ak manti : \*  
mouin minm minm m-ap médité nan kòmandman-ou yo.
- 79 Moun ki krinn ou yo ap viré koté-m : \*  
ni sa-k aprann témouagnaj ou yo.
- 80 Fè kè-m vi-n san tach nan désizyon-ou yo, \*  
pou-m pa ront.
- 81 Nanm mouin rivé jous nan bout nan sovè ou sovè-m nan : \*  
nan paròl ou-a mouin éspéré byin éspéré.
- 82 Jé-m rivé jous nan bout nan promès ou-a, \*  
antan y-ap di : « Kilè ou-ap konsolé-m ? ».
- 83 Mouin tankou yon véso po-bèt nan lafimin : \*  
volonté-ou yo, mouin pa bliyé yo.
- 84 Konbyin yo yé, jou sèvitè-ou yo ? \*  
Kilè ou-ap fè jijman osijè pèsèkitè-m yo ?
- 85 Ògèyé yo fouyé fòs pou mouin : \*  
yo minm ki pa dapré laloua-ou la.
- 86 Tout lòd ou yo sé vérité : \*  
y-ap pèsèkitè-m ak manti ; poté-m sékou.
- 87 Yon ti kras ankò yo t-ap fini avèk mouin sou tè-a : \*  
mouin minm minm mouin pa kitè kòmandman-ou yo.

- 88 Dapré mizérikòd ou-a fè-m viv : \*  
m-ap kinbé témouagnaj bouch ou-a.
- 89 Pou tout tan, Granmèt, \*  
paròl ou-a fiksé nan sièl la.
- 90 Pou jénérasyon ak jénérasyon vérité-ou la : \*  
ou té fiksé tè-a, li rété kanpé.
- 91 Dapré jijman-ou yo yo diré jodi-a : \*  
paské tout bagay sèvi-ou.
- 92 Si laloua-ou la pa-t jouisans mouin : \*  
mouin t-a pétèt péri nan mizè-m nan.
- 93 Pou tout tan mouin pap bliyé kòmandman-ou yo : \*  
paské sé nan yo ou fè-m viv.
- 94 Sé pou ou mouin yé, sové-m : \*  
paské sé kòmandman-ou yo mouin rét ap chèché.
- 95 Péchè yo ap tann mouin, pou yo pèdi-m : \*  
mouin mété kè-m nan témouagnaj ou yo.
- 96 Mouin ouè bout tout sa ki kòrèk nèt : \*  
lòd ou-a laj anpil.
- 97 Sé pa ti kras rinmin mouin rinmin laloua-ou la, Grnamèt : \*  
tout jounin li sé méditation-m.
- 98 Anlè ènmi-m yo lòd ou-a fè-m saj : \*  
paské pou tout tan sé pou mouin li yé.
- 99 Plis pasé sa k-ap anségné-m yo mouin gin ladrès : \*  
paské témouagnaj ou yo sé méditation-m.
- 100 Plis pasé ansyin yo mouin gin intéljans : \*  
paské kòmandman-ou yo, mouin obsèvé yo.
- 101 Mouin anpéché pié-m al nan okinn mové chémin : \*  
pou-m kinbé paròl ou yo.
- 102 Mouin pa dévié sot nan jijman-ou yo : \*  
paské ou mété laloua-a dévan-m.
- 103 Ala dous paròl ou yo dous nan palèt mouin : \*  
plis pasé siro mièl nan bouch mouin.
- 104 Akòz kòmandman-ou yo mouin gin intéljans : \*  
sé poua mouin rayi tout chémin manti.
- 105 Lanp pou pié mouin yo paròl ou-a, \*  
limiè pou santié-m yo.

- 106 Mouin fè sèman, mouin rété fidèl \*  
pou-m kinbé jijman jistis ou-a.
- 107 Mouin rabésé jous nan fon, Granmèt : \*  
fè-m viv dapré paròl ou-a.
- 108 Ofrann bouch mouin-an, sé pou yo fè-ou plézi, Granmèt : \*  
jijman-ou yo, aprann mouin yo.
- 109 Nanm mouin nan min-m tout tan : \*  
laloua-ou la, mouin pa bliyé-l.
- 110 Péchè yo pozé pièj pou mouin : \*  
mouin pa dévié sot nan kòmandman-ou yo.
- 111 Éritaj mouin sé témouagnaj ou yo pou tout tan : \*  
paské sé kontantman kè-m yo yé.
- 112 Mouin panché kè-m pou fè jistis ou yo : \*  
pou tout tan, jouskalafin.
- 113 Mouin rayi sa-k gin kè doub yo : \*  
min mouin rinmin laloua-ou la.
- 114 Kachèt mouin ak boukliyé-m sé ou minm : \*  
nan paròl ou-a mouin éspéré byin éspéré.
- 115 Viré sot koté-m, méchan yo : \*  
m-ap obsèvé lòd Bondié-m nan.
- 116 Résévoua-m dapré promès ou-a, m-ap viv : \*  
pa kitè-m ront nan sa m-ap tann nan.
- 117 Soutni-m, m-a sové : \*  
m-a joui tout tan nan jistifikasion-ou yo.
- 118 Ou chaviré tou sa-k viré do yo sot nan jistifikasion-ou yo : \*  
paské sé manti pansé yo yé.
- 119 Ou lagé tout péchè tè yo tankou larouy : \*  
sé poussa mouin rinmin témouagnaj ou yo.
- 120 Chè-m ap tranblé anba krint ou : \*  
dévan jijman-ou yo mouin pè.
- 121 Mouin fè jijman ak jistis : \*  
pa lagé-m bay sa k-ap fè manti sou mouin yo.
- 122 Sèvi garanti pou sèvitè-ou la nan byin-an : \*  
pa kitè ògèyé yo fè manti sou mouin.
- 123 Jé-m rivé jous nan bout antan-m anvi ouè sové ou sové-m nan : \*  
avèk promès jistis ou-a.

- 124 Aji avèk sévité-ou la dapré mizérikòd ou-a : \*  
apranm mouin jistikasyon-ou yo.
- 125 Sé sèvité-ou mouin yé : \*  
ban-m intéljans, pou-m konnin témouagnaj ou yo.
- 126 Li tan pou-ou aji, Granmèt : \*  
yo gayé laloua-ou la.
- 127 Sé poussa mouin té rinmin kòmandman-ou yo, \*  
plis pasé lò avèk piè-bijou.
- 128 Sé poussa m-ap pran diréksion tout kòmandman-ou yo : \*  
tout chémin manti mouin té rayi-l.
- 129 Témouagnaj ou yo ékstraòdinè : \*  
sé poussa nanm mouin té kinbé yo.
- 130 Déklarasyon paròl ou yo kléré : \*  
épi li bay ti moun yo intéljans.
- 131 Mouin louvri bouch mouin, épi mouin aspiré Éspri-a : \*  
paské mouin té anvi kòmandman-ou yo.
- 132 Viré koté-m, pran pitié pou mouin, \*  
dapré jijman-ou avèk sa yo ki rinmin non-ou nan.
- 133 Dirijé démach mouin dapré promès ou-a : \*  
pou okinn péché pa kòmandé sou mouin.
- 134 Délivré-m sot nan kalomni moun yo : \*  
pou-m kinbé kòmandman-ou yo.
- 135 Fè fas ou kléré sou sèvité-ou la : \*  
épi apranm mouin désizyon-ou yo.
- 136 Rigòl dlo koulé sot nan jé-m : \*  
paské yo pa obsèvé laloua-ou la.
- 137 Ou kòrèk, Granmèt : \*  
jijman-ou yo douat.
- 138 Ou kòmandé témouagnaj ou-a nan jistis : \*  
épi nan anpil vérité.
- 139 Jalouzi-m nan fini avèk mouin : \*  
paské ènmi-m yo bliyé paròl ou yo.
- 140 Promès ou-a pasé nan difé byin pasé : \*  
sèvité-ou la rinmin-l.
- 141 Mouin tou jèn, yo méprizé-m : \*  
kòmandman-ou yo mouin pa bliyé yo.
- 142 Jistis ou-a sé jistis ki égzisté tout tan : \*  
laloua-ou la sé vérité.

- 143 Tribilasyon ak kè séré anvayi-m : \*  
lòd ou yo sé plézi-m.
- 144 Jistis témouagnaj ou yo pou tout tan : \*  
ban-m intéljans, épi m-a viv.
- 145 Mouin rélé ak tout kè-m, kouté-m, Granmèt : \*  
m-ap obsèvé jistikasyon-ou yo.
- 146 M-ap rélé-ou, sovè-m : \*  
m-ap kinbé témouagnaj ou-a.
- 147 Mouin lévé anvan dévan-jou, m-ap rélé : \*  
nan paròl ou yo mouin espéré byin espéré.
- 148 Jé-m louvri anvan vijil yo : \*  
pou-m médité promès ou yo.
- 149 Kouté voua-m dapré mizèrikòd ou-a, Granmèt, \*  
dapré jijman-ou nan fè-m viv.
- 150 Y-ap proché, sa yo k-ap pèsékité-m nan méchansté yo : \*  
min yo rét louin laloua-ou la.
- 151 Ou tou pré, Granmèt : \*  
tout lòd ou yo sé vérité.
- 152 Dépi nan kòmansman mouin konnin osijè témouagnaj ou yo : \*  
sé dépi tout tan ou fiksé yo.
- 153 Gadé jan-m rabésé, dégajé-m : \*  
paské mouin pa bliyé laloua-ou la.
- 154 Jijé kòz mouin-an, rachté-m : \*  
poutèt promès ou-a fè-m viv.
- 155 Li louin péchè yo, sovè ou sovè nou-an : \*  
paské yo pa chèché désizyon-ou yo.
- 156 Mizèrikòd ou yo anpil, Granmèt : \*  
dapré jijman-ou yo, fè-m viv.
- 157 Yo anpil, sa yo k-ap pèsékité-m yo, k-ap fè-m pasé tray yo : \*  
mouin pa dévié sot nan témouagnaj ou yo.
- 158 Mouin ouè sa yo k-ap fè rébèl yo, sa dégouté-m : \*  
paské yo pa kinbé promès ou yo.
- 159 Gadé jan mouin rinmin kòmandman-ou yo, Granmèt : \*  
dapré mizèrikòd ou-a, fè-m viv.
- 160 Kòmansman paròl ou yo sé vérité : \*  
sé pou tout tan tout jijman jistis ou yo.

- 161 Chèf yo pèsékité-m san rézon : \*  
min sé nan paròl ou yo kè-m tranblé.
- 162 M-ap kontan mouin minm osijè promès ou yo : \*  
tankou yon moun ki jouinn anpil richès.
- 163 Mouin rayi manti, mouin pa vlé ouè-l : \*  
sé laloua-ou la mouin rinmin.
- 164 Sèt foua chak jou m-ap di louanj pou ou, \*  
osijè jijman jistis ou-a.
- 165 Anpil lapè pou sa yo ki rinmin laloua-ou la : \*  
pou yo, li pa sèvi bariè.
- 166 Mouin t-ap tann sovè ou sovè-m nan, Granmèt : \*  
mouin réalizé lòd ou yo.
- 167 Nanm mouin kinbé témouagnaj ou yo : \*  
mouin rinmin yo anpil.
- 168 Mouin kinbé kòmandman-ou yo ak témouagnaj ou yo : \*  
paské tout rout mouin yo dévan fas ou.
- 169 Sé pou priyè-m nan proche nan fas ou, Granmèt : \*  
dapré paròl ou-a, ban-m intèlijans.
- 170 Sé pou démann mouin-an antré nan fas nou : \*  
dapré promès ou-a libéré-m.
- 171 Bouch mouin déklaré kantik, \*  
lè ou-ap aprann mouin désizion-ou yo.
- 172 Lang mouin chanté promès ou : \*  
paské tout lòd ou yo sé jistis.
- 173 Sé pou min-ou vi-n poté-m sékou : \*  
paské mouin chouazi kòmandman-ou yo.
- 174 Mouin anvi délivrans ou-a, Granmèt : \*  
laloua-ou la sé plézi-m.
- 175 Sé pou nanm mouin viv, l-ap fè louanj ou : \*  
jijman-ou yo ap poté-m sékou.
- 176 Mouin pèdi rout tankou mouton, k-ap péri : \*  
chèché sèvitè-ou la, paské mouin pa bliyé lòd ou yo.



158.

## PSÒM 120

- 1 M-ap lévé jé-m nan mòn yo, \*  
koté sékou-m ap soti ?
- 2 Sékou-m ap vi-n sot nan Granmèt la, \*  
ki té fè sièl la ak tè-a.
- 3 Li pap kite pié-ou bité : \*  
li pap dòmi, li minm k-ap véyé sou ou-a.
- 4 Gadé li pap dòmi, li pap fèmin jé-l, \*  
li minm k-ap véyé sou Israël la.
- 5 Granmèt la ap véyé sou ou, Granmèt la sé lonbraj ou, \*  
li sou bò min douat ou.
- 6 Lajounin solèy pap frapé-ou : \*  
ni lali-n pandan lannuit.
- 7 Granmèt la ap véyé sou ou kont tout malè : \*  
Granmèt la ap véyé sou nanm ou.
- 8 Granmèt la ap véyé sou antré-ou ak sòti-ou : \*  
dépi koulié-a jous pou tout tan.

159.

## PSÒM 121

- 1 Mouin kontan, lè yo té di-m : \*  
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».
- 2 Pié nou déja kanpé, \*  
nan pòt ou yo, Jérusalèm.
- 3 Jérusalèm ki bati tankou yon vil : \*  
koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.
- 4 Sé la réyèlman fanmiy yo ap monté, fanmiy Granmèt la : \*  
témouagnaj Israël, pou fè louanj pou non Granmèt la.
- 5 Paské sé la tro-n yo ap pozé pou jijman-an, \*  
tro-n kay David la.
- 6 Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : \*  
Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan.
- 7 Sé pou gin lapè nan miray ou yo : \*  
ak sékirité nan sitadèl ou yo.

- 8 Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo, \*  
m-ap di : « Lapè nan ou ! »
- 9 Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, \*  
m-ap mandé byin pou ou.

**160.**

## PSÒM 122

- 1 Koté-ou mouin té lévé jé-m, \*  
ou minm ki abité nan sièl yo.
- 2 Min sé tankou jé sèvitè yo \*  
kot min mèt yo.  
Tankou jé sèvant la kot min mètrès li : \*  
sé konsa jé nou kot Granmèt Bondié nou-an,  
joustan li pran pitié pou nou.
- 3 Pitié pou nou, Granmèt, pitié pou nou : \*  
paské nou plin ak mépri :
- 4 Paské nanm nou plin anpil : \*  
ak rizib moun ki rich yo, ak mépri moun yo k-ap lévé tèt yo-a.

**161.**

## PSÒM 125

- 1 Lè Granmèt la té fè prizonié Siyon yo tounin-an : \*  
nou té tankou nan rèv.
- 2 Lè sa-a bouch nou té plin ak kontantman : \*  
épi lang nou ak chanté fèt.  
Lè sa-a yo t-ap di nan pami nasion yo : \*  
« Granmèt la fè mèvèy avèk yo ».
- 3 Granmèt la fè mèvèy avèk nou : \*  
nou vi-n gin kè kontan.
- 4 Granmèt, fè prizonié nou yo tounin, \*  
tankou ravi-n nan sid yo.
- 5 Moun ki simin ak dlo nan jé, \*  
yo ranmasé ak chanté fèt.
- 6 Yo t-apralé, yo t-ap kriyé : \*  
antan y-ap poté sémans pou simin-an.  
Y-ap vini sou rout la ak chanté fèt, \*  
pandan y-ap poté zépi yo.

162. **Rép.** Mouin rélé koté-ou, Granmèt.

163. **Réf.** Nanm mouin espéré nan Granmèt la.

### PSÒM 129

- 1 Nan bafon yo m-ap rélé koté-ou, Granmèt : \*
- 2 Granmèt, kouté voua-m.  
Sé pou zòrèy ou panché \*  
nan voua priyè-m nan.
- 3 Si-ou kinbé fot yo, Granmèt : \*  
Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?
- 4 Paské koté-ou sé padon : \*  
épi nou krinn ou.
- 5 M-ap tann ou, Granmèt : \*  
nanm mouin ap tann nan paròl li.
- 6 nanm mouin espéré nan Granmèt la : \*  
plis pasé yon santinèl k-ap espéré dévan-jou.  
Plis pasé yon santinèl k-ap espéré dévan-jou : \*
- 7 sé pou Israèl espéré nan Granmèt la.  
Paské kot Granmèt la sé mizérikòd : \*  
sé rédanmsion an kantité koté-l.
- 8 Sé li minm k-ap rachté Israèl \*  
sot nan tout fot li yo.

164.

### PSÒM 131

- 1 Sonjé David, Granmèt, \*  
ak tout bon kè-l.
- 2 Sèkè li té fè sèman bay Granmèt la, \*  
yon vé li té fè bay Sa-a ki gin pouvoua nan Jakòb la :
- 3 « Mouin pap antré nan tant lakay mouin-an, \*  
mouin pap monté sou kabann koté-m kouché-a ;
- 4 mouin pap bay jé-m somèy, \*  
ni pòpiè-m yon ti répo :
- 5 joustan mouin jouinn yon plas pou Granmèt la, \*  
yon tant pou Sa-a ki gin pouvoua nan Jakòb la ».

- 6 Min nou tandé li nan Éfrata : \*  
nou jouinn li nan boua Yaar yo.
- 7 An nou antré nan tant li-a : \*  
An nou adoré nan machéskalié pié-l.
- 8 Lévé, Granmèt, nan répo-ou, \*  
ou minm ak ach fòs ou-a.
- 9 Prèt ou yo abiyé ak jistis : \*  
sin-ou yo kontan.
- 10 Poutèt David, sèvitè-ou la, \*  
pa viré fas Kris ou-a.
- 11 Granmèt la fè sèman bay David, sé vérité, li pap démanté-l : \*  
« Sé nan foui vant ou m-ap mété sou tro-n ou-an ».
- 12 Si pitit li yo kinbé téstaman-m nan, \*  
ak témouagnaj mouin yo m-ap anségné yo-a,  
pitit yo pou tout tan \*  
ap chita sou tro-n ou-an ».
- 13 Sèké Granmèt la chouazi Siyon : \*  
li té anvi-l kòm kay pou li
- 14 « Sa-a sé répo-m pou tout tan gin tan : \*  
sé isit la m-ap abité, paské mouin anvi-l ».
- 15 Manjé-l yo, m-ap béni yo byin béni : \*  
pòv li yo m-ap plin yo ak pin.
- 16 Prèt li yo m-ap abiyé yo ak sové mouin sové yo-a : \*  
sin-l yo, y-ap fété ak kontantman.
- 17 Sé la m-ap fè kòn David jèmin, \*  
m-ap paré yon lanp pou Kris mouin-an.
- 18 M-ap fè ènmi-l yo ront : \*  
min sou li sé kouròn li k-ap fléri ».

**165.****PsòM 133**

- 1 Gadé, fè konpliman pou Granmèt la, \*  
nou tout sèvitè Granmèt la,  
ki kanpé nan kay Granmèt la, \*  
tout nan nuit la.
- 2 Lévé min nou nan diréksion sanktuè-a, \*  
fè konpliman pou Granmèt la.
- 3 Sé pou Granmèt la béni-ou antan-l nan Siyon, \*  
li minm ki fè sièl la ak tè-a.

**166. Pandan y-ap poté kò-a sot nan légliz la, dèt réfrin yo kapab chouazi :**

Mouin sé réziréksion-an ak lavi-a :

Moun ki kouè nan mouin minm si-l t-a mouri, l-ap viv :

épi tout moun k-ap viv épi ki kouè nan mouin, li pap janm mouri.

**III. PRIYÈ POU STASION NAN LAKAY DÉFIN-AN**

Tout priyè yo ki suiv yo, minm si yo propozé yo pou yon moman fiks nan finéray la, minm si sé pou dèt, yo kapab sèvi avèk yo, antan yo fè atansyon kalité mòd jan priyè pou chak moun.

**1****167. Pou yon défin**

**Ou minm, Granmèt, Papa ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua, n-ap priyé-ou ak siplikasion pou nanm sèvitè-ou N.,**

**li minm ou pasé lòd sot nan sièk tan sa-a vi-n jouinn ou, pou-ou aksépté ba li koté fréchè, limiè ak lapè.**

**Sé pou-l gin pèmision travèsé pòtay lanmò yo san chòk épi sé pou-l rété nan kay sin yo ak nan limiè ki sin-an, sa lontan ou té promèt bay Abraam ak désandans li-a.**

**Pa kité nanm li sibi okinn atak,**

**min, lè gran jou réziréksion sa-a**

**ak jou salè-a ap rivé,**

**sé pou-ou aksépté résisitè-l, Granmèt, ansanm avèk sin yo**

**épi sa yo ou chouazi yo ;**

**padonnin-l tout fot ak péché,**

**épi sé pou ansanm avèk ou li joui lavi ki pap janm mouri-a**

**ni péyi roua tout tan-an.**

**R: Amèn.**

## 2

## 168. Pou yon défin

Nan min-ou, Granmèt,

nou rinmèt frè nou-an antan nou bésé tèt nou byin ba  
 pou, li minm ou té toujou ap rapousuiv nan lavi sa-a k-ap mouri-a  
 avèk amou-ou ki pa gin limit la,  
 koulié-a, antan-l libéré anba tout mal,  
 sé pou-ou pasé lòd pou-l antré nan répo tout tan-an.  
 Sé pousa n-ap priyé bon kè-ou  
 pou, puiské bagay lontan yo déjà fi-n pati,  
 ou fè-l antré nan paradi-ou la avèk bon kè-ou,  
 koté pap gin ni dèy, ni rèl, ni doulè ankò,  
 min lapè ak kontantman, ansanm avèk Pitit ou-a épi Éspri Sin-an  
 pou tout tan gin tan.

℞ Amèn.

## 3

## 169. Pou yon défin ak pou moun ki nan lapinn yo.

Granmèt, Rédanmtè nou,

ou minm ki té rinmèt pròp tèt ou bay lanmò-a,  
 pou tout moun té kapab sové,  
 épi pou yo té kapab travèsé al nan lavi antan yo soti nan lanmò-a,  
 n-ap priyé kè-ou ki bon anpil la antan nou bésé tèt nou byin ba,  
 pou-ou aksépté voyé jé sou tout sèvitè-ou yo ki nan lapinn yo,  
 épi k-ap priyé ak siplikasyon pou pròch yo-a yo pèdi-a.  
 Li minm, tout péché-l yo, padonnin yo, Granmèt,  
 ou minm ki sèl sin épi ki plin mizérikòd,  
 ou minm ki atravè lanmò pa-ou la  
 ou té louvri pòt lavi-a bay fidèl ou yo.  
 Pa pèmèt frè nou-an séparé sot koté-ou, Roua tout tan,  
 min gras a puisans gloua-ou la,  
 louvri pou li koté limiè, kontantman ak lapè.  
 Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

℞ Amèn.

## IV. PRIYÈ POU LITIJI PARÒL LA

An plis priyè yo yo propozé isit la, yo kapab pran tout priyè ki indiké pou Mès défin yo.

Tèks priyè yo dòdinè yo propozé-l pou yon défin. Chak foua yo sèvi avèk yo pou fi oubyin pou anpil moun, y-ap chanjé tèks la jan sa doué fèt.

## 1

170. Bondié Papa ki gin tout pouvoua,  
ou minm lafoua nou proklamé  
Pitit ou-a té mouri épi li résisité,  
fè nou favè, tanpri, pou gras a mistè sa-a  
sèvitè-ou la **N.**, k-ap dòmi nan li-a,  
li kontan résisité pa pouvoua li.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R:** Amèn.

## 2

171. Bondié, gloua fidèl yo ak lavi sin yo,  
ou minm Pitit ou-a rachté nou ak lanmò-l ak réziréksion-l,  
pran pitié pou sèvitè-ou **N.**,  
pou, li minm ki té rékonèt mistè réziréksion nou-an,  
li mérité résévoua lajoua kontantman-an.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R:** Amèn.

## 3

172. Bondié Papa ki gin tout pouvoua,  
ou minm ki té rann nou solid ak mistè lakoua-a  
épi ki té maké nou ak sakréman réziréksion Pitit ou-a,  
fè sèvitè-ou la **N.** favè, tanpri,  
pou, antan-l dégajé sot nan kòd lanmò yo,  
li antré nan fanmiy sa yo ou chouazi yo.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R:** Amèn.

## 4

173. Priyé nou yo, Granmèt, ak bon kè kouté yo,  
 pou, antan lafoua nou pran nésans  
 nan Pitit ou-a ki résisité sot nan pami mò yo,  
 éspérans nou-an tou jouinn asirans  
 antan n-ap tann réziréksion sèvitè-ou la **N.**  
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.  
 R: Amèn.

## 5

174. Bondié, ou minm koté-ou tou sa k-ap mouri viv,  
 ou minm pou ou kò nou yo pa péri antan yo mouri-a,  
 min sé chanjé yo chanjé pou yo vi-n pi bon,  
 n-ap priyé-ou ak siplikasion  
 pou ou pasé lòd résévoua nanm sèvitè-ou la **N.**  
 nan vant zanmi-ou nan patriarch Abraam,  
 antan-ou résisité-l nan dènié jou gran jijman-an ;  
 épi, si-l té angajé nan kichòy ki kontrarié-ou  
 nan réjim koté n-ap mouri-a,  
 ak bon kè-ou lavé-l antan-ou padonnin-l.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.  
 R: Amèn.

## 6

175. Antan nou bésé tèt nou byin ba n-ap priyé mizérikòd ou-a,  
 Granmèt,  
 pou nanm sèvitè-ou la, **N.**, ou résévoua-l avèk byinvéyans,  
 épi pou-ou ba-l pitié-ou yo an kantité,  
 pou ninpòt sa li té konpromèt nan konduit sou tè-a,  
 li nétouayé gras a bon kè-ou la  
 épi, antan chinn lanmò yo défèt,  
 li mérité travèsé al nan lavi-a.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.  
 R: Amèn.



## 7

176. **Kè nou yo, Granmèt,**  
**dispozé yo tanpri pou kouté paròl ou-a,**  
**pou, antan yo jouinn limiè nan fènoua yo épi lafoua nan dout yo,**  
**nou youn konsolé lòt nan paròl sa yo.**  
**Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**  
**R: Amèn.**

## 8

177. **Pou yon défin ki tou jèn.**  
**Bondié, ou minm ki réglé lavi tout moun ak tan yo,**  
**sèvitè-ou sa-a N.,**  
**ki mouri nan tan kout épi n-ap kriyé anpil pou li-a,**  
**nou rékòmandé-ou li antan nou bésé tèt nou byin ba,**  
**pou-ou fè-l plin fòs jèn laj la nan kontantman tout tan kay ou-a.**  
**Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**  
**R: Amèn.**

## 9

178. **Pou yon défin ki té travay nan sèvis Bòn Nouvèl la.**  
**Mizérikòd ou-a, Granmèt,**  
**n-ap priyé-l ak siplikasyon pou sèvitè-ou la N.,**  
**pou, li minm ki té travay san rété pou gayé Bòn Nouvèl la,**  
**li mérité antré avèk asirans nan rékonpans péyi roua-a.**  
**Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**  
**R: Amèn.**

## 10

179. **Pou yon défin ki mouri apré yon maladi ki long.**  
**Bondié, ou minm ki té fè sèvitè-ou la N.**  
**sèvi-ou nan tribilasyon ak maladi,**  
**pou, li minm ki té suiv égzanp pasians Pitit ou-a,**  
**li rivé jouinn rékonpans gloua li-a tou.**  
**Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**  
**R: Amèn.**

## 11

180. Pou yon défin ki mouri mò sibat.

Puisans bon kè-ou ki san limit-la, montré nou-l, Granmèt,  
pou, nou minm k-ap kriyé frè nou-an **N.** ki mouri mò sibat la,  
nou kouè li travèsé al nan konpagni-ou.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

℟: Amèn.

## 12

181. Pou paran yo.

Bondié, ou minm ki té kòmandé nou pou nou onoré papa ak  
manman,

pran pitié ak bon kè pou papa-m ak manman-m

(pou paran nou yo)

épi padonnin péché yo,

épi mouin minm tou (nou minm tou) fè-m ouè yo nan kontantman  
klètè k-ap diré tout tan-an.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

℟: Amèn.

## 13

182. Pou moun marié yo.

Sèvitè-ou yo **N.** avèk **N.**, tanpri, Granmèt

padonnin yo ak bon kè,

pou, yo minm amou konjugal la té asosié ak fidélté nan lavi sa-a  
plénitud charité-ou la uni yo pou tout tan gin tan.

℟: Amèn.

V. INVITASION POU DÈNIÉ RÉKÒMANDASION-AN  
AVÈK ORÉVOUA-A

## 1

183. Frè nou-an ap dòmni nan lapè Kris la. Nan lafoua ak  
éspérans lavi tout tan-an, an nou rékòmandé-l bay mizérikòd  
Papa nou ki rinmin nou anpil la ; épi an nou akonpagné-l avèk  
priyé nou yo pou li minm ki apré li té fi-n résevoua adopsion pitit  
Bondié yo nan batèm nan, té jouinn fòs si souvan sou tab

Granmèt la pou nourri lavi-l, koulié-a yo rélé-l sou tab pitit yo nan sièl la, épi avèk sin yo li vi-n éritié promès tout tan yo.

Épi pou nou minm tou, an nou priyé Granmèt la, pou, nou minm k-ap plinn ak dlo nan jé koulié-a, yon lè ansanm avèk frè nou-an nou kapab al rankontré Kris la, lè li minm, lavi nou-an, l-ap parèt nan gloua li-a.

## 2

184. Kòm sé volonté Bondié ki gin tout pouvoua-a, pou-l rélé frè nou-an sot nan lavi sa-a al jouinn li, nou rinmèt kò li bay tè-a pou-l rétownin koté li té soti-a. Min kòm Kris la té résisité premié pitit nan pami mò yo, k-ap réfòmé kò nou ki rabésé-a antan li fè-l vi-n minm jan avèk kò li ki nan klèté-a, n-ap rékòmandé frè nou-an bay Granmèt la, pou-l pran-l nan lapè-l la épi pou-l résisité kò-l nan dènié jou-a.

## 3

185. Anvan nou séparé, an nou salué frè nou-an ansanm, pou orévoua n-ap déklaré koté sa-a nan dènié foua-a, li gin sans amou, li kalmé doulè, li rafèmi éspérans nou : la-a réyèlman yon lè n-ap anbrasé frè nou-an ankò nan kontantman amitié, koté amou Kris la, ki ranpòté viktoua sou tout bagay la, ap dépasé lanmò-a li minm minm nèt.

## 4

186. Apré nou fi-n vidé priyé avèk lafoua pou frè nou-an, alafin koulié-a n-ap di orévoua. « Salu » nou-an réyèlman, minm si-l pa démanti tristès séparation-an, sèlman li réfèt ak konsolasion éspérans la. Figi frè nou-an avèk amitié-l n-ap joui-l ankò, épi, gras a mizérikòd Bondié ap bay la, konpagni nou sa-a n-ap ranvouayé koulié-a antan nou chagrin nan éspas légliz la, n-ap rasanblé-l ankò ak kontantman yon lè nan péyi roua Bondié-a. Konsa sé pou nou youn konsolé lòt nan lafoua Kris la.

VI. RÉPONS POU RIT DÈNIÉ RÉKMANDASION-AN  
AVÈK ORÉVOUA-A

## 1

187. N-ap priyé-ou, Granmèt Bondié nou, pou-ou résévoua nanm défin sa-a, li minm ou té vidé san-ou pou li-a ; \* Sonjé, Granmèt sé pousiè nou yé épi moun nan tankou zèb ak flè jadin li yé.

Ÿ. Sa-m té fè yo, Granmèt, mouin pè épi dévan-ou mouin ront, antan ou sé mizérikòd \* Sonjé.

## 2

188. Anvan-m té fèt ou té konnin-m, épi sou pòtré-ou, Granmèt, ou té fòmé-m ; \* Koulié-a minm, m-ap rinnèt ou nanm mouin, Kréatè.

Ÿ. Sa-m té fè yo, Granmèt, mouin pè épi dévan-ou mouin ront, lè ou-ap vi-n jijé, pa kondané-m. \* Koulié-a minm.

## 3

189. Mouin kouè Rédanmtè-m nan vivan épi nan dènié jou-a m-ap résisité sot nan tè-a ; \* Épi nan chè mouin m-ap ouè Bondié sovè-m nan.

Ÿ. Sa-a m-ap ouè-a mouin minm, sé li minm minm, sé pa yon lòt épi sé jé-m k-ap kontanplé. \* Épi nan chè mouin.

Ÿ. Éspérans mouin sa-a li répozé nan vant mouin. \* Épi nan chè mouin.

## 4

190. Ou minm ki té résisité Lazar dékonpozé sot nan kavo-a : \* Ou minm, Granmèt, ba li répo ak koté padon-an.

Ÿ. Répo tout tan-an, ba li-l, Granmèt, épi sé pou limiè k-ap diré tout tan-an kléré sou li. \* Ou minm, Granmèt.

## 5

191. Délivré-m, Granmèt, anba puisans lanfè-a, ou minm ki té krazé pòtay bronz yo épi ki té vizité sa yo ki té anba tè-a, épi ki té ba yo limiè-a ; pou yo té ouè-ou, \* Yo minm ki té nan chatiman ténèb yo.

☩. Antan yo t-ap rélé, antan yo t-ap di : Vini, Rédanmtè nou-an. \* Yo minm ki té.

☩. Répo tout tan-an, ba yo li, Granmèt, épi sé pou limiè k-ap diré tout tan-an kléré sou yo. \* Yo minm.

VII. DÒT PRIYÈ ALAFIN DÈNIÉ RÉKÒMANDASION-AN  
AK ORÉVOUA-A

192. Nan min-ou, Granmèt,  
nou rékòmandé nanm sèvitè-ou la **N.**,  
pou antan-l défin nan sièk sa-a, li viv pou ou, épi péché yo li té fè,  
akoz frajilité konduit moun nan,  
éfasé yo nan padon bon kè-ou ki gin anpil mizérikòd.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

☩. Amèn.

VIII. BÉNÉDIKSION TONM NAN

## 1

193. Bondié, ou minm nanm fidèl yo ap chèché pitié-ou,  
aksépté béni tonb sa-a  
épi voyé anj ou ki sin-an pou véyé sou li ;  
épi moun sa-a kò-l antéré isit la,  
dégajé nanm li anba tout chinn fot yo,  
pou-l joui nan ou avèk sin-ou yo san rété.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

☩. Amèn.

## 2

194. Bondié, ou minm ki té plasé baz tè-a, ki té fòmé sièl yo,  
 épi ki té fiksé plas solid pou zétoual yo ;  
 ou minm ki té réparé moun nan ki té prizonié pièj lanmò-a  
 gras a bingn nan ki nétouayé-l la ;  
 ou minm ki té pasé Granmèt nou Jézu-Kri lòd  
 pou, antan li krazé pièj lanfè yo,  
 li résisité pou sové moun ki kouè yo,  
 épi pou-l résisité manb yo :  
 voyé jé ak pitié, Granmèt, sou tonb sa-a,  
 pou-l vi-n tounin, sou lòd ou, koté sèvitè-ou la ap dòmi anpè,  
 épi nan tan jijman-ou nan koté li résisité vrèman  
 ansanm ak sin yo.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R:** Amèn.

## 3

195. Bondié, ou minm ki té kondané moun nan ki té tonbé sot  
 nan kòmandman-ou nan  
 ak santans lanmò li mérité,  
 épi ou té montré-l viv  
 gras a pénitans épi avèk nouvo réziréksion,  
 ou minm ki té bay Abraam papa nou-an yon tonbo  
 nan tè ou té promèt li-a,  
 ou minm ki té souflé Jozèf moun kòrèk la ki té préparé kavo-a,  
 pou-l té antéré kò Granmèt,  
 n-ap mandé-ou ak kè krazé épi priyè ki gin konfians,  
 pou kavo sa-a,  
 ki paré pou antéré kò sèvitè-ou la,  
 byinvéyans ou aksépté voyé jé sou li épi béni li,  
 pou antan ladan-l chè-a dépozé  
 nanm nan ap kaché nan paradi-a.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R:** Amèn.

## IX. PRIYÈ POU FINI NAN SIMITIÈ-A

## 1

196. Bondié, ou minm ki prézan nan siplikasion kòrèk yo, ki aksépté voyé jé sou sa n-ap mandé-a ak bon kè-a, sèvitè-ou la **N.**

nou dépozé kò-l jodi-a ak bon kè nan sèvis n-ap fè-a ba-l pòsion kado ki sin-an ansanm avèk sin-ou yo épi sa-ou chouazi yo.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R:** Amèn.

## 2

197. Bondié, ou minm ki bay lavi épi ki réparé kò moun yo, ou minm ki té vlé pou péchè yo priyé-ou, kouté priyé n-ap vidé ak lapinn pou nanm sèvitè-ou la **N.**, pou, antan ou libéré-l anba lanmò, ou pasé lòd li réfè fòs li ansanm avèk sin-ou yo nan bèlté paradi-a. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R:** Amèn.

## 3

198. Bondié, ou minm jou-ou yo diré san rété-a, épi ou minm mizérikòd ou-a, yo pa kapab konté-l la, tout tan raplé nou jan lavi nou kout kijan lanmò-a toujou pa gin moman fiks. Sé pou Sint-Éspri ou la kondui nou nan sinteté-a ak jistis la pandan tout jou lavi nou-an sou tè sa-a ki la koulié-a pou nou rivé ak kontantman nan péyi koté ou roua-a, apré nou fi-n sèvi-ou sou tè-a nan komunion avèk Égliz ou-a nan konfians lafoua ki sètin, nan konsolasion éspérans ki sin épi nan charité ki kòrèk nètt avèk tout moun. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

**R:** Amèn.

## 4

199. Bondié ki gin tout pouvoua,  
ou minm ki té détoui lanmò nou-an  
pa lintèmediè Pitit ou, Jézu,  
ki mouri sou koua-a,  
épi ou minm ki té fè tonb yo vi-n sin  
pa lintèmediè li minm,  
soua antan li répozé nan kavou-a,  
soua antan li résisité avèk gloua sot nan pami mò yo,  
épi ou minm ki té réparé pou nou yon fason éstraòdinè lavi-a  
avèk imòtalité-a,  
kouté priyè nou yo  
pou sa yo k-ap tann éspérans réziréksion-an ki sin-an,  
antan yo mouri avèk Kris la épi yo antéré avèk li-a.

Bondié sa-k vivan yo ak sa-k mouri yo, fè nou favè, tanpri,  
pou, sa yo ki té rékonèt ou sou tè-a antan yo fidèl yo,  
yo fè louanj ou san rété nan sièl la antan yo sin.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.  
R: Amèn.

## X. FÒMUL PRIYÈ FIDÈL YO

## 1

200. Pou Mès oubyin pou litiji paròl la

Bondié Papa ki gin tout pouvoua-a, li minm ki té résisité Kris la  
Pitit li-a sot nan pami mò yo, pou sovè ni vivan yo ni mò yo, an  
nou rélé-l avèk fidèlité.

R: Bondié ki gin tout pouvoua, ak siplikasion n-ap lapriyè-ou.

Pou défin sa-a **N.**, li minm ki té résévoua sémans lavi tout tan-an  
lontan pa lintèmediè Batèm nan : pou Granmèt la aksépté fè-l  
antré nan konpagni sin yo, an nou lapriyè.

R: Bondié ki gin tout pouvoua, ak siplikasion n-ap lapriyè-ou.



Pou défin sa-a ki té manjé Kò Kris la, pin lavi tout tan-an : pou Granmèt la résisité-l nan dènié jou-a, an nou lapriyè.

✠ Bondié ki gin tout pouvoua, ak siplikasion n-ap lapriyè-ou.

(oubyin pou yon prèt) Pou défin sa-a ki té fè travay prèt nan Égliz la : pou Granmèt la fè-l patisipé nan litiji sièl la, an nou lapriyè.

✠ Bondié ki gin tout pouvoua, ak siplikasion n-ap lapriyè-ou.

Pou nanm frè nou yo, sa-k pi pròch nou yo avèk byinfètè nou yo : pou Granmèt la rinmèt yo rékonpans travay la, an nou lapriyè.

✠ Bondié ki gin tout pouvoua, ak siplikasion n-ap lapriyè-ou.

Pou tout moun ki té dòmi nan éspérans réziréksion-an : pou Granmèt la réservoua yo nan limiè fas li avèk bon kè-l, an nou lapriyè.

✠ Bondié ki gin tout pouvoua, ak siplikasion n-ap lapriyè-ou.

Pou frè nou yo ki té réyini isit la nan lafoua épi nan lapriyè : pou Granmèt la rasanblé nou nan péyi koté li roua nan gloua-a, an nou lapriyè.

✠ Bondié ki gin tout pouvoua, ak siplikasion n-ap lapriyè-ou.

### Priyè

Sé pou lapriyè moun k-ap sipliyé-ou yo profité pou nanm sèvitè-ou yo ak sèvant ou yo, tanpri Granmèt, pou rétiré yo sot nan tout péché yo épi pou fè yo patisipé nan rédanmsion-ou nan. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

✠ Amèn.

### 2

#### 201. Pou Mès oubyin pou litiji paròl la

An nou lapriyè ansanm koulié-a, frè-m yo, pa sèlman pou frè nou-an ki défin-an, min tou pou Égliz la, pou lapè sou tè-a épi pou nou sovè, ak siplikasion an nou priyé Bondié Granmèt nou-an.

✠ Kouté Granmèt épi pran pitié.

Pou tout Pastè Égliz la : pou sa y-ap préché nan paròl yo, yo rivé réalisé yo tou nan aksion yo.

**R:** Kouté Granmèt épi pran pitié.

Pou tout moun k-ap réglé afê piblik patri-a,  
pou yo dévlopé jistis la ak lapè-a.

**R:** Kouté Granmèt épi pran pitié.

Pou tout moun k-ap souffri ak doulè nanm oubyin kò,  
pou yo pa janm konprann Bondié lagé yo.

**R:** Kouté Granmèt épi pran pitié.

Pou Bondié aksépté délivré nanm sèvitè-l défin **N.** anba pouvoua  
tènèb avèk anba koté chatiman yo.

**R:** Kouté Granmèt épi pran pitié.

Pou tout péché-l yo, Granmèt la aksépté bliyé yo pou tout tan nan  
bon kè li-a.

**R:** Kouté Granmèt épi pran pitié.

Pou Granmèt la aksépté instalé-l fèm koté li, nan réjion lapè ak  
limiè.

**R:** Kouté Granmèt épi pran pitié.

Pou Granmèt la aksépté ba li kontantman ak konpagni ansanm  
avèk sin-l yo épi sa-l chouazi yo.

**R:** Kouté Granmèt épi pran pitié.

Pou défin nou yo ki pi pròch nou yo avèk byinfètè nou yo :  
pou Granmèt la résévoua yo nan limiè klètè li-a.

**R:** Kouté Granmèt épi pran pitié.

Pou tout fidèl défin yo :  
pou Granmèt la aksépté mété yo nan péyi roua sièl yo.

**R:** Kouté Granmèt épi pran pitié.

### Priyè

Bondié Kréatè ak Rédanmètè tout fidèl yo,  
bay nanm sèvitè-ou yo ak sèvant ou yo  
padon tout péché yo,  
pou padon yo té toujou espéré-a  
yo résévoua-l gras a siplikasion n-ap fè ak tout kè nou.  
Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

**R:** Amèn.

## 3

## 202. Pou stasion bò kavo-a

**Bondié, Papa mizérikòd yo, frè-m yo mouin rinmin anpil la, an nou lapriyè-l antan nou bésé tèt nou, pou frè nou yo ki té mouri ak lafoua nan Grammèt la.**

**Pou péché yo, ou padoné yo ak bon kè.**

**℞ N-ap lapriyè-ou kouté nou.**

**Pou résévoua bon aksion yo.**

**℞ N-ap lapriyè-ou kouté nou.**

**Pou yo minm ou résévoua yo ak byinvéyans nan lavi tout tan-an.**

**℞ N-ap lapriyè-ou kouté nou.**

**N-ap lapriyè tou pou tout moun ki régrèt défin sa-a.**

**Pou chagrin yo-a ou aksépté konsolé-l.**

**℞ N-ap lapriyè-ou kouté nou.**

**Pou gras a dousè amou-ou, ou aksépté konblé vid dèy yo-a.**

**℞ N-ap lapriyè-ou kouté nou.**

**Pou aksépté ogmanté lafoua yo épi asiré éspérans yo.**

**℞ N-ap lapriyè-ou kouté nou.**

**N-ap lapriyè-ou tou pou nou minm ki an pèlerinaj nan lavi sa-a.**

**Pou aksépté asiré nou nan sèvis ou-a ki sin-an épi konsèvé nou ladan-l.**

**℞ N-ap lapriyè-ou kouté nou.**

**Pou kè nou yo, ou aksépté lévé yo nan anvi sièl yo.**

**℞ N-ap lapriyè-ou kouté nou.**

## Priyè

**Bondié ki gin tout pouvoua, ki la dépi tout tan é pou tout tan,  
ou minm ki kòmandé alafoua vivan yo ak mò yo,  
épi ki pran pitié pou tout moun yo,  
sa yo ou té konnin davans yo t-ap pou ou yo  
ni nan lafoua ni nan aksion,**

**ak siplikasion n-ap lapriyè-ou  
pou, yo minm n-ap priyé anpil pou yo-a  
soua sièk tan sa-a kinbé yo toujou nan chè-a,  
soua sièk k-ap vini-an déjà résvoua yo antan yo soti nan kò-a,  
antan tout sin yo ap intèsédé,  
gras a byinvéyans bon kè-ou  
sé pou yo résvoua padon pou tout péché yo.  
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou.  
Ⲅ Amèn.**

## Chapit VII

# DIVÈS TÈKS KI VINI NAN FINÉRAY TIMOUN PITI KI BATIZÉ

## I. LÉKTU BIBLIK

### LÉKTU SOT NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

- 203.** *Izayi 25, 6a. 7-9* : « L-ap chaviré lanmò-a pou tout tan. »  
Jou sa-a : Granmèt lamé yo ap fè... **6 jous nan** yon résepsion bon viann pou tout pèp yo sou mòn sa-a. [p. 438, 469].
- 204.** *Lamantasion 3, 17-26* : « Li bon pou ré t an silans ap tann sové Bondié ap sové nou-an. »  
Nanm mouin égzilé sot nan lapè-a...  
**Antan yo pa mété lèt ébré yo** Vau, etc. [p. 469, 477].

### LÉKTU SOT NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

- 205.** *Romin 6, 3-4. 8-9* : « Nou kouè n-ap viv ansanm ak Kris la tou. »  
Frè-m yo : Èské nou pa konnin nou tout ki batizé... [p. 472].
- 206.** *Romin 14, 7-9* : « Soua n-ap viv, soua nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé. »  
Frè-m yo : Pèsonn nan nou pa viv pou pròp tèt li... [p. 473].
- 207.** *1 Korintyin 15, 20-23* : « Tout moun ap gin lavi nan Jézu-Kri. »  
Frè-m yo : Koulié-a Kris la résisité sot nan pami mò yo... [p. 473].
- 208.** *Éfézyin 1, 3-5* : « Li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt la, pou nou sin. »  
Konpliman pou Bondié Granmèt nou Jézu-Kri... [p. 473].
- 209.** *1 Tésalonisyin 4, 13-14. 18* : « N-ap toujou avèk Granmèt la. »  
Nou pa vlé, frè-m yo, pou nou pa konnin... [p. 474].
- 210.** *Apokalips 7, 9-10. 15-17* : « Bondié ap suiyé tout dlo nan jé yo. »  
Mouin minm Jan, mouin ouè yon gran foul... **15** Yo dévan tro-n Bondié-a... [p. 470].

- 211.** Apokalips 21, 1a. 3-5a : « Pap gin lanmò ankò. »  
Mouin minm, Jan, mouin ouè yon sièl nouvo... 3 Mouin tandé... 5  
jous nan mouin fè tout bagay nouvo... [p. 470].

### PSÒM RÉPONS YO

- 212.** Psòm 22, 1-3a, 3b-4, 5, 6  
R̥ (1) : Granmèt la souin-m, mouin pap manké anyin. [p. 470].
- 213.** Psòm 24, 4bc-5ab, 6 é 7 bc, 20-21  
R̥ (1b) : Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin. [p. 471].
- 214.** Psòm 41, 2. 3. 5 bcd ; 42, 3. 4  
R̥ (41, 3) : Nanm mouin souaf koté Bondié vivan-an,  
kilè m-apralé, pou-m parèt dévan fas Bondié ? [p. 471].
- 215.** Psòm 148, 1-2. 11-12ab, 12c-14a, 14bcd  
R̥ (12c) : Sé pou yo fè louanj pou non Granmèt la.  
oubyin Alélouya. [p. 472].

### ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL

- 216.** Matié 11, 25 : Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak  
tè-a, paské ou révéle mistè péyi-roua-a bay ti moun piti yo. [p. 474].
- 217.** Jan 6, 39 : Sa-a sé volonté Papa-m ki voyé-m nan, sèké tou sa-l ban  
mouin, pou-m pa pèdi anyin nan yo, min pou-m résisité-l nan dènié  
jou-a, sé sa Granmèt la di. [p. 474].
- 218.** 2 Korintyin 1, 3 b-4 a : Konpliman pou Papa mizérikòd yo ak Bondié  
tout konsolasion-an, li minm ki konsolé nou nan tout tribilasion nou-  
an. [p. 478].

### ÉVANJIL YO

- 219.** Matié 11, 25-30 : « Ou kaché bagay sa yo pou saj yo ak intélijan yo,  
ou révéle yo bay ti moun piti yo. »  
Lè sa-a, antan Jézu pran laparòl, li té di... [p. 475, 479].

220. **Jan 6, 37-40** : « Min volonté sa-a ki voyé-m nan, Papa-a, sèké tou sa-l ban mouin, pou-m pa pèdi anyin nan yo. »

Lè sa-a : Jézu di foul yo : « Tou sa Papa-a ban mouin... [p. 475].

[Pou yon timoun ki déjà patisipé nan Ékaristi-a.]

221. **Jan 6, 51-59 (Gr. 51-58)** : « Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan, épi mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a. »

Lè sa-a : Jézu té di foul Juif yo : « Mouin sé pin vivan-an... [p. 464].

222. **Jan 11, 32-38. 40** : « Si-ou kouè, ou-ap ouè gloua Bondié. »

Lè sa-a : Mari minm, sè Laza-a, lè-l rivé koté Jézu té yé-a... [p. 476].

222a. **Jan 19, 25-30** : « Min manman-ou. »

Lè sa-a : Tou kolé koua Jézu-a, manman-l té kanpé... [p. 476, 480].

## II. PRIYÈ YO

### 1

223. **Pou yon timoun défin.**

**Panché zòrèy ou, Granmèt, sou priyè nou yo,  
koté ak siplikasion n-ap priyé mizèrikòd ou-a,  
pou, ansanm avèk timoun sa-a N.,  
nou kouè ki déjà abité nan péyi koté ou roua-a,  
nou minm tou ou fè nou patisipé yon jou  
nan lavi k-ap diré tout tan-an.**

**Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

**R: Amèn.**

### 2

224. **Pou yon ti moun défin.**

**Nou rékòmandé-ou frè nou-an, Granmèt, antan nou bésé tèt nou,  
pou, li minm ou té rapousuiv avèk amou-ou ki san limit la,  
ou kondui-l avèk byinvéyans nan paradi-a  
koté pap gin ni dèy ni rèl, ni soufrans ankò,  
min lapè ak kontantman, avèk Pitit ou-a,**

**épi Éspri Sin-an pou tout tan gin tan.**

**R: Amèn.**

## 3

225. Pou moun k-ap kriyé yo.

Sèvitè-ou yo, tanpri, Granmèt, ak byinvéyans konsolé yo,  
 épi, puiské ti pitit sa-a bingn Batèm nan té lavé-a  
 ou té asosié-l nan lavi sièl la,  
 nou minm tou ansanm avèk li  
 fè nou patisipé nan kontantman k-ap diré tout tan-an.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.  
 R: Amèn.

## 4

226. Pou moun ki nan lapinn yo.

Fè nou favè, tanpri, Granmèt,  
 antan Mari, Manman Bondié ap intèsédé,  
 pou, li minm ki té kanpé nan pié koua-a  
 pandan Pitit la t-ap mouri-a,  
 li kanpé tou bò koté sa yo ki nan lapinn yo,  
 épi pou-l ba yo konsolasion lafoua-l la  
 épi pou-l mandé rékonpans la.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.  
 R: Amèn.

### III. INVITASION POU DÈNIÉ RÉKÒMANDASION-AN AVÈK ORÉVOUA-A

## 1

227. Ti pitit sa-a, ki té résévoua adopsion pitit Bondié yo gras a  
 Batèm nan, Granmèt la té vlé rélé-l vi-n jouinn li nan konsèy  
 providans li-a. Min kò-a, nou pran souin antéré-a, l-ap résisité  
 yon lè, pou-l fléri san rété nan nouvoté lavi-a. Nan éspérans lavi  
 sa-a nou ginyin avèk anpil asirans la, koté nou kouè ti pitit la ki  
 réfèt gras a Batèm nan déjà antré-a, an nou priyé Bondié pou-l  
 konsolé paran yo ak sa-k pi pròch yo épi pou-l soulvé nou tout  
 nan anvì sièl yo.



## 2

228. Antan n-ap akonpli sèvis fidèl yo konn fè dòdinè-a, dévoua antéré kò moun nan, an nou priyé avèk fidèlité Bondié ki pèmèt tout bagay viv la, pou kò ti pitit sa-a nou antéré nan féblès la, li résisité-l nan puisans nan ran sin yo, li minm ki té vlé fè nanm li antré nan asanblé sin yo ak fidèl yo.

#### IV. RÉPONS POU DÈNIÉ RÉKÒMANDASION-AN AK ORÉVOUA-A

229. Mouin kouè Rédanmtè-m nan vivan épi nan dènié jou-a m-ap résisité sot nan tè-a ; \* Épi nan chè mouin m-ap ouè Bondié sovè-m nan.

✠ Sa-a m-ap ouè-a mouin minm, sé li minm minm, sé pa yon lòt épi sé jé-m k-ap kontanplé. \* Épi nan chè mouin.

✠ Éspérans mouin sa-a li pozé fèm nan vant mouin. \* Épi nan chè mouin.

#### V. BÉNÉDIKSION KAVO-A

223. Bondié, ou minm nanm fidèl yo répozé sou pitié-ou, aksépté béni tonb sa-a, épi voyé anj ou ki sin-an pou véyé sou li ; épi moun sa-a kò li antéré isit la, résévoua nanm li avèk byinvéyans, pou nan ou ansanm avèk sin-ou yo li jouinn kontantman san rété. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

✠ Amèn.

## Chapit VIII

# DIVÈS TÈKS KI VINI NAN FINÉRAY TIMOUN PITI KI PA KO BATIZÉ

## I. LÉKTU BIBLIK

### LÉKTU SOT NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

- 231.** *Izayi 25, 6a. 7-8a* : « L-ap chaviré lanmò-a pou tout tan. »  
 Jou sa-a : Granmèt lamé yo ap fè... **6 jous nan** yon résepsion bon viann pou tout pèp yo sou mòn sa-a... **8 jous nan** sot nan tout figi. [p. 477].
- 232.** *Lamantasion 3, 17-26* : « Li bon pou rét an silans ap tann sové Bondié ap sové nou-an. »  
 Nanm mouin égzilé sot nan lapè-a...  
*Antan yo pa mété lèt ébré yo Vau, etc.* [p. 477].
- 233.** *Psòm 24, 4bc-5ab, 6 é 7 bc, 20-21*  
*Ⲁ (1b)* : Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin.  
*oubyin (3b)* : Tout moun ki konté sou ou, Granmèt, yo pap ront. [p. 478].
- 234a.** *Matié 11, 25-30* : « Ou kaché bagay sa yo pou saj yo ak intélijan yo, ou révélé yo bay ti moun piti yo. »  
 Lè sa-a, antan Jézu pran laparòl, li té di... [p. 479].
- 234.** *Mark 15, 33-46* : « Jézu minm lagé yon gran rèl, li rann souf li. »  
 Lè-l sizièm è-a... [p. 479].

## II. PRIYÈ YO

## 1

235. Résévoua démann fidèl ou yo, Granmèt,  
 pou, sa yo ou pèmèt ki krazé yo  
 antan y-ap sonjé sa yo pran sot nan min yo-a,  
 ou fè yo favè rédrésé avèk konfians nan éspérans pitié-ou la.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

✠ Amèn.

## 2

236. Ou minm ki sondé sa-k nan kè yo, Bondié, épi ki konn  
 konsolé ak kè-ou ki bon anpil la,  
 ou minm ki té konnin lafoua paran sa yo,  
 fè nou favè, pou ti pitit yo-a y-ap kriyé  
 poutèt li défin nan lavi sa-a,  
 yo konnin li antré nan pitié ou ginyin kòm Bondié-a.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

✠ Amèn.

Dòt priyè, n. 225.

III. INVITASION POU DÈNIÉ RÉKÒMANDASION-AN  
 AVÈK ORÉVOUA-A

237. Ti pitit sa-a, frè-m yo, an nou rékòmandé-l bay Granmèt la  
 épi pou paran-l yo an nou priyé anpil avèk charité ki fè nou fè  
 yon sèl la, yo minm, ki, pandan y-ap kriyé sou ti pitit la yo ouété  
 nan min yo-a, yo té rinmèt li bay mizérikòd Bondié pou-l konsolé  
 yo.

Dòt tèks yo kapab chouazi nan sa yo propozé pou ti moun ki batizé yo.

## DÉGI

## LÉKTU BIBLIK YO

## PRÉMIÉ LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

## 1

*Li aji byin, avèk santiman rélijijé, antan li pansé osijè rézirkéksion-an.*

**Léktu dézièm liv Makabé yo**

12, 43-46

Jou sa yo :

Juda, chèf Israèl la, fè yon kèt, chak moun bay ladan-l, li rivé alantou dé mil dragm, li voyé-l Jérusalèm pou ofri sakrifis pou péché moun mouri yo ; sa-l fè-a bon, li byin bèl, sé sonjé li sonjé rézirkéksion-an. (Sèk sa yo ki tonbé-a, si-l pa-t espéré yo t-ap résisité, li t-a trouvé priyé pou mò yo, sa t-ap yon gaspiyaj, sa pa t-ap sèvi anyin). Épi tou li té konsidéré sa yo ki té pran domi-an nan sèvis Bondié-a, yo t-ap jouinn pi bèl rékonpans séré ap tann yo.

Sé pousa li fè sakrifis padon pou mò yo, pou yo té kapab délivré anba kòd péché-a.

Paròl Granmèt la.

## 2

*Mouin konnin Rédanmtè-m nan ap viv.*

**Léktu liv Jòb**

19, 1. 23-27 a

Antan Jòb pran laparòl li di : « Ki moun ki t-a fè-m favè pou yo ékri paròl mouin yo ? Ki moun ki t-a ban-m posibilité pou yo gravé nan liv avèk yon kréyon fè, avèk yon lam an plon oubyin sizo afoua, pou yo t-a maké nan ròch ki di-a ?

Mouin konnin réyéلمان rédanmtè-m nan ap viv, nan dènié jou-a m-ap résisité sot anba tè-a. M-ap vlopé ak po-m ankò, épi nan chè-m m-ap ouè Bondié-m nan. Sa-a m-ap ouè mouin minm nan, sé ak jé-m m-ap gadé-l ».

Paròl Granmèt la.

## 3

*Li résévoua yo tankou sakrifis yo boulé tout-antié.*

**Léktu liv Sajès la**

3, 1-9

Nanm moun ki kòrèk yo, sé nan min Bondié yo yé, touman lanmò pap touché yo. Dévan jé moun san sajès yo, yo sanblé yo mouri ; lè yo pati kité

tè sa-a, moun yo konsidéré sa tankou yon malè ; lè y-al fè rout yo kité nou, sa parèt kòm si yo té péri ; époutan yo minm yo nan lapè.

Minm si dévan moun yo sibi anpil mati, éspérans yo-a konblé ak lavi ki pa kapab mouri-a.

Yo jouinn koréksion nan ti kras, y-ap jouinn bon pozision nan anpil ; sèk Bondié té sondé yo, épi li té jouinn yo kòrèk pou li.

Li fè yo bay prèv yo, tankou lò nan difé ; tankou sakrifis yo boulé tout-antié, li aksépté yo ; lè tan-an rivé, y-ap kléré.

Moun ki kòrèk yo ap kléré, tankou étinsèl y-ap kouri nan difé ; y-ap jijé nasion yo, y-ap kòmandé sou pèp yo, Grammèt yo-a kòmandé kòm roua pou tout tan.

Moun ki mét konfians nan li, y-ap konprann vérité-a. Moun ki fidèl yo ap rét avèk li nan rinmin-an, paské li bay kado ak lapè pou sa yo li chouazi-a.

Paròl Grammèt la.

### oubyin pi kout

#### Léktu liv Sajès la

3, 1-6. 9

Nanm moun ki kòrèk yo, sé nan min Bondié yo yé, touman lanmò pap touché yo. Dévan jé moun san sajès yo, yo sanblé yo mouri ; lè yo pati kité tè sa-a, moun yo konsidéré sa tankou yon malè ; lè y-al fè rout yo kité nou, sa parèt kòm si yo té péri ; époutan yo minm yo nan lapè.

Minm si dévan moun yo sibi anpil mati, éspérans yo-a konblé ak lavi ki pa kapab mouri-a.

Yo jouinn koréksion nan ti kras, y-ap jouinn bon pozision nan anpil ; sèk Bondié té sondé yo, épi li té jouinn yo kòrèk pou li.

Li fè yo bay prèv yo, tankou lò nan difé ; tankou sakrifis yo boulé tout-antié, li aksépté yo ; lè tan-an rivé, y-ap kléré.

Moun ki mét konfians nan li, y-ap konprann vérité-a. Moun ki fidèl yo ap rét avèk li nan rinmin-an, paské li bay kado ak lapè pou sa yo li chouazi-a.

Paròl Grammèt la.

#### Léktu liv Sajès la

4, 7-15

Moun ki kòrèk la minm, si-l mouri anvan-l gin tan réglé kichòy, sé nan fréchè l-ap yé. Vié grannmoun ki mérité konsidérasion, sé pa sa-k viv lontan, sé pa sou kantité ané yo konsidéré-l ; intélijans moun sé sa ki chévé blan, lavi san tach sé sa ki laj vié grannmoun.

Étan-l fè Bondié plézi, Bondié rinmin-l, étan l-ap viv nan pami péchè yo Bondié pozé-l yon lòt koté, li ouété-l ak fòs pou méchansté pa chanjé intéljans li, oubyin pou aparans byin pa troupé nanm li. Sèké atirans mal la voualé byin yo, toubiyon mové anvi-a gaté yon éspri ki pa gin méchansté.

Antan li fi-n kòrèk nèt nan yon ti moman-tan, sa fè li réalizé bagay ki mandé anpil tan ; sèké nanm li fè Bondié plézi, sé pou sa li fè vit li ouété-l sot nan mitan péché-a.

Pèp yo minm ouè sa, sèlman yo pa konprann, kè yo pa ouè kijan gras Bondié-a ak mizérikòd li-a, sé pou sa yo li chouazi-a, épi vizit li sé pou sin-l yo.

Paròl Granmèt la.

## 5

*L-ap chaviré lanmò-a pou tout tan.*

### Léktu liv profèt Izayi

25, 6 a. 7-9

Jou sa-a :

Granmèt lamé yo ap fè yon résépsion bon viann pou tout pèp yo sou mòn sa-a.

Sou mòn sa-a, l-ap chaviré fas chinn nan ki té maré sou tout pèp yo, ak voualé la ki té vlopé sou tout nasion yo.

L-ap chaviré lanmò-a pou tout tan, Granmèt Bondié ap ouété dlo sot nan tout figi, l-ap ouété laront pèp li-a sot sou tout tè-a, paské Granmèt la palé.

Jou sa-a y-ap di : « Min Bondié nou sa-a, nou t-ap tann li, épi l-ap sovè nou ; sé li minm Granmèt la, nou t-ap éspéré li, n-ap fété, n-ap fè kè nou kontan nan sovè li sovè nou-an ».

Paròl Granmèt la.

## 6

*Li bon pou rét an silans ap tann sovè Bondié ap sovè nou-an.*

### Léktu liv Lamantasion

3, 17-26

Nanm mouin égzilé sot nan lapè-a, mouin bliyé byin yo. Mouin té di : « Klètè-m nan péri ni éspérans mouin-an sot kot Granmèt la ». Sonjé kijan-m pòv, kijan m-ap trinnin, sé absint ak fièl. Mémoua-a sonjé, nanm mouin fonn anndan mouin. Bagay sa yo m-ap sonjé yo nan kè-m, sé pou sa m-ap éspéré.

Mizérikòd Granmèt la, paské nou pa dépéri, bon kè-l pa pati. Chak matin yo tou nèf, fidélité-ou gran.

« Pòsion-m sé Granmèt la, sé sa nanm mouin di ; sé pou sa m-ap tann li ».

Granmèt la bon pou moun ki konté sou li yo, pou nanm k-ap chèché-l yo. Sa bon pou tann nan silans sovè Granmèt la ap sovè nou-an.

Paròl Granmèt la.

7

*Sa k-ap dòmi nan pou siè tè-a y-ap révéyé.***Léktu liv profèt Danièl**

12, 1-3

Nan jou sa yo, mouin minm Danièl mouin t-ap plinn, mouin tandé paròl sa-a Granmèt la di : « Lè sa-a, Michèl gran chèf la ap lévé, li minm ki kanpé pou pitit pèp ou-a ; gin yon tan k-ap rivé ki pa-t gin parèy li dépi nasion yo té kòmansé égzisté jous nan tan sa-a.

Épi nan tan sa-a, pèp ou-a ap sové, tout moun y-ap jouinn non yo ékri nan liv la.

Anpil nan sa yo k-ap dòmi nan pou siè tè-a, y-ap révéyé ; yon pòsion pou lavi tout tan-an, lòt yo pou laront la, pou sé laront yo ouè tout tan.

Moun yo ki té aksépté ansègnman-an, y-ap kléré tankou klété sièl la, épi moun yo ki té bay anpil lòt yo ansègnman sou jistis la, y-ap tankou zétoual yo pou tout tan gin tan ».

Paròl Granmèt la.

**PRÉMIÉ LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN POU TAN PASKAL LA**

1

*Sé li minm Bondié instalé jij vivan yo ak mò yo.***Léktu Travay Apot yo**

10, 34-43

Jou sa yo :

Antan Piè louvri bouch li, li di : « Amèn, mouin rékonèt Bondié pa gadé sou figi moun, min nan tout nasion, moun ki krinn li, ki fè sa-k kòrèk, sé li minm li résévoua. Bondié voyé paròl la bay pitit Israèl yo, li anonsé lapè pa lintèmédiè Jézu-Kri : sa-a sé Granmèt tout moun.

Nou minm nou konnin, paròl ki rivé nan tout Judé-a, kòmansé dépi sot nan Galilé apré batèm nan, sa Jan té préché-a, Jézu moun Nazarèt la, kijan Bondié sakré-l ak Éspri Sin-an avèk puisans, li minm ki travèsé antan l-ap fè sa-k byin, l-ap géri tout moun djab la t-ap maltrété, paské Bondié té avèk li.

Nou minm nou témouin tou sa-l té fè nan réjion Juif yo ak Jérusalèm ; li minm yo té touyé antan yo pandié-l sou boua-a. Bondié résisitè-l touazièm jou-a ; li fè-l parèt, non pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié té chouazi davans yo : nou minm, ki té manjé, ki té bouè avèk li, apré-l té fin résisitè sot nan pami mò yo.

Li pasé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin Bondié mété-l kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo. Tout profèt yo sèvi-l témouin tout moun ki kouè nan li ap résévoua padon péché yo o-non-li ».

Paròl Grammèt la.

### oubyin pi kout

#### Léktu Travay Apot yo

10, 34-36. 42-43

Jou sa yo :

Antan Piè louvri bouch li, li di : « Amèn, mouin rékonèt Bondié pa gadé sou figi moun, min nan tout nasion, moun ki krinn li, ki fè sa-k kòrèk, sé li minm li résévoua. Bondié voyé paròl la bay pitit Israèl yo, li anonsé lapè pa lintèmediè Jézu-Kri : sa-a sé Grammèt tout moun.

Li pasé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin Bondié mété-l kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo. Tout profèt yo sèvi-l témouin tout moun ki kouè nan li ap résévoua padon péché yo o-non-li ».

Paròl Grammèt la.

## 2

*Ala kontantman pou mò yo ki mouri nan Grammèt la.*

#### Léktu liv Apokalips apot sin Jan

14, 13

Mouin minm Jan, mouin tandé yon voua ki sot nan sièl la, l-ap di : « Ékri : “Ala kontantman pou mò yo ki mouri nan Grammèt la”. Dépi koulié-a, Éspri-a ap di sé pou yo répozé pou tout fatig yo pran ; sa yo té fè-a ap suiv yo ».

Paròl Grammèt la.

## 3

*Yo jijé mò yo dapré aksion yo.*

#### Léktu liv Apokalips apot sin Jan

20, 11-21, 1

Mouin minm Jan, mouin ouè yon tro-n gran tou blan, sa-a ki chita sou li-a tè-a ak sièl la sovè kò yo dévan fas li, yo pa jouinn plas pou yo.

Mouin ouè mò yo gran ak piti kanpé an fas tro-n nan ; liv yo louvri, yon lòt liv louvri, sé liv lavi-a ; yo jijé mò yo apati bagay yo, ki té ékri nan liv yo, dapré aksion yo.



Lanmè-a rinmèt mò yo ki té ladan yo. Lanmò-a ak lanfè-a rinmèt mò pa yo ki té nan yo ; yo jijé chak moun dapré aksion yo.

Yo voyé lanfè-a ak lanmò-a nan étan difé-a. Sa-a sé dézièm lanmò-a. Sa yo pa jouinn ékri nan liv lavi-a yo voyé-l nan étan difé-a.

Mouin ouè yon sièl nouvo ak yon tè nouvo.

Prémié sièl la réyéلمان ak prémié tè-a pati, pa gin lanmè ankò.

Paròl Granmèt la.

## 4

*Pap gin lanmò ankò.*

**Léktu liv Apokalips apot sin Jan**

**21, 1-5 a. 6 b-7**

Mouin minm, Jan, mouin ouè yon sièl nouvo ak yon tè nouvo. Prémié sièl la ak prémié tè-a pati, lanmè-a minm pa gin sa ankò. Mouin minm Jan, mouin ouè vil ki sin-an, Jérusalèm nouvo-a, k-ap désann sot nan sièl la kot Bondié-a, ki abiyé tankou yon madanm k-ap marié ki anbéli pou mari-l.

Mouin tandé yon gran voua ki sot nan tro-n nan, k-ap di : « Min tant Bondié-a avèk moun yo, l-ap abité avèk yo ; y-ap pèp li, li minm “Bondié avèk yo” l-ap Bondié yo. Bondié ap suiyé tout dlo sot nan jé yo, pap gin lanmò, ni dèy, ni rèl, ni doulè ankò ; paské prémié bagay yo pati ».

Sa-a ki té chita sou tro-n nan, li di : « Min mouin fè tout bagay nouvo ». Li di-m : « Ékri, paròl sa yo byin fidèl yo vré. Mouin minm mouin sé Alfa-a ak Oméga-a, kòmansman-an ak finisman-an. Moun ki souaf la, m-ap fè-l kado nan sous dlo lavi-a. Sa-a ki ranpòtè viktoua-a, l-ap éritié bagay sa yo ; m-ap Bondié li ; li minm, l-ap pitit mouin ».

Paròl Granmèt la.

**PSÒM RÉPONS YO**

## 1

**PSÒM RÉPONS**

**Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R̄ : 1 oubyin 4 a b)**

**R̄** Granmèt la ap kondui-m, anyin pap manké-m.

**oubyin :**

**R̄** Minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò, mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.

<sup>1</sup> Granmèt la ap kondui-m, anyin pap manké-m ;

<sup>2</sup> Nan zèb vèt li instalé-m,  
sou bò dlo trankil li minnin-m,

<sup>3</sup> li réfè nanm mouin.

Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l. **R̄**

- 4 Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,  
mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.  
Baton-ou ak bagèt ou  
sé yo k-ap konsolé-m. **R:**
- 5 Ou paré yon tab dévan fas mouin  
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an ;  
ou souin tèt mouin ak losion,  
kalis mouin ap débòdé. **R:**
- 6 Réyèlman sé bon kè ak mizérikòd k-ap rapousuiv mouin  
tout tan lavi-m  
m-ap abité nan kay Granmèt la  
pou tout longè tan yo. **R:**

## 2

## PSÒM RÉPONS

Ps 24, 6-7 bc. 17-18. 20-21 (**R:** : 1 oubyin 3)

- R:** Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin.  
**oubyin :**  
**R:** Moun ki konté sou ou yo, Granmèt, yo pap ront.
- 6 Sonjé pitié-ou, Granmèt,  
ak mizérikòd ou yo, paské sé dépi tout tan yo la.
- 7 Dapré mizérikòd ou-a sonjé-m,  
poutèt bon kè-ou, Granmèt. **R:**
- 17 Louvri pòt kè-m ki fèmin,  
Dégajé-m sot nan malè mouin yo,
- 18 Gadé rabésman-m ak fatig mouin,  
padonnin tout fot mouin yo. **R:**
- 20 Protéjé nanm mouin, dégajé-m ;  
mouin pap ront, paské mouin éspéré sou ou.
- 21 Sé pou-m san fot, sé pou-m douat pou-m jouinn protéksion,  
paské mouin konté sou ou. **R:**

## 3

## PSÒM RÉPONS

Ps 26, 1. 4. 7 é 8 b é 9 a. 13-14 (**R:** : 1 a oubyin 13)

- R:** Granmèt la sé limiè-m, sé li k-ap sové-m.  
**oubyin :**  
**R:** Mouin kouè m-ap ouè byin Granmèt la nan tè vivan yo.
- 1 Granmèt la sé limiè-m, sé li k-ap sové-m, kilès ki pou fè-m pè ?  
Granmèt la sé protéksion lavi-m, dévan kilès pou-m tranblé ? **R:**

- 4 Yon sèl bagay mouin mandé Granmèt la, sé sa m-ap chèché :  
 pou-m abité nan kay Granmèt la  
 tout tan lavi-m,  
 pou-m ouè dousè Granmèt la,  
 pou-m vizité tanp li-a. **R:**
- 7 Granmèt, kouté voua-m k-ap rélé,  
 pitié pou mouin, kouté-m.
- 8 Sé fas ou, Granmèt, m-ap chèché.
- 9 Pa viré fas ou louin-m. **R:**
- 13 Mouin kouè m-ap ouè byin Granmèt la nan tè vivan yo.
- 14 Tann Granmèt la, aji avèk kouraj,  
 asiré kè-ou, sé pou-ou tann Granmèt la.

## 4

**PSÒM RÉPONS** Ps 41, 2. 3. 5 bcd ; Ps 42, 3. 4. 5 (**R:** Ps 41, 3 a)

- R:** Nanm mouin souaf nan diréksion Bondié ki vivan-an.
- 2 Tankou yon sèrf anvi al nan sous dlo,  
 konsa nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié. **R:**
- 3 Nanm mouin souaf nan diréksion Bondié, Bondié ki vivan-an ;  
 kilè m-a rivé pou-m parèt dévan fas Bondié ? **R:**
- 5 Sèké mouin té konn travèsè nan koté tant  
 ki mérité yo kontanplé-l la yé-a  
 jous al nan kay Bondié-a, nan mitan voua fèt ak louanj. **R:**
- 3 Voyé limiè-ou la ak vérité-ou la, pou yo kondui-m,  
 pou yo minnin-m sou mòn ou-a ki sin-an, ak nan tant ou-a. **R:**
- 4 M-ap antré kot lotèl Bondié-a,  
 kot Bondié kè kontan mouin-an.  
 M-ap fè louanj ou sou gita, Bondié, Bondié-m. **R:**
- 5 Poukisa ou chagrin, nanm mouin,  
 épi poukisa ou troublé anndan mouin ?  
 Éspéré nan Bondié, paské m-ap fè louanj li koulié-a.  
 Sovè fas mouin ak Bondié mouin. **R:**

## 5

**PSÒM RÉPONS** Ps 62, 2. 3-4. 5-6. 8-9 (**R:** 2 b)

- R:** Nanm mouin souaf ou, Granmèt, Bondié mouin.
- 2 Bondié, sé Bondié-m ou yé.  
 sé koté-ou m-ap véyé dépi granmatin.

- Nanm mouin souaf ou, chè mouin anvi-ou,  
nan tè dézè-a, ki sèk la, ki san dlo-a, **R**
- <sup>3</sup> Sé konsa mouin té parèt dévan-ou nan tanp la,  
pou-m ouè puisans ou ak gloua-ou.
- <sup>4</sup> Sèké mizérikòd ou pi bon pasé lavi yo,  
bouch mouin ap fè louanj ou. **R**
- <sup>5</sup> Konsa m-ap fè konpliman pou ou nan lavi-m,  
o non-ou m-ap lévé min-m.
- <sup>6</sup> Tankou ak viann ak bon manjé gra nanm mouin plin,  
ak paròl fèt bouch mouin ap fè louanj ou. **R**
- <sup>8</sup> Paské ou poté-m sékou,  
anba voual zèl ou m-ap fété.
- <sup>9</sup> Nanm mouin kolé apré-ou,  
min douat ou soutni-m. **R**

## 6

**PSÒM RÉPONS Ps 102, 8 é 10. 13-14. 15-16. 17-18 (R : 8a oubyin Ps 36, 39 a)**

**R** Granmèt la pran pitié, li gin mizérikòd.

**oubyin :**

**R** Sové moun ki kòrèk yo sové-a, sé nan Granmèt la li sòti.

- <sup>8</sup> Granmèt la pran pitié, li gin mizérikòd,  
li pran pasians, li gin anpil mizérikòd.
- <sup>10</sup> Sé pa dapré péché nou yo li trété nou,  
ni dapré fot nou yo li rinnèt nou. **R**
- <sup>13</sup> Tankou papa pran pitié pou pitit li yo,  
Granmèt la pran pitié pou moun ki krinn li yo.
- <sup>14</sup> Sèké li minm li konnin kijan nou fèt,  
li sonjé sé pou siè nou yé. **R**
- <sup>15</sup> Moun nan sé tankou zèb chèch jou-l yo yé,  
tankou flè jadin konsa-l fléri.
- <sup>16</sup> Van-an souflé sou li, li pa rézisté,  
koté-l té yé-a pa rékonèt li ankò. **R**
- <sup>17</sup> Mizérikòd Granmèt la minm li la dépi tout tan  
épi jous pou tout tan sou moun ki krinn li yo,  
ni jistis li nan pitit pitit yo ;
- <sup>18</sup> nan sa yo ki kinbé téstaman-l nan,  
épi ki sonjé kòmandman-l pou yo obsèvé yo. **R**

## 7

PSÒM RÉPONS Ps 114, 5 é 6 ; Ps 115, 10-11. 15-16 ac (R̥ : Ps 114, 9)

R̥ M-ap maché dévan Granmèt la nan péyi vivan yo.

oubyin : Alélouya.

- 5 Granmèt la gin mizérikòd, li kòrèk,  
Bondié nou-an pran pitié.
- 6 Granmèt la protéjé ti piti yo ;  
mouin té imilié, li sové-m. R̥
- 10 Mouin kouè, minm lè-m di :  
« Mouin imilié anpil ».
- 11 Mouin té di nan trò présé-m nan :  
« Tout moun mantè ». R̥
- 15 Li gin valè nan fas Granmèt la,  
lanmò sin-l yo.
- 16 Granmèt, mouin sé sèvitè-ou.  
Ou kasé chinn mouin yo. R̥

## 8

PSÒM RÉPONS Ps 121, 1-2. 4-5. 6-7. 8-9 (R̥ : 1 oubyin cf. 1)

R̥ Mouin kontan poutèt yo di-m :  
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».

oubyin :

R̥ Nan kay Granmèt la n-apralé ak kè kontan.

- 1 Mouin kontan poutèt yo di-m :  
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».
- 2 Pié nou déja kanpé  
nan pòt ou yo, Jérusalèm. R̥
- 4 Sèkè sé la ras yo ap monté, ras Granmèt la,  
témouagnaj Israèl, pou fè louanj non Granmèt la.
- 5 Sèkè sé la tro-n yo instalé pou jijman-an,  
tro-n kay David la. R̥
- 6 Mandé bagay ki konsènè lapè pou Jérusalèm,  
sé pou yo protéjé, sa yo ki rinmin-ou nan.
- 7 Sé pou gin lapè nan miray ou yo,  
avèk asirans nan sitadèl ou yo. R̥
- 8 Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo  
m-ap di : « Lapè nan ou ! »
- 9 Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an  
m-ap chèché byin pou ou. R̥

## 9

PSÒM RÉPONS Ps 129, 1-2. 3-4. 5-6 a. 6 b-7. 8 (R: cf. 1 oubyin cf. 5)

R: Nan bafon yo m-ap rélé koté-ou, Granmèt.

oubyin :

R: Mouin espéré nan Granmèt la, mouin espéré nan paròl li.

1 Nan bafon yo m-ap rélé koté-ou, Granmèt ;

2 Granmèt, kouté voua-m.

Sé pou zòrèy ou panché  
nan voua priyè-m nan. R

3 Si-ou kinbé fot yo, Granmèt,

Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?

4 Paské koté-ou sé padon,

épi nou krinn-ou. R

5 M-ap tann ou, Granmèt ;

nanm mouin ap tann nan paròl li,

6 nanm mouin espéré nan Granmèt la. R

Plis pasé yon santinèl kap espéré dévan-jou,

7 sé pou Israël espéré nan Granmèt la.

Paské kot Granmèt la sé mizérikòd,

sé rédanmsion an kantité koté-l. R

8 Sé li minm k-ap rachté Israël

sot nan tout fot li yo. R

## 10

PSÒM RÉPONS Ps 142, 1-2. 5-6. 7 ab é 8 ab. 10 (R: 1 a)

R: Granmèt, kouté priyè-m.

1 Granmèt, kouté priyè-m,

sé pou zòrèy ou sansib pou demann mouin nan vérité-ou la ;  
kouté-m nan jistis ou.

2 Pa antré nan jijman avèk sèvitè-ou,

paské nan fas ou okinn vivan pa an règ. R

5 Mouin sonjé jou lontan yo,

m-ap kalkilé sou tout aksion-ou yo,

sou travay min-ou yo m-ap réfléchi.

6 Mouin lonjé min-m koté-ou,

nanm mouin tankou tè san dlo pou ou. R

- 7 Fè vit réponn mouin, Granmèt ;  
éspri-m ap fébli.
- 8 Fè-m tandé mizérikòd ou granmatin,  
paské sé nan ou mouin éspéré. **R**
- 10 Aprann mouin fè bon plézi-ou,  
paské sé Bondié-m ou yé.  
Sé pou bon éspri-ou la kondui-m nan tè ki égalizé-a. **R**

### DÉZIÈM LÉKTU NAN NOUVO TÈSTAMAN-AN

#### 1

*Étan nou vi-n kòrèk nan san-l,  
n-ap sovè gras a li sot nan kòlè-a.*

#### Léktu lèt apot sin Pòl pou Romìn yo

5, 5-11

Frè-m yo :

Éspérans la pa fè ront paské rinmin Bondié-a gayé nan kè nou gras a Éspri Sin-an li ba nou-an. Pouki sa réyèlman Kris la, malgré nou té fèb toujou-a, li mouri pou péchè yo, lè tan-an rivé-a ? Apèn réyèlman pou yon moun kòrèk kilès ki t-a mouri ? Réyèlman pou yon bon moun paraza kilès k-ap ozé mouri ?

Min Bondié montré jan-l rinmin nou, paské, malgré sé péchè nou té yé, Kris la mouri pou nou nan tan fiksé-a. Konsa koulié-a minm, étan nou vi-n kòrèk pi plis ankò gras a san-l, n-ap sovè gras a li sot nan kòlè-a.

Si malgré nou té ènmi, nou vi-n rékonsilié ak Bondié nan lanmò Pitit li-a, koulié-a minm étan nou fi-n rékonsilié avèk li-a, sé pi plis toujou n-ap sovè nan lavi-l. Sé pa sèlman sa, min n-ap jouinn gloua nan Bondié pa lintèmédiè Granmèt nou Jézu-Kri, li minm koulié-a nou jouinn rékonsiliation pa lintèmédiè-l la.

Paròl Granmèt la.

#### 2

*Koté fot la t-ap débòdé-a, gras la débòdé pi plis.*

#### Léktu lèt apot sin Pòl pou Romìn yo

5, 17-21

Frè-m yo :

Si akoz fot yon sèl moun lanmò-a té kòmandé pa lintèmédiè yon sèl la, moun yo ki résévoua chaj gras ak kado ak jistis pa lintèmédiè yon sèl moun nan, Jézu-Kri, y-ap kòmandé pi plis toujou kòm roua nan lavi-a.

Konsa, minm jan pa lintèmediè fot yon sèl moun nan, tout moun té pasé anba kondanasion, konsa tou pa lintèmediè jistis yon sèl moun nan, tout moun vi-n kòrèk pou lavi-a.

Minm jan réyèlman akoz dézobéyisans yon sèl moun nan, tout foul moun yo té vi-n péchè-a, konsa tou akoz obéyisans yon sèl la, foul moun yo vi-n kòrèk. Laloua-a minm té vi-n antré anba pou fot la té kapab débodé.

Koté fot la minm t-ap débodé-a, gras la débodé pi plis ; konsa minm jan péché-a té kòmandé pou lanmò-a, konsa tou gras la ap kòmandé pa lintèmediè jistis la pou lavi tout tan-an pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Paròl Granmèt la.

3

*N-ap maché nan nouvoté lavi-a.*

### **Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

6, 3-9

Frè-m yo :

Èské nou pa konnin nou tout ki batizé nan Kris Jézu-a, sé nan lanmò-l nou batizé ? Nou antéré réyèlman ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvoté lavi-a.

Sèké si nou planté ansanm avèk li pou nou sanblé avèk li nan lanmò-l la, konsa tou n-ap ansanm avèk li nan rézirkéksion-l nan. Nou konnin moun ansyin nou-an klouré sou koua-a ansanm avèk li, pou kò péché-a kapab détoui, pou nou pa sèvi péché-a ankò. Sa-a ki mouri-a, li kòrèk parapò a péché-a.

Konsa si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou koué n-ap viv tou ansanm avèk Kris la, antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap janm mouri, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò.

Paròl Granmèt la.

### **oubyin pi kout**

### **Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

6, 3-4. 8-9

Frè-m yo :

Èské nou pa konnin nou tout ki batizé nan Kris Jézu-a, sé nan lanmò-l nou batizé ? Nou antéré réyèlman ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvoté lavi-a.



Konsa si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv tou ansanm avèk Kris la, antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap janm mouri, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò.

Paròl Grammèt la.

## 4

*N-ap tann rédanmsion kò-nou.*

### Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

8, 14-23

Frè-m yo :

Ninpòt ki moun ki kité Éspri Bondié-a kondui yo, sé pitit Bondié yo yé. Nou pa-t résévoua éspri ésklavaj la yon lòt foua ankò pou nou nan kè soté, min nou té résévoua éspri ki fè nou vi-n tounin pitit la. Sé nan li nou rélé : « Aba, Papa ». Éspri-a li minm, li sèvi témouin, ansanm ak éspri pa nou : nou sé ti pitit Bondié.

Si nou sé ti pitit, nou sé éritié tou. Si nou sé éritié Bondié, nou éritié ansanm ak Kris la, paské n-ap soufri ansanm avèk li pou nou jouinn gloua pouvoua-a ansanm avèk li.

Mouin konsidéré soufrans tan sa-a pa anyin dévan gloua k-ap vini-an k-ap révélé nan nou-an. Réyèlman kréasion-an ap tann révélation pitit Bondié yo.

Kréasion-an té blijé obéyi sa-k pa anyin-an, san-l pa vlé, min poutèt Sa-a ki té rabésé-l konsa-a. Min li gin éspérans. Sèké kréasion-an li minm tou ap délivré sot anba ésklavaj dékonpozision-an pou-l antré nan libèté gloua pitit Bondié yo.

Nou konnin réyèlman tout créatu ap jémi, ap anfanté jous koulié-a. Sé pa sèlman yo minm, min nou minm tou ki gin prémié kado Éspri-a, n-ap plinn anndan kè nou, antan n-ap tann adopsion pitit Bondié yo, rédanmsion kò nou-an.

Paròl Grammèt la.

## 5

*Kilès ki kapab séparé nou sot nan rinmin Kris la ?*

### Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

8, 31 b-35. 37-39

Frè-m yo :

Si Bondié pou nou, kilès k-ap kont nou ? Li minm ki pa ménajé pròp Pitit li-a, min ki rinmèt li pou nou tout, kòman li pa t-ap ba nou tout bagay avèk li ?

Kilès k-ap fè akizasion kont sa yo Bondié chouazi yo ? Èské sé Bondié, li ki fè nou vi-n kòrèk la ? Kilès k-ap kondané nou ? Èské sé Kris Jézu, li minm ki mouri, pi plis ki résisité, ki adouat Bondié, k-ap pran défans nou-an ?

Kilès ki kapab séparé nou sot nan rinmin Kris la ? tribilasion, oubyin kè séré, oubyin grangou, oubyin manké rad, oubyin danjé, oubyin pèsékision, oubyin épé ?

Min nan tout bagay sa yo, nou sipòté poutèt sa-a ki rinmin nou-an. Mouin sètin réyèlman ni lanmò, ni lavi, ni anj, ni chèf, ni puisans, ni tan sa-a ni sa k-ap vini-an, ni fòs, ni rotè, ni profondè, okinn kréatu pa kapab séparé nou sot nan rinmin Bondié-a, ki nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Paròl Granmèt la.

6

*Soua n-ap viv, soua nou mouri,  
sé pou Granmèt la nou yé.*

### **Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

14, 7-9. 10 c-12

Frè-m yo :

Pèsonn nan nou pa viv pou pròp tèt li, épi pèsonn pa mouri pou pròp tèt li. Paské si n-ap viv, sé pou Granmèt la n-ap viv, si nou mouri, sé pou Granmèt la nou mouri. Konsa, soua n-ap viv, soua nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé. Sé pou sa réyèlman Kris la mouri, li résisité, pou-l kòmandé ni moun ki mouri yo ni moun ki vivan yo.

Nou tout n-ap konparèt dévan tribinal Kris la. Réyèlman, sa ékri : « Mouin vivan, sé sa Granmèt la di, paské tout jénou ap plouayé dévan-m, tout lang ap fè louanj Bondié ».

Konsa chak moun nan nou ap rann Bondié kont pou pròp tèt pa-l.

Paròl Granmèt la.

7

*Tout moun ap gin lavi nan Kris la.*

### **Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo**

15, 20-24 a. 25-28

Frè-m yo :

Koulié-a minm Kris la résisité sot nan pami mò yo, prémié foui nan pami sa-k t-ap dòmi yo ; paské sé pa lintémédiè yon moun lanmò-a té rivé, sé pa lintémédiè yon moun tou n-ap résisité sot nan pami mò yo.

Minm jan tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la. Chak moun nan ran-l : prémié foui-a sé Kris la, apré sa sé sa yo ki pou Kris la, ki té kouè li t-ap vini-an. Apré sa, sé finisman-an, lè l-ap rinmèt péyi roua-a bay Bondié Papa-a.

Li gin pou-l kòmandé « joutan li mété tout ènmi yo anba pié-l ». Dènié ènmi-an, sé lanmò-a k-ap fi-n détoui ; « sèké li fòs tout bagay rét anba pié-l ».

Lè l-ap di : « Tout bagay obéyi-l » la, san dout sé aléksépsion Sa-a ki mété tout bagay anba pié-l la. Min lè tout bagay ap obéyi anba-l, lè sa-a atò Ptitit la li minm ap rinnèt tèt li bay Sa-a ki té mété tout bagay yo anba pié-l la, pou Bondié kapab tout bagay nan tout moun.

Paròl Granmèt la.

### oubyin pi kout

#### Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

15, 20-23

Frè-m yo :

Koulié-a minm Kris la résisité sot nan pami mò yo, prémié foui nan pami sa-k t-ap dòmi yo ; paské sé pa lintémédiè yon moun lanmò-a té rivé, sé pa lintémédiè yon moun tou n-ap résisité sot nan pami mò yo.

Minm jan tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la. Chak moun nan ran-l : prémié foui-a sé Kris la, apré sa sé sa yo ki pou Kris la, ki té kouè li t-ap vini-an.

Paròl Granmèt la.

### 8

*Lanmò-a valé nan viktoua-a.*

#### Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

15, 51-57

Frè-m yo :

Min yon mistè m-ap di nou : Nou tout sètènman n-ap résisité, min sé pa nou tout k-ap chanjé.

Nan yon moman, nan yon mouvman jé, nan dènié troupè la ; troupè la ap sonnin réyèlman, épi mò yo ap résisité intak épi nou minm n-ap chanjé. Fò kò sa-a k-ap gaté-a réyèlman abiyé avèk posibilite pou pa gaté-a, épi fò kò sa-a k-ap mouri-a abiyé avèk posibilite pou pa mouri.

Lè kò sa-a k-ap mouri-a ap abiyé ak fòs pou-l pa mouri-a, lè sa-a paròl ki ékri-a ap réalizé : « Lanmò-a anglouti nan viktoua-a ». « Koté viktoua-ou, lanmò ? Koté pikèt anpouazonnin-ou nan, lanmò ? »

Pikèt anpouazonnin lanmò-a sé péché-a, fòs péché-a sé laloua-a. Granmèsi Bondié ki ba nou viktoua pa pouvoua Granmèt nou Jézu-Kri.

Paròl Granmèt la.

## 9

*Bagay yo kapab ouè yo, sé pou yon tan yo la ;  
min sa yo pa kapab ouè yo minm, yo la pou tout tan.*

**Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo**

4, 14-5, 1

Frè-m yo :

Nou konnin sa-a ki té résisité Jézu-a, l-ap résisité nou avèk Jézu, l-ap mété-n avèk nou. Tou sa poutèt nou, pou gras la vi-n an kantité pou anpil moun, pou-l fè yo rann gras an kantité pou gloua Bondié-a.

Sé pousa nou pa fébli ; min, malgré moun nou-an ki sou pa déyò-a ap dékonpozé, malgré sa, sa-a ki sou pa anndan-an ap réfèt tou nèf chak jou pi plis. Réyéلمان, tribilasyon n-ap pasé koulié-a, pou yon moman-an épi ki tou léjè-a, l-ap réalizé yon chaj gloua nan nou pou tout tan, ki dépasé tout rotè ; nou pap konsidéré bagay yo kapab ouè, min bagay yo pa kapab ouè : sèké bagay yo kapab ouè yo, sé pou yon tan yo la ; min sa yo pa kapab ouè yo minm, yo la pou tout tan.

Nou konnin réyéلمان si kay nou sa-a ki sou tè-a, koté nou abité-a, li vi-n détoui, nou gin nan sièl yo yon kay ki pa fèt ak min moun, sa Bondié bati pou nou-an, ki la pou tout tan.

Paròl Granmèt la.

## 10

*Nou gin yon kay ki la pou tout tan nan sièl yo.*

**Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo**

5, 1. 6-10

Frè-m yo :

Nou konnin si kay nou sa-a koté nou abité sou tè-a détoui, nou gin yon konstriksion ki sot nan Bondié, kay ki pa fèt ak min moun, ki la pou tout tan nan sièl yo.

Nou gin konfians tout tan, nou konnin réyéلمان, pandan nou nan kò-a, n-ap fè pélérijaj louin Granmèt la (sèké sé nan lafoua n-ap maché, sé pa nan vizion), min nou gin konfians épi nou t-a pito fè pélérijaj la louin kò-a, pou nou prézan kot Granmèt la. Sé pousa nou éséyé fè-l plézi, soua nou absan, soua nou prézan.

Sèké nou tout, nou gin pou nou parèt dévan tribinal Kris la, pou chak moun résévoua sèlon sa-l té fè, soua byin soua mal, pandan li té nan kò-a.

Paròl Granmèt la.

11

*L-ap réfè kò féblès nou-an pou-l fè-l sanblé ak kò gloua li-a.***Léktu lèt apot sin Pòl pou Filipin yo****3, 20-21**

Frè-m yo :

Péyi nou-an, sé nan sièl yo li yé, sé la n-ap tann Sovè nou-an, Granmèt nou Jézu-Kri, li minm k-ap réfè kò féblès nou-an pou-l fè-l sanblé ak kò gloua li-a, dapré fòs sa-a ki sèvi-l pou-l kapab mété tout bagay anba pouvoua-l la.

Paròl Granmèt la.

12

*N-ap toujou avèk Granmèt la.***Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Tésalonisyn yo****4, 13-18**

Frè-m yo, sou késion moun k-ap dòmi yo, nou pa vlé pou nou pa konnin, dékoua pou nou pa pran lapinn tankou lòt moun yo ki pa gin éspérans yo. Si réyèlman nou kouè Jézu mouri épi li résisité, konsa tou moun yo k-ap dòmi nan Jézu yo, Bondié ap minnin yo avèk li.

Min sa nou di nou nan paròl Granmèt la, nou minm k-ap viv la, k-ap la toujou lè Granmèt la ap vini-an, nou pap pran dévan sa yo k-ap dòmi-an. Paské Granmèt la li minm, sou lòd ak nan voua Chèf Anj yo ak nan son tronpèt Bondié-a, l-ap désann sot nan sièl la, épi moun yo ki mouri nan Kris la, y-ap résisité an prémié. Apré sa, sé nou minm k-ap viv yo, ki rété yo, y-ap pran nou nan nuaj yo al rankontré Kris la nan lè-a, konsa n-ap toujou avèk Granmèt la. Sé pou nou youn ankourajé lòt ak paròl sa yo.

Paròl Granmèt la.

13

*Si nou mouri avèk li, n-ap viv ansanm avèk li.***Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Timoté****2, 8-13**

Ou minm mouin rinmin anpil la :

Sonjé Granmèt Jézu-Kri té résisité sot nan pami mò yo, li minm ki soti nan ras David la dapré Bòn Nouvèl mouin-an ; sé pou li m-ap soufri jous nan chinn yo tankou yon malfètè-a ; min paròl Bondié-a pa maré. Sé poua mouin sipòté tout bagay pou moun yo Bondié chouazi-a, pou yo minm tou yo kapab jouinn sovè nou sovè-a ki nan Kris Jézu-a, avèk gloua sièl la.

Paròl la sètinn ; sèké, si nou mouri avèk li, n-ap viv ansanm avèk li ; si nou soufri, n-ap kòmandé kòm roua avèk li ; si nou nié-l, l-ap nié nou tou ; si nou pa kouè, li minm li rét fidèl : li pa kapab nié pròp tèt li.

Paròl Granmèt la.

14

*N-ap ouè-l jan-l yé-a.***Lékту prémié lèt apot sin Jan**

3, 1-2

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Gadé ki kalité rinmin Papa-a ba nou, joutan yo rélé nou pitit Bondié épi sé sa minm nou yé. Sé pou sa tè-a pa konnin nou, paské nou konnin-l.

Nou minm mouin rinmin anpil la, koulié-a nou sé pitit Bondié, sa n-ap yé-a pa ko parèt. Nou konnin lè l-ap parèt, n-ap sanblé avèk li, paské n-ap ouè-l jan-l yé-a.

Paròl Granmèt la.

15

*Nou travèsé sot nan lanmò al nan lavi paské nou rinmin frè nou yo.***Lékту prémié lèt apot sin Jan**

3, 14-16

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Nou minm nou konnin nou travèsé sot nan lanmò-a al nan lavi-a, paské nou rinmin frè yo. Moun ki pa rinmin, li rété nan lanmò. Tout moun ki rayi frè-l, li sé kriminèl ; nou konnin okinn kriminèl pa gin lavi tout tan-an ki rété nan li.

Sé nan sa nou konnin charité Bondié-a : sèké sa-a té bay lavi-l pou nou ; nou minm tou nou doué bay lavi nou pou frè nou yo.

Paròl Granmèt la.

**ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA**

1

Cf. Mt 11, 25

(R: Alélouya). Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou révéle mistè péyi-roua-a bay ti moun piti yo.

(R: Alélouya).

2

Mt 25, 34

(R: Alélouya). Vini, nou minm Papa-m béni yo, pran posésion péyi roua-a yo té paré pou nou dépi tè-a té kòmansé fèt la. (R: Alélouya).

3

Jan 3, 16

(R: Alélouya). Bondié tèlman rinmin tè-a, li bay Sèl Pitit li-a ; pou tout moun ki kouè nan li gin lavi tout tan-an. (R: Alélouya).

4

Jan 6, 39

(R: Alélouya). Sa-a sé volonté Papa-m ki voyé-m nan,  
sèké tou sa-l ban mouin, pou-m pa pèdi anyin nan yo,  
min pou-m fè-l résisité nan dènié jou-a,  
sé sa Granmèt la di. (R: Alélouya).

5

Jan 6, 40

(R: Alélouya). Tout moun ki kouè nan Pitit la, li gin lavi tout tan-an ;  
mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a, sé sa Granmèt la di.  
(R: Alélouya).

6

Jan 6, 51

(R: Alélouya). Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la,  
sé sa Granmèt la di ;  
si yon moun manjé nan pin sa-a,  
l-ap viv pou tout tan. (R: Alélouya).

7

Jan 11, 25 a. 26

(R: Alélouya). Mouin sé rézirkéksion-an ak lavi-a, sé sa Granmèt la di ;  
moun ki kouè nan mouin, li pap janm mouri. (R: Alélouya).

8

Cf. Fil 3, 20

(R: Alélouya). Péyi nou-an, sé nan sièl la li yé,  
sé la n-ap tann Sovè nou-an, Granmèt nou Jézu-Kri.  
(R: Alélouya).

9

2 Tim 2, 11-12a

(R: Alélouya). Si nou mouri avèk li, n-ap viv ansanm avèk li ;  
si nou sipòté tray, n-ap régné ansanm avèk li. (R: Alélouya).

10

Ap 1, 5 a. 6 b

(R: Alélouya). Jézu-Kri sé prémié pitit nan pami mò yo ;  
konpliman pou li ak otorité  
pou tout tan gin tan. Amèn. (R: Alélouya).

11

Ap 14, 13

(R: Alélouya). Ala kontantman pou mò yo ki mouri nan Granmèt la ;  
dépi koulié-a sé pou yo répozé pou tout fatig yo pran ;  
sa yo té fè-a ap suiv yo. (R: Alélouya).

## ÉVANJIL

1

*Fè kè nou kontan, fété,  
paské rékonpans nou anpil nan sièl yo.*

## ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

5, 1-12 a

Lè sa-a :

Antan Jézu ouè foul yo, li monté sou mòn nan ; kon-l chita, disip li yo proche koté-l. Antan li louvri bouch li, li t-ap ba yo ansègnman antan-l di :

« Ala kontantman pou moun ki pòv yo nan éspri-a, paské sé pou yo péyi roua sièl yo yé.

Ala kontantman pou moun ki dou yo, paské sé yo minm k-ap posédé tè-a,

Ala kontantman pou moun k-ap kriyé yo, paské y-ap konsolé,

Ala kontantman pou moun ki grangou, ki souaf jistis la, paské y-ap jouinn kont yo.

Ala kontantman pou moun ki gin mizérikòd yo, paské y-ap jouinn mizérikòd.

Ala kontantman pou moun ki gin kè yo nèt yo, paské y-ap ouè Bondié,

Ala kontantman pou moun k-ap travay pou lapè-a, paské y-ap rélé yo pitit Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap soufri pèsékision poutèt jistis la, paské sé pou yo péyi roua sièl yo yé.

Ala kontantman pou nou, lè y-ap madichonnin nou, lè y-ap pèsékité nou, lè y-ap di tout kalité sa-k mal kont nou, antan y-ap fè manti, akoz mouin, fè kè nou kontan, fété, paské rékonpans nou anpil nan sièl yo ».

Paròl Granmèt la.

2

*Vi-n jouinn mouin, ... m-ap réfè fòs nou.*

## ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

11, 25-30

Lè sa-a antan Jézu pran laparòl, li té di : « Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou té kaché bagay sa yo pou saj yo ak intèlijan yo, épi ou té révélé yo bay ti moun piti yo.

Oui, Papa, paské sé konsa sa fè-ou plézi. Papa-m té rinmèt mouin tout bagay, pèsòn pa konnin Pitit la, sof Papa-a ; ni pèsòn pa konnin Papa-a, sof Pitit la ak moun Pitit la vlé révélé sa.

Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap fatigé, k-ap rédi anba gro chaj, m-ap réfè fòs nou.



Pran jouk mouin sou nou, pran léson nan min-m, paské mouin tou dou, mouin pòv nan kè-m ; n-ap jouinn répo pou nanm nou ; jouk mouin fasil pou poté, chaj mouin léjé ».

Paròl Granmèt la.

## 3

*Min mésié k-ap marié-a ap vini, soti al rankontré-l.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié**

**25, 1-13**

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo parabol sa-a : « Péyi roua sièl yo sanblé ak dis vièj ki pran lanp yo, yo soti al rankontré mésié k-ap marié-a ak madanm k-ap marié-a. Sink nan yo té sòt, épi sink té intèlijan. Sink sa ki sòt yo, lè yo fi-n pran lanp yo-a, yo pa pran luil avèk yo ; sa-k té intèlijan yo minm, yo pran luil nan véso yo avèk lanp yo.

Antan y-ap tann mésié k-ap marié-a ki té an réta, yo tout yo dòmi, fon somèy.

Nan mitan nannuit, yo tandé yon rèl : “Min mésié k-ap marié-a, soti al rankontré-l”. Lè sa-a atò tout vièj sa yo lévé, yo paré lanp yo.

Sa-k té sòt yo di sa-k té gin sajès yo : “Ban nou nan luil nou-an, paské lanp nou yo étinn”.

Sa-k intèlijan yo di yo : “Riské pap gin kont pou ni nou minm ni nou minm, pito nou alé nan boutik yo, n-a achté”.

Pandan yo t-al achté, mésié k-ap marié-a rivé ; sa-k té paré yo antré avèk li nan nòs yo, yo fèmin pòt la.

Alafin lòt vièj yo vi-n rivé, yo di : “Granmèt, Granmèt, louvri pou nou”. Li minm minm li réponn, li di : “Amèn mouin di nou, mouin pa konnin nou”.

Sé pou nou véyé konsa, paské nou pa konnin ni jou-a ni lè-a ».

Paròl Granmèt la.

## 4

*Vini, nou minm Papa-m béni yo.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié**

**25, 31-46**

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Lè Pitit moun nan ap rivé nan gloua li, épi tout anj yo avèk li, lè sa-a l-ap chita sou tro-n gloua li. L-ap rasanblé tout nasion yo dévan-l, l-ap séparé yo youn sot kot lòt, tankou yon gadyin séparé mouton yo ak bouk yo. L-ap mét mouton yo kanpé adouat li, bouk yo agoch li.

Lè sa-a roua-a ap di sa-k adouat li yo : “Vini, nou minm Papa-m béni yo, pran posésion péyi roua-a yo té paré pou nou dépi tè-a té kòmansé fèt la. Sèké mouin té grangou, nou té ban-m manjé ; mouin té souaf, nou té ban-m

bouè ; mouin té étranjé, nou té résévoua-m ; mouin té nu-kò, nou té abiyé-m ; mouin té malad, nou té rann mouin vizit ; mouin té nan prizon, nou té vi-n jouinn mouin”.

Lè sa-a moun kòrèk yo ap pran laparòl, antan y-ap di : “Granmèt, kilè nou té ouè-ou grangou épi nou té ba-ou manjé ? oubyin nou té ouè-ou souaf épi nou té ba-ou bouè ? kilè nou té ouè-ou étranjé épi nou té résévoua-ou ? oubyin nu-kò épi nou té abiyé-ou ? oubyin kilè nou té ouè-ou malad oubyin nan prizon épi nou té vi-n jouinn ou ?”

Roua-a ap réponn, l-ap di yo : “Amèn mouin di nou, chak foua nou té fè sa pou youn nan pi piti nan frè-m sa yo, sé pou mouin minm nou té fè-l”.

Lè sa-a atò l-ap di sa yo ki agoch li yo : “Ralé kò nou sot sou mouin, nou minm ki madichonnin, al nan difé tout tan-an, ki té paré pou djab la ak anj li yo. Mouin té grangou, nou pa-t ban-m manjé ; mouin té souaf, nou pa-t ban-m bouè ; mouin té étranjé, nou pa-t résévoua-m ; mouin té nu-kò, nou pa-t abiyé-m ; mouin té malad épi mouin té nan prizon, min nou pa-t vizité-m”.

Lè sa-a yo minm tou y-ap pran laparòl, antan y-ap di-l : “Granmèt, kilè nou té ouè-ou grangou, oubyin souaf, oubyin étranjé, oubyin nu-kò, oubyin malad, oubyin nan prizon, épi nou pa-t rann ou sèvis” ?

Lè sa-a l-ap réponn yo, antan l-ap di : “Amèn mouin di nou, chak foua nou pa-t fè sa pou youn nan pi piti sa yo, sé pou mouin minm tou nou pa-t fè-l”.

Sa yo apral nan chatiman tout tan-an, moun kòrèk yo minm apral nan lavi tout tan-an ».

Paròl Granmèt la.

## 5

*Jézu minm lagé yon gran rèl, li rann souf li.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

15, 33-39 ; 16, 1-6

Lè-l sizièm è-a, fènoua rivé sou tout tè-a jous névièm è-a.

A névièm è-a, Jézu pousé yon gran rèl, li di : « Éloyi, Éloyi, lama sabaktani ? » sa vlé di : « Bondié mouin, Bondié mouin, pouki sa ou lagé-m nan ? »

Kèk nan sa-k té kanpé la-a, yo tandé, yo di : « Gadé, l-ap rélé Éli ».

Youn nan yo kouri, li plin yon éponj ak vinèg, li mété-l nan pouint yon rozo, li t-ap ba-l bouè antan l-ap di : « Kité, n-ap ouè si Éli ap vi-n pou-l désann li ».

Jézu minm lagé yon gran rèl, li rann souf li.

Voual Tanp la chiré an dé, dépi anro jous anba.

Lè santurion-an ouè sa, li minm ki té kanpé an fas la, kijan-l rélé byin fò, épi li rann souf li-a, li di : « Réyéلمان mésié sa-a sé Pitit Bondié li té yé ».

Lè saba-a fi-n pasé, Mari Madlèn ak Mari manman Jak ak Salomé yo achté pafin, yo vini pou yo anbomin Jézu. Granmatin premié jou sémèn nan, yo rivé nan kavo-a, solèy déjà kòmansé ap lévé.

Youn t-ap di lòt : « Kilès k-ap roulé ròch la pou nou, sot nan bouch kavo-a ? » Yo gadé, yo ouè ròch la té gin tan roulé ; li té gran anpil.

Antan yo antré nan kavo-a, yo ouè yon jénòm ki chita adouat, li abiyé ak rad blan, yo pè.

Li di yo : « Pa pè, Jézu n-ap chèché-a, moun Nazarèt la yo klouré sou koua-a ; li lévé vivan, li pa isit la. Min plas koté yo té dépozé-l la ».

Paròl Granmèt la.

## oubyin pi kout

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

15, 33-39

Lè-l sizièm è-a, fènoua rivé sou tout tè-a jous névièm è-a.

A névièm è-a, Jézu pousé yon gran rèl, li di : « Éloyi, Éloyi, lama sabaktani ? » sa vlé di : « Bondié mouin, Bondié mouin, pouki sa ou lagé-m nan ? »

Kèk nan sa-k té kanpé la-a, yo tandé, yo di : « Gadé, l-ap rélé Éli ».

Youn nan yo kouri, li plin yon éponj ak vinèg, li mété-l nan pouint yon rozo, li t-ap ba-l bouè antan l-ap di : « Kité, n-ap ouè si Éli ap vi-n pou-l désann li ».

Jézu minm lagé yon gran rèl, li rann souf li.

Voual Tanp la chiré an dé, dépi anro jous anba.

Lè santurion-an ouè sa, li minm ki té kanpé an fas la, kijan-l rélé byin fò, épi li rann souf li-a, li di : « Réyéلمان mésié sa-a sé Pitit Bondié li té yé ».

## 6

*Jénòm, mouin di-ou : lévé.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

7, 11-17

Lè sa-a :

Jézu t-apral nan yon vil yo rélé Nayi-m ; disip li yo ak yon gran foul t-apral avèk li tou.

Pandan y-ap proche bò pòt vil la, té gin yon mò yo t-ap poté, sèl pitit gason manman-l ; madanm sa-a té vèv, té gin anpil foul lavil la avèk li.

Lè Granmèt la ouè sa, li pran pitié pou li, li di-l : « Pa kriyé ».

Li proche, li touché sèkèy la. Moun yo ki t-ap poté yo, yo kanpé.

Li di : « Jénòm, mouin di-ou, lévé ». Mò-a chita, li kòmansé palé ; Jézu rinnèt li bay manman-l.

Sézisman pran tout moun, yo fè louanj Bondié, y-ap di : « Yon gran profèt lévé nan pami nou, Bondié vizité pèp li-a ». Paròl sa-a gayé nan tout Judé-a sou li, ak nan tout réjion alantou-a.

Paròl Granmèt la.

7

*Nou minm tou sé pou nou paré.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

12, 35-40

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Sé pou rin nou maré, pou lanp nou limin nan min nou ; nou minm sé pou nou tankou moun k-ap tann mèt yo, lè-l vi-n sot nan nòs ; pou, kon-l rivé, li frapé, minm lè-a yo louvri ba li.

Ala kontantman pou sèvitè sa yo, si lè mèt la rivé, li jouinn yo ap véyé ; amèn mouin di nou, l-ap maré rin-l, l-ap fè yo lonjé kò yo, l-ap pasé pou-l sèvi yo.

Si-l rivé nan dézièm vèy la, épi si sé nan touazièm vèy la li rivé, épi li jouinn yo konsa, ala kontantman pou sèvitè sa yo. Aprann sa, si pè-d-famiy nan té konnin ki lè vòlè-a t-ap rivé, li t-ap véyé setènman, li pa t-ap kite yo kasé kay li.

Nou minm tou sé pou nou paré, paské sé lè nou pa pansé-a, Pitit moun nan ap vini ».

Paròl Granmèt la.

8

*Jodi-a minm ou-ap avèk mouin nan paradi-a.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

23, 33. 39-43

Apré sòlda yo té rivé koté yo rélé Kalvè-a, yo klouré-l sou koua-a koté sa-a minm avèk asasin yo, youn adouat épi lòt la agòch.

Youn nan sa yo ki té pandié yo, nan asasin yo, li t-ap blasfémé-l, li t-ap di : « Si-ou sé Kris la, sovè pròp tèt ou, ni nou minm tou ».

Lòt la minm pran laparòl, li fè-l répròch, antan l-ap di : « Ou minm tou, ou pa krinn Bondié, sé nan minm kondanasion-an ou yé ? Pou nou, sé jistis, paské nou résévoua sa nou mérité pou aksion nou yo ; sa-a minm, li pa-t fè anyin ki mal ».

Li t-ap di Jézu : « Granmèt, sonjé-m, lè ou-ap vini nan péyi roua-ou la ».

Jézu di-l : « Amèn, mouin di-ou, jodi-a minm ou-ap avèk mouin nan Paradi-a ».

Paròl Granmèt la.

9

*Papa, nan min-ou mouin rinnèt éspri-m.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk** 23, 44-46. 50. 52-53 ; 24, 1-6 a

Li té prèské sizièm è-a, fènoua té rivé sou tout tè-a, jouska névièm è-a. Solèy la vi-n tou noua, voual tanp la chiré nan mitan.

Antan Jézu pousé yon rèl avèk voua-l byin fò, li di : « Papa, nan min-ou mouin rinnèt éspri-m ». Pandan l-ap di sa, souf li pati.

Gin yon mésié yo rélé Jozèf, li té manb nan sanédrin-an, sé yon moun ki bon, ki kòrèk, li proché kot Pilat, li mandé kò Jézu ; li vlopé-l nan yon dra, lè yo fi-n désann li sou koua-a, li dépozé-l nan yon kavo ki fouyé nan ròch, koté yo pa-t ko mété pèsòn.

Prémié jou sémèn nan, granmatin, médam yo rivé nan kavo-a, yo poté pomad yo té paré yo ; yo jouinn ròch la ki roulé sot nan kavo-a. Yo antré, yo pa jouinn kò Granmèt la.

Rivé, pandan yo rét sézi nan éspri yo pou bagay sa-a, gin dé mésié ki kanpé bò koté yo ak rad kléré.

Kòm médam yo té pè, yo té bésé fas yo atè, mésié yo di yo : « Pouki sa n-ap chèché vivan-an avèk mò yo ? Li pa isit la, li résisité ».

Paròl Granmèt la.

**oubyin pi kout****✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk** 23, 44-46. 50. 52-53

Li té prèské sizièm è-a, fènoua té rivé sou tout tè-a, jouska névièm è-a. Solèy la vi-n tou noua, voual tanp la chiré nan mitan.

Antan Jézu pousé yon rèl avèk voua-l byin fò, li di : « Papa, nan min-ou mouin rinnèt éspri-m ». Pandan l-ap di sa, souf li pati.

Gin yon mésié yo rélé Jozèf, li té manb nan sanédrin-an, sé yon moun ki bon, ki kòrèk, li proché kot Pilat, li mandé kò Jézu ; li vlopé-l nan yon dra, lè yo fi-n désann li sou koua-a, li dépozé-l nan yon kavo ki fouyé nan ròch, koté yo pa-t ko mété pèsòn.

Paròl Granmèt la.

10

*Èské Kris la pa-t gin pou-l soufri, épi sé konsa pou-l antré nan gloua-l la ?***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk** 24, 13-35

Min dé nan disp Jézu yo t-apral nan yon bouk, prémié jou sémèn sa-a, bouk la té yon distans souasant stad parapò a Jérusalèm, yo té rélé-l Émayus. Yo minm yo t-ap palé antré yo sou tou sa-k té pasé. Rivé, pandan y-ap

chanjé nouvèl, y-ap chèché antré yo, Jézu minm proché, l-ap maché avèk yo. Jé yo té gin yon bagay ki kinbé yo, pou yo pa rékonèt li.

Li di yo : « Ki paròl sa yo, n-ap palé antré nou pandan n-ap maché-a, épi ki fè nou gin lapinn nan ? »

Youn yo rélé Kléofas, di-l : « Sé ou minm sèl ki étranjé nan Jérusalèm, ou pa konnin sa-k rivé nan jou sa yo ? »

Li di yo : « Ki bagay ? »

Yo di : « Osijè Jézu moun Nazarèt la, ki té yon profèt, ki gin pouvoua nan aksion ak paròl dévan Bondié ak tout pèp la. Kijan gran prèt yo ak chèf nou yo rinnèt li nan kondanasion lanmò, épi yo klouré-l sou koua.

Nou minm nou té espéré, sé li minm ki t-ap rachté Israèl ; koulié-a minm sou tout bagay sa yo jodi-a sé touazièm jou dépi yo rivé.

Min kèk médam nan pami nou té fè nou sézi, yo t-al nan kavo-a dévan-jou, yo pa jouinn kò-l, yo vi-n di yo ouè vizion anj yo, ki di yo li vivan. Kèk nan nou al nan kavo-a, yo jouinn bagay yo jan médam yo di-a ; min li minm yo pa jouinn li ».

Li minm minm li di yo : « Nou sòt, nou pran tan nan kè nou kouè tou sa profèt yo té palé yo ! Èské Kris la pa-t gin pou-l souffri, épi sé konsa pou-l antré nan gloua-l la ? »

Antan li kòmansé dépi sou Moyiz ak tout profèt yo, li ékspliké yo nan tout sa-k ékri yo sa-k té konsènè-l.

Yo proché bò bouk la koté yo t-apralé-a, li minm li fè kòmisi l-apral pi loun, yo fòsè-l, antan yo di : « Rét avèk nou, paské asouè rivé, jou-a déjà bésé ». Li antré avèk yo.

Pandan li lonjé kò-l avèk yo, li pran pin, li béni, li kasé, li ba yo. Jé yo louveri, yo rékonèt li. Li minm minm li disparèt sot dévan jé yo.

Youn di lòt : « Èské kè nou pa-t cho anndan nou, pandan li t-ap palé sou chémin-an, li t-ap ékspliké nou sa-k ékri yo ? » Yo lévé minm là-a, yo tounin Jérusalèm. Yo jouinn onz yo rasanblé, ni sa yo ki té avèk yo-a, yo di Granmèt la lévé vré, li parèt dévan Simon.

Yo rakonté sa-k té pasé sou chémin-an, kijan yo té rékonèt li nan kasé pin-an.

Paròl Granmèt la.

## oubyin pi kout

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

24, 13-16. 28-35

Min dé nan disip Jézu yo t-apral nan yon bouk, prémié jou sémèn sa-a, bouk la té yon distans souasant stad parapò a Jérusalèm, yo té rélé-l Émayus. Yo minm yo t-ap palé antré yo sou tou sa-k té pasé. Rivé, pandan y-ap

chanjé nouvèl, y-ap chèché antré yo, Jézu minm proché, l-ap maché avèk yo. Jé yo té gin yon bagay ki kinbé yo, pou yo pa rékonèt li.

Yo proché bò bouk la koté yo t-apralé-a, li minm li fè kòm si l-apral pi louin, yo fòsè-l, antan yo di : « Rét avèk nou, paské asouè rivé, jou-a déjà bésé ». Li antré avèk yo.

Pandan li lonjé kò-l avèk yo, li pran pin, li béni, li kasé, li ba yo. Jé yo louvri, yo rékonèt li. Li minm minm li disparèt sot dévan jé yo.

Youn di lòt : « Èské kè nou pa-t cho anndan nou, pandan li t-ap palé sou chémin-an, li t-ap éspliké nou sa-k ékri yo ? » Yo lévé minm lè-a, yo tounin Jérusalèm. Yo jouinn onz yo rasanblé, ni sa yo ki té avèk yo-a, yo di Granmèt la lévé vré, li parèt dévan Simon.

Yo rakonté sa-k té pasé sou chémin-an, kijan yo té rékonèt li nan kasé pin-an.

Paròl Granmèt la.

11

*Moun ki kouté paròl mouin épi ki kouè  
... li travèsé sot nan lanmò al nan lavi.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

5, 24-29

Lè sa-a :

Jézu réponn Juif yo : « Amèn, amèn mouin di nou moun ki kouté paròl mouin, ki kouè sa-a ki voyé-m nan, li gin lavi tout tan-an, li pa antré nan jijman, min li travèsé sot nan lanmò al nan lavi.

Amèn, amèn mouin di nou, lè-a rivé, épi sé koulié-a, lè mò yo ap tandé voua Pitit Bondié-a. Moun ki tandé yo, y-ap viv. Minm jan Papa-a gin lavi nan li minm nan, konsa li bay Pitit la pouvoua pou-l gin lavi nan li minm, li ba-l pouvoua tou pou-l fè jijman, paské sé Pitit moun li yé.

Pa sézi pou sa, sèké lè-a rivé, koté tout sa ki nan kavo yo, y-ap tandé voua Pitit Bondié-a ; y-ap soti, sa-k té fè byin yo, sé pou rézireksion lavi-a, sa-k té fè mal yo minm sé pou rézireksion jijman-an ».

Paròl Granmèt la.

12

*Moun ki kouè nan Pitit la, li gin lavi tout tan-an ;  
mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 37-40

Lè sa-a :

Jézu di foul yo : « Tou sa Papa-a ban mouin, l-ap vi-n jouinn mouin ; moun ki vi-n jouinn mouin, mouin pap jété-l déyò ; paské mouin pa désann sot nan sièl la pou-m fè volonté pa-m, min volonté sa-a ki voyé-m nan. Min

volonté sa-a ki voyé-m nan, Papa-a, sèké tou sa-l ban mouin, pou-m pa pèdi anyin nan yo, min pou-m fè-l résisité nan dènié jou-a.

Sa-a sé volonté Papa-m ki voyé-m nan, pou tout moun ki ouè Pitit la, épi ki kouè nan li, jouinn lavi ki pap janm fini-an ; mouin minm m-ap fè-l résisité nan dènié jou-a ».

Paròl Granmèt la.

13

*Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan,  
épi mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 51-58

Lè sa-a :

Jézu té di fowl Juif yo : « Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la. Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan. Pin-an m-ap bay la, sé chè-m pou lavi tè-a ».

Juif yo minm t-ap diskité antré yo, yo t-ap di : « Kijan sa-a kapab ba nou chè-l pou nou manjé ? »

Jézu minm di yo : « Amèn, amèn mouin di nou : si nou pa manjé chè Pitit moun nan, si nou pa bouè san-l, nou pap gin lavi nan nou.

Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li gin lavi ki pap janm fini-an ; mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.

Chè-m sé manjé tout bon vré-a, san-m sé bouason tout bon vré-a. Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li rét nan mouin, mouin minm nan li. Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan, épi mouin viv akòz Papa-a ; konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akòz mouin tou.

Sa-a sé pin-an ki désann sot nan sièl la. Sé pa tankou papa nou yo ki té manjé lama-n nan, épi ki té mouri yo.

Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan ».

Paròl Granmèt la.

14

*Mouin sé rézireksion-an ak lavi-a.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

11, 17-27

Lè sa-a :

Jézu rivé Bétani, li jouinn Lazar dépi kat jou nan kavo. Bétani té pré Jérusalèm, apéprè kinz stad. Anpil nan Juif yo té vi-n kot Mart ak Mari, pou yo konsolé-l pou frè-l la.

Mart minm, lè-l tandé Jézu vini, li kouri al rankontré-l ; kanta Mari li minm, li té rét chita lakay la.



Mart minm di Jézu : « Grammèt, si-ou té isit la, frè-m nan pa t-ap mouri ; min koulié-a mouin konnin tou sa-ou mandé Bondié, Bondié ap ba ou li ».

Jézu di-l : « Frè-ou la ap résisité ».

Mart di-l : « Mouin konnin l-ap résisité nan réziréksion nan dènié jou-a ».

Jézu di-l : « Mouin sé réziréksion-an ak lavi-a ; moun ki kouè nan mouin, minm si-l mouri, l-ap viv, épi tout moun k-ap viv épi ki kouè nan mouin, li pap janm mouri. Èské ou kouè sa ? »

Li di-l : « Oui, Grammèt, mouin kouè ou sé Kris Pitit Bondié vivan-an, ki té vi-n sou tè sa-a ».

Paròl Grammèt la.

### oubyin pi kout

#### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

11, 21-27

Lè sa-a :

Mart minm di Jézu : « Grammèt, si-ou té isit la, frè-m nan pa t-ap mouri ; min koulié-a mouin konnin tou sa-ou mandé Bondié, Bondié ap ba-ou li ».

Jézu di-l : « Frè-ou la ap résisité ».

Mart di-l : « Mouin konnin l-ap résisité nan réziréksion nan dènié jou-a ».

Jézu di-l : « Mouin sé réziréksion-an ak lavi-a : moun ki kouè nan mouin, minm si-l mouri, l-ap viv, épi tout moun k-ap viv épi ki kouè nan mouin, li pap janm mouri, Èské-ou kouè sa ? »

Li di-l : « Oui, Grammèt, mouin kouè ou sé Kris Pitit Bondié vivan-an, ki té vi-n sou tè sa-a ».

Paròl Grammèt la.

15

*Lazar, vini déyò.*

#### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

11, 32-45

Lè sa-a :

Mari minm, lè-l rivé koté Jézu té yé-a, kon-l ouè-l, li tonbé nan pié-l, li di-l : « Grammèt si-ou té isit la, frè-m nan pa t-ap mouri ».

Jézu minm, lè-l ouè l-ap kriyé, ni Juif yo tou ki té vi-n avèk li-a ki t-ap kriyé, li santi éspri-l trésayi li troublé anndan li minm, li di : « Koté nou té dépozé-l ? »

Yo di-l : « Grammèt, vini, ou-a ouè ». Jézu kriyé.

Juif yo di : « Gadé kijan li té rinmin-l ! »

Kèk nan yo minm té di : « Èské li pa-t kapab fè pou sa-a pa mouri, li minm ki té louvri jé moun ki té fèt tou avèg la ».

Jézu minm trésayi ankò anndan li minm, li rivé nan kavo-a. Sé té yon trou ròch, yon ròch té pozé sou li.

Jézu di : « Ouété ròch la ». Mart, sè mò-a, di-l : « Granmèt, li déjà gin mové sant, sa fè katriyèm jou li la ».

Jézu di-l : « Èské-m pa di-ou, si-ou kouè, ou-ap ouè gloua Bondié-a ? »

Yo ouété ròch la. Jézu minm lévé jé-l anlè, li di : « Papa, mouin fè konpliman pou ou, poutèt ou kouté-m. Mouin té konnin ou toujou kouté-m ; min sé poutèt pèp la ki antouré-m nan, mouin palé, pou yo kouè sé ou minm ki voyé-m ».

Kon-l fi-n di sa, li rélé byin fò : « Lazar, vini déyò ». Minm lè-a li sòti, pié-l ak min-l byin maré ak bann toul, figi-l té maré ak yon mouchoua.

Jézu di yo : « Lagé-l, kite-l alé ».

Anpil nan Juif yo ki té vi-n kot Mari ak Mart la, lè yo ouè sa Jézu fè, yo vi-n kouè nan li.

Paròl Granmèt la.

16

*Si grinn blé-a mouri, l-ap donnin anpil foui.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

12, 23-28

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Lè-a rivé pou yo ouè sa Pitit moun nan yé. Amèn, amèn, mouin di nou, si grinn blé-a ki tonbé nan tè-a pa mouri, l-ap rét pou kont li ; min si-l mouri, l-ap donnin anpil foui.

Moun ki rinmin nanm li, l-ap pèdi-l ; min moun ki rayi nanm li sou tè-a, l-ap kinbé-l pou lavi ki pap janm fini-an. Si yon moun ap sèvi-m, sé pou-l suiv mouin ; koté-m yé-a, sé la tou sèvitè-m nan ap yé. Si yon moun ap sèvi-m, Papa-m ap fè-l jouinn konsidérasion.

Koulié-a nanm mouin troublé : ki sa pou-m di ? Papa, sové-m sot nan lè sa-a. Min sé pou sa mouin vi-n nan lè sa-a. Papa, fè ouè non-ou akèl ».

Yon voua rivé sot nan sièl la : « Mouin fè ouè gloua-l, m-ap fè ouè gloua-l ankò ».

Paròl Granmèt la

oubyin pi kout

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

12, 23-26

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Lè-a rivé pou yo ouè sa Pitit moun nan yé. Amèn, amèn, mouin di nou, si grinn blé-a ki tonbé nan tè-a pa mouri, l-ap rétt pou kont li ; min si-l mouri, l-ap donnin anpil foui.

Moun ki rinmin nanm li, l-ap pèdi-l ; min moun ki rayi nanm li sou tè sa-a, l-ap kinbé-l pou lavi ki pap janm fini-an. Si yon moun ap sèvi-m, sé pou-l suiv mouin ; koté-m yé-a, sé la tou sèvitè-m nan ap yé. Si yon moun ap sèvi-m, Papa-m ap fè-l jouinn konsidérasion ».

Paròl Granmèt la.

17

*Nan kay Papa-m nan gin anpil koté pou rétté.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

14, 1-6

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Pa kité kè nou troublé. Sé pou nou kouè nan Bondié, épi kouè nan mouin minm tou. Nan kay Papa-m nan gin anpil koté pou rétté. Otréman mouin t-a di nou, paské m-apralé paré yon plas pou nou.

Lè m-a fi-n al préparé plas la pou nou-an, m-a tounin vi-n pran nou avèk mouin, konsa, koté m-ap yé-a, sé la n-a yé tou. Épi koté m-apralé-a, n-a konnin-l, n-a konnin chémin-an ».

Toma di-l : « Granmèt, nou pa konnin koté ou-apralé ; kòman nou kapab fè konnin chémin-an ? »

Jézu di-l : « Mouin sé chémin-an, vérité-a, ak lavi-a. Pèsòn pa vi-n koté Papa-a, sof si-l pasé pa lintèmediè mouin ».

Paròl Granmèt la.

18

*Mouin vlé pou koté-m yé-a, sé la yo minm tou yo yé.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

17, 24-26

Lè sa-a :

Antan Jézu lévé jé-l nan sièl la, li priyé, antan-l di : « Papa, sa yo ou té ban mouin-an, mouin vlé pou koté-m yé-a sé la yo yé tou avè-m, pou yo ouè gloua-m nan, sa ou té ban mouin-an ; paské ou rinmin-m dépi avan tè-a fèt.

Papa ki kòrèk, tè-a pa-t rékonèt ou ; mouin minm mouin konnin-ou, épi sa yo rékonèt sé ou minm ki voyé-m. Mouin fè yo konnin non-ou, m-ap fè yo konnin-l ankò pou rinmin-an ou rinmin-m nan, li kapab nan yo, ni mouin minm nan yo ».

Paròl Granmèt la.

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan****19, 17-18. 25-39**

Lè sa-a :

Antan Jézu ap poté koua-a li minm minm, l-alé koté yo rélé Kalvè-a, nan langaj ébré sé Gòlgota, sé la yo klouré-l sou koua ; avèk li té gin dé lòt, youn youn bò, lòt la lòt bò-a, Jézu minm nan mitan.

Tou kolé koua Jézu-a, manman-l té kanpé, ni sè manman-l nan, Mari Kléofas, ak Mari Madlèn. Lè Jézu ouè manman-l ak disip li té rinmin-an ki kanpé, li di manman-l : « Madanm, min pitit ou » ; apré sa, li di disip la : « Min manman-ou ».

Dépi lè sa-a, disip la résévoua-l kòm byin pa li.

Apré sa, Jézu konnin tout bagay fi-n réalizé, pou sa-k ékri-a té kapab réalizé, li di : « Mouin souaf ». Té gin yon véso plin vinèg ki té dépozé la ; yo minm yo pran yon éponj plin vinèg, yo mété nan pouint yon branch izòp, yo proché-l bò bouch li. Lè Jézu pran vinèg la, li di : « Li fi-n réalizé ».

Li bésé tèt li, li rinmèt éspri-a.

Juif yo minm, kòm sé té préparasion Pak la, pou kò yo pa rété sou koua-a jou saba-a, (sèké sé té gran jou saba jou sa-a), yo mandé Pilat pou yo krazé janm yo, pou yo ouété yo.

Sòlda yo vini, yo krazé janm premié-a ak lòt la ki té klouré-a avèk li-a. Min lè yo rivé sou Jézu, kòm yo ouè li té déja mouri, yo pa krazé janm li, min youn nan sòlda yo louvri kòt li ak pik li-a, minm lè-a dlo ak san soti.

Moun ki ouè-a, li sèvi témouin, témouagnaj li-a vré. Li minm li konnin li di vérité, pou nou minm tou nou kapab kouè. Bagay sa yo fèt pou sa ki ékri-a té kapab réalizé : « Nou pap krazé zo nan li ». Épi tou yon lòt pasaj sa ki ékri-a di : « Y-ap gadé sa-a yo transpèsé-a ».

Apré bagay sa yo, Jozèf moun Arimati-a, mandé Pilat pou-l ouété kò Jézu, sé disip Jézu li té yé, min an kachèt paské li té pè Juif yo. Pilat ba-l pèmision. Li rivé, li pran kò Jézu. Nikodèm rivé tou, li minm ki té vi-n kot Jézu nannuit premié foua-a, li poté yon mélanj lamir ak aloès, apéprè san liv.

Paròl Granmèt la.

## NAN ANTÈMAN TIMOUN

### A. Nan antèman timoun ki batizé

#### PRÉMIÉ LÉKTU NAN ANSYIN TÈSTAMAN-AN

##### 1

*L-ap chaviré lanmò-a pou tout tan.*

#### Léktu liv profèt Izayi

25, 6 a. 7-9

Jou sa-a :

Granmèt lamé yo ap fè yon résépsion bon viann pou tout pèp yo sou mòn sa-a.

Sou mòn sa-a, l-ap chaviré fas chinn nan ki té maré sou tout pèp yo, ak voual la ki té vlopé sou tout nasion yo.

L-ap chaviré lanmò-a pou tout tan, Granmèt Bondié ap ouété dlo sot nan tout figi, épi l-ap ouété laront pèp li-a sot sou tout tè-a, paské Granmèt la palé.

Jou sa-a y-ap di : « Min Bondié nou sa-a, nou t-ap tann li, épi l-ap sové nou ; sé li minm Granmèt la, nou t-ap éspéré li, n-ap fété, épi n-ap fè kè nou kontan nan sové li sové nou-an ».

Paròl Granmèt la.

##### 2

*Li bon pou rét an silans ap tann sové Bondié ap sové nou-an.*

#### Léktu liv Lamantasion

3, 17-26

Nanm mouin égzilé sot nan lapè-a, mouin bliyé byin yo. Mouin té di : « Klèté-m nan péri ni éspérans mouin-an sot kot Granmèt la ». Sonjé kijan-m pòv, kijan m-ap trinnin, sé absint ak fièl. Mémoua-a sonjé, nanm mouin fonn anndan mouin. Bagay sa yo m-ap sonjé yo nan kè-m, sé poua m-ap éspéré.

Mizérikòd Granmèt la, paské nou pa dépéri, bon kè-l pa pati. Chak matin yo tou nèf, fidélité-ou gran.

« Pòsion-m sé Granmèt la, sé sa nanm mouin di ; sé poua m-ap tann li ».

Granmèt la bon pou moun ki konté sou li yo, pou nanm k-ap chèché-l yo. Sa bon pou tann nan silans sové Granmèt la ap sové nou-an.

Paròl Granmèt la.

## PRÉMIÉ LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN POU TAN PASKAL LA

1

*Bondié ap suiyé tout dlo nan jé yo.***Léktu liv Apokalips apot sin Jan**

7, 9-10. 15-17

Mouin minm Jan, mouin ouè yon gran foul, pèsòn pa-t kapab konté-l, li té soti nan tout nasion, ras pèp ak lang, yo té kanpé dévan tro-n nan ak dévan Mouton-an, yo té abiyé ak rad blan, branch palm nan min yo, yo t-ap rélé byin fò, antan y-ap di : « Sové nou sové-a sé gras a Bondié nou-an, li minm ki chita sou tro-n nan, épi gras a Mouton-an ».

Yo dévan tro-n Bondié-a, y-ap sèvi-l lajounin kon nannuit nan tanp li-a, sa-a ki chita sou tro-n nan ap abité anlè yo.

Yo pap grangou ni souaf ankò, solèy pap tonbé sou yo, ni okinn chalè, paské Mouton-an, ki nan mitan tro-n nan, l-ap kondui yo, l-ap minnin yo nan sous dlo lavi-a, Bondié ap suiyé tout dlo nan jé yo.

Paròl Granmèt la.

2

*Pap gin lanmò ankò.***Léktu liv Apokalips apot sin Jan**

21, 1 a. 3-5 a

Mouin minm, Jan, mouin ouè yon sièl nouvo ak yon tè nouvo.

Mouin tandé yon gran voua ki sot nan tro-n nan, k-ap di : « Min tant Bondié-a avèk lézòm yo, l-ap abité avèk yo ; y-ap pèp li, li minm Bondié avèk yo l-ap Bondié yo. Bondié ap suiyé tout dlo sot nan jé yo, pap gin lanmò, ni dèy, ni rèl, ni doulè ankò ; paské premié bagay yo pati ».

Sa-a ki té chita sou tro-n nan, li di : « Min mouin fè tout bagay nouvo ».

Paròl Granmèt la.

## PSÒM RÉPONS YO

1

## PSÒM RÉPONS

Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R : 1)

R: Granmèt la kondui-m, mouin pap manké anyin.

<sup>1</sup> Granmèt la ap kondui-m, anyin pap manké-m ;

<sup>2</sup> Nan zèb vèt li instalé-m,  
sou bò dlo trankil li minnin-m,

<sup>3</sup> li réfè nanm mouin.

Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l. R

- 4 Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,  
mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.  
Baton-ou ak bagèt ou  
sé yo k-ap konsolé-m. **R:**
- 5 Ou paré yon tab dévan fas mouin  
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an ;  
ou souin tèt mouin ak losion,  
kalis mouin ap débòdé. **R:**
- 6 Réyèlman sé bon kè ak mizèrikòd k-ap rapousuiv mouin  
tout tan lavi-m  
m-ap abité nan kay Granmèt la  
pou tout longè tan yo. **R:**

## 2

## PSÒM RÉPONS

Ps 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 20-21 (**R:** : 1 b)

- R:** Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin.
- 4 Chémin-ou yo, Granmèt, montré-m yo,  
santié-ou yo, aprann mouin yo.
- 5 Dirijé-m nan santié-ou la, ban-m léson,  
paské ou sé Bondié ki sové-m nan. **R:**
- 6 Sonjé pitié-ou yo, Granmèt,  
ak mizèrikòd ou yo, paské sé dépi tout tan yo égzisté.
- 7 dapré mizèrikòd ou-a, sonjé-m,  
poutèt bon kè-ou, Granmèt. **R:**
- 20 Protéjé nanm mouin, délivré-m ;  
mouin pap ront paské mouin espéré nan ou.
- 21 Inosans la ak douati-a ap protéjé-m,  
paské mouin espéré nan ou. **R:**

## 3

## PSÒM RÉPONS

Ps 41, 2. 3. 5 bcd ; 42, 3. 4. (**R:** : 41, 3 a)

- R:** Nanm mouin souaf nan diréksion Bondié vivan-an.
- oubyin :** Alélouya.
- 2 Tankou yon sèrf anvi al nan sous dlo yo,  
konsa nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié. **R:**
- 3 Nanm mouin souaf nan diréksion Bondié, Bondié vivan-an,  
kilè m-apralé, pou-m parèt dévan fas Bondié ?

- 5 Sèké mouin té konn travèsé al kot tant ki mérité yo kontanplé-l la,  
jous nan kay Bondié-a,  
nan chanté fèt avèk louanj,  
fèt foul la k-ap fè louanj la. **R:**
- 3 Voyé limiè-ou la ak vérité-ou la ;  
sé yo minm k-ap kondui-m, k-ap minnin-m,  
sou mòn ou ki sin-an, ak nan tant ou-a. **R:**
- 4 M-ap antré kot lotèl Bondié-a,  
kot Bondié kontantman fèt mouin-an.  
M-ap fè louanj pou ou nan gita, Bondié, Bondié mouin. **R:**

## 4

## PSÒM RÉPONS

Ps 148, 1-2. 11-13. 14 (**R:** : cf. 13 a)

- R:** Sé pou yo fè louanj pou non Granmèt la.  
**oubyin :** Alélouya.
- 1 Fè louanj Granmèt la dépi sot nan sièl yo,  
fè louanj li nan anro sièl yo.
- 2 Fè louanj li, tout anj li yo,  
fè louanj li, tout pouvoua-l yo. **R:**
- 11 Roua yo sou tè-a ak tout pèp yo,  
chèf yo ak tout jij tè yo,
- 12 jèn jan ak vièj yo,  
granmoun yo ak timoun yo.
- 13 Sé pou yo fè louanj pou non Granmèt la,  
paské sé non-l sèl ki anlè nèl. **R:**
- Louanj li anlè sièl la ak tè-a.
- 14 Li lévé kòn pèp li.  
Louanj pou tout sin-l yo,  
pou pitit Israël yo, pèp ki toupré-l la. **R:**

## DÉZIÈM LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

## 1

*Nou kouè n-ap viv ansanm ak Kris la tou.***Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo****6, 3-4. 8-9**

Frè-m yo :

Èské nou pa konnin nou tout ki batizé nan Kris Jézu, sé nan lanmò-l nou batizé ? Nou antéré réyèlman ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan,



pou minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvoté lavi-a.

Konsa si nou mouri ansanm avèk Jézu-Kri, nou kouè n-ap viv ansanm ak Kris la tou, antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap janm mouri, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò.

Paròl Granmèt la.

## 2

*Soua n-ap viv, soua nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé.*

**Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

14, 7-9

Frè-m yo :

Pèsònn nan nou pa viv pou pròp tèt li, épi pèsòn pa mouri pou pròp tèt li. Sèkè si n-ap viv, sé pou Granmèt la n-ap viv ; si nou mouri, sé pou Granmèt la nou mouri. Konsa, soua n-ap viv, soua nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé.

Sé pou sa réyéلمان Kris la mouri, li résisité, pou-l kòmandé ni moun ki mouri yo ni moun ki vivan yo.

Paròl Granmèt la.

## 3

*Tout moun ap gin lavi nan Jézu-Kri.*

**Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo**

15, 20-23

Frè-m yo :

Koulié-a Kris la résisité sot nan pami mò yo, prémié foui nan pami sa-k t-ap dòmi yo ; paské sé pa lintémédiè yon moun lanmò-a té rivé, sé pa lintémédiè yon moun tou réziréksion-an sot nan pami mò yo.

Minm jan tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la. Chak moun nan ran-l : prémié foui-a sé Kris la, apré sa sé sa yo ki pou Kris la, yo minm ki té kouè li t-ap vini-an.

Paròl Granmèt la.

## 4

*Li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt la, pou nou sin.*

**Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo**

1, 3-5

Konpliman pou Bondié Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki béni nou ak tout kalité bénédiksion spirituèl nan sièl la nan Jézu-Kri. Jan li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt la, pou nou sin, san répròch dévan-l nan rinmin-

an. Li té déstiné nou davans pou nou vi-n tounin pitit adoptif pou li gras a Jézu-Kri nan li minm, dapré désizyon volonté-l.

Paròl Granmèt la.

5

*N-ap toujou avèk Granmèt la.*

**Lékto prémié lèt apot sin Pòl pou Tésalonisyin yo** 4, 13-14. 18

Nou pa vlé, frè-m yo, pou nou pa konnin vérité sou moun k-ap dòmi yo, pou nou pa pran lapinn tankou lòt moun yo ki pa gin espérans yo.

Si réyèlman nou kouè Jézu mouri épi li résisité, konsa tou moun yo k-ap dòmi nan Jézu yo, Bondié ap minnin yo avèk li.

Sé pou nou youn ankourajé lòt ak paròl sa yo.

Paròl Granmèt la.

### ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

**Cf. Mt 11, 25**

(**R:** Alélouya). Konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou révéle mistè péyi-roua-a bay sa-k tou piti yo.

(**R:** Alélouya).

2

**Jan 6, 39**

(**R:** Alélouya). Sa-a sé volonté Papa-m ki voyé-m nan, sèké tou sa-l ban mouin, pou-m pa pèdi anyin nan yo, min pou-m résisité-l nan dènié jou-a, sé sa Granmèt la di. (**R:** Alélouya).

3

**2 Kor 1, 3 b-4 a**

(**R:** Alélouya). Konpliman pou Papa mizérikòd yo ak Bondié tout konsolasion-an, li minm ki konsolé nou nan tout tribilasion nou-an. (**R:** Alélouya).

## ÉVANJIL

1

*Ou kaché bagay sa yo pou saj yo ak intélijan yo,  
ou révélé yo bay ti moun piti yo.*

## ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

11, 25-30

Lè sa-a, antan Jézu pran laparòl, li té di : « Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou kaché bagay sa yo pou saj yo ak intélijan yo, ou révélé yo bay ti moun piti yo.

Oui, Papa, paské sé konsa sa fè-ou plézi. Papa-m rinmèt mouin tout bagay ; pèsòn pa konnin Pitit la sof Papa-a, ni pèsòn pa konnin Papa-a, sof Pitit la ak moun Pitit la vlé révélé sa.

Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap travay di, k-ap rédi anba gro chaj, m-ap réfè fòs nou.

Pran jouk mouin sou nou, pran léson nan min-m, paské mouin tou dou, mouin pòv nan kè-m ; n-ap jouinn répo pou nanm nou ; jouk mouin fasil pou poté, chaj mouin léjè ».

Paròl Granmèt la.

2

*Min volonté sa-a ki voyé-m nan, Papa-a,  
sèké tou sa-l ban mouin, pou-m pa pèdi anyin nan yo.*

## ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 37-40

Lè sa-a :

Jézu di foul yo : « Tou sa Papa-a ban mouin, l-ap vi-n jouinn mouin ; moun ki vi-n jouinn mouin, mouin pap jété-l déyò ; paské mouin pa désann sot nan sièl la pou-m fè volonté pa-m, min volonté sa-a ki voyé-m nan. Min volonté sa-a ki voyé-m nan, Papa-a, sèké tou sa-l ban mouin, pou-m pa pèdi anyin nan yo, min pou-m résisité-l nan dènié jou-a.

Sa-a sé volonté Papa-m ki voyé-m nan, pou tout moun ki ouè Pitit la, épi ki kouè nan li, jouinn lavi ki pap janm fini-an ; mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a ».

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

6, 37-39

Lè sa-a :

Jézu di foul yo : « Tou sa Papa-a ban mouin, l-ap vi-n jouinn mouin ; moun ki vi-n jouinn mouin, mouin pap jété-l déyò ; paské mouin pa désann sot nan sièl la pou-m fè volonté pa-m, min volonté sa-a ki voyé-m nan.

Min volonté Sa-a ki voyé-m nan, Papa-a, sèkè tou sa-l ban mouin, pou-m pa pèdi anyin nan yo, min pou-m résisité-l nan dènié jou-a ».

Paròl Granmèt la.

3

*Si-ou kouè, ou-ap ouè gloua Bondié.*

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

11, 32-38. 40

Lè sa-a : Mari minm, sè Laza-a, lè-l rivé koté Jézu té yé-a, kon-l ouè-l, li tonbé nan pié-l, li di-l : « Granmèt si-ou té isit la, frè-m nan pa t-ap mouri ».

Jézu minm, lè-l ouè l-ap kriyé, ni Juif yo tou ki té vi-n avèk li-a ki t-ap kriyé, li santi éspri-l trésayi li troublé anndan li minm, li di : « Koté nou té dépozé-l ? »

Yo di-l : « Granmèt, vini, ou-a ouè ». Jézu kriyé.

Juif yo di : « Gadé kijan li té rinmin-l ! »

Kèk nan yo minm té di : « Èské li pa-t kapab fè pou sa-a pa mouri, li minm ki té louvri jé moun ki té fèt tou avèg la ». Jézu minm trésayi ankò anndan li minm, li rivé nan kavò-a. Sé té yon trou ròch, yon ròch té pozé sou li.

Jézu di Mart : « Èské-m pa di-ou, si-ou kouè, ou-ap ouè gloua Bondié-a ? »

Paròl Granmèt la.

4

*Min manman-ou.*

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

19, 25-30

Lè sa-a : Tou kolé koua Jézu-a, manman-l té kanpé, ni sè manman-l nan, Mari Kléofas, ak Mari Madlèn. Lè Jézu ouè manman-l ak disip li té rinmin-an ki kanpé, li di manman-l : « Madanm, min pitit ou » ; apré sa, li di disip la : « Min manman-ou ».

Dépi lè sa-a, disip la réservoua-l kòm byin pa li.

Apré sa, Jézu konnin tout bagay fi-n réalizé, pou sa-k ékri-a té kapab réalizé, li di : « Mouin souaf ». Té gin yon véso plin vinèg ki té dépozé la ; yo minm yo pran yon éponj plin vinèg, yo mété nan pouint yon branch izòp, yo proché-l bò bouch li. Lè Jézu pran vinèg la, li di : « Li fi-n réalizé ».

Li bésé tèt li, li rinmèt éspri-a.

Paròl Granmèt la.

## B. Nan antèman timoun ki pa ko batizé

### PRÉMIÉ LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1

*L-ap chaviré lanmò-a pou tout tan.*

#### Léktu liv profèt Izayi

25, 6 a. 7-8 b

Jou sa-a :

Granmèt lamé yo ap fè yon résépsion bon viann pou tout pèp yo sou mòn sa-a.

Sou mòn sa-a, l-ap chaviré fas chinn nan ki té maré sou tout pèp yo, ak voual la ki té vlopé sou tout nasion yo.

L-ap chaviré lanmò-a pou tout tan, Granmèt Bondié ap ouété dlo sot nan tout figi.

Paròl Granmèt la.

2

*Li bon pou rét an silans ap tann sové Bondié ap sové nou-an.*

#### Léktu liv Lamantasion

3, 17-26

Nanm mouin égzilé sot nan lapè-a, mouin bliyé byin yo. Mouin té di : « Klètè-m nan péri ni éspérans mouin-an sot kot Granmèt la ». Sonjé kijan-m pòv, kijan m-ap trinnin, sé absint ak fièl. Mémoua-a sonjé, nanm mouin fonn anndan mouin. Bagay sa yo m-ap sonjé yo nan kè-m, sé poua m-ap éspéré.

Mizérikòd Granmèt la, paské nou pa dépéri, bon kè-l pa pati. Chak matin yo tou nèf, fidélité-ou gran.

« Pòsion-m sé Granmèt la, sé sa nanm mouin di ; sé poua m-ap tann li ».

Granmèt la bon pou moun ki konté sou li yo, pou nanm k-ap chèchè-l yo. Sa bon pou tann nan silans sové Granmèt la ap sové nou-an.

Paròl Granmèt la.

## PSÒM RÉPONS LA

Ps 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 20-21 (R: 1 b oubyin 3 a)

R: Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin.

oubyin :

R: Tout moun ki konté sou ou, Granmèt, yo pap ront.

4 Chémin-ou yo, Granmèt, montré-m yo,  
santié-ou yo, aprann mouin yo.5 Dirijé-m nan santié-ou la, ban-m léson,  
paské ou sé Bondié sovè mouin. R:6 Sonjé pitié-ou yo, Granmèt,  
ak mizérikòd ou yo, paské sé dépi tout tan yo égzisté.7 dapré mizérikòd ou-a, sonjé-m,  
poutèt bon kè-ou, Granmèt. R:17 Laché sa-k fè kè-m séré-a,  
anba malè-m yo dégajé-m.20 Protéjé nanm mouin, dégajé-m ;  
mouin pap ront, paské mouin éspéré nan nou. R:

## ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

2 Kor 1, 3 b-4 a

(R: Alélouya). Konpliman pou Papa mizérikòd yo  
ak Bondié tout konsolasion-an,  
li minm ki konsolé nou nan tout tribilasyon nou-an. (R: Alélouya).

2

Ap 1, 5 a-6 b

(R: Alélouya). Jézu-Kri sé prémié pitit nan pami mò yo ;  
konpliman pou li ak otorité  
pou tout tan gin tan. Amèn. (R: Alélouya).

## ÉVANJIL YO

1

*Ou kaché bagay sa yo pou saj yo ak intélijan yo,  
ou révéle yo bay ti moun piti yo.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié** **11, 25-30**

Lè sa-a, antan Jézu pran laparòl, li té di : « Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou kaché bagay sa yo pou saj yo ak intélijan yo, ou révéle yo bay ti moun piti yo.

Oui, Papa, paské sé konsa sa fè-ou plézi. Papa-m rinmèt mouin tout bagay ; pèsòn pa konnin Pitit la sof Papa-a, ni pèsòn pa konnin Papa-a, sof Pitit la ak moun Pitit la vlé révéle sa.

Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap travay di, k-ap rédi anba gro chaj, m-ap réfè fòs nou.

Pran jouk mouin sou nou, pran léson nan min-m, paské mouin tou dou, mouin pòv nan kè-m ; n-ap jouinn répo pou nanm nou ; jouk mouin fasil pou poté, chaj mouin léjè ».

Paròl Granmèt la.

2

*Jézu minm lagé yon gran rèl, li rann souf li.*

**✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark** **15, 33-46**

Lè-l sizièm è-a, fènoua rivé sou tout tè-a jous névièm è-a.

A névièm è-a, Jézu pousé yon gran rèl, li di : « Éloyi, Éloyi, lama sabaktani ? » sa vlé di : « Bondié mouin, Bondié mouin, pouki sa ou lagé-m nan ? »

Kèk nan sa-k té kanpé la-a, yo tandé, yo di : « Gadé, l-ap rélé Éli ».

Youn nan yo kouri, li plin éponj ak vinèg, li mété-l nan pouint yon rozo, li t-ap ba-l bouè antan l-ap di : « Kité, n-ap ouè si Éli ap vi-n pou-l désann li ».

Jézu minm lagé yon gran rèl, li rann souf li.

Voual Tanp la chiré an dé, dépi anro jous anba.

Lè santurion-an ouè sa, li minm ki té kanpé an fas la, kijan-l rélé byin fò, épi li rann souf li-a, li di : « Réyéلمان mésié sa-a sé Pitit Bondié li té yé ».

Té gin médam ki t-ap gadé dé louin, nan pami yo té gin Mari Madlèn, ak Mari manman ti Jak ak Jozèf, ak Salomé, lè yo té nan Galilé, yo té konn ap suiv li, yo té konn okipé-l, té gin anpil dèt médam tou ki té monté ansanm avèk li Jérusalèm.

Kòm asouè té déjà rivé, sé té jou préparasion-an, lavèy saba-a, Jozèf moun Arimati-a rivé, sé té yon moun ki gin konsidérasion, li té fè pati

konsèy la ; li minm tou li t-ap tann péyi-roua Bondié-a, li antré kot Pilat avèk asirans, li mandé kò Jézu. Pilat minm sézi pou Jézu t-a mouri déjà, li fè rélé santirion-an, li mandé-l si Jézu té mouri déjà. Lè santirion-an fè-l konnin sa, li rimmèt Jozèf kò-a. Jozèf minm achté yon dra, li désann li, li vlopié-l nan dra-a, li pozé-l nan kavo-a, ki té fouyé nan ròch la, li roulé yon ròch sou bouch kavo-a.

Paròl Granmèt la.

3

*Min manman-ou.*

### ✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

19, 25-30

Lè sa-a :

Tou kolé koua Jézu-a, manman-l té kanpé, ni sè manman-l nan, Mari Kléofas, ak Mari Madlèn. Lè Jézu ouè manman-l ak disip li té rinmin-an ki kanpé, li di manman-l : « Madanm, min pitit ou » ; apré sa, li di disip la : « Min manman-ou ».

Dépi lè sa-a, disip la résvoua-l kòm byin pa li.

Apré sa, Jézu konnin tout bagay fi-n réalizé, pou sa-k ékri-a té kapab réalizé, li di : « Mouin souaf ». Té gin yon véso plin vinèg ki té dépozé la ; yo minm yo pran yon éponj plin vinèg, yo mété nan pouint yon branch izòp, yo proché-l bò bouch li. Lè Jézu pran vinèg la, li di : « Li fi-n réalizé ».

Li bésé tèt li, li rimmèt éspri-a.

Paròl Granmèt la.

\* \*  
\*



**GID LÉKTU YO**  
**dapré lòd Liv ki sin yo**  
 Mès rituèl yo : Finéray épi Mès pou défin yo

Réfèrans	Paj
	Finéray
2 Mak 12, 43-46	436
Jòb 19, 1. 23-27a	436
Éklézias 2, 6	365
Saj 3, 1-9*	436
Saj 4, 7-15	437
Iz 25, 6a. 7-8b	477
Iz 25, 6a. 7-9	438, 469
Lam 3, 17-26	438, 469, 477
Dan 12, 1-3	439
Mt 5, 1-12a	456
Mt 11, 25-30	456, 475, 479
Mt 11, 28	365
Mt 25, 1-13	457
Mt 25, 31-46*	457
Mk 15, 33-39 — 16, 1-6	458
Mk 15, 33-46	479
Lk 7, 11-17	459
Lk 12, 35-40	460
Lk 23, 33. 39-43	460
Lk 23, 44-46. 50. 52-53; 24, 1-6a	461
Lk 24, 13-35*	461
Jan 5, 24-29	463
Jan 6, 37-40*	463, 475
Jan 6, 51-58	464
Jan 11, 17-27*	464
Jan 11, 32-38. 40	476
Jan 11, 32-45	465
Jan 12, 23-28*	466
Jan 14, 1-6	467
Jan 17, 24-26	467
Jan 19, 17-18. 25-39	468
Jan 19, 25-30	476
Tr 10, 34-43*	439
Rm 5, 5-11	447
Rm 5, 17-21	447
Rm 6, 3-4. 8-9	448, 472

Rm 6, 3-9*	448
Rm 6, 8-9	364
Rm 8, 14-23	449
Rm 8, 31b-35. 37-39	449
Rm 14, 7-9	473
Rm 14, 7-9. 10c-12	450
1 Kor 15, 20-23	451, 473
1 Kor 15, 20-24a. 25-28*	450
1 Kor 15, 51-57	451
2 Kor 1, 3-4	365
2 Kor 4, 14	364
2 Kor 4, 14 — 5, 1	452
2 Kor 5, 1. 6-10	452
Éf 1, 3-5	473
Fil 3, 20-21	453
Kol 3, 3-4	364
1 Tés 4, 13-14. 18	474
1 Tés 4, 13-18*	453
2 Tim 2, 8-13	453
1 Jn 3, 1-2	454
1 Jn 3, 14-16	454
Ap 7, 9-10. 15-17	470
Ap 14, 13	440
Ap 20, 11-21, 1	440
Ap 21, 1-5a. 6b-7	441
Ap 21, 1a. 3-5a	470

## GID PSÒM YO AK KANTIK YO

Ps 22 (konplè)	390
Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R/ : 1 oubyin 4 a b)	441
Ps 24 (konplè)	390
Ps 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 20-21 (R/ : 1 b oubyin 3 a)	478
Ps 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 20-21 (R/ : 1 b oubyin 3 b)	471
Ps 24, 6-7 bc. 17-18. 20-21 (R/ : 1 oubyin 3)	442
Ps 26, 1. 4. 7 é 8 b é 9 a. 13-14 (R/ : 1 a oubyin 13)	442
Ps 41 (konplè)	392
Ps 41, 2. 3. 5 bcd ; 42, 3. 4. (R/ : 41, 3 a)	471
Ps 41, 2. 3. 5 bcd ; Ps 42, 3. 4. 5 (R/ : Ps 41, 3 a)	443
Ps 50 (konplè)	393

Ps 62, 2. 3-4. 5-6. 8-9 (R/ : 2 b)	443
Ps 92 (konplè)	394
Ps 102, 8 é 10. 13-14. 15-16. 17-18 (R/ : 8a oubyin Ps 36, 39 a)	444
Ps 113, 1-20	395
Ps 114 (konplè)	396
Ps 114, 5 é 6 ; Ps 115, 10-11. 15-16 ac (R/ : Ps 114, 9)	445
Ps 115 (konplè)	397
Ps 117 (konplè)	397
Ps 118 (konplè)	399
Ps 120 (konplè)	409
Ps 121 (konplè)	409
Ps 121, 1-2. 4-5. 6-7. 8-9 (R/ : 1 oubyin cf. 1)	445
Ps 122 (konplè)	410
Ps 125 (konplè)	410
Ps 129 (konplè)	411
Ps 129, 1-2. 3-4. 5-6 a. 6 b-7. 8 (R/ : cf. 1 oubyin cf. 5)	446
Ps 131 (konplè)	411
Ps 133 (konplè)	412
Ps 142, 1-2. 5-6. 7 ab é 8 ab. 10 (R/ : 1 a)	446
Ps 148, 1-2. 11-13. 14 (R/ : cf. 13 a)	472

## GID ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Cf. Mt 11, 25	454, 474
Mt 25, 34	454
Jan 3, 16	454
Jan 6, 39	455, 474
Jan 6, 40	455
Jan 6, 51	455
Jan 11, 25 a. 26	455
2 Kor 1, 3b-4a	474, 478
Cf. Fil 3, 20	455
2 Tim 2, 11-12a	455
Ap 1, 5a. 6b	455, 478
Ap 14, 13	455
Ap 21, 3	

## GID

Dèkrè Sakré Kongrégasyon pou Kult Bondié-a.....	353
Avètisman jénéral .....	355
<b>CHAPIT I</b> Vyéy pou yon défin épi priyè lè yo dépozé kò-a nan sèkèy la .....	363
<b>CHAPIT II</b> Prémie modèl finéray sa vlé di avèk stasion nan kay défin-an nan légliz la ak nan simitiè-a.....	365
<b>CHAPIT III</b> Dézièm tip finéray sa vlé di avèk stasion nan chapèl simitiè-a épi nan tonm nan.....	375
<b>CHAPIT IV</b> Touazièm tip finéray ki sélébré nan kay défin-an.....	381
<b>CHAPIT V</b> Finéray ti moun piti .....	382
<b>CHAPIT VI</b> Divès tèks ki vini nan finéray adult yo .....	383
<b>CHAPIT VII</b> Divès tèks ki vini nan finéray timoun piti ki batizé .....	429
<b>CHAPIT VIII</b> Divès tèks ki vini nan finéray timoun piti ki pa ko batizé.....	434
<hr/>	
<b>DÉGI</b> Léktu Biblik yo .....	436
Gid jénéral léktu yo .....	481
<hr/>	
<b>GID</b> .....	484

## GID JÉNÉRAL LÉKTU YO dapré lòd Liv ki sin yo

### LÉKSIONÈ RITUÈL : PÉNITANS - ONKSION MALAD YO - FINÉRAY

Réfèrans	Paj		
	Pénitans	Onksion malad	Finéray
Jén 3, 1-19	116		
Jén 4, 1-15	117		
Jén 18, 17-33	118		
Égz 17, 1-7	119		
Égz 20, 1-21	119		
Dét 5, 1-3. 6-7. 11-12. 16-21a; 6, 4-6	120		
Dét 6, 4-9	121		
Dét 9, 7-19	122		
Dét 30, 15-20	122		
2 Sam 12, 1-9. 13	123		
1 Roua 19, 1-8		301	
1 Roua 19, 4-8		340	
Né 9, 1-20	124		
2 Mak 12, 43-46			436
Jòb 3, 1-3. 11-17. 20-23		301	
Jòb 7, 1-4. 6-11		302	
Jòb 7, 12-21		302	
Jòb 19, 1. 23-27a			436
Jòb 19, 23-27a		303, 340	
Jòb 31, 16-20. 24-25. 31-32		301	
Éklézias 2, 6			365
Saj 1, 1-16	125		
Saj 3, 1-9*			436
Saj 4, 7-15			437
Saj 5, 1-16	126		
Saj 9, 9-11. 13-18		303	
Sir 28, 1-7	127		
Iz 1, 2-6. 15-18	127		
Iz 1, 10-18	128		
Iz 5, 1-7	128		
Iz 25, 6a. 7-8b			477
Iz 25, 6a. 7-9			438, 469
Iz 35, 1-10		304	
Iz 43, 22-28	129		
Iz 52, 13 — 53, 12		304	
Iz 53, 1-7. 10-12	129		

	Pénitans	Onksion	Finéray
Iz 53, 1-12	130		
Iz 53, 4-6	44		
Iz 55, 1-11	131		
Iz 58, 1-11	132		
Iz 59, 1-4, 9-15	133		
Iz 61, 1-3a		305	
Jér 2, 1-13	133		
Jér 7, 21-26	134		
Lam 3, 17-26			438, 469, 477
Éz 11, 14-21	135		
Éz 11, 19-20	45		
Éz 18, 20-32	135		
Éz 33, 11	44		
Éz 36, 23-28	136		
Dan 12, 1-3			439
Oz 2, 16-25	137		
Oz 11, 1-11	137		
Oz 14, 2-10	138		
Joël 2, 12-19	138		
Mi 6, 1-15	139		
Mi, 7, 2-7. 18-20	140		
Mal 3, 1-7a	141		
Mt 3, 1-12	180		
Mt 4, 12-17	180		
Mt 5, 1-10	181		
Mt 5, 1-12a		325	456
Mt 5, 1-12	181		
Mt 5, 13-16	182		
Mt 5, 17-47	182		
Mt 6, 14-15	45		
Mt 8, 1-4		326	
Mt 8, 5-13		327	
Mt 8, 5-19. 13		249	
Mt 8, 5-17*		326	
Mt 8, 14-17		327	
Mt 9, 1-8	184		
Mt 9, 9-13	184		
Mt 11, 25-30		328	456, 475, 479
Mt 11, 28			365
Mt 13, 44-46	185		
Mt 15, 29-31		328	
Mt 18, 15-20	185		
Mt 18, 21-35	185		
Mt 22, 34-40	186		
Mt 25, 1-13			457
Mt 25, 31-40		328	

	Pénitans	Onksion	Finéray
Mt 25, 31-46*	186		457
Mt 26, 36-46		336	
Mt 26, 69-75	187		
Mk 1, 14-15	45		
Mk 2, 1-12	188	329	458
Mk 4, 35-41		330	
Mk 10, 32-45*	189		
Mk 10, 46-52		330	
Mk 12, 28-34	190		
Mk 15, 33-46			479
Mk 15, 33-39 ; 16, 1-6		337	
Mk 16, 15-20		331	
Lk 3, 3-17	191		
Lk 5, 32	44		
Lk 6, 31-38	45		
Lk 7, 11-17			459
Lk 7, 19-23		331	
Lk 7, 36-50	192		
Lk 10, 5-6. 8-9		331	
Lk 10, 25-37		332	
Lk 11, 5-13		332	
Lk 12, 31	85		
Lk 12, 35-40			460
Lk 12, 35-44		333	
Lk 13, 1-5	193		
Lk 15, 1-7	46, 193		
Lk 15, 1-10	193		
Lk 15, 4-7	194		
Lk 15, 11-32	195		
Lk 15, 18; 18, 13	48		
Lk 17, 1-4	196		
Lk 18, 9-14	196	334	
Lk 19, 1-10	197		
Lk 22, 31-34	197		
Lk 22, 54-62	197		
Lk 23, 33. 39-43			460
Lk 23, 39-43	198		
Lk 23, 44-46. 50. 52-53; 24, 1-6a			461
Lk 23, 44-49 ; 24, 1-6a		337	
Lk 24, 13-35*		338	461
Jan 5, 24-29			463
Jan 6, 35-40		334	
Jan 6, 37-40*			463, 475
Jan 6, 41-51		345	
Jan 6, 51-58		346	464
Jan 6, 53-58		335	

	Pénitans	Onksion	Finéray
Jan 6, 54-55		243, 261	
Jan 6, 54-59		243, 261	
Jan 8, 1-11	198		
Jan 8, 31-36	199		
Jan 9, 1-7		335	
Jan 10, 11-18		335	
Jan 11, 17-27*			464
Jan 11, 32-38. 40			476
Jan 11, 32-45			465
Jan 12, 23-28*			466
Jan 13, 34-35; 15, 10-13	199		
Jan 14, 1-6			467
Jan 15, 1-8	200		
Jan 15, 9-17	200		
Jan 17, 24-26			467
Jan 19, 13-37	201		
Jan 19, 17-18. 25-39			468
Jan 19, 25-30			476
Jan 20, 1-10		339	
Jan 20, 19-23	46, 202		
Jan 21, 15-19	203		
Tr 3, 1-10		306	
Tr 3, 11-16		306	
Tr 4, 8-12		307	
Tr 10, 34-43*			439
Tr 13, 32-39		307	
Rm 3, 22-26	159		
Rm 5, 5-11			447
Rm 5, 6-11	159		
Rm 5, 8-9	47		
Rm 5, 17-21			447
Rm 6, 2b-13	159		
Rm 6, 3-4. 8-9			448, 472
Rm 6, 3-9*			448
Rm 6, 8-9			364
Rm 6, 16-23	160		
Rm 7, 14-25	161		
Rm 7, 18-25	161		
Rm 8, 14-17		308	
Rm 8, 14-23			449
Rm 8, 18-27		308	
Rm 8, 31b-35. 37-39		309	
Rm 8, 19-23	162		
Rm 8, 31b-35. 37-39			449
Rm 12, 1-2. 9-19	162		
Rm 13, 8-14	163		



	Pénitans	Onksion	Finéray
Rm 13, 11-12	85		
Rm 14, 7-9			473
Rm 14, 7-9. 10c-12			450
1 Kor 1, 18-25		309	
1 Kor 10, 1-13	163		
1 Kor 10, 16-17		340	
1 Kor 11, 23-26		341	
1 Kor 11, 26		243, 261	
1 Kor 12, 12-22. 24b-27		310	
1 Kor 15, 12-20		310	451, 473
1 Kor 15, 20-24a. 25-28*			450
1 Kor 15, 51-57			451
2 Kor 1, 3-4			365
2 Kor 4, 14			364
2 Kor 4, 14 — 5, 1			452
2 Kor 4, 16-18		311	
2 Kor 5, 1. 6-10		311	452
2 Kor 5, 17-21	164		
Gal 4, 12-19		312	
Gal 5, 16-24	164		
Éf 1, 3-5			473
Éf 1, 3-7	165		
Éf 2, 1-10	165		
Éf 4, 1-3. 17-32	166		
Éf 4, 23-32	167		
Éf 5, 1-2	47		
Éf 5, 1-14	167		
Éf 6, 10-18	168		
Fil 2, 25-30		312	
Fil 3, 20-21			453
Kol 1, 12-14	47		
Kol 1, 22-29		312	
Kol 3, 1-10. 12-17	168		
Kol 3, 3-4			364
Kol 3, 8-10. 12-17	47		
1 Tés 4, 13-14. 18			474
1 Tés 4, 13-18*			453
2 Tim 2, 8-13			453
Ébr 4, 14-16; 5, 7-9		313	
Ébr 12, 1-5	169		
Jk 1, 22-27	170		
Jk 2, 14-26	170		
Jk 3, 1-12	171		
Jk 5, 13-16	171	313	
Jk 5, 13-16			
1 P 1, 3-9		314	

	Pénitans	Onksion	Finéray
1 P 1, 13-23	172		
1 P 2, 20b-25	172		
2 P 1, 3-11	173		
1 Jn 1, 5-9	173		
1 Jn 1, 5-10; 2, 1-2	174		
1 Jn 1, 6-7. 9	48		
1 Jn 2, 1-2	44		
1 Jn 2, 3-11	174		
1 Jn 3, 1-2		314	454
1 Jn 3, 1-24	175		
1 Jn 3, 14-16			454
1 Jn 4, 16-21	176		
Ap 2, 1-5	177		
Ap 3, 14-22	177		
Ap 3, 14b. 20-22		341	
Ap 7, 9-10. 15-17			470
Ap 14, 13			440
Ap 20, 11-15	178		
Ap 20, 11-21, 1			440
Ap 21, 1-5a. 6b-7			441
Ap 21, 1a. 3-5a			470
Ap 21, 1-7		315	
Ap 21, 1-8	178		
Ap 21, 1-12	179		
Ap 22, 17. 20-21		315, 341	

## GID PSÒM YO AK KANTIK YO

	Pénitans	Onksion malad yo	Finéray
Ps 6, 2-4 a. 4 b-6. 9-10 (R/ : 3 a)		284	
Ps 12, 4-5. 6 (R/ : 6 a)	142		
Ps 21, 2-3. 7-9. 18-28 (R/ : 2 a)	142		
Ps 22 (konplè)			390
Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R/ : 4 ab oubyin 1)		342	
Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R/ : 1 oubyin 4 a b)			441
Ps 24 (konplè)			390
Ps 24 (R/ : 16 a)	143		
Ps 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 8-9. 10 é 14. 15-16 (R/ : 1 b)		284	
Ps 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 20-21 (R/ : 1 b oubyin 3 a)			478

	Pénitans	Onksion	Finéray
Ps 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 20-21 (R/ : 1 b oubyin 3 b)			471
Ps 24, 6-7	48		
Ps 24, 6-7 bc. 17-18. 20-21 (R/ : 1 oubyin 3)			442
Ps 26, 1. 4. 5. 7-8 a. 8 b-9 ab. 9 cd-10 (R/ : 14)	144	317	
Ps 26, 1. 4. 7 é 8 b é 9 a. 13-14 (R/ : 1 a oubyin 13)			442
Ps 30, 10. 15-17. 20 (R/ : Lk 23, 46)	145		
Ps 30, 1-6 (R/ : 6 b)	145		
Ps 31, 1-2. 5. 7. 10-11 (R/ : cf. 11)	204		
Ps 31, 1-2. 5. 7. 11 (R/ : cf. 5 c)	146		
Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 10-11 (R/ : 9 a)		342	
Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 10-11. 12-13. 17 é 19 (R/ : 19 a ; oubyin 9 a)		284	
Ps 35 (R/ : 8 a)	147		
Ps 39, 2 é 4 ab. 5. 6. 7-8 a. 8 b-9. 10. 12 (R/ : 8 a é 9 a)	148		
Ps 41 (konplè)			392
Ps 41, 2. 3. 5 bcd ; 42, 3. 4. (R/ : 41, 3 a)			471
Ps 41, 2. 3. 5 bcd ; Ps 42, 3. 4. 5 (R/ : Ps 41, 3 a)		343	443
Ps 41, 3. 5 bcd ; Ps 42, 3. 4 (R/ : Ps 41, 2)		284	
Ps 49, 7-8. 14 é 23 (R/ : 23b)	148		
Ps 50 (konplè)			393
Ps 50, (R/ : 14 a)	149		
Ps 50, 3-4. 5-6 a. 18-19 (R/ : 19 b)		229	
Ps 50, 3-4. 12-13. 18-19. (R/ : 19 a)	149		
Ps 50, 4-5	48		
Ps 62, 2-3. 4-6. 7-9 (R/ : 2 b)		284	
Ps 62, 2. 3-4. 5-6. 8-9 (R/ : 2 b)			443
Ps 70, 1-2. 5-6 ab. 8-9. 14-15 ab (R/ : 12 b oubyin 23)		319	
Ps 72 (R/ : 28 a)	150		
Ps 84, 2-14 (R/ : 8)	151		
Ps 85, 1-2. 3-4. 5-6. 11. 12-13. 15-16 ab (R/ : 1 a oubyin 15 a é 16 a)		285	
Ps 89 (R/ : 14)	152		
Ps 89, 2. 3-4. 5-6. 9-10 ab. 10 cd é 12. 14 é 16 (R/ : 1)		285	
Ps 92 (konplè)			394
Ps 94 (R/ : 8 a)	153		
Ps 97, 1. 2-3 ab. 3 cd-4. 5-6 (R/ : 2 a)	204		
Ps 99, 2. 3. 4. 5 (R/ : 5 a)	205		
Ps 101, 2-3. 24-25. 26-28. 19-21 (R/ : 2)		285	

	Pénitans	Onksion	Finéray
Ps 102, 1-4. 8-18 (R/ : 17)	206		
Ps 102, 1-2. 3-4. 11-12. 13-14. 15-16. 17-18 (R/ : 1 a oubyin 8)		322	
Ps 102, 8 é 10. 13-14. 15-16. 17-18 (R/ : 8a oubyin Ps 36, 39 a)			444
Ps 105, 6-10. 13-14. 19-22 (R/ : 6)	154		
Ps 113, 1-20			395
Ps 114 (konplè)			396
Ps 114, 5 é 6 ; Ps 115, 10-11. 15-16 ac (R/ : Ps 114, 9)			445
Ps 115 (konplè)			397
Ps 115, 12-13. 15 é 16 bc. 17-18 (R/ : Ps 114, 9 oubyin Ps 115, 13)		343	
Ps 117 (konplè)			397
Ps 118 (konplè)			399
Ps 118, 1. 10-13. 15-16 (R/ : 1 b)	155		
Ps 118, 1. 10-13. 15-16. 18. 33. 105. 169. 170. 174-175 (R/ : 12)	205		
Ps 120 (konplè)			409
Ps 121 (konplè)			409
Ps 121, 1-2. 4-5. 6-7. 8-9 (R/ : 1 oubyin cf. 1)			445
Ps 122 (konplè)			410
Ps 122 (R/ : 2 c)	155		
Ps 122, 1-2 a. 2 bcd (R/ : 2 cd)		285	
Ps 125 (konplè)			410
Ps 129 (konplè)			411
Ps 129 (R/ : 7 bc)	155		
Ps 129, 1-2. 3-4. 5-6 a. 6 b-7. 8 (R/ : cf. 1 oubyin cf. 5)			446
Ps 131 (konplè)			411
Ps 133 (konplè)			412
Ps 135, 1-3. 4-6. 7-9. 16. 25-26 (R/ : 1 b)	207		
Ps 138, 1-18. 23-24 (R/ : 23 a)	156		
Ps 142, 1-11 (R/ : 10)	157		
Ps 142, 1-2. 5-6. 7 ab é 8 ab. 10 (R/ : 1 a)			446
Ps 142, 1-2. 5-6. 10 (R/ : 1 a oubyin 11 a)		324	
Ps 144, 1-21 (R/ : 2)	207		
Ps 144, 10-11. 15-16. 17-18 (R/ : 18)		344	
Ps 145, 2-10 (R/ : 2 b)	209		
Ps 145, 5-6. 7. 8-9 a. 9 bc-10 (R/ : 2 a)	209		
Ps 148, 1-2. 11-13. 14 (R/ : cf. 13 a)			472

	Pénitans	Onksion	Finéray
Iz 12, 1 b-6 (R/ : 3)	210		
Iz 38, 10. 11. 12 abcd. 16 (R/ : cf. 17 b)		315	
Iz 61, 10-11 (R/ : 10)	210		
Jér 31, 10. 11-12 ab. 13-14 (R/ : cf. 11 a)	211		
Ba 1, 15-22.	158		
Dan 3, 52-57 (R/ cf. 57)	211		
Lk 1, 46-47. 48-49. 50-51. 52-53. 54-55 (R/ 54 b)	212		
Éf 1, 3-10 (R/ cf. 3-4)	212		
Ap 15, 3-4 (R/ 3 a)	213		

GID ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

	Pénitans	Onksion malad yo	Finéray
Ps 32, 22		286	
Mt 5, 4		286	
Mt 8, 17		324	
Cf. Mt 11, 25			454, 474
Mt 11, 28	32	324	
Mt 25, 34			454
Jan 3, 16			454
Jan 6, 39			455, 474
Jan 6, 40			455
Jan 6, 51			455
Jan 6, 51		344	
Jan 6, 54		345	
Jan 10, 9		345	
Jan 8, 12	31		
Jan 11, 25; 14, 6		345	
Jan 11, 25 a. 26			455
2 Kor 1, 3b-4a		325	474, 478
Éféz 1, 3		325	
Cf. Fil 3, 20			455
2 Tîm 2, 11-12a			455
Jak 1, 12		325	
Ap 1, 5a. 6b			455, 478
Ap 14, 13			455
Ap 21, 3			
Ap 22, 12. 17. 20	86		
Gloua pou ou, Granmèt, ou minm yo té rinnèt...	83		

# GID JÉNÉRAL RITUÈL SAKRÉMAN GÉRIZON YO ÉPI FINÉRAY YO

## RITUÈL PÉNITANS LA

Dékrè Kongrégasion sakré pou Sèvis Bondié-a .....	7
Avètisman jénéral .....	9
<b>CHAPIT I</b> Òrdo pou rékonsilié chak pénitan .....	27
<b>CHAPIT II</b> Òrdo pou rékonsilié anpil pénitan avèk konfésion épi absolusion pou chak moun apa .....	29
<b>CHAPIT III</b> Òrdo pou rékonsilié anpil pénitan avèk konfésion épi absolusion jénéral .....	41
<b>CHAPIT IV</b> Divès tèks yo kapab anlouayé nan sélébrasion rékonsiliasion-an	
I.    Pou rékonsiliasion yon sèl pénitan .....	44
II.    Pou rékonsiliasion pliziè pénitan .....	51
<b>APINDIS</b>	
I.    Absolusion sansur .....	75
Dispans anba irégularité .....	75
II.    Modèl sélébrasion pénitansièl .....	76
Kijan pou yo réglé sélébrasion pénitansièl yo .....	77
I.    Sélébrasion pénitansièl nan tan Karèm .....	78
II.    Sélébrasion pénitansièl pou tan Avan-an .....	85
III.    Sélébrasion pénitansièl komin.....	88
IV.    Pou ti moun yo.....	98
V.    Pou jèn yo .....	102
VI.    Pou malad yo .....	106
III.    Chéma pou égzamin konsians .....	112
<b>DÉGI</b> Léktu Biblik yo .....	116
Gid léktu yo .....	214
<b>GID</b> .....	219

## RITUÈL ONKSION MALAD YO

Dékrè Sakré Kongrégasion pou Kult Bondié-a .....	223
Konstitisyon apostolik sou sakréman Onksion malad yo .....	225
Avètisman jénéral .....	229
<b>CHAPIT I</b> Vizit ak Kominion pou malad yo .....	240
I. Vizit malad yo .....	240
II. Kominion pou malad yo .....	240
- Rit òdinè .....	241
- Rit kout .....	245
<b>CHAPIT II</b> Rit Onksion malad yo .....	247
Rit Onksion-an anndan Mès la .....	254
Sélébrasion Onksion-an nan gran rasanbléman fidèl .....	256
<b>CHAPIT III</b> Viatik .....	257
Pou administré Viatik la anndan Mès la .....	257
Pou administré Viatik la an déyò Mès la .....	258
<b>CHAPIT IV</b> Òrdo pou ofri sakréman yo bay yon malad ki an danjé tou pré lanmò .....	265
Rit ki gin ansanm Pénitans, Onksion ak Viatik .....	265
Pou yo bay Onksion-an san Viatik la .....	271
<b>CHAPIT V</b> Konfimasion nan danjé lanmò .....	273
<b>CHAPIT VI</b> Òrdo pou rékòmandasion moun k-ap mouri yo .....	274
<b>CHAPIT VII</b> Divès tèks yo sèvi avèk yo nan rit pou malad yo .....	280
<b>DÉGI</b> Léktu Biblik yo .....	301
Gid léktu yo .....	347

---

## RITUÈL FINÉRAY YO

Dékèrè Sakré Kongrégasyon pou Kult Bondié-a.....	353
Avètisman jénéral .....	355
<b>CHAPIT I</b> Véyé pou yon défin épi priyè lè yo dépozé kò-a nan sèkèy la .....	363
<b>CHAPIT II</b> Prémie modèl finéray sa vlé di avèk stasion nan kay défin-an nan légliz la ak nan simitiè-a.....	365
<b>CHAPIT III</b> Dézièm tip finéray sa vlé di avèk stasion nan chapèl simitiè-a épi nan tonm nan.....	375
<b>CHAPIT IV</b> Touazièm tip finéray ki sélébré nan kay défin-an.....	381
<b>CHAPIT V</b> Finéray ti moun piti .....	382
<b>CHAPIT VI</b> Divès tèks ki vini nan finéray adult yo .....	383
<b>CHAPIT VII</b> Divès tèks ki vini nan finéray timoun piti ki batizé .....	429
<b>CHAPIT VIII</b> Divès tèks ki vini nan finéray timoun piti ki pa ko batizé.....	434
<hr/>	
<b>DÉGI</b> Léktu Biblik yo.....	436
Gid léktu yo... ..	481
<hr/>	
<b>GID</b> .....	484
<hr/>	
<b>GID JÉNÉRAL LÉKTU BIBLIK TOUA RITUÈL YO</b> .....	485
<b>GID JÉNÉRAL SAKRÉMAN GÉRIZON YO ÉPI FINÉRAY YO</b> .....	494





